САГIИД АФАНДИ
АЛЬ-ЧИРКАВИ

قصص الأنبياَء

# КЪИСАСУЛЬ АНБИЯЪ

**КIИАБИЛЕБ ТIЕХЬ**

2-б басма

Махачкала
ИД «Нуруль Иршад»
2010

ББК 84,4 (Ава) + 86,38
УДК 821.351 + 29
С - 14

САИД АФАНДИ АЛЬ-ЧИРКАВИ.

**КЪИСАСУЛЬ АНБИЯЪ**: Истории пророков/ на аварском языке. –Саид афанди аль-Чиркави. В двух томах. Том 2, 2-издание. – Махачкала: Нуруль иршад, 2010. – 648 с.

В книге Саида-афанди «Истории пророков» на основе таких достоверных источников, как толкования Корана, хадисы и книги авторитетных ученых, доступно и увлекательно повествуется о сложной и порой трагической истории жизни пророков Всевышнего, от Адама ﵇ и до нашего пророка Мухаммада ﷺ.

Книга одобрена решением Экспертного совета Духовного управления мусульман Дагестана за № 09-0314

ISBN 978-5-903593-08-8 (Т.2)

ISBN 978-5-903593-09-5

©Саид-афанди аль-Чиркави
©Издательский дом «Нуруль Иршад»

# بسم الله الرحمن الرحيم

ولا حول ولا قوّة إلاّ بالله العليّ العظيم ملاء ما علم وعدد ما علم وزنة ما علم الحمد لله ربّ العالمين والعاقبة للمتقين ولا عدوان إلاّ على الظالمين والصلاة والسلام على أشرف المرسلين محمد وعلى آله وأصحابه أجمعين إلى يوم الدين

# -ФАСЛО -

## ЮНУС АВАРАГАСУЛ ﵇ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Мута абун цIар бугев, бану-исраилазул,
Жиндие насло гьечIев цо лъикIав чи вукIана,
ЛъикIлъиялда гIумру ун гIажизлъунги вукIана,
Вас ризкъилъун гьавеян гьаризе анищ ккана.

Аюб аварагасул иццде ун черхги чурун,
Хадуб кIиго ракагIат какалъулги тIобитIун,
ТIадгIанав Аллагьасде иман-баракат бугев
Вас ризкъилъун кьейилан гьарун дугIа гьабуна.

Гьесул дугIа къабуллъун, Къадирас жаваб гьабун,
Жиндир мурадлъун вугев лъикIав вас гьесий кьуна.
Гьев васасде инсуца Юнус абун цIар тана,
Юнусил гIумруялъул къисмат гьадинаб ккана.

ПурчIинадул чед гореб тIагIамги кваналарел,
Квасул гьабураб гореб ретIелги ретIунарел,
БетIергьанасе гIоло дуниял рехон тарал,
Бану-исраилазулъ щунусго чи вукIана.

ВахIю жинде рещтIунев, гьеб заманалда гьезул,
Закария горони аварагги вукIинчIо.
Аллагьасул рахъалъан вахIю гьесухъе щвана:
«Щунусго загьидасул нусго ватIа гьаве», - ян.

Гьанже Закарияца, вахIю жиндихъе щойдал,
Бищун лъикIав нусго чи гьезда гъорлъа вищана,
Гьезда гъорлъаги лъикIав кIикъоялда анцIго чи
Аллагьас, вахIю рещтIун, вищеян буюрана.

БетIергьанас манлъухъе, лъикIаздасаги лъикIав
КIикъоялда анцIго чи гьезул ватIа гьавуна.
Гьезда гъорлъаги лъикIав къого загьид[1] вищеян
Закарияде вахIю гьанжиги такрарлъана.

ЛъикIав вищун, къого чи гъорлъа ватIа гьавуна,
Гьезда гъорлъаги цо чи вищеян амро щвана.
Амроялда нахъвилълъун, бищунго гьезул лъикIав
Щивдай вукIина абун Закария ургъана.

Ункъабгоги рахъалъан жиндир ракIалъ восарав
Юнус Закарияца гьезда гъорлъа вищана.
Вищун хадув Халикъас, нубувват[2] рагIизабун,
Юнус, гIалайгьи ссалам, авараглъун гьавуна.

Гьесий нубувваталъул рохел загьир гьабеян
Закарияде вахIю РахIманасул рещтIана,
Рохел бицун, нубувват Юнусида баркидал,
БетIергьан Аллагьасе сужда жинца гьабуна.

[1] Загьид – дунялалде рокьи гьечIев, Аллагьасде вуссарав чи.*
[2] Нубувват – авараглъи.*

Мута абун цIар бугей, Юнус аварагасул,
Эбел йикIарайилан риваятги бачIана,
Риваятазул хIакъаб Аллагьасда лъикI лъала,
Лъалесде тIамун тани, нилъги мекъса кколаро.

Юнус, гIалайгьи ссалам, сияхIат[1] хIисабалда,
Щобалгин кIкIалал къотIун, къокъун унев вукIана,
Инсанасул сураталъ Аминуллагь – Жабраил,
Зодоса гIодов рещтIун, Юнусихъе вачIана.

Нинаваян абулеб росдал агьалиялде
Расуллъун мун Аллагьас витIун вугин бицана,
Гьеб росолъин абуни, хъанчал Аллагьлъун ккурав,
Кутакалда къосарав румазул хан вукIана.

Халикъасул рахъалъан амро жинде бачIиндал,
Хъизан-лъималги рачун, Юнус къватIив вахъана.
Нинава шагьаралъул гIорхъоде щварав мехалъ,
МегIералда тIад бугеб цо нохъода рещтIана.

Рисалаталъул амро жинда тIадкъараб мехалъ,
КIикъого сон Юнусил гIумруялъул букIана.
ГIодоса херги кванан, иццухъа лъимги гьекъон,
Лъимал-хъизангун Юнус нохъода къарарлъана.

Къо-лъикI гьабулеб гIадин, лъадуе вагIза гьабун,
Нинаваялде живго ине вукIин бицана.
КIикъого къоялде дун тIадвуссун вайинчIони,
ЧIван вукIин лъаян абун кантIизеги гьаюна.

[1] СияхIат – хьвади (ракьалда ругел Аллагьасул гIажаибал рихьизе).*

Квасул ретIел тIад ретIун, хIатIида хьит гьечIого,
БотIродаги гIицIгого, гIансаги кодоб босун,
Юнус, гIалайгьи ссалам, Нинава шагьаралъул
Борхалъудеги вахун, халкъалдехун вуссана.

«Ла илагьа илла ллагь, ва Юнус – расулуллагь», -
Гьадин шагьадат битIун ахIун гьаракь гьабуна.
Гьаракь рагIаралщинал сверухъе ракIарана,
СваказегIан киназго, тIаде руссун, вухана.

Вухиялъул кутакалъ тамахлъун гIодов ккана,
ГIакъло-лъаялдаса ун хваравин живго тана,
Варшан абун цIар бугеб хIинчIалде вахIю гьабун,
Лъелъ ччурал куркьбаздалъун Юнусида лъим чIвана.

Лъим щойдал вигьа-вичун, Юнус тIаде вахъана,
Добго борхалъуде ун, цебе гIадин ахIана,
АхIи, гьороца бачун, ханасул гIинда чIвана,
ГIемерав хIинкъиялъ гьев сородизе лъугьана.

Сверухъ ругел чиязде гьикъа-бакъи гьабуна,
Гьаб гьаракьго щиб абун, гIажаиблъун хутIана,
ГIадамаз, цо мискинав, Юнус абун цIар бугев,
Мажнун[1] вугилан абун, хабар гьесий бицана.

Цинги хадуб Юнусил мурад баян гьабуна,
Нелъер хъанчазде гьесул инкар бугин бицана,
Аллагь цо горев гьечIин лагълъи гьабизе тIадав,
Гьесде руссаян балеб ахIи бугин абуна.

[1] Мажнун – женаз ккурав чи.*

ТавхIидалде жив ахIи ханасе цIакъ рихана,
Сижнуялъув тIамеян амро-буюрухъ кьуна,
БецIлъи хобалъул гIадаб, къваридаб туснахъалъув,
Къан ккун вачун, Бичасул авараг жанив лъуна.

Инсанасе кьун тарал мажазиял[1] къуватал,
Къадирасе бокьидал, хIур гIадин паналъула,
ХIавлогин Жиндир къуват къадимияв[2] Аллагьас
Юнусие туснахърукъ, Алжан гIадин, къачIана.

Алжаналъуса росун Жабраил малаикас
Жанир къанадилал[3] ран, бакъул гIадаб нур щвана,
ГIундуздаги рагIичIел, бераздаги рихьичIел,
РакIалдаги хъатIичIел нигIматалги рачIана.

Намрузил гьалакаб цIа Ибрагьимий кинниги,
Юнусие туснахърукъ масяф[4] гIадин лъугьана.
Масяфалде вачIарав мусаййифгIан эркенго[5],
Ургъел тун, туснахъалъуб кIикъого къо тIобана.

Къосарав ханас Юнус чIвайзе хIукму гьабуна,
Гьев жиндихъе вачеян вазирасда тIадкъана,
Вазир, Юнус вачине, туснахъалде вахъана,
ВахъунчIун хIузуралда как балев гьев ватана.

Гьесул туснахърукъ бихьун вазир гIажаиблъана,
Жив мекъсадай ккванаян, ккараб хIисаб лъугьана,

[1] Мажазиял – ай, хIакъикъиял горел, тIаса унел.
[2] Ай, Жиндир къувват-гучалъе авал-байбихьи гьечIев.*
[3] Къиндил – чирахъ, (мн.ч. къанадил*).
[4] Масяф – рахIат гьабулеб бакI.
[5] Ай, курорталде вачIарав турист гIадин, рахIаталда (масала).

Гьелъул вусгIат-гIатIилъи, жанир ракарал чирхъал,–
Киналъго хIайран гьавун, Юнусихъ валагьана.

Гьаб рахIат дуй гIуцIарав чи щивилан гьикъана,
Гьаб дие дир Аллагьас гьабунин жаваб кьуна.
Гьев дур БетIергьанасде дицаги иман лъуни,
Дие щиб букIунебан вазирас суал кьуна.

Юнусица жаваб кьун вазирасде абуна:
Аллагьас дур киналго мунагьал чурулилан,
Мунагь-хатIаги чурун, черх-ракIги бацIцIад гьабун,
БацIцIадаб Алжаналъув мун лъугьине вугилан.

Вазирас иман лъуна, шагьадатги битIана,
Ширкалдасаги вуссун иманалде вачIана,
ВачIарабго нухасан чIового нахъвуссана,
Юнусил хабар босун, ханасухъе вортана.

Ханасе рихьанщинал гIаламатал рицана,
Туснахърукъалъул гIуцIи тIолго баян гьабуна.
Гьелда хадуб, Юнусил, Аллагьасде иман лъун,
Ислам жинцаго боси – гьебги баян гьабуна.

Заз гIадин хан хичана, хехаб тадбир гьабуна,
«ГьабсагIаталда Юнус дихъе ваче», – абуна.
Вачун Юнус вачIана, цеве чIезе гьавуна,
Гьев чIвазе ккараб хивал ханас бадал[1] гьабуна.

«Дур сихIруялъ рагIиййат[2] пасат гьабулеб бугин,
Гьаб дир улка-ракьги тун нахъе а», - ян абуна,

[1] Ай, хисизе гьабуна.
[2] РагIиййат – гIаммаб халкъ.*

ИнчIони, чIвазе вугин абураб магIнаялда,
Амро къвакIизе гьабун, кутакалда кIалъана

Нинава шагьарги тун, Юнус къватIив вахъана,
Хъизангин лъимал тараб нохъоде тIадвуссана.
Нахъеги РахIманасул вахIю жиндихъе щвана:
«Шагьаралде тIадвуссун дагIват гьабизе а», - ян;

Дуе жаваб гьабуни, гьезие лъикI букIина,
ГьабичIони, Дир рахъалъ гIазаб гьезде рещтIина,
Заманаялъул рахъалъ дагIваталъул[1] къадарги
КIикъого сордогин къо бугебилан абуна.

Балагьал реччаялъе гIаламат лъайзе бокьун,
БетIергьан-Аллагьасде Юнусица гьарана.
Гьезул гьормалгин чурхдул тIоцоресел къояца
ТIогьиллъизе ругилан БетIергьанас абуна.

Ункъабилелъ – багIарлъун, анкьабилелъ – чIегIерлъун,
АнцIабилеб къоялъулъ гIазаб щолин бицана.
Цинги Юнус авараг Нинаваялде ана,
Добго бакIалде вахун, халкъалдехун вуссана.

«Я къавм, - илан ахIана, – Къулу магIи[2], - абуна, –
“Ла илагьа илла ллагь” – Аллагь цо горев гьечIо.
Цинги хадуб: “Ва анна Юнуса – расулуллагь[3]” –
Юнусги Аллагьасул хIакъав авараг вуго».

---

[1] ДагIват – диналде ахIи.*
[2] Ай, «Дида цадахъ абе», - ян абуна.
[3] «Юнусги авараг вуго», – абун.

Къавм, рехсараб гьаб калам жинда цадахъ абеян
АхIи гьесул рагIидал, сверухъе ракIарана,
КIвараб хIалалъ киназго хIижараталI[1] тIаде ран,
ТIадеги Юнусида гIемераб кIалгъикъана.

КIикъого къо инегIан дий жаваб гьабичIони,
Ножоде тIаде балагь рещтIинилан абуна.
Балагьалда цересел гIаламаталги рицун,
ТавхIидалде[2] къавм ахIун кIикъого къо тIобана.

Къойидаса къойиде данде рахъун горони,
ДагIват къабул гьабизе къавмалъ хивал гьабичIо.
«Къавмалда гъорлъа вахъун нахъе а», - ян Аллагьас
Амро-буюрухъ гьабун, Юнус къватIив вахъана.

ТIоцобисеб къояца къотIи жедей гьабураб
Балагьалъул гIаламат гьезие загьирлъана,
Гьоркьов чи хутIичIого, ханасулгин къавмалъул,
ТIогьилаб чIабатI гIадин гьормал-чурхдул лъугьана.

Гьанжи къавм ханасухъе гIарз гьабун ракIарана,
ГIазаб нежеде щойзе беччагеян абуна.
Бицине жо тIагIарав ханас гьазде манлъана,
Назилат[3] тIаса боси – хъанчазде гьарейилан.

Хъанчазе сужда гьабун, гьезий забаихIал[4] хъун,
«Балагь тIаса босе», - ян къавмалъ хIелун гьарана.

[1] ХIижарат – ай, гамачI.
[2] ТавхIид – Аллагь цо гьавун, Гьесие лагълъи гьаби.*
[3] Назилат – ай, балагь.
[4] ЗабаихIал – ай, къурбанал.

Къавм, хъанчазул жаваб щун, мурадалде бахъинчIо,
Хъурал забаихIалги тIолго гIадада ана.

Аллагьас амро гьабун, чIегIераб, бецIлъи цIакъаб,
БухIи-хIарараталъул гIазаб жиндилъ бессараб,
Бачун Жибрил малайкас гьезда тIад накIкI тIупана,
ТIадеги ханасухъе гIарзалъ рахъине ккана.

«Ин кунта – мун ватани, – илагьан фадфагI гIанна
Гьаза-л-гIазаба [1]», –- абун къавм гьасда цебе чIана.
Гьанже чара къотIана, къобухIиялде ккана,
ХIакъаб рагIи бицине Аллагьас тавфикъ кьуна.

«Ар-раъю гIинди,[2] – абун жиндир пикру бицана, –
Киназго жинди-жиндир хъанчал гъуре», – абуна.
Гъазаваталъ рахъарал мужагьидал кинниги,
Хъанчал ругеб бакIалде цадахъ гьужум гьабуна.

ЦохIо нахъе течIого гъурун тIатIала лъуна,
ТIолго рагIиййаталъул хъанчазда ццин бахъана.
Цинги хадубги ханас халкъалъе гIакъло кьуна,
«Ал-хIакъкъу гIинди»,[3] - абун насихIатгун кIалъана.–

Юнус тIалаб гьавеян гьезде амро гьабуна,
Гьев насихI[4] вукIанилан живгоги мукIурлъана.
МугIрул щобазде рахъун Юнусилан ахIана,
Араб бакIго лъайчIого къавмалъе гьев вилана.

[1] Ай, «Мун нижер Аллагь ватани, гьаб балагь тIаса босе», - ян абун.
[2] Ай, «Дир гIакълоялда».
[3] Ай, «Дида аскIоб хIакъаб».
[4] Ай, насихIатчи.

Гьанжи, дов иман лъурав маликасул[1] вазирас
Юнусидасан жинда рагIа-тараб бицана.
Цинги, БетIергьан-Аллагь – даимав, абадияв,
ТIаса ийинго гьечIев вугин баян гьабуна.

«Юнус тIагIун аниги, Аллагь нахъе вугелъул,
Аййугьа-л-малик», – абун, ханасдеги кIалъана.
Хан гьебсагIат кантIана, кIутIун тIаде вахъана,
ХъачIаб суфалъул жуббат[2] черхалда тIад ретIана.

ХIатIазда маххал рана, койрал рухьинаруна,
Кодов ккун худамааз[3] халкъалда гъорлъ вачана.
Ханасул зуллат[4] бихьун, рагIиййат хIайранлъана,
ХIалкIун гьесда нахърилълъун релълъенлъиги гьабуна.

Гьеб басрияб хIалалда, хIакъикъияб тавбогун
Къавмги ханги цадахъго авлахъалде рахъана.
Цо борхатаб бакIалда киналго данделъана,
Хараби цере гьарун, мухъал гьарун гIуцIана.

ГIолохъаби, атIфалал, хадур нисаал[5] чIана,
Аллагьасдехун руссун, киналго хIелхIедана.
Юнусиде иман лъун, «Аллагь, Мун цо», - ян ахIун,
Цуцалъ бараб гIи гIадин, гIодиялъ мегIер цIуна.

ГIалхул чан угьдиледухъ Нинаваялъул агьло
Балагь тIаса босеян ракIбекун зигардана.

[1] Малик – хан*.
[2] Ай, квасалъул гьабураб ретIунеб жо.
[3] Ай, ханасул хъулухъчагIи.
[4] Ай, басралъи, чIухIи гьечIолъи.
[5] ГIисинал лъимал ва руччаби.

Зобал гIодилел хIалалъ: «Ла илагьа илла Ант
Ва Юнус – расулука[1]», - ахIулебги букIана.

БетIергьан Аллагьасда ихлас[2] гьезул бихьидал,
Гьабулеб тавбоялъулъ камиллъиги батидал,
Таввабинал[3] рокьулев, гIафвогин[4] цIоб гIатIидав
ГIафуввун Каримасул[5] рахIму гьезде рещтIана.

РахIманас амро гьабун, Жибрил малаик витIун,
ТIупун лъураб бецIаб накIкI тIаса нахъе босана.
ТIогьилаб кьер сверана, аслиялде буссана,
Берцинаб хIалги лъугьун, цуцадаса рохана.

Бицен буго бачIараб КагIбу-ль-АхIбаридасан:
Ункъго кесекги лъугьун, доб накIкI бортарабила,
Цо кесек СангIаалъул магIарде ккарабила,
МагIадину ррисасги[6] гьениб лъугьарабила;

Гьединго цойги кесек цойги магIарде бортун,
Набатго [7] бижулареб гьебги лъугьарабила.
Ралъдалъе цо кесек ккун, дунял паналъизегIан
Гьалдолеб, беролеблъун гьебги лъугьарабила.

Гьединго цойги кесек Нинава шагьаралъул
Цо пуланаб бакIалде бортун бачIарабила,

[1] Ай, «Лагълъи гьабизе тIадав Аллагь Мун горев гьечIо, Юнусги Дуца нижехъе хIакъаб дин босун витIарав авараг вуго»*.
[2] Ихлас – гьабулеб щинаб гIамал Аллагьасе гIоло гьаби*.
[3] Таввабин – мунагьазда ракIбухIун, тавбго гьабун, Аллагьасде руссарал*.
[4] ГIафво – тIасалъугьин*.
[5] ГIафуввун Карим – Аллагьасул цIарал: тIаса лъугьунев, рахIмо-цIоб гIатIидав*.
[6] Ай, тIохьиялъул магIдан.
[7] Ай, щибго жо бижулареб (набат – ракьалда бижунеб хур-хер*)

Бараб гIазугIан хъахIаб, мискалдаса махI цIакъаб
НакIкI бортарал гьел бакIал гьанжеги ругелила.

Жиндир хъанчалги гъурун, къавмалъ Аллагь цо гьави
Иблису-л-лагIиналъе кутакалда бакIлъана,
Вехьасул сураталда Юнус вугеб бакIалде,
Сверулев чи кинниги аскIубе гIагарлъана.

Юнусица вехьасда, хабар щибан гьикъана,
Щиб бакIалъа вачIунев вугевилан цIехана.
Нинаваялдасахун вачIунев вуго абун,
Аллагьасул тушманалъ данде жаваб гьабуна.

Жегиги Юнусица, дозул хIал щиб бугоян,
ХIал хъубаб малгIуналъе суал такрар гьабуна.
Балагь-гIазаб щоялде хIадурлъун рукIарал дол
Добги тIаса нахъе ун рохун ругин бицана.

Цинги, балагь щоялъе Юнусица гьабураб
КъотIи гьереси батун, гьев чIвачIого теларин,
Гьев вугеб бакI балагьун рортанхъулел ругилан,
ЛагIиналъ[1] Юнусие гьересиги бицана.

БетIергьанасда цебе къабулаб тавбо гьабун,
Къавм Исламалде буссин гьесдаса балъго тана.
Юнус цIакъ къварилъана, къавмалда ццин бахъана,
Хъизан-лъималги рачун гьениса нахъе ана.

Амро-изно гьечIого гьениса нахъе индал
Аллагьас Юнусие дагьаб гIадло гьабуна,

[1] ЛагIин – Аллагьас рахIматалдаса бачахъараб (иблис)*

Дунялалъул къварилъи хIехьолищ – хIехьоларищ –
ХIалбихьизе кинниги имтихIанги[1] гьабуна.

Нинаваялъул агьло жиндихъ гIодилаги тун,
Дажлат гIурул рагIалде Юнус хъизангун щвана.
Гамаялде рахана, лъеда жанир лъугьана,
Лъелъ ккараб къварилъиялъ гама бихх-биххун ана.

Хъизан батIалъун ккана, лъимал гьавгун хутIана,
ТIадруссун, рекIаралъур хъарщи-цIул ккун рорчIана.
Цойги гама щойзегIан, кIиявго васгун цадахъ,
Юнус, гIалайгьи ссалам, гIурул рагIалда чIана.

ЧIагодай-хундай абун, хабарги лъаларого,
Лъадиялъул ургъелгун гьенир къоял рахъана.
Гьелда хадуб бачIараб цогидаб гамаялда
РекIунаго, кIудияв вас карачелалъ ана.

Комекалъе вортизе инсуца къасд гьабуна,
«ИржигI, я Юнус»,[2] – абун карачелалъ ахIана.
Лъел рагIалда хутIарав гьитIинав вас абуни,
Гьевги, бачIун цо бацIалъ гъежалда чIван хъамуна.

Хъоморалде вас теян Юнусица ахIана,
Теларилан жаваб къун, данде гьебги гъирана,
Дур гьаниб хъулухъ гьечIин, вачIунге хадувилан,
Валагьун Юнусги тун, васгиваччун тIурана.

Юнусил кесеялъур дарагьимал рукIана,
Гьелги рортун, кесеги чIобоголъун батана,

[1] ИмтихIан – хIалбихьи гьаби.*
[2] Ай, «Нахъвусса», - ян.

БетIергьанас гIадада гьаб гьабулеб гьечIилан
Гьанже Юнус кантIана жиндирго хатIаялде.

Дажлаталъул рагIалда къваридал пикрабаца
Сверун восарав Юнус къугIудалда[1] вукIана.
Сафинат[2] бачIарабго гьелда тIаде вахана,
Халикъас макьу тIамун, гьебсагIат кьижун ккана.

Сафинат багъарана, гIоралда бакьулъ щвана,
ХIарщулъ къараб кинниги, цебехун билълъанхъичIо,
Гамихъабаз цIакъбахъун гIузру щибдан бихьана,
Щибниги гамаялъул жагъалаб бакI батичIо.

Гамида рекIаразде: «Мунагьал гьарурав чи
Ножода гъорлъ вугищ?» - ан, малахIуназ[3] цIехана.
Вугилан жаваб гьабун, Юнус данде кIалъана,
Жиндирго хатIаялъе ракIбухIун мукIурлъана.

Мунагьго гьечIониги, гьесул пашманлъи бихьун,
КIалъалев ватилилан малахIунал божичIо.
Можоро рехичIого хIукму гьабиларилан,
Киназулго цIарал хъван, кагътал гIурулъе рана.

Юнусил цIар тIад хъвараб кагъат гIурулъ тIерхьана,
ТIадросун цойгиязул лъеда тIадго хутIана.
Хадусанги кIицIолго гьедин такрар гьабуна,
Гьав Юнусил горони кагъат гIурулъ тIерхьинчIо.

[1] КъугIуд – гIодовчIей.
[2] Сафинат – гама.
[3] Ай, гамихъабаз.

Мунагьал гьарурав чи гамида тӀад вугони,
Гама билълъанхъулареб гӀадат гьениб букӀана.
Нагагь иш гьедин ккани, киназулго цӀарал хъван,
Цебе рехсараб хӀалалъ можоро тӀамулаан.

Мунагьал тӀад гьечӀесул кагъат тӀерхьунароан,
ТӀерхьин – музниб[1] лъаялъе гӀаламатлъун букӀана.
ГӀаламат загьирлъарав гӀурулъе рехулаан,
Рехун хадуб гамаги цебехун билълъунаан.

ЛъабцӀолго реханиги, можороги къун ккедал,
КъачӀана гьанже Юнус Дажлаталъув кӀанцӀизе.
КӀанцӀун тӀадеги вахъун, черхалда гӀабаъ[2] жемун,
ГӀурулъе кӀанцӀизелъун гамил рагӀалде щвана.

РечӀчӀун данде рачӀунел карачелал лъугьана,
Лъелъе гьав веччаларин чӀарал гӀадин рукӀана.
Гьениса гамаялъул цойги рахъалде ана,
Дора кӀигогӀан гучал гьенирги данде чӀана.

Гьабизе жо лъайчӀого Юнус палгъан хутӀана,
Халикъас цо хӀуталде[3] хехаб амро гьабуна:
«Хехго Юнус рекӀараб гамида аскӀубе ун,
Дов лъелъе веччайчӀого ургьив ваче», – абуна.

Ралъадал хъвалхьунаго, хъахӀилаб пири гӀадин,
ХӀуталъ Дажлат гӀурулъе хехаб сапар гьабуна,
Сафинаталде аскӀоб минуталде кӀанцӀана,
КӀанцӀун лъелъе вачӀунев Юнусий кӀал гьакӀкӀана.

[1] Музниб – мунагь бугев чи.
[2] ГӀабаъ – халгӀат, гужгат.*
[3] ХӀут – кӀудияб ччугӀа.

Гьанжиги БетIергьанас, хIуталде амро гьабун,
«Гьев дуй ризкъилъун гьечIин, цIуне, - йилан тIадкъана, –
Дица дур чехь гьесие туснахърукълъун гьабунин,
Саламатго хьихье», - ян таъкидалда[1] абуна.

ХIуталъ ургьив вачиндал Юнус тамахлъун ккана,
Вигьиндал, тIаде вахъун, хIатIазда вахъун чIана.
Халикъасдехун вуссун, «Илагьи!»[2] - ян ахIана,
ХIуталъул тIулалда тIад сужда жинца гьабуна.

«Лаасжуданна лака фи маканин лам ясжуд
Фи мислигьи малакун вала набиййун мурсал,[3] –
Малайкзабаз, русулаз гьабичIеб маканалда[4]
Гьабила, Аллагь, Дуе сужда», - янги ахIана.

Амро гьабураб хIалалъ хIуталъ Юнус цIунана,
ЦIорол шишинив гIадин, гьелъул ургьив вукIана,
Анкьалго ралъадазда жанив сверизавуна,
Жанир ругел киналго гъараибал[5] рихьана.

Ралъдал тIиндасан унеб хIуталъул чохьонибе
ХIикматаб цо сас рагIун, Юнус гIажаиблъана,
ГIалламу-л-Гъуюбасул вахIю гьесде рещтIана,
Ралъдал хIайванатазул тасбихI бугин бицана.

Цинги, гьелъ кантIизавун, Аллагьас илгьам гьабун,
Юнус, гIалайгьи ссалам, тасбихIалде вуссана.

[1] Ай, къвакIизабун.
[2]«Илагьи!» – «Дир БетIергьан!»*
[3] Ай, «Малаикзабаз яги аварагзабаз киданиги сужда дуе гьабичIеб бакIалъ гьабила сужда», - ян.
[4] Макан – бакI.*
[5] Ай, гIажаибал.

Гьесул тасбихIалъул сас зобалазде рагIана,
Зодор малаикзабаз Аллагьасде гьарана.

«Гьаб нежеда рагIулеб загIипаб гьаракьго щиб,
Ракьалдасан бачIунеб, кисанали лъалареб?»
Лъай гьез тIалаб гьабидал ТIадегIанав Аллагьас,
Юнусил тасбихI бугин баян гьезий гьабуна.

Гьев Диде гIасилъидал, туснахъ гьавун, хIуталъул
Чохьонив, ралъдал тIинда вугиланги бицана.
Цинги малаикзаби суждаялда речIчIана,
Сижнуялъуса[1] Юнус хвасар гьави гьарана.

Сардилгин ралъадалъул, хIуталъул чехьалъулги, –
Лъабабго бецIлъиялъулъ лагъас Жинде ахIидал,
Аллагьас, жаваб гьабун, Юнус хвасар гьавуна, –
Гьесул тасбихI гьабуни, жаваб нелъейги щола.

Ралъдалъ, ччугIил чохьониб, Юнусица бахъараб
Заманалда тIасанги батIа-батIа кIалъана,
Бищун тIасияб къадар – кIикъого сордогин къо –
Риваятазда гьоркьоб кьучIаб батилин ккана.

Юнусил тасбихIалъе жаваб гьабун хадуса
Халикъас доб хIуталъе цIияб буюрухъ кьуна:
«Дажлат гIурул рагIалде гамида рекIаралъув
Хехго вачун щойзаве Юнус», - илан абуна.

Амроялда нахъбилълъун Нун[2], ралъадалги хъвалхьун,
Дажлат гIурул рагIалде Юнусги вачун щвана.

[1] Сижну – туснахъ.
[2] Нун – доб ччугIаялде цIар.

Юнус аманат гьавун, РахIманас жиндихъ кьураб
ХIуталъул цIар Нун букIун, Зу-Нун[1] гьесда абуна.

Юнус къватIив рехизе къасд хIуталъ гьабулелъул,
ГьебсагIат Жибрил вачIун, Нуналда аскIов щвана.
«Ассаламу гIалайка, я Юнус, - ан ахIана, –
Аллагьасулги дуде салам бугин», – абуна.

Аминуллагь – Жибрилас жиндие салам кьолеб
Гьаракь рагIидал Юнус рохелалъ сверун ккуна,
«Кидаго рагIиларин дие хIинкъи букIараб,
МархIаба би-савти» [2] - ян салам буссинабуна.

Нуналдехун Жибрилас: «Икъзиф Юнус мин батIник
Би изниллагьи»,[3] - абун кIалъай берцин гьабуна.
Цинги хирияб Нуналъ Халикъасул авараг,
Аманаталъул болжал тIобайдал, нахъе кьуна.

КьегIер гъоркьа бахъидал лемаг гъадулеб гIадин,
Юнус ватIалъулелъул, магIу тIун, Нун гIодана,
ТIадгIанав Аллагьасе гьес гьабулеб букIараб
ТасбихIалъул сас къотIи мусибатлъун[4] лъугьана.

ГьабичIебани тасбихI Таввабу РрахIим рехсон,
Юнус ччугIил чохьонив даимго хутIилаан,
ГурхIичIевани Аллагь лъикIав Жиндир лагъасда,
ЛъикIлъаби гIемерлъиялъ хвасарлъизе вукIинчIо.

---

[1] Ай, Нуналъул бетIергьан.

[2] Ай, «МархIаба, рагIиларебилан дун хIинкъун вукIараб гьаракь», - ин абуна вохиялъ.

[3] Ай, «Аллагьасул изноялдалъун, дуца Юнус къватIиве рехе».*

[4] Мусибат – балагь.

Ханидасан бахъулеб, рас бижинчIеб гIинчI гIадин,
Нуналъул чохьониса Юнус къватIив вачIана.
ТIаса ретIел ччукIун ун гIицIгоги жив вукIана,
ГIицIал рукьби горони, черхалда гьан букIинчIо.

БетIергьанас гьесие хъабахъалъул гъойтI бижун,
ТIамхил рагIадалда гъоркь Юнус парахалъана.
Гъазалат[1] гьесда аскIоб щибаб ригьалъ хьвадана,
Рахь бечIчIун, гьебги гьекъон бетIербахъи гьабуна.

Гьеб хIалалда вукIаго, цо нухалъ, макьо речIчIун,
Кьижун ккарав ворчIидал, гъойтI бакъван ун батана.
БатичIо гъазалатги, къун батана лълъел иццги,
Унс[2] гьабизе жо тIагIун Юнус цIакъ пашманлъана.

Пашманлъугеян абун, Аллагьасул рахъалъан
Юнус аварагасде, вахIю рещтIун, абуна,
Исламалдеги рачIун, дур къавм диналда бугин,
Дозда гъорлъе айилан амро берцин гьабуна.

Нинаваялде сапар Юнусица бухьана,
Нухда гIиял вехь ватун, гьесда аскIув вуссана.
Гьекъезе рахь гьечIищан вехьасде жив кIалъана,
Вехьас, лемаг бечIчIун, кьун Юнусица гьекъана.

Гьанже хабар-кIалалъе кIиявго гIодов чIана,
Юнусица вехьасде киссайилан гьикъана.
Нинаваялдаса дун вугилан жаваб кьуна,
Жегиги Юнусица къавмалъул хIал цIехана.

[1] Гъазалат – гIалхул цо хIайван (ритIучI*).
[2] Унс – ракIгъей.

Къавм, Аллагьги цо гьавун, Исламалдеги бачIун,
Амрогин нагьюялда[1] бугин вехьас бицана.
«Юнус чIаго вугилан рохел дозде бицине
Дуй ине бокьилищ?» - ан Юнусица гьикъана.

Къавм дида божилищан вехь пикрабалъе ккана,
Рахь бечIчIараб гьаб чахъу цадахъ баче абуна,
Гьалъ дуй дун вукIиналъе нугIлъи гьабизе бугин,
Божигун Юнусица вехьасе рагIи кьуна.

РагIи-л-гъанам[2] чахъугун Нинаваялде щвана,
Шамалъул гьури гIадин, баракатгун вачIана,
Рохалил хабар босун, ханасде тIаде ана,
Юнус чIаго вугилан ккараб гьесий бицана.

Гьесда сверун къавм буссун, гьез гьереси гьавуна,
Гьаб чахъдада гьикъеян килищ гьасги битIана,
Юнусица дидасан бечIчIун рахь гьекъанилан,
Гьев чIагоги вугилан лемаг нугIлъунги чIана.

Щаклъи гьазул тIагIана, хабаралда божана,
Рохалида хангин къавм вехьгун цадахъ рахъана,
Рехъенгин Юнус тараб авлахъалде рачIана,
Аллагьасул авараг какилъ гьезда ватана.

Табаррукалъе[3], гьесул хIатIазда гъоркьа босун,
Ракь жодорго бутIрузде тIаде байзе лъугьана.
ТIагIун вукIарав Юнус жодода кодов щойдал,
Кутакаб рохалида къавмалъ тIаде восана.

[1] Ай, лъикIалдалъун амро гьабулел ва квешалдаса нахъчIвалел.*
[2] Ай, гIиял вехь.
[3] Ай, баракаталъе.

Къавмалъе Юнусица Ислам таждид гьабуна[1],
Рисалаталъул амро гьезги къабул гьабуна,
Амро-нагью манлъана, хIалал-хIарам бицана,
БукIине кколеб куцалъ кинабго тIобитIана.

Цо нухалъ гьезда гьоркьов жулусалда[2] вукIаго,
Жинда гьомер лъаларев гIадан тIаде вачIана.
«ТIарахIту шабакати фи Ддажлати»,[3] – абуна,
Торалъ ккун, цо берцинав вас вачIанин бицана.

Васасул сипат-сурат жиндие гьабурабго,
«Гьев вас дир вуго», – абун, Юнус вохун кIалъана.
Вачун вачIун ражулас[4] вас инсуда вихьана,
Аллагьасул хIикматалъ кIиялго данделъана.

КIиабилев ражулги[5] гьебго хIалалъ вачIана,
Гьесги жиндирго ккараб Юнусида бицана,
Цо берцинав, гьайбатав васги мугъалда тIадчIван,
ТIурун унеб бацIихъа гьев вахъанин абуна.

Абурабго эменги, вас дир вугин, кIалъана,
КIиявго вас Юнусгун Бичас данде гьавуна.
Дун базарган вугилан лъабабилев чи вачIун,
Лъугьа-тараб вакъигIат[6] гьасги баян гьабуна.

Базаралде унаго Дажлат гIурул рагIалда
Дида цо чIужугIадан ятанилан бицана.

[1] Ай, цIигьабуна.*
[2] Ай, гIодов чIун.
[3] Ай, Дажлат гIурулъе дица тор-сетка реханаян.
[4] Ай, дов чияс.
[5] Ражул – бихьинчи.*
[6] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*

Басрияб ратIлида гъорлъ, гIурулъа, гIанкъичIого,
КъватIий йорчIарай гIадан йигоанин абуна.

Аллагьасе гIололъун дица рокъойги ячун,
РетIел ретIун, тIагIам кьун, хьихьун йигин бицана.
Бицарабго, «Гьей гIадан гьал лъималазул эбел,
Дир лъади йиго», – абун, данде гьавги кIалъана.

Лъимал-хъизангун Юнус тIованго данделъана,
Нинаваялъул агьло гьесдаса разилъана,
Гьезда гьоркьов халатаб заманаялъ вукIана,
Хадуб, Куфаялде ун, гьенив хванин бицана.

Цойги риваяталда, Сайдан абун цIар бугеб,
Шагьаралъул рагIалда вукъаравин абуна,
Баракат тIалаб гьабун тIаде гIалам хьвадулеб
Машгьураб зияратги гьениб бугин абуна.

Юнусил рохел босун вачIарав дов гIиял вехь
Ханас жиндир тахида таравиланги буго.
Тах-мулкалда кверщелгун Юнусица къавмалъе
КIикъого соналъ ханлъи гьабунинги бицана.

Балагь тIаде щвелелде тавбо гьабун руссарал –
Юнусил къавм горони, – Къуръаналда рехсечIо.
Къварилъи щвелелдего хъанчал тун, Аллагь ккурал
Цересел умматазулъ, гьал горони, лъугьинчIо.

Ралъдал тIинда - Юнусгун, ГIаршалда тIад - ХIабибгун,
ТIурасайнаъ магIарда Мусагун гаргадарав,
Макангин рахъ гьечIого, хIарп гьечIеб рагIудалъун,
Ралъдал тIиноги ГIаршги кIалъайзе батIа гьечIев;

Бер гьечIого бихьулев, гIин гьечIого рагIулев,
ГIилмо-лъай къадимияв[1] къудраталъул БетIергьан,
Бижилелде цебего кинабго Жинда лъалев,
«Кун» абураб лафзалда ирадат билълъанхъулев;[2]

РакIбацIцIадго гьабураб лагъасул дугIаялъе
Данде жаваб гьабизе Жиндирго къотIи бугев,
Жив рехсеялъ гьапуллъун, гьаризе кIочарасе,
Гьарун кьолеб кIигогIан тIаде зияд гьабулев[3]!

Юнус аварагасул тасбихI гьабун гьararaв,
Гьев гIадин, цIунилилан Къуръаналда бачIана.
Къалбун салималдалъун[4] сардида тIаде вахъун,
Суждаялда гьеб тасбихI гьаби камилаб буго.

Какичури цIигьабун, кIиго ракагIатги бан,
Салам кьун хадусала суждаялде тIадвуссун,
Юнус аварагасе жаваб гьабураб тасбихI
Такрар гьабун абила арбагIина марратан.[5]

Мурадлъун жиндир бугеб, шаргIалъ бегьизабураб
Гьеб бакIалдаго гьаре тазарругI-хушугIалда.[6]
Халикъасе бокьани, шартIалги тIоран ккани,
Иншааллагь, хьул буго, щвела гьев мурадалде.

[1] Ай, Жиндир лъаялъе авал-байбихьи гьечIев.*
[2] Ай, Жиндие бокьараб жо Жиндир ирадаталдалъун, «БукIа» абураб рагIиялдалъун, яги гьеб рагIи абизегIанги хехго билълъанхъулев.*
[3] Ай, тIаде цIикIун кьолев.
[4] Къалбун салим – батIиниял унтабаздаса бацIадаб, сахаб ракI.*
[5] Ай, кIикъого нухалъ.
[6] Ай, Аллагьасе хIелун.

Гьаб рехсараб куцалда, Аллагь, Дуда гьаризе,
Дуцаго тавфикъги кьун, тIаме гьал муъминзаби!
Гьев Дурго расуласул, гьесул тасбихIалъулги
ХIурматалъе гIололъун чуре нежер мунагьал!!!

**تسبيح يونس عليه السلام :**

Юнус аварагасул ﵇ тасбих:

﴿لَّآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنتَ سُبۡحَٰنَكَ إِنِّي كُنتُ مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ﴾

«Ла илагьа илла Анта,
субхIанака, инни кунту мина-ззалимин».

# - ФАСЛО -

## АСХIАБУЛ-КАГЬФИ, АЙ «НОХЪОЯЛЪУЛ БЕТIЕРГЬАБИ» АБУЛЕЛ ГIАДАМАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Абубакар хун хадуб халафаталъул амро
ХатIабил ГIумарида тIадкъана асхIабзабаз.
Халифалъун жив вугеб заманалда гьесухъе
Ягьудияб къавмалъул лъабго хIабру[1] вачIана.

«Я, ГIумар! - ан абуна, мурад баян гьабуна,
Дуй кьезе суалалгун рачIун ругин кIалъана, –
Лъанани жаваб кьезе - дур дин хIакъаб букIина,
ХIакълъунго, МухIаммадги Расулуллагь вукIина.

Суалазе жавабал кьезе дур хIал кIойчIони,
МухIаммад расул горо, дур динги мекъаб буго».
Ягьудазул ахIбараз гьадин хабар бициндал
«Гьикъеха ножорго», - ян ГIумарги разилъана.

«Ахбирна» [2] - ян байбихьун, суалал кьезе лъугьун
Зобал рахалеб кирит щиб бугилан гьикъана,
Гьел рагьулел кIулалги рицейилан абуна.
Цойги, свахIибгун цадахъ хьвадараб хоб цIехана.[3]

Цинги хадуб, инсаллъун я женаллъун жал гьечIел,
Жиндир къавмалъе хIинкъи кьураб лъица гьикъана.

[1] Ай, ягьудиязул лъабго гIалим.
[2] Ай, «Дуца нижее бице», – абун.
[3] Ай, жанив вугев чигун хьвадарб хоб.

Гьединго дунялалде, эбел-эмен гьечIого,
РачIун хьвадарал щуго – щал ругоян абуна.

«Ахбирни ма якъулу ддуражу фи сияхIигь,
Ва каза ма якъулу ддику фи сурахигьи,
Ма якъулу-л-фарасу фи сагьилигь ва каза
Ма якъулу зифдагIу фи накъикъигь», – абуна.

«Ма якъулу-л-хIимару фи нагьикъигь ва каза
Ма якъулу-л-къунбуру фи сагьиригь?»[1] - гьикъана.
АхIбараз гьал суалал тартибалда рикIкIиндал,
Ракьалдеги валагьун, ГIумарица абуна:

«ГIумар, жинда лъалареб суал лъица кьуниги,
“Ла агIламу” [2] абиялъ гIайибалде ккеларо.
Лъалареб жо лъалесда жинцаго гьикъаниги,
Гьелъулги дие рогьо гьечIин», – ГIумар кIалъана.

ГIакълогин гIилмоялъулъ ГIумарил пикро гьабе,
ГIамалалъул бацIцIалъи, машааллагь, гIеларищ.
Мисал ГIумаридасан босизе цIакъ бахъарав
Нахъа пашманлъиларо, тавфикъ Аллагьас кьеги!

Гьаб мисалалда тIасан тIехь данде гьабуниги,
РагIа-ракьанде щвараб шархI[3] гьелъул лъугьинаро.
ШурухIал цIаланиги, къалбун салим гьечIесе,
ГанчIидасан тIотIойгIан, мунфагIатги щвеларо.

---

[1] Ай, «Дурраж абураб хIинчIалъ, хIелекоялъ, чуялъ, къверкъалъ, хIамаялъ, ихдалхIинчIалъ – гьал рехсарал рухIчIаголъабаз жеде-жедер гьаркьаздалъун ахIдолелъул гьабулеб тасбихIалъул магIнаби щал?» – абун.

[2] Ай, лъалароян.

[3] ШархI – гIатIидаб баян.*

ГIумарил рагIиялда ягьудиял рекъечIо,
РакIхун, тIадеги рахъун нахъруссине къасд ккана.
Ножор гьев МухIаммадги авараг вукIинчIилан,
Исламги батIул гьабун, гьаз ине хивал лъуна.

Гьанжи Салманул Фарис кIутIун тIаде вахъана,
Дагьалъ сабро гьабеян ягьудазде абуна.
Гьезулги ГIумарилги ккараб вакъигIат[1] босун,
ГIалиасхIабасухъе гьури гIадин вортана.

Гьес, «Ккараб жо щиб?» – абун, Салманида гьикъана,
Суалазе жавабал хIажат ругин бицана.
ХIадур гьабураб кванде ахIарав жаигI[2] гIадин,
ГIали, гьира-шавкъалда щвана ахIбаразухъе.

ХIайдарида берчIвайдал ГIумарасхIаб вохана,
Рохелалъул цIакълъиялъ габуралда къвал бана.
«Къварилъи щванщиналъув мун щолев куц, - ин абун, –
Я Аба-л-ХIасан», – илан икрамалда[3] кIалъана.

Абу ТIалибил ГIали ахIбаразде вуссана,
Бокьараб суал кьеян кьварун жаваб гьабуна.
Гьез цере рехсон арал суалал цIигьаруна,
Гьезий жавабал кьезе ГIалиги разилъана.

Тавраталда рукIухъе жавабал жинца кьуни,
Исламалде рачIине шартI гьезийги гьабуна.
Гьеб шартI тIаде босана, ахIбараз рагIи кьуна,
Ислам къабул гьабизе къотIи цуцаде ккана.

[1] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[2] ЖаигI – вакъарав чи.
[3] Икрам – кIодогьави.*

Цо-цоккун суалал кьун, ГIалица жаваб гьабун,
ЖугьутIазул ахIбарал хIайранлъизе гьаруна.
Зобал рахалеб кирит – ширк бугилан абуна,
Мушрикасул дугIа гьелъ зодой беччаларелъул.

Зобал рагьулеб кIулги – ракIалъ къабулги гьабун,
КIалгин мацIалъ шагьадат битIи бугин абуна.
«Аллагь цо горев гьечIо, МухIаммад – расул вуго», –
Тасдикъ гьабун[1] гьаб аби, – мифтахI[2] бугин бицана.

Цуцадехун ралагьун, садакъа-л-фата[3] абун,
Фатваялда разилъун ахIбарал мукIурлъана.
СвахIибгун хьвадараб хоб – хIут бугинги абуна,
Юнусги ургьив хьихьун, анкьго ралъад сверараб.

Инсалгин женал гореб, къавмалъе хIинкъи кьураб –
ХIакълъунго Сулайманил цIунцIра бугин абуна.
Къуръаналъул аятги ахIбаразе цIалана,
Абизе жоги тIагIун гIенеккун гьалги чIана.

Эбел-эмен гьечIого дунялалде рачIарал
Щуябго махлукъатги гьезие рикIкIун кьуна.
Гьелги: «Адамгин ХIава, СалихIил варанигги,
Ибрагьимил куйгиму[4] Мусал гIанса», – абуна.

«АррахIману гIалал ГIарши (и)става[5]», - ян абураб
ТасбихI - Дурраж абураб хIинчIалъулги бицана.

[1] Ай, ритIухъ гьабун.*
[2] МифтахI – кIул.*
[3] Ай, «Гьав гIолохъанчияс битIун бицана».
[4] Ай, ИсмагIелил ﷷ бакIалда къурбаналъе хъвезе Ибрагьимие ﷷ Алжаналдаса бачIараб куй ва ШугIайб аварагас ﷷ Мусае ﷷ кьураб, Алжаналдаса гIанса.*
[5] ТIадегIанав Аллагьас Жиндир къудраталдалъун ГIаршалда квершел гьабуна.*

Цинги, гIигIидулелъул хIелкил тасбихI абуни,
«Узкуру ллагь я гъафилин[1]» бугилан абуна.

Муъминчиги тIад рекIун жигьадалде унелъул,
Чуялъул хIихIидиги дугIа бугин абуна.
«Аллагь, Дуца квербакъе гIибадака-л-муъминин
ГIала-л-кафирин»,[2] - абун, таржамаги гьабуна.

Гьединго хIамаялъги хIакъдулелъул абулеб –
«ЛагIаналлагьу-л-гIущщар»[3] бугебилан абуна.
Цинги, хIамил хIакъдиги иблис бихьараб мехалъ
БукIунилан, ГIалица тIадеги баян кьуна.

Къоркъол тасбихI абуни: «СубхIана Ррабби-ль-МагIбуд
МусаббахIи фи лужажи-л-бихIари[4]», - ян абуна.
Ахирисеб жаваб кьун, къунбур абураб хIанчIил
ТасбихIалъул магIнаги гьезий баян гьабуна.

Гьеб хIинчIалъ МухIаммадгин агьло риханщиназе
Аллагьасул нагIана кьолеб бугин бицана.
Цинги гьел ахIбаразул кIигояв мукIурлъана,
КIиябгоги шагьадат цIакъ разилъун битIана.

Лъабабилев абуни, кIанцIун тIаде вахъана,
Дир цойги суал бугин ГIалидехун вуссана.

[1] Ай, «Нужеца Аллагь рехсей, Гьев рехсеялдаса гъапулаб агьло».*

[2] Ай, «Дуца Дур муъминзабазе квербакъе кафурзабазда тIад».

[3] Ай, «Магъало бакIарулев чиясе Аллагьасул нагIана», - ян абула.

[4] Ай, «Дица ракIчIезе гьабула халкъ Жинца хьихьулев, Жив горони лагълъиялъе мустахIикъаб щибго жо гьечIев, ралъадазул тIиназдаги Жиндие тасбихI гьабулев Аллагь, капурзабаз Жиндие гьарулел, Гьесда рекъоларел сифатаздаса вацIадав вукIиналда.

ГІалицаги: «Сал гІамма бада лака»,[1] - абуна, –
Бокьараб жо гьикъеян гьесий разилъи кьуна.

Лъабнусиялда ичІго соналъ хойзеги гьарун,
Хадур чІаго гьарурал щал ругилан гьикъана.
Къуръаналда Аллагьас бицен жедер гьабурал,
Гьел чи – асхІабу-ль-кагьфал ругилан жаваб кьуна.

Жегиги ягьудияс: «Авал байбихьи гьабун,
Ахиралде щвезегІан къиса бице», – абуна.
Эзул цІарал, умумул, ханасулгун кканщинаб, –
Щибго гьоркьоб течІого ГІалицаги бицана.

Цинги ягьудиясде: «А-вафакъа гьаза ма
Фи Тавратикум?»[2] – абун суал ГІалица кьуна.
«Ма зидта хІарфан ва ла накъаста хІарфан»,[3] – абун,
ГІалие мустахІикъаб рецц гьабунги кІалъана.

Лъабавго хІабруясул хІасил гьадинаб ккана,
Гьидаяталъул нухде БетІергьанас рачана.
Чанги нафсалъ гуккарал ягьудазул ахІбарал,
АхІмадиде инкар ккун, куфруялдаги хвана.

Куфруялде инчІого чІеларин лъугьаразда
Гьоркьоса ратичІелъул, алхІамдулиллагь, Аллагь.
Исламалъул цІаралда куфруялъе хІалтІулеб
ХІалхъубаб къавмалдаса цІуне Дуца, БетІергьан!

Амин, амин, амин, я Мужиба-д-дагІават!

---

[1] Ай, «Гьикъе дуего бокьараб жо», - ян абун.
[2] Ай, «Гьаб дица бицараб къиса ножор Тавраталда бугелда данде кканищ?»
[3] Ай, «Тавраталда бугелдаса цо хІарф цІиккІине, я камизе дуца гьабичІо».

«АсхIабу-л-кагьфи» абун Аллагьас Къуръаналда
Рехсарал гIолилазул къокъаб баян гьабизин.
Вагьбудасан бачIараб риваяталда рекъон,
Румазул миллаталъул гьел рукIанилан буго.

Гьезул шагьаралда цIар Афсус абун букIана,
Ислам бачIун хадуса ТIартIус абун хисана.
ГIисал диналда вугев ханги гьезул вукIана,
ХойзегIан Исламалда гIумруги гьес тIамуна.

Гьев хан хоялъул хабар, Дикъянусин цIар бугев
Фурсазул ханзабалъа цо ханасда рагIана.
Рагъуе хIадурарал гIаскаралги хадур цIан,
Афсус шагьаралдехун Дикъянус вагъарана.

Инсул милк-ракьалда тIад васас квер лъолеб гIадин,
ВачIун Дикъянусица Афсус гъоркье бачана.
Гъоваго гIурав гIадин, шагьар бакьулъ хъулби ран,
Щулалъаби гьарулев лъеберабго сон ана.

Аллагьасде инкар ккун, хъанчазе лагълъи гьабун,
Гьаваялда хьвадулев малгIунги гьев вукIана.
Гьанжи Афсусалъул къавм МасихIил диналдаса
Руссине гьаризе гьас цIакъго жигар бахъана.

Жиндие мутIигIлъарал аскIор гIагар гьаруна,
Инкар гьабун чIаразе хвалилаб гIазаб кьуна
ГIакълочагIилъун аскIов анлъго гIолилав ккуна,
Абнау-л-гIуламаи[1] гьел рукIанин бицана.

[1] Ай, гIалимзабазул лъимал.

Гьеб шагьаралъул агьло мушрикинал лъугьана,
Киналго Дикъянусил хъанчазе мутIигIлъана.
Анлъавго гIолиласда гIакълаби дандрайчIого
Дикъянусица щибго гьабулареб букIана.

БатIарикъазул[1] цояс тахида гIодов чIарав
Дикъянусил цо къоялъ рахIат хойзе гьабуна,
Рагъуе хIадурлъарал фурсазул гIасакираз
Сверун ккун мун вугилан, квешаб хабар бицана.

Хан цIакъго пашманлъана, ургъалилъе тIерхьана,
БетIералда букIараб меседил таж бортана,
Тахидаса лъайчIого гIодове ккун ватана,
ГIакъло-тадбирги бихxун, гIабдал гIадин хутIана.

ГIакълочагIазда гьоркьов тамадалъун вукIарав
Ямлихада ханасул вихха-хочи бихьана,
«Ножор Аллагь жив», - илан дагIбаялда вукIарав
Дикъянусил хIакъалъулъ щаклъи рекIелъ бижана.

Шарик жиндие гьечIев Халикъ вукIаравани,
Махлукъасул сифатал гьасий рукIинароан.
Гьадинал пикрабаца сверун восун Ямлиха,
Ханасдаса ракIги ун, рахIат дагьлъун лъугьана.

Ракьалде валагьана, зобалазде ворхана,
Зобал-ракьал рижарав санигI[2] щиван ургъана.
Щибаб махлукъаталъе ризкъи Жинца бикьулев
Раззакъ Дикъянус горев вукIин чIезе гьабуна.

[1] Ай, бищунго гьесул диналъулъ щулиязул.
[2] СанигI – махшелчи

Бакъ-моцIалъул, цIвабзазул гIуцIи-хьвади халгьабун,
Гьезул тадбир гьабулев Хан цойги вукIин лъана.
Халкъалъ лагълъи гьабулев, магIбудлъун тIаса инчIев,
ТIолго ханзабазул Хан ракIалъ тIаса вищана.

Анлъавго гIолиласул цо-цо къоялъ щивасул
Рокъоре данделъулеб гIадат билълъун букIана,
ГIадатлъун билълъанхъараб эрга Ямлихаде щун,
Щуя-анлъалго гьесул рокъоре данделъана.

Релъа-рохун гIолилал сухIбаталда рукIана,
Ямлихаян абуни, эзда релълъон вукIинчIо.
Элгун цадахъ кванайчIо, кеп-ихтилат гьабичIо,
Ханасул пикрабаца сверун восун вукIана.

Суал кьун гьалмагъзабаз: «Дуй щиб?» - илан гьикъана,
Гьасул пашманлъи бихьун, рахIат гьазулги хвана.
Ямлихаца жиндирго ургъел гьазде бикьана,
Дикъянусил хIакъалъулъ пикро загьир гьабуна.

Гьеб балъголъи жедее Ямлихаца рагьидал,
Рахъун гьесул хIатIазда тIолгояца баана,
Дикъянусил хIакъалъулъ гьелго пикрабаздайин
Нижги рукIарал абун, кIудияб рохел ккана.

Рагьун суал гьоркьоб лъун, гьабилесеб ургъана,
«Арраъю раъюка»[1] - ян Ямлихаде абуна.
Ямлихаца, ханги тун, Халикъги тIалаб гьавун,
ТIурун лъикIилан абун, гIакъло гьазие кьуна.

[1] Ай, «Дуца абураб гьабила», - ян.

Гьелда гьалги рекъана, тIуризе хIукму ккана,
ХIалкIвараб шагьи-капек кодоб букIинабуна.
Шагьар тун къватIирехун, чуязда тIадги рекIун,
РасанкIаби гьарулеб хIисабалда, рорчIана.

Дикъянусил шагьар тун, сахIраалде[1] лъугьиндал,
РекIун рукIарал чуял гIалхуде реччан тана.
Ханасул зиййу[2] бахъун, басрияб ретIел ретIун,
ХIатIазда гIицIго рилълъун, анкьго фарсахалъ[3] ана.

Сайййидасухъе унел рацIцIадал лагъзал гIадин,
Зуллат-тавазугIалда[4] Аллагьасде руссана.
Авлахъалда рехъенгун цо гIиял вехь ватана,
ГIолилаз, гьесухъе ун, гьекъезе лъим гьарана.

Лъимги рахьги – ножое бокьараб дихъ бугилан
Данде вахъун гIиял вехь гIолилазде кIалъана:
«Нуж, гьормазде балагьун, ханзабазда релълъона,
РачIиналъул халгьабун, тIурулел ругин ккола».

Гьадинаб магIнаялъул суалги зияд[5] гьабун,
Гьазул хIажат тIобайзе вехьас жигар бахъана.
Жедер хIакъикъат лъайи вехьас тIалаб гьабидал,
БитIараб рагIи бицун, жаваб гьазги гьабуна.

Ниж гьереси бицине жиндилъ хIалаллъулареб
Диналде лъугьун ругин, ккарабщинаб бицана,

[1] СахIраъ – авлахъ.
[2] Ай, ханасул форма (зиййу – ретIел хьит*).
[3] Фарсах – 2250 метр.*
[4] Ай, гIодорегIанаб, чIухIи гьечIеб хIалалда.
[5] Ай, тIаде жобан ( цIикIкIине гьабун).

Капурав хан живго тун, Халикъун Жаббарасде
Сапар бухьун рахъарал чи ругилан абуна.

Аллагь тIаса вищарал, ширкалдаса лъутулел
Анлъавго гIолиласда вехьасул ракI рекъана.
Дикъянусида тIасан ножорго гIадаб пикро
Дирги букIанин абун, ракI рагьун гаргадана.

Дунги ножода цадахъ вахъине вуго абун,
Рехъен хважайинасухъ нахъбуссинабун кьуна.
Анкьалго гьалмагълъана, гьениса рагъарана,
Гьев вехьасул букIараб гьойги хадуб бачIана.

Гьой цадахъ бокьичIого анкьасго нахъе чIвана,
ГамчIал речIчIун, хIал гьабун, беччаларин лъугьана.
Гьез нахъе къотIанагIан КъитIмир[1] хадуб бачIана,
КъитIмиралъулгин гьазул гьабулеб данде ккечIо.

Дийги Аллагь вокьарал нужгун цадахъ букIине
Бокьун бугилан КъитIмир къокъаялда кIалъана.
Дун ножое хIарислъун[2] букIинилан гьарана,
Гьелъул мурад халгьабун, гьалмагълъун цадахъ тана.

Тушманасдаса цIунун, ножой койрбакъи гьабун,
Такъарруб[3] бокьун бугин гьоялъ загьир гьабуна,
Гьединго тавхIидалъул лафзалдалъун кIалъана,
«Аллагь цо вуго», – абун шагьадатги битIана.

[1] Гьоялда цIар КъитIмир букIана.
[2] Ай, ножое хъаравуллъи гьабила (хIарис – хъаравул*).
[3] Аллагьасде гIагарлъи.

МегIер-гIалах лъикI лъалев, нух бачине лебалав
Вехьги цеве тIамун гьел церехун рагъарана.
Нажилус магIарда тIад Васид абун цIар бугеб
Нохъоялъул кIалтIе щун, гьениб чIейи гьабуна.

Барщараб пихъ тIад бугел гъутIби гьенир ратана,
ТIокIкIараб, цIорораб лълъел иццги аскIоб букIана.
Иццалдаса лъим гьекъон, гъутIбуздаса пихъ кванан,
Нохъода жанир лъугьун гIолилал парахлъана.

ГIолилазда цебехун, нохъоялъул кIалтIу ккун,
КIиябго квачIги битIун, КъитIмирги щула чIана.
Къудраталъул Аллагьас, Малакул-мавтги витIун,
ТIолазулго чурхдулъа рухIал нахъе росана.

РухI гьечIел, хварал чурхдул туричIого цIунизе,
РахIманас щивасда тIад кIи-кIи малаик тана,
Кваранабги квегIабги – кIиябго рахъалде гьел
Руссине гьарейилан амро-буйрухъги кьуна.

Амро тIобайзе гьабун, Аллагьасул русулаз[1]
АсхIабу-л-кагьфи гьедин све   ризарулин буго.
Соналда жанир цоцIол яги кIиго нухалда,
Хилафалда рачIана гьалъулъги риваятал.

Гьанже гIидалде арав Дикъянус тIадвуссиндал[2]
ГIолилал кир ругелан цIехолдизе лъугьана.
Гьел, дур динги рехон тун, батIаяб динги босун,
ТIурун анилан абун агьалиялъ бицана.

[1] Ай, гьезда тIад тарал малаикзабаз.*
[2] ГIидалдаса яги рагъдаса тIадвуссиндал (хилаф).

Ункъоазар рекIарав цадахъ гьалмагълъунги къан,
Гьел ралагьун Дикъянус рокъоса вагъарана,
Рихьарал чи цIехана, лъалкIалъул халгьабуна,
Нажилус мегIералъул нохъодул кIалтIе щвана.

Пунщ бахъун жал кьижарал свакарал гIухьби гIадин,
ГIолилазул хунилан хIохьал къотIун букIинчIо.
ЧIаго ругилан кколеб хIисаб гьезул букIана,
ХIатта берал къанщунцин гьез гьечIилан бицана.

Цинги Дикъянусица, нохъодул кIалтIе щойдал,
Щибдай жаниб бугилан бер речIчIизе гьабуна.
Гьенир жанир парахат-хIалхьиялда кьижарал
Жиндир анлъавго вазир малгIунасда вихьана.

ГIазаб гьезие кьелеб киндайилан ургъана,
Кагьфоялда жанирго тун лъикIин къотIи ккана.
Къадахъаби рачана, цебесан къед гьабуна,
Биххизе кIойлаpeдухъ нохъо щула гьабуна.

«Гьанжи, кIолеб батани, рачIа къватIире!» – абун,
ТIадежоялъе гьезда кIалгьикъиги гьабуна.
Гьеб хIалалда гьелги тун, Дикъянус тIадвуссана,
Гьасул хIакъалъулъ къиса гьаб бакIалда къокълъана.

Дикъянус ханги хвана, ханлъиги паналъана,
Лъабго гIасроги сверун, хадур соналги ана,
Заманаги хисана, хан бусурманав ккана,
ГIиса аварагасул динги тIадегIанлъана.

Нажилус мегIералда цо гIиял вехь вукIана,
КIалтIу, къед бан, бацараб нохъо жинда батана.

Балеб цIад лъалхъизегIан нохъоялъуб гIи гъуни,
ЛъикI букIинилан пикро гIиял вехьасул ккана.

Нохъоялъул кIал рагьун гьев жанив лъугьинелде,
Жаббарас гIолилазул рухIал чурхдулъе гъуна.
Гъапуллъун ккаралъуса рорчIулел чагIи гIадин,
Рахъун гIодор гьелги чIун, гIиял вехь цIакъ хIинкъана.

КъватIивехун кIанцIана, гIиги бацIун тIурана,
ТIокIав аскIуве къайзе кIойлареб хIал лъугьана.
Гьанжи асхIабу-л-кагьфаз цуцае салам кьуна,
Кьижун ккун гъафлаталда сордо ун бугин ккана.

Какичуризе абун къватIирехун лъугьана,
Лъел иццгин пихъил гъутIби тIолго ракъван ратана,
Тамашалъи гьабуна, гьаб щибжоян хутIана,
Хадур гъезе кIойчIого хIайранлъиялде ккана.

КIигъажазде далараб бутIрузул рас батана,
ХIатIал-койразул малъал цIакъго халат рукIана.
Хун хадур гIасраби ун Халикъас чIаго гьари
Гьал асхIабу-л-кагьфазда ракIалдацин хъатIичIо.

РакIалда гьечIелщинал гIаламаталги рихьун,
ГIажаиблъун рукIаго ракъи ракIалде щвана,
Шагьаралде койн боссе, киналгоги данделъун,
Кинавдай витIилаян суал цебе бахъана.

Болъон гъорлъе жобайчIеб, шаргIалъ бегьизабураб
БацIцIадаб, лъикIаб тIагIам тIаса бищи шартI лъуна.
ТIадеги, ханасдаса цIодорлъи гьабичIони,
Гьесул рахъалъан жодой хIинкъиги цIакъ букIана.

ЦIодорлъиги гIакълоги киназдасаго тIокIав,
ТIаде вахъун, Ямлиха гьездехун гаргадана,
Дун горесдалъун ножой тIагIам щойзе гьечIилан,
Шагьаралде вахъине жиндирго хивал ккана.

Жиндирго ретIел хисун вехьасулаб ретIана,
Вехьасул зиййуялда[1] гIалах къотIун къокъана.
ГIадамал хьвадуларел сохъмахъаздасан ана,
Ахирги шагьаралъул гъапудул кIалтIе щвана.

Гъапуялъул кIалтIа чIван гIурччинаб байрахъ буго,
Байрахъалда тIад хъвараб тавхIидалъул хатI буго,
«Ла илагьа илла-Ллагь, ГIиса-рухIуллагь», – абун,
Балагьизе кIолареб берцинаб накъищ буго.

Берал кIойкIун Ямлиха тIадвуссун валагьана,
Гьаб дида бихьулеб жо макьодайилан ккана,
Макьоги гьаб горилан щакдаризе бачIана,
Шагьаралда жаниве цIогьохъего лъугьана.

Гьенир Инжил цIалулел цо гIадамал ратана,
Цониги гьомер лъалев инсанги данде чIвайчIо.
ВачIинаго-толаго базаралде лъугьана,
Гьенив цо хаббаз[2] ватун гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьаб ножор шагьаралде цIар щибилан цIехана,
Хаббазас «Афсус» бугин жаваб гьесие кьуна.
Жегиги, ханасул цIар щиб бугилан гьикъана,
ГIабдуррахIман бугилан баян гьабун бицана.

---

[1] Зиййу – ретIа-къай.*
[2] Хаббаз – чед бежулев чи.

Гьеб дуца дий бицунеб хабар уяб батани,
ХIикмат бугилан абун, бетIер гьас кIибикIана.
«Гьал дарагьимазухъ дий чедниги кьеха», – абун,
Чвантинисаги рахъун, хаббазасухъе кьуна.

Хаббаз, диргьамал рихьун, гIажаиблъун хутIана,
ГIолиласдехун вуссун, гаргадизе лъугьана,
Дуда ракьулъ бахчараб хазина батун бугин,
БутIа дийги гьабеян гьасда цебе шартI лъуна.

ГьабичIони, дица мун ханасухъ вачинилан
Хадубги гIолиласе хIинкъаби жинца кьуна.
Жинда канзги[1] батичIин, гьебги жинда лъаларин,
Гьасие жаваб гьабун, Ямлихаги кIалъана.

Лъабго къоялъ цевеккун дун гьаниса унаго,
Гьаб шагьаралъул агьло, Дикъянус аллагьлъун ккун,
Гьесий лагълъи гьабулел рукIанин Ямлихаца
Хадуб тIаде жобайдал, хаббаз[2] цIакъ ццидаххана.

Хазинаялдаса пай кьезе кколаян абун,
Гьел маргьаби рицине бегьилищан кIалъана.
Лъабнусго соналъ цеве вукIарав Дикъянусил,
Дун валъаргъунищ рехсей гьабулебан ахIдана.

АхIи-хIур рагIанщинал гьазда сверухъ лъугьана,
Лъугьа-бахъараб щибан цIеха-рехей гьабуна,
Хазина батаравлъун Ямлихаги чIезавун,
Ханасде аскIуве гьев гIадлоялъе вачана.

[1] Цебе заманалдаго ракьулъ бахчараб хазина.
[2] Хаббаз – чед бежулев чи.*

ГIакъло-тадбир камилав, гIадлоялъулъ дурусав
Афсусалъул ханасда Ямлиха цеве чIана.
Ханасе цадахъ ругез, гьасда ракьулъ бахчараб,
Цебегосеб хазина батун бугин бицана.

Ханас, жиндаса хIинкъун, Ямлиха хIалагъиндал,
ХIинкъугеян, ракI батун, гIодов веччайзавуна.
ГIиса аварагасул амроялда нахърилълъун,
Духъа хумус[1] горони, босуларин бицана.

Хумусги дихъе босе, дуйго хутIарабги те,
Дуй тIокIаб хIинкъи гьечIин хIеренго хан кIалъана.
Хазинаги дихъ щойчIин, дунги гьаниса вугин,
ГьечIеб жо кин кьолебан Ямлиха къварилъана.

Ханас, гьанисайищ мун кколевилан гьикъана.
«Гьаниса ккола», – абун такрар гьасги гьабуна.
Гьанир дуда лъалел чи ругищилан гьикъана,
Ругилан Ямлихаца гьелъийги жаваб кьуна.

Гьезул цIарал рицеян цойги суал баккана,
АзаргогIан чиясул цIар цо-цоккун рикIкIана.
ЦохIониги гьезда гъорлъ гьазда лъалев ватичIо,
Гьаб заманалъул чагIи гьел горилан абуна.

Гьаниб дур мина-ватан бугищилан гьикъана,
Бугилан Ямлихаца гьелъийги жаваб кьуна.
Гьеб бихьизе бокьани, дунгун чи ритIейилан,
Дагьабги мухIкан гьабун, жаваб гIатIид гьабуна.

[1] Ай, щуйил бутIа.

ЖамагІаталда гъорлъан цо къокъаги хІадурун,
Цинги ханас Ямлиха гьелгун цадахъ витІана.
Цеве-цеве – Ямлиха, хадуб унеб – гьаб къокъа,
Къоги бихьун борхатаб цо хъаладухъе щвана.

Хъалаялда цеве чІун, халгьабун валагьана,
Гьаб мина дир бугилан къокъаялде абуна.[1]
Къокъаялъ свахІибу ддар[2] ахІун, къватІив вачІана,
Жал рачІиналъе ккараб гІилла баян гьабуна.

ГІемерал сонал рарав херав чи гьев ватана,
Ямлихаца даралда[3] дагІба байи бицана.
ДагІба байи бициндал херасул ццин бахъана,
Хадуб: «Дур цІар щиб?» – абун, ургъун гьикъа-бакъана.

Дир цІар Ямлиха бугин, пуланасул вас кколин,
Инсул цІарги тухумги Ямлихаца рехсана.
Херас «Цойги нухалда такрар гьабе», – абуна,
Умумузул асмаал[4] Ямлихаца рикІкІана.

Цинги херас Ямлиха каранде данде къана,
Дир кІудав эмен абун, гІода-чІвадун лъугьана,
Дикъянусил заманалъ, гьесий мутІигІлъичІого,
Лъутун аразул цояв гьав вугилан абуна.

Гьаб гІажаибаб хабар халкъалъулъ тІибитІана,
Рохалилал дандчІваял Ямлихалгун гьаруна,

[1] Мина Ямлихада Жабраилас бихьизе гьабуна.
[2] Рукъалъул бетІергьан.
[3] Дар – мина.*
[4] Исму – цІар (мн. ч. асмаъ).*

Ханас, чодаса рещтIун, воххиялъул кутакалъ,
Лъимер гIадин, Ямлиха кIигъежалде ворхана.

КIудиялгин гьитIиназ, гьесул хIатIал-койразда
Убач гьабизе гIоло, гьоркьов вайзе гьавуна.
Гьалмагълъиялъул къисмат кин ккараб бицейилан
Киналгоги цадахъго цо кIалалъ гьикъардана.

Нажилус мегIералъул нохъода гьел ругилан,
Гьалмагълъиялъул хIалги Ямлихаца бицана.
Бицадулъго рагIичIеб гьабщинаб лъугьа-бахъин
Шагьаралъул халкъалъе хIикматаб ишлъун ккана.

Кинавниги чиясе дол рихьизе бокьана.
Диналъул рахъалъ шагьар кIибикьараб букIана,
КIиябго рахъалъул хан, Ямлиха цеве тIамун,
Хадур къавмалги гьарун, нохъоде вагъарана.

Нохъо бугеб бакIалде аскIуре гIагарлъидал,
КIиявго ханасдехун Ямлиха гаргадана,
Дун нохъода жанив щун тIадвуссун вачIинегIан
Нуж гьанир лъалхъейилан гIакълоялда кIалъана.

Балъго, гIаскарги бачун, Дикъянус щваравин ккун,
Дица сияхI кьечIони, дол хIинкъилин абуна.
ХIакъикъат баян гьабун, дозда рохелги бицун,
Цинги дандчIвай гьабилин гьезие бичIчIи кьуна.

Бицаралда нахърилълъун, гьезги къабул гьабуна,
Нохъоялде жаниве живго Ямлиха ана.
Ямлиха тIаде щойдал, тIаде рахъун киназго
Каранде къан, къунчарун гучаб рохел гьабуна.

«Мун Дикъянусидаса цIунун нежехъе щойдал
Щукру Аллагьасе», - ян гIемераб рецц гьабуна.
Цинги: «ДагIуни минкум ва мин Дикъянус»[1], – абун,
Ямлихаца гьездехун: «Кам лабистум?»[2] - гьикъана.

Гьез: «Лабисна явман ав багIза явмин»,[3] - абуна.
«Бал, гьедин гьечIо», – абун, Ямлихаги кIалъана,
Лъабнусиялда ичIго сон ножор гьаниб анин
Абун, жиндирго ккараб къиса гьезий бицана.

Къарнабиги ун руго, Дикъянусги хун вуго,
Халикъасде иман лъун, агьалиги лъикI буго.
Исламияв хан вуго, ГIисал диналда руго,
Нуж рихьизе анищ ккун, элги гьанир щун руго.

Гьеб хабар Ямлихаца жодое бицаниги,
Долгун дандчIвай гьабизе гIолилал разилъичIо,
РукIарабго хIалалда хIалхьиялда лъикIилан,
ХIалкIолев Аллагьасде киназго хвел гьарана.

Халикъас амро гьабун, Малакул-мавт витIана.
Киналго хойзе гьарун, гьел ракьалда регана.
Нохъоялъул кIалтIуги БетIергьанас бацана,
БукIараб бакI лъалареб сурат гьелъул лъугьана.

Нохъодул кIал балагьун кIиявго хан свердана,
Сверун тIаваф гьабулел анкьго къоялъ хутIана.

[1] Ай, «Дикъянусил хабарго гьикъуге».
[2] Ай, «Ножоца нохъода кигIан заман бахъарабали бице».
[3] Ай, «Гьаниб нилъеца цо къо яги бащдаб къо бахъана».

Халикъасул къудраталъ къараб кагьфоялъул баб[1],
КигIан цIакъ бахъаниги, гьезда батизе кIойчIо.

Гьеб халкъалъе гIибратлъун[2] гьабураб букIин лъана,
ГIолохъаби рихьизе букIараб хьул къотIана.
КIиявгоги ханасда гьоркьоб дагIба бижана,
Жинди-жиндир мурадал тIалаб гьарун кIалъана.

Нохъоялъул бабалда[3] масжид байзе бугилан,
Бусурманав ханасул хивал гьадин букIана.
Насранияв абуни, келеса балин чIана,
Калам данде ккечIого кIиябго къавм багъана.

Бусурманав хан бергьун, гьеб бакIалъ масжид бана,
Гьаб къисаялъул нассги[4] Къуръаналда бачIана.
ВакъигIат[5] ккараб куцги батIа-батIа бицана,
Цо риваят абуни, цебе рехсохъ бачIана.

Цойги риваяталда, нохъоялъуве арав
Ямлиха нахъвуссине кватIаравилан буго,
Щиб-киндаян бихьизе, нохъоде гьесда хадув
Бусурманав маликги лъугьаравилан буго.

Гьесда асхIабу-л-кагьфал киналго хунги ратун,
Киназулго хIатIазда убачал гьарун руго,
Гьездасан шафагIатгин баркатги тIалаб гьабун,
РакI гьездаги хIайранлъун, къватIивги вачIун вуго.

[1] Ай, нохъоялъул кIалтIу.*
[2] ГIибрат – ургъизе, пикро гьабизе дарс.*
[3] Баб – кIалтIу.*
[4] Насс – ай, асхIабу-л-кагьфазул хIакъалъулъ рехсей.*
[5] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*

Къавмалде амро гьабун, гьезул щивав цоясе
Месед-гІарцул табутал[1] гьареян абун буго.
Гьеб сордоялъ ханасде, макьилъ цереги рачІун,
Рази гьечІел лъай гьабун, гІолилал кІалъан руго.

«ГІарацгин месед гореб ракьалдасан рижарал,
Ниж ракьалдаго те», - ян табут нахъе чІван буго.
ЧІабаралда гьелги тун, гьезий бокьараб гьабун,
Гьев бусурманав ханас нохъо садд гьабун буго[2].

Насраніияв ханасе келеса байзе бокьун,
Бусурманав абуни, масжид байзеян лъугьун,
Гьаб дагІба-рагІиялъул ахир рагъалде буссун,
Бусурманав хан бергьун гьениб масжид бан буго.

Гьеб нохъоялъул кІалтІу ТІадегІанав Аллагьас
Инсанасе рагьизе гьунар-къуvват кьун гьечІо.
Гьел нохъоялда жанир жакъаги гьедин руго,
Къуръаналъул аятаз къисаги бицун буго.

Цинги Магьди вачІиндал, чІаго гьарун, Аллагьас
Гьесие агІваналлъун[3] гьел кьолиланги буго.
Гьеб жинда бихьаравги бахьи бугев вукІина,
Бахьи кьуразда гъорлъа гьареги нилъ Аллагьас!

Гьел асхІабу-л-кагьфазул Къуръаналда рехседал,
Расулуллагьасул гьел рихьизе анищ ккана,

[1] Табут – гъалмас.*
[2] Ай, нохъоялъул кІал рахан буго.*
[3] АгІван – комекчагІи.*

Рихьизе гьаре абун Аллагьасде гьарана,
«Иннака лан тарагьум»,[1] - данде жаваб гьабуна.

Дунялалда дуда гьел рихьизе гьечIин абун,
ЧIванкъотIун БетIергьанас ХIабибасде абуна.
Дурго рисалаталъул амро дозухъе босун,
Ункъго асхIаб гьезухъе витIейилан манлъана.

РитIулел куц Жибрилас ХIабибасде бицана,
«Дурго ретIунеб халгIат гIодоб тIаме», – абуна,
Ункъабго букIуналда ункъавгоги чIезавун,
«УдгIу ррихIа ррахаа»,[2] – гьедин баян гьабуна.

Гьеб гьури БетIергьанас, Сулайманий кинниги,
Мусахар гьабун[3] дуе кьун бугилан абуна.
Абубакаргун ГIумар, ГIалиасхIаб, Абузар, -
Ункъалго ритIе абун, тIаса гьелги рищана.

Гьезда гъоркь халгIат тIамун, тIаде гьел рахинарун,
ТIагьаяс амро гьабун, гьури бачIинабуна.
Гьороца бачун халгIат, хъахIинакIкIул парча гIадин,
Гьаваялдасан боржун Нажилусалде щвана.

Нохъоялъул кIалтIе щун, къедалъул халгьабуна,
Къадалъа гамачI бахъун, жанире ралагьана.
Гьоялда жал рихьана, тIаде бахъун хIапдана,
ТIаде батIаяв инсан веччаларин лъугьана.

[1] Ай, «Дуда гьел дунялалда рихьизе гьечIо», – абун.
[2] Ай, «Гьури ахIе», - ян абун.
[3] Ай, мутIигI гьабун.*

Гьанже гьал КъитIмиралда ратIарахъизе лъана,
Расулас ритIун щварал гьалбал рукIин бичIчIана,
РачI кIибикIизе гьабун, квачIазда бетIерги лъун,
РачIине изно бугин абулеб гIадин чIана.

Нохъоялъур лъугьана, аскIуре гIагарлъана,
«Ассаламу гIалайкум» абураб салам кьуна.
Аллагьас гIолилазул рухIал чурхдулъе гъуна,
Макьидаса рорчIулеб хIисабалда рахъана.

Рахъун гIодорги рукIун, салам буссинабуна,
Расуласул рахъалъги салам гьезда бицана.
«БитIарав Расуласда, босарал ножодаги
Дунял буголъанагIан салам лъеги», – абуна.

ЛъикIаб мажлис гьабуна, цадахъго гIодор чIана,
Цуцазул хIалал цIехон, хабар гьуинаб ккана.
Авараг ритIухъ гьавун, Ислам къабул гьабуна,
«Нежер рахъалъ досдеги салам бице», – абуна.

Цинги, рукIараб хIалалъ ракьалда регун ана,
Аллагьас амро гьабун, рухIалги росун тана.
АсхIабзаби гьениса къватIирехун лъугьана,
Гьелъул бабги, букIухъе, рахан, щула гьабуна.

Гьороца, добго хIалалъ, тIадруссун жал рачана,
ТIаде щойдал ХIабибас щиб ккарабан гьикъана.
Ккарабщинаб вакъигIат асхIабзабаз бицана,
Дур рисалатги дозухъ щойзабунин абуна.

Ислам къабул гьабуна, дуде иманги лъуна,
Дур русулал ниж ратун, цIакъ разиги рукIана,

РахІманасе гІемераб рецц-щукруги гьабуна,
Гьелдаго цадахъ дуде саламги доз битІана.

Гьединаб жаваб гьабун, асхІабзаби кІалъана,
Свалатгин салам лъеяв Аварагги вохана:
«Дунги, дир агьлу-л-байтги[1], асхІабзаби, умматги
Рокьаразда гурхІа», - ян Аллагьасде гьарана.

Абул-Къасим МухІаммад – Магьди загьирлъун хадув
АсхІабу-л-кагьфазухъ гьев щойзе вугин абула.
Гьес кьураб саламалъе жаваб гьабизе гІоло,
Жаббарас гьел чІагоги гьарулин абун буго.

ЧІаго гьарун хадур гьел гьенирго хоялдаги,
ХойчІого жал Магьдие агІваналлъун хутІиги –
КІиябгоги риваят руватаз бицун буго,
РахІманасда гІадин лъикІ лъидаго гьеб лъаларо.

ЛъикІ пикро гьабурасе гьал асхІабу-л-кагьфазул
Къисаялда жанибги камураб гІилмо гьечІо.
ГІилмо-лъайги гІоларо, гІамалги къваригІуна,
ГІамал гьабулездаса гьареги нилъ Аллагьас!

Амин, амин, амин, я Мужиб!



[1] Агьлу-л-байт – Аварагасул ﷺ рукъалъул агьло.*

# -ФАСЛО-

## ЖАРЖИС АВАРАГАСУЛ ﷺ КЪИСАЯЛДАСАН КЪОКЪАБ БАЯН

БоцIи-малги гIемерав, базар жинца гьабулев,
Жаржис абун цIар бугев гIабдун свалихI[1] вукIана,
ГIиса аварагасул диналдаса кьуричIев,
Садакъа-хайраталъе сахават цIакъ бергьарав.

Гьебго заманаялда «Заданагь» - ян цIар бугев,
Шамалда тIад квер лъурав квешав ханги вукIана.
Ханасул чIараб бакIги Мусилалда букIана,
Мушрикиназул бищун къосаравги вукIана.

Къосарав гьев ханасул гIамал жинда лъаларев
Жаржис, вахъун, цо къоялъ Мусилалде къокъана.
Палестиналдасан жив Мусилалде унелъул,
Босизе хIал кIварабгIан сайигъатги букIана.

Мусилалде щун хадуб хангун дандчIвай гьабуна,
Гьесул мажлисалде ун щиб-кинилан цIехана.
Афлун абун цIар бугеб чIухIараб хъанч бачIана,
Гьелъий сужда гьабизе гIадамалги тIамуна.

МутIигIлъичIел чиязе гIазаб кьолеб букIана,
КIудияб цIаги бакун, кор гIадин гьеб боркьана,
Афлуналъе суждаби гьаризе инкар ккурал,
Гьеб гучаб цIа бакьулъе рехулелги рукIана.

---

[1] Ай, Аллагьасул лъикIав лагъ.*

Ханасул пиша бихьун, Жаржисил ракIбуссана,
Рокьи цциналде сверун, гьесдехун хIал квешлъана.
Капурав гьав ханасде жигьад гьабун лъикIилан
Гьесул рекIелъ Аллагьас илгьам рехун, манлъана.

Гьесие гьадиятлъун[1] босун букIараб малги
Жиндирго миллаталда[2] гьоркьоб бикьа-къотIана.
Къосарав ханасдехун кIалгьикъун гаргадана,
Къадирасул сифатал баян гьарун рицана.

Цинги къудрат[3], ирадат[4], бихьи-рагIиялдаса
ГIажизаб хъанч магIбудлъун[5] кин кколебан абуна,
Кутакалда кIалъаялъ кIал-мацI бухьун хутIарав
Ханас: «Гьав чи киса-щив кколев?» – абун цIехана.

«Аллагьасул бищунго загIипазда гьоркьоса
Ракьалдасан вижарав лагъ дун вуго», – абуна.
ДагIба-рагIи халалъун, хабар кьалде буссана,
Ханасе Афлун[6] каки кутакалда бакIлъана.

«Бокьани, Афлуналъе сужда гьабе, – абуна, –
ГьабичIони, кьер-кьераб гIазаб кьелин», – шартI лъуна.
Щибго Жаржис къуркьичIо, тамахаб рагIи кьечIо,
«Бокьараб гьабе», – абун, ханасде данде чIана.

Ханасул ццин бахъана, хъорщода магIал чIвана,
Рукьби цере лъезегIан черхалъул гьан хашана.

[1] Гьадият – сайгъат.*
[2] Ай, хIакъаб диналда ругезда.*
[3] Къудрат – хIалкIвей.*
[4] Ирадат – бокьи.*
[5] Жиндие лагълъи гьабулеб жолъун.*
[6] Хъанчалъул цIар.

Халикъас рухI цIунана, унти хIаллъизе течIо,
АнцIго магI бачIинабун, цIадар рехун роркьана.

ЦIа гIадин багIар гьарун, бетIералда гьел чIвана,
БотIролъа гIадалзул нах гIодоб чвахизабуна.
Халикъас рухI цIунана, унти рагIизе течIо,
МалгIунас гьелда хадуб гьабизесеб ургъана.

Амро гьабун, кIудияб пахьул къидар[1] бачIана,
Къуватаб цIаги бакун, багIаризе гьабуна,
Гьеб хьагалде жаниве Жаржис лъугьинавуна,
ЛъикIаб хIалалъ кIалги къан, къидар щула гьабуна.

БухIи тIагIун цIоройдал гьелда жанир раккана,
Жаржисие лъугьараб хисараб жо батичIо.
Ханас, тIадеги вахъун, гьикъа-бакъи гьабуна,
Гьаб гIазабалъул унти лъаларищан гьикъана.

Лъаларилан жаваб кьун, Жаржис данде кIалъана,
Дун БетIергьан-Аллагьас цIунулилан абуна.
ЦIакъго хан пашманлъана, гьабизе жо ургъана,
Жаржисидасан зарал щоялда жив хIинкъана.

КъватIивго веччайчIого, гIумруялъ туснахъ гьавун,
Турун хойзе гьавилин ханасул пикро ккана.
Хадуб гIакълочагIаца: гIазаб-гIакъоба гьечIеб
ГIицIго туснахъ гьесие дагь бугилан абуна.

Гьенивги вагIзаялъе регIараб хIалалъ тани,
Туснахъалги къосине гьарилилан хIинкъана.

---

[1] Къидр – хьаг.

Гьезда цевеги вачун, тIивитIун гIодов лъуна,
ТIаде хIатIал-койразда щулаго магIал чIвана.

Мугъалда тIад кIудияб кьуру-гамачIги лъуна,
ГамчIида гIодор чIезе туснахъалги гьаруна.
Гьеб хIалалда Жаржисил къо туснахъалда ана,
Къассе, туснахъги кьижун, гамчIикь живго хутIана.

Халикъас амро гьабун, цо малаик вачIана,
Мугъалда тIад букIараб гамачI нахъе рехана,
ЧIварал магIал рахъана, Жаржис эркен гьавуна,
Куйне-гьекъезеги кьун, гьевгун сордо рогьана.

РахIманасул рахъалъан койрбакъи дуй бугилан,
Башарат[1] загьир гьабун, гьесул ракIги батана.
«Радал туснахъ-рокъоса къватIивги лъугьинавун,
Къосарав ханасулгун жигьад гьабе», – абуна.

Анкьго соналъ дуе гьес гIазаб кьезе бугилан
БетIергьанасул вахIю гьесухъе щойзабуна,
Гьеб заманалда жанив мун къосарав малгIунас
Ункъго нухалда чIвайзе вугиланги бицана.

Цинги, чIваравщинахъе Аллагьас чIаго гьавун,
Ахириселъ горони хойларинги абуна.
Халикъасул рахъалъан тIобараб ажро дуе
Гьелдалъун щойзе бугин баянги жиндий кьуна.

Кьвагьараб гулла гIадин, кин вачIарав лъайчIого,
ВачIун ханасда цеве Жаржис эхетун чIана.

[1] Башарат – рохел.*

Ханас, «Ман ахражака мина-ссижни?»[1] - гьикъана,
Къудраталъул Аллагьас вахъанин жаваб кьуна.

Жигиги ццин бахъарав ханас амроги гьабун,
Хвалчабаца кIи хъвалхьун кIиго ракьхъвай гьабуна,
Ракьхъваялги къотI-къотIун, гьанал кескал гьаруна,
Гьел, жанир тун хьихьарал, гъалбацIазе рехана.

ГъалбацIал тIаде ротрун, аскIуре гIагарлъидал,
ГIодор бутIрулги къулун нахъе-нахъегIан къана.
КъотI-къотIун цебе бараб Жаржисил гьан кванайзе
Кутак бугел гъалбацIал цуцадаса нечана.

Цо сахаб къо Жаржисил гьеб хIалалда хун ана,
Халикъас, сордо щойдал, жасад[2] данде гьабуна,
Гьелда хадуб, чорхолъе рухI гъун, чIаго гьавуна,
ГъалбацIазда аскIуса къватIивехун вачана.

Къадирас малайк витIун, гьел умурал тIорана,
Алжаналъул тIагIам кьун, квана-гьекъезавуна.
«Заданагь ханасдехун жигьад гьабе», - ян абун,
Гьанжиги малаикас Жаржис нухав регIана.

Жаржис хойдал рохалий гьабулеб гIид букIана,
Валагьарав ханасда гьев вачIунев вихьана.
Гьадав чи Жаржисида релълъонев куц щиб абун,
Щаклъи бегьун, хангин къавм цуцадехун руссана.

Цояз уян абуна, цойгиял горин чIана,
ВачIун, «Гьале дун», – абун, Жаржисги тIаде щвана,

[1] Ай, «Туснахъалъуса мун къватIиве лъица вачарав?» – илан.
[2] Жасад – черх.

ТIокIаб нахъбахъичIого Аллагьасде руссаян,
Илагьияб къудраталъ жив чIаголъи бицана.

«Жаржисица, нелъее сихIро гьабулеб бугин,
СихIрочагIи ахIе», - ян ахIи-хIур багъарана.
Бищунго гьунар бугел гьел данделъун хадуса
Ханас гьезул тамада аскIув гIагар гьавуна.

Гьесдехун: «Дун вохарал дурго сихIрабаздаса
Бищунго тIадегIанаб бихьизабе», – абуна.
Оцги бачIине гьабун, гьелъул гIинзуниб пуна,
Гьелдалъун, оц кIи хъвалхьун, кIиго ракьхъвай лъугьана.

Гьанжиги добго хIалалъ доб цояб гIинзуниб пун,
ГIадамазда цебесан кIиго оц чIаголъана.
КIиябго кутнада бан, хур бекьизе лъугьана,
Лъилъун, балун, ханжу ххун, чед гьабун цебе лъуна.

Гьабгощинаб вакъигIат[1] гIадамазда цебесан,
Цо сагIаталда жаниб лъугьун бихьизабуна.
«Жаржис дие хIайванлъун соризавизе дуда
ХIал кIойларищ?» – ан абун, хан гьанжиги кIалъана.

«Гьесул кинаб хIайван дуй лъугьине бокьилеб?» - ан,
Бокьухъе гьабилилан, сихIрочияс гьикъана.
«Гьойлъун Жаржис сверизе гьаве», - йилан абуна,
СахIирас цо лъел цIураб гел бачIине гьабуна.

Гел цIураб лъеде тIаде лъикI цIараб хIохьелги пун,
Жаржисида кодобе, маян, гьекъезе кьуна.

[1] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*

Къечалъ тIул-ракI бухIарав гIатIшанасул[1] хIисабалъ,
ХIухь баралъ гелги гьекъон, парахат гьавги чIана.

Гьасухъ валагьун сахIир тамашалъун хутIана,
Щиб буго дур хIал абун, Жаржисиде гьикъана.
ЦIакъ къечонги вукIанин, лъикI кканилан абуна,
Ножодехун къеркьезе къуват щванин бицана.

Цинги гьев сахIирасда Жаржисил хIал бичIчIана,
БетIергьанасул къуват гьесулъ букIин бихьана.
Гьесул хIакъалъулъ хабар ханасдеги бицана,
Халикъасулгун къец бан бергьунарин абуна.

Гьанжи Жаржисил хабар халкъалъулъ машгьурлъана.
Шамалъул рахъалдасан цо мискинчIужу щвана,
Жаржисиде жиндирго ургъел бикьун кIалъана,
Бекьаризе букIараб кIиго оц хой бицана.

Аллагьасдеги гьарун, гьел оцал чIаго гьари –
Гьеб мурадалъ щванилан пашманго гаргадана.
Пашманлъиялъ къвал барай чIужугIадан йихьидал,
Жаржисил бераздаса магIил гарал ртана.

Мискиналъул кIиябго оц чIаго гьабейилан,
Аллагьасдехун вуссун, Жаржисица гьарана.
«Гьел оцазда тунке», - ян, аскIуб букIараб гIанса
Босун гьелъул кодобе Жаржисица бегьана.

Гьел оцал хваралдаса къоялги гьоркьор анин,
Рукьби горони гьезул хутIараб жоги гьечIин,

[1] ГIатIшан – къечарав чи.*

Жигиги гьай кIалъайдал, «Щиб хутIун батаниги,
Батаралда тунке», - ян Жаржисица абуна.

Нахъюссун рокъой щвана, оцазда аскIой ана,
Цоялъул – гIин, цоялъул – нилъо кодобе щвана.
КIиябго аскIуб босун, гIанса гьезда тункана,
Тункараб сагIаталъ гьел оцал лъугьун рахъана.

Цо нухалда ханасул бищун божарав вазир,
Жаржисил хIакъалдасан хабар бицун кIалъана,
Ножоца сахIир[1] абун, гьесда бугьтанал лъезе,
РухI ккойзе кIолев сахIир вукIунищан абуна.

Ножода, чIвананиги, хойзавизе кIоларев,
КIудияб гIазаб кьедал, гьебги жинда лъаларев,
Жиги гьединав сахIир рагIунго вукIинчIилан
ГIайиб гьаздаги гьабун, гьас Жаржисил рахъккуна.

Жаржисил сихIроялъ гьав койрде восун вугилан,
Киналго тIаде руссун, чIвазе хивал гьабуна.
Гьезда цевесан вазир, Жаржисиде иман лъун,
Аллагь цо вуго абун, шагьадатгун кIалъана.

Шагьидлъун вазир хвана, халкъалъе асар ккана,
Иман Жаржисиде лъун, ункъазар чи вуссана.
Чи вихьун гIазаб гьабун, гьел киналго гъурана,
«Гьалги чIаго гьаре», - ян тIаде кIалги гьикъана.

Гьал дидаса ратIалъи – ажал щойдал бугилан,
Жаржисица ханасул кIал къотIизе гьабуна.

[1] СахIир – сихIручи.*

Гьесул гIузамаалъан[1] цо малгIун, тIаде вахъун,
ТIадеги Жаржисие суал кьезе лъугьана.

«АнцIила ункъго тахбакI нежер бугин, – абуна, –
БатIи-батIияб цIулал цIарагIгин гьаб устIулги, –
Гьаб кинабго тIагIалил щибаб, хъарщи-гъойтI лъугьун,
ГъутIбузда тIад тIамах, тIегь, пихъ байзабе», – абуна.

Гьедин дуца гьабуни, дица иман лъелилан
Иман гьечIев малгIунас рагIи божараб кьуна.
Жаржисица: «Дуеги диеги цIакъ захIматаб,
РахIманасе бигьаяб иш гьеб буго», – абуна.

ГьебсагIат дугIа гьабун, Жаржис тIовалелдего,
ГъутIби лъугьун, тIамах бан, тIегь баккун, пихъ барщана.
Щибаб хъарщи щиб гьотIол букIараб гьезда лъана,
Гьаб мугIжизат бихьунги гьазие гIей гьабичIо.

«Гьанжи гьабила дица гьасие гIазаб», – абун,
МалгIунас, пахьги биун, оцол сурат гьабуна.
Гьодори цIакъ гIатIидаб, кIудиябги букIана,
ГIемераб зирних, кибрит, рисасги[2] жаниб бана.

Жаржис жанив рехана, гьодориги бацана,
Гьанжи, сверун цIа бакун, кутакалда боркьана.
Кибрит, зирних, рисасгун цадахъ Жаржис виана,
Жоба-гъобараб халитI[3] жаниб гьесул лъугьана.

[1] Ай, ханасул цересел чагIаздасан.
[2] Ай, тIохьи, чIабатI, нишадур.
[3] Ай, жоба-гъобараб жо.

Гьеб хIалалъ Жаржис хойдал, Халикъас амро гьабун,
Къавмалда тIад чIегIераб гIазабалъул накIкI лъуна.
Зоб гъугъан, пири пирхун, кутакал гьурал рахъун,
Кутакаб бецIлъиялъул къоял хIайранго ана.

Къудраталъул Аллагьас амро жинде гьабидал,
Жаржис вугев бакIалде Микаил малайк щвана.
Малайкас оцол сурат гьаваялде борхана,
Гьенисан гIодоб речIчIун, койшаб гьаракь бахъана.

Гьаракьалъул кутакалъ халкъ кIалагъоркье ккана,
КIихIи бихъун оцги ун, Жаржис къватIив вачIана,
Къавмалда цевеги чIун, кIалъайзе байбихьана,
БецIлъун букIараб дунял букIухъе гвангъун ана.

БукIараб гIакълоялде гIадамалги рачIана,
ГIодоса тIаде рахъун, Жаржисихъ ралагьана.
«Гьал хIикматал пишаби, я Жаржис, дуцагойищ,
Яги дур Аллагьасищ гьарулел?» – ан гьикъана.

Гьикъарав чиясулги цIар ТIуфлия букIана,
ТIуфлияе жаваб кьун, Жаржисица абуна:
«Аллагьас ножода гьаб бихьизабулеб буго,
Бихьун нуж кантIичIони, гIазабалъе букIина».

Гьеб суалалда сверухъ рагIи-хабар цIикIкIана,
Хварал чIаго гьареян Жаржисиде абуна.
Жаржисги вачун гьаб къавм макъбаратталде[1] ана,
Къубурал[2] рухъа-хъирщун, рукьби тIаде рахъана.

[1] Макъбарат – хабзалал.
[2] Къабрун – хоб (мн.ч. къубур*).

ДугІа-алхІамалдаса Жаржис тІовалелдего,
АнцІила анкьго инсан чІаголъун цеве чІана.
Цо херав чиясдехун Жаржис кІалъа-ралъана,
Жиндирго ккараб къиса кинабго гьес бицана.

Гьабги ханасе гІечІо, халкъги гьасда нахъ чІана,
Гьанжиги Жаржисие гІазаб кьезе ургъана.
Ракъи-къечалъул гІазаб гьасие кьун гьечІилан,
Гьелда тІад ханги халкъги – киналгоги рекъана.

Пакъирай, цо гІажизай херай кІодо йикІана,
КІодол гьеб рокъов жанив Жаржис туснахъ гьавуна.
Гьелъул, мацІги лъаларев, беццав, гІинкъав, собарав,
Сабаб-дарман тІагІарав цохІо васги вукІана.

КІодол рукъ сверун ккуна, койн-тІех тІаде къотІана,
Ракъи хІаллъидал Жаржис кІододехун кІалъана,
«КІалдиб лъезе богІоллъи букІинарищ дий?» – абун,
Божи Аллагьасдегун хитІаб гьелде гьабуна.

Гьей кІодоца: «Жиндалъун гьедулесул цІаралхІа,
ГьечІо дир рокъоб щибго богІоллъи», - ян абуна.
«Аллагь дуда лъалищ?» - ан Жаржисица гьикъана,
«Лъала», - абун, кІодоца жаваб гьасийги кьуна.

«Гьесий гІибадат дуца гьабулищ?» - ан гьикъана,
Гьабуларин, кІодоца гьебги битІун бицана.
БетІергьан-Аллагьасе тІагІат гьабизе манлъун,
Гьелъ, тІобан тІаде босун, Ислам къабул гьабуна.

Гьанжи кІодо рокъоса, вакъарав Жаржисие
Жого щолародаян, къватІиехун яхъана.

Рукъалъул бакьулъ чIвараб цIулал хIуби букIана,
ХIалкIолев Аллагьасде Жаржисица гьарана.

РахIманас жаваб гьабун, гьеб хIобол гъойтI лъугьана,
ГъойтIалъул гIаркьалаби, тIох борлъун, къватIир ана.
ТIад берцинаб, гьуинаб, гьайбатаб пихъ бижана,
Жаржисие Аллагьас эркенго тIагIам кьуна.

ТIадюссун рокъой щойдал кIодо гIажаиблъана,
Жаржисиде «Васасе сахлъи гьаре», – абуна.
Беразда хIацIу бахун, канлъи бугев лъугьана,
ГIинзунибе хIухьал пун, гIинкълъиги тIаса ана.

Вилълъанхъизе кIойиги кIал-мацI беччан тейиги, –
КIиябгоги гьаризе кIодое цIакъ бокьана.
«Гьелъие цо хасаб къо бачIине буго», – абун,
Берцинаб калам гьабун, кIодо йохизаюна.

КIодол рокъоса къватIиб ТIуба гIадаб гъойтI баккун
Бихьун, ханас цо къоялъ «Гьадаб гъойтI щиб?» - гьикъана.
Гьадаб гъойтI сахIирасе туснахъ-рокъоб бижараб,
БукIинчIеб гъойтI бугилан гIадамаца абуна.

ГIорцIизегIан койнги щун, унтарав васги сахлъун,
РахIаталда кIодогин Жаржис ругин бицана.
Цинги ханас буюрун, рукъ бухIун, гъойтI къотIеян,
Къавмалъулго божарал гIадамал ритIун ана.

Рукъ биххун тIатIала лъун, гъойтIалде къасд гьабуна,
Бакъвараб хIуби лъугьун, гьеб къотIичIого тана.
Гьанжи ханасда цеве Жаржис чIезе гьавуна,
Гьесий гIазаб кьеялда тIад ургъизе лъугьана.

Лъабго кесекги гьабун, цIадав рехун вухIана,
Рахъу ралъдалъе байзе къапилаги битIана.
Нухда унаго гьезул гIинда гьаракь рагIана,
Ралъадалда Аллагьас гьев цIунеян тIадкъана.

Гьуриялде буюрун, БетIергьанас Жаржисил
БухIун ралъдалъе бараб рахъу данде гьабуна,
Гьеб къватIибеги бахъун, къвакIараб черхги лъугьун,
Чорхолъе рухIги беччан, чIаголъизе гьавуна.

Гьанжи, бетIералдаса хIурги кIобокIулаго,
ХIадураб лачен гIадин, Жаржис тIаде вахъана.
Жаржисги къапилаги рокъоре тIадруссана,
Къапилаялъ кканщинаб ханасеги бицана.

Ханасе Жаржисилгун рекъел гьаби бокьана,
Рагъ гьесулгун гьабиялъ лъугьунеб жо батичIо.
«Гьаб нелъер дагIбаялъул диеги дуегоги
ЛъикIлъи щиб бугеб», – абун, хIеренго гаргадана.

«Духъа дун къана абун, къавмалъ абилебилан,
Иман дуде лъезе дир гьунарги гIолеб гьечIин,
Афлуналъе цо нухалъ сужда дуца гьабуни,
Дуда нахъвилълъине дун хIадур вугин», – абуна.

«Афлун бугеб бакIалде, дуйго бокьараб мехалъ,
Дунги вачун вилълъа», - ян ханасе рагIи кьуна.
Ханасул разилъиялъ рохалил гIорхъи бахун,
Мехтарав чиясулаб сурат жиндир лъугьана.

Жаржисил койраздагин хIатIазда убач гьабун,
Мабит[1] дилъ гьабичIого ресго гьечIилан чIана.
Гьал гIадамазда дие дур хиралъиги лъайзе
Хехго вилълъаян абун, рокъовахъа вачана.

Нахъе бакI гьечIеб хIалалъ Жаржисий рукъ къачIана,
КъварагIарабщинаб жо аскIуб чIезе гьабуна,
Гьанжи дурго черхалъе хIалхьи-рахIат гьабеян,
Гьавги кьижизе гьавун, ханги кьижизе ана.

Ханасул босеналда хьибил жинца байчIого,
Жаржис БетIергьанасе гIибадаталда чIана,
РагIарал паналъулеб, берцинаб гьаркьидалъун
Давудил «Забур» жинца рогьинегIан цIалана.

Гьесул цIали рагIидал, магIу бераз тIолаго,
ТIаде яхъун, ханасул лъади цIакъ гIенеккана,
ЦIакъ кутакаб асар щун, ракI жиндир тамахлъана,
Жаржисиде иман лъун, Исламалде ячIана.

Афлун бугеб бакIалде, гьелъий сужда гьабизе,
Жаржисги цадахъ вачун, радал къватIир рахъана.
Рохалил байрамалде халкъги данде гьабуна,
Гьелъул хIакъалъулъ хабар кIододаги рагIана.

ГIажизав васги вачун, кIодоги ягъарана,
Жаржисида бадибчIвай гьабизе къасд букIана.
Аснамазул[2] рокъоре къавмги, ханги, Жаржисги
Жанире лъугьинелде кIодоги тIаде щвана.

[1] Мабит – сордо бай.
[2] Ай, хъанчал жанир ругеб

КIодо мугъалда васгун Жаржисида йихьана,
Жаржисица, васасде цIарги абун, ахIана.
Ахрас[1] вукIарав васас кIалъан жаваб гьабуна,
КIиябго бохги хIалтIун, аскIувеги вачIана.

Аснамал[2] Жаржисица жиндихъ ахIе абуна,
«Кин гьел ахIулел?» – абун, васги данде кIалъана.
«Дица ахIула ругин абе», - йилан манлъана,
АскIуве ун хъанчазде васги гьедин кIалъана.

ГьебсагIат гирун рахъун хъанчал Жаржисихъ щвана,
Щвараб сагIат киналго ракьалда ккойзаруна.
Ракьалъ хъанчал кколелъул, жибго ккоялда хIинкъун,
Жавфаздаса[3] къватIибе иблис тIурун бачIана.

ТIуризе беччайчIого, нодоги ккун чIезабун,
Жаржисица гьелдахун гIемераб кIалгьикъана.
«Мунго къосин гIечIого, гIаламги хадуб цIайзе,
ЛагIин, дуде щун бугеб хIалго щиб?» - ан абуна.

Иблис цIакъ хIелхIедана, хIинкъун жаваб гьабуна,
Жиндий гьелдалъун щолеб асаралъул бицана,
Адамил лъимадаса цо чи къосине гьави –
Гьелда данде босизе дий жо гьечIин абуна.

Дунялалда тIад ругел тIолалго нигIматазул
Лазат гьелъул гIадаб дий букIунарин кIалъана.
КIиялъулго бокьараб тIаса бище абуни,
Инсан къосине гьави дий лъикIин мукIурлъана.

[1] Ахрас – мацI лъаларев, киданиги кIалъайчIев.
[2] Аснамал – хъанчал.*
[3] Ай, хъанчазул гьодорабазда жаниса.

Лъабкъоялда анцIго хъанч ракьалдаги ккойзабун,
РакIбакъварав ханасул гьабизе жо тIагIана.
Гьаб кIудияб басралъи дир хъанчазеги гьабун,
Дуца дун гукканилан Жаржисиде кIалъана.

Дица гьаб гьабурабго, мун кантIизе вугилан,
Берцинаб рагIудалъун ханасе бичIчIи къуна.
Халикъасе горони сужда бегьуларилан,
БитIараб гIакълоги кьун, насихIатги гьабуна.

«Аллагьасул загIифав, дун гIадав, лагъасдаса
Нафс цIунизе кIоларел хъанчалго щал? – абуна, –
Щибниги гьунар гьечIел гьал жамадатаздасан[1]
Дуе щойзе бугеб жо щиб буго?» - ян гьикъана.

Гьанжи хан гIажизлъана, жаваб кьун бажаричIо,
Жиндирго лъади ячIун, хъачIго гьейги кIалъана.
Балъго букIараб иман гьелъги загьир гьабуна,
Гьасул хъанчалги какун, кутакалда абуна.

Киналго, Жаржисица жинда рихьизарурал,
МугIжизаталги рикIкIун, ханасда бадир чIвана.
«ЧанцIол чIваниги, дуда хойзе гьавизе кIойчIев
Гьавгун дагIбадизе мун нечоларищ? - абуна. –

Ножой гьанжи гьасдасан щойзе нахъе хутIараб –
Хъанчал гIадин ракьалда ккойзе гьари батила». –
Гьадинаб калам гьабун, кутакалда кIалгьикъун,
Къавмалдегин ханасде Искандарат[2] хичана.

[1] Ай, рухI гьечIел, цIул-гьецIо гIадал жал.
[2] Ханасул чIужуялъул цIар.

«Анкьго соналда жаниб Жаржисил сихIроялъул
Асар диде бахинчIин, - хан лъадуде кIалъана, –
Дуе цохIо сордоялъ сихIро гьес гьабунилан,
Гьаб щиб дуца бицунеб хабар?» - илан абуна.

«Гьелщинал санабаца Жаржисгун къеркьаниги,
Къун горони, гьесдаса мун бергьанищ? - абуна. –
Аллагьасул рахъалъан гьесие бугеб къуват
Къавмалдаги дудаги бихьичIищ?» – ан гьикъана.

Гьелъул дагIбади бихьун, хьул къотIарав маликас
МагIал тIад чIвараб хъарщи хIадуреян абуна.
Гьелда тIад егизаюн, тIасан гьоркьоялъ хашан,
Рукьби цере лъезегIан черхалъул гьан бетIана.

Гьаб гIазабалъул унти рекIелъе бортарай гьай,
«Бигьа гьаби гьаре», - ян Жаржисиде кIалъана.
Жаржисица: «Зодое ялагье», - ян абуна,
Зодое ялагьидал, гьимун ячIун, елъана.

«Мун елъанхъулей щай?» - ан хан жиндехун кIалъана.
«КIиго малаик вуго дида тIад чIун, – абуна, –
Дида лъезе Алжанул тажги босун щун руго,
РухIги дир, бахъарабго, босун гьез ине буго».

Гьеб рехсараб хIалалда Искандарат къанщана,
Шагьидияб хвелги щун, панаяб дунял тана.
Дов кIиявго малайкги, цуцахъа бахъи гьабун,
БацIцIадаб гьелъул рухIгун барзахалде роржана.

Жаржис, гьелъул гIазизаб рухI босун тIобарабго,
ТIокIаб нахъбахъичIого дугIаялде вуссана.

Нахъвуссин гьечIеб хвалий къачIадизе мех щойдал,
Къадирасдаса нечон, щукру гIемер гьабуна.

«Шугьадаазул макъам дие щоялъе гIоло,
ГIемераб балагь Дуца дие нигIматлъун кьуна.
Дир кIалдиб рухI букIаго балагьал тIаде реччан,
Гьаб къавм гьалак гьабеян гьариги Дуде буго».

Гьадинаб дугIа гьабун Жаржис тIовалелдего,
Къавмалде тIаде цIадул цIцIад байзе байбихьана.
Бахьикъосараб къавмалъ, Жаржисида ццин бахъун,
Цадахъго тIаде кIанцIун, хвалчаца къотI-къотIана.

ТIадвуссин гьечIеб хвалил ахирисеб лълъарги цIун,
Ила рахIматиллагьи[1] – Жаржис накълолъун ана.[2]
Къавмалде тIаде щвараб балагьги берда бихьун,
ХIалхьун ахираталде къокъана гIабдун свалихI.[3]

Къавмгун цадахъ мадинат,[4] цойгидаб чIаголъиги,
ЧIурхIа-кIутIун бухIун лъун, рахъуялде сверана,
РахIманасул къудраталъ, гьаваялдеги борхун,
Гьеб шагьар кIалагъоркье ракьалде беччан тана.

БухIулеб махIгун цадахъ чIегIераб кIкIуйги цIаги
Гъоркьан тIаде баккулеб замана гIемер ана,
ГIадан аскIуве къайзе бегьулеб хIал букIинчIо,
МахI чIванщинав чиясде унти кколеб букIана.

[1] Ай, Аллагьасул рахIматалде.*
[2] Ай, хванаян абураб магIна.
[3] Ай, лъикIав Аллагьасул лагъ.
[4] Мадинат – шагьар.*

Аллагьасде иман лъун, ханасде капурлъарав
Лъебералда ункъазар инсан вукIанин буго.
Искандарият гIадин, гIазаб кьун, гьел киналго
Капурав гьев малгIунас цо-цоккун гъурун руго.

Гъарин инсанасдаса, мекъаб нухаве ккани,
ТалихIкъараб махлукъат ракьалда бижун гьечIо,
Живго вухIизе хIатIаб[1] данде бакIарулаго
БахIараб гIумруги ун, гIажизлъиялде кколев;

ГIалхул хIайваналдагIан дин-ислам бичIчIуларев,
Дунялалъул чIаголъи даимаб жоян кколев,
Алжангин жужахIалде божун, иман лъоларев,
Исламалъул нух ккурал тушбабилъун рихьулев;

ШаргIалдаса тIурулев, ТIагьаясул нух толев,
Мекъаб букIин лъаниги, законилан ахIдолев.
Аллагьасдаса хIинкъи ракIалда хъатIуларев,
Намус-яхIалъул пардав гьормадаса бахъарав;

Бечелъигин мискинлъи - кIиябго хIехьоларев,
ХIасадалъул кутакалъ каранда цIа бакарав,
Бикъизе нечоларев, тIад ккуни – гIадлъи гьечIев,
ГIаданлъиги чилъиги балъго чадихъ бичулев;

Бицараб рагIиялда нахъа чIезе кIоларев,
КIигогьомерчилъиялъ чара бухIун хутIарав.
Харбилъ кизбу[2] гIемерав, гIадамазе учузав,
ГIадамал жиндидаго жолъунцин рихьуларев;

[1] ХIатIаб – цIул.
[2] Кизбу - гьереси.

Рияалъе[1] горони, гIамалго гьабуларев,
Гьелъулги дагьаб къадар гIемераблъун бихьулев,
ГIадан вихьун, чи вихьун, чагъана хъвайзе лъалев,
Чванта бихьун, рес бихьун, гьудулзаби хисулев;

Гьури бихьун, цIад бихьун ишихъалде кIанцIулев,
Иш тIаде ккараб бакIалълъ багьанаби гIемерав,
ГIадамазулъ мацI гьаби гьоцIо-нахгIан гьуинав,
МацIихъанлъи тун хадуб унти тIаде бачIунев;

Агентлъи тун нахъияб гьабизе хIалтIи щойчIев,
Щвараб данде бачине гIакъло-тадбирги гIечIев,
ДандчIван жив лъаравщинас афиристин цIар кьурав,
Умумузул диналда чIегIераб дангъва лъурав.

Дунял дуе тун бугин, тавфикъгьечI, куна вукIа,
Квараб лагIизабулеб къоги, воре, кIочонге!
КIалалда печатги чIван, лугби гаргазарулеб
ГIарасат майданалъул, ургъун, пикроги гьабе!

Аллагь – Гъафурун-РахIим, рахIматалъул БетIергьан,
БитIараб нухда чIезе Дуца нежей койрбакъе!
Нежерго нафсаздеги тIамун Дуца ниж тоге!
Тавбоги ризкъилъун кьун, мунагь-хатIаги чуре!

Мун горесде мугъчIвараб гIумруялдаса цIуне!
ГIелмуялдаса чIухIун, бубудизе реччаге!
Балагьазе сабро кье, нигIматазе щукру кье!
Щукругин сабро гьечIеб къавмалдаса гьаруге!

Амин, амин, амин, я Мужиба ддагIават!

[1] Рияъ – гIадамазда рихьдае гIамал гьаби*

# -ФАСЛО-

## КАГIБА-РУКЪ БИХХИЗЕ АБРАГЬАТ ИНАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Яманалъул ракьалда Зу-навас абурав хан
Жинца ягьудиязул дин босарав вукIана.
Нажраналъул агьали, Инжил жедеца ккурал,
ГIисал диналда ругел насраниял рукIана.

Ягьудияб диналде насраниял ахIизе
Зу-навас абурав хан, тIаде босун, хIалтIана.
Насраниязул бетIер – ГIабдуллагь бину Самир
Зу-навасиде данде дагIбадизе вахъана.

Ягьудазул дин боссе, бокьани, рагъ гьабизе, –
Зу-навасица гьесий гьединаб шартI гьабуна.
Гьас рагъ тIаса бищана, насранияб дин ккуна,
КIиялго цуцалъ рагъун, насраниял чухIана.

АхIуд вахъун гьениса цо чи тIурун ворчIана,
Ибну СагIлаб абураб цIарги гьесда букIана.
Къайсар-ханасухъе ун, комек тIалаб гьабуна,
Насраниязе ккараб къварилъи-хIал бицана.

Къайсар ханас: «БагIудат биладука минна,»[1] - ян, –
ГIавно-комек гьабизе рес гьечIилан абуна.
Нажашиян абулев хIабашиязул малик[2]
ГIисал диналда вугев насранияв вукIана.

[1] Ай, «Нуж ричIада руго, нилъеда гьоркьоб кIудияб манзил буго», - ян абун.
[2] Малик – хан.*

Гьесухъе Къайсар-ханас, гьазий комек гьабеян
Хъвараб кагъатги босун, Ибну СагІлаб витІана.
Нажашиясухъе щун, кагътил мурад бицана,
Комек тІалаб гьабизе вачІун вугин абуна.

Яманалде битІизе гІаскар хІадур гьабуна,
ГІаскаралъе бетІерлъун АрятІ абун чи тана.
АрятІ, гІаскарги бачун, Яманалде къокъана,
Ягьудиял лъугьарал гъуризе хІадурлъана.

Зу-навасил къавмалъулъ рикьалаби лъугьана,
АрятІил гІаскаралда койр байзе гьазда кІойчІо.
Гьеб рагъул хІасилалда Зу-навас гьалаклъана,
Нажашиясул амро АрятІица тІобана.

ТІадеги Нажашияс, амро гьабун кагъат хъван,
АрятІида гьенивго чІаян лъайзе гьабуна.
Гьеб амро тІобайзабун, АрятІ гьенивго чІана,
Гьенив хІабашиязе тадбиралда вукІана.

КІиго чиясул ханлъи цо бакІалда бугони,
КІийиде халкъ бикьизе бокьухъе рес букІуна,
Гъоркь вукІарав Абрагьат, тІаде вачІарав АрятІ –
КІиясулго рахъги ккун, хІабашиял рикьана.

Рикьиялъул хІасилалъ гьоркьоб рагІи бижана,
Нуж-нижилан абураб ишалде хІалтІи ккана.
Ахиралда кІиязго боял данде гьаруна,
Биял гІодоре тІезе тІоранго хІадурлъана.

ХІабашиязда гьоркьоб питна ккезе бокьичІев
Абрагьатица чапар АрятІихъе витІана,

Нилъ сабаблъун халкъалъул биял гIодор тIечIого,
РачIа, хвалчад кIиялго рахъинилан абуна.

Нахъе чIаго хутIарав амирлъунги вукIине,
Эсда сверухъ киналго хIабашалги цолъизе.
ХIукму гъабун, тIад рекъон АрятIги разилъана,
Мубаразалъ[1] рахъине къотIи-къайиги ккана.

АрятI, лага борхатав, хIал бугев чи вукIана,
Абрагьатин абуни, къокъвицатав вукIана.
ВачIун тIаде щолаго АрятIица, хьвагIаралъ,
Абрагьатил гьормада кIудияб ругъун лъуна.

ГьебсагIат Абрагьатил вазир ГIатудатица,
АскIув вукIун хьвагIаралъ, АрятI ракьалда лъуна.
Абрагьатий талихI кьун, чIаго нахъе хутIана.
ТIолалго хIабашиял гьесда сверухъ лъугьана.

Цинги, Нажашиясда АрятI чIвайи рагIана,
Абрагьатидехун цIакъ ццин бахъин загьирлъана.
Гьесул бетIералъул рас цIацIайчIого теларин,
Ракьги гьесул мерхьинин Нажашияв гьедана.[2]

Дир амрого гьечIого АрятI дуца чIванилан,
Абрагьатихъе хъвараб хъачIаб кагъат битIана.
Кагъат цIалун, Абрагьат жавабалъе къачIана,
Къадараб гIамал гьечIев, дин ккуравги вукIана.

Нажашияв гьедараб гьа хойчIого букIине,
БетIералъул расги кIкIван, жемун хIадур гьабуна.

[1] Мубараза – хвалчад рахъин.*
[2] Ай, гьев чIвайчIого теларин гьедана

Гьелда цадахъ битIизе, жив хьвадулеб ракьалъул
Рахълъенги цIезе гьабун, гьебги жинца къачIана.

Гьанжи Нажашиясде кагъат хъвайзе лъугьана,
Кинабниги хIакъикъат баян гьабун бицана.
«Аййугьал-малик...»[1], - абун кагътида байбихьана,
«Дунги АрятIги дуе батIалъи щиб?» – абуна.

«АрятI дур лагъ вукIана, дунги гьевго чи вуго,
Амма хIабашиязул хIал цIикIкIун дида лъала.
"ХIал лъалев дун вугелъул, дий квалквал гьабуге", - ян, -
Гьеб дица абунилан АрятI данде вахъана.

Дунги гьевги сабаблъун биял гIодор тIечIого,
ГIаламалъе маслахIат дица тIаса бищана.
Дида гьевги рекъана, мубараза гьабуна,
Гьев чIвайдал хIабашалги гъоркь рукIухъе цолъана.

Дурго гьа хунгутIизе гьаб ракьги хIатIаз мерхье,
Гьале дир ботIрол расги, дуйго бокьухъе цIацIай», –
БитIараб калам гьабун, гьуинаб рагIи бицун,
Абрагьатица кагъат Нажашиясде хъвана.

Рахълъен цIураб турабги[2], бетIералъул шагIруги,[3] -
Гьебгун цадахъ рисалат[4] босун нухда регIана.
Абрагьатил гIакъилаб рисалат кодоб щойдал
Нажашияс гьесие, вохун, баркала кьуна.

[1] Ай, «БетIерчIахъаяв хан».*
[2] Тураб – ракь.
[3] ШагIру – рас.
[4] Рисалат – кагъат. *

Баркала загьир гьабун, данде жавабги хъвана,
Дуйго бокьухъ вукIаян, койр хьвагIун, веччан тана.
Тушманги гIакъло бугев лъикIилан абулелъул,
Абрагьатил гIакълоялъ тушманлъи суйнабуна.

СангIаалъул ракьалда Нажашияв ханасе
Хассаб килиса байзе Абрагьатил къасд ккана,
КъварагIунел алатал киналго ракIарана,
Кутакалда тIаделъун бинаъ[1] тIобайзабуна.

Берцинлъигин чIухIиялъ дунялалда бакI ккураб
Килиса бан тIобайдал, Нажашиясде хъвана,
«Дие, гIарабиязул хIаж гьабизе хьвадулел,
Гьалде руссинаризе бокьун бугин», – абуна.

Абрагьатил гьеб калам Кананат кьибилалъул
КагIбаялде хьвадулев цо чиясда рагIана.
Цинги, гьесул ццин бахъун, Абрагьатий кошезе,
Килиса, жанив лъугьун, жинца чурук гьабуна.

Гьеб койш букIун, Абрагьат цIехолдизе лъугьана,
Гьабурав чи лъайчIого чIеларилан абуна.
Бихьа-рагIараздасан, КагIбаялде хьвадулел
ГIарабиязул цояс гьабураб букIин лъана.

Гьеб гIилла-багьана ккун, КагIба-рукъ биххизе жив
ИнчIого чIеларилан, Абрагьат цIакъ гьедана.
Гьанжи, хIабашиялъан[2] Макка бугеб рахъалде
Рагъуе гьунар бугеб богун жив вагьарана.

[1] Бинаъ - бай (строительство).*
[2] Ай, Йеменалдасан.*

Яманалъул гІарабал гьеб рагІидал, захІмалъун,
Гьесде жигьад гьабизе тІалъиялда рекъана.
Жинда нахърилълъаразул къокъаги данде гьабун,
Абрагьатгун вагъизе Зу-нафарги вахъана.

Зу-нафарил боялде кьаби щойзе гьабуна,
Живгоги, койрде восун, асирлъиялде ккана.
«Асирлъун цадахъ вачун, чІвайчІого дун танани, –
Абрагьатида, – дуе лъикІ букІинин», – абуна.

Божуе къотІи босун, асирлъун цадахъ вачун,
Абрагьатил хІелмуялъ Зу-нафар хвасарлъана.
Сафаралда байбихьун, церехун рагъарана,
Нуфайлу бину ХІабиб богун цеве лъугьана.

Гьанибги, рагъ байбихьун, боял цуцалъе ана,
Абрагьатил гІаскаралъ дансиял щущахъ рана.
Нуфайлу бину ХІабиб живгоги асирлъана,
Асирлъун цадахъ вачин гьесги тІалаб гьабуна;

ГІарабазул ракьалъул хІал дида лъикІ лъалилан,
Нух манлъизе далиллъун дун тейилан гьарана.
Нуфайлу цеве тІамун, ТІаифалде рещтІана,
МасгІуд бину-л-Мугъиси Сакъафиййи вачІана.

Абрагьатида рекъон, къадараб калам гьабун,
КагІбаялде мун вачун чи витІилин абуна.
Абу Рагъал абурав цо чи хІадур гьавуна,
Гьес Абрагьатги боги Магъмасалде[1] бачана.

[1] Ай, Маккаялде гІагараб бакІалде.

Магъмасалда унтичIван, чIварав гIадин, гьев хвана,
Хоб бухъун, гьеб бакIалда ракьулъ тIерхьинавуна.
Абула, гIарабияз Абу Рагъал вукъараб
Къаброялда[1] жакъаги гамчIал речIчIулелилан.

Цинги Абрагьатица, Магъмасалда живго чIун,
МасгIудил Асвад ахIун, хIиллаялъе витIана.
ХIалбихьизе кинниги, «Балъго тIадеги кIанцIун,
МаккачагIазул боцIи хъамал гьабе», – абуна.

Абухъе, хIабашияв Асвад, тIадеги кIанцIун,
Авлахъалда букIараб боцIи тала гьабуна,
КIинусабго варани Расулуллагьасул жадд[2]
ГIабдулмутIалибилги хъамуна Асвадица.

Макка-агьлоялъухъе, Абрагьатица витIун,
ХIанатIатан абулев цойгиги чапар ана.
Чапарасде шарифгун[3] дандчIвайилан абуна,
Досий нелъерго мурад бицеянги манлъана.

Маккаялъул шарифлъун ГIабдулмутIалиб вукIун,
ГIабдулмутIалибида ХIанатIат данде чIвана.
ХIанатIатица гьесий, бугеб ахIвал-хIал бицун,
Абрагьатил къасдалъул къокъаб баян гьабуна.

Ножоргун рагъ гьабизе гьес гьечIилан абуна,
Гьаб КагIба-рукъги бихьун, нахъруссинин бицана.
Цинги ГIабдулмутIалиб гьесдехун гаргадана,
«Гьаб – Байтуллагьи-л-хIарам буго», - йилан абуна.

---

[1] Къабру – хоб.*
[2] Ай, Аварагасул ﷺ кIудияв эмен.*
[3] Ай, Маккаялъул бетIергун.*

«БетIергьанас, бокьани, Жиндирго рукъ цIунила,
ЦIунигин цIунунгутIи – гьеб Досул хIалтIи буго.
Гьелдаса нуж нахъчIвайзе нежер къуватги гьечIо», –
Гьаб магIнаялъул жаваб ХIанатIатие кьуна.

ГIабдулмутIалибиде хитIаб гьабун, ХIанатIат
«Абрагьатихъ вилълъа», - ян тIадвуссунги кIалъана.
КIиявго цадахъ ана, Магъмасалда рещтIана,
ГIабдулмутIалибида Зу-нафар данде чIвана.

Зу-нафар цевегосев гьудул гьасул вукIана,
КIиявго цуцадехун гьикъа-бакъун кIалъана.
ГIабдулмутIалибица, дие гьабизе кIолеб
ГьечIищ дур комекилан, гьудуласде абуна.

Дунгоги Абрагьатил асирлъуда вугелъул,
Асирасдасан комек щибха щойлеб абуна.
Кинниги, саисул-фил[1] – Анис дир гьудул вуго,
Гьесдасан дуй бегьараб гьабилин рагIи кьуна.

ГIабдулмутIалиб дие цевесев чи вугилан,
Анисиде аскIов ун, Зу-нафар цIакъ кIалъана.
КIвараб комек гьесие гьабизе тIаде босун,
Абрагьатида аскIов Анисица вачана.

«Гьаза саййиду-л-Къурайш, свахIибу гIири Маккат[2]–
ГIабдулмутIалиб вугин», - Абрагьатий бицана,
Гьасул садакъаялъул, хIинчI-гъеду хьихьиялъул, –
ЛъикIал тIабигIаталги тIолго баян гьаруна.

[1] Ай, пил бачунев чи.
[2] Ай, гьав Къурайшазул саййид вуго абун, ГIабдулмутIалиб вихьизе гьавуна Абрагьатида Анисица.

Гьасухъ мун гIенеккизе дийги цIакъ бокьилилан,
Анис Абрагьатиде магIнаялда кIалъана.
КIудияб хIурмат гьабун, Абрагьатица вачун,
ГIабдулмутIалиб аскIов гIодов чIезе гьавуна.

Гьанже, тилмач гьоркьов ккун, «Мурад щиб?» - ан гьикъана,
ГIабдулмутIалибица мурад баян гьабуна:
«Дир кIинусго варани нахъе кье», - ян абуна.
Абрагьат тамашаго тилмачасде вуссана.

«Дие мун, вачIунилан, цIакъ кIодого вукIана,
Гьанже дудаса дагьаб ракIбуссанин», – абуна.
ГIабдулмутIалибица: «Щай?» – абун суал кьуна,
Абрагьатица гIилла гьадин баян гьабуна:

«Дуцаги умумузги дин жиндалъун гьабураб
Гьаб рукъ биххизе гIоло вачIун дунги вукIаго,
Дуца, гьелъул хIакъалъулъ рехсейго гьабичIого,
Гьабулеб буго ургъел дурго варанабазул».

«Варанаби дир руго, дун гьезул раббу[1] ккола,
Ва лигьаза-л-байта Рабб,[2] – Дос гьаб цIунизе буго».
Гьадинаб калам гьабун, кIиявго гаргадана,
КIинусабго варани тIадбуссине гьабуна.

Гьанже ГIабдулмутIалиб Маккаялде вачIана,
Ккарабщинаб вакъигIат Къурайшазде бицана.
БакI-бакIалде рикь-рикьун, гохIал-щобазде рахун,
Щулалъаби ккун чIаян гьезде амро гьабуна.

[1] Ай, бетIергьан.
[2] Ай, «Гьаб КагIбаялъулги вуго БетIергьан, гьаб Дос цIунила».

Гьанже ГІабдулмутІалиб, КагІбаялъул гІекІги ккун,
Керен рагьун гьабулеб дугІаялде вуссана,
«Гьаб рукъалъул тушманги Дур тушман вукІунелъул,
Тушман нахъе къотІе», - ян Къадирасде гьарана.

Магъмасалда Абрагьат радал тІаде вахъана,
Маккаялде лъугьине къачІайилан манлъана.
МахІмудилан цІар бугеб, къуватаб пил букІана,
Къуръаналда Аллагьас гьелъул рехсей гьабуна.

Гьеб пил, Абрагьатица Нажашиясде гьарун,
Гьес битІун жиб бачІараб букІарабилан буго.
ЦохІо МахІмуд горони, Абрагьатида цадахъ,
Цо равияс бицухъе, пилалги рукІун гьечІо.

Пилазул бицунелъул руватал хилифлъана,
ГІемерал рукІанилан абун цояв кІалъана,
АнцІила кІиго бетІер гьезул букІарабилан
Абулелги рукІана, лъалев БетІергьан вуго.

Гьанжи, МахІмудги кьолон, къватІире лъугьинелде,
Балъго Нуфайлу вачІун, гІинзунибе щурана:
«Убрук МахІмуд ражигІан мин хІайсу жиъта»[1], – абун,
Инсанасде кинниги, пилалде жив кІалъана.

Жиги, «Мун бугеб бакІал – Баладун-ХІарам бугин,
ХІурмат гьабе», - ян абун, кантІизеги гьабуна.
Нахъбуссине горони, тІаде мун бахъунгеян
Абун бахъинелдего, МахІмуд накалда чІана.

[1] Ай, «Мун накалда бега, нахъбуссине горони тІаде бахъунге», - ян.

Накалда чIаралъуса бахъинабизе кIойчIо,
Бухун, кьабун гьабуна, кьуругIан багъаричIо.
Яманалъул рахъалде МахIмуд сверизабуна,
ХIинчI гIадин тIаде бахъун, гьури гIадин билълъана.

Гьанжиги, хIалбихьизе Шамалде, машрикъалде
МахIмуд буссинабидал, гьеларaб хIалалъ ана.
ХIарамалъул рахъалде жиб буссине гьабидал,
БукIарабго хIалалда МахIмуд накалда чIана.

МахIмудилгин къавмалъул къагIида бихьарабго,
Бигьа гьавун Нуфайлу, цер гIадин, нахъе ана.
Цо магIардеги вахун, хадуб щибдай кколаян,
Халккун тарав чи гIадин, гьезухъ валагьун чIана.

Гьанжи ралъдал рахъалъан хIанчIазул бо бачIана,
Милъиршабазул гIадаб рижин гьезул букIана.
Щибаб цо-цо хIинчIалъухъ лъаб-лъаб чIимих букIана,
Цо-цо чIимих кIалдиб ккун, кIи-кIи – малъазда гъоркь ккун.

Магъмасалда тIад сверун, тIаде балеб цIад гIадин,
ТIуюраз[1] Абрагьатил боялде гамачI бана.
ГамачI щваравщинав чи гьалаклъулев вукIана,
Лъутизе лъугьаниги, нухалъ квалквал гьабуна.

Кире инел лъайчIого лъавудаса ун ккана,
Нух манлъизе Нуфайли кив вугеван цIехана.
Кинабниги вакъигIат бихьулеб магIардасан
Балагьун, кеп гьабулев Нуфайлиги вукIана.

[1] Ай, хIанчIаз.*

Нух манлъизе далиллъун цеве Нуфайлги тIамун,
ТIуризе дозул бугеб анищ жинда бихьидал,
«Нуж кире тIурулелдай, валь-Илагьу тIалибу»,[1] –
Гьадинаб магIнаялъул байтал[2] жинца рикIкIана.

Абрагьатил черхалде квешаб унти тIамуна,
Килщазул тIогьал роpтун, биги хьойрдги чвахана.
Фараху тIайри[3] гIадин, къанцIараб къаркъалагун,
Къоги бихьун, Абрагьат СангIаалде ворчIана.

СангIаалде щун хадув, турараб палас гIадин,
Цо-цоккун лугбал рортун, басралъиялда хвана.
Бо гьалак гьабулеб куц жинда бихьизе гIоло,
БетIергьанас Абрагьат ургъунго тун вукIана.

Абу Яксум абурав Абрагьатил цо вазир, –
ЦохIого гьев хутIана харбие чIаго нахъе.
Нахъвуссун тIурулаго, тIад жиндир исму[4] хъвараб
ТIайру[5], кIалдиб гамачIгун, гьесда цадахъ боржана.

Нажашиясухъе щун, кканщинаб гьес бицана,
ГьебсагIат доб тIаиралъ тIаде гамачI рехана,
ГамачI, тIогьроцIги борлъун, ахадасан баккана, –
Абрагьатил боялъул къисмат гьадинаб ккана.

Богун цадахъ рукIарал пилалги гьалаклъана,
Гьезда гьоркьоса МахIмуд чIаго нахъе хутIана.

---

[1] Ай, «Нуж тIалаб гьарулев Аллагьги вукIаго».
[2] ШигIруялъул куплетал.*
[3] Ай, хоноялдаса къватIибе бахъараб хIанчIил тIинчI.
[4] Исму – цIар.*
[5] ТIайру – хIинчI. *

Халикъас, ХIарамалъул хIурмат гьабиялдалъун,
Гьеб хIайван сах-саламат тIадбуссунги бачана.

Абрагьатил гIаскаргин пилал гьалак гьарураб
Гьеб соналде гIарабаз «ГIаму-л-фил»[1] - ан абуна.
Аварагги гьеб соналъ гьавуравин бицана,
Гьаб риваят бищунго къучIаблъунги рикIкIана.

* * * * *

Нусиялда къоазар, ункъазарго тIадеги, –
Анбияъ-русулазул гIадад бицун бугелъул,
БетIергьан горевасда хIисаб гьезул лъаларин
Лъай бугелаз рицунел хабаралги ругелъул,

Тарих-гIилмо бокьулел гIадамазе сайгъатлъун,
ГIемералда гьоркьоса дагьа-дагьаб бакIарун,
Дирго ресалда рекъон къисасуль-анбияи[2]
Бегулаго, хъвалаго жакъа гьанибе щвана.

Къудраталъул Аллагьас Къуръаналда рицарал
Къисаби цIаларасе цо хайир камиларо.
Халкъалъулго хириял аварагзаби рокьун,
Эл рехсолеб бакIалъе баракатги рещтIина.

Бану исраилазе нелъер ХIабиб вегьичIо,
Гьесде иман лъечIого, куфруялда хутIана.
Насранияз ГIисаде ибнуллагьан[3] абуна,
Инсанасе батIулал сифаталги гьаруна.

[1] Ай, пилазул сон. *
[2] Аварагзабазул къиссаби.*
[3] Аллагьасул вас гьев вугин. *

Гьаб умматун мархIумат[1], ХIабибасул агьали, –
Анбияазда гьоркьоб гьаз батIалъи гьабичIо,
Гьел киналго битIараб, хIакъаб диналда ругин,
РакI-ракIалъго нелъеца къабул гьабураб буго.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيْهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلْمُؤْمِنُونَ ۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَـٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِّن رُّسُلِهِۦ ۚ وَقَالُوا۟ سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا ۖ غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ ٱلْمَصِيرُ ﴿٢٨٥﴾ ﴾ البقرة: ٢٨٥

Къуръаналъ насху гьарун[2], заман лъугIи горони,
Илагьиял кутубал[3] киналго хIакъал руго.
Кинниги Инжил, Таврат къавмаз хисизаруна,
Къуръанилан абуни, Аллагьас жиб цIунана.

НухI, Ибрагьимгун Муса, ГIисайилан абуни, –
Улу-л-гIазмаби[4] ругеб, гьебги нелъеда лъала,
Гьединлъидал нелъее цIакъго гьелги рокьула,
Гьезул къасаисалги[5] гъираялда цIалула.

Рецц Аллагьасе буго, анбияъ-русулазде
Инкар гьечIеб агьлолъун уммат Жинца гьабурав;
Жеги гIемераб щукру, шаригIат-Исламалъул
Автадазда[6] нахъчIезе тавфикъ нелъее кьурав!

---

[1] Ай, Аллагьас жедеда гурхIел гьабизе тIаде босараб, Аварагасул ﷺ уммат.*
[2] Жедер хIукму хисун.*
[3] Ай, Аллагьас рещтIарал тIахьал. *
[4] Аллагьасда аскIоб бищунго къадро-къимат бугел аварагзаби.*
[5] Къисаби.*
[6] Автадал – чIахIиял гIалимзаби, вализаби.*

# - Ф А С Л О -

## ТIАДЕГIАНАВ АЛЛАГЬАС ЦЕРЕСЕЛ АНБИЯЪ-РУСУЛАЗУЛ КЪИСАБИ НЕЛЪЕР АВАРАГАСЕ ﷺ РИЦИНАЛЪУЛЪ РУГЕЛ ХIИКМАТАЛ

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда,
Къасаисуль-анбияъ[1] гIемерал рехсон руго,
Русулазулгун ккарал, цересел умматазул
Агьлу-таварихаца[2] биценги гьабун буго.

БетIергьанас гIадада калам гьабуларелъул,
Гьел риценазда жаниб щугогIун хIикмат буго,
Щуябго тартибалда, тавфикъ Аллагьас кьуни,
Иншааллагь, рицине дир ниййат-къасдги буго.

Нелъер хирияв ХIабиб – умматалъул берзул нур
Загьиралда Аллагьас умиявлъун[3] гьавуна,
ГьитIинго бесдаллъана, ятимавлъун хутIана,
Тарбият жиндий кьезе эбел-эмен рукIинчIо.

Инсул росдада жаниб гьитIинаб гIумру ана,
Уммуль-къураялдаса[4] къватIиве жив вахъинчIо,
Къурайшиязда гьоркьов гьедин кIудияв гIуна,
Гьезул бераздa цеве даимавлъун вукIана.

Адаб-гIелму манлъулев гIалимасухъе инчIо,
Росдал агьлоялъего гьеб балъгоги букIинчIо,

[1] Аварагзабазул къисаби.*
[2] Ай, тарихалъул гIалимзабаз (историказ).*
[3] Ай, хъвайзе-цIализе лъаларевлъун. *
[4] Маккаялдаса. *

Гьединги бугеб хIалалъ, къурайшиязда жанив
Жив бищунго божарав аминлъунги[1] вукIана.

Нубувватгин рисалат загьир гьабизе гIоло,
Гьесде Жибрил малайкас гIелму талкъин[2] гьабуна,
ГIулумуль-аввалина валь-ахарина[3] манлъун,
Лъайзе рес бугебщинаб гьесул рекIелъе тIуна.

Нубувват тахIкъикълъулел[4] мугIжизаталгун цадахъ,
Рисалат тIобитIизе ТIагьаяс байбихьана,
Цересел умматазул, анбияъ-русулазул,
Берда рихьарал гIадин, ахбаралги рицана.

Рицунел къисабиги, цо рагIи хисичIого,
Инжилгин Тавраталде данде кколел рукIана,
РахIманас рекIелъ лъурал ладуниял гIулумал[5]
ГIаламалъе ХIабибас хIалхьезегIан рицана.

ГIакъло бугел, къавмалъул, къабул гьабун руссана,
Гьезий нубувваталъул далаилалги[6] чIана.
АхIмакъал, гIакъло гьечIел хIасадчагIаз абуни,
АсатIируль-аввалин[7] Къуръаналде абуна.

Эзул гьереси гьабун, Расул тасдикъ гьавураб[8]
Къуръаналда Аллагьас аят гьадин рещтIана:

---

[1] Ай, бищун божи бугев.*
[2] Ай, гьесул рекIелъ гIилмо лъуна.*
[3] Ай, цере рукIаразулги хадур рачIунезулги гIелмаби.*
[4] Ай, жив авараг вукIин чIезабулел.*
[5] Ай, цIаличIого, гIалимас манлъичIого, Аллагьас рекIелъ лъураб гIилмо.*
[6] Ай, гьев хIакъав авараг вукIиналъе далилал чIана.*
[7] Ай, цересел маргьабиян.
[8] Ай, витIухъ гьавураб.*

«Гьезда абе, авараг, гьаб рещтIине гьабурав –
Зоб-ракьалъул балъголъи лъалев Аллагь вугилан».

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ قُلۡ أَنزَلَهُ ٱلَّذِي يَعۡلَمُ ٱلسِّرَّ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ إِنَّهُۥ كَانَ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ٦ ﴾ الفرقان: ٦

Жинда цере рукIарал анбияъ-русулазул
АхIмадие Халикъас сират[1] баян гьабуна,
Гьелъулъ бугеб хIикматги – гьездасан мисал босун,
Расулас лъикIалщинал тIабигIатал ккой буго.

ТIолазулго рукIарал макаримуль-ахлакъал,[2]
Къадирас баян гьарун, ТIагьаяс ракIарана.
РахIму, хIилму, сахават, сабругин зугьд[3], щужагIат,[4] –
Щивнигиясе кьечIеб кьуна гьесий Каримас.

Гьединго БетIергьанас цересел умматазул
Анбияъ-русулазде дандечIейи бицана,
Данде чIарал къавмазе, Жиндир рахъалъан щвараб,
ГIазаб-гIакъобаялъул биценалги гьаруна.

Гьел къавмазул рукIарал авлияъ-сулахIаал[5],
Аллагьас ХIабибасе, гьелги баян гьаруна,
Гьезул лъикIал ахлакъал, Жив разиял агIмалал,
Умматалъе мисаллъун, гьелги гIемер рехсана.

Рехсей гьабунщиналда Авараг нахъвилълъана,
Амру-нагьюялдалъун умматги тIобитIана.

[1] Ай, дозул хьвади, нух.
[2] Ай, лъикIал, тIокIал хасиятал.
[3] Дунял тей
[4] БахIарчилъи.
[5] Вализабиги лъикIал гIадамалги.*

Ахлакъуль-хIамидатал[1] жиндилъгоги тIорана,
ТIолабго гIамал-пиша – Къуръаналъул лъугьана.

Къуръаналда куцарал ахлакъал[2] камиллъидал,
Аят рещтIун, Аллагьас гьебги баян гьабуна,
«Ва иннака лагIала хулукъин гIазим»[3], – абун,
ШархI гьабизе кIолареб кIодолъиги бицана.

Цойги хIикмат букIана Къудраталъул Аллагьас
Къуръаналда ТIагьае къисаби рициналъулъ:
Цересел умматазул ахбарал жинда лъайдал,
Жиндир уммат гьездаса хира гьабун батана.

БатIиналгин загьирал гьарзаял нигIматал кьун,
Гьезие гьабун бугеб бигьалъиги бихьана.
Бигьалъаби горони, диналъулъ хIараж[4] гьечIин,
Гьадинаб магIнаялъул аяталги рещтIана.

Умматалъе гьабураб загьирияб бигьалъи:
Ракьул таяммум бегьи, тавбоялъ мунагь чури;
ХIалалаб сапаралда как къокъ гьабизе бегьи;
Рокъор щойдал бецIизе, кIал беччайзе рухса кьей.

БатIиниял нигIматал умматалъе кьун ругел:
ЛъикIаб гIамал данд битIун кири гIемераб хъвайи;
БацIцIадаб ниййат гьабун, гьабизе рес ккечIони,
Гьабураблъун гьебги хъван, данд битIун кири кьола.

[1] Ай, реццарал тIабигIатал. *
[2] Ахлакъал – тIабигIатал.*
[3] Ай, «Дуль Аллагьас данде гьаруна киналниги реццарал-лъикIал тIабигIатал»,
[4] Ай, захIмалъи.

Доб ниййаталда рекъон цо лъикIлъи гъабурасе,
Цоялдаса бахъараб ункънусиде щойзегIан,
Аллагьасда горони хIисаб лъаларебгIанги,
ГIорхъи-хIадд гьечIеб кири гьев чиясеги хъвала.

Гьадинал бигьалъаби умматазе рукIинчIо,
Мунагьазе, къатлу нафс, тавбогицин [1] букIана.
Тавбоялъ мунагь чури, гьалда релълъанщинабги, –
Гьаб умматалъе ругел караматаллъун руго.

Гьаб кинабго бихьидал Аварагасда лъана
Анбияъ-русулазулъ жиндир бугеб хиралъи.
Жегиги, умматазулъ умматалъул хиралъи,
Аллагьас жиндий кьурал нигIматазул кIодолъи.

НигIматал жиндий кьурав МунгIимасе рецц гьабун,
Расул гIибадаталда фатрат[2] гьечIого чIана.
Релъеда къиям гьабун,[3] къад кIалал гIемерал ккун,
Хирияв ХIабибасул хIатIал гьорон рукIана.

«Я Аллагьасул Расул, а-лайса къад гъафара
Ллагьу лака ма такъаддама мин занбик»[4], - абун
АсхIабзабаз абидал: «А-фала акуну
ГIабдан шакуран»,[5] – абураб жаваб гьезий гьабуна.

Гьединго, БетIергьанас цересел умматазул
АхIбарал, авлияал[6] ахбаразулъ рехсана,

[1] Ай, живго чIвайи букIана мунагьалдаса тавбо.
[2] Ай, гьоркьоб заман беччайчIого, даимго.
[3] Ай, гIибадаталда сордо борчIун.*
[4] Ай, «Мун Аллагьас киналго мунагьал чураравлъун гьечIищ?» – абун.
[5] Аварагас абуна: «Дун щукру бугев лагълъун вукIине ккеларищ»,– абун.
[6] Ай, чIахIиял гIалимзаби, вализаби.

Гьезул лъикIал пишаби, шаргIалда рекъон хьвади,–
ШаригIас Къуръаналда гьелги баян гьаруна.

Анбияъ-русулазде дандечIарал агIдаал,[1] –
Эзде ццин бахъин щварал къисабиги рицана.
Реццаразул гIамал ккун, какаразул хьвади тун,
Уммат хьвадизе бугеб вагIзалъун гьеб букIана.

Анбияъ-русулазул, гьел къабул гьаруразул
Къисаби рициналъулъ цойгиги хIикмат буго:
Биценго гьабичIого гьел тун рукIаралани,
Гьезул лъикIал асарал халкъалда лъалароан.

ЛъикIал гьезул ахлакъал, къарнабаз цуцахъе кьун,
Къиямасеб къо щойгIан нахъе хутIизаруна.
Нелъеца бицен гьаби гьезийги лъикIаб буго,
ЛъикIал рехсеялдалъун баркат нелъейги щола.

«Ма мата майййитун ва ззикру юхIйигьи»,[2] – абун
Аби гIадада гьечIо, мунфагIат халгьабуни.
Хун арал умумузе жедер лъикIал асарал
Наслабаз рехсолелъул хайирги щолеб буго.

Ибрагьим аварагас: «ВажгIал ли лисана
Сидкъин фи-ль-ахирин»,[3] – абун дугIацин гьабун буго–
Дунял буголъанагIан берцинаб санаъ[4] жиндий
Нахъе хутIизе бокьун, хьул лъун гьарунги буго.

---

[1] АгIдаал – тушбаби.*

[2] Ай, «ГIадамаз лъикIалдалъун жив рехсола вугевгIан заманалда гьев чи хварав гьечIо».

[3] «Жив хадур рачIунез Къиямасеб къо чIезегIан лъикIалдалъун рехсолевлъун гьаве».

[4] Халкъалъ вецци, лъикIаб къимат кьей.*

Цересел русулазе жедер къавмаз гьарурал
Къварилъаби ТIагьае таслиятлъун[1] рицана.
Цинги, Къурайшиязул къварилъи-хIал баччизе
ХIабибасе гьелдалъун бигьалъиги букIана.

Гьадинесел пайдаби АхIмадгин умматалъе
Аллагьас, щойзе гIоло, рицун тана къисаби.
Къисаби цIалиялда гIавамал[2] машгъуллъула,
Иштигъал[3] хавассазул гIибраталде[4] букIуна.

ГIибратго гьечIеб цIали, цIураб рагIалде тIаде
ТIураб лъималда релълъон, рекIелъего щоларо.
РекIелъего щоларел кIал-мацIалъул алфазал[5]
Авлахъалде бан тараб базруялда[6] релълъона.

Байбихьи гьабун ккедал, гъоркь тезе бокьичIого,
БетIергьанас койр бакъун, къисаби ракIарана.
Къасаису-ль-анбияъ маргьабиййилан ккоге,
Маргьаби Къуръаналда Аллагьас рицунарин.

Адам вижаралдаса ккарал вакъаигIазул[7]
Къисаби рицунезулъ хилафал рукIунилан
КIвар ножоца гьабуге, гьеб цебеги рехсанин,
Гьелдалъун къисабазул асло хисуларелъул.

[1] Ай, ракIбатизелъун.
[2] ГIавамал – гIаммаб, гIелму гьечIеб халкъ.*
[3] Машгъуллъи, кIварбуссинаби.*
[4] ГIибрат – цIалулеб жоялъул пикро гьабиялде.
[5] Алфазал – рагIаби.*
[6] Бекьулеб хьон.
[7] Къиссабазулъ, лъугьа-бахъиналъулъ.*

Ужра-мухьалъе гIоло бегIеричIеб дир къалам,
Дуе гIоло бахъараб хвалченлъун гьабе, Аллагь!
Халкъалъе пайда гореб матIлуб[1] жиндалъун гьечIеб,
Гьаб мажмугI цIаларазе гIибраталъе тавфикъ кье!

ГIелмуялде кавабги эркенго рагьаниги,
Кинавниги чиясул гIалим вахъунарелъул,
ГIелмудул гъапудухъе нух бахъизе рес щойчIел
Нажой гьаб дир сайигъат, мискинал муъминзаби.

Мискиналин нождоде абиги намус буго,
Аллагь лъалев гIабидги гIалимлъун вукIунелъул.
ГIалим абун кIалъалев дун вугиланги ккоге,
Дир ножодаса тIокIаб, батIаяб жо гьечIебин.

Гьанжи, диналъул вацал, дир цо гьитIинаб мурад:
Дун хванилан рагIани, дугIа-алхIам кIочонге!
ДугIа-алхIам къабулал къавмалъулъ нуж гьареял,
Ножойгоги бачIунеб хайир чидае гьабе!

КIикъого муъминчияс лъикIавилан абуни,
ЛъикIаздасан гьев маййит[2] хъвалин абун бугелъул.
Аллагьасул рахIмат-цIоб цIадлъун тIаде чвахаял,
ЛъикIав чи вукIанилан абизе барахщуге!

Рехсарал къисабазулъ дир гъалатI ккун батани,
Гъафурун РахIимлъидал, Мун тIаса лъугьа, Аллагь!
Анбияъ-русулазул адаб тун батаниги,
Тавбо дир гьелдасаги, къабул гьабе, БетIергьан!

[1] МатIлуб – мурадлъун бугеб, тIалаб гьабулеб жо. *
[2] Маййит – хварав чи.*

Бицине эрга щварав гIалимлъун гьечIониги,
ГIалимзабаз бицараб дица накъло гьабуна.
Накълабазулъ асахIал, сахIихIалгун загIифал[1]
Риваятал[2] ратиги дица къабул гьабуна.

Къуръаналъул бакьулъа босараб бугониги,
ХIасадчагIазул дагIба камуларебги лъала.
Муслим, Бухариясул хIадислъун бугониги,
ХIал хъубаб агьлоялъул инкарги къотIуларо.

Анбияъ-русулазул, ресалда борца-къотIун
Рицунел, ахбаразул ахир гьалда тIобана.
Аллагьас тавфикъ кьуни, къоялги дий ратани,
Дагьаб тIадеги жобан, тазнибги[3] бокьун буго.

Жив вокьи умматалда Аллагьас тIад гьабурав,
ТIолабго гIаламалъе рахIматлъун жив витIарав,
ТIагьаясул хIакъалъулъ рехсейго гьабичIого
Гьоркьоб беччан тезеги ракIалъе къабуллъичIо.

РохьгIан гIемер мавлидал АхIмадил ругониги,
Реччан те гьел рукIине гъутIбузда тIамах рикIкIун!
ГъойтIалъ нугIлъи гьабурав, гIалхул чундул кIалъарав,
Нелъеца ХIабиб вецци – кIудияб ишищ бугеб?

Нелъеца гьев веццизе хутIараб бакI киб бугеб,
Халикъас жив веццараб Къуръанги бихьулаго?
Бугониги, жиндирго гIакъло щвараб бакIалъан,
ШафигI веццун кIалъазе агьлоялъе бокьула.

---

[1] КьучIалги загIифалги.*
[2] Риваят – батIи-батIиял биценал.*
[3] РачI гьезе, ай тIаде жобазе.

Рокьиялъул гIаламат – гIемер рехсей букIуна,
Рехсезе вокьуларев вокьулев чи вукIунищ?
Вокьуларев чиясул, бицен гьабини кисса,
Гьесул цIар бахъулебцин рагIизе бокьулебищ?

РагIизеги рокьулел, рицинеги гьуинал,
Рицина ХIабибасул хIалхьезегIан сиярал.
ХIабибги веццуларев, биценги гьабуларев,
Гьесде рокьиги гьечIев – муъминчи кин вукIунев?

Муъминчиясе ХIабиб рухIалдаса вокьула,
Вокьиялъ гьесул хабар бицун хIалги хьоларо.
ХIабибуллагь вокьулев, Аллагьги цо гьавулев –
АсхIабу-л-кагьфазда гъорлъ КъитIмир гIадин вукIина.

КIудияв ханасухъе сапар бухьун унесе,
Нух-бакIалъул хIал лъалев далил лъикI вукIунарищ?
Далилги цадахъ гьечIев, нухлул хIалги лъаларев –
Лъалес вачун унесда кинго релълъон вахъинищ?

Вачун ханасул кIалтIе далилас щойзавидал,
Досде тIаде лъугьине изно къваригIинарищ?
РагIияталъул амро жинда байзе гьабурав,
Дов ханасул божарав амин[1] вукIунаревищ?

Аминасдеги гьарун гьес ихтияр кьечIони,
Ханасул кIалгIаялде жаниве чи ворчIулищ?
Жиндир махлукъаталъулъ Халикъас тIаса вищун,
Бищун хира гьавурав – гьев нелъер ХIабиб горищ?

[1] Амин – божарв чи, вазир.*

Гьевги гъоркь тун гьарараб гьари къабуллъулебищ?
Гьес къабул гьавичIесда Къадир разилъулевищ?
Къоял сардазда рацIцIун гIибадат гьабуниги,
ТавазугI[1] гьечIеб рекIелъ щайтIаналъ рукъ кколарищ?

Аллагь, Дуца койрбакъе кавну[2] жиндие гIоло
Бижарав ХIабибасул мавлид китбат гьабизе[3]!
Катибгун къариунал[4] ГIарасат майданалда
Дур ГIаршалъул рагIдукье Расулгун данде гьаре!

Амин Аллагь, я Аллагь! Амин Аллагь, я Аллагь!
Амин Аллагь, я Аллагь! Къабул гьабе, БетIергьан!




[1] ТавазугI – хIели.*
[2] Кинабниги бижанщинаб жо.*
[3] Ай, хъвайзе.*
[4] Мавлид хъваравги гьеб цIаларалги.*

# МАВЛИДУ-ННАБИЙЙИ

## СВАЛЛАЛЛАГЬУ ГІАЛАЙГЬИ ВА САЛЛАМ

Гьанже гІинтІаме, вацал, гІищкъо ножор батани,
ГІаламалъулго саййид – ХІабибасул бицинин,
Бицен цебе гьабураб гьесул хІакъикъияб нур
КъватІиб загьирлъиялъул мавлидги байбихьизин.

Адамидаса кІвараб, асслабазулъ накълолъун[1],
АхІмадил нур рещтІана ГІабдулмутІалибиде[2].
ГІабдулмутІалибида гьелдаса хадуб макьилъ,
Жиндир мугъзалъан къватІиб рахас бачІун бихьана.

Гьеб нуранияб рахас зодобе бахун ана,
Зодоса гІодоб бачІун, гІурччинаб гьойтІ лъугьана,
ГьотІода цо херав чи хурхун жинда вихьана,
Мун щивилан гьикъидал, НухІ вугилан абуна ﷺ.

НухІго гІадин гьотІода, я гьотІол гІаркьелалда
ГІабдулмутІалибица хурхине къасд гьабуна,
Гьаб гьойтІалдасан дуе бутІа гьечІин абуна,
Гьенив ГІабдулмутІалиб макьидаса ворчІана.

Хъизан гьабун хадуса Абулагьаб гьавуна,
АбутІалибгун ГІаббас, ГІабдуллагьги гьаруна,
Вугьайбил Гьалат ячун, гьелъ ХІамзатги гьавуна, –
Гьал щуязулго эмен ГІабдулмутІалиб ккола.

[1] Ай, умумузул мугъзал гьодазулъан цоцаде гочун.*
[2] ГІабдулмутІалиб – Аварагасул ﷺ инсул эмен.*

Инсуде накълолъараб ХIабибуллагьасул нур,
Гьесдасан жиндирго вас ГIабдуллагьиде щвана.
ГIабдуллагь гIумруялъул гIолохъанлъуде вахун,
ГIабдулмутIалиб гьесий хъизаналъе ургъана.

Аминат хитIбат гьабун[1], Вагьбуда аскIов ана,
КIиялгоги разилъун, лъимал данде гьаруна.
Вугьайбил яс Гьалатги гьеб сордоялъ ячана,
Васги эменги цадахъ бахIараллъун лъугьана.

Эбелалъул ургьибе АхIмадил нур бачIиндал,
Бицине хIал кIоларел гIаламатал лъугьана.
Гьеб сордоялъ кIалъана Къурайшазул хIайванал:
ХIабибуллагь гьавизе Аминат къин чIанилан.

Абу Къубайс абураб магIарда тIадги бахун,
МалгIун-иблис чIичIидун, щайтIаби ракIарана,
РахIматалъул Авараг эбелалъул ургьиве
ВачIун вугилан абун, гучаб магIил рукъ лъуна.

Ризван малаикасде[2] Аллагьас амро гьабун,
Фирдавсалъул рагьаби гьеб сордоялъ рагьана,
Гьединго амро гьабун, ахIизе малайк тIамун,
Зобал-ракьалда жаниб хабарги тIибитIана.

ТIагьа ургьив вачIарав Аминатида лъайчIо,
Руччабазе букIунеб бакIлъиги жинда хъвайчIо.
Бакъбаккуда – тIерхьуда гьоркьоб бугебщинаб ракь,
Бакъ баккидал къад гIадин, къасе нуралъ гвангъана.

[1] Ай, жиндирго вас ГIабдуллагьие гьарун.*
[2] Ризван – алжаназда тIад тарав малаик.*

Шамалъул улкаялда Бусраялъул къусурал, [1]
АскIур ругел кинниги, берazда цере чIана.
Расул ургьив вачIарав тIоцобесеб моцIалда
Цо ворхатав чи вачIун рохел жинда бицана.

Дур ургьив вачIарав вас – саййиду-л-мурсалина[2]
Вугин, Аминатиде эс мухIканго абуна.
«Мун щив чи кколев?» – абун Аминатица гьикъун,
Гьесул эмен – Адам дун вугилан жаваб кьуна.

КIиабилеб моцIалъги, тIоцобеселъ кинниги,
Цойги батIаяв чияс добго рохел бицана,
Дур ургьиве вачIарав – саййиду-л-аввалина
Ва-л-ахирин[3] вугилан гьесги мухIкан гьабуна.

«Мун щив чи кколев?» - абун суал гьесийги кьуна,
Шис авараг вугилан данде гьевги кIалъана.
Лъабабилеб моцIалъулъ НухI авараг вачIана,
Гьесги Аминатида добго рохел бицана.

Ункъабилеб моцIалъулъ Идрис авараг щвана,
Щуабилеб моцIалъулъ Гьуд авараг вачIана,
Анлъабилеб моцIалъулъ – Ибрагьим Халилуллагь,
Хадусеб анкьабилелъ – ИсмагIил – ЗабихIуллагь.

Микьабилеб моцIалъулъ – Муса, гIалайгьи ссалам,
ИчIабилеб моцIалъулъ – ГIиса – РухIуллагь щвана,-

[1] Къасру – хъала, ханасул кIалгIа (мн.ч. къусур).*
[2] Ай, аварагзабазул хан.*
[3] Ай, жинда цере рукIаразулги, хадусан рачIине ругезулги хан.*

Щивас Аминатида, дур ургьив вачIарав вас –
Анбияазул хатам[1] вугин, рохел баркана.

РабигIул-авалалъул анцIила кIиабилелълъ
Аллагьасул хазина халкъалде загьирлъана.
Халикъасул балъгояб нуру-л-макнуналдаса[2]
Пардавал нахъе росун, зобал, ракьал гвангъана.

Зодоса гIодор рещтIун малайкзаби рачIана,
Малайкзабазда кодоб цо-цо байрахъ букIана,
Бакъбаккуда, тIерхьуда, КагIбаялъул тIохалда –
Малайкзабазул койралъ лъабабгоги гьеб чIвана.

Зобалаздасан цIваби, далун гIодоре рачIун,
ГIаламалъе ракарал чирхъал гIадин рукIана.
Рагьун зобал рачIана, хIанчIазул бо рещтIана,
Зубаржад-якъуталъул куркьбал гьезда рукIана.

Гьел берцинал хIанчIазул сураталда жал ругел,
Сверун Аминатил рукъ малайкзабаз босана.
Байтуллагьалда[3] гIадин, сверун тIавафал гьарун,
ТIагьал рохел гьабулел рогьинегIан рукIана.

Рокъов чиго гьечIого жийго цохIо йикIарай,
РакIкъварилъун Аминат рахIат дагьлъун лъугьана.
Рахсал меседил рарал гIарцул абарикъалгун[4]
Амлаказул[5] цо къокъа гьаваялда бихьана.

---

[1] Ай, ахирисев авараг, аварагзабазул мугьру.*
[2] Нурун-макнун – бахчараб нур.*
[3] Ай, КагIба рукъалда.*
[4] Ибрикъ – гулгум-парччи (мн.ч. абарикъ) .
[5] Амлакал – малаикзаби.*

Къечарай Аминатил лъин гьекъезе къасд ккана,
Койр бегьун ибрикъазул цояб жинца босана.
Бераздаги бихьичIеб, бицунаги рагIичIеб,
ГIаздадаса цIорораб шараб[1] жинца гьекъана.

Къечалъул хIал тIаса ун, Аминат рахIатлъана,
ВахIдаталъул[2] рахIатхой жеги рекIелъ букIана,
Берцинлъиялъул рахъалъ жал гIадинал рижинчIел
Руччабазул жамагIат жинда тIаде лъугьана.

Гьел хIурулгIинзабазулъ, залимав ФиргIавница
Зулмуялдалъун чIварай, Асиятги йикIана.
Аминат къачIадарай, чIарахъанлъи гьабурай –
Гьей имраату-л-ФиргIавн[3] йикIарайин бицана.

ГIавфил ГIабдуррахIманил эбел – Аминат гьелъий
Къабилатлъун[4] йикIанин абуралги лъугьана.
АхIмад гьавурав хIалалъ «РахIимакаллагь[5]» абун
Малаикас ахIулеб гьаракь гьелда рагIана.

Алжанул хIурулгIиназ сверун йосун йикIаго,
Виладаталъул[6] унти Аминатий цIикIкIана.
ЦIакъ кIудияб, берцинаб, цо гьайбатаб хIинчI бачIун,
ГьебсагIат Аминатил чехьалда милъир хъвана.

Ралъдал тIиналда жанив жавгьар гIадин вацIцIадго,
МоцI гIадинаб гьомергун ХIабибуллагь гьавуна.

[1] Шараб – гьекъолеб жо.*
[2] Ай, жийго хутIиялъул.
[3] Ай, ФиргIавнил лъади.*
[4] Къабилат – чIарахъан
[5] «Дуда Аллагь гурхIаги» (Аллагьасул рахIмат буго дуй).*
[6] Лъимер гьабиялъул.*

Гьеб сардил хиралъиги Лайлату-л-къадриялъул
Хиралъиялдасаги Халикъас тIокI гьабуна.

Гьавураб сагIаталда такбир бачун кIалъана,
Аллагьасе рецц гьабун, суждаялда речIчIана.
РахIманасдехун вуссун гаргадизе жована,
ЖужахIалдаса уммат тархъейилан гьарана.

Умматалъул горони рухIи жиндие гьечIев,
Гьавураб сагIаталъго ургъел гьезул гьабурав, –
Гьединав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
РачIа, гьев кIодо гьавун, гьанже тIаде рахъинин!

ТIадегIанав Аллагьас икрам[1] жиндий гьабурав
Гьесий нилъ тIаде рахъин цIакъго дагьаб жо буго,
Жиндий гIоло махлукъат бижарав ШафигIасе
Щукру гьабун нелъехъа рагIалде бахъинаро.

Ралъдал тIиналда ругел тIолго магIадиназе
МустахIикъал къиматал кьезе бажаруларо,
РахIматлъун жив витIарав Аварагъ гьев вугелъул,
Нелъедаго хIалкIвараб гьабизин гьесий тагIзим!

**مسألة : القيام عند ذكر ولادته ﷺ لا إنكار فيه فإنه من البدع المستحسنة وقد أفتى جماعة باستحبابه عند ذكر ولادته ﷺ وقال جماعة بوجوب الصلاة عليه عند ذكره وذلك من الإكرام والتعظيم له ﷺ ، وإكرامه وتعظيمه واجب على كل مؤمن . ولا شك أنّ القيام له عند الولادة من باب التعظيم والإكرام . قال مؤلفه رحمه الله تعالى : والذي أرسله رحمة للعالمين لو استطعت القيام على رأسي لفعلت أبتغي بذلك الزلفى عند الله . «نزهة المجالس» للشيخ عبد الرحمن الصفوي جـ 2 صـ 82**

[1] Икрам – кIодолъи-тIадегIанлъи кьей.*

МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, Нуруль-гьуда!
МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, ГIиззуль-гIараб!
МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, Абул Къасим!
МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, Абу ТIаййиб!

МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, НигIматуллагь!
МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, РухIуль-къуддус!
МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, ГIайнуль-гIиззи!
МархIаба, ХIабибуллагь, лъикI щварав, ГIайну-ннагIим!

Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – Расулуллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – ХIабибуллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – Набийюллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – Сафийюллагь!

Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – Каримуллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – РахIматуллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – Аминуллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – СиратIуллагь!

Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – Нажиюллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммадун – Сайфуллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммадун – Зикруллагь!
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммадун – ХIизбуллагь!

Дур мавлид кIодо гьабун, берталъе рачIун ругин,
ВачIа мунги гьоболлъухъ, гьарула дуда, ХIабиб!
Дур щафагIат щоялде анищ-хьулалда ругин,
Щва нежер мажлисалде, гьарула дуда, ХIабиб!

Дур умматлъун ратидал рохел гьабулел ругин,
Рохел гIахьал гьабизе, гьарула, вачIа, ХIабиб!
ВачIиналде божигун ниж тIаде рахъун ругин,
Жаваб разиго гьабе, гьарула дуда, ХIабиб!

Рокьи дуде букIиналъ данде ракIарун ругин,
РахIмат бикьизе вачIа, гьарула дуда, ХIабиб!
Гьидаяталъул гъапу рагьизе кIолеб гьечIин,
КIулалги росун вачIа, гьарула дуде, ХIабиб!

ХIаяъ[1] тун ахIи байдал гIайиб гьабуге, ТIагьа,
АтIфалаз[2] умумузул адаб ккун бахъунарин,
Адабтей махIаббаталъ[3] жанибго гIанкъулелъул,
Нежер адаб теялда чIового тIаса лъугьа!

Я, Рабби, берцин гьабе ХIабибасул хобгин рухI,
Гьуинал махIаздалъун, свалат-саламалдалъун!
Я, Рабби, ризкъилъун кье ХIабибасул шафагIат
Гьаб нежер мажлисалда данделъаралщиназе!

Амин Аллагь, я Аллагь! Амин Аллагь, я Аллагь!
Амин Аллагь, я Аллагь, къабул гьабе, БетIергьан!

[1] ХIаяъ – нич.*
[2] АтIфал – гIисинал лъимал. *
[3] МахIаббат – рокьи.*

## Аварагﷺ гъавидал загьирлъарал мугІжизатал

ХІабибуллагь – МухІаммад гьавураб сагІаталда
Восун аскІусаги ун, эбел къварид хутІана,
Аллагьас амро гьабун, зодосан малайк вачІун,
Машрикъгун магърибалде жив сверизе гьавуна.

Зобалазда-ракьазда, гІадамазда-женазда
Жиндир виладаталъул[1] хабар лъайзе гьабуна,
Халикъасе хирияв АхІмадихъ ралагьизе
ХІуралгун[2] малайкзабаз боял гІуцІун рукІана.

ГІаламалъулго эмен – Адамихъе вачана,
Икрам-тахІийят гьабун, гьесги кІодо гьавуна,
КІиябго берда гьоркьоб, надалда убач гьабун,
«Дир хирияв вас», – абун, вохун дандчІвай гьабуна.

Гьаб рехсараб куцалда зобал-ракьалги сверун,
СагІат гьоркьоб инчІого ХІабиб рокъове щвана,
Къваридго жий йикІарай эбел – Аминатида,
«Гьале дурго вас», – абун, восун кодове кьуна.

Расул жиндилъ гьавураб сордо – итни букІана,
Иргьасатал[3] халкъалъе гІемерал загьирлъана,
Гьеб сордоялъ КагІба-рукъ кутакалда кІобокІун,
Киналго къеда рарал хъанчал гІодоре гъана.

[1] Виладат – гьави.*
[2] Ай, хІурулгІинзаби.*
[3] Ай, гІаламатал. *

ГIабдулмутIалибица, тIаваф гьабулев вукIун,
Гьедин КагIба багъарун жинда бихьи бицана.
Жигиги, тIохаб рахъалъ гIодобехунги буссун,
Сужда КагIбаялъ гьабун, гьебги жинда бихьана.

Гьелде тIаде, КагIбаялъ, «Аллагьу акбар» абун,
КIицIул такрар гьабулеб, гьебги гIинда рагIана.
«Вулида МухIаммадун гIалайгьи ссалам», – абун,[1]
Рохел гьабун Байтуллагь хадубги гаргадана.

Гьаватифалъ ахIулеб цойги гьаракь рагIана:
Аминатица къассе МухIаммад гьавунилан.
Аминатил цIар бахъун гьаракь жинда рагIидал,
ГIабдулмутIалибие цIакъго хIалхьи тIагIана.

ХIалхьи тIагIиналъ вачун тIадвуссун рокъов ана,
Аминатил хIал цIехон хабар лъайзе вахъана.
ХъахIаб накIкIалъул рагIдукь гьелъул хIужра бихьана,
Гьаб дида бихьулеб жо макьудайилан ккана.

Кьижунги дун гьечIилан берал жинца кIойкIана,
БатIаяб бакIилан ккун щакдаризе бачIана.
Рукъалъул кIалтIеги ун, «Аминат!» - ан ахIана,
Аминат, нуцIа къирун, къватIиехун яккана.

Къимат кьезе кIолареб гIажаибаб мискалъул
МахIалъ ГIабдулмутIалиб сакран[2] гIадин лъугьана,
Лъугьараб жо бугищан гьикъа-бакъи гьабуна,
Гьелъ, МухIаммад гьавунин, рохел жинда бицана.

[1] Ай, «МухIаммад авараг ﷺ гьавуна», – абун. *
[2] Сакран – мехтарав чи.

Рокъов жанив лъугьине къасд жиндица гьабуна,
Бахъун кодоб хвалченгун цо чи цеве лъугьана,
Малайкзабаз гьабулеб зиярат тIобайчIого
ТIаде инсан веччайзе изно гьечIин абуна.

Эбелалъул ургьиве АхIмад вачIараб сордо –
Ражаб моцIрол хирияб Рузман букIанин буго,
Халкъул гIаламалдаго гьеб сордоялъ рихьарал
РикIкIине хIал кIойларо тIолалго мугIжизатал.

ТIолабго дунялалда ханзабазул тахбакIал
КIалагъоркье буссинчIеб цохIониги хутIичIо.
Цинги жалго ханзаби ахрасаллъун гьаруна,[1]
Гьеб къоялъ рагIи бицун кIалъайзе гьезда кIойчIо.

Машрикъгун магърибалъул вухIушал,[2] рохел бицун,
Цуцахъе зияраталъ заманаялъ хьвадана.
Ралъдал хIайваназулги гьебго хIисаб букIана,
ХIабиб гьавун тезегIан нахъасаго къотIичIо.

Къурайшиязул боцIи цIергIадин гаргадана:
Расулуллагь гьавизе Аминат къин чIанилан.
Анлъго моцI АхIмадица ургьиб бараб мехалда,
ЦIар МухIаммад лъейилан манлъизе малайк щвана.

Маккаялда вукIарав Шамалъул ягьудияв
Гьев гьавураб сордоялъ цIехолдизе лъугьана.
Лъабго хасав малаик, АхIмад гьавураб сагIат
Гьев зодов вачинелде, хъулухъалъе вачIана.

[1] Ай, кIал-мацI ккун хутIана.
[2] Ай, гIалхул хIайванал.*

РихIу-л-миск жинда бугеб ибрикъ[1] цоясда кодоб,
Цойгиясухъ абуни, меседил тIаст[2] букIана.
ТIасталъул ункъо рахъалъ ункъо жавгьар букIана,
Гьаб тIаст дунял бугилан малайкас лъай гьабуна.

Бокьараб рахъ босеян ХIабибасде абуна,
ХIабибас хирияб койр тIасталъул бакьулъ лъуна,
Лъаларев, вихьуларев чияс гьаракь гьабуна:
Гьес баркат бугеб маскан[3] КагIба-рукъ босанилан.

Къиблалъунги Аллагьас гьесийгин умматалъе
Гьеб КагIба-рукъ гьабунин, гьебги лъайзе гьабуна.
Лъабабилесда кодоб, тIатIала чIван сукIараб,
Бараб гIазугIан хъахIаб, цIакъаб дарай букIана.

Дарайдулъ жемун лъураб нубувваталъул[4] мугьру
Босун Ризван малайкас бугьналогода чIвана,
Мугьру чIвалелде цебе кIиявго малаикас
Ибрикъалъ тIун тIасталъуб анкьцIолго черх чурана.

Аминатил ургьибе АхIмадил зат буссиндал,
ХIижаз-гIарабиязда ракъул сон тIаса ана.
Зодосан рахIмат рещтIун, ракьулъан ризкъи баккун,
Баракатал гIемерлъун, батIаяб хIал лъугьана.

Гьавураб сордоялъги Кисрал хъала биххана,
Хъанч абурабщинаб жо кIалагъоркье буссана,

[1] Ай, мискалъул махI бугеб гулгун (парччи*).
[2] Ай, тIарс (багъир).
[3] Маскан – чIолеб бакI.*
[4] Ай, авараглъиялъул.*

Фурсазул азар соналъ ракарал цӀаял свана,
Лълъинал къун, къварилъи ккун, киналгоги гӀодана.

Гъавидалги хойдалги халкъалъе рахӀматлъарав,
Рауфун РахӀим[1] абун, сифат жиндий гъабурав,
Гъадинав ХӀабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун, битӀизин гьесде свалат!

Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,
ГӀала ХӀабибика хайри-л-халкъи куллигьими!
Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,
Халкъалъулго хирияв Дур ХӀабиб – АхӀмадида!

## Авараг ﷺ хахизе ХӀалиматихъе кьей

Мадиналде аралъув эмен – ГӀабдуллагьги хун,
Эбелалда ургьивго АхӀмад бесдал хутӀана,
Абу Лагьаб абурав ХӀабибасул имгӀалас,
Жив гьавун рохел бицун, гъаравашги тархъана.

Цинги, гӀарабиязул гӀадат билълъун букӀана
Лъимер гьабураб мехалъ хахизе чидахъ кьолеб,
Кьибил-тухум батӀаяй мурзигӀатги[2] ялагьун,
Гьей разияб мухьги кьун къотӀи-къайги тӀобалеб.

Къадирасул рахъалъан халкъалда лъайзе гьабун,
«Гьаза МухӀаммад бину ГӀабдуллагь»[3] - ан ахӀана, –

[1] ГурхӀел-рахӀмо гӀемерав.*
[2] МурзигӀат – лъимер жинца хахулей гӀадан.
[3] Ай, «Гьав вуго ГӀабдуллагьил вас МухӀаммад ﷺ».*

«Гьесий керен кьуралъе кутакаб рохел», - абун,
Хахизе гьев щваралъе сагIадатги[1] баркана.

БетIергьан Аллагьасде хIанчIаз гьари гьабуна:
Гьев МухIаммад хьихьизе нежей изно кьейилан,
Ракьалда бугебщинаб лъикIаб-тIокIаб нигIмат кьун,
ТIагьае хидматалъе[2] ниж хIадурал ругилан.

Нежеца дунялалъул машрикъгун магърибалде
Щойзе гьавун хьихьилин хъахIинакIкIазги гьарана.
Гьесий тарбияталъе мустахIикъал ниж ругин,
Нежеца хьихьилилан малайкзабиги чIана.

Киназдего Къадирас: «Къад ажрайту залика
ГIала яди ХIалимат сагIдийят»,[3] - ан абуна.
АхIмадил рахьдал эбел ХIалимат йикIин бицун,
Хьул гьезул къотIизабун, Къадирас баян кьуна.

ХIалиматий вас гьавун анкьго сордо-къо ана,
Дагьаб къадар горони кваназе жо щойчIого,
Каранда рахь гьечIого васги язихъ вукIана,
ВачIун макьилъ цо чияс ХIалиматил койр ккуна.

РахьгIан хъахIаб, бацIцIадаб, гьоцIогIан жиб гьуинаб
ГIурул рагIалде ячун, гьекъейилан абуна.
Гьениса лъин гьекъана, ракъи-къеч тIаса ана,
«Дун лъаларищ дуда?» - ян ражул[4] гьелда кIалъана.

---

[1] СагIадат – талихI.*
[2] Хидмат – хъулухъ.*
[3] Ай, гьев хахизе ХIалимат йикIин бицана.
[4] Ай, гьев чи.*

Лъаларин жаваб гьабун, щивдай вугоян ккана,
Щив мунин гьикъилелде ражулас жаваб кьуна,
Дуца щибаб хIалалъулъ «АлхIамду лиллагь» абун,
Аллагьасе гьабулеб рецц бугилан бицана.

Цинги, «Дуй Маккаялда гIатIидаб ризкъи бугин,
Боссе хехго а, – йилан рохел гьелъий баркана. –
Гьаб дурго шаъно-хIалги балъго те», - ян манлъана,
Макьидаса ХIалимат гьебсагIаталъ йигьана.

Гьекъараб гIор кинниги, каранда рахь батана,
Киналниги руччабаз гIажаиблъи гьабуна,
Гьелда хадуй гIалхуде, гIурччинлъи тIалаб гьабун,
Руччабазул къокъагун ХIалиматги яхъана.

Авлахъалда рукIаго вихьуларев чиясул,
Руччабазда рагIараб, гьаракь ахIун бачIана:
Гьавуна Маккаялда баракат гьарзаяв вас,
Гьев хахизе щваралъе кIудаб рохел бугилан.

Рокъоре тIадруссана, россабазде бицана,
Баркат бугев васасде киназулго къасд ккана.
Маккаялде жал ана, анцIго чIужу йикIана,
Элгун цадахъ хIамагун ХIалиматги яхъана.

ХIамузда гъорлъ бищунго гьеб хIалакъаб букIиналъ,
Къапилаялдаса жий нахъе кколей йикIана.
ВукIинчIеб бакIалдасан цо чи ваккун вачIана,
«Нахъе ккезе чIоге», - ян, хIамаялда кьабуна.

«ХIабибасул мурзигIат, Маккаялде хех щойзе
Хехлъи дуца гьабе», - ян гьаб амроги гьабуна.

Гьалмагълъиги нахъа тун, хIама цебе кIанцIана,
ХIалимат мугъалдагун чу гIадин билълъанхъана.

Руччаби, разигI[1] цIехон, Маккаялда хьвадана,
МухIаммад – ХIабибуллагь киназго нахъе чIвана,
Нахъа эменго гьечIев бесдал ятимасдасан
Хайирго щойларилан щиялъ пикро гьабуна.

Бечедал гIадамазе, мискинай йигин абун,
МурзигIатлъун гьайизе ХIалиматги йокьичIо,
ХIалимат хутIизегIан киналгоги руччаби,
Хахизе лъималги щун, мурадалде рахъана.

Мурадги тIобайчIого тIадюссине захIмалъун,
ХIалимат, разигI цIехон, сверседулей йикIана,
ГIабдулмутIалиб дандчIван, разигIго гьечIищ абун,
Гьесде ХIалиматица гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьес «Ятим вугин абун, руччабаца гъоркь тарав,
Гъулам[2] вугилан», – абун, хIакъаб рагIи бицана.
ХIалимат цIакъ йохана, гIемерго разилъана,
ГIабдулмутIалибица дур цIар щибан гьикъана.

СагIдиязул ХIалимат дун йигилан бицана,
Цинги ГIабдулмутIалиб живгоги разилъана,
СагIида ва хIалима – кIиябго рагIиялъулъ
ГIиззу-л-абад[3] бугилан рохалида кIалъана.

[1] Ай, хахизе лъимер. *
[2] Ай, вас.*
[3] Ай, абадияб кIодолъи бугилан.

КIиязулго рахъалъан рагIи цуцаде ккана,
Цинги, ячун, ХIалимат рокъой лъугьинаюна,
РазигI жинда вихьана, гьайбатав вас ватана,
Гьесухъ, кереналда тIад койрги лъун, ялагьана.

Гьимулаго ХIабибас кIиябго бер рагьана,
Бераздасан баккараб нуралъ дунял гвангъана.
Кваранабаб керен кьун, ХIабиб хахизавуна,
Хадуб, квегIабаб кьедал, гьелде инкар гьабуна.

Унго, халгьабун бихье ХIабибасул карамат,
Каранда жив вукIаго гIамалалъулъ ритIухълъи,
Рахьдал вац Зумрат вукIун, гьесулъ ращалъи гьаби –
Гьаб мугIжизат гIун гьечIищ разигIасул хIакъалъулъ.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битIизин гьесде свалат!
Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!

ХIабибуллагь щоялъе щукруги гьабулаго,
Гьев кодовгун ХIалимат хIамаялда рекIана,
ХIабибас, КагIбаялде гьомерги буссинабун,
БетIергьан – Аллагьасе лъабцIол сужда гьабуна.

Гьелдаса хадуб хIама хIисаб хун лебаллъана,
Лебалаб айгъир гIадин, цебе-цебе билълъана.
Балагьун руччабаца гIажаиблъи гьабуна,
Гьаб цо хIикмат бугилан тамашалъун хутIана.

Гьездехун буссун хIама пасахIатго кIалъана:
«Антунна фи гъафлатин гIанни, - йилан абуна, –

ГIала загьри ракибу-л-буракъи[1] гьечIищ», – абун,
ЧIухIун, бохун хIамаялъ хIикмат гьезий бицана.

Гьезул хIамул нахъа тун, ХIалимат цее ана,
ХIабибасе нух ккурал насраниял ратана,
Рортун аскIуре рачIун, АхIмадихъ ралагьана,
Гьале дов матIлуб [2] абун, чIвазе хивал гьабуна.

«Ва МухIаммад!» - ан абун, ХIалимат чIичIидана,
ХIабибас кIиябго бер зодоб буссинабуна,
Зодосан гIодоб рещтIун къуватаб цIа бачIана,
КIикъоявго капурчи рахъу гIадин лъугьана.

Росас ХIалиматиде, гьав васасул кIудияб
Шаъну-хIал бихьулищан, тамашалъун абуна.
Гьаб хIалалда ХIалимат ХIабибгун рокъой щвана,
ХIабибасул баракат гIорлъун тIаде чвахана.

ГIиязул рахь цIикIкIана, магIишат берцинлъана,
ГIадамал хIайранлъараб хIал рукъалъул лъугьана,
ХIабиб хахизе щварай СагIдиязул ХIалимат,
СагIадаталъ[3] сверун ккун, рахIматалъулъ тIерхьана.

РахIманасул МахIбубги гIун вачIине лъугьана,
ГIел хехлъиялъ абуни, цебесеб бакI босана.

Цо къоялъ – моцI баравгIан, моцIалъ – лъагIел баравгIан,
Релъедаса рогьинде кIодолъулев вукIана.

---

[1] «Нуж дидаса гъафулго руго, дир мугъалда вуго ракибу-л-Буракъ (Буракъалда рекIунев*)», ай, Авараг ﷺ
[2] Ай, «Гьале дов нелъее къварагIун вукIарав вас», - илан абун.
[3] СагIадат – талихI.*

КIиго лъагIел тIобайдал гьевги вачун ХIалимат
Чохьол эбелалъухъе зиярат гьабун ана,
АхIмадидасан жиндий щвараб баракаталъул
Щукру гьабун, разилъун Аминатий бицана.

Маккаялда букIараб вабаъ щоялда хIинкъун,
ХIалимат васгун цадахъ гьекко нахъе йитIана.
Гьелда нахъияб соналъ СвахIибу Расулиллагь –
Сиддикъун акбар, ГIатикъ – Абубакар гьавуна.

Ункъго соналде гIумру ХIабибасул бахиндал
Жиндир рахьдал вацазул эбелалде[1] цIехана,
Дур баракаталдалъун Аллагьас нелъей къураб
ГIиялгун маргIаялда гьел рукIунин абуна[2].

Гьелгун цадахъ рехъаде живги веччай гьарана,
Нахъияб къоялъ радал кьоло-гъолон къачIана.
Къо инегIан ХIалимат гьесухъ чIалгIун йикIана,
Бакъанил мех щун хадуй нухде данде яхъана.

Дунял-гIалам гвангъараб нуралъул чирахъ гIадин,
Рехъенгун ХIабиб вихьун, ХIалимат цIакъ йохана.
ХIамзат абун цIар бугев жиндирго васасдехун
Вацасул щиб кканаян гьикъа-бакъи гьабуна.

Къурайшияв вацасул рихьарал мугIжизатал
ХIамзатица цо-цоккун эбелалъе рицана,
АхIжаралгин ашжарал, вухIушалгин тIуюрал[3], –
ТIолазго гьесий салам кьолаанин абуна.

[1] Ай, рахьдал эбелалде (ХIалиматиде).*
[2] Ай, гIигун рехъада рукIунин жаваб гьабуна ХIалиматица.*
[3] ГамачI, гьецIо, гъойтI-рохь, гIалхул рухIчIаголъаби, роржунел жал.

Ракьалда тIад щиб бакIалълъ хIетIе жинца лъуниги,
ХIетI лъураб бакI, хер бижун, гIурччинлъиги бицана.
ГIи гьекъезе аралъур лъим гъуйил тIиналдаса
ТIаде бахун бачIанин, гьебги баян гьабуна.

Гьединго, цо кIкIалахъе жанире жал лъугьиндал,
Данде бортун ццидалаб гъалбацI бачIин бицана,
Цинги, МухIаммадида бер жиндир щун хадуса,
Гьесда цебеги бачIун, бегун чIанин абуна.

«Ассаламу гIалайка, я МухIаммад», - ан абун,
ФасихIаб мацIалдалъун салам кьейги бицана,
Цинги, аскIувеги ун, гъалбацIалъул гIинзуниб,
Балъгояб кIалъай гьабун, шуранинги бицана.

Адаб тей жиндаса ккун, нечараб хIисабалда,
Бахъун тIадегун гъалбацI тIадбуссинги бицана.
Цинги: «Уктум гьаза гIан агьлика я бунайя»,[1] –
Абун гъалбацI кIалъанин тIаде баянги кьуна.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битIизин гьесде свалат!
Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!

Рехсараб ункъо сонил гIумруялъулъ вукIаго,
ГIиялгун авлахъалда лъималазулъ вукIана.
Лъабго малаик, вачIун, жинда сверун лъугьана,
Лъабасулго цоявав, чехь ссун, ургьив ваккана.

[1] «Гьаб вакъигIат дурго агьлоялдаса балъго те», - ян кIалъана гъалбацI.

Ургьимес, къватIиб бахъун, гIаздаца цIакъ чурана,
ГIазугIан бацIцIад гьабун, букIухъе жаниб лъуна.
КIиабилев малайкас койр бегьун ракI бахъана,
РакIалдаса чIегIераб нукътIа[1] нахъе рехана.

Нуралъул мугъру чIвана, бацIцIад гьабун чурана,
Аллагьасул балъгоял гIулумал жанир тIуна.
Нубувваталъул нуралъ керен гвангъизабуна,
Гвангъараб чирахъ гIадин, жаниса вацIцIалъана.

Жиб букIараб бакIалда ракI парахат гьабуна,
Ахирисев малайкас чехьалда койр бахъана,
Чехь сураб ругъуналъул лъалеб асар хутIичIо,
Халикъасул къудраталъ жирахIат[2] тIобитIана.

Къурайшияв вацасе гьабги-гьабги кканилан,
Ккарабщинаб бицине Зумрат рокъов вортана.
Россгун цадахъ ХIалимат, ахIуд яхъарай гIадин,
ХIабибасул хIал цIехон хехго къватIий лъугьана.

Гьормал кьерги батIалъун ТIагьа жинда ватана,
«Дуй лъугьараб щиб?» – абун, йихха-йичун кIалъана.
Лъабго малаик вачIун жиндие гьабунщинаб,
Гьади-гьадин кканилан ХIабибасги бицана.

ХIабибасе зарал ккун гIайиб щоялда хIинкъун,
ХIалиматил росасул рекIел хIалхьи тIагIана.
ТIадвуссун эбелалъухъ щойзе гьавун лъикIилан,
КIиялго цадахъ ургъун хIукму гьелда къотIана.

[1] НукътIа – тIанкI (точка).*
[2] Ай, хирургия (операция*).

ХIабиб ватIалъиялда керенги бежулаго,
БухIараб магIоялъул гIор беразги тIолаго,
Баркат гIемерав ТIагьа, «Гьале дурго вас», – абун,
Вачун ХIалиматица Аминатихъе кьуна.

АхIмадил керен ссун ракI, ункъо нухалъ чурана,
Ункъалъулго цебесеб бицун араб букIана,
АнцIго соналде щойдал кIиабизе чурана,
Балугъалде щун хадув рацIцIалъи камиллъизе.

Лъабабилеб – вахIюгун Жибрил щойдал чурана,
Жинде гьабураб вахIю баччизе хIалкIоялъе.
МигIражалъул сордоялъ ункъабилеб чурана,
Аллагьгун кIалъалелъул ракI къуваталда чIезе.

## Аварагасул ﷺ эебл хвей ва гьев хьихьизе имгIал Абу ТIалибихъе ккей

Анлъабилеб соналъулъ АхIмад вугеб мехалда
Аминат, гьевги вачун, Мадинаялде ана,
Мадиналде унаго, я нахъе ячIунаго,
Нухаб къадар тIаде щун, Иваалда юкъана.

АхIмадий керен кьурай, ХIабибуллагь хахарай
ХIалиматида цее Сувайбатги йикIана.
Сувайбатида ХIабиб дагьал къояз хахана,
Хирияв имгIал – ХIамзат, гьевги цадахъ вукIана.

КIиявго Сувайбатихъ цадахъ хахиялдалъун
ИмгIал ХIамзат жиндие рахьдал вацги лъугьана,

Жив гьавун рохел бицун Абулагьаб-имгIалас
Тархъарай дой гъараваш гьай Сувайбат йикIана.

Расулуллагь хахарал руччаби микьго руго:
ЧIохьол эбел – Аминат, кIиабилей – Сувайбат,
Хавлатгун Уммукулсум, сагIдиязул рахъалъан
ХIалимат малъичIого, лъабайгоги ГIатикат.

Иваалъул ракьалда эбелги хун хутIидал,
Умму-Айман абурай, инсул ирсалъе щварай
Гъараваш цадахъ йикIун, хIазинатлъун[1] гьейги чIун,
Гьелъ, вачун, ХIабибуллагь кIудав инсухъе кьуна.

Микьго сон тIобайзегIан кIудав инсухъ вукIана,
КIудав эмен хун хадув имгIаласухъе ккана,
Аманат гьавун ХIабиб имгIаласда тIад вухьун,
Васиятги букIана кIудав инсул гьабураб.

Вацасул вас кодов щун, АбутIалиб вохана,
Хира гьавун, тIокI гьавун ХIабиб жинца хьихьана,
ХIабибасул баракат рокъобеги рещтIана,
Рукъалъул магIишатги гIемерго лъикI лъугьана.

Гьевгун цадахъ кванайдал, койн дагьаб бугониги,
Баракат гIемерлъиялъ хъизанго гIорцIулаан.
АхIмадил шаъно-хIал лъан, гьевгун ургъун горони,
АбутIалиб-имгIалас щибго гьабулароан.

Шамалъул улкаялде, ХIабибги цадахъ вачун,
Цо нухалъ АбутIалиб даран-базаралъ ана.

[1] Ай, тарбият-чIужулъун, эбеллъун.

АнцIила кIиябго сон Расуласул букIана,
Бусраялде жал щойдал кашишасда рихьана.

Насранияб диналъул гIелму жиндие щварав,
ГIисал Инжил цIалулев, цIар – БахIира букIана.
БахIира аскIов вачIун, гьикъа-бакъи гьабуна,
«Гьав вас кисса?» - ян абун, цIехолдизе лъугьана.

Нежер тIахьазда жаниб бицен жиндир батулев,
Ахир-заманаялъул авараг вугин чIана.
«Авараг гьав вас вукIин дуда кин лъалеб?» – абун,
АбутIалиб гьесдехун гьикъардизе лъугьана.

Нуж гьанир гIагарлъидал гамачI, гьецIо, гъойтIгин рохь
Суждаялда чIанилан БахIираца абуна,
Авараг горевасул гьадинал мугIжизатал
Загьирлъуларин абун, баян жинца гьабуна.

Бугьналогода гьоркьоб чIвараб мугьру бихьана,
Набиюллагь[1] гореседа букIунарин абуна.
Адаб-хIурмат гьабуна, гьоболлъухъе ахIана.
ХIабиб варанабазда аскIовго тун вукIана,

АхIизе чи витIана, ХIабиб кванде вачIана,
ВачIунелъул, чIаралъув накIкIул рагIдукь вукIана.
НакIкIалъ рагIад гьабулеб гIадамазда бихьана,
Гьав васасул цо шаъно бугилан гаргадана.

Румазул анкьго малгIун ХIабиб чIвайзе вортана,
ХIалай кашишги лъугьун, квешги лъикIги нахъчIвана.

---

[1] Ай, Аллагьасул авараг.*

Кашишас, ягьудазул заралалдаса хIинкъун,
ХIабибги вачун хехго тIадруссаян манлъана.

Нахъияб соналъ ХIабиб Яманалдеги[1] ана
ИмгIалзаби – Зубайир, ГIаббасил гьалмагълъигун.
Гьелда хадув, анцIила микьабилеб соналъулъ,
Абубакаргун цадахъ цойги Шамалде ккана.

Цо кашиш данде вачIун, Аллагьасул цIар бахъун,
Нахъзаманалъул расул гьав вас вугин гьедана.
Гьелдалъун, Расуласул Рисалат[2] къабул гьабун,
Исламалде тIоцове Абубакар вачIана.

## Авараг ﷺ Хадижатил дарангун Шамалде ин ва гьес гьей лъадилъун ячин

АбутIалиб-имгIалгун Къурайшиязда гьоркьов,
Къоло щуго соналде ХIабибуллагь вахана.
ХIабибасул камиллъи, каламалъул ритIухълъи
Киналго гIадамазе мисаллъунги букIана.

БоцIи-малги гIемерай, гIакъло-лъайги камилай,
Къурайшиязда гьорлъго жиндир къадро борхарай
Хувайлидил Хадижат, Расуласул баркат лъан,
Базаргун Шамалде гьев витIейилан гьардана.

АбутIалиб разилъун, ХIабибасулгун дандбан,
ХIукму витIизе гьабун, Хадижат цIакъ йохана.

[1] Ай, Йеменалде.*
[2] Ай, гьев авараг вукIин.*

Даран-базаралда тIад бетIерлъун ХIабиб тана,
ХIабиб цIунеян тIадкъан Майсаратги витIана.

Сукъу-л-Бусраялде[1] щун цо гъотIол рагIдукь чIана,
НестIур абун цIар бугев рагьибасда[2] рихьана,
Майсарат рагьибасда гъоркьгоги лъалев вукIун,
ГъойтIалда гъоркь чIарав вас щив кколеван гьикъана.

Макка-хIарамалдаса Къурайшияв вугилан
Шамалъул рагьибасе къокъаб жаваб гьабуна.
Жеги гьаб гъотIол рагIдукь авараглъун гьечIев чи
ЧIечIин Майсаратиде гьедун рагьиб кIалъана.

Расуласда аскIув ун, рагьибас халгьабуна,
Гьесулъ нубувваталъул гIаламатал рихьана.
Цо гIаламат хутIанин, гьебги бихьизабеян,
Бугьналогода чIвараб мугьруялде ваккана.

Мугьру-нубувваталъул кенчIолеб нур бихьидал,
Кинабго хIакълъанилан ХIабиб ритIухъ гьавуна.
ТIахьазда бицен бугев ахир-заманаялъул
Авараг мун вугилан нугIлъи жинца гьабуна.

«Гьаб гъотIокь дида хадув авараг горев гIадан, -
ГIисаца,[3] – чIезе гьечIин», – абурабги бицана.
ЧIезе вугин абурав аварагасул сифат
Рагьибасда киналго ХIабибасулъ ратана.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,

[1] Бусра шагьаралъул базаралде.*
[2] Рагьиб – насраниязул гIалим (священник).*
[3] Ай, ГIиса аварагас عليه السلام.*

Амроялда нахърилълъун битIизин гьесде свалат!
Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!

Гьанжи хирияв ХIабиб базаралде вуссана,
СилгIат-къай къватIиб бахъун, дармиде байбихьана,
Дармилъ, ХIабибасулгун цоясул ихтилаф[1] ккун,
Гьесие ХIабибасул рацIцIалъи лъай бокьана.

РацIцIалъи тIалаб гьабун гьев чияс ХIабибасде
Латгин гIуззаялдалъун[2] гьедейилан абуна.
Гьездалъун дун кидаго гьедичIилан ХIабибас,
ЧIванкъотIараб жаваб кьун, гьесул кIал-мацI къотIана.

«Ал-къавлу къавлука», - ян ХIабибги ритIухъ гьавун,[3]
Гьав вас авараг вугин диналдалъун гьедана.
Нежер тIахьазда жаниб жиндие рецц гьабурав
Расул гьав вуго абун, гьесги нугIлъи гьабуна.

Даран-базар битIана, гIемераб хайир щвана,
ГIакъло нахъгIунтIулареб берцинаб сапар ккана.
Майсарат хIайранлъана, ХIабибасде кIалъана,
КIикъого нухалда жив Шамалде щой бицана.

ЦохIониги нухалда хайир, гьанжи гIадинаб,
Хадижатий ккечIилан Майсарат мукIурлъана.
Майсаратида ХIабиб кутакалда вичIчIана,
Кинабниги ишалъулъ эсие мутIигIлъана.

[1] Ихтилаф – хилаф, рагIи дандеккунгутIи.*
[2] Къурайшазул хъанчазде цIарал.*
[3] Ай, мун витIарав вуго абун.

Сапаралъул байбихьи ахиралде щойзегIан
Рихьарал гIаламатаз Майсарат гIажизлъана.
МухIаммад – ХIабибуллагь кивехун свераниги,
Гьесда цадахъ хьвадулеб накIкIул парча букIана.

НакIкIуца рагIад гьабун, бакъул бухIиялдаса
ХIабиб цIунулев вукIин киназдаго бихьана.
Караматазул рахъалъ гIемераб жо тIатана,
ТIолабго гьаниб хъвайзе къалмил гьунарги гIечIо.

ГьацIцIуца руцун цIурал наязул мисалалда,
Расулги Майсаратги рокъоре тIадруссана.
Давла щун, рохалида, Сулайманил бо гIадин,
Инсул росо рагIалде къапила гIагарлъана.

Къапила Шамалдаса бачIунеб рахъалдехун
Ялагьун халгьабулей Хадижатги йикIана.
РакIгин берал нухар лъун, цогидаб жо рехун тун,
Расул вачIин горони, ургъел жиндий букIинчIо.

Аварагас Майсарат рохел бицун витIана,
Хадижатил рекIелъа ургъел нахъе босана.
Радал баккун бачIунеб бакъ гIадинан къапила,
Къаде какил гIужалда Маккаялде лъугьана.

МухIаммад – ХIабибасе бакъул рагIад гьабизе
Гьесда тIасан хьвадулев кIиго малайк вукIана,
КIиявгоги малаик, ялагьун халгьабулей
Хадижатил бераздa, аскIув гIадин вихьана.

АхIмадидаса йохун, Хадижатун Кубраялъ
Бихьараб гьеб мугIжизат Майсаратий бицана.

Майсаратица, дида даимго гьеб бихьула
БукІанилан, Шамалда ккарабщинаб бицана.

Бицуна рагІарабги, берazда бихьарабги –
Кинабго данде босун, Хадижат тІад ургъана,
Авараглъун витІулев чи ракьалда ватани,
Гьав МухІаммад гьев вугин ракІалъ хІукму къотІана.

РахІманас ХІабиб вокьи гьелъул ракІалда лъуна,
Гьаб гІаламалъул сирру росслъун вукІин бокьана.
Нафисат бинту Манбагь[1] аскІуй гІагар гьаюна,
Гьелда жиндирго бугеб мурадги цебе лъуна.

Мурадги босун балъго ХІабибасухъ йитІана,
ХІабибасул ракІалда бугеб лъаян тІадкъана.
ТІадеги ун Нафисат ХІабибгун гаргадана:
«Дур хъизан-рукъ гьабизе къасдго гьечІищ?» – гьикъана.

Гьелъие жаваб гьабун, жиндир ресукълъи бицун,
Расул Нафисатиде сабруялда кІалъана.
Сидакъ-магьариялъе боцІи-мал дир гьечІилан,
Бугеб ахІвал-хІалалъул баян гьелъие кьуна.

«Насаб жиндир бацІцІадай, боцІи-малги гІемерай,
ГІакъло-лъайги камилай, цо мун вугони гІолей
ГІадан йигин, ячине бокьиларищ дуй?» – абун,
АхІмадил рекІелъ бугеб лъайзе тІалаб гьабуна.

«Гьей гІаданго щий?» – абун ШафигІас суал кьуна,
«Саййидату къурайши[2] – Хадижат», - ан абуна.

---

[1] Манбагьил яс Нафисат.*
[2] Къурайшазулъго къадро-къимат бугей. *

Хадижат ячиналда ХIабиб цIакъ разилъана,
Нафисатги рохалил хабаргун тIадюссана.

Хадуб имгIалзабазде Аварагас бицана,
Элги цIакъго разилъун хитIбаталде[1] рахъана
Хадижатил инсул вац – Асадил ГIамрухъ ана,
АбутIалибгун ХIамзат хабар бицун кIалъана.

Цинги, МухIаммадие Хувайлидил Хадижат
Лъадилъун жинца кьунин, ГIамруца гIакъд гьабуна[2].
Варакъат бину Навфал – Хадижатие вацгIал,
ГIакъду-никахIалда[3] гъорлъ гьевги гIахьал гьавуна.

КIикъого динар месед магьаридае лъуна,
Ялъунани ункъунусго диргьам гIарац букIана.
ИмгIал АбутIалибил боцIудаса гьеб кьуна,
Вас гIадин, ХIабибуллагь рукъде вуссинавуна.

Расулас ячинелде Саййидату-Къурайши,
КIигоясе ригьнаде арайги жий йикIана.
КIикъого сонил гIумру тIобайдалин абуни,
Уммагьату-л-муъминин[4] Хадижатил лъугьана.

Хадижатун Кубрагун данделъулеб мехалда
Къоло щуго сон гIумру ХIабибасул букIана,
ХIабибуллагьасе гьелъ анлъго лъимал гьаруна,
Иншааллагь, гьелъулги рехсей хадуб бачIина.

[1] Гьей гьаризе. *
[2] Ай, никахI-магьариялъул даран гьабуна.*
[3] Магьари лъеялда.*
[4] Ай, Аварагасул ﷺ чIужу – муъминзабазул эбел лъугьана.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун, битIизин гьесде свалат!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

## Аварагас ﷺ КагIбаялда ХIажаруль-асвад лъей

Лъебералда щуго сон Расулас бараб мехалъ,
Ихх кIанцIун жагъаллъараб, КагIба-рукъ цIигьабуна,
ЦIигьабун гьеб балелъул къурайшиязда цадахъ,
Къадае гамачI баччун, ХIабибуллагь хIалтIана.

ХIажару-л-асвад лъолеб роцаде къед бахиндал
Къурайшиязда гьоркьор рикьалаби лъугьана,
Гьеб гамачI къеда лъезе бищунго мустахIикъав
Щивдай вукIина абун, дандбайзе хIукму ккана.

Кинабниги рахъалъан гIадло-низам битIарав,
ГIаданлъи-намусалъулъ жинда чи бащалъичIев,
Жиндир вацIцIалъиялда къурайшиял мукIурав,
Къавмалъ жинда гьитIинго Аминилан[1] цIар лъурав,

ЛъикIалщинал цIаразе даимго мустахIикъав,
Къурайшиязул хIукму ХIабибасда тIад чIана.
ХIажару-л-асвад лъезе мун тIаса вищанилан,
Щивав чиги разилъун, ХIабиб вакил гьавуна.

[1] Амин – божи бугев.*

Русулазулги ханлъун Халикъас жив гьаврав
Гьев ХIабибасул къадро къавмалъ кин гьабилареб?
Къудраталъул Аллагьас рахIматлъун витIун хадув,
Халкъалъул талихI кьураз гьев тIаса вищиларищ?

ТIаса вищун, къурайшаз вакиллъун жив гьавидал,
Гьезул хIукмуялда тIад ХIабибуллагь рекъана,
Баракат бугеб койралъ босун ХIажару-л-асвад,
Ашрафал[1] гIахьал гьарун, кколеб бакIалда лъуна.

Балагье, ХIабибасул хIал цIуниялъул кутак,
ХIажру-л-асвад лъеялъулъ ашрафал гIахьал гьари,
РакIал ращад рукIине, хIасад бижунгутIизе,
Бихьулищ ТIагьаясул сираталъул[2] берцинлъи!

## Аварагасе ﷺ авараглъи кьеялъул баян

Цинги, вахIю рещтIине къоял гIагарлъанагIан,
ГIузлатгин халваталде[3] рокьи жиндир цIикIкIана.
Жабалу-л-ХIираалъул нохъо тIаса бищана,
БетIергьан Аллагьасе гIибадаталъе чIана.

ГIибадат гьабиялъул къагIидаян абуни,
Биззикри ав би-ль-фикри[4] – цоялдалъун букIана,
Ялъуни Халилуллагь – Ибрагьимил шаргIалда
Нубувваталда цеве вукIаравин бицана.

[1] Ашрафал – къадро-къимат бугел гIадамал.*
[2] Хьвада-чIвадиялъул. *
[3] ГIадамаздаса ватIалъун, живго жиндаго чIеялде.*
[4] Зикроялдалъун яги фикроялдалъун.

ЦIваби речIчIун щайтIаби нахъе чIвайи цIикIкIана,
РечIчIараб цIва щойчIого хутIулареб лъугьана,
Гьелде щойзегIан цере речIчIулел рукIаниги,
ЩайтIабазда киналго щолареллъун рукIана.

КIикъого сонил гIумру ХIабибасул тIобана,
ХIираалъул нохъоде вахIю жинде рещтIана,
Жабраил малаикас: «Икъараъ»[1] - йилан абуна,
«Ма ана бикъариин»[2], - жаваб ХIабибас кьуна.

Жабраил малаикас кIиго-лъабго нухалда,
Данде къан, ХIабибасде «Икъраъ» - илан абуна,
«Ма ана бикъариин» – дун цIаларав гьечIилан,
Гьабго жаваб ХIабибас данде такрар гьабуна.

Гьаб вахIю рещтIинелде ХIабибасе кьучI тIамун,
РитIарал макьабиги анлъго моцIалъ рихьана.
Рихьулел макьабиги, вахIю жиндихъ щолелде,
ГьоркьбакI щула гьабизе мукъаддима[3] букIана.

«Икъраъ» - алъул аятал жинде вахIюги гьарун,
Жибрилас ХIабибуллагь ХIираъ тун гьоркь вачана.
Ракьалда хIетIе кьабун, къватIибе лъин кIанцIана,
Лъеца какиги чурун, ТIагьаясде манлъана.

ТIаде кIиго ракагIат как бан бихьизабуна,
«Ас-салату гьаказа»,[4] - ХIабибасде абуна.

---

[1] «Дуца цIале».*
[2] Ай, «Дун цIаларав гьечIо», – абун.
[3] Авал, байбихьи, цебехъан.*
[4] Ай, «Гьадин бала как», – абун.

ГьебсагIаталъ Жабраил цевеса тIагIун ана,
ТIадвуссун Хадижатихъ хехго АхIмадги щвана.

ХIираалда жиндирго ккарабщинаб бицана,
«Хашийту гIалаййа» – дун хIинкъун вугин абуна.
Аллагьас кидаго мун пашман гьавизе гьечIин,
Гьесул харбихъ гIинги бан, Хадижатги гьедана.

Гьанжи ХIабибги вачун, Варакъатихъе ана,
Инжил жинца цIалулев насраният вукIана,
ВацгIаласдехун юссун Хадижат гаргадана,
Хирияв ХIабибасул ккараб гьесий бицана.

Цинги Варакъатица Расул кIалъайзавуна,
Расуласул вакъигIат хIакъаб бугин абуна.
«Гьаза намусу ллази назала гIала Муса»[1] –
Малаку-л-вахIйи духъе щун вугилан бицана.

Беразул канлъиги ун, херлъун рокъов хутIарав
Варакъат гIумруялъухъ гIащикъавлъун лъугьана,
Дур заман бачIинегIан чIаголъи дий анищан,
АхIмадий койрбакъизе кутакаб гIищкъо ккана.

Дурго къавмалъ гьаниса къватIивги мун гъелилан,
Варакъатица хабар ХIабибасе бицана.
КъватIив вахъинеги дун ккезе вугищ унгоян
АхIмадица абидал, вугин такрар гьабуна.

Гьелдаса хадуб вахIю лъабго соналъ къотIана,[2]
РакI къварилъун ХIабибги цIакъ пащманлъун вукIана.

[1] Ай, «Муса аварагасухъеги рещтIарав малаик вуго гьев», - ан абун.
[2] Цо риваяталда буго кIикъого къоялъ къотIанилан.

ГIищкъо цIикIкIун хадуса вахIюгун Жибрил щвана,
«Я аййугьа-л-муддасир...» ХIабибасе цIалана.

ВахIю гьелдаса хадуб тIатIалаго рещтIана,
Рисалаталъул авал гьелдалъун байбихьана.
Гьанжи хирияв ХIабиб дагIваталде лъугьана,
Балъгого Исламалде гIадамалги ахIана.

## Аварагас ﷺ балъго Исламалде ахIи ва капурзабаз гьабураб дандечIеялъул баян

Исламалде рачIараз куфруялда ругезда
Как бай, гIибадат гьаби лъайзе толеб букIинчIо,
МегIер-гIалахалде ун, тохаб бакIалъ данделъун,
Балъго гьабун горони, гьезий ресги букIинчIо.

СагIду-бну Аби Вакъас къокъагун какда рукIун,
Кафураз, тIаде рачIун, гъара гьезий гьабуна,
Гьезул цоясда босун СагIдуца бараб жоялъ,
БетIералда ругъун лъун, бида велъизавуна.

Гьеб би тIей Исламалъулъ тIоцобесеб букIана,
ТIадеги мушрикинал кошезе данде чIана.
Как байзе, гьелда хадур, ХIабибгин асхIабзаби
Аркъамил рокъор жанир данделъулел рукIана.

Балъго данделъулеллъун лъабго соналъ рукIана,
Ислам загьир гьабизе амроги щун букIинчIо,
Анлъабилеб соналде Расуласул рахьдал вац,
Хирияв имгIал – ХIамзат Исламалде вачIана.

Исламалде гьев вачIун лъабабилеб къоялде
Къудраталъул Аллагьас ГIумарги тIовитIана.
«ГIумаридалъун Ислам тIадегIан гьабе», - йилан
ТIагьаяс Аллагьасде гьарараб къабуллъана.

Гьаб ахIулъ Расуласе, гьесде руссаразеги
Гьабураб зулму бицун, бераз магIо ккойларо.
Кафурал къурайшияз гьезий кьураб гIакъоба
Къаламалъ гьаниб рехсон рагIалде бахъинаро.

Хасго мискин-пакъирал, нахъа чIезе чи гьечIел,
Гьаб тайпайин абуни, цIакъго инжит гьаруна.
Иманалъул цIакълъиялъ, игIтикъад щулалъиялъ,
Щиб жедей гьабуниги, гьез кинабго баччана.

Гьединазда гьоркьоса гьал тIахьазда рехсарал
Умму Фукайгьат, ГIамир, Хаббаб, ХIамамат, Билал,
Ясир, лъади – Сумият[1], васал – ГIаммар, ГIабдуллагь, –
Гьал ункъазего гIазаб цIаялдалъун гьабуна.

ЦIадулаб гIазабалъулъ Ясирги Сумиятги,
КIиялгоги рос-лъади, шагьидзабилъун хвана.
Гьеб гIазабалде тIаде, Сумиятин абуни,
Абу Жагьалица чIван, тIоцое шагьидлъана.

Гьадинал къварилъаби, къурайшияз гьарулел,
Къоялдаса къоялде гIемерлъулел рукIана,
Расулас изноги кьун, инсул росу жибго тун,
Гьижра гьабун къокъизе цо къокъа хIадурлъана.

[1] Ай, Ясирил лъади – Сумаят,*

ХIабашаталде ине ишара жедей букIун,
Ражаб моцIалда жанир сафаралде рахъана,
Сонги, дагIват байбихьун, щуабилеб букIана,
Нажашияс берцинго тIаде къабул гьаруна.

Гьижра гьабун аразул къадарилан абуни,
АнцIго бихьинчи, щуго чIужугIадан рукIана.
Расулуллагьасул яс, жиндир лъади Рукъийят –
Гьейгун цадахъ ГIусманги мугьажиралгун ана.

Гьижраялъ гьелги ритIун, ТIагьа живго гъоркь чIана,
Гъоркь хутIарал асхIабал, гьелги дагьго рукIана.
Анлъго моцIгIанаб заман ХIабашаталдаги бан,[1]
Дозул цIикIкIараселги рокъоре тIадруссана.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битIизин гьесде свалат!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

Къурайшазул кафурал кигIан данде чIаниги,
Диналъул цебетIейи гIатIилъулеб букIана.
ХатIабил ГIумарица Ислам къабул гьабидал
Къосараб агьлоялъул ургьир цIаял ракана.

Аллагьасул хIакъаб дин балъго щай гьабулебан,
Щикаят[2] гьабун ГIумар ХIабибасде кIалъана.
ХIабибас изноги кьун, Ислам загьир гьабуна,
Гьеб къоялъ гIадин чара къурайшиязул хойчIо.

[1] Цо риваяталда лъабго моцIги банин буго.
[2] Щикаят – гIарз,зигара.*

Расуласдасан гІарзалъ АбутІалибихъ ана,
ГІабдуллагьил МухІаммад чІезавеян гьарана:
«Нелъерго умумузул батараб динги какун,
Дуда гьес гьабулеб жо бихьуларищ?» – абуна.

Ахиралда, «МухІаммад Валидил ГІаммаратихъ
Хисун чІвайзе кье», - йилан къурайшиял лъугьана.
Ножор вас дица хьихьун, дир вас ножой чІвайзе кьей, –
Гьебги букІунарилан АбутІалиб хичана.

Хадуб, къурайшиязул мурад жинда бичІчІидал,
МутІалибгун Гьашимил кьибил данде ахІана.
АбутІалибий жаваб кинацаго гьабуна,
Цадахъ лъугьун Авараг цІунизе разилъана.

Абу Лагьаб-имгІалас АхІмад тушманлъун ккуна,
ТалихІкъарав вукІиналъ къурайшиялгун чІана,
Къуръаналда Аллагьас, гьесул талихІкъин лъайзе,
Сурату «Таббат» рещтІун, ТІагьаясде бицана.

ТІагьа чІвайзе ургъарал къурайшазул макраби,
КигІан цІахъ бахъаниги, рахъинчІо бетІералде,
БетІергьан Аллагьасул койрбакъи цадахъ бугев,
Кафурзабазул хІилла ХІабибасда рекІинчІо.

ЯхІ хварал къурйшияз гьанжи хІукму гьабуна
ХІабибги гьалмагълъиги Макка тун къватІир гъезе.
Муъминалгин кафурал батІалъи гьабичІого,
Гьесул рахъ ккуралщинал шигІбуялде къотІана.[1]

[1] Ай, цо расалъиялде, кІкІалахъе гъуна

ТIадеги къурайшияз щулияб къотIи хъвана,
Гьашимил МутIалибил кьибил батIа гьабураб,
Гьезулгун бича-хисун даран гьабунгутIизе,
Гьединго цуцалъ ригьин гьабичIого букIине.

ЧIвазе ХIабиб кьечIони сулхIалде[1] инкар ккойзе,
Киданиги гьезулгун жобай гьабунгутIизе, -
Гьаб гIакъд[2] жиндица хъварав ГIикраматил Мансурги
ГIакъд хъван бахъинелдего койрги бакъван хутIана.

КагIба рукъалда жаниб гIакъд хъвараб кагъат бана,
Кагътида хъварабщинаб хIаприца кун букIана,
ЦохIо Аллагьасул цIар тIад хъвараб хъахIаб тIамач,
ТIаде раккизе индал, гьезда хутIун батана.

ТIаде сурсат къотIана, даран-базар гьукъана,
Расуласул къавмалъе къварилъи цIакъ гьабуна.
Ракъиялъул хIал ккана, хIехьезе яхI бахъана,
ХIабибас долларазухъ гIадан вичун восичIо.

Долларазухъ хIалтIулел асхIабалги рукIинчIо,
Аллагьасул диналъухъ рухIал кьолел горони.
РухIал жедерго цIунун, гьанжи «мужагьидаца»,
Муставлад[3] койрде босун киназдаго бихьана.

Килабал[4] нахъегIан цун, ханазирал[5] аскIур цIан,
Унго, гьал чанахъабаз гьабулеб чан бихьулищ?

---

[1] СулхI – рекъел-маслахIат.*
[2] ГIакъд – къотIи.*
[3] Ай, лъимал гьарулеб рукъ (роддом).
[4] Гьаби.*
[5] Болъонал.*

Гьанилан гІадамазе хвараб балкан бикьулев,
Хиянатав базарган, батила дуй цо ахир.

Диналъе мугъ кьуралъухъ кьурал машинабазда
РекІун рахине къачІай СиратІалъул кьодасан!
Исламияб шаригІат биххизе хІалтІаралъухъ
Щварал капкал тІокІ гьаре ГІизраиласе кьезе!

ГІарифуназде данде рахъарал хвалчабигун
РачІа ГІарасаталде Бишасда цере чІезе!
Балъгоябгин загьираб хІасадалъ цІурал курмул,
ХІабибасда дандчІвайдал, чІехьезе хІадур рукІа!

Цинги, къурайшиязул зулму цІакъго цІикІкІиндал,
ХІабашаталде гьижра кІиабизе гьабуна.
Аварагас буюрун асхІабзаби къачІана,
Ункъоялда кІиго чи бихьиназул вукІана.

Бихьиназда цадахъго руччабиги рахъана,
Руччабазул анцІила микьго гІадан йикІана.
КІиабилеб гьеб гьижра гьабураб сон абуни,
Ислам байбихьун хадуб, анкьабилеб букІана.

АхІмадида къурайшаз лъечІел бугьтанал течІо,
Гьересичи, сихІрочи, мажнун, кагьин абуна.
ИмгІал Абу-Лагьабни бищунго данде чІана,
Бадроялдаса хадув, койшаб унти ккун, хвана.

Ислам байбихьун хадуб анцІабилеб соналда
Аварагасде тІаде кІиго къварилъи щвана:
Къурайшиязда цеве аздагьо гІадин чІарав
АбутІалиб гьеб соналъ жиндаса ватІалъана.

Саййидатул-Къурайши, муъминзабазул эбел –
Хадижатун Кубраги гьеб соналъ накълолъана,
Гьелдалъун гьеб соналде гIаму-л-хIузни[1] абуна,
АхIмадий ракI пашманлъи кутакалда цIикIкIана.

Кинабниги рахъалъан, АбутIалиб хун хадув,
Аварагасде тIаде къурайшиял гьетIана,
Гьесие заралалъе кутакалда хIалтIана,
Комек тIалаб гьабун гьев ТIаифалде вахъана.

Зайид бину ХIарисат гьалмагълъун цадахъги къан,
Къваридаб хIалалъ ТIагьа ТIаифалде рещтIана,
Эбелалъул рахъалъан гIагарлъи гьениб букIун,
Гьездаса хьул къотIунги ХIабибасул букIинчIо.

Руасаалгун[2] дандчIван, гьезий хабар бицана,
Хабаралде гIинбалев гIадан гьезул лъугьинчIо,
ДагIват къабул гьабичIо, комекалъе рахъинчIо,
Кутакаб инкар гьабун, Расул нахъе къотIана.

Суфагьаал, гъилманал[3] нух ккойзе цере ритIун,
ТIаде гъегъ байзе тIамун, инжилъаби гьаруна.
Гьез балеб гъегъалдаса ХIабибуллагь цIунизе
ХIалкIвараб жигар гьабун цеве Зайидги чIана.

Цинги сокарав ХIабиб цо гъотIол рагIдукь чIана,
РабигIатил кIиявго васасда жив вихьана.
КIиявго вас – ГIутбатгин Шайбатги гьел рукIана, –
Гьезул рекIелъ Аллагьас дагьаб рахIмо рехана.

[1] Ай, пашманлъиялъул сон.
[2] Ай, тухумазул чIахIиял чагIи.
[3] Ай, гьагал чагIи ва гIисинлъимал.

«Дов чиясе кье», – абун, гъулам аскIуве ахIун,
ХIабибасе цо цIолбол хьопги босун витIана.
Бисмиллагь лъун, ХIабибас кванайзе байбихьана,
Балагьарав гъуламас гIажаиблъи гьабуна.

Гьеб калам дида гьаниб гьабула рагIичIилан,
ГIаддас[1] ХIабибасдехун тамашаго кIалъана.
«Мун киса, дур дин щиб?» - ан Аварагас гьикъана,
Насранияв вугилан ГIаддасица бицана.

Цинги, жив вижарав бакI, росу баян гьабуна,
Нинаваялдаса дун вугилан жаваб кьуна.
«Ражулун свалихI[2], – Юнус бину Мутал росулъа
Васищха мун кколев?» - ан ХIабибуллагь кIалъана.

«Мутал вас Юнус дуда кисан лъалев?» - ан абун,
Насранияв ГIаддасил гIамал-хIал батIалъана.
ТIагьаяс ГIаддасие досул къиса бицана,
Дунги, довго гIадинав, аварагин абуна.

ГIаддас бусурманлъана, Исламалде вачIана,
АхIмадил бетIер-хIатIал, койраздаги баана.
РабигIатил васада ГIаддасил пиша бихьун,
«Бихьулищ нелъер лагъас гьабулеб жо?» – абуна.

Гьев тIадвуссун вачIиндал гIайибчIван гаргадана,
Дуй гъос гьабураб щибан махсарадеги ккуна.
«Ма фи-л-арзи хайрун мин гьаза рражули»,[3] – абун,
Жиндиргин ХIабибасул ккараб гьасги бицана.

[1] ГIаддас – дов цIибил босун витIарав лагъасул цIар.*
[2] Аллагьасул лъикIав лагъ.*
[3] ГIаддасица: «Гьаб ракьалда досдаса лъикIав чи гьечIо», - ян абун.

Авараглъун гьечIесда лъайзе рес гьечIеб хабар
Дос дие бицанилан ГIаддасица абуна.
Аллагьас тIобитIичIеб ТIаифалъул агьло тун,
Гьаб пашманаб хIалалда ХIабибги нахъвуссана.

ХIабибасе бокьараб гьабеян амро гьабун,
Аллагьасул рахъалъан Жибрил малаик щвана.
«МугIрул эхеде росун, къавмалде тIаде реччан, -
ТIагьаясде: – Гьал гьалак гьарилищ?» - ан абуна.

«Бал, аржу ан юхрижа ллагьу мин асслабигьим
Ман ягIбуду ллагьа»,[1] – ян Авараг разилъичIо.
«Кама саммака Раббук анта рауфун рахIим»[2]
ХIабибасдеги абун, Жабраил нахъвуссана.

«Сурату-л-Жинн» цIалулев Расулуллагь вукIаго,
АскIур рачIун женазул цо къокъа гIенеккана,
ГIадамазул, женазул калам гьеб гореб лъана,
Гьелъул пасахIат бихьун Исламалде рачIана.

Инсаздегин женазде расулллъун жив витIарав
ТIагьаясул умматлъун Аллагьас нилъ гьаридал,
Амроялда нахърилълъун, ризаллагь[3] тIалаб гьабун
БитIизин нелъецаги гIащикъаб свалат-салам!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

[1] Ай, «Гьаздасан Аллагь цо гьавулел наслаби лъугьине бегьула», - ян абун.
[2] «Аллагьас абухъе, мун гурхIулев вуго», - ян.
[3] Аллагь разилъи.*

ТIаифалъул агьлоги Аллагьасде тIамун тун,
ТIагьаяс байбихьана гьанжиги дагIваталде[1],
ГIадамал данделъулел бакIаздегин къватIазде
Диналде гьел ахIулел вагIзабигун хьвадана.

ВагIза къабул гьабулел къабаилал[2] лъугьинчIо,
«Къурайшиязда гIадин мун лъаларин», – абуна,
«Лъалез къабул гьавичIев мун нежей щай?» – абураб
МагIнаялда киналго кошезе данде чIана.

Минаялъул ракьалда мавсималъул[3] цоялда
Цо къокъа гIадамазул ХIабибгун данде чIвана.
ХIабибас: «Нуж щал?» – абун, цIеха-рехей гьабуна,
«Хазражал[4] руго», – абун, данде гьелги кIалъана.

«КIалъа-ралъай гьабизе гIодор чIеларищ?» – абун,
ГIаламалъул хирияв хазражазде вуссана,
Исламалде гьел ахIун, хIакъаб калам гьабуна,
Къуръаналъул аятал гьезда цере цIалана.

Гьидаят насиблъарал Ясрибалъул[5] ансараз[6],
Исламалъе гьеб къоялъ тIоцобе кьучI тIамуна.
Рицуна рагIун лъарал ХIабибасул авсафал[7]
Ансаразда, вихьидал, хIакъикъиял ратана.

[1] Ай, халкъ Исламалде ахIизе.*
[2] Ай, тухумал.*
[3] Даран-базаралъе гIадамал данделъулеб бакI (базар).
[4] Хазраж – Мадинаялда бугеб гIарабазул кIудияб тухум.*
[5] Ясриб – Авараг ﷺ вачIинелде Мадинаялде букIараб цIар.*
[6] Ансарал – иман лъун, Аварагасе ﷺ квербакъарал Мадинаялъул бусурбаби.*
[7] Сифатал.*

Рокъоре тIадруссиндал Ислам тIибитIизаби
ТIаде босун, къокъаялъ щулияб рагIи кьуна,
Нежер дагIват къабуллъун къавмалъ жаваб гьабуни,
Дудаса хирияв чи гьечIиланги абуна.

БачIунеб соналдаги мавсималда дандчIвазе
КъотIи-къайиги гьабун, къапила нахъбуссана.
Расулас, Маккаялъул къурайшиязда лъайзе
КъотIи бегьуларилан, кантIизеги гьаруна.

Гьез Мадиналде щойдал Минаялда кканщинаб
Щибаб бакIалда рехсон хабар ифшаъ[1] гьабуна,
Гьелъул хIакъалъулъ бицен рукъ-рукъалъуб лъугьана,
Расуласдехун койшаб хивал жедер бижинчIо.

Хадусеб соналдаги, къотIи гьабун букIиндал,
Ясрибалъул цо къокъа къокъана мавсималде,
Авсазул[2] кIиго чиги хазражазул анцIгоги, –
АнцIила кIиявго чи ХIабибгун данделъана.

Диналде гьел рачIана, Ислам къабул гьабуна,
Расуласдагин гьезда гьоркьоб гIагьд[3] щулалъана.
Щуго чи хазражазул, гьезда гьоркьор рукIарал,
Гьоркь араб соналдаго дандчIваралги рукIана.

Расуласе койрбакъи, Ислам тIибитIизаби
ТIаде босун, ансарал Мадинаялде щвана.
Щивас хIаракат гьабун, Исламалде ахIана,
АсгIад бину Зарарат цIакъго цIакъ лебаллъана.

[1] Ай, тIибитIизе.
[2] Авс – Мадиналда бугеб, Хазражго гIадаб, гIарабазул кIудияб тухум.
[3] ГIагьд – къотIи-къай.*

Къуръан тадрис гьабизе[1] мугIаллим тIалаб гьавун,
ТIагьаясухъе хабар хекко щойзе гьабуна.
Гьезие тадрисалъе, Расулас хIадур гьавун,
МусгIаб бину ГIумайри Мадиналде витIана.

Мадиналде щваравго дагIват жинца гьабуна,
ГIемерав чи жиндалъун Исламалде вачIана:
Авсазул саййид[2] – СагIду ибну МагIазгун цадахъ
ГIубадатил вас СагIду – хазражазул кIудияв.

Усайд бину ХIазири, бану ГIабду-л-ашгьали,
Руччабигин бихьинал, гьел горел цогидалги
ЦохIо къоялъ цадахъго Исламалде рачIана,
Ансаразул хIаракат гьеб хIалалъ гIатIилъана.

Лъабабилеб соналъги мавсималде данделъун,
Лъабкъоялда анцIго чи ансаразул вукIана.
Аварагасе гьезги щулияб рагIи кьуна,
Щибаб рахъалъан Ислам цIунизе гъоркье чIана.

Лъабабилеб данделъи Минаялда букIараб –
КIиабилеб букIанин абуралги лъугьана, –
КIиябгоги риваят нелъееги бегьана,
Нелъедаса чIахIияз рицарал гьел ругелъул.

Расуласул дандчIваял, ансаразулгун ккарал,
Кафурал къурайшазе загьро гIадин рукIана,
Загьро кванан горони чIеларилан лъугьарал
Гьезул ахIмакъзабада ахирги гьеб батана.

[1] Ай, Къуръан манлъизе.*
[2] Ай, Авсазул бетIер.*

Мадинаялъул агьло Исламалде ахIулев
МусгIаб муъминзабазе имамлъунги вукIана.
Иман лъурал бихьинал кIикъойиде рахиндал,
Рузман къоялъул жумгIат[1] тIоцобе байбихьана.

Маккаялда вукIаго ХIабибас рузман байчIо,
Рузман баялъе гьениб тамкин букIунгутIиялъ.[2]
Мадиналде унелъул МусгIабиде амроги
Аварагас гьабичIо, гьеб байзе шартI камиялъ.

Камилав кIикъого чи ансаразул гIун хадуб,
Расулас хабар битIун, бана тIоцобе рузман.
Росулъа чи вукIиналъ къурайшазе бегьичIев
Гьев ХIабибибасул баркат Ясрибалде буссана.

Балъго гIарац-месед кьун ХIабибас чи гуккичIо,
Рисалаталъул амро баян гьабун горони.
Ансаразги боцIи-мал ТIагьаясде гьаричIо,
Гьидаяталъул нухда жал ритIун ккей горони.

Расуласе койрбакъун, Исламалъе кьучI лъурал
Ансарал, мугьажирал[3] – гьардарал, дахIалал нуж!
ХIабибасул хьибил ккун, диналъе рухI бичарал
Бишас кIодо гьарурал – гьардарал, дахIалал нуж!

Гьаб дунялалъул боцIухъ диналъе чучичIого,
Чахьазда къанал чIварал – гьардарал дахIалал нуж!
Нафсу-л-аммараталда къуркьизаризе кIойчIел
Къуватал асхIабзаби – гьардарал, дахIалал нуж!

[1] Ай, рузманалъул как.*
[2] Ай, рес букIунгутIиялъ, къурайшиязул дандечIеялъул кутакалъ.
[3] Мугьажир – жиндирго ватан тун, Мадинаялде гочарав чи.*

Нуж мисалалъе росун, Расуласул нух ккойзе
Нежейги кьеги тавфикъ, умматалъул суружал![1]
Иманалъул загIифлъи гIорхъолъа борчIарал ниж,
ГIарцухъ Ислам бичизе, Бечед, Дуца реччаге!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

**وكان مصعب رضي الله عنه يؤمّ بهم وجمّع بهم أول جمعة في الإسلام حين بلغ المسلمون منهم أربعين رجلا بإرساله صلى الله عليه وسلم إليه بالتجميع . قال أبو حامد : ولم يفعلها صلى الله عليه وسلم مع فرضها وهو بمكة لعدم التمكن من فعلها بمكة . قال الحلبي : ولم يؤمر بها مصعب رضي الله عنه عند إرساله إلى المدينة لعدم وجود شرطها من العدد المذكور حينئذ . بهامش «نور الأبصار في مناقب آل بيت النبي المختار» . صـ ١٧-١٨**

Маккаялъул къурайшал бищунго ХIабибасде
ДандечIараб гIужалда цо къапила рещтIана,
ХIабашаталде арал мугьажираз рицунел
Расуласул хабарал рагIун щварал рукIана.

Нажраналдаса рахъун Маккаялде рачIана,
Насранияб диналъул къогогIан чи вукIана.
Къокъаялъ ХIабибасул сифатал халгьаруна,
Гьезул тIахьаз рицунел тIолго гьесулъ ратана.

ТIагьаяс Къуръан цIалун, къапила гIенеккана,
Къираат[2] рагIарабго ракIал гьезул хIеккана,
Калам тIад гьабичIого къоясго иман лъуна,
Исламалдеги рачIун, бусурбаби лъугьана.

[1] Сираж – чирахъ (мн.ч. суруж*).
[2] Къираат – цIали.*

«Ножодаса ахIмакъаб къокъа гьаниб байинчIин, -
Къосарав Абужагьал, мугъги бекун, кIалъана, –
Нуж гьанире гьелъийищ къавмалъ ритIарал?» – абун,
Къокъаялда кутакал бадирчIваял гьаруна.

Гьез Абужагьалие жаваб къвакIараб кьуна,
Ножоца гьабураб жо – ножоего абуна,
Нежеца, тIаса бищун, ракIалъ къабул гьабураб –
Гьеб нежейги бугилан, Абужагьал чIван лъуна.

Гьединав ХIабиб вуго, гьесул уммат нилъ руго,
Рецц Аллагьасе буго, свалат АхIмадий буго,
Исламалда нилъ руго, иман загIипаб буго,
ИхIсан щущан ун буго, ширк гIамалалъулъ буго[1].

ГIелму цIалулеб буго, гIамал гьаби дагь буго,
Дунял хиралъун буго, ахират кIочон буго.
Бечелъи чIалда буго, чIвай-хъой гIемерлъун буго,
ГIадамал квешлъун руго, куфру бицалъун буго.

Бицунеб хабар буго, жасусазул гуч буго,
Пачалихъ биххун буго, халкъ пасалъулеб буго.
Базаргаби хун руго, хиянат цIикIкIун буго,
РацIцIалъи дагьлъун буго, давла щвани, гIун буго.

ГIаданлъи тIагIун буго, намус-яхI лъугIун буго,
ГIарцухъ гьудуллъи буго, гьойлъиги ханлъун буго.
Ханлъиялъул цIар буго, цIогьалъул къимат буго,
ЦIар лъезе захIмат буго, замана хисун буго.

[1] Ай, гьабулеб гIамал Аллагьасе гIоло гьечIо, рихьдае буго.*

Заманани цо буго, цохIо нилъ хисун руго,
Хвалил ургъел тун буго, тавбоги рехун буго.
РахIат хиралъун буго, хур-хер гьаби тун буго,
Хурзалги хIорго руго. ХIакъикъат гьедин буго.

Гьалъулъги хIикмат буго, хIалкIолев – Аллагь вуго,
ИмтихIан[1] нелъей буго – лъайзе къваригIун буго.
Лъай-гIакълоги кьун буго, хираги гьарун руго,
Гьаб нелъей давла буго, дин, Ислам нелъер буго.

Исламалъул нур буго, куфруялъул накIкI буго,
Беразда канлъи буго, каранда къалбу[2] буго,
Къулубал[3] согIлъун руго, басират[4] лъугIун буго,
Бихьи загIифлъун буго, инкаралда чIун руго.

Аллагь, Мун МагIбуд вуго, нижги Дур лагъзал руго,
Нежер хIал – жагьло буго, Дур гIелму – къадим[5] буго.
Къадарги Дурго буго, ниж гьелда рази руго,
Нежер гIажизлъи буго, хIавло-къуват Дур буго.

Фукъараал ниж руго, Гъанийюн[6] Дур цIар буго,
Дур рахIму хIажат буго, РахIимги Дур цIар буго.
Ниж Дур махлукъат руго, Мун нежер Халикъ вуго,
Ниж сабро гьечIел руго, Сабур[7] – Дур исму[8] буго.

[1] ИмтихIан – хIалбихьи, экзамен.*
[2] Къалбу – ракI.*
[3] Къулубал – ракIал.*
[4] Басират – рекIел нуралдалъун бугеб бихьи.*
[5] Къадим – цебегосеб, авал гьечIеб.*
[6] Гъаниюн – бечедав, сундениги хIажалъи гьечIев, киналго Жинде хIажалъулев.*
[7] Ай, Сабруяв.*
[8] Исму – цIар.*

Дур тIадегIанлъиялъе ниж цIакъ мукIурал руго,
Ал-МугIиззу-л-Музиллу[1] – гьалги Дур цIарал руго.
Дур интикъамалдаса[2] хIинкъиги цIикIкIун буго,
ЦIоб гIатIидав вугелъул, хьулги къотIулеб гьечIо.

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

## Аварагасул лъималазул баян

Цинги Аварагасе анкьго лъимал гьаруна,
КIиго васгин ункъо яс Маккаялда гьаруна.
Гьезул бищун цевесев – Къасим, кIиго сон байдал,
Хадусан ГIабдуллагьги, гьевги гьитIинго хвана.

Къасимиде тIадего Зайнаб жиндий гьаюна,
Гьей Ислам бачIинегIан чIаго нахъе хутIана,
НикахI-магьари гьабун, Абул ГIасие кьуна,
Гьесие васги ясги Зайнабица гьаруна.

Ясалда цIар – Амамат, васасде – ГIали лъуна,
ГIали гIолохъанлъуде вахинегIан хутIичIо,
Расуласе хирияй Амаматин абуни,
АбутIалибил ГIалий, ФатIимат хойдал, кьуна.

Рукъийят, Уммукулсум, ХIабибас – кIияйгоги
ИмгIал Абулагьабил кIиго васасе кьуна,
КIиявго вас – ГIутбатги ГIутайбатги рукIана,
«Таббат» рещтIун хадуса ригьин хойзе гьабуна.

[1] Жиндие бокьарал тIадегIан гьарулев, бокьарал гIодорегIанги гьарулев.
[2] Дур ццин бахъиналдаса, рецIел босиялдаса.*

Ригьнал риххун хадуса, Шамалде тижараталъ[1]
Унев вукІарав ГІутбат АхІмадихъе вачІана,
Умумузул динги тун, дуца ригьналги риххун,
Гьанжи мун хІажат гьечІин ХІабиб инжит гьавуна.

Аллагьасдехун вуссун Расуласги гьарана,
Гьой тІаде тІамегиян гьесий дугІа гьабуна.
Гьенисан ГІутбат ана, Шамалдехун къокъана,
Къассе чІараб бакІалда гъалбацІалъ талагьана.

ГІутайбатин абуни, Исламалде вачІана,
Исламалде вачІарав – ГІутбатинги бицана.
ГІутбатги ГІутайбатги – кІиявгоги вацасул,
Кинаса батаниги, къисмат гьединаб ккана.

Гьелда хадуб Расулас ГІаффанил ГІусмание
Рукъийят лъадилъун кьун, гьесулъ йикІаго хвана.
Гьей хваралъуй ХІабибас Уммукулсумги кьуна,
Аллагьас вахІю гьабун, гьедин бачІун букІана.

Бищун хадуй гьаюрай, Хадижат-эбелалъул, –
АхІмадил берзул канлъи, ФатІимат-Загьраъ йиго,
Загьрауллагь ХІабибас вацгІал ГІалие кьуна,
ВахІюгун Жибрил вачІун, амро гьедин гьабуна.

Ункънусго мискъал месед магьаридае лъуна,
Мугьажирал, ансарал нугІзаллъунги рукІана.
Расулас кІиязего лъикІаб дугІа гьабуна,
ДугІаялъул баракат кавнуялдего[2] щвана.

[1] Тижарат – даран-базар.*
[2] Кавну – зоб-ракь.*

Саййидату ннисаи[1], ГӀалица ячунелъул,
АнцӀила щуго сонил гӀумруялъулъ йикӀана.
Асадуллагь-ГӀалиги гӀумруялъул къоязул
Къоло щуго сон барав чи вукӀанин бицана.

Цинги ФатӀиматие ХӀасан, ХӀусайнгин МухӀсин,
Уммукулсумгин Зайнаб, Рукъиятги гьаруна.
Рукъиятги МухӀсинги гьитӀинго накълолъана,
«Нуру-л-абсаралдасан» накъло дица босана.

Данделъараб заманги Рамазан моцӀ букӀана,
Расулас гьижра гьабун, кӀиабилеб соналъул.
Эмен накълолъун хадуб анлъго моцӀ инелдего
Ана Загьрауллагьги панаяб дуниял тун,

Дунялалъул гьаб рокъоб къоло микьго сонги бан,
Мусруялъуй жемана ХӀасан-ХӀусайнил эбел,
Алжаналъул ахӀи щун, ХӀабибасул ФатӀимат,
ХӀайранго ГӀалиги тун, къокъана Фирдавсалде.

АнцӀго соналъул рекъел къурайшиязулги ккун,
Расулас, жив тӀадвуссун Мадинаялде щойдал,
Дунялалъул мулукал[2] Исламалде ахӀизе
Кагъталгун чапарзаби рахъ-рахъалде ритӀана.

Абу БалтагӀатил вас ХӀатӀиб – Мукъавкъисихъе
Мисриялде ХӀабибас рисалатгун витӀана.
ХӀатӀибги Мукъавкъисги – кӀиявго дандечӀвана,
Диналде жив ахӀарав кагътил мурад босана.

[1] Ай, руччабазул бищун хирияй.*
[2] Ханзаби.

Мукъавкъис данде чIечIо, ХIатIиб къабул гьавуна,
Къиматал сайигъатал ХIабибасе къачIана.
Салам хъван, кагъаталъе жаваб хIадур гьабуна,
Жиндирго гьадиятал[1], – гьелги жанир рехсана.

Азарго мискъал месед, къого гьабураб ретIел,
РекIине – Дулдул,[2] ЯгIфур,[3] бацIцIадаб найил гьоцIо,
Бищунго къибтIиязулъ къадро бугезда гъорлъан
Гъаравашал – кIиго яц – Мариятги Сийринги.

Мукъавкъисил гьебщинаб сайгъат-саламги босун,
Мисриялдаса ХIатIиб ХIабибасухъе щвана.
ХIурайжи Мукъавкъисил,[4] сайгъат битIун горони,
Исламалде вачIанин бицараб хабар гьечIо.

Мукъавкъисил сайигъат – Мисриялъул къибтIият,
ТIагьай, Мариятица Ибрагьимги гьавуна.
Ибрагьим гьавурав сон, гьижра гьабуралдаса,
Микьабилеб букIана, кIиго сон байчIев хвана.

КIиабилей гъараваш Сийрин – Мариятил яц –
Сабитил вас ХIасаний ХIабибуллагьас кьуна.
Саййидату ннисаи – Загьраил гьел наслаби
ГIасрабазго жал суйнчIел суружаллъун[5] хутIана.

Хадижатил авладал – Аварагасул лъимал –
Ункъго ясгин кIиго вас, Маккаялда гьарурал,

[1] Гьадият – сайгъат.*
[2] ГIорцIеналда цIар.
[3] ХIамаялда цIар.
[4] ХIурайж - ханасул цIар.
[5] Чирахъаллъун.

Гьезул бищун хирияй – Расуласул берзул нур –
ФатIиматил горони насло нахъе хутIичIо.

Наслабаз цуцахъе кьун, гьоркьоса къотIичIого,
Гьезул баркаталъ буго кавнуго бечед гьабун,
Бичасул рахIматалъе, ХIабибасул файзалъе
Баввабал, къусамаал[1] – акътIабалги гьел руго.

Аварагасул сират[2], агьлоялъул хиралъи, –
Нелъер бицун хIалкIолеб хIакъикъат гьелъул гьечIо,
Гьединго бугониги, кIварабгIан къадар рехсон,
Расулгин агьлоялъул гьалмагълъи бокьун буго.

Рокьиялъул гIаламат – бицен гьаби бугелъул,
Гьеб тун батIаяб мурад тIокIаб нелъерги гьечIо.
Гьел рокьиялъул давла бичун боссе кIоларо,
БетIергьанас вагьболъун[3] кьурасе щун горони.

Щибаб кьолеб жоялъе цо-цо шартIги букIуна,
КIулалъул ца камуни, киритги рагьуларо,
КигIан иман загIипал агьло нилъ ругониги,
Авараг вокьулезда гьоркьоса рахъугеги!

Гьесул агьлоялда гъорлъ умматго гIахьаллъулин, –
ГIуламааз абула, Аллагьасе рецц буго.
Рукъалъул агьлолъунги АхIмадица гьаруни,
Гьанжи щукру гьабизе щив чиясул хIалкIолеб?

[1] Ай, гьапучагIи, бикьулел чагIи (халкъалъе).
[2] Ай, берцинаб хьвада-чIвади, гIумро-яшав.*
[3] Ай, чIобого.

## Аварагасул ﷺ расалъул баракат

ХIикаятазулъ буго, гIадада бицунаро,
Балх абураб бакIалда цо чи вукIаравила,
КIиго васгин гIемераб боцIи-малги нахъе тун,
Гьев чи, къоялги лъугIун, къадарладе щванила.

Щвалилаз ирс бикьизе боцIи гьоркьоб банила,
Бащад гьабун кIиясго гьеб кодоб босанила.
Ирс бикьа-къотIун хадуб хирияв ТIагьаясул
БетIералъул лъабго рас нахъе хутIарабила.

Лъабалъулго цо-цо рас кIиясго босун хадуб,
Цо нахъе хутIаралда тIасан кIалъаралила.
КIи къотIизе бугилан кIудияс абунила,
Адаб тей букIинилан гьитIинав чIаравила.

ГьитIинасде кIудияс: «Лъабабго рас дуй телин,
Дуй щвараб тIолабго мал дий те», – абурабила.
Инсул тIолго боцIи-мал кIудиясе танила,
Расуласул лъабабго рас гьитIинас ккунила.

Гьоркьоб мех инелдего доб боцIи-малги чурун,
ХIулараб чахъу гIадин, дов вац хутIаравила,
Цинги хирияв ХIабиб макьилъ вихьаравила,
ХIал-хIукму гьесий бицун, гьав зигардаравила.

Расулас: «Я махIруму, загьадта фи щагIарат
Ва асарта гIалайгъа ддуня»,[1] – абурабила.

[1] Ай, Аварагас ﷺ абунила: «Ва лъикIлъиялдаса махIрумлъарав! Мун расаздаса вуссана ва дуниял тIаса бищана», – абун.

Дир расаздаса дуца тIаса бищараб дунял,
Дуе гьебги щойчIилан ШафигI кIалъаравила.

ШагIаратал кодоре росунщинахъе диде,
Дур вац, свалатги битIун, лъикI вугин бицанила,
БетIергьанас гьелдалъун дунял-ахираталда
ТалихI гьесий кьунилан ХIабибас абунила.

Кьижаралъуса махIрум гьебсагIат ворчIанила,
ВорчIаравго вацасухъ вахъун жив аравила,
Жиндир щибго жо гьечIев чIовогояв лагъ гIадин,
Досул муънаталда гъоркь[1] даим хутIаравила.

Халид-асхIабасгицин жиндир тIогърода жаниб
ТIагьаясул ботIрол рас лъун букIарабин буго.
Гьелъул баркаталдалъун, капуразукьа дир бо
Кидаго къунарилан гьес абиги бицана.

Цогидал асхIабазги, баркаталъе рукIине,
Батулил инсул расал цуцахъа рахъулаан.
Расул хIурмат гьабунги баракат жиндир щолев
ШафигI нелъер вугелъул, битIизин гьесде свалат!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

[1] Ай, досул бербалагьиялда, дос хьихьаравлъун.

# - ФАСЛО -

## АВАРАГАСУЛ ﷺ МИГIРАЖАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Гьанже гIинтIаме, вацал, гIищкъо ножор батани,
Нелъерго ХIабибасул МигIражалъул бицинин,
МигIражалъул хабарал цIакъго гIемераллъидал,
Дагьаб къадар рехсезин баркаталъе букIине.

Рицун рагIалде щолел асрарал[1] гьечIониги,
АхIмадида хасслъараб карамат гьеб бугелъул,
Лима-кайфа[2] жибго тун, къудраталде[3] иман лъун,
Аллагьасе рецц гьабун, – гьалдалъун байбихьизин.

БетIергьанас халкъалъе хиралъаби рикьана,
Хасс гьарун, анбияал гьездаса тIокI гьаруна.
ТIолалго русулазул мугIжизатал рукIана,
МугIжизатазул магIдан ХIабибуллагь лъугьана.

Гьесул хиралъи-тIокIлъи халкъалда загьирлъизе,
Халикъас зобалазде якъзаталда[4] вачана,
Зобалги тун тIадехун – Сидраталдеги щвана,
Сирриял гIулумазул[5] керенги жиндир цIуна.

Ражаб моцIалъул къоло анкьабилеб сордоялъ
Аллагьас, вахIю гьабун, Жибриласде абуна:
Гьидаяталъул байрахъ, гIинаяталъул буракъ,
Ва хилгIату-л-къабули, духъе кьунин бицана.

[1] Асрарал – балъголъаби.*
[2] Ай, кин-щаян абичIого.
[3] Аллагьасул къудраталде (хIалкIоялде*).
[4] Ай, макьилъ горев, ворчIун, кьижичIого вугеб хIалалъ.
[5] Ай, балъгоял гIилмабазул.*

Дир кIодолъи дуда лъай, Дие щукруги гьабе,
Дица дуй нигIмат кьунин, гIинтIамеян манлъана.
Лъабкъоялда анцIазар малаикал цадахъгун
МухIаммадихъ мун аян амроги жиндихъ щвана.

Амро гьабун, гьединго Микаил малайкасде:
«Анзил магIа сабгIина алфа малак, - абуна, –
Ила баби хIужрати Расули», - мазгьаб[1] рехсон,
Гьесий жив ине кколеб бакIги баян гьабуна.

Гьединго Исрафилгун ГIизраиласде ахIун,
«А Жибрил-Микаилгун нужги», - йилан манлъана,
«МоцIгин цIвабзазул гвангъи цIикIкIинабе», – абуна,
Бакъ щвараб къо кинниги, къасе сордо лъугьана.

Гьеб мехалда Жибрилас Жаббарасда гьикъана,
«Къиямасеб къо чIезе мех щунищ?» - ан абуна.
Аллагьас, жаваб гьабун, гьесие баян кьуна,
Гьоболлъухъ ХIабиб ахIи бокьун бугин бицана.

Цинги Жибрил малаик: «Я Рабби – дир БетIергьан,
Гьеб балъголъиго щиб?» - ан, лъайзе бокьун кIалъана.
БетIергьанас: «Асрару-л-мулуки ла якъифу
ГIалайгьа-л-мамлуку», - ян, Жибрил чIезе гьавуна;

Мулуказул балъгоял асраразде гьоркьоре
РагIийят лъугьунарин лъайзе жинда гьабуна,
Гьаб сордоги, Жабраил, АбутIалибил ятим
ТIаде Дица восулеб сордо бугин абуна.

[1] Ай, «70 азарго малаик цадахъгун Аварагасул ﷺ хIужраялъул кIалтIа рещтIа», - ян абуна.

Дир балъгояб хазина, хириял гьадиятал, –
Гьел сайигъат гьаризе вачейилан тIадкъана.
Къасе дир гьоболлъухъе гьев вачине щоялъул
Рохел дуе бугилан, далилллъун жив гьавуна.

Гьанжи, БетIергьанасул амроялда нахъвилълъун,
Алжаналде Жабраил буракъ бачине ана,
Гьениб кIикъоазарго буракъ жинда батана,
Жедер хIалалда рекъон, рохелгун гьел рукIана.

Гьезда гъорлъа батIалъун, лъин-койн жинца рехун тун,
Рохел магIиде буссун, цо буракъги батана.
Буракъалде аскIув ун, Жабраилас гьикъана,
Гьаб хIалалъ гIодизе дуй ккараб щибан цIехана.

Щибалъул нодоялда: «Ла илагьа иллаллагь,
МухIаммад–расулуллагь» хъванги гьезул букIана.
Гьеб буракъ, жаваб гьабун, Жибриласде кIалъана,
Жиндий бугеб къварилъи, ургъел бикьун, бицана.

«КIикъоазар сон бугин гьаб хIалалда, – абуна, –
“Я МухIаммад” ахIулеб гьаракь рагIаралдаса.
Гьесухъ ккараб гIищкъоялъ щибаб жо кIочон тана,
Алжаналъул рахIатги дий гIазаблъун сверана».

ГIаламалъул хирияв ХIабибасухъ гIащикъаб
Буракъалъе Жибрилас рохел загьир гьабуна.
Гьев дур гIищкъо ккарасухъ къасе мун щойзе бугин,
Щибго кIвар гьабугеян гьелъий хабар бицана.

Цинги, зубаржадалъул чIолохъжо гьелда бана,
БагIараб якъуталъул кьилиги лъун къачIана,

Кьолон хIадур гьабураб буракъги бачун, Жибрил,
Алжаналъуса вахъун, Маккаялде рещтIана.

Расуласул кIалтIа чIун, нуцIаялда кIутIана,
ТIаде вахъаян абун, адабалда кIалъана.
«Анта шамсу-л-магIариф, анта бадру ллатIаиф,
Анта фи-л-къиямати малжау кулли хаиф». –

МагIарифазул шамсу[1], латIаифазул бадру[2],
Къиямасеб къояца хIинкъарал кIанцIулеб бакI,
Къасе сордо дур бугин, давлаги къачIан бугин,
Къадирас гьоболлъухъе мунги ахIулев вугин;

Анбияъ-русулазул макъамалги нахъа тун,
Къассе мун щойзе вугин хасаб даражаялде,
Дуде гIищкъо бергьараб Алжаналъул буракъгун,
Аллагьас мун вачине витIун, дунги щун вугин.

«Щибизедай, Жабраил, дун ахIулев вуго?», - ян,
ХIинкъи-рохел жобараб суал ХIабибас кьуна.
«Ли-ягъфира лака ма такъаддама мин занбик
Ва ма тааххар[3]», – абун, данде жаваб гьабуна.

Жибриласул жавабалъ ХIабиб рази гьавичIо,
«Гьаза ли, фама ли-гIияли»[4], - ян тIадвуссана.
«Валасавфа югIтIика Раббука фа тарза»,[5] - ян,
Жабраилас абуна, АхIмадги разилъана.

[1] Аллагь лъаялъул гIилмуялъул бакъ*.
[2] ЛатIаифазда гвангъулеб моцI.*
[3] Ай, дур гьарун арал мунагьал чуризе, даража цIикIкIине гьабизе.
[4] «Диени гьеб батила, умматалъе щиб бугеб?» - ан гьикъана ХIабибас ﷺ.
[5] Ай, «Аллагьас мун Къиямасеб къоялъ рази гьавизе вуго», - ян абуна.

Якъуталъул тIасталъуб жавгьаралъул гулгумалъ
Мау-л-салсабилги тIун, какичуризабуна.
Нуралъул гIамаматги[1] сундусалъул хIуллатги[2]
ХIабибасда ретIине Ризван малайкги щвана.

Алжаналъуса босун Ризваница бачIараб,
Нуранияб гIамамат гIажаибаб букIана,
ГIамаматалда тIадги илагьияб къудраталъ
Ункъо хIущ-мухъалдалъун хъвараб калам букIана.

ТIоцобесеб мухъалда – «МухIаммад–расулуллагь»,
КIиабилеб хIущалда – «МухIаммад–набийййуллагь»,
Лъабабилеб хIущалда – «МухIаммад–хIабибуллагь»,
Ункъабилеб хIущалда – «МухIаммад–халилуллагь».

Гьеб тIадегIанлъиялъул таж ХIабибасда лъезе
КIикъоазар малаик Ризвангун цадахъ щвана.
Алжаналда жанирго тажалъул свахIибасде[3]
Свалат даимго битIи – гьезул пиша букIана.

Гьедин свалат битIеян тIолго гьел амлаказде[4]
ТIадгIанав Аллагьасул амро-буйрухъ букIана.
Амроялда нахърилълъун свалат жинде битIулев
ТIагьа вихьун, амлакал мурадалдеги щвана.

ХIабибас какичурун мустагIмаллъун[5] лъугьараб
Мау-л-салсабил, босун, Фирдавсалде битIана.

[1] ГIамамат – чалма.*
[2] Ай, дарайдул ретIел.*
[3] Гьаб таж жинда лъезе бугесде.
[4] Амлакал – малаикзаби.*
[5] Какичурараб лъиналда «мустагIмал» абула, ай, гIамалалда бегьизе гьабураб.

Фирдавсалде гьеб босун Ризван малаик ана,
Аллагьасул рахъалъан буйрухъ гьедин букIана.

Гьеб лъин гьормазда бахун, масхIу гьабеян абун,
ХIурулгIинзабадеги Аллагьас буюрана.
Аллагьасул буюрухъ хIурулгIиназ тIобана,
ТIолазго, масхIу гьабун, гьормазда лъин бахана.

Лъин бахиндал хIуразул хIусну-жамал[1] цIикIкIана,
Нуралде тIаде тIураб нуралъул мисал ккана.
Нелъедеги Аллагьас амро гьабун бугелъул,
Амроялда нахърилълъун, битIизин гьесде свалат!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

Жабраилас, койрги ккун, ХIабиб къватIив вачана,
Буракъ, гьев рекIунелъул, кьуркьудизе лъугьана,
«Кьуркьудулеб щай? – абун, Жибрил гьелда кIалъана, –
Гьав МухIаммадидаса нечоларищ?» – абуна.

МухIаммадил цIар бахъун, Жибрилас гIайибчIвайдал,
ГIузру бачун, буракъалъ гьев лъай тIалаб гьабуна,
«Гьавищ кколев, Жабраил, гIарабияв Авараг,
ГIаламалъулго саййид – МухIаммад? - ан гьикъана. –

Къиямасеб къояца МахIшаралде рахъиндал,
ШафагIат гьабулевги гьавищ?» – абун цIехана.
Буракъалъул суалал Жабраилас рорхана,
Жиндир матIлуб[2] гьев ватун, буракъ цIакъ разилъана.

[1] Берцинлъи.
[2] Ай, жиндица тIалаб гьавула вукIарав, жинде гIищкъо ккарав.*

Расуласе мутIигIлъун, рекIайилан абуна,
Амма дирги цо мурад бугебилан тIадкъана,
Къиямасеб къояца шафагIат гьабулелъул,
Дунги кIочон тогеян аманатгун кIалъана.

Озденг Микаилас ккун, чIолохъжо Жибрилас ккун,
Исрафил малаикас ретIелалда койр бахъун,
Берзул канлъигIан хехаб буракъалдаги рекIун,
Расулас Маккаялъул мугIрул нахъе регана.

Гали лъезегIан заман рагъарун инелдего,
«Инзил ва-свалли[1]», – абун, Жабраилас абуна.
АхIмад гIодов рещтIана, кIиго ракагIат бана,
«Как бараб бакI лъалищ?» - ан Жабраилас гьикъана.

Лъаларилан ТIагьаяс данде жаваб гьабуна,
ТIайбаталде щванилан, щварал бакIал рицана.
Дуца гьаниб гьижраги гьабилилан абуна,
Гьенисаги сафаралъ церехун рагъарана.

Цебе гIадин гьанжиги Жабраил малаикас
«Инзил ва-свалли», – абун, ХIабиб рещтIинавуна.
РещтIаралъуб как бана, киб барабан гьикъана,
Гьанжиги, лъаларилан ТIагьаяс жаваб къуна.

«ТIурасайнаъ магIарда, хIайсу калламаЛлагьу
Муса[2]», – абун, Жибрилас щварал бакIал рицана.
Жигиги цере ана, «Инзил ва-свалли», – абун,
АхIмадида Жибрилас гьанжиги лъай гьабуна.

[1] Ай, «РещтIа буракъалдаса ва гьаниб как бай».
[2] Ай, Аллагь Мусагун кIалъараб бакIалде.

Гъенибги, гIодов рещтIун, кIиго ракагIат бана,
«Киб бараб лъалищ?» – абун, Жабраилас гьикъана.
Лъаларин жаваб кьуна, «Бибайти лахIми хIайсу
Вулида ГIиса[1]», – абун, Жабраилас бицана.

Жигиги цере ана, цо сас гIиналда чIвана:
«ЧIа, МухIаммад», - абулеб, – кванариса бачIана.
ЧIезе хивал гьабичIо, бер гьенибе рехичIо,
Хадуб когIаб рахъалъан гьададинго ахIана.

Гьелъулги кIвар гьабичIо, цевехун валагьана,
Цо берцинго къачIарай чIужу данде лъугьана,
Гьелъги ХIабибасдасан лъалхъи тIалаб гьабуна,
Гьекъезе жо бугилан, хIиллаялъе кIалъана.

РахIманасул гьоболлъухъ гьабулеб сапарги тун,
Гьазул макро-хIиллаялъ ХIабиб гьоркье рехичIо,
ХIазратуллагьалдехун хурхараб рекIел ният
Марадатазул[2] бода биххизабизе кIойчIо.

Хадуб Жабраиласда Аварагас гьикъана,
«Гьадал сасазул хIикмат щиб букIараб?» – абуна,
Аминуллагь – Жибрилас, «Авалалда ахIарал
Ягьудиял рукIанин, - ХIабибасде бицана. –

«БукIарабани дуца дозие жаваб гьабун,
Дур уммат ягьудиял рукIинаан», – абуна.
КIиабилеб нухалда квегIисахун ахIарал
Насраниял рукIанин, гьелги баян гьаруна.

---

[1] Ай, ГIиса авараг гьавураб бакIалда.
[2] ЩайтIабазул.*

«Гьездехун мун валагьун, жаваб гьабурабани,
Уммат насранияллъун лъугьинаан», – абуна.
Имраатин абуни,[1] дуде данде лъугьарай, –
Дунял гьеб букIанилан, гьедин таъвил гьабуна.

«Гьабурабани жаваб дуца имрааталъе, –
Лахтарат умматука ддуня гIала-л-ахират», –
Ахират тун, дуниял тIаса бищараздаса
Уммат букIинаанин Жабраилас абуна.

Берцинаб ретIел тIадгун, гьуинаб раихIатгун,[2]
Гьайбатав гIолохъанчи ХIабибасухъ вачIана,
ХIабибасул надалда убач жинца гьабуна,
Араб бакIго лъайчIого цевесаги тIагIана.

ТIагьаяс Жибриласда, дов чи щиван гьикъана,
Динул-Ислам бугилан, рохел баркун, кIалъана:
«Умматалъ гIумру-яшав муъминаллъун гьабила,
Муъминаллъунги хойла, Алжаналдеги ина».

Байтул-Мукъаддасалъул гъапудухъ лъалхъаралъув
Лъабго чи, аскIув вачIун, ХIабибасде кIалъана,
Лъабасдаго кодобги лъабго инаъ[3] букIана,
Лъабалдаго жанибги – жагин рахь, лъим букIана.

Бокьараб гьекъейилан ТIагьада цебе ккуна,
Цо гъаибас[4] ахIулеб гьаракь жинда рагIана:

[1] Имраат – чIужугIадан.*
[2] РаихIат – махI.*
[3] Инаъ – гулгун, парччи (стакан*).
[4] Ай, цо вихьуларев чияс.

«Жа гьекъани – къосина, лъим гьекъани – гъанкъила,
Рахь гьекъани – гьидаят[1] умматалъе букIина».

АхIмадица рахь гьекъон, дагьаб нахъе хутIана,
«Нахъе течIебанищ, - ан Жабраилас абуна, –
БукIарабани гьекъон рахьдал къадахI[2] тIобанго,
Умматалъул чиясда жужахI бихьиляроан».

ХутIарабги гьекъезе ХIабибас къасд гьабуна,
Къадар гьадин бугилан, Жабраилас беччайчIо.
Байтул-Мукъаддасалъул къватIиб буракъги бухьун,
Акъсаялде жанире жал кIиялго лъугьана.

Жанир анбияазул мухъал гIуцIун рихьана,
Малайкзабаз абуни, масжидго цIун букIана.
Жибриласде ХIабибас, гьал щал абун, гьикъана,
Гьал – тIолго анбияал – дур вацалин бицана.

Цинги Жибрил вахъана, АхIмадида кIалъана,
Имамлъи гьабун гьазий, как байилан абуна.
Имамлъи жинца гьабун, жамагIатгун как бана,
Жив-жив авараг вахъун, рецц гьабун гаргадана.

РахIманас жинди-жиндий къураб нигIмат рехсана,
Хасго ХIабибасдалъун рохел загьир гьабуна.
ГьадагIан хIурмат тIокIав авараг – нелъерлъидал,
Амроялда нахърилълъун, битIизин гьесде свалат!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

[1] Гьидаят – Исламияб нухалде тIоритIи.*
[2] КъадахI – гел, стакан.

Байтул-мукъаддасалъур какдаса тІоран хадур,
ТІагьа, Жибрил малайкас койр ккун, къватІив вачана.
МигІраж гІодоб беччаян ИсмагІилиде[1] ахІун,
Дунялалъул зодосан гьебги гІодоб беччана.

Нусго, меседгин гІарцул, гІучІал жиндида ругеб,
ГІарищал зубаржадгин якъуталъул рукІана.
Сахратуллагьалдасан мигІражалда хІетІ лъуна -
ТІоцебесеб гІучІалъул даражаялде щвана.

Щибаб даражаги тун – даражаялде рахун,
Дунялалъул гъоркьияб зобалде жал гІунтІана.
Нусго даража бугеб мигІражалъ вахунаго
ГІажаибал хІикматал ХІабибасда рихьана.

РахІманасе бокьухъе рижарал малайкзабаз,
Койр лъезе бакІ гьечІого, гьаваго цІун букІана,
Нуранияб махлукъат щибаб даражаялда
Жеде-жедер тасбихІгун тагьлилалда ратана.

Расуласда жиб хасаб, тІоцобесеб зобалъул
Бабалда[2] Жабраилас, «Рагье», – абун, кІутІана.
Азарго малаикгун, кодоб алату-л-хІарбгун,[3]
Нуранияб чу рекІун, ИсмагІил-малайк щвана.

Щив мунилан гьикъана, мурад щибан цІехана,
МухІаммадгун вачІунев, Жибрил вугин абуна.
АхІмад вукІин лъарабго, калам тун, баб рагьана, –
ГьебсагІат тІоцобесеб зобалде жал рахана. –

[1] ИсмагІил – тІоцобесеб зобалъул гъапуялда тІад вугев малаик.*
[2] Баб – гъапу, каву.*
[3] Ай, рагъул алатал, хвалчен-хеч.

Халикъасул къудраталъ гъаваялда жиб ккураб,
БацIцIадаб лъиналдасан бижараблъун батана.
ТасбихIги, гъеб зобалда малайкзабаз гъабулеб,
«СубхIана зиль-мулки валь-малакути»[1] букIана.

БетIергъан Аллагъасе, тIадего рорхичIого,
Даимго суждаялда чIаралги гъел рукIана.
Гъезул тасбихI гъабулев чилъун щив вугониги,
Щойла, иншааллагъу, дозда бащадаб кири.

Курсалда[2] гIодов чIарав цо малаик ватана,
Мухтарас, аскIув щойдал, салам гъесие кьуна.
Салам буссинабуна, амма тIаде вахъинчIо,
ТIадегIанав Аллагъас вахIю гъесде гъабуна.

«Дир ХIабибасул салам буссине гъабулелъул,
Гъесий тIаде вахъинчIев щай? - илан бадибчIвана, –
«Дир тIадегIанлъиялхIа, тIадеги мун вахъина,
Вахъун чIун цо хIатIида чIезеги мун гъавила.

Гъеб хIалалъ ХIабибасе саламги дуца кьела,
Къиямасеб къо чIейгIан гIодовги мун чIеларо».
ГIайибалъул халгъабе, малаикасда чIвараб,
МухIаммад-ХIабибасул хIурмат-адаб тунилан.

Балагъарав АхIмадил цо чиясде бер щвана,
«Щив чи гъадав кколев?» - ан Жибриласде гьикъана,
Гъадав дур эмен – Адам вугин жаваб гъабуна,
Адабалда аскIув ун, салам гъесийги кьуна.

[1] سُبْحَانَ ذِي الْمُلْكِ وَالْمَلَكُوتِ «СубхIана зиль-мульки ва-ль-малакути»

[2] Тахалда.*

Салам буссине гьабун, ХIабибасде кIалъана,
«МархIаба, дир вас», - илан рохел гьесда баркана.
Жигиги ХIабибасда Адам аварагасул
Кванариса, квегIиса – кIиго нуцIа бихьана.

Цин, кванаралде вуссун, вохун жив велъулаан,
Хадув, квегIалде вуссун, гIодизе лъугьунаан.
«Гьаб хIикматго щиб?» – абун АхIмадица гьикъидал,
Аминуллагь – Жибрилас жаваб гьадинаб кьуна:

«Жиндир зуррийяталъул Алжан насибаб агьло
Жанир унеб баб бихьун, Адам, вохун, велъула.
Хадуб, къосун ккараб халкъ жужахIалъубе унеб
Баб бихьидал, ракIбухIун, гIодизеги лъугьуна».

Нелъей гIоло гIодулев гIаламалъулго эмен,
«Уммати!» - ян ахIулев ХIабиб – нелъер авараг,
Унго, нелъер жагьиллъи, Исламалъул гьечIеб кIвар,
Ахир-заманалъидал, Аллагь-РахIман гурхIаги!

ТIоцобесеб зобги тун, кIиабилелде щойзе,
Щунусго сонил манзил жеги цебе букIана,
Жибрилгин ХIабибуллагь гьениса цере ана,
Гьава борлъун эхеде кIиялгоги рахана.

КIиабилеб зобалъул гъапудухъе жал щвана,
Жабраил малаикас нуцIаялда кIутIана.
«НуцIихъ вугев щив?» – абун, Рукъяилас ахIана,
МухIаммадгун жив вугин Жабраилас бицана.

Цинги гъапу рагьана, зобалда тIад рахана,
Маххалдасан Аллагьас бижараб гьеб батана,

Гьормал гIачиязулал малайкзаби рихьана,
Хвалчабигун, хучдулгун яргъид гIуцIун рукIана.

Расулас Жибриласде: «Гьал щал?» – абун гьикъана,
Гьикъаралъе жаваб кьун, Жабраилас бицана:
Аллагьас дуе нусрат-комекалъе рижарал
Малаикзабазул бо гьаб бугилан абуна.

БагIараб якъуталъул тахалда тIад гIодов чIун,
КIиго гIолохъанав чи ХIабибасда вихьана.
ХIабибас Жибриласде гьезул хIалги цIехана,
Гьел – ЯхIя авараггун ГIиса ругин бицана.

Салам гьезие кьуна, аскIуве гIагарлъана,
КIиясго, жаваб гьабун, салам буссинабуна,
Сапар жинда баркана, мархIабаян абуна,
Икрам-тахIийят гьабун, ХIабиб кIодо гьавуна.

КIудияб хIурматалда ХIабибасе салам кьун,
Сверун малайкзабазул къокъаби ракIарана.
КIиго ракагIат какил гьелгун цадахъ тIобитIун,
ТIагьа, Жибрилгун цадахъ, жегиги цере ана.

Цере гIадин, гьанжиги гьава борлъун рахана,
Лъабабилеб зобалъул гъапудул кIалтIе щвана,
КIутIун, Жибрил малайкас рагьейилан ахIана,
АхIмад вукIин лъан хадуб, хабар къотIун, ричIана.

Халикъас пахьалдасан бижараб зоб батана,
Балагьарав ТIагьада цо малаик вихьана,
Анкьабго ракьалда гъоркь хIатIал гьес лъун рукIана,
Лъабкъоялда анцIазар малайкгунги вукIана.

Киназулго тасбихIги, гьоркьоса къотIичIого,
«СубхIана-ль-ХIаййи ллази ла ямуту»[1] букIана.
Умматалъул гьеб тасбихI гьабун щив вугониги,
Щойла гьев чиясеги, дозие гIадаб, кири.

ГIажаибго берцинав, моцI гIадаб гьомер бугев,
Гьанжиги ХIабибасул цо чиясде бер щвана,
Цинги щиван гьикъана, Жабраилас бицана,
Юсуф, гIалайгьи ссалам, гьев вугилан абуна.

Гьесда аскIуве ана, салам ТIагьаяс кьуна,
ТIагьаясе икрамгун[2] Юсуф тIаде вахъана,
Салам буссине гьабун, Расуласде кIалъана,
КIудияб адаб-хIурмат ХIабибасул гьабуна.

Гьава борлъун жегиги жал эхеде рахана,
Ункъабилеб зобалде лахIзаталъ щун ратана.
Щибаб зобалда гьоркьоб – щунус-нус сонил манзил –
Бер къайзегIан сагIаталъ нахъа толеб букIана.

ТасбихI малайкзабазул ункъабилеб зобалда,
Назму данде ккечIого, дица рагIалда хъвана.[3]
Дозие щолеб гIадаб ажру[4] бокьун батани,
Бокьанщинахъе абе, иман лъурал гIадамал!

---

[1] سُبْحَانَ الْحَيِّ الَّذِي لاَ يَمُوتُ

[2] Ай, Авараг ﷺ кIодо гьавун.*

[3] سُبْحَانَ الْمَلِكِ الْقُدُّوسِ رَبِّ الْمَلاَئِكَةِ وَالرُّوحِ

«СубхIанал-Маликил-Къуддус, Раббуль-малаикати ва-РрухI»

[4] Ажру – кири.*

Меседалдасан бижун Аллагьас жиб къачIараб
Ункъабилеб зобги цIакъ берцинаблъун батана.
Цинги, дафтарханалда мугъги цун, гIодов чIарав
Цо чи вихьун, ХIабибас Жибриласда гьикъана.

Гьадав Идрис вугилан Жабраилас бицана,
АскIуве ун, ХIабибас салам жиндие кьуна.
Салам буссине гьабун, мархIабаян абуна,
АхIмадий мустахIикъаб хIурмат-адаб цIунана.

«Аллагьас мун вихьулищ тIадегIанаб бакIалде
Вачарав, я ахи[1]», - ян, ХIабиб гьесда кIалъана.
«Гьединго Алжаналде дидасаги цеве мун
Лъугьана горищ», – абун, берцинаб калам ккана.

Цинги: «Я ХIабибуллагь, ма дахалту-л-жанната», –
Алжаналде жанив дун лъугьинчIилан абуна,
Дун жанив лъугьараб бакI – ах бугилан абуна,
Алжаналде щолелде къватIибго жиб батулеб.

Жиги Идрис авараг АхIмадиде кIалъана,
Алжаналъув тIоцове мун лъугьунин абуна,
МухIаммад лъугьинчIого жанив чи лъугьинарин
Гьелъул нуцIида хъвараб хатI бихьанин бицана.

Гьенисаги рилълъарал, щунусго сонил нух тун,
Щуабилеб зобалде лахIзаталде рахана.
Якъуталдасан бижун Аллагьас гьеб батана,
Гьенивги цо херав чи ХIабибасда вихьана.

[1] Ахи – дир вац.*

«Дов щив?» – абун гьикъана, Жабраилас бицана,
Мусал вацги вазирги – Гьарун вугин абуна.
АхIмадие салам кьун, мархIабаян кIалъана,
ЛъикIаб дугIаги гьабун, ХIабиб нухда регIана.

Малайкзабазул тасбихI – «СубхIана ман жамагIа
Байна ссалжи ва ннари»[1] – гьаб зобалда букIана.
Гьезие гIадаб кири щойзе бокьун батани,
БокьанагIан абе гьеб, иман лъурал гIадамал.

Анлъабилеб зобалде гьениса рахъун щвана,
Гьебги жавгьаралдаса бижараблъун батана.
Жедер Аллагьасдаса хIинкъиялъул кутакалъ,
Кутакал гьаркьал гьарун, гIодулеб халкъ бихьана.

«Халикъасдаса хIинкъун гьадагIан цIакъ гIодулеб
Гьаб халкъго щиб, Жибрил?» - ан ХIабибуллагь кIалъана.
ХIабибасе жаваб кьун, Жабраил малаикас
Курубиюнал ругин, гьезул хабар бицана.

Цинги, ХIабиб аскIув ун, гьезие салам кьуна,
Гьез, бутIрул гьанкIезарун, жаваб тIобайзабуна,
Жедер хузугI-хушугIалъ щибниги жоялдехун
Хивал-пикро буссунеб сурат гьезул букIинчIо.

Гьел кантIизе Жабраил, калам гьабун, кIалъана,
Гьав чи МухIаммад вукIин лъаларищан гьикъана:
«Анбияазул хатам, рахIматалъул авараг –
Асухъ ралагьуларел нуж кинал?» – ан абуна.

---

[1] سُبْحَانَ مَنْ جَمَعَ بَيْنَ الثَّلْجِ وَالنَّارِ

Курубиюнал тIолго ТIагъаясде руссана,
ТIагъаясда рекъараб тахIийятги гъабуна.
Рас черхалда гIемерав, гъормалъан ролъул кьерав,
Гъанжиги Расуласул цо чиясде бер щвана.

«Бану Исраилазул, Аллагъасе бищунго
Хирияв дун вугилан, дагIба бугин», - кIалъана,
Дидаса Аллагъасе гъав хирияв вугилан,
Хирияв ХIабибасде ишараги гъабуна.

АхIмадица: «Я Жибрил, гъав чиго щив?» – абуна,
Ибну ГIимран[1] Муса гъав вугилан жаваб кьуна,
Муса аварагасе ХIабибас салам кьуна,
«МархIаба, дир вас», – абун, салам буссинабуна.

Муса, гIалайгьи ссалам, ХIабибгун умматалда
ХIайранлъун, бераздаса магIу чвахун гIодана.
ГIулвиябгин суфлияб махлукъаталъул[2] асло –
АхIмадил умматалъул рати нелъей гIеларищ.

НигIматазе щукругун, Аллагъасе рецц гъабун,
Умматлъун ратиялъул рохелги загьир гъабун,
РачIа, диналъул агьло, амроялда нахърилълъун,
Нелъерго ХIабибасде битIизин свалат-салам!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

[1] ГIимранил вас.*
[2] Зобалгун ракьазда жаниб бугебщинаб махлукъат.

Анлъабилеб зобалда малайкзабазул тасбихI, –
Тана гьабги къватIиб хъван, назму данде ккечIого.[1]
Дозий щваралда релълъон щойзе бокьани ажру,
БокьанагIан абе гьаб, иман лъурал гIадамал.

Анлъабго зоб нахъа тун, анкьабилелде щвана,
Нуралдасан бижараб гьебги жинда батана.
Жиндаго цIакъ релълъараб гьормал сифатги бугев
Гьайбатав цо херав чи ХIабибасда вихьана.

ГIурччинаб зубаржадул тахбакIалда гIодовчIун,
Байт МагIмуралъул къеда мугъги цун жив вукIана.
Жибриласде ТIагьаяс гьав щивилан гьикъана,
Гьав дур эмен – Ибрагьим вугин жаваб гьабуна.

Гьесда аскIуве ана, салам ХIабибас кьуна.
«МархIаба, дир вас, – абун, данде жаваб гьабуна, –
Жиндир рахъалъан салам умматалде бице», - ян
Ибрагьим – Халилуллагь адабалда кIалъана.

«Алжан цIакъаб бакI бугин, жигар гьабе абе, - ян,
Умматалде ругьел бан, Расуласда тIадкъана, –
Алжаналъур кIванагIан гъутIби гъе абе», - йилан,
ГъутIби чIолеб тасбихIги ХIабибасде манлъана.

ТасбихIалъул сигъаги, назму данде ккечIого,
Дица, анищ ккаразе, къватIибехун хъван тана.[2]

---

[1] سُبْحَانَ الْقُدُّوسِ رَبِّ كُلِّ شَيْءٍ وَخَالِقِ كُلِّ شَيْءٍ
СубхIанал-Къуддус Раббу кулли шайъин ва халикъу кулли шайъин.

[2] سُبْحَانَ اللهِ وَالْحَمْدُ للهِ وَلاَ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَاللهُ اَكْبَرُ وَلاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ اِلاَّ بِاللهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمْ
СубхIаналлагьи валь-хIамду лиллагьи ва ла илагьа илла ллагьу валлагьу акбар, ва ла хIавла ва ла къуввата илла биллагьи-л-гIалиййи-л-гIазим

Алжаналъул ахазулъ гъутІби гІемер рокьани,
БокьанагІан абе гьаб, иман лъурал гІадамал.

Анкьабилеб зобалда, зоб-ракь жиндие гІоло
Бижарав ХІабибасда цо махлукъат бихьана,
Цинги, гьелъул хІакъалъулъ хабар нелъей бицине
Халикъас жиндий изно кьечІилан, балъго тана.

ТасбихІилан абуни гьениб малайкзабазул,
«СубхІана Халикъи ннур»[1] бугин жинца бицана.
Ажру, дозие гІадаб, щойзе бокьун батани,
БокьанагІан абе гьеб, иман лъурал гІадамал.

Абулеллъун ругони, воре, шартІ ракІалде щва,
ШартІ камиялъул бицен цебе индал, кІочонге!
Чартахъ гьабизе эрга къед байчІого щоларин,
Щибаб жоялъул тартиб букІине кколебги лъай.

Буго цойгиги хІадис, Аварагас бицараб ﷺ,
Алжаналъул хазина гьадаб тасбихІ бугилан.
ТасбихІгин тагьлилалда, шартІалги тІорайзарун,
ТІадегІанав Аллагьас кІал-мацІ даим гьабеги!

Жибрил малаикасул кваркьиялдаги рекІун,
Анкьабилеб зобги тун, Расул тІаде вахана.
ТІаде рахун унаго нух-нухар данде чІварал
ЧІахІиял малайкзабаз цІакъго кІодо гьавуна.

Гьеб хІалалда унаго рихьарал гІажаибал,
Жалго тани горого, хъвайзе рес рекъоларо.

[1] سُبْحَانَ خَالِقِ النُّورِ

Сидраталде жал щвана, кIудияб гъойтI батана,
ГъойтIалъул бижин-асло мискалда тIад букIана.

РекIун унев чиясе нусго соналъе гIолеб
РагIад щибалъул гIолеб гIаркьел алфа[1] букIана,
Щибаб гIаркьелалда тIад – аза-азарго тIамах,
Щибаб цоялъул рагIад, гIаламалъего гIолеб.

Цинги щибаб тIамхида тIад малаик ватана,
Нураниял тажалги киназго лъун рукIана,
Киназулго надалда нуралъул хатI бихьана,
Назму данде ккечIого, дица къватIиб хъван тана[2].

Гьекъарав мехтулареб, тату жиндир лазатаб
Жаялъулгун лъел, рахьдал, гьацIул гIорал рукIана,
ГIорал раккулеб бакIги, Сидратуль-мунтагьаян
Абураб гьеб гъойтIалъул кьолбодасан букIана.

Сидратуль-мунтагьаян гьеб гъойтIалде абуна
АхIмадил суннат ккурал гьеб бакIалде щолелъул.
Ялъуни, ман интагьа[3] – гьениве жив щварав чи,
Щваравлъун рикIкIунелъул кIудаб караматалде.

Жабраил малайкасул михIраб гьеб гъотIокь лъедал,
Гьес как ахIун, киналго малайкзаби рачIана,
Магърибгун машрикъалде гIунтIарал мухъал гьарун,
ТIагьаяс, гьелгун цадахъ, кIиго ракагIат бана.

[1] Ай, азарго.

[2] نَحْنُ سُكَّانُ سِدْرَةِ الْمُنْتَهَى سُبْحَانَ مَنْ لَيْسَ لَهُ انْتِهَاءُ

«НахIну суккану сидратиль-мунтагьа, СубхIана ман лайса лагьу интигьаун».

[3] Гьенив щун щив вугониги.

Какдаса тIоран хадур малайкзабазул боял,
Батулил эмен сверун къокъаби ккун, гIуцIана,
Къадирасул гьоболлъухъ сапаралъ унев ХIабиб,
Икрам-тахIийят гьабун, гьезги кIодо гьавуна.

Гьелда хадув ТIагьада цо малаик вихьана,
Бащадаб рахъ цIаялъул, бащадаб – гIазуялъул.
Борхатаб гьаркьидалъун гьес гьабулеб букIараб
Гьаб дугIаги хъван тезин, баркаталъе букIине.[1]

Расулас Жибриласда: «Гьав щив?» – абун гьикъана,
Гьав малаикасде цIар ХIабиб бугин бицана.
Цинги, ракьалда ругел муъминзабазе гьавгIан
НасихIат-дугIа цIакъав малайк гьечIин, абуна.

Ахир-Къиямасеб къо дунялалда чIезегIан
Дуда рагIулеб дугIа досул бугин бицана.
Нелъер ракIал цолъизе, цуцадаги ричIчIизе
Зобал агьлоялъулцин бугеб анищ бихьулищ?

Аллагь-РахIман, Мун – РахIим, хIелмуялъул БетIергьан,
РакIал цолъизарун, ниж цуцада ричIчIизаре!
Цо диналъул агьали, Исламалъул жамагIат,
Я ЖамигI, данде гьаре гьидаяталъул нухда!

Гьанжи Сидраталдаса церехун рагьарана,
Цо макъамалде щойдал Жабраил гьенив чIана,
«Гьадинаб бакIалдайищ гьалмагълъи толеб?» – абун,
АхIмад, Жибриласдехун хитIаб гьабун, кIалъана.

---

[1] اَللَّهُمَّ يَا مَنْ أَلَّفَ بَيْنَ الثَّلْجِ وَالنَّارِ اَلِّفْ بَيْنَ قُلُوبِ عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ «Аллагьумма я ман аллафа байна ссалжи ва ннари аллиф байна кулуби гIибадика свалихIин».

ТIокIав цевехун ине дида хIалкIоларилан
ХIабибасе Жибрилас жаваб берцин гьабуна,
Цо гали бахъаниги жив нуралъ вухIулилан,
Жиндирго макъам бицун, адабалда кIалъана.

АхIмадида рагIана, Жибриласде ахIана:
«МухIаммад нуралъуве рехе», - ян лъайзабуна.
Рехун араб чIор гIадин, нуралда жанив ккана,
Жабраилги гьенив тун, ХIабиб цевехун ана.

Цо хIижабалъул[1] манзил щунусго сонил бугеб
Лъабкъоялда анцI-азар – ХIабибас нахъа тана.
ХIижаб рикIкIун малаик жинда гьенив ватана,
Гьез, цуцахъе кьолаго, цеве-цеве регIана.

Нураниял хIужубал ХIабибас нахъа тана,
Меседалъул босенгун цо малаик вачIана,
Цинги гьес луълуалъул хIижабалде вачана,
ХIижабалде жаниве, койр ккун, малайкас цIана.

Гьев малайкас, койрги ккун, ХIабиб нухда вачана,
Лъабкъоялда анцI-азар хIижабал нахъа тана.
ХъахIаб нуралъул ралъад жиги цебе букIана,
Ралъад рагIалда чIарав малаикги ватана.

Аманат гьавун, ХIабиб гьесда кодове кьуна,
Койр ккун, нуралъул ралъад жинда бахинабуна,
БагIаралгин тIогьилал, батIа-батIа кьералъул
Нураниял ралъадал Рафрафалда рахана.

[1] ХIижаб – пардав.*

Рицине хІалкІоларел аза-азар хІужубал
ХІабибас, Рафрафалда рекІунги, нахъа тана,
ТасбихІалъул берцинлъи бицине хІалкІоларел,
Малайкзабазул цІурал цІорол мугІрул къотІана.

Аллагьасул къудраталъ гьалмагълъи берцин гьабун,
Гьаб хІалалда унаго, Исрафиласухъ щвана.
Сур пуян Аллагьасул амро кидадайилан
Интизаралда[1] гьевги хІадурго чІун ватана.

ХІижабу-л-вахІданият – Аллагь цо вукІиналъул
ГІорхъиялде щойзегІан ХІабиб цевехун ана,
Цинги, гьаваялдасан гІодоб дализабураб
Чирахъ гІадин, Авараг живго жинда вихьана.

Жиги, бакъул нур ссунеб, гІажаибаб, гвангъараб,
ГІурччинаб Рафраф бачІун, тІаде дализабуна,
ТІагьа гьелде вахана, гьури гІадин хех ана,
ГІаршун-гІазималде жив цо лахІзаталде щвана.

Цинги жинда ГІаршалъул гІажаибал рихьана,
ГІорхъи-рахъго лъалареб кІудиябги батана.
Дагьаб ракІги хІинкъана, Къадирасде гьарана,
Гьарараб къабул гьабун, къувват жиндие щвана.

ГьацІудаса гьуинаб, гІаздадаса цІорораб,
ЦІакъ лазатаб цо къатІра ТІагьал мацІалда лъуна,
ТІадегІанав Аллагьас гьелдалъун ХІабибасда
Дунял-ахираталъул гІулумал лъайзаруна.

[1] Ай, халккун валагьун чІун.

Зоб-ракьалъул махлукъат хун батилилан ккана,
Хабар-каламалъул сас кисангоги къотIана,
ТIагьа гIицIго хутIана, вахIшаталде[1] жив ккана,
Жибрил малайкас гъоркьан ахIулеб гьаракь щвана.

«Аллагьгун кIалъайзе мун хIадурлъе, - ян абуна, –
ХIинкъичIого, гIенеккун, жаваб кье, - ян манлъана, –
Кьеян гьарарабщинаб къассе дуе щолебин,
Щибго барахщичIого гьаре», - янги абуна.

«АттахIийяту» цIалун, ХIабибас байбихьана,
ХIалкIвараб санаъ[2] гьабун, РахIманасде кIалъана,
«Ас-саламу гIалайка, аййугьа-ннабий», – абун,
РахIмат, баркат данде къан, Аллагьас салам кьуна.

«Ас-саламу гIалайна ва гIала гIибадиллагьи
СвалихIина», - ян абун, ХIабибас тIаджобана.
Жаббарас, тIаде ахIун, ХIабибасе гьабураб
Гьоболлъи-икрамалъе Жабраил нугIлъун чIана.

НугIлъи гьабун, кIиябго шагьадат жинца битIун, -
ТIолалго зобалазул агьлоялда рагIана.
Аллагь-РахIман цо гьавун, ХIабибги ритIухъ гьавун,
Гьесда релълъон, шагьадат киназгоги битIана.

Лъабго батIаяб гIелму ХIабибасде манлъана,
Цо – халкъалъухъе кьезе, цояб – балъго цIунизе,
Лъабабилеб гIелмуги – гIаламалъе бицине -
БицинчIого тезеги эхтияр ТIагьахъ тана.

[1] Ай, хIинкъиялде.*
[2] Ай, рецц.*

«Удну МухIаммад», – абун, ХIабиб гIагар гьавуна,
ГIатIги бутIги кинниги, такъарруб[1] хIасуллъана.
Къарибун фи бугIдигьи багIидун фи къурбигьи,[2] –
Къурбат[3] – ГIаршалда хасаб даражайилан ккоге!

Халикъасде гIагарлъи, ГIаршалда хIасуллъараб,
ХIабибасе рокъобго щойзеги рес букIараб.
Расуласул хIакъикъат гIаламалда тIатине,
ГIаршалде тIаде ахIун, гьев кIодоги гьавурав.

АнцIила кIиазарго калам цуцаде гьабун,
Гьаб гIаламалъул Сирру Аллагьгун гаргадана,
Умматалъул хIакъалъулъ гьеб кинабго букIана,
КIикъоялда анцIго как сордо-къоялъ тIад лъуна.

«Сардилъ тIаде ахIарав мун Дир гьобол вугелъул,
Дуй бокьараб гьаре», - ян ХIабибасде абуна.
ХIабибасги гьарана, гьаранщинабги кьуна,
Кьурабщинаб бицине къалмил гьунарги гIечIо.

Къудраталъул БетIергьан ГIаршалда тIад вугевин,
Воре, хивал гьабуге, хириял бусурбаби![4]
Халикъасе зобалги, ракьалги, ГIаршги, Курсги, –
Щибго батIа гьечIебин тасарруф-къудраталъулъ[5].

«Къосун ккараб агьлоялъ гIунтIизабураб бугьтан
Дида тIаса иналъе дуца нугIлъи гьабе», - ян

[1] Ай, Аллагьасде гIагарлъи.
[2] Ай, рикIкIада вугесе аскIовги, аскIов вугесе рикIкIадги вукIунев. Масала, иблис Аллагьасдаса, ялъуни Аллагь иблисалдаса кидаго рикIкIад вуго.
[3] Къурбат – гIагарлъи.*
[4] Ай, нужеда ракIалде ккоге ТIадегIанав Аллагь ГIаршалда тIад вугевилан.*
[5] Ай, Жиндие бокьараб гьабиялъулъ.

МигІражалъул сордоялъ ГІаршалъ Аварагасде ﷺ
Лисану-ль-хІалалъ[1] аби тІахьазда бицун буго.

ТІадегІанав БетІергьан жинда тІад чІун вугилан
Жагьилаб къавмалъ аби ГІаршалъецин бакІлъана.
ГІуламау-ль-уммати, аиммату-ль-гІасраби, –
Аллагь ГІаршалда вугин цонигияз абичІо[2].

Абулезул рагІиги гьал киназго нахъчІвана,
ГІакъидат мекъса ккараб агьлолъунги рикІкІана,
Аллагьасул сифатал нелъееги рицана,
Бицаралда нахърилълъин нелъедаги тІалъана.

**فلما انتهى النبي ﷺ ليلة المعراج إلى العرش تمسك بأذياله وقال بلسان حاله : يا محمد ...... يا محمد خلقني فكنت ارعد لهيبة جلاله فكتب على قائمتي لا اله إلاّ الله فازددت لهيبة اسمه ارتعادا فلما كتب محمد رسول الله سكن قلقي وهدأ روعي فهذه بركة وقع اسمك علي فكيف إذا حل جميل نظرك إليّ . يا محمد أنت المرسل رحمة للعالمين ولا بدّ لي من نصيب من هذه الرحمة ، ونصيب منها أن تشهد لي بالبراءة مما نسبه أهل الغرور إليّ وتقوّله أهل الزور عليّ : زعموا أني أسع من لا حدّ له وأحيط بمن لا كيفية له . يا محمد من لا حد لذاته ولا عد لصفاته كيف يكون مفتقرا إليّ ومحمولا عليّ ، يا محمد إذا كان الرحمن اسمه والاستواء صفته وصفته متصلة بذاته فكيف يتصل بي أو ينفصل عني لا أنا منه ولا هو مني .**

**قال مفتي الجن والإنس نجم الدين النسفي في قوله تعالى ﴿ وَأَنَّهُۥ هُوَ أَضۡحَكَ وَأَبۡكَىٰ ﴿٤٣﴾ ﴾ النجم: ٤٣ : أي أضحك العرش بإضافته إليه وأبكاه بافتراء المجسمة عليه . قال علي رضي الله عنه : إن الله تعالى قريب في بعده وبعيد في قربه فوق كل**

[1] Ай, хІалияб мацІалъ, ай нелъеца гІадин кІал-мацІалдалъун горо.
[2] Ай, умматалъулго чІахІиял гІалимзабаздасан ва гІасрабазул имамзабаздасан цонигияс абичІо Аллагь ГІаршалда вугилан.

**شيء ولا يقال : شيء تحته . وتحت كل شيء ولا يقال : شيء فوقه . تعالى جناب عزه أن يوصف بالاستقرار أوالتمكن أوالمماسة فهو مستغن عن الكون والمكان .**

**قال العلائي في سورة طه : قال المشبهة : هو مستقر على العرش . وهو باطل لأن التعري عن المكان ثابت في الأزل لعدم قدم المكان فلو تمكن بعد حلول المكان لتغير ولحدثت فيه مماسة ، والتغير وقبول الحوادث من أمارات الحدوث ، وهذا مستحيل على القديم الأزلي سبحانه وتعالى .**

**قال الرازي في سورة طه : قالت المشبهة : إن معبودهم مستقر على العرش وهو باطل لقوله تعالى** ﴿وَيَحۡمِلُ عَرۡشَ رَبِّكَ فَوۡقَهُمۡ يَوۡمَئِذٖ ثَمَٰنِيَةٞ﴾ الحاقة: ١٧ **فإذا كانوا حاملين للعرش والعرش مكان معبود هم فيلزمهم أن الملائكة حاملون خالقهم وهذا محال. «نزهة المجالس» صـ 122، جـ 11**

ГIатIгин бутIалъул гIадаб такъарруб хIасуллъидал
ХIабибасе анислъун[1] цохIо Аллагь хутIана,
Цевехунгин нахъехун, квараниса, квегIиса, –
Киве валагьаниги, Гьев гореб жо бихьичIо.

Гьелдаса ватIалъизе ТIагьаясе бокьичIо,
Гьаб макъаму-ль-унсалда[2] даимго лъикIин ккана.
Аварагасул анищ Аллагьасда бихьана,
Гьесул анищ холареб хитIаб гьабун кIалъана.

«Гьаб макъаму-ль-унсалда мун даимго чIун хадуб,
Дир Рисалат халкъалъухъ кинан щолеб? - абуна.–
РещтIа, ХIабиб, ракьалде, тIобитIе Дир Рисалат,
Дица дуй макъаму-ль-унс какда жаниб гьабунин».

[1] Ай, кинабго жоялдаса хивалги рокьиги батIалъун, ракIгъей Жиндий бугевлъун.
[2] Ай, гьеб Аллагьасдехун ракIгъеялъул макъамалда.*

Киб баниги, гъаб макъам какилъ жиндий бугелъул,
«Дир берзул канлъи какилъ бугин», – жинца абуна.
Аллагьасде гIагарлъи какда жаниб батизе,
Тазкияту нафсалъе[1] кьеги нелъее тавфикъ!

Нафс зобалазда тана, рухI Сидраталда тана,
РакI къаба къавсалда тун, сирру къурбалде щвана.
Нафсалъ къалбу цIехана, къалбуялъ рухI цIехана,
РухIалъ сирру цIехана, сирруялъ Рабб[2] цIехана.

РахIманасул гьоболлъи ХIабибасе тIобана,
ТIадвуссине изно кьун, нух битIаян абуна.
ТIаде живго вачараб гIурччинаб Рафраф бачIун,
Жибрил тараб бакIалде Расул щойзе гьавуна.

РахIманасул гьоболлъи Жабраилас баркана,
Аллагьас дуе гIадаб давла кьечIин кIалъана,
Дунял-ахираталъул ханлъиги дуй щванилан, –
«Анта хирату-лЛагьи мин халкъигьи»,[3] – абуна.

Алжан-жужахIалде ун, жаниве валагьана,
Жаниб бугебщиналъул бихьичIеб жо хутIичIо.
Алжаналъул нигIматал, жужахIалъул гIакъоба,
МустахIикъал къавмазе къачIан, хIадур батана.

ХIабибуллагь, тIадвуссун, Мусада аскIув щвана,
Умматалда тIадкъараб фарз щибилан гьикъана,
КIикъоялда анцIго как тIад лъунилан бицана,
Цинги Муса авараг ТIагьаясде кIалъана.

[1] Нафс бацIцIад гьабизе.
[2] Ай, Аллагь.
[3] Ай, мун вуго Аллагьас халкъалдаса хира гьавун тIаса вищарав.

«ТIадвуссун Аллагьасде, умматалъе бигьалъи
Гьабейилан, гьаризе а», - ян жинца манлъана.
Аллагьгун жив кIалъарав, макъаму-ль-унсалде ун,
Умматалъе бигьалъи гьабейилан гьарана.

Аллагьасул рахъалъан АхIмадий жаваб щвана,
АнцIго, я щуго какал жинда тIаса рехана.
ТIадвуссун нахъе щвана, «Щиб ккараб?» - ан гьикъана,
Щуго, я анцIго какил бигьалъи ккей бицана.

Гьебги дур умматалда баччизе кIоларилан
КIиабизеги ХIабиб нахъвуссине гьавуна.
Гьарулев – ХIабибуллагь, кьолев – БетIергьан Аллагь,
Гьарейилан манлъулев – Муса, гIалайгьи ссалам.

Гьаб хIалалда, тIатIала ХIабибуллагь тIадвуссун,
ТIаса рехун, хамсина[1] щуго какалде ккана.
Щуябго какда жаниб хамсинаялъул кири,
КамичIого, Аллагьас умматалъе гьабуна.

Гьаб рехсараб хIалалда сапар рагIалде щвана,
Зобалдаса зобалде жив гIодове рещтIана,
Адамгин НухI, Ибрагьим, ГIисагун данде чIвана,
Салам кьун аскIуве ун, доз «Щиб ккараб?» – гьикъана.

Ккарабщинаб гьезие Аварагас бицана,
Аллагьасе рецц гьабун, гьезги рохел гьабуна.
Гьалдасаги гIемераб ТIагьаясе кьейилан
ТIолгояз Халикъасде хушугIалда гьарана.

[1] Ай, кIикъоялда анцIго как.

Гьенисаги, зобал тун, гIодорехун лъугьана,
Рисалаталъул ламгIат[1] Маккаялде рещтIана.
Лъабнусазар сонил нух сверун, рокъоре щвана,
Расул вегун букIараб босен цIорон батичIо.

Мунагьазе тавбо кьун, таямумалъе ракь кьун,
Турбатул-арзи тIолго масжидлъун жиндий гьабун[2]
Нажаслъараб чуризе лъиналда гIейги гьабун, –
Гьалщинал бигьалъаби умматалъе сайгъатгун,

Аллагьасул хIикматаз керен-ракIги гIатIилъун,
ГIулвиялгун суфлиял[3] гIажаибалги рихьун,
ГIадамазул, женазул, жеги малайкзабазул,–
Кафатан ли-л-гIаламин[4] авараглъунги гьавун,

Гьаб кIодолъи-хIурматгун, ХIабибин цIарги ахIун,
Анбияазул хатам рокъове тIадвуссиндал,
Исраъгин МигIражалъул, радал тIадеги вахъун,
ТIолго къурайшиязе хабар жинца бицана.

Гъоркьгоги жал къосарал къурайшазул ашрафал,
Исраъалъул бициндал, дагьалги капурлъана,
Куфруялъ мехтаразул тамада – Абужагьал
АхIмадица бицунеб балъаргъун гаргадана.

Байту-л-Мукъаддасалъул сипат-сурат цIехана,
ЦIер гIадинан, ХIабибас хIушухъ битIун бицана.

[1] Ай, гвангъи.
[2] Ай, ракьул гьомер масжидлъун гьабун (ай, как цо хассаб бакIалда байзе тIадаблъун гьабичIого, бокьараб бацIадаб бакIалда байзе бегьизе гьабун).*
[3] Зобалазул ва ракьазул.*
[4] Ай, кинабго гIаламалъе.

Нохда унаго жинда гIир[1] бихьанин абуна,
Эзда гъорлъа цо багIир[2] тIагIун бугин бицана.

БагIир араб рахъалде жинца ккезе гьарунин,
Гьезул къай-матахIалъулъ лъел къадахIги[3] букIанин,
КъадахIалда жаниса лъинги жинца гьекъанин, –
Гьал мухIканал сияхIал ХIабибас гьезий кьуна.

Гьалдаги гIей гьабичIо, «ГIир Маккаялде щолеб
Щиб заманаялъ?» - илан ХIабибасда гьикъана,
Бакъ тIерхьунеб гIужалда гьел раккизе ругилан
Расулуллагьас гьезий, чIванкъотIун, жаваб кьуна.

Бакъ тIерхьиналъухъ халккун хIаррасал[4] гIадин чIана
ХIабибасул рагIи хвей – гьезул мурад букIана.
Бакъ тIерхьанилан – цояс, гIир бакканин – цойгияс,
Цадахъ кIиясго абун, АхIмадил рагIи чIана.

ГIир баккиялда цебе бакъ тIерхьун унеб букIун,
Аллагьасул къудраталъ гьеб тIерхьине беччайчIо,
Бакъ тIерхьингин гIир бакки цадахъ ккезе гьабуна.
Гьанжиги къурайшазул анищал мекъса ккана.

Иман лъураздасанцин цо-цоял муртадлъана,
МигIражалъул харбиде уян абизе кIойчIо.
Амма Абубакарни, Аллагь разилъи щваяв,
Исраъгин МигIражалда ракI разилъун божана.

[1] Ай, варанабигун базаралъ унеб къафила.
[2] Ай, варани.*
[3] Ай, лъин жанибе тIолеб цIарагIи.*
[4] Ай, хъаравулзаби.*

Расулас бицун хадуб, гьелдаса кIудиябги
Дие уяб бугилан сидкъуялда кIалъана.
Сиддикъ абураб исму Аллагьас зодисанго
Гьесде лъун бачIанилан ГIали-асхIаб гьедана.

Гьидаят[1] насиблъараз МигIраж къабул гьабуна,
Къосун ккараб агьали инкаралдаго чIана,
Аллагьас тIоритIарал ТIагьаясде руссана,
Расуласул баркаталъ курмул гIелмудул цIуна.

ГIакъидат-гIамалалъулъ бищунго цере ана,
Уммат нахъбилълъиналъе гьудаталлъун[2] хутIана,
Халикъас Къуръаналда аят рещтIун реццана,
Умматалъул цIвабиян цIар Аварагас кьуна.

ЦIвабзаздалъун нух бачин гIадат билълъун бугелъул,
Нелъедаги гьездалъун шаргI цIунеян манлъана,
ШиргIату-л-исламалъул автадалги[3] гьеллъидал,
Гьезда нахърилълъаразе мекъса ккей букIунаро.

Исраъгин МигIражалде инкар жиндир бугев чи,
Бегьуларо гьеб хIалалъ, гьабизе ккела тавбо,
ГьабичIони, квеш ккела, ракIалдаги бухIила,
Бусурбанаб диналъул цIарги дуе хутIила.

ЦIаралъ гIей гьабулареб къоялъ цIакъ пашманлъила,
ШафагIат хIажалъидал, ХIабибас мугъги байла,
ХIабибасде рещтIараб Къуръаналда божичIел
Мунафикъзабазда гъорлъ исмуги дур букIина.

[1] Гьидаят – битIараб, Исламияб нухалде тIоритIи.*
[2] Ай, уммат тIобитIулеллъун.*
[3] Исламияб шаргI щула гьабизе чIварал магIал.*

Аллагьас, МигIражги кьун, ШафигIлъун жив гьавурав
Гьев ХIабибуллагьасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун, ризаллагь матIлуб гьабун[1],
БитIизин нелъецаги гьесде свалатгун салам!

***Мавлая свалли ва саллим даиман абадан***
***ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!***

[1] Ай, Аллагь разилъи тIалаб гьабун.*

# - ФАСЛО -

## АВАРАГАС ﷺ МАДИНАЯЛДЕ ГЬИЖРА ГЬАБИ

Мадиналъул ансарал Расулгун рекъей лъайдал,
Къурайшазул капурал кутакалда хIинкъана.
ХIабибасул Рисалат цебетIола бихьидал,
Бахьикъосараб агьло ургъалилъе тIерхьана.

Авсалги Хазражалги, МухIаммадгунги цолъун,
Цадахъ нужгун рагъизе хIадурлъулел ругилан, -
Гъоркьгоги рахIат хварал къурайшазул ашрафал[1],
Иблисалъ ахIи байдал, тIадеги гьалаклъана.

Гьезул зулму-хIал бергьун, хIехьезе захIмалъидал,
ХIабибасде шикаят [2] асхIабзабаз гьабуна.
Гьезий гьижра гьабизе изно Расулас кьуна,
Ясрибалдехун ине лъикI бугилан абуна.

Аллагьасул Расулас изно жедей гьабидал,
Гьижра гьабун, къокъизе къокъаби хIадурлъана.
ХIабибасул ишара Ясрибалде букIиндал,
Рес бугевщинав чияс сапар гьениб бухьана.

Сардилъ рахъун балъгого ине кколел рукIана,
Маккаялъул капураз квалквал гьабулеб букIун.
Абубакаргун ГIали Авараггун хутIана,
ХутIанщинал, дагь-дагькkун, Мадинаялде ана.

[1] Ай, гьезул цересел, къадро-къимат бугел чагIи.*
[2] Шикаят – гIарз, зигара.*

Амма ГIумар асхIабас, гьижра гьабун унелъул,
«Гьале дун унев вугин, рахъай, - илан ахIана, –
Эбел жиндир гIодизе, лъималги бесдаллъизе,
ЧIужуги къороллъизе бокьани», - ян абуна.

Иманалъ вугIун цIурав, хваниги ургъел гьечIев
ХатIабил ГIумарие мубариз[1] кисса щолев.
Квалквал досий гьабизе данде лъугьине ккани,
Досул хвалчен лъаларев чи вукIине ккеларищ.

Киналго мугьажирал Мадинаялде щвана,
Мушрикиназда гьоркьов ХIабибуллагь хутIана,
Аллагьасул рахъалъан изно жиндий щойзегIан,
Абубакар, ГIалигун, Маккаялда вукIана.

Мугьажиразда хадув Расул иналда хIинкъун,
Аллагьасул тушбаби хIилаялъе ургъана,
АхIмакъал пикрабигун, гьоркьор лъун, гьел дандрайзе
Дару-л-надваталде[2] жал балъгого ракIарана.

БатIа-батIа пикраби киназулго рукIана,
Койшав Абужагьалил гIакъло тIаса бищана,
Щибаб къабилаталъул[3] цо-цо фатаги[4] вищун,
Щивасухъе кодобе хвалчен кьелин абуна.

Хвалчабаца цадахъго, цояс гIадин, киназго
ХIабибасда кьабилин къвакIизабун бицана.

[1] Мубариз – данде вахъунев чи.*
[2] Данделъулеб бакI.
[3] Къабилат – тухум.*
[4] Фата – гIолохъанчи.

Цинги къабаилазулъ,[1] бидул тушманлъи биххун,
РецIел босизе тушман вукIинарин абуна.

Наждалдаса шайхасул сипатгин суратaлда,
Тушман – малгIун-иблисги букIана гьезда гьоркьоб.
Гьелъги, Абужагьалил вахIшияб гIакълоялъе
КIудияб къиматги кьун, гьедин лъикIин абуна.

ЛъикIал чагIазе макро койшаз гIемер ургъула, -
Аллагьас беччайчIони, рагIалде бахъунаро,
РагIалде бахъарабги нахъа битIун кколаро, -
БетIергьанасул рахъалъ истидражлъун[2] батула.

Жибрил малаик вачIун ХIабибасде бицана,
ХIилла-макро къурайшаз ургъун бугин абуна.
Къассе дурго босада ГIали вегизавеян,
ГIакъло кьун, Жабраилас манлъа-хъвайги гьабуна.

Гьижраялъе Аллагьас изно жиндие кьуна,
Абубакарихъе ун, къачIайилан абуна,
«Къассе къватIир рахъине хIадурлъе», - ян манлъана.
ХIайдар –ГIалигун цадахъ живги рокъов вуссана.

Къурайшазул ахIмакъаз къассе рукъ сверун ккуна,
Расулуллагь чIвайчIого теларин жал рукIана.
Жиндирго босеналда ГIалиги рахIат гьавун,
ХIабибуллагь МухIаммад къватIивехун вахъана.

Хъат цIураб ракьги босун, «Ясин» - ги цIалулаго,
Расулас капуразде, койр хьвагIун, тIаде щвана.

[1] Тухумазулъ *
[2] Ай, гьел гуккиялъе сабаблъун.*

Шанша квараб кинниги, киналго кьижун ккана,
Кьижаралъур гьелги тун, ХIабибги нахъе ана.

Абубакаргун цадахъ Савралдехун къокъана,
Савруялъул нохъода лъабго сордо-къо бана.
Расуласул босада, малайкзабаз цIунарав,
ГIали-асхIабги хьихьун, сордо азги рогьана.

Радал гьазда лъаларев цо гIадан аскIув щвана,
Щиб ножоца гьабулеб гьанибилан гьикъана.
Гьаз, МухIаммад къватIиве вачIиналъухъ ралагьун
ЧIун ругилан, гьасие согIабго жаваб кьуна.

Нуж мурадалде щойчIин, анищалги тIорайчIин,
Ножор щивав чиясул ботIроде ракьги банин,
Кьижаралъур нужги тун, довги гьаниса анин,
Гьазие дов ражулас хIасил баян гьабуна.

«Гьас бицунеб щиб?» - абун, щивас койрал рахъидал,
Киназулго бутIрузда ракьул асар батана.
Рихха-хичун лъугьана, нечон гIодор къулана,
ГIали босада ватун, тату хун нахъруссана.

Халикъасул къудраталъ, Къадирасул хIикматалъ,
ХIабибас гьеб сордоялъ тIаде ракь баралщинал,
Бадроялъул къояца, гъорлъа чи камичIого,
Киналго асхIабзабаз, гIачи гIадин, гъурана.

Расулуллагь валагьун ахIмакъал къурайшияз,
Къобихьун, Маккаялда раккичIел бакIал течIо,
Борхалъуде рахана, гIодорлъаби сверана,
Савралдехун араб цо лъалкIалда хадур ккана.

Цуцаде ахIи бана, ахIуд хадур рахъана,
ХIабиб чIван вачIарасе, яги ккун вачIарасе
Нусго варанияльул сайгъат бугилан абун,
Абужагьал-малгIунги цIакъго чIухIун кIалъана.

АхIуд бахъараб къокъа гъару-Савралде щвана,
Щивниги чи гьечIилан гьениса нахъруссана.
Нусиречалъ босен лъун, маккаца ханал гьарун,
Гьеб нохъоялъул кIалтIу бацун гьезда батана.

Гьадинал сабабалги багьанадае тIамун,
ТIагьа тушбабаздаса БетIергьанас цIунана.
Гьоркьоб пардав гьечIого, беразда цере ругел
Расулгин Абубакар гьезда рихьизе кIойчIо.

Жиндирго рухIалдаса Авараг хиралъарав
Абубакар гъаралъув[1] живго цеве лъугьана.
Жанир ратарал картIал, чIартал ругIун, рацана,
ЧIарталги, тIад ретIараб партал бихъун, гьаруна.

Гьедин картIалги рахчун, цохIо нахъе хутIана,
Цинги, гьелъул кIалтIаги хIетIе лъун, гIодов чIана.
ХIабиб, жиндир кварчIиниб бетIерги лъун, кьижана,
Борохьалъ Абубакрил эгъеялда хIанчIана.

ХIабибасул кIаркьаде магIу жиндир тIинкIана,
ТIуркIун ворчIун, ХIабибас щиб ккарабан гьикъана.
Борохьалъ хIанчIанилан Абубакар кIалъана,
АхIмадица хIацIу тун, унти жиндир тIагIана.

[1] Гъар – нохъо.*

Сардилъ Абубакарил ГӀабдуллагь, къурайшазул
Къад ккараб хабар босун, гьазухъе вачӀунаан.
Гьединго, лъин-койн гӀадаб, къварагӀараб-тарабгун
Къассе, тохаб гӀужалда, Асмаъги[1] хьвадулаан.

Абубакарил гъулам – ГӀамир бину Фагьират -
Гьевги Савруялдехун гӀиги бачун унаан.
ГӀи добе-нахъе бачун, ГӀабдуллагьгин Асмаил
ХӀатӀазул лъалкӀ хойзаби – гьесул мурад букӀана.

Бахьикъосараб агьло нохъодул кӀалтӀе щойдал,
Щиб гьабилеб лъайчӀого, Абубакар хӀинкъана.
«Аллагь цадахъ вугелъул нелъей ургъел щиб?» – абун
Аварагас абидал, эсул ракӀ парахлъана.

Лъабго сордо Савралъул нохъоялъуб рогьана,
Фагьиратил вас ГӀамир варанабигун щвана.
Варанабиги рачун, гьеб къоялъ вачӀа абун,
Гьесие гьабун тараб къотӀи-къайги букӀана.

Къассе, итни сордоялъ, Савралдаса рахъана,
Ралъдал рагӀалдехун къан тохаб нухасан ана,
Нух манлъизе далилги цадахъ вачун вукӀана.
Чанги захӀмалъиялда ХӀабибас Макка тана.

Инсул росу-ракьги тун, Расул къватӀив унелъул
ТӀолго мугӀрулгин щобал щущан инчӀел кинандай?!
Кинабго гӀаламалъе рахӀматлъун жив витӀарав,
Женаз магӀу гьабуна, гьесда хадур ралагьун.

[1] Абубакар асхӀабасул ﵁ яс.

Гьаб пашманаб хIалалда ХIабибуллагь унаго,
Умму МагIбад абулей гIаданалъухъ рещтIана.
Расулас: «Бичун боссе рахь, гьан гьечIищ?» – абуна,
Гьелъул койр балеб бакIалъ щибниги жо батичIо.

Жиб хIалакъаб, яхI хвараб лемагалде бер щвана,
«БечIчIизе бегьилищ?» - ан Аварагас абуна.
«БечIчIизени бегьила, гьелда рахь гьечIо», – абун
Изну кьун, ХIабибасде Умму МагIбад кIалъана.

ХIабибас, дугIа гьабун, гъваруда койр бахъана,
БечIчIун бахъунареб рахь лемагалде бачIана.
Кинацаго гьекъана, вакъарав чи хутIичIо,
Къавмалдего баракат ТIагьаясул рещтIана.

Гьелдаса хадуб лемаг радал-къассе – кидаго,
Гамущ гIадин, бечIчIулеб, рахь гIемераб лъугьана.
Расул гьоболлъун вачIун, баракат рещтIараб къо
Рохалилаб байрамлъун агьалиялъ гьабуна.

Гьанжи цойги риваят, Расуласул мугIжизат,
Нелъейго баркаталъе гьебги рехсон бихьизин,
Фансуб ила затигьи ма шиъта мин шарафин
Вансуб ила къадригьи ма шиъта мин гIизамин[1].

Умму МагIбадил бакIалълъ лъалхъун вугеб гIужалда
ГIаламалъул хирияс какичури гьабуна.
Койрал чурун хадуса жиндир кIал хулараб лъин,
Чодрода цебе бугеб зазил гъотIокье тIуна.

[1] Дуца Аварагасде ﷺ бокьарабгIан кIодолъи гIунтIизе гьабе, гьесул къадроги кигIан кIваниги тIадегIан гьабе, амма насранияз ГIисал عليه السلام хIакъалъулъ гьабураб гIадин, Аллагьлъиялъул къадроялде вахине гьабвуге.*

Кьижун сордо рогьана, радал тIаде рахъана,
Расуласул мугIжизат къавмалъе загьирлъана –
Заз букIараб бакIалда кIудияб гъойтI батана,
Тамашалъун, гIадамал рихха-хичун лъугьана.

Варсалъул[1] тIогьилаб кьер, гIанбаралъул цIакъаб махI,
ГьацIдал тату-тIугIм бугеб тIад бараб пихъ букIана.
Ракъараца кванани, къуталъе[2] гIей гьабулеб,
Къечаразе абуни, лъел бакIалдаги чIолеб;

Унтараца кванани, тIиббалъул[3] бакIал кколеб,
ТIамах квани хIайваналъ, хIисаб хун, рахь цIикIкIунеб.
Баркаталъул гъойтIилан агьалиялъ цIарги лъун,
Агьлу-л-бавадиязе[4] давлалъун гьеб букIана.

Гьаб баракат-рахIматгун рохалида рукIаго,
Радалалде цо къоялъ гъойтI сасалда батичIо, –
ТIамах гIисинлъун буго, гIодобе гъун пихъ буго,
Бихьарасда къосунеб къагIида лъугьун буго.

Лъугьараб щибдай абун, гIадамал хIайранлъана,
ХIабибуллагь накълолъун ккараб гIузру батана,
РахIматалъул авараг ахираталде индал,
Баркаталъул гъотIоде гьая ккейи хIакълъана.

Лъеберго сон-замана цого хIалалда ана.
Цо къоялъ радалалде тIад заз бижун батана,

[1] Бижулеб хер, кьер тIогьилаб, жо белъунеб.
[2] Къут – квен.*
[3] Даруялъул *
[4] ГIалхуда яшав гьабулезе (бедуиназе).*

Берцинлъиги тIаса ун, тIад букIараб пихъги гъун,
Гъоркь букIараб суратги гьелъул хутIун батичIо.

Гьанжеги гIадамазул рахIатхойи лъугьана,
Лъугьа-тараб щибдаян цIех-рехалда рукIана,
Хаварижазул койшав Ибну Мулжимил васас
АбутIалибил ГIали чIванилан хабар щвана.

Шагьидлъун Расуласул варису-л-гIилми[1] хварав,
ГIалахалда букIараб гъотIол хIалалда лъана.
ХIабибасул вацгIалас чIалгIараб дунял тедал,
ЧIегIер бараб гIаламат гьелдасан загьирлъана.

Гьелдаса хадуб гъотIол тIобанго нур ссун ана,
ТIамах тун батIаяб жо тIад балареб лъугьана,
ТIамахалъул къуватги пихъил гIадаб букIана,
Пихъалъ гIадинаб пайда гIадамазеги кьуна.

Зазил цIунаниги гъойтI, баракатгун хутIана
ТIад бижулеб пихъил бакI тIамахалъ ккун букIана.
Хадуб, къого соналъул замана гьоркьоб индал,
Гьеб гъойтIалъул рохтолъан бацIадаб би баккана.

Би баккидал гъойтIалъул тIамах гургурун ана,
ТIобанго берцинлъи ун, хъарахъ гIадин лъугьана.
ГIадамазда гьелъулъги цо хIикмат букIин лъана, –
Карбилаалда ХIосен чIван вугилан рагIана.

ГIаркьалаби ракъвана, гурараб тIамах гъана,
ТIокIаб гъойтI цебелъичIо, цойидасан бакъвана.

[1] ГIелмуялъул ирсилав.*

Батулил берзул канлъи ахираталде индал,
Баркат ракьалдаса ин гьеб мехалъги тIатана.

Гьаб хIалалда холаго хулафаалги тIагIун,
Ханзаби загьирлъараб замана байбихьана.
Заламатазул[1] гIадлу шаргIалдаса бахъана,
ШафигIасул нух ккураб агьалиги камичIо.

Аварагас бицухъе умматги бикь-бикьана,
Аллагьас тIоритIарал хIакъаб нохдеги ккана,
ХIабургъараб лъин гIадин, дин-Исламги лъугьана,
Дунялалъул абнаал[2] элъ кордеги росана.

Расуласул агьлу-л-байт, асхIабал, табигIинал, –
Тавфикъ кьеги Аллагьас эз ккураб нух цIунизе.
Эзул хIакъикъат лъарал гIарифуназул баркат
Умматалда гIамм гьабе, гIалам бижарав! Халикъ.

Амин!

Гьанжи нилъ тIадруссинин нелъерго мурадалде,
Мадиналде бухьараб сапаралъул харбиде,
Умму МагIбадил рокъоб рехсараб чIейги гьабун,
Гьелдаса хадуб ТIагьал ккарабщинаб бицине.

Гьенисан жал унаго АхIмадий гъараялъе,
Гъоркь чIолареб чу рекIун, Суракъат гIагарлъана.
Расуласул нафсалда Абубакар хIинкъана,
Аллагь нилъгун вугилан сабро ХIабибас кьуна.

[1] Ай, зулмуял ханзабазул.*
[2] Ай, дунялалъул агьло.*

ХIабибуллагь чIвайчIого тIадвуссине къасд гьечIев
Сураккъатил вачIинги цIакъ чIухIараб букIана.
Гьев чIварасе къурайшаз кьезе къотIи гьабураб
Нусабго вараниги ас нахъе лъун букIана.

Бахъараб гьури гIадин, бихьила горищ абун,
КIалалги гьикъулаго Суракъат аскIув щвана.
Аварагас гьарана, жаваб Аллагьас кьуна,
Жив рекIараб чуялъул бохдул ракьулъе къана.

КъвакIараб ракьда жаниб, салулъ гIадин, чу къайдал,
Чара хварав Суракъат хIелхIедизе лъугьана.
ХIабибасде гьардана: «Хвасар гьаве!» – абуна.
Гьесул мутIигIлъи бихьун, ТIагьал рахIму цIикIкIана.

Ракьалъ чу беччан тана, Суракъат хвасарлъана,
Хадусанги Авараг теларилан лъугьана.
Гьанжиги, добго хIалалъ, чу ракьалъ жаниб ккуна,
Жиги Суракъат хIелун ХIабиб жинда гурхIана.

ХIабибас гурхIел гьабун, Суракъат данде вахъун,
Ракьалда чу ккойзаби чанцIулго такрарлъана.
Тавбо гьабун, Суракъат ахиралда кантIана,
АхIмадил хIакъикъат лъан, иманалде вачIана.

ВачIаравго нухдасан Суракъат тIадвуссана,
Расулуллагь цIунизе кIвараб жигар гьабуна,
Жинда данде ккаралги нахъруссине гьаруна,
Гьанисан гьев ун гьечIин хабар гьезий бицана.

Суракъат тIадвуссана, ТIагьа нухде лъугьана,
Бурайдат бину ХIусайб ХIабибасда дандчIвана.

ХIабиб чIварасе кьолеб нусго варaниялда,
РекIел хьул-анищалда данде лъугьун вукIана.

Лъабкъоялда анцIго чи къавмалъул цадахъги къан,
Цеве лъугьарав гьесда ХIабибуллагь кIалъана,
Насаб-тухум цIехана, «Мун щив?» – абун гьикъана,
«Ибну ХIусайб Бурайдат вугин», – жаваб гьабуна.

Гьесул жавабалдаса Авараг цIакъ вохана,
Рохел нелъей бугилан Сиддикъасде абуна,
Исламалде вачIана, Бурайдат гIенеккана,
ГIакъло бергьун, жагьло къун, дагIват къабул гьабуна.

Гьалмагълъиги живгоги Алжан гIадин лъугьана,
Исламалдеги рачIун, асхIабзаби рахъана.
Аллагьасул рахIмат-цIоб цIадлъун тIаде чвахана,
ТIагьагун гьижра гьабун, Мадинаялде ана.

Мадяналдехун арав Муса авараг гIадин,
АхIмад, Къубаалде щун, тущбабалъа ворчIана.
РабигIул авалалъул анцIила кIиабилеб
Итни къо гьеб букIанин цо риваят бачIана.

Расулас, вадаигIал[1] тIадруссине гьаризе,
ГIали Маккаялдаго вакиллъун тун вукIана.
Лъабабилеб къоялде, вадаигIалги рикьун,
ЗугIафаалгун[2] цадахъ гьевги тIаде гIунтIана.

Такъваялда кьучI тIамун, масжиду-л-Къуба бана.
Исламияб тарихги гьелдасан байбихьана.

[1] Ай, гIадамаз хьихьизе кьун букIараб мал.
[2] ЗагIипал бусурбаби.*

Гьенир рарал къоялги хилафалда рицана,
Цояз, анцIила микьго къо банилан, абуна.

Авараг рузман-къоялъ радал Къубаалдаса
Мадиналде унаго рузман нухабго бана.
Бану-салимал чIараб, Ранунаан цIар бугеб,
Къубаъгин Мадиналда гьоркьоб бакI гьеб букIана.

Гьелде щойзегIан рузман ХIабибас бан букIинчIо,
ТIоцебесеб жумгIатлъун жиндие гьеб букIана.
Нусго жамагIатчигун жинца гьебги тIобана,
«Нуру-л-абсар» абураб тIехьалъ гьадин бицана.

Гьаб тIоцобесеб рузман Расулас Къубаалда
Барабин абизеги имкан гьечIеб жо горо,[1]
АнцIила ункъо гIун къо, ялъуни къоло кIиго
Къубаалда бан хадуб, рузман-къо бачIунелъул.

Лъабго-ункъо къо гореб, Къубаалда Расулас
БайчIебилан абуни, рузман-къо щоларелъул,
Ранунаалда рузман бан букIине бегьиги, –
Гьаб риваят босани, данде ккунгутIи гьечIо.

Кинаса батаниги, нилъ инкарчагIи горо,
Инкаралдаса хIинкъун, рехсезе ккана хилаф.
Маккаялда вукIаго ХIабибас рузман байчIо,
Рузман базе гьесие рес къурайшаз кьечIого.

Расул тIаде щоялъухъ гIащикъал бусурбаби
Лъабго къоялъ тIатIала интизаргун[2] рукIана,

[1] Ай, букIине бегьулеб жо буго.
[2] Ай, балагьун чIун.*

Эсдаса хьулги къотIун, рукъзабахъе руссана.
Расуласул къапила гIагарлъулеб букIана.

Борхатаб гохIде вахун, халгьабун валагьарав
Ягьудиясда рихьун, магъущ гIадин ахIдана.
Авсалгин Хазражазда хабар лъайзе гьабуна,
Гьадаб къапила ножор рохел бугин абуна.

Рохалида Авараг Мадинаялде щвана,
Щивав чиясе ТIагьа тIаде рещтIин бокьана.
ТIолазулго хIал цIунун, ХIабиб гьезда кIалъана,
РакIбащадаб жаваб кьун, киналго разилъана.

«Вараниялде амро Аллагьас гьабун бугин,
Амро гьабуралъубе ине беччай», – абуна.
АхIмадги тIад рекIухъе варани цебе ана,
Масжид базесеб бакIалълъ, накалда чIун, лъалхъана.

Гьениса тIаде бахъун, варани цебе ана,
Абу Айюбил бакIалълъ добго лъалхъи гьабуна.
Гьанжиги, тIаде бахъун, варани тIадбуссана,
ТIоцобе жибго чIараб бакIалда къарарлъана.

Рахъ-рахъалде балагьун, варани уръудана,
Дир манзил[1] гьаб бугилан Расул гъоркье рещтIана,
Масжид байзе гьеб бакIал жинца тIалаб гьабуна,
Гьибатлъун[2] кьолеб букIун, ТIагьае къабуллъичIо.

Зараратил васасул тIалабалда гъоркь ругел –
Ракьалъул бетIергьаби – кIиго ятим вукIана.

---

[1] Ай, дун рещтIунеб бакI.
[2] Ай, чIобого кьолеб букIана.

КIиявго ятимасе анцIго динар малги кьун,
Масжидалъе кьучI лъезе ХIабибас байбихьана.

Байбихьараб замана, цо риваят халгъабун,
РабигIу-л-авалалъул ахиралда букIана,
КIиабилеб соналъул Сафар моцIалъ тIамуна,
«ИсгIафу-ррагъибиналъ» гьедин баян гьабуна.

Бинаалъулъ[1] Авараг живгоги гIахьаллъана,
АсхIабзабада цадахъ гамачI баччун хIалтIана.
ХIалтIухъабаца кирпич цо-цоккун босулелъул,
Цадахъ кIи-кIи горони, ГIаммарица босичIо[2].

ГIимараталда цадахъ[3], масжидалъул ракьанда,
Савдатгин ГIаишатий кIиго хIужраги бана.[4]
ХIужраби-масжидалъул бинаъ тамамлъизегIан[5]
Абу Айюбил бакIалълъ ХIабибас чIей гьабуна.

Расул Мадинаялде щвараб къоялъ абуни,
Шагьаралда щибаб жо нуралъ гвангъизабуна.
Гъилманалгин живараз, ХIабиб веццун ахIулел,
ХIасратал шигIрабазул бакъназ гохI-щобал цIуна.

Щвараллъувгин аралъув рахIмат цадахъ бачIунев,
ЧIагоялгин хваразе жиндир баракат гIаммав,
ГIаламалда жив вокьи Халикъас тIад гьабурав,
Вокьун, битIизин свалат хирияв ХIабибасде!

---

[1] Ай, масжид баялъулъ.*
[2] Ай, кIи-кIиккун босана.
[3] Ай, масжид баялда цадахъ.*
[4] Масжид балагун гьелъул ракьанда Савдатиеги ГIаишатиеги хIужраби рана.
[5] ХIужрабиги масжидги бан бахъинегIан.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб абадияб свалат-салам лъе Аллагь*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб АхIмадида.*

# -ФАСЛО-

## КЪИБЛА ХИСИЯЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Ислам байбихьулаго кIи-кIи ракагIат какил
Радалгин бакъанида тIобитIулеб букIана.
Байту-л-Мукъаддасалде руссунги гьеб балаан,
Сордо-къоялъе щуго как фарзлъун гьабизегIан.

Гьелда хадуб абуни, КагIба гьоркьоб ккезабун
Байту-л-мукъаддасалде руссун, байзе лъугьана.
Масжиду-л-Акъса жиндий къиблалъун гьабуниги,
Байтуллагьалъул хIурмат ХIабибуллагьас течIо.

Мадиналде щойдалги къудраталъул Аллагьас
АхIмадие къиблалъун Байту-л-Мукъаддас тана.
Байту-л-Мукъаддасалде как байзе жив вуссиндал,
КагIба, битIун мугъалде нахъе кколеб букIана.

Нахъехун КагIбаги ккун как байзе ХIабибасул
КигIанги цIакъ ракIалъе захIмалъулеб букIана,
БетIергьанас къиблалъун КагIба гьабизе бокьун,
Рокьи, анищ гьелдаса батIалъулеб букIинчIо.

ТIагьаясул ракIалъул анищ Жинда бихьидал,
Аят рещтIун, Къадирас къибла хисизабуна.
Къалъул какилъ рукIаго, кIиго ракагIат байдал,
КагIбаялде вуссаян Жабраилас абуна.

Авараг гьебсагIаталъ КагIбаялде вуссана,
Какил кIиго ракагIат гьелдехун вуссун бана.

Гьаб хIалалда цо какилъ кIиго къибла хисана,
Хисиялда жанибги хIикмат камун букIинчIо.

ХIабибасе къиблалъун къудраталъул Аллагьас
Байту-л-Мукъаддас гьаби таълифалъе[1] букIана;
Ягьудиязул къибла гьеб букIиндал, Аллагьас,
Гьезул ракIал лъикI гьарун, хIалбихьизе букIана.

ХIасадалъул цIакълъиялъ ягьудиял чIухIана,
ЧIухIарал харбал рицун, нахъасан гаргадана.
«Дин жиндиргояб гьабун, какилъ къибла нелъер ккун,
МухIаммад вихьулищ?» - ан щурщудулел рукIана.

ШафигIасул хIалада хIасад гьезул бичIчIана,
ТахIвилу-л-къиблаталде[2] рекIел гIищкъо цIикIкIана,
ГIищкъо ккараб жоялде Аллагьас жив вачана,
Умумузул батараб КагIба къиблалъун кьуна.

Къибла хисун, Авараг КагIбаялде вуссиндал,
Буссана гьевгун цадахъ нахъияб жамагIатги,
Цинги мунафикъазе, хасго ягьудиязе
Гьеб къо цIакъго захIматаб, кIудияблъун букIана.

РекIелъ иман загIипал диналда щакдарана,
Ягьудиялгун цолъун муртадаллъун лъугьана.
Муъминзабазул иман тIадеги щулалъана,
ШафигIасда нахърилълъун, хиралъиги цIикIкIана.

Расуласул нафсалде къибла хисиги рехун,
Къосарал ягьудазул ахIбарал дандечIана.

[1] Ай, ягьудиязул ракIал лъик рукIине гIоло.
[2] Ай, къибла хисизе гьабиялде.

ХIабибасул гIунгутIи гьеб бугеблъун рикIкIана,
Гьезул нифакъ тахIвилалъ[1] къватIиб чIвайзе гьабуна.

ХIатта бусурбабазул Байту-л-Мукъаддасалъул
Къибла хисиялда тIад щаклъи бижизабуна,
Масжиду-л-Акъсаялде руссун, какал ран хварал
Куфруялда хвараллъун кколел ругин абуна.

Яги Байту-л-Мукъаддас хIакъаб къиблаги букIун,
Гьанжи ав къосанилан Расуласде бугъана.
Бицине анищан ккун, щибго жо нахъе течIо,
Тавраталда бугебни цIакъго балъго гьабуна.

Балъго гьеб гьабичIого гьезий ресги букIинчIо –
Расуласул сипатал гьелда рицун рукIиндал.
Гьел сипаталги цIалун, гIамал гьабун хадуса
Гьез нелъер ХIабибасде иман лъезе кколаан.

Иман лъезе чIухIарал ахIбаразе[2] абуни,
ТахIвилу-л-къиблаталъул[3] амро балъго букIинчIо.
Эзда кодоб букIараб Тавраталда жанибги
ТахIвилалъул хIакъалъулъ мухIканго хъван букIана.

Маккаялда къварилъи къурайшияз гьабуна,
Гьанжи Мадинаялда ягьудалги ратана.
Гьаздасаги захIматал мунафикъал рукIана,
Рукъалъул цIогьал гIадин, балъго данде хIалтIулел.

[1] Ай, къибла хисиялъ.
[2] АхIбарал – жугьутIазул гIалимзаби.*
[3] Ай, къибла хисизе гьабиялъул*.

Абу ГIамир абулев, Ислам бачIинелдего
Насранияб дин ккурав дозул рагьиб[1] вукIана.
Расул Мадинаялде, гьижра гьабун, вачIиндал,
Диналдасан бахIсалъе бахьикъос хIадурлъана.

Расулгун данде чIвана, чIухIун калам гьабуна,
«Кинаб диналдалъун мун вачIун вугев?» – абуна.
«Ибрагьимил битIараб, бацIцIадаб диналдалъун
Дун вачIун вуго», – абун, Аварагги кIалъана.

Абу ГIамирги данде, дунги гьелда вугилан,
ДагIбадизе лъугьарав гIодовего вуссинчIо.
Расуласул Рисалат гьасие данде ккечIо,
Диналъулъ бищунго жив витIарав вугин чIана.

Гьелда ракIчIей букIиналъ гъоркье рехарав фасикъ,
Фасикъаб рагIудалъун ХIабибасде кIалъана.
Нилъ кIиясулго кинав каззаб[2] ватананиги,
ВахIидан фариданлъун[3] хвагийилан абуна.

«Амин» абураб жаваб ХIабибасги гьабуна,
Гьалдалъун кIиясулго бахIсалъе ахир лъуна.
УхIудалъул къоялъги, ХIабибасда тункараб
Каламалдалъун, малгIун чIухIдае гаргадана.

Гъазвату-л-хIунайналда Гьавазинал койгъидал,
Койшав Абу ГIамирил рекIелъе хIинкъи ккана.
РахIманасул квербакъи ХIабибасе бихьидал,
ХIалихьатав фасикъас Шамалде нух босана.

[1] Рагьиб – монах, поп.*
[2] Ай, гьересияв.
[3] Ай, вахIшияб куцалъ.

Шамалда живгоги чIун, Мадинаялда тарал
Мунафикъзабазухъе хъвараб кагъат битIана.
Ярагъ данде бакIарун, кIвараб къуват хIадурун,
Дун тIадвуссун щойзегIан щула чIаян манлъана.

Румазул Къайсарилгун къотIи-къайиги гьабун,
Гьесул гIаскар бачине жив унев вугин хъвана,
Жиндие цо масжидги бан теян буюрана.
Балъго хъвараб гьаб кагъат мунафикъазухъ щвана.

Къубаалда гIагарлъухъ масжиду зирар[1] бана,
Бусурбаби рикьизе гьари мурад букIана.
Бинаъ тIобан хадуса[2] Расуласухъ рачIана,
Расги намуслъичIого, гьересигун кIалъана.

Масжид байи бицана, мурад балъго гьабуна,
«Баркаталъе как байзе мунги вилълъа», – абуна.
Авараг, Табукалъул гъазаваталъ вахъине,
Гьеж гурун, хIадурлъараб хIисабалда вукIана.

«Сапаралъ къватIиве дун лъугьунев вуго», – абун,
Аллагьасул Расулас жаваб гьезий гьабуна,
Гьениса жив тIадвуссун, чIаго рокъове щвани,
Иншааллагь, как байзе вачIинин рагIи кьуна.

Расул сапаралъ ана, саламат тIадвуссана,
Мадиналда гIагарлъухъ Зи-аваналда[3] чIана.
Аллагьасул рахъалъан Жибрил малаик щвана,
Масжиду-зираралъул мурад баян гьабуна.

[1] Ай, бусурбаби рикьизе гьаризе гIоло бараб масжид.
[2] Ай, бан бахъиндал.
[3] БакIалда цIар.

Гьелъул хIакъалъулъ къиса Къуръаналда бачIана,
Мунафикъазул макро Аллагьас къватIиб чIвана.

Абу ГIамирил пулан гьабаун мансурлъана,[1]
Гьеб лъайчIел дол гаврурал ХIабибасухъ рачIана.

ХIабибасе гьанжиги добго хабар бицана,
Дур дугIагин баракат бокьун бугин абуна,
Аллагьасул цIар бахъун, Расуласе гьедана,
МаслахIаталъе бараб масжид бугилан чIана.

Мунафикъасе гьеди гьадингояб жо буго,
Гьесда Аллагьасдаса хIинкъизеги лъаларо.
АсхIабзабиги ахIун, ТIагьаяс буюрана:
«ТIокIаб нахъбахъичIого, масжид биххе», – абуна.

Биххун тIатIала лъуна, бухIун тIурччи гьабуна,
Гьеб букIараб бакIалги рощнол гохIалъе ккуна.
Рахъ-рахъалде рикь-рикьун мунафикъалги ана,
Макроялъе рехараб гьинги гIадада хвана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَالَّذِينَ اتَّخَذُوا مَسْجِدًا ضِرَارًا وَكُفْرًا وَتَفْرِيقًا بَيْنَ
الْمُؤْمِنِينَ وَإِرْصَادًا لِّمَنْ حَارَبَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ مِن قَبْلُ ۚ وَلَيَحْلِفُنَّ إِنْ أَرَدْنَا إِلَّا
الْحُسْنَىٰ ۖ وَاللَّهُ يَشْهَدُ إِنَّهُمْ لَكَاذِبُونَ ﴿١٠٧﴾﴾ التوبة: ١٠٧

Халкъалъулго хирияс «Амин» абун букIиндал,
Абу ГIамирил дугIа, гьебги гIадада хойчIо.
ГIадан гурхIараб хIалалъ, вахIшияб хвелалдалъун
Шамалда гьевги хвана, мурадалдеги щойчIо.

[1] Ай, хIурлъун ана.

Мадинаялде щойдал, гьава-бакъ рекъечIого,
Мугьажиразда гъорлъа лъикIалан чи унтана.
Абубакар, ГIаишат, ГIамир бину Фагьират,
Билал-асхIаб гIадинал – гьаздеги унти щвана.

Ислам бачIинелдего Ясрибалъул вилаят
Унти-вабаъ гIемераб бакI букIарабин буго.
БетIергьанасде гьарун, ХIабибас дугIа гьабун,
Гьеб унти, Мадина тун, ЖухIфаталде ун буго.

«Инсул росуялдаса Ясриб мугьажиразе
Бокьулеблъун гьабе», - ян Аварагас гьарана,
Гьаздагин ансаразда гьоркьоб вацлъи гьабуна,
Гьеб, щула гьабун, къотIи Анасил рокъоб хъвана.

Акъарибал нахъе тун, ирс цуцазе манлъана.[1]
Гьеб хIукму насху гьабун[2] , хадуб аят рещтIана.
Ислам цебетIуниги, мунафикъал хIалтIана,
Мадиналъул ягьудаз хIасад цIакъго гьабуна.

Гьезда гьоркьосан цояв – АгIсамил Лабидица,
Авараг, сихIро гьабун, заманаялъ унтана.
Унтиялъ чорхол сахлъи хисун жиндир букIана,
Жабраил малайк вачIун, сихIро загьир гьабуна.

ХIабибас АгIсамил вас Лабид тIаде ахIана,
Инкар тун жив мукIурлъун, гIузру бачун, кIалъана,
ГIарац кьун ягьудияз тIамун вукIин бицана.
ТIаса лъугьун, ХIабибас, эркен гьавун, веччана.

---

[1] Ай, ирс гIагарлъиялъе гореб, диналъул вацазе бихьизе гьабуна.
[2] Ай, ирс диналъул вацазе кьолеб хIукму хисун, гIагарлъиялъе бихьизе гьабун.*

Убаййул вас ГIабдуллагь – мунафикъазул бетIер.
ТIагьаяс гьесде, хойдал, жаназалъул как бана,
Жаназа тIобитIизе гIахьаллъиги гьабуна,
Гьесул къабруялда[1] жив вукъуф гьабунги чIана.

Гьелда хадуб ТIагьаде тIадегIанав Аллагьас
Аят рещтIун, мухIканго хIукму гьелъул бицана.
Как байи, хобалда чIей хварав мунафикъасе,
Халикъас, гьабугеян, ХIабибасда манлъана.

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَلَا تُصَلِّ عَلَىٰٓ أَحَدٍ مِّنْهُم مَّاتَ أَبَدًا وَلَا تَقُمْ عَلَىٰ قَبْرِهِۦٓ ۖ إِنَّهُمْ كَفَرُوا۟ بِٱللَّهِ
وَرَسُولِهِۦ وَمَاتُوا۟ وَهُمْ فَٰسِقُونَ ﴿٨٤﴾ ﴾ التوبة: ٨٤

Мунафикъзабазде как тIокIаб ХIабибас байчIо,
Гьел рукъизе унелъул гIахьаллъиги гьабичIо.
ГIабдуллагьидеги как, гьев вокьун, бан букIинчIо,
Гьелъулъ маслахIат бихьун таълифалъе[2] букIана.

Исламалде вачIарав, гIакъидатги бацIцIадав
ГIабдуллагьил вас вукIун, гьесул ракIалъе гIоло,
Гьединго Хазражазулъ къадро жиндир кIудияв
Живго ГIабдуллагь вукIун, дозулги ракI лъикIлъизе.

РахIму[3], гIафву[4] гIемерав, гIелму, фитIнат[5] камилав,
ГIузру къабул гьабизе жинда чи бащалъичIев,
Жиндир даражаялда данде ккараб маслахIат
Исламалда дагьабищ Аварагас гьабураб.

[1] Къабру – хоб.*
[2] Ай, дозулгун хIал лъикI гьабун.
[3] Ай, гурхIел.*
[4] ГIафву – тIаса лъугьун тей.*
[5] ФитIнат – цIодорлъи.*

Гьаб жанаизалъул как ГIабдуллагьиде байдал,
ГIемер мунафикъасул рекIелъа хъублъи ана.
Расуласул камилаб шаъну-гIамал бихьидал,
БукIинчIеб лъикIаб асар къулубазулъ[1] бижана.

Гьижрияб тарихалъул тIоцобисеб соналъулъ
Саламил вас ГIабдуллагь Исламалде вачIана,
Мадиналда рукIарал тIолго ягьудиязул
Саййидилан абулев хIибруги[2] жив вукIана.

Гьаб соналъ байбихьана как ахIи, къамат гьаби,
Гьебги асхIабзабада Аварагас дандбана.
«Бищун лъикIаб гIаламат какил гIуж щвараб лъайзе
Кинабдай букIина», - ян мушавара гьабуна.

Гьелда тIасан гIадамал батIа-батIа кIалъана,
Бищунго рекъараблъун нидаъ[3] чIезе гьабуна.
Зайидил вас ГIабдуллагь мунадилъун[4] вукIана,
Нидаалъул сигъаги[5] макьилъ гьесда манлъана.

Гьаб соналде щойзегIан, дагIват гьабун горони,
Диналъул тушбабазде ХIабибас койр борхичIо.
КигIан кIудияб зарал гьездасан бугониги,
Сабро гьабеян амро Аллагьасул букIана.

Гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналда,
Сафар моцIалда жаниб рагъул аят рещтIана.

---

[1] Къалбу – ракI (мн.ч. къулуб).*
[2] Ай, ягьудиязул ханилан абулев гIалимчи. *
[3] Ай, борхатаб гьаркьидалъун ахIи.*
[4] АхIулев чилъун.*
[5] Ай, ахIулел рагIабиги.*

Расги гІайиб гьечІого жедей гІакъоба кьолел
Къурайшиязде данде рахъине изно щвана.

АсхІабзабазе гьеб къо гІидалъул бакІалъ чІана,
ГІемераб ццинги къурчІун, къварилъуда рукІана.
Къварилъиялъ понцІорал гъалбацІазул хІисабалъ,
Рес щойдал мугьажирал гъираялда къачІана.

Къурайшазул гІиралде[1] данде рамазан моцІалъ
Лъеберго мугьажиргун гъалбацІ-ХІамзат витІана.
БатІну Рабигъалдехун[2] лъабкъого мугьажиргун,
Гьебго хІалалъ, ХІарсил вас – ГІубайдатги витІана.

Абу Вакъасил СагІду зуль-къагІидат моцІалъулъ
Мугьажиразул къокъа, къого чиги цадахъгун,
Къурайшазул гІиралъе нух ккойзе Аварагас,
ЖухІфаталъул рахъалде, гьелги нухда регІана.

Гьелда хадуб Халикъас халкъалъул хириясе,
Рагъ гьабизе дагьабги гІатІидаб изно кьуна.
Ашгьуру-ль-хІурумал[3] ин – заманалъе болжал цІцІан,
Бокьаралъур къурайшал гъуреян амро щвана.

Исламияб къуваталъ капурал къурайшазде
ТІаде цуйи гьабидал, цойгидал гьалаклъана[4].
Дозда хадусан эрга жедедего щоялда
Мушрикинал, хІинкъи ккун, цолъизе байбихьана.

[1] Ай, варанабигун базаралъ унеб къафилаялде. *
[2] БакІалде цІар. *
[3] Ашгьуру-ль-хІурум – рагъ гьабизе хІарамаб үнкъго моцІ.*
[4] Ай, цогидал гІарабал хІинкъана.*

Цинги аят рещтIана, тIобан амро гьабуна
ТIолалго мушрикинал гIаммав тушманлъун ккана
Ширкалдаса руссинчIел, Исламалде райинчIел
Рагъ гьабизе бокьарал гъуреян лъайзабуна.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿أُذِنَ لِلَّذِينَ يُقَٰتَلُونَ بِأَنَّهُمْ ظُلِمُوا۟ ۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ نَصْرِهِمْ لَقَدِيرٌ ﴿٣٩﴾ ٱلَّذِينَ أُخْرِجُوا۟ مِن دِيَٰرِهِم بِغَيْرِ حَقٍّ إِلَّآ أَن يَقُولُوا۟ رَبُّنَا ٱللَّهُ﴾ الحج: ٣٩ - ٤٠

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿فَإِذَا ٱنسَلَخَ ٱلْأَشْهُرُ ٱلْحُرُمُ فَٱقْتُلُوا۟ ٱلْمُشْرِكِينَ حَيْثُ وَجَدتُّمُوهُمْ وَخُذُوهُمْ وَٱحْصُرُوهُمْ وَٱقْعُدُوا۟ لَهُمْ كُلَّ مَرْصَدٍ ۚ فَإِن تَابُوا۟ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَوُا۟ ٱلزَّكَوٰةَ فَخَلُّوا۟ سَبِيلَهُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٥﴾﴾ التوبة: ٥

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَقَٰتِلُوا۟ ٱلْمُشْرِكِينَ كَآفَّةً كَمَا يُقَٰتِلُونَكُمْ كَآفَّةً﴾

التوبة: ٣٦

Гъазаваталъул байрахъ гьаваялде борхана,
Хвалчаби рекIинарун, рагъуе къачIадана.
Рагъги нелъер ХIабибас лъидаго лъайзабичIо,
ЛъикIалдалъун маслахIат бокьичIесда горони.

Бокьун жалго рачIарал къабул гьарун горони,
Гьел Исламалде ахIи хIал-зулмуялъ букIинчIо.
Жизят[1] кьей тIаса бищун, сулхI[2] гьабизе бокьарал –
Гьел жедер би, боцIи-мал цIунараллъун рукIана.

[1] Ай, магъало.*
[2] Ай, рекъел-маслахIат.

Расуласде иман лъун, Исламалде жал рачIин,
Жизят кьейи, рагъ гьаби – гьаб лъабго нух букIана.
Лъабалъулго цересел кIиялъулго бокьараб
ТIаса бищун хадуса, хвалчен гьезде борхичIо.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ لَآ إِكۡرَاهَ فِي ٱلدِّينِۖ قَد تَّبَيَّنَ ٱلرُّشۡدُ مِنَ ٱلۡغَيِّۚ فَمَن يَكۡفُرۡ بِٱلطَّٰغُوتِ وَيُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ فَقَدِ ٱسۡتَمۡسَكَ بِٱلۡعُرۡوَةِ ٱلۡوُثۡقَىٰ لَا ٱنفِصَامَ لَهَاۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ٢٥٦ ﴾ البقرة: ٢٥٦

Гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъулъ
Байту-л-Мукъаддасалъул къибла сверизабуна.
Рамазаналъ кIал ккойи, кIал беччайдал сахI бахъи –
БетIергьанас гьаб соналъ гьебги фарзлъун гьабуна.

ГIидалъул какал райи, къурбан хъой байбихьана,
Барраил вас Магърур хун, жаназалъул как бана.
ГIаишат Аварагас гьеб соналъулъ ячана,
Гьебго соналъ ГIалигун ФатIимат данделъана.

Лъабабилеб соналда хамро[1] хIарам гьабуна,
УхIудалъул гъазават гьебго соналъ букIана.
Батулил берзул канлъи, Расулуллагьасул сибтI[2],–
Гьебго соналъ ГIалие вас ХIасанги гьавуна.

Гьелда хадусеб соналъ свалату-л-хавфи бана,[3]
Таямумалъул аят Расуласде рещтIана.

[1] Хамро – мехтизарулеб жо.*
[2] СибтI – ясалъул вас.*
[3] Ай, хIинкъараб бакIалъ как байи гьеб соналъ байбихьана.

Сапаралда свалатги[1] гьеб соналъ къокъ гьабуна,
Гьединго ХIасаниде тIаде ХIусайн гьавуна.

Аяту-л-хIижаб рещтIун, щуабилеб соналда
Руччабаз черх бахчизе кколеб куцги манлъана.
Анлъабилеб соналъулъ байгIату рризван ккана,
Къурайшиязда гьоркьоб сулхIалъе[2] къотIи хъвана.

Анкьабилеб соналда, кIиазарго асхIабгун,
Инсул росулъе сапар Аварагас гьабуна,
Гьебги, цебесеб соналъ сулхI гьабун нахътIамураб,
ГIумрату-л-къазаалде[3] унеб сапар букIана.

Сапаралъ вахъунелъул лъабкъого вараниги
Расулас Маккаялде цебе къотIун букIана.
Цинги, Маккаялде щун, лъабго къо гьениб бана,
Гьел варанабиги хъун, берцинго тIадвуссана.

Гьеб соналъ заман цIараб никахI нагью гьабуна,[4]
Гьединго ханзабазухъ кагътал хьвадизаруна:
Киналго Исламалде Аварагас ахIана,
Абу Гьурайрат асхIаб Исламалде вачIана.

АнцIго сонил боржалалъ гьабураб сулхI-къотIуе[5]
Къурайшиял хилифлъи Расуласе бокьичIо.
Микьабилеб соналде Макка койрде босана,
КагIбаялъур рукIарал хъанчал басра гьаруна.

[1] Свалат – как.*
[2] Ай, ракълие.*
[3] Ай, гьабичIого хутIараб гIумра бецIизе.*
[4] Ай, заманаялъ магьари лъей гьукъана.*
[5] Ай, рагъ гьабичIого рукIине хъвараб къотIиялъе.*

# - ФАСЛО -

## АВАРАГАС ﷺ МАККА БАХЪИЯЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

Расуласда, къурайшал басра гьарун горони,
ГӀарабазе басралъи букӀунареб лъалаан.
Гьелдалъун Расуласе, Макка койрде босизе
КигӀанго бокьаниги, гӀагьдалъ[1] нахъчӀван вукӀана.

ГӀагьд биххи къурайшазе кӀудаб балагьлъун ккана,
Макка бахъизе ТӀагьай тӀобанго ресги щвана.
Мушрикинал къотӀуе хилифлъи рахӀматлъана,
Расулги, анищ тӀобан, мурадалде вахъана.

Бану-хазагӀатилал Исламалде рачӀана,
Бакрулазул къапила мушрикиналгун чӀана.
Ширкалъул заманалда, Ислам бачӀинелдего,
Бидул тушманлъи гьазда гьоркьобе ккун букӀана.

Гьанжи кьижун букӀараб гьеб тушманлъи цӀилъана,
ЦӀидасан гьазда гьоркьоб рокьукъаб хӀал лъугьана,
ХӀабибасда тункулел бакруласул рагӀаби
РагӀун, хазагӀатилас, вахъун, досда кьабуна.

Кьабун жив чӀолевищан бакрулав вортанхъана,
Тушманлъи цӀилъиялъе багьаналъун гьеб ккана.
Бакрулазул къапила рагъизе къачӀадана,
Къурайшиязул рахъалъ балъго комекги щвана.

Бану-хазагӀатилал ракълилаб къотӀиялда,
Расги ургъел гьечӀого, парахатго рукӀана.

---

[1] Ай, къурайшазулгун бугеб къотӀияль.*

Хиянатал бакрулаз, балъго тIадеги кIанцIун,
Къогоялдаса цIикIкIун хазагIатилав чIвана.

ХазагIатилаз хехго цо къокъа данде гьабун,
Мадинаялде битIун ХIабибасде бицана.
Цинги къурайшиязе гIузру бачин бокьана,
Гъоркь букIараб сулхI хвани, ккезе бугеб бичIчIана.

Бакрулаца гьабураб хиянатаб вахIшилъи
ХIабибасухъе щвараб къурайшиязда лъайчIо,
КъотIи таждид гьабизе[1] АхIмадгун данде чIвазе
ХIарбул вас – Абусуфян Мадиналде витIана.

Мадинаялде щойдал муъминзабазул эбел –
Умму ХIабибатихъе Абусуфян рещтIана,[2]
Расуласул босада гIодов чIезе лъугьана,
Гьелъ, босен тIатIала чIван, гIодов чIезе рес кьечIо.

Расуласул босада, мушриклъун вугеб хIалалъ
Мун гIодов чIоларилан, яс инсуда кIалъана.
Гьелъул жиндехун гьечIеб кIваргин агъаз бихьидал,
Абусуфян, ясалъул рукъ тун, къватIив лъугьана.

Гьенисан Расуласухъ масжидалъуве ана,
Лъугьа-тараб бугищан Аварагас гьикъана.
Абусуфян кIалъана, гьечIин жаваб гьабуна,
Бакрулаца гьабураб ХIабибасе бицинчIо.

Цинги ХIабибуллагьас: «ГьечIеб батани, нижги
Добго къотIуда ругин», – къокъабго жаваб кьуна.

---

[1] ЦIигьабизе.*
[2] Аварагасул ﷺ хъизан Умму ХIабибат Абусуфянил яс йикIана.*

Жавабалъулъ бахчараб магIна букIин бичIчIарав,
РахIатхун, Абусуфян асхIабзабазухъ ана.

АсхIабзабазги жинде киназго мугъ рехана,
Расуласда хадур жал рукIин бичIчIизабуна.
РакI разияб жаваб щун, Абусуфян вохичIо,
Хивалаз керенги цIун, пашманго нахъвуссана.

Аллагьасул Расулас сверухъе ахIи бана,
Иман лъуралщиназда рачIаян лъайзабуна.
Рамазан моцI бихьидал Мадинаялде щваян
Щибаб къабилаталъухъ хабар ккезе гьабуна.

Хабар жедехъ щварабго, гIараб къабаилазул
Къокъаби Мадиналде цойидасан рещтIана,
Исламалъе рухI кьезе хIадурал гIолохъаби,
ХIабибасда сверухъ чIун, боял гьарун гIуцIана.

Бо данде гьабиялъул хабарилан абуни,
Къурайшиязда лъайзе ХIабибасе бокьичIо.
Лъани, данде рахъине доз хIадурлъиги гьабун,
ХIарамалъул ракьалда рагъги берцин бихьичIо.

Рагъ-кьалалде ккечIого, рекъел-маслахIаталда
Къурайшал Исламалде рачIин анищ букIана.
Аллагьасдехун вуссун: «Хабар нежер рагIизе
Гьезда тоге», - ян абун, Аварагас гьарана.

Гьедин хIадурлъулаго ХIатIиб, дагьав хилифлъун,
Балъгого къурайшазухъ битIизе кагъат хъвана.
Кагъаталда жанибги ХIабибасул таваккал
Маккаялде вачIине бугин баян гьабуна.

Гьеб балъгояб рисалат[1] къурайшиязухъ кьезе,
Кьун мухьгун, ХIатIибица жарият[2] нухай лъуна.
Жибрил малаик вачIун, ХIабибасде бицана,
ХIатIибил хиянатлъи хеккого къватIибчIвана.

Микъдадги Зубайирги гьалмагълъун цадахъги кьун,
ГьебсагIатго ХIабибас ХIайдар[3] хадув витIана.
ХIатIибил рисалатги гъалазда жаниб бахчун,
Жариятги парахат нухда уней йикIана.

Аварагас абураб равзаталде[4] жив щойдал,
Жариятун-загIинат[5] ХIайдарида ятана.
Кагъат къватIиб бахъеян хитIаб гьелде гьабуна,
ГьечIин инкар гьабизе жарият ялагьана.

Жеги ГIали асхIабас кьварун лъайзе гьабуна,
КьечIони, бахъилилан тагьдидалда[6] кIалъана.
Толарей жинда лъайдал жариятица кагъат,
Гъалазда гъорлъа бахъун, ГIалида кодоб кьуна.

ГIали, кагъатги босун, ХIабибасухъе щвана,
ХIатIибги цеве вачун, гьаб щибилан гьикъана.
Гьанжи ХIатIиб нечана, гIузру бачун кIалъана,
Муртадлъун жив гьечIолъи[7] ХIабибасе бицана.

[1] Рисалат – кагъат.*
[2] Жарият – гъараваш*
[3] ГIали асхIаб ﷺ.
[4] Ах бугеб бакIалде. *
[5] Ай, нухда уней.
[6] Ай, хIинкъи кьун, къвакIун абун.
[7] Ай, жив Исламги тун куфруялде ун гьечIевлъи.*

Бадроялъул рагъулъги гІахьаллъарав вукІиндал,
Расуласул хІилмуялъ ХІатІиб хвасар гьавуна.
ХатІабил ГІумарилни хвалчен хІадур букІана,
ХІабиб тІаса лъугьиндал, гІенеккун чІезе ккана.

ГІалхул чундул хІинкъулел хІайдаразул[1] богІадаб
ГІаскаргун ХІабибуллагь Маккаялде къокъана,
Мушрикиназда кодоб КагІба теларин абун,
АнцІазарго асхІабгун сапар жинца бухьана.

Рамазан моцІ букІана, кІалалги ккун рахъана,
Иваалде жал щойдал кІиго чи данде чІвана.
Ибну ХІарис ГІабдуллагь, Ибну Аби Умайят –
АхІмадиде тушманлъи кутакалги рукІана.

КІиязего гьеб бакІалълъ Ислам боссе бокьана,
Расулас къабул гьарун, асхІабзаби лъугьана.
Гьездаса цІакъ вохана, рохел баркун кІалъана,
«Ла тасриба гІалайкум» – аят гьезий цІалана.

Гьенисан вахъун, ХІабиб Кадидалде[2] рещтІана,
ТІолазего кІал ккойзе захІмалъулеб букІана.
Беччаян амро гьабун, боялде жив кІалъана,
Бода цадахъ Расулас жинцагоги беччана.

Жиндир хъизангун цадахъ гьижра гьабун вачІунев
ХІабибасда инсул вац – ГІабасги данде чІвана.
ГІабас нахъе вачана, хъизан нухда регІана,
Расулуллагь гІаскаргун цевехун вагъарана.

[1] ГъалбацІазул.
[2] БакІалде цІар.

Цинги хирияв ХIабиб Маккаялда гIагарлъухъ
Мурру Зугьран[1] абулеб цо бакIалда рещтIана.
«Расулуллагь, боялде амро гьабун, кIалъана,
АнцIазарго цIа бакун канлъи гьабе», – абуна.

Абухъе цIаял ракун, Зугьран гвангъизабуна,
Балагьарал хIинкъулеб хIалги гьениб лъугьана.
ХIабибасул боялъул хабарги жедехъе щун,
Ширкалъул агьалиги ургъалида букIана.

Расуласул боялъул хIакъикъат лъай тIадги къан,
Къурайшияз божарав лъабго чи витIун ана:
Абусуфян бину ХIарб, Будайлу бину Варкъаъ,
ХIаким бину ХIизамги – гьел лъабалго рукIана.

Зугьраналде раккана, цIаял ракун рихьана,
ЦIаязул гIемерлъиялъ гIажаиблъун хутIана.
Нирану бани-ГIамрин[2] гьадал ратилин абун,
Абусуфянидехун Будайлуца абуна.

Бану-ГIамро додагIан гIемерал гьечIин абун,
Абусуфян, халгьабун, валагьулев вукIана.
Гьезул иш жинда рагIун, ГIабас тIаде вахъана,
Бода сверун халгьабун, сверулев жив вукIана.

Гьесдаса жив хIинкъиялъ, хIалхисун, Абусуфян,
«ИмгIаласул вас», – абун, вортун данде вачIана. –
Дида бихьулеб бо щиб, боялъул бетIерго щив?
Щиб гIаламат гьаб?» – абун, ГIабасиде кIалъана.

---

[1] Маккаялда гIагарлъухъ бугеб бакI.
[2] Ай, Бану ГIамрулазул цIаял ратилин.

ГIабасица бицана, баян гьесие кьуна,
Расуласул гIаскар гьаб бугин жаваб гьабуна.
Гьал Расулуллагьасул хIаррасазда[1] рихьана,
Рортун тIадеги кIанцIун, кIутIун, лъабавго ккуна.

Маккаялъул чIахIиял бутIрул ккойзе щванилан,
Бода жаниб рохалил хабарги тIибитIана.
ХатIабил ГIумарие рохел цIакъго цIикIкIана:
«Хехго, жанирги тIамун, щула гьаре», – абуна.

Абусуфянгин ГIабас – гьудулзаби рукIана,
Гьудул гIадада хойзе ГIабасие бокьичIо,
Абусуфянги вачун, Расуласухъе ана,
Расулас гьев чIваялда жив хIинкъунги вукIана.

КIалдиб цIаги къан, ГIумар, гъалбацI гIадин, вортана, –
Метра халалъи бугеб хвалчен кодоб букIана,
БетIер къотIичIого гьев тезе бегьуларилан,
Бадиса канлъи араб калам жинца гьабуна.

Гьав чIвайзе бегьуларин ГIабас данде вахъана,
Дица божилъиги кьун, вачун вугин абуна.
Авараггун гIодор чIун, Исламалде ахIана,
ХIакимги Будайлуги Исламалде рачIана.

Абусуфян абуни, лъикIго данде къеркьана,
Къуват букIунгутIиялъ чара хвараб хIал ккана,
ХIабибасул насихIат нафсалъ къабул гьабичIо,
Расуласде иман лъун, шагьадатги битIичIо.

[1] Хъаравулзабазда.*

Шагьадатги битIани, Исламалде вачIани,
ЧIваялдаса хвасарлъи дуй букIинин абуна,
Инкар халат гьабуни, хвалчаби дур горбода
Хехго рахине ругин, хадуб баянги кьуна.

«Дица Ислам босани, Аллагьги цо гьавуни,
Лат-ГIуззаялъулгун иш кин букIинеб? – абуна: –
Эздаса ватIалъизе дида кIолебищ?» – абун,
КIудияб ургъалилъе Абусуфян рехана.

РахIматалъул Авараг гьанжиги хIалимлъана,
Гьавги вачун айилан ГIабасиде абуна.
Ургъизе сордо кьуна, «Радал рачIа», – абуна.
Абусуфянгин ГIабас – кIиявго нахъвуссана.

Сордо цадахъ рогьана, радал тIаде рахъана,
Расуласул боязул низам жинда бихьана.
ЖамагIатгун как байзе, мухъал гьарун, гьел чIана,
Жив чIвазехъинаян ккун, Абусуфян хIинкъана.

Аллагьасе как байзе гьел хIадурлъулел ругин,
ХIинкъизе ккеларилан ГIабасица абуна.
Абусуфян гьанжиги, гIаскаралъул ТIагьае
МутIигIлъи бихьун хадув, тIадеги хIикмалъана;

ХIабиб вахъиндал – рахъун, гIодов чIедал – гIодор чIун,
ГIаскаралъул нахърилълъин тамашаго букIана.
Бицун чи божулареб ХIабибасул кIодолъи
КIиябго берда бихьун, живго жинхъа нечана;

Жиги дида гьадагIан къадро-къимат борхарав
Хан вихьун вукIинчIилан ГIабасида абуна.

ГІабас: «Гьав ханлъун гьечІин, халкъалъул Расул вугин», –
Абусуфян кантІулеб калам гьабун кІалъана.

Какичуризе гьабун, Абусуфянги вачун,
Расуласде аскІуве ГІабас гьанжиги ана.
Абусуфянидехун ХІабибуллагь кІалъана,
ХІеренаб рагІи бицун, Исламалде ахІана.

«Аллагь горесе хъулухъ гьабичІого вукІине
Гьанжи дуй мех щойчІищ?» - ан Аварагас абуна.
Абусуфян кІалъана, данде жаваб гьабуна,
Дур хІилмо-рахІмо, гІелму бихьанин мукІурлъана.

«Мун дидаса бергьана, Аллагь цо вукІин лъана,
Амма дуде дагьабго щаклъи бегьулеб буго.
Гьеб рекІелъа бахъизе дида кІолебги гьечІо?», –
Гьадинаб магІнаялъул харбиде жив вуссана.

«Абусуфян, – абуна, ГІабас жинде кІалъана, –
Исламалде хекко мун вачІа», - ян гІакъло кьуна.
ВайинчІони, чІаго мун нахъе хутІуларилан,
Вацас вацасе гІадаб, насихІатги гьабуна.

«Гьал дуда сверухъ ругел гъалбацІал рихьуларищ,
Расулас изно кьуни, кьабизе хІадур ругел.
Кьабейилан абизе Авараг тІамичІого,
БитІе шагьадат», –илан ГІабас ворхун кІалъана.

ГІабасил жигарчилъи кутакалда цІикІкІана, –
Куфруялъул квачІикьа Абусуфян ворчІана,
Унго-унгояб хІалалъ шагьадатги битІана,
БитІараб Исламалъул нухаве живги ккана.

Жигиги гьесул рекIелъ иман щула гьабизе,
ЩайтIаналъ макро гьабун, корде восунгутIизе,
ТIагьаясдехун вуссун, ГIабасица гьарана:
Гьав Абусуфяние цо хасслъи гьабейилан.

Цинги, Абусуфянил рокъов лъугьун чIарав чи –
ЧIваялдаса божарав вугин, ХIабиб кIалъана,
ХIизамил вас – ХIакимил рокъове лъугьаравги –
Гьевги божарав вугин, жиги тIаде жобана.

ТIадеги, ХIарамалде жаниве лъугьаравги,
Жиндирго рокъов лъугьун, жанив гъамаларавги –
Рехсарал гьал ансафал[1] Аварагас, киналго
Аминаллъун[2] ругилан, бода рагIизабуна.

Бергьунго Исламалъе зарал жедер цIикIкIарал –
ЖамагIатал абуни, гъорлъа рахъизаруна.
Бугониги, хадусан руссун, тавбо гьабурал, –
Гьезулги Аварагас Ислам къабул гьабуна.

Исламги къабул гьабун, Абусуфян унаго,
Расулас ГIабасида веччагеян абуна,
Аллагьасул боялъул кутак гьесда бихьизе,
Борхалъудеги вачун, чIезавеян манлъана.

Манлъухъе, Абусуфян ГIабасица вачана,
ГIаскаралде бер щолеб гохIда чIезе гьавуна,
Гьанжи щибаб гIаскаралъ жинди-жиндир бакI ккуна,
Байрахъал тIаде рорхун, низамалда гIуцIана.

[1] Аснафал – тайпаби.*
[2] ЧIваялдаса божараллъун.*

Цоязда хадур цоял, эрга гьабун, гІаскарал,
Расулас амро гьабун, церехун рагъарана.
Азарго чи бодулгун Халид цеве тІамуна,
Цойгидал гІаскаралги гьесдаго хадур ана.

Абусуфянидехун гьомер цояз буссинчІо,
Цогидалин абуни, гьесул бадир жинкана.
Киназулго пишаби – гьесда чІухІарал рукІин
КъватІиб загьир гьабулеб гІаламатлъун букІана.

ГІабасидехун вуссун, Абусуфян кІалъана:
«Дун гуккизе гьабулеб макройищ гьаб?» – абуна.
Макро-хІилла гьаб горин, ХІабибасул боялъул
Бугеб шавкат[1] дуда лъай–мурад бугин бицана.

Цинги яргъид гІуцІарал, къолдаби тІад ретІарал
РекІаралги лъелалги гІаскаразухъ валагьун,
Гьав дур ибну ахасул[2] падишагь лъугьанилан,
Паналъун, Абусуфян ГІабасихъ валагьана.

ГІабасица гьанжиги, «Гьав Расулуллагь вуго,
Падишагь горо», – абун, гьесие бичІчІи кьуна.
Гъоркьгоги, боял рихьун, черхалда бараб сири,
Бачунеб такбир рагІун, дагьабги хІалуцана.

ХІабибас изноги кьун, Абусуфян веччана.
Инаго битІухъе жив ХІарамалде лъугьана.
Расуласул боялъул хабар жинца бицана,
НахъчІвазе хІалкІолареб къуват бугин абуна.

[1] Шавкат – гуч, къуват.*
[2] Ай, дур вацасул васасул. *

«Исламалде рачIани, хIурийят[1] ножой буго.
РайинчIого рагъани, гъурун нуж райзе руго.
Рокъор гъамалун чIарал, ХIарамалъур кIанцIарал,
Дир рокъоре лъугьарал – гьезда чи гъвайзе гьечIо». –

Гьадинаб хабар бицун, Абусуфян кIалъайдал,
Сорун восун, къурайшаз гьоркьов вайзе гьавуна.
«Гьеб хабарги босунищ мун нежехъе щварав?» - ан,
Щивав чи, тIаде кIанцIун, кIалгьикъун гаргадана.

Гьесул михъал цIа-цIана, цIцIоявин рогьо бана,
«Гьав ахIмакъав хан!» – абун, ахIи цояз гьабуна.
Абусуфянил лъади – Гьинд цIакъго йортанхъана,
Гьесдехун жабан[2] абун, гьура-гьарай бачана.

«Бокьун батани нажат,[3] рокъой жаний лъугьа, - ян
Гьелдехун Абусуфян гIакълоялда кIалъана, –
Лъалеб батани лъикIлъи, манлъараб гIадахъ босун,
Исламалде ячIа», - ян чIужуялда манлъана.

Маккаялъул рагIалда, ХIажун мегIералда тIад,
ХIабибас амро гьабун, борхатаб байрахъ чIвана.
Халидида гIаскаргун, Кудаялъул рахъалъан,
Маккаялда жаниве лъугьаян лъайзабуна.

Нахъиял гIаскаралгун Кадаалъул рахъалъан
Расулуллагь живгоги лъугьана Маккаялде,
МугIрул, щобал гIащикъаб шаригIаталъул къуват,
Щвараб гIурул хIисабалъ, ХIарамалде бачIана.

---

[1] ХIурият – тархъанлъи.*
[2] Ай, цIцIояв чи абун.
[3] Нажат – хвасарлъи.*

Маккаялде лъугьине Халидил бо теларин
Хвалил гудрикье ккараб цо къокъа данде чIана.
Данде рахъун хадуса жаваб гьабун горони,
Биял гIодор тIогеян ТIагьал амро букIана.

Амроялъе мутIигIлъун, Расуласул гъалбацIаз,
КигIан гьира баниги, рагъизе къасд гьабичIо.
Къурайшияз хвалчаби къватIир рахъун хадуса
Халидица: «Мех щванин, кьабе», – йилан ахIана.

Аллагьасул диналъухъ рухIал кьезе къотIигун
КъватIиб бахъараб гIаскар капуразулъ кIанцIана.
ЦIум тIаде къабукъиндал мокъокъил тIанчIи гIадин,
Мугъ бан, капурзабаца тIуризе къасд гьабуна.

Къолоункъго бакрулав, ункъго гьузайлазулав –
Къоло микьавго мушрик чIван гIодове рехана.
Халидил гIаскаралъул кIигояв шагьидлъана,
Щущахъ риххун, къурайшал рахъ-рахъалде кIанцIана.

Рокъор цоял рахчана, гохI-щобазде рахана,
Халидил рагъул хабар Аварагасде щвана.
Аварагас: «Рагъ те», - ян амрогун чи витIана,
Чапар, кIалдиб мацI сверун, кьабейилан кIалъана.

Лъабкъоялда анцIго хан Халидил койралъ чIвана,
ЧIвазе кодове щолев тушман цеве хутIичIо.
Хадув Расулуллагьас Халид тIаде ахIана,
«Амро щай тараб?» – абун, эсдехун ццин бахъана.

Цинги Валидил Халид, гIузру бачун, кIалъана,
ГIайиб жинда ккечIолъи Расуласда бицана:

«РахІманасе бокьухъе билълъанхъараб ишалда
Дица щиб гьабилеб?» – ан пашманго гаргадана.

ШафигІасухъе вачІун, Жабраилас бицана,
БетІергьанас тІамурав Халид вукІин бичІчІана.
Халикъасул буюрухъ тІобайзабурав Халид
Хирияв Аварагас, баркалаги кьун, тана.

Басралъи тІаде щварал къурайшазул капурал
РухІ цІунун, цІцІани гІадин, гохІ-щобазде рахана,
Расуласда рихьана, иман лъунгутІи лъана,
Ансарал хадур реччан, гІачи гІадин, гъурана.

Нахъе къурайшиязул чи хутІулев гьечІилан,
ТІагьаясде ахІи бан, Абусуфян кІанцІана.
Амро гьабун, ХІабибас, гьанжеялдаса хадур
Хвалчаби хьвагІугеян, бода лъайзе гьабуна.

Гьелдаса хадув ХІабиб ХІарамалде лъугьана,
РахІманасе гІемераб щукругин рецц гьабуна.
Капурал къурайшазул къуват-шавкатги хвана,
«Сурату-л-ФатхІу» цІалун, гьезда гьебги рагІана.

Варанида тІад рекІухъ тІаваф жинца гьабуна,
ТІавафалъул ниятгун борхун такбир бачана.
Такбиралъулъ гІахьаллъи гІаскаралъги гьабуна,
Макка шагьаралдаго гьелъул сасги рагІана.

Расул, тІаваф тІобайдал, макъамалде вачІана,
Гьениб кІиго ракагІат какилги жинца бана,
Цинги Замзам гьекъана, хадуб какичурана,
Каки гьес чурулеб лъин гІодоб тІинкІизе течІо.

ТIолалго асхIабзабаз, цуцахъа бахъи гьабун,
Гьеб лъин баракаталъе гьомеразда бахана.
Гьеб бихьун, капурзаби гIажаиблъун хутIана,
АсхIабзабазе ТIагьал кIодолъиги бичIчIана.

Байтуллагь – КагIбаялъул тIохда рукIарал хъанчал –
ТIолалго, басра гьарун, гъурун гIодоре рана.
Расулас чIорал речIчIун дозул тамада-эбел –
Бищун кIудияб «гьубал» – гьелъул берал рахъана.

Гьанжи Бишасул Расул КагIбаялъув лъугьана,
Гьелда жанибги какил кIиго ракагIат бана,
БетIергьан Аллагьасе гIемераб рецц гьабуна,
Цинги, нуцIихъе вачIун, вагIза гьабун, кIалъана:

«Я магIшара-л-къурайши, ножоца щиб абулеб?
Щиб жаза гьанжи ножой гьабилеб? – ан абуна.–
Ножорго жагьиллъиги, дие гьабунщинабги –
Гьеб киналъего къимат кин кьелеб?» - ан гьикъана.

ХIакъирал мушрикинал калам тIагIун хутIана,
ТIагьаясдаса хIинкъи, хIаяъги[1] цIакъ цIикIкIана.
Къурайшиязда гъорлъа Сугьайлу тIаде вахъун,
ТIолгоязе гIоло жив Расуласде кIалъана.

«РахIматлъун БетIергьанас витIарав мун вугелъул,
ТIаса лъугьун теялде хьул бугилан, – абуна,
Ниж кигIан квешлъаниги, гIайибалде кканиги,
Дур лъикIаб хIукмуялде божи бугин», – бицана.

[1] ХIаяъ – нич. *

Бицараб – хIакъаблъидал, ХIабиб гьезда гурхIана,
Берзул магIо чвахана, ракIги жиндир гIодана.
Жиндир гIагарлъи-кьибил – къурайшиязул мисал
Юсуфгин вацалазул къисалъун цебе чIана.

Цинги досдаго релълъон, «Антум тIулакъаъ»,[1] – йилан
Абураб калам гьабун, койр хьвагIун, цIоб гьабуна.
Гьанжи къурайшиязе кIудияб рохел щвана,
Ширкалдаса жал руссун, Исламалде рачIана.

Аллагьасул Расулас Билал аскIув ахIана,
Байтуллагьалъул тIохда как ахIеян абуна.
Эбелалда ургьибе лъимер гIодулеб хIалалъ.
ХIасратаб гьаракь-бакъан Билалица беччана.

Чвахун унеб лъин чIолеб азаналъул алфазал[2]
Ургьиб нифакъ бугезе тIадеги захIмалъана.
Зобалазул, ракьазул махлукъаталде щвараб
Шагьадаталъул ахIи эзда мекъса рагIана.

Абубакар асхIабас – эмен Абу КъахIафат
Аварагасда аскIув, живгоги ун, вачана.
Абу КъафахIат, вачIун, цеве эхетун чIана,
АхIмадица, каранда койр лъун, дугIа гьабуна.

Исламалде вачIаян насихIатгун кIалъана,
НасихIат къабул гьабун, Исламалде вачIана.
Абу КъафахIатиде рахIматалъул цIал щвана,
Ширкалдаса ватIалъун, ТIагьал асхIаб лъугьана.

[1] Ай, «Нуж эркенал руго», - ян.
[2] Ай, как ахIиялъул рагIаби *

ТIолго рукъалъул агьло Абубакар Сиддикъил,
Исламалде тIоритIун, Аллагьас тIокI гьаруна.
Гьев горев асхIабасе гьединаб давла щойчIо,
Бищунго иманалъулъ бергьаравги вукIана.

Асидил ГIаттаб жинца Маккаялда тIад тана,
Жабалил МагIаз гьесий комекчилъунги кьуна.
Кинабниги рахъалъан шаргI хьвадизе гьабеян,
Гьезие, вагIза гьабун, аманатги гьабуна.

Аллагьасул комекалъ куфру хIатIикь мерхьараб,
ФатхIун гIазималъул къо[1] рохалил гIидлъун ккана.
Расулас гьелда хадуб анцIила микьабго къо,
Къокъ гьарун какалги ран, Маккаялда бахъана.

Расуласде дандечIун, къеркьезе цIакъ бахъарал
Церехъабазул къокъа рахъ-рахъалде лъутана.
Тавбо гьабун рачIарал – гьелги къабул гьаруна,
РайинчIого, капурго, чIван хваралги лъугьана.

ГIабдуллагь бину СагIду ГIусманихъе кIанцIана,
Расуласдасан аман тIалаб гьаби гьарана.
ТIаде восун, ГIабдуллагь ГIусманица вахчана,
Хадув, санагIат гьабун, Расуласухъ вачана.

ГIусман асхIабас гьарун, «БайгI гьабе[2]», – абуниги
Аварагас ГIабдуллагь лъабцIолго нахъе чIвана.
ЛъикIалщинал ахлакъал жиндир чорхолъ рессарав
Расул гурхIун, кинниги, ГIабдуллагь хвасарлъана.

[1] Ай, Макка бахъараб къо.
[2] Ай, гьесул Ислам къабул гьабе

ГIусман асхIабасул гьев рахьдал вацги вукIана.
Риддат[1] тIаса инеги ГIусман сабаблъун ккана.
Исламги цIигьабуна, гьелда гIумруги ана,
Аллагьасул гIинаят[2] жинда нахъги регIана.

ГIикриматин абуни, Абужагьалил валад[3] –
Гьевги, жиндир рухI цIунун, къватIивехун тIурана,
Ралъад бахун довехун вахине къасд букIана,
Хадуй яхъарай лъади лъалкIалда хадуй ккана.

Макка бахъулеб къоялъ, Расуласда нахъйилълъун,
Исламалде ячIарай гьей жийгоги йикIана.
Гьелъ, берцинаб гIакъло кьун, аманалъе[4] гъоркье чIун,
Аварагасда аскIув божи гьабун вачана.

Гьесда берчIвайдал, ХIабиб кIанцIун тIаде вахъана,
ЦIакъго гьесдаса вохун: «МархIаба», – ян абуна,
«Биман жаана мугьажиран муслиман»[5], – абун,
Икрам гьабун[6], ГIикрамат тIаде къабул гьавуна.

ТIагьал рахIму-гIафвуялъ ГIикримат хIайранлъана,
Лъади багьанадай ккун, ширкалдаса ворчIана.
Исламалде вачIана, аралда ракIбухIана,
Аварагасде, тIаса лъугьайилан, гьарана.

[1] Ай, муртадлъи, Исламги тун куфруялде ин.*
[2] Ай, комек-квербакъи.*
[3] Абужагьалил вас.*
[4] Ай, хIинкъи гьечIолъиялъе.*
[5] Ай, иманги лъун, гьижра гьабун дихъе вачIарав, абун кIодо гьавуна.
[6] Ай, кIодо гьавун.*

Гьесул цебе букIараб гIадаваталда[1] тIаса
ТIагьаяс Аллагьасде лъугьайилан гьарана.
Расул разияв асхIаб ГIикриматил лъугьана,
ГIемер гъазаватазулъ гIахьаллъиги гьабуна.

ГIумруги гьедин ана, Исламги берцинлъана,
Агьлу риддатаздехун[2] рагъулъги жив вукIана,
Жиндие, ахиралда, хвелги шагьидлъун щвана.
Щваги нелъей баракат тIолго асхIабзабазул!

Асвадил вас Гьаббарги, рухI хъамун, хъомор гIадин,
Рахъ-рахъалда вахчарун, тIурахъдулев вукIана.
ТIагьаясде аскIуве живго, жиндие бокьун,
ЖагIранаталде вачIун, Ислам къабул гьабуна.

Гьишамил вас – ХIарисги, Расуласухъе вачIун,
Исламги къабул гьабун, сахIабияв лъугьана.
Гьелде щойзегIан ХIарис мушрикиназда гьоркьов
Бищунго жив жагьилав, мугIанидги[3] вукIана.

Муслимавлъун жиндихъе вачIиндал ХIарисиде,
«Мун гьидаят гьавурав Аллагьасе рецц», – абун,
Расулас, рохалилаб калам гьабун горони,
Гьесда ццин бахъиналъул асар бихьизе течIо.

Умайятил Сафванги, Расуласдаса хIинкъун,
Ралъдалъе кIанцIун хойзе къасдалда тIурун ана.
ГIумайру бину Вагьбу Расуласухъ вачIана,
Ралъдалъе кIанцIун, хойзе Сафван анин бицана.

[1] Ай, тушманлъиялдаса.*
[2] Ай, Авараг ﷺ хведал Исламалдаса руссарал гIадамаздехун.*
[3] Ай, дагIбадулав, инкарчи.

Саййидул-къавмгилъидал[1], аман гьесий кьейилан,
Расуласда цеве чIун, Ибну Вагьбу гьардана.
Дурго имгIаласул вас, Сафван тIадвуссинаве,
Гьев аминав вугилан Аварагас абуна.

Аминав вукIиналъе цо гIаламат кьейилан
ГIумайру ХIабибасде гьанжиги тIадвуссана.
ТIагьаца чалма кьуна, гьаб босеян абуна,
Гьебги босун, ГIумайру Сафван валагьун ана.

Сафванида нахърегIун, ГIумайруца абуна,
Расуласулгун ккараб хабар гьесий бицана.
Божизе кIоларого, Сафван инкар ккун чIана.
Кинниги мукIур гьавун, ХIабибасухъ вачана.

ХIабибуллагьасдехун Сафваница абуна:
«Аминавлъун дун вукIин уяб бугищ?» – гьикъана.
Уяб бугин, ХIабибас данде жаваб гьабуна.
«Дий ургъизе кIиго моцI кье», - ян абун, гьарана.

Ункъо моцI дуе бугин, балагьун вихьейилан,
КIиго тIадеги жобан, Сафван рази гьавуна,
Расуласул хIилмоялъ Сафван хIайран гьавуна,
СагIадатги насиблъун[2], Исламалде вачIана.

Аллагь тIаса лъугьана, Расулуллагь вохана,
Исламги берцинлъана, гIумруги гьелда ана.
Гьадинаб нахъа-талихI – кьурас босулеб давла,
Кьеги умматалда гъорлъ мекъса ккаралщиназе!

[1] Ай, тухумалъул кIудияв, къадро-къимат бугевги гьев вугевлъидал.*
[2] Ай, талихI кьун.*

Бищунго Исламалде инкаралда йикIарай –
Абусуфянил чIужу – Гьиндги рокъой яхчана,
Мекъса ккейиги бичIчIун, бергьунарейлъиги лъан,
Бокьун Исламги босун, Расуласухъ ячIана.

«Ракьул гьомералда тIад мунги дур агьлогигIан
Басралъизе бокьарал чи рукIинчIин, – абуна, –
Амма жакъа абуни, нужгIан тIадегIанлъизе
Рокьаралги гьечIилан», – Гьинд жийго мукIурлъана.

Гьидаяталъул канлъи каранда речIчIичIони,
Куфруялъул бецIлъиялъ ракI гвангъизе толаро.
РекIел матIу бацIцIани, хIакъикъат загьирлъула,
Загьиргин батIиналъул магIна-гIинги бичIчIула.

Бишасул Расул какун, шигIрабазда вукIарав
КагIбуеги гIатIидаб дунял къварилъун ккана.
Диналде вайинчIого ворчIизе бакI батичIо,
Вахчун тIоваларев лъан, лъикIаб гIакъло гьабуна.

ГIакъло бергьиндал инсан мекъса рехуларелъул,
Исламалде вачIине жиндир ракIалде ккана.
Макка-хIарамалдаса тIадвуссун, Расулуллагь
Мадинаялде щойдал, КагIбу хадув вачIана.

ЧIухIи хIатIикь мерхьана, хIакъаб тIаде босана,
ХIабибасда цеве чIун, шагьадатги битIана,
ТIагьаясда рекъараб шигIро ахIун кIалъана,
РахIматалъул Авараг ракI-ракIалъго веццана.

Рецц-бакъ тIалаб гьабулев агьлолъун гьечIониги,
Гьесул шигIро рагIидал, Расулуллагь вохана.

Хирияб жиндир халгIат халкъалъулго хирияс,
Бахъун, КагIбуда ретIун, гъадиятги гъабуна.

Гьединго, УхIудалда ХIамзат чIварав ВахIшию,
ХIабибас къабул гьавун, Исламалде вачIана.
Нафсаниял мурадал жиндилъ гьечIев Расулас
Ислам кIодо гьабурав гIадан тушманлъун ккойчIо.

ШафигIасул сиярал, авал-байбихьи гьабун,
Ахиралде щойзегIан ШугIайб Багиниясул
«Къалаиду-л-жавагьир» цIализе рес щварасе
Щойла гIелмугин баркат, кьеги ножой Аллагьас!

ИчIабилеб соналъулъ, лъабнусго чигун цадахъ,
Абубакари Сиддикъ хIаж гьабизе вахъана.
ХIабибас амро гьабун, гьеб сапарги бухьана,
«Сурату-л-Бараатгун» жив витIунги вукIана.

Гьеб соналъ Расуласул яс – Уммукулсум хвана.
Цебе араб соналъулъ Зайнабги хун йикIана.
Халкъалъул хириясул дагIват къабул гьабурав
ХIабашиязул малик – Нажаши – гьевги хвана.

Хадусеб, анцIабилеб, соналъ хирияв ХIабиб
ХIажжату-л-вадагIалде[1] вахъине къачIадана.
«КъолъикI гьабиялъул хIаж» – гьелда цIарги абуна,
Ахирисеб хIажлъун гьеб ХIабибасул лъугьиндал.

Зул-къагIидат моцIалъул хамиз къоялъ Авараг,
Лъабкъоялда анцIазар, ялъуни нусазарго

[1] Ахирисеб хIеж (къолъикI гьабиялъул хIеж).

АсхIабзабигун цадахъ, Мадиналдаса вахъун,
ХIажалъул нияталда Маккаялде вачIана.

Вукъуф ГIарафаталда[1] рузман къоялъ букIана.
Бакъанил какда хадуб аят жинде рещтIана, –
Дур дин камиллъанилан РахIманас лъайзабуна,
Расуласде, нагIъюлъун[2], рещтIараб гIадин ккана.

ГIумар, аят рещтIиндал, магIо чвахун, гIодана.
ГIодулев щай мунилан Аварагас гьикъана.
Фарукъ[3] данде кIалъана, рекIекълъун жаваб къуна,
Цо жо камиллъун хадуб ками кколин абуна.

Мадинаялде гьижра гьабуралдаса хадуб,
Гьаб горони, ХIабибас хIаж гьабунги букIинчIо.
ХIаж фарз гьабураб сонги хилафалда бицана,
Цояз щуабилелъго фарз гьабунин абуна.

Нубувваталда цере-хадурниги гьарурал,
Гьел хIажазул гIададги[4] мухIканго лъалеб гьечIо.
Гьижра гьабун хадуса гьарурал гIумрабазул
ГIададилан абуни, ункъгоялде бахана.

ГIумрату-л-хIудайбият[5] ва гIумрату-л-къазаи[6],
ВакъгIату-л-хIунайналда[7] хадуб гьабураб гIумра,

[1] Ай, ГIарафаталда чIейи.*
[2] Ай, магIо рагIизабун.
[3] Ай, ГIумар асхIаб.*
[4] Ай, рикIкIен.
[5] Ай, капурзабазулгун ракълил къотIи хъвараб соналъ ХIудайбияталда бичараб гIумра.*
[6] Ай, ХIудайбияталда бичараб гIумра бецIун, нахъияб соналъ гьабураб гIумра.*
[7] Ай, Макка бахъун хадуб, ХIунайналъул гъазаваталдаса хадуб гьабураб гIумра.*

Ахиралда, ХІабибас хІажжату-л-вадагІалда
Цадахъ гьабураб гІумра – ункъабилеб букІана.

Гьаб хІаж гьабун тІадвуссун, Мадиналде щун хадув,
Ахираталде ине Аварагас мех байчІо.
РикІкІун ункъоялда цо къо индал, итниялъулъ,
Аллагьасул къадар щун, ШафигІас дунял тана.

ГІаламалъул фахролъи, лъабкъоялда лъабго сон
ГІумруялъул тІобайдал, тІупана къаброялъув[1].
ТІолго махлукъаталде рахІмат чвахулеб сахІаб[2]
РахІманасул ахІуца ана ГІаршалде боржун.

Аллагьасул Расулас, жив цадахъгун, гьарурал
Гъазаватазул къадар къоло ичІго бицана:
Бадругун УхІуд, Хандакъ, Хайбар, ТІаиф, ХІунайни,
ФатхІу Макка, МустІаликъ гьезда гъорлъа рукІана.

Гьединго Аварагас, живго цадахъ гьечІого
Боял ритІун, гьарурал гъазаватал абуни, –
Гьезул гІадад-рикІкІенги кІикъоялда анцІиде
Рахаралин батула сираталъул тІахьазда.

ТІагьаяс жиндир койралъ цохІониги чи чІвайчІо,
УхІудалда Убаййю бину Халф тун батІияв.
Халфил вас жиндир койралъ ХІабибас чІваялъулъги
ХІикматаб сирру буго, бицинин, нуж гІенекке.

Маккаялда ХІабибас дагІват гьабулеб мехалъ,
Гьев малгІунасул инкар цІакъго гучаб букІана.

[1] Къабро – хоб.*
[2] СахІаб – накІкІ.*

КIалцIиялъе ролъги кьун, кьара гьабун хьихьараб,
Рихьдаего рекIунеб чуги жиндир букIана.

РекIун гьеб бартудагун тира-сверулеб мехалъ,
Расул дандчIванщинахъе чIухIун гьев кIалъалаан.
Гьабги рекIун, дица мун чIвайзе вугилан абун,
Убайю ХIабибасде чIухIун гаргадулаан.

Гьеб чода тIад рекIухъе дица мун чIвайзе вугин,
Данде Аварагасги жаваб гьесий кьолаан.
Гьединаб кIалзул тунки, Маккаялда рукIаго,
КIиясулго цуцаде даимго букIунаан.

Авараг, гьижра гьабун, Мадиналде ун хадув,
УхIудалда рагъги ккун, ХIамзат чIварал къояца
ЧIухIараб доб чода тIад чилъи хварав Убайю,
«Айна МухIаммад»[1], – абун, ХIабибасде вортана.

ХIабиб цIунулел «бацIал» кIанцIун данде рахъана,
«Дихъе веччан те», – абун Аварагас нахъчIвана.
Убайю аскIув щвана, Расулас халгьабуна, –
Гьев къосарав малгIунас къолден ретIун букIана.

Къолденалъ щой гьабичIеб, щекъералда гъоркьехун
Хеч тункизе багъилго, таркъут[2] жинда бихьана.
Босун асхIабасухъа, ХIабибас хеч тункана,
Чодаса гъоркье вортун, Убайю гIодов ккана.

АсхIабзабаз, рохалий, ахIун, такбир бачана.
Багъун къараб хIелкида Халфил васги релълъана,

[1] Ай, МухIаммад кив вугев абун.
[2] Ай, щекъералда гъоркьехун бугеб гьод.

ХIабибасде гьикъараб кIалги гIадада хвана,
ГIажалалъул лълъарги цIун, къурайшиязухъ щвана.

«Къаталани валлагьи МухIаммадун»,[1] – абураб
Убайю, калам гьабун, гьездехун гаргадана.
Гьезий гьеб захIмалъана, мун хIинкъанин абуна,
«Азгьаба фуадука валлагьи»[2] – ян гьедана.

Жигиги Абусуфян, Убайюда гIайибчIван,
«Ма бика илла хадашатан»,[3]– абун, кIалъана.
Убайюги гьедана: «Диде МухIаммадица
ХIацIу турабаниги, дун чIвайзе вукIанилан».

МукIурлъун, ракIалде щун, Маккаялда вукIаго,
«Дица мун чIвазе вуго дурго чода тIад», – абун,
Аварагасде жинца чIухIун кIал гьикъулелъул, –
КъотIулеб букIараб куц Убайюца бицана.

Исламалде вачIине чIухIалъ жив гьукъаниги,
ХIабибасул шаъно-хIал малгIунасда бихьана.
Бахьи-къосарав вукIун, гьидаят[4] щойчIониги,
ШафигIас кьураб рагIи гIадада ккечIеб лъана.

[1] «Дун чIвана МухIаммадица», - ян гьедана.
[2] Ай, «Мун хIинкъана», - ян.
[3] «Дуда, хьарсараб жо горони, ругъунго гьечIо гури», - ян абун.
[4] Гьидаят – Исламалде тIовитIи.*

# - ФАСЛО -

## ХАТӀАБИЛ ГӀУМАР ﵁ ИСЛАМАЛДЕ ВАЧӀИНАЛЪУЛ БАЯН

Гьанже дагьаб рехсезин ХатӀабил вас ГӀумарил, –
Исламалде вачӀине ккараб багьанаялъул.
Бицинин, нелъеего баркаталъе букӀине,
Бишас кӀодо гьавурав кӀудияв асхӀабасул.

Расуласдаса ГӀумар, гӀумруялъул рахъалъан
АнцӀила кӀиго соналъ гьитӀинавлъун вукӀана.
ТӀагьаяс Аллагьасде гьарулебги букӀана
Гьесдалъун динул-Ислам тӀадегӀан гьабейилан.

Гьасул манакъибазул[1] къиса дица хъваларо,
КъурамухӀаммад-хӀажил мажмугӀалда бугелъул.
Дагьабго рехсечӀого тезеги бокьун гьечӀо, –
Рокьи гьесде бугезе гьадиятлъун букӀине.

Балъго гьабун горони, Ислам загьир гьабизе
Расуласе рес щойчӀеб замана гьеб букӀана.
Зарал гьесий гьабизе ургъулеллъун горони,
Агьлу-Маккаялда[2] гъорлъ ханзабиги рукӀинчӀо.

Хирияв ХӀабибасул суалги цебе бахъун,
Цо къоялъ къурайшиял данде руссун кӀалъана,
«Расул чӀвайзе хӀалкӀолев, гьеб тӀадеги босулев
Вугищ ножода гьоркьов чиго?» – йилан гьикъана.

Къурайшиял кӀалъайчӀо, данде жаваб гьабичӀо,
Дида кӀолилан абун, ГӀумар тӀаде вахъана.

[1] Манакъибал – хиралъаби, хьвада-чӀвади.*
[2] Маккаялъул агьлоялда.*

ГІумарида тІад гьеб къан, къурайшиял рихххана,
Расул чІваялъул харбихъ гІинтІамун жал рукІана.

ГІумар, хвалченги борчун, хехго къватІив вахъана,
Авараг тІалаб гьавун, Сафаялдехун ана.
Хирав ХІабиб абуни, Аркъамил минаялъув –
ХІамзатил рокъов жанив асхІабалгун вукІана.

Абу Вакъасил СагІду ГІумарида дандчІвана,
«ГІумар, кив вахъарав?» – ан гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьас «Дун МухІаммад чІвайзе унев вугин»,– бицана.
Абу-Вакъасил СагІду, дандечІун, гаргадана.

Дуда МухІаммад чІвайзе хІалкІоларин абуна,
ХІабибасул рахъги ккун гьасде данде вахъана,
«Гьашимилгин Загьратил кьибилалъ, гьевги чІван, мун
ЧІаго толищ?» – ан абун, инкаралда кІалъана.

ГІумарил ццин бахъана, СагІдуде къавукъана,
Цин мун чІвазе кколилан, бадисан цІа бурана.
СагІдуцаги, цІцІан бахъун, хвалчен лъикІ кІобокІана,
КІиявго, гъалбацІ гІадин, цуцаде данде ана.

ГІумариде кІалгьикъун, кІиябгоги шагьадат,
Исламги загьир гьабун, СагІдуца битІун тана.
СагІдулги ГІумарилги магІна гьечІеб къец ккана,
Гьадияс комек гьабун, цо маслахІат лъугьана.

СагІду ГІумаридехун бадибчІвайгун кІалъана,
«Дурго яц Исламалде щай еччарай?» – абуна.
Рос – Зайдил вас СагІидгун яц Исламалда йикІин,
СагІдуца бицинегІан, гьасда лъалеб букІинчІо.

«Гьелъги умумузул дин тунищха бугеб?» – абун,
Ибну ХIатIаб СагIдуде, суал кьун, тIадвуссана.
«У», – бугилан, СагIдуца данде жаваб гьабуна,
Гьевги вукIаралъув тун, ГIумар цевехун ана.

ГIумарил яц – ФатIимат, бетIергьанчи – СагIидгун,
«Сурату ТIагьа» цIалун, ракIгьеялда рукIана.
ВукIана гьезда аскIув, Исламалде вачIарав,
Диналъул вац – Аратил Хабаб абурав васги.

Хабабида вачIунев ГIумарил сас рагIана,
Рукъалъул цо букIнида хьвайи гьабун, вахчана.
Хвалчада тIад койрги лъун, ГIумар жанив лъугьана,
Гьалаклъараб гIор гIадин, ццин бахъунги вукIана.

Цинги, «Дида рагIараб, ножор гьаниб букIараб
Нунуди щиб жо?» – абун суал кьезе лъугьана.
«Нежецаго цуцаде бицунеб тун батIияб,
Цойги жо букIинчIилан», – кIиязго жаваб кьуна.

«Ножоцаги умумуз гьабула букIараб дин
Тунцин горищ бугеб?» – ан ГIумар хъачIго кIалъана.
«Нежеца босараб дин дуралдаса битIараб
Батанигийищ?» – абун, СагIидица къотIана.

СагIидил рагIи къотIи ГIумарие бакIлъана,
Бер къанщун, хъиргъу гIадин, гьесда тIаде кIанцIана.
КIиявго цуцалъ речIчIун, гIомогоро лъугьана,
ГIумар къуватав вукIун, СагIид гIодов кьабуна;

СагIидида кIалгьикъун, каранда гIодов чIана.
ЯчIун, ФатIиматица вац – ГIумар нахъе цIцIана.

ГIумарица, ццин бахъун, хъат гьелъул гьормалъ бана,
Гьомер бида белъана, гьелъий цIакъ захIмалъана.

РакI къварилъун, ццин бахъун, вацасул адаб тана,
Абизе мустахIикъаб рагIи бицун кIалъана,
«Я Аллагьасул тушман, Аллагь цо гьавидалищ
Дуца дида къабула бугеб?» – илан абуна.

Цойги риваяталда: «Я ГIумару ин кана-л-
ХIакъу фи гъайри диник»[1] – абурабин бачIана.
Абун кин батаниги, нелъей батIалъи гьечIо,
ФатIиматил игIтикъад ГIумарий дарулъана.

«Дуйго бокьараб гьабе, гьале нежер дин», – абун,
ГIумарида, кIалгьикъун, къвакIун яц данде чIана,
Къудраталъул БетIергьан–Аллагьасде иман лъун,
Авараг витIухъ гьавун, шагьадатги битIана.

Шагьадат бегьизабун ФатIимат кIалъан хадуб,
Пашманаб хIалги бачIун, ГIумар хиса-басана,
СагIидил карандаса, нечон, тIаде вахъана,
Цо рахъалдехунги къан, пикрабазде вуссана.

«Ножор тадрис букIараб сахIифат[2] дихъе кьезе
Бегьиларищ?» - ин абун, яцалдехун кIалъана.
Яцалъ бегьиларилан данде жаваб гьабуна,
Жиги хIеренаб рагIи ГIумарица бицана.

Дуца гьабураб калам – калимату шагьадат –
Дир рекIелъги рекъанин яцалдехун чучана,

[1] «Я, ГIумар, ритIухъльи дур гореб (цогидаб*) диналъулъ батанигийищ?» – абун.
[2] Ай, ножоца цIалула букIараб Къуръан хъвараб тIамач. *

Цо дун тІад валагьизе гьеб тІамач босейилан,
ТІадбуссине гьабизе рагІиги жинца кьуна.

Жигиги яц ФатІимат: «Фагътасил ав таваззаъ
Иннака рижсун»,[1] – абун, вацасда данде чІана. –
«Фа иннагьу китабун ла ямассугьу илла-л-
МутІагьгьаруна»,[2] – абун, гьабги тІаде жобана.

ТІад калам гьабичІого, сайидасухъ лагъ гІадин,
ГІумар яцалъ бицунеб харбиде гІенеккана.
Хехго тІаде вахъана, черх чуризе жив ана.
Аратил Хабабида сабро гьабизе кІойчІо.

Гьаб Аллагьасул калам капурав ГІумарихъе
Кьезехъинищ мун?» – абун, инкар гьабун, кІалъана.
Уйилан жаваб гьабун, жиндир вац Исламалде
Аллагьас тІовитІизе хьул бугин гьалъ бицана.

ГьебсагІат ГІумар вачІун, тІамач кодобе кьуна,
ТІамчил байбихьиялда «Бисмиллагь» хъван батана,
«Бисмиллагьалда» хадуб, «Сурату ТІагьаялъул»
Дагьалго аяталги ГІумарица цІалана.

«Ва акъими свалата ли зикри», – ялде щойдал,
Щаклъи тІагІун, ГІумарил ракІ тавхІидалда чІана,
Гьаб калам гьабурасе гьабулеб лагълъиялъулъ
Цойги жо гІахьал гьаби бегьиларин абуна;

Гьанжи дун МухІаммадихъ вачейилан кІалъана,
РахІматалъул малайкас мугъалда цІал кьабуна,

[1] «Черх чуре, яги каки чуре, мун хъуб вуго», - ян.
[2] «Каки чурарав чияс горони гьелда квер хъвайзе бегьуларо», - ян.

Макьилъ бихьизецини жиндир хивал букIинчIеб,
Хабаб, гьаб калам рагIун, кутакалда вохана;

ХатIабил ГIумарида рохел бицун, кIалъана,
Расуласул дугIа дуй щун батилин абуна
«Аллагьумма агIиззи-л-Ислама би ГIумара
Ав би-Абижагьлин»[1] – гьаб дугIаги гьеб букIана.

ГIаишатидасанни «Аллагьумма агIизза
ГIумара би-л-Ислами»,[2] – абурабин бачIана.
Аллагь – ФагIгIалун лима юрид[3] вукIин лъан хадуб,
КIиябгоги риваят данде кколареб гьечIо.

Гьанжи Хабабгин СагIид, ГIумарги вачун, ана,
Авараг жанив вугеб рукъалъул кIалтIе щвана,
НуцIаялда кIутIана, изно тIалаб гьабуна,
АсхIабзабазул цояв, халгьабун, валагьана;

НуцIил кIалтIа эхетун ГIумар жинда вихьана,
Жанив веччани, гьасул заралалда хIинкъана,
ХIабибасде бицана, «Щиб гьабилеб?» – абуна,
«НагIузу биллагьи мин шарригьи»,[4] – ян кIалъана.

«ЛъикIлъиялъе ватани, къабул гьавизе вуго,
ВатичIонани, чIаго нахъеги веччайларо.
Веччанте жаниве», - ян Аварагас изно кьун,
АсхIабас нуцIа рагьун, ГIумар рокъов лъугьана.

---

[1] ГIумаридалъун, ялъуни Абужагьалидалъун Ислам тIадегIан гьабеян гьарун букIана Аварагас ﷺ.

[2] Ай, Исламалдалъун ГIумар тIадегIан гьавегиян гьарун букIана.*

[3] Ай, Аллагьас Жиндие бокьараб жо бокьухъе гьабулеб букIин.*

[4] «Нелъеца Аллагьасдалъун цIуни гьарула гьесул квешлъиялдаса».*

Расул данде вахъана, кIиябго кIигъеж ккуна,
КIовокIун веччан тарав ГIумарил черх сорана.
«Мугъиратил вас гIадин басралъичIогун, ГIумар,
ВачIа Исламалде», – ян ишараги гьабуна.

«Аллагьумма агIизза ддина би ГIумара-бни-л-
ХIатIтIаб», - илан ТIагьаяс гьаб бакIалъги гьарана.
ГьебсагIат ГIумарица, рагIа-ракьанде щвараб,
Щулияб игIтикъадгун, шагьадатги битIана.

ТIолго рокъор рукIарал асхIабзаби рохана,
Аллагьасе рецц гьабун ахIун такбир бачана.
АсхIабзабиго гIадин, ГIумар бусурманлъидал
Зодор малайкзабазги рохалил мажлис лъуна.

Балъгого Исламалда ГIумарил ракI хIалхьечIо,
ХIабибасдехун вуссун, суал жинца гьабуна:
«Нелъеца гьабулеб дин, хIакъабги бугеб хIалалъ,
Балъгого гьаб щай толеб, я Расул?» - ан абуна.

Нилъ дагьалги ругелъул, гьаз толаги гьечIелъул,
Тезе кколеб бугилан ХIабибуллагь кIалъана.
«Валлази багIасака би-л-хIакъи»[1] – ян байбихьун,
Бахьи кьурав багьадур Расуласе гьедана;

ГьанжелъизегIан цебе – куфруялда гIуцIарал
Киналго мажлисазда, гьанжеялдаса хадув –
Исламалда дун гIодов чIечIого вукIинарин,
КIалгьикъун, къурайшалгун къеркьезе рагIи кьуна.

[1] «Мун Авараглъун витIарав АллагьасхIа», - ян.

Рокъоса къватIир рахъун, кIиго кьери гьабуна,
КIиябго кьериялъулъ ХIамзатгин ГIумар чIана.
Зобал гIодулеб гьаракь такбир-тагьлилалъулгун
Тушбабазда цересан масжидалъур лъугьана.

Расуласул къокъадулъ, къадалъ гамачI кинниги,
Рекъон ХIамзат вихьидал къурайшиял хIинкъана.
ХIабибасул хьибил ккун, гъалбацI гIадин, вачIунев
ГIумарида бер щойдал, мушрикал гIодор чIвана.

Расулас ГIумарида «Фарукъ»[1] абун цIар лъуна,
Балъго букIараб Ислам къватIибе загьирлъана.
Гьанжи нилъ гIемер рукIун пайда щибилан ккараб,
Капуразе гьелдаса захIматаб къо байинчIо.

ХIабибасда нахърилълъун, Исламалъе рухIал кьун,
Ахираталде арал хириял асхIабзаби –
Аллагьас Къуръаналда, жал реццун, аят рещтIун,
Алжаналдалъун рохел дунялалда бицарал.

Дин гьабизе гьукъарал къоял тIаса аниги,
Аллагь, дуй щукру гьечIел щулиял нежер ракIал,
РахIму цIикIкIарав Малик, цIцIоб гIатIидав БетIергьан,
Гьаре Дуцаго тамах, тавбату насухIги кьун!

Расуласул шафагIат, асхIабзабазул баркат,
Аллагь, камизе тоге гьел рокьаралщиназе!
Гьезул нух тIаса бищун, суннат ккураллъун гьарун,
Гьаре нижги, БетIергьан, Исламалдалъун хира!

Амин!

[1] Фарукъ – битIаралдаги мекъалдаги гьоркьоб батIалъи гьабурав.*

# - ФАСЛО -

## АВАРАГ ﷺ ХОЯЛДА ХУРХАРАЛ КЪОКЪАЛ БАЯНАЛ

Гъаб, рехсараб, хIалалда ХIабибасул шаригIат
Умматалъе Аллагьас нухлъун щула гьабуна.
Щибаб жо баян гьабун, суалазе жаваб кьун,
ДагIбадулал къинарун, Къуръан хIукмулъун чIана.

Къуръаналъе мутIигIлъи, ТIагьаясда нахърилълъин,
ТIолабго уммататлъе фарзу-л-гIайинлъун[1] ккана.
Киналниги цересел адянал насхо гьарун[2],
Ислам къабул гьабизе гIаламалда тIалъана.

ТIадегIанав Аллагьас Ислам тун нахъияб дин
НахъчIвараб букIиналъе аят далилллъун чIана.
«Инна ддина гIинда лЛагьи-л-Исламу»[3] – абуна,
Расулас таблигъ гьабун халкъалъухъеги щвана.

Халкъалъе ризкъи кьезе Живго гъоркьеги чIана,
Жиндий гIибадат гьаби гьезде тIамунги тана,
Тавбоялъул гъапуги умматалъе рагьана,
Гьелъий ругел шурутIал ТIагьаясги рицана.

Исламалъул арканал, хIалалабгин хIарамаб,
ХIалимав БетIергьанас дагь-дагьккун тIад гьаруна.
Дунял-ахираталъулъ хайир бугебщиналъул,
Щибго нахъе течIого, ТIагьаясда манлъана.

[1] Фарзу-л-гIайн – щивав чиясда тIадаб фарз.*
[2] Ай, киналго цересел динал хисун, гьезул бакIалда.*
[3] «Динлъун рикIкIунеб, къабул гьабулеб дин Аллагьасда аскIоб Ислам буго. Цогидалщинал динал – нахъчIварал, Аллагьас къабул гьаруларел руго».

Рисалаталъул амро ХIабибас тIобитIана,
Умматалде амрогин нагью жинца гьабуна,
Жив накълолъун хадуса ккезе бугебщиналъул,
Кинабго хIощохъ битIун, гьебги жинца бицана.

Цинги, дунял гвангъараб Нуру-ль-гьудалъун[1] вугев,
Гьаб гIаламалъул сирру сапаралде къачIана.
Сапар моцIалда жаниб ахирисеб арбагIалъ
Аварагасул бетIер унтизе байбихьана.

Гьижрияб тарихалъул анцIила цоабилеб
Соналъул кIиабилеб сапарги гьеб букIана.
Сапар моцI хун, хадусеб рабигIул-авалалъул
АнцIила кIиабилеб – итниялъ дунял тана.

Дунялалде жив вачIун, зоб-ракь нуралъ гвангъараб,
Рохалилал хабарал халкъалъ цуцахъе кьураб,
Магърибгун машрикъалде ХIабиб щойзе гьавураб–
Гьеб хирияб итниялъ магIирукъги гIуцIана.

Жакъа бертин гьабулеб, метер магIирукъ лъолеб–
ГIаламалъулъ хьвадулеб Халикъасул нух буго.
Халкъалъе гIибраталъе, гIакъло бугел кантIизе
Къуръаналда рехсарал мисалалги дагь гьечIо.

Гьижра гьабун жив щойдал, нуралъ гвангъарабщинаб
Щибаб жо Мадиналда гьеб къоялъ чIегIерлъана.
ЧIахIиял асхIабзаби – гьезгицин яхI рехана,
ХIабиб хойи захIмалъун, гIакъло биххун лъугьана.

[1] Нуру-ль-гьуда – битIараб нухалде тIобитIулев нур.*

ГIумар асхIаб, Авараг хванилан абулесул
БетIер дица къотIилин, дагьшаталда кIалъана.[1]
Тамахлъун цоял ккана, кIал-мацI цоязул ккуна,
Цуцада рихьулареб хIалалъ Ясриб бецIлъана.

Бищунго имананлъулъ щулияв Абубакар ﷺ,
АсхIабзабаде вуссун, саброялда кIалъана,
Сабро тIагIун лъугьарал гьел кантIизе гьаруна,
Гьесул иман-камиллъи киназдаго бихьана.

МухIаммадие лагълъи гьабулев вукIарав чи
Ватани – гьев хванилан хитIаб жинца гьабуна.
Халикъ – МагIбуд вугесе[2], Дов даим чIаголъидал,
ЧIаго нахъе хутIулеб махлукъ гьечIин абуна.

«Иза жаа...» Аллагьас жинде рещтIараб мехалъ,
Расуласда хвалде жив гIагарлъун вукIин лъана.
КIиго лъагIалил гIумру гьеб рещтIун хадуб бана,
Гьеб заманалъулъ ХIабиб хьимичIилан бицана.

Цинги ГIизраил-малайк, берцинаб сураталда
Расуласул кIалтIа чIун, адабалда кIалъана.
Адаб теялда хIинкъун, нечарав зайфас[3] гIадин,
ХIабибасе салам кьун, изно тIалаб гьабуна.

ТIагьаяс изно кьуна: «Жанив вачIа», – абуна,
ВачIун, ГIизраил-малайк жинда аскIуве щвана.
«Жабраил кив тарав?» – ан Расулас суал кьуна,
Гъоркьа зодов танилан Малаку-л-мавт кIалъана;

[1] Ай, вихха-хичун, эс гьечIого.
[2] Ай, лагълъи Аллагьасе гьабулесе.*
[3] Зайф – гьобол.

Зобалазул агълоги, дур зигара гъабизе,
Гьесухъ хьвадулел ругин Расуласде бицана.
Бицун тIобайлелдего Жабраил тIаде щвана,
ШафигIасе салам кьун, аскIуве гIагарлъана.

Аминуллагьасдехун Расулуллагь вуссана,
«Батани, рохел дие бице», - йилан абуна.
Алжаналъул гъапаби дуе рагьун ругилан
Расуласе Жибрилас жаваб берцин гьабуна.

«Гьеб горо, я Жабраил, дица дуда гьикъулеб,
ГьечIищ цойги бицине дий рохел?» – ан абуна.
Анкьалго зобалазул малайкзаби данделъун,
ДандчIвай дуе гьабизе къачIан ругин бицана.

Расулас Жибриласе жегиги суал кьуна,
Жинца ургъел гьабулеб умматалъул гьикъана.
Аллагьасул рахъалъан ракI разияб жаваб кьун,
Жабраил малаикас ТIагьа вохизавуна.

«ТIоцобе алжаналъуб мунгун цадахъ дур уммат
Лъугьине буго», – абун, ХIабибасда бицана.
Цойгидал умматазе, мун жанив лъугьинчIого,
Гьеб хIарамаб бугилан – гьабги тIаде жобана.

Гьанже мурад тIобанин, аскIув гIагарлъейилан,
ГIизраиласе изно Расулуллагьас кьуна.
РахIматлъун жив витIарав махлукъаталъул имам,
Малаку-л-мавт вачIиндал, сапаралъ къачIадана.

Алжанал ракIалде щун, РахIманасухъ гIащикълъун,
Хвалил мехтелабалъе Абулкъасим лъугьана.

Къудраталъул Аллагьас Жиндир лагъзадерида
Гьекъезе тIад гьабураб лълъар АхIмадихъги щвана.

ШафигI рухI бахъиялъулъ машгъуллъараб гIужалда
Жабраил малаикас гьомер сверизабуна.
«Сверизабулеб щай? – ан АхIмад жинда кIалъана, –
Дир гьормаде валагьи чIалгIунищ?» – ан абуна.

«Я Аллагьасул Расул, дирги ракIгъолев гьудул,
Дур гьормаде валагьи дида кисса чIалгIунеб.
Сакарату-л-мавталъулъ[1] мунги вугеб, мехалда,
Дур гьормахъ валагьизе хIалкIолев щив?!» – абуна.

ХIабиб-МухIаммадида хвалие унти чIвайдал,
Анкьго динар малалъул гьесда кодоб букIана,
Гьебги нахъе тун, хойзе Халикъасдаса нечон,
Пакъирал мискиназе садакъадай бикьана.

Анкьго хIалалаб динар ирсалъе нахъе тезе
Аллагьасдаса нечон, – цебе ккезе гьабурав,
Гьединав Расуласул умматлъунги ратидал,
Унго, жакъа халгьабе бугеб ахIвал-хIалалъул!

БоцIи-мал ирсалъе тей хIарам гьабулев горо,
ХIабибасул суннат ккой лъикIин абулев вуго,
ЛъикIаб сурун бихьарал заманалъул васазда
Исламалъул берцинлъи бичIчIизе бокьун буго.

БацIцIадаб боцIигин мал какиги мурад гьечIо,
Гьелъул бицине эрга щойзеги толеб гьечIо.

[1] Сакаратуль-мавти – хвалил мехтел.*

Щибниги гIайиб гьечIев, живго гIадав, чиги чIван,
Гьесул боцIи кваналев кантIизе анищ буго.

Аллагьасдаса хIинкъун, хIарамалдаса цIунун,
ХIабибасул нух ккураб Исламалъул жамагIат,
Ножоца щукру гьабе рижарав Халикъасе,
Халкъалъул боцIи кунеб агьлолъун ратичIелъул!

Воре, нуж бахиллъуге гьединаб гIумруялда,
Гьабе ножоца сабро Бишасул хIукмуялда,
БетIергьан ризкъи кьезе гъоркье чIарав вугевин,
ЧIа нуж таваккалалда, Досда нилъ кIочонарин!

Чияй налъиги гьабун, бечелъи тIалаб гьаби –
Гьелдасаги нуж цIуне, гIакъло бугел гIадамал!
Мискинчиги – бечедав, налъи жинда гьечIони,
Налъуцайин рагьулеб мискинлъиялде гъапу.

Налъи тIадгун кваналеб гьоцIогин нахалдаса,
ЦIанги ччун, чед гьуинаб, налъулав хадув вайчIеб.
Хиянатгун гьабураб гIемераб боцIудаса
БацIцIад данде гьабураб дагьалда баркат лъолеб.

Дуца мунгогIадасда щиб зулму гьабуниги,
Гьелъул къисас босулеб къо дуда тIадги щолеб.
Къайсар ханасул гIадаб тах-мулк духъе щванги,
Досда тIаде щвараб къо дуда нахъаги бугеб.

Дуего бокьулареб чидай гьабун хьвадани,
Гьелъул хIакъ бецIичIого ворчIизе бакI дуй гьечIеб,
Диналъул вацазеги дуйго бокьулебщинаб
Бокьулевлъун гьечIони, иман камиллъулареб.

Унтуда данде кколеб дару камуларелъул,
Дару-сабабалдаса тохлъизеги вукIунге!
Тавбоялъ чуруларел мунагьалги гьечIелъул,
ЧIобого щолеб дару шартIалгун хIалтIизабе.

ХIасадалъул нухалда дагIбадизе вахъунге,
Дурго мугIаризасе[1] налъукье ккезе чIоге!
Налъулавлъун дуего дов хутIулеб хIал гьабе,
Заман бихьун, бакI бихьун, чи вихьун, садакъа кье!

Саяхъ хьвадулеб агьло къол нухалъ добегIан те,
Дурго бацIцIадаб гIумру хIапургъине беччаге,
ХIалихьатал пишаби лугбаз хIалтIизаруге,
МахIаримаздаса[2] гьел цIунизе тIаде босе!

Рехсараб хьвада-чIвади дуца тIаса бищани,
Иншааллагь, хьул буго мун витIун ккейиялда.
БитIараб нухда ккейи дур мурад батичIони,
БацIе гьоко цебехун, цинги хадуб лъалебин.

Хириял асхIабзаби хадур угьдилаги тун,
Анбияазул хатам[3] ана дунялалдаса.
Умматалъул аманат Аллагьасдеги тIамун,
ТIерхьана Бадрун-Мунир[4] Барзахалъул рахъалде.

Фазлу, Къусам – жиндирго кIиявго васгун цадахъ –
ГIабас[5] комекалъегун, ГIалица жив чурана.

[1] Ай, данде чIарав, инкарчи-дагIбадулав.
[2] Аллагьас хIарам гьарурал пишаби-гIамалаздаса.*
[3] Аварагзабазул ахирисев, гьезул мугьру.*
[4] ГIаламалдаго нур балеб моцI.*
[5] ГIаббас ؓ – Аварагасул ﷺ инсул вац.*

ГІалица чурейилан васиятги букІана,
Зайдил Усаматица, чурулелъул лъин тІуна.

РагІад жиндир лъугьинчІев, нурранияв ТІагьал черх
Чурун хадуб, мусру бан, букъизе хІадурана.
Къокъаби ккун гІадамаз жаназалъул как бана,
Руччабигун лъималаз барабинги бицана.

ТІоцобе БетІергьанас, цинги малаикзабаз,
Хадуб анбияаца барабинги абуна.
Буго хадубги къила лам юсалли гІалайгьи
АхІадунин абураб[1], Аллагьасда лъикІ лъала.

Итни къо къалъилелде накълолъарав Авараг
АрбагІ сордоялъ лъуна талихІаб къаброялъув.
Къусамгун Фазлу, ГІабас ГІалие хІалае чІун
ГІаламалъул пахролъи хобалъуве вегьана.

Хирияв ХІабибуллагь лахІдуялъув абуни,
Абу ТІалхІат абулев асхІабас лъунин буго.
Расулуллагь вукъизе щай кватІарав абуни,
Гьелъиеги гьадинал гІиллаби рехсон руго:

Расуласул хоялъулъ асхІабалълъ хилаф ккана,
Хиса-басун гьел лъугьин цебе рехсонги ана.
Цояз инкар гьабуна, Авараг хойчІин чІана,
Ибну ХатІаб абуни, хвалчен бахъун кІалъана.

КІиабилебги хилаф асхІабзабазда гьоркьоб
Гьев вукъулеб бакІалда тІасан кканин бицана –

[1] Ай, асхІабзабазул цохІонигияс жаназаялъул как байчІоян абураб рагІиги буго.

БакъигIалда вукъилин цо къокъаялъ абуна,
Цогидал, масжидалъув вукъун лъикIилан чIана.

Лъабабилел абуни, Ибрагьим-халилуллагь
Вукъаралъув вачине тезе вугин кIалъана.
Лъабабго раъюялда[1] Абубакар рекъечIо,
РухI бахъараб бакIалда вукъилин гIакъло кьуна.

ГIадамаз Сиддикъасул гIакъло тIаса бищана,
Щибго хилаф гьечIого, гьесухъ жал гIенеккана.
ГIаишатил хIужринив ХIабибуллагь вукъизе,
ХIукмуялда тIад рекъон, киналго разилъана.

Лъабабилеб ихтилаф – бищунго жиб агьаммаб[2] –
Умматалъе халифа теялда тIасан ккана,
Ансарал, мугьажирал гьаб суалалда тIасан,
Жеде-жедер пикраби загьир гьарун, кIалъана.

Жиги цуцаде гьаркьал рорхараб кIалъай ккана,
ХатIабил ГIумарица гIодоб буссинабуна.
Сиддикъасул койрги ккун, байгIат[3] жинца гьабуна.
Мугьажирал, ансарал – хадуб гьезги гьабуна.

Гьаб байгIат Сиддикъасе, ХIабиб къанщараб къоялъ,
Мушавара гьабизе данделъидал, гьабуна.
Гьалда нахъияб къоялъ гIамматазги[4] гьабуна.
Гьал ишкалал рорхидал, хабалъ ТIагьаги лъуна.

[1] Раъю – пикру.*
[2] Ай, бищунго кIвар бугеб.*
[3] Ай, халифалъун гьевги тун, гьесие мутIигIлъиялъе къотIи.*
[4] Ай, хутIараб халкъальги.*

ТIагьал, чIаго вукIаго, гьомер бихьичIониги,
Гьесул Равза бихьидал, рецц Аллагьасе буго.
Расуласе, хьолбохъ чIун, койрбакъи щойчIониги,
ШаргIалъул нухда рати – РахIманасул фазло-цIцIоб.

ХIабибасда нахъа чIун жамагIат щойчIониги,
Жиндир масжидалъуб как байзе щварабги гIела.
ГIаламалъул пахролъи жанив гьавураб Макка,
Машааллагь, бихьизе хIукмуги букIун буго.

ХIарамалъухъ рокьи ккун, КагIбаялъухъ гIащикълъун,
ШафигIасде зиярат гьабизе анищалда,
Угьдилаго курмулгун, гIемерал сонал арал,
Аллагьасе рецц буго, мурадалде рахъана.

Махлукъаталъул гIирфан жанив къанщараб хIужра,
ХIурмат-адаб гьабизе хIал нелъер кIойчIониги,
ХIалкIваразда гъорлъе ккун, Расулас къабул гьарун,
Гьеб бихьаралщиназе щолеб батила баркат.

Кверги ккун байгIаталъе АхIмад вихьичIониги,
Эсул хулафаазул силсилат щун бугелъул,
ШаригIатгин тIарикъат аслоялда цIунизе,
Аллагь, Дуца тIамидал тIолго рецц Дуе буго.

ТIагьаясул суннат тун, таризе реччайчIого,
Тавбо-истигъфаралда ниж даимлъизарурав
РахIман, Дуй рецц гьабизе хIалкIолеб гьечIониги,
ХIилла нежей ургъулел мунафикъал чIезаре!

Мунагь-хатIабазда гъорлъ тIерхьарал ругониги,
Нежер загIифлъиялда чIового тIаса лъугьа!

Гъабулеб гIамалалъулъ ихлас[1] батичIониги,
Иман лъола, БетIергьан, Дур вахIданияталда.[2]

Дуниял рехон тезе хIалкIолеб гьечIониги,
Ахират нахъа букIин кIочонниги теларо.
КIудиял мунагьазде кколеллъун ратаниги,
РахIман, Дур гъапудухъ чIун, тавбоялда рукIина.

Тасавуфалъул агьло, ХIабибасул ирсилал –
Уманаал[3] ругелъул, эзда нахъги рилълъина.
Эл васитIалъун гьарун[4], Дуде ахIиги байла,
АхIмад матIулъунги ккун, магIийятги гьабила.

Дур гIатIидаб цIобалде хьулалдаги рукIина,
Расуласул шафагIат щоялда ракIги чIела,
Щоларилан абулев инкарчи вокьиларо,
Эсул амро, БетIергьан, Дудего тIамун тела.

Хвалил унтуда жанив жив вугеб заманалда,
Зияраталъ Жабраил ХIабибасухъе щвана.
ХIабибас, жив хун хадув, хирияв гьудуласда,
Мун ракьалде рещтIине вугищилан гьикъана.

ХIабибасе жаваб кьун, Жабраил малаикас –
Мун хун хадув ракьалда дир иш гьечIин абуна,
Амма анцIго нухалда ракьалдаса зодобе
АнцIго жавгьар босизе рещтIинилан бицана.

[1] Ихлас – гьабулеб гIамал бацIадго Аллагьасе гIоло гьаби.*
[2] Ай, Мун цо вукIиналда. *
[3] Божи бугел.*
[4] Ай, гьел гьоркьор ккун.*

Цинги Жабраиласе, «Жавгъарал рице», – абун,
Аварагас, тIадвуссун, суал такрар гьабуна.
Гьел жавгъарал Жибрилас тартибалда рицана,
Рицинин нелъецаги гIибраталъе рукIине.

«ТIоцобе – ракьалдаса баркат нахъе босизе
РещтIине вуго, – абун, Аминуллагь кIалъана. –
КIиабилеб нухалда – халкъазул ракIазулъа
Рокьи-махIаббат нахъе боссе бугин, бицана. –

Цинги – гIагарлъиялда гьоркьоса гурхIел-рахIму,
Хадуб – умараазул[1] гIадло нахъе босила.
Руччабазул нич-намус, фукъараазул[2] сабро,
ГIалимзабаздаса – зугьд[3], варагI нахъе босила.

Бечедал чагIазулъа сахават нахъе боссе,
БетIергьанасул Калам – Къуръан нахъе босизе,
АнцIабилеб нухалда – иман нахъе босизе
РещтIине вуго», – абун, баян Жибрилас кьуна.

Жакъасеб заманалда халгьабун ралагьани,
Рехсарал жавгьаразул цо-кIиго хутIун буго.
Цогидалин абуни, нахъе росун ун руго,
Нахъе гьезул хутIараб – сурат горони гьечIо.

Сипат-сурат халгьабун, гIадамал гьолго руго,
ГIамалалъухъ балагьун, релълъараб бакIго гьечIо.
Рокьи-махIаббаталъул бакI тушманлъиялъги ккун,
Тушманлъи гьоркьоб гьечIеб миллатго бихьуларо.

---

[1] Умараал – хIакинзаби.*
[2] Фукъараал – мискинзаби.*
[3] Зугьд – дунял рехун тей, гьелдехун бугеб рокьи рекIелъа нахъе ин.*

Бихьулищ, вац-яцалцин, боцIи-мал гьоркьоб ккедал,
ГьабзазулгIан цуцада гурхIел-рахIмого гьечIел.
ХIатта, эбел-инсуде лъималаз койр борхарал
Хабаралцин рагIула, бихьараца рицунел.

Цинги умараазул гIадлоялъул хIакъалъулъ
ГIадада хабар бицун, гаргадун щиб гьабилеб.
Гьаб кIочене гьабураб тIаде бачIунгегиян
ТIепун чIейго – маслахIат мискинаб агьлоялъе.

Гьезийги цо: «Гьалака гIанни султIанийягь» [1] – ан
АхIулеб къо щолебин, те бокьухъе рукIаян.
Рушват кьезе чи гьечIеб, кIалалда печать чIвараб,
Лугбаз нугIлъи гьабулеб – реччай ГIарасаталде.

Руччабазул хIаяъги[2] гьормаздаса тIагIана,
Гьезул даран-базаралъ динги суризабуна.
ВагIза-насихIат бугеб заман бачIананиги,
ГанчIидасан тIотIойгIан пайдаги гьезий щойчIо.

Исламалда рекъараб ретIа-къаялда тIасан,
Къойилго бицаниги, гIинги тIамулеб гьечIо.
ГIалхуде беччан тараб гIи-боцIул мисалалда
ГIадамал бегьуларин манлъунги, босуларо.

Исламалдаги ругел, шаригIатги бичIчIарал,
ШаргIалъ жедер гьабулеб адаб-хIурматги лъалел,
ХIурулгIиназул гIадаб къадроги жедер бугел,
Жавгьар рекIелъ цIунарал руччабиги дагь гьечIел.

[1] Ай, «Дир ханлъи тIаса ана, гьеб паналъана, гьелъ пайда гьабичIо», - ян гьез ахIулеб (къиямасеб) къо.

[2] ХIаяъ – нич, намус.*

Дин-Ислам гьуин гьабун, гьидаят ризкъилъун кьун,
Руччабазул жагьилал Дуца тIоритIе, Аллагь!
Жавгьаралъул къимат лъан, гьеб цIунаразул баркат
ЦIунизе лъайчIезеги щойзе гьабе, я Гъаффар!

Факъирал мискиназул саброги тIагIун буго,
БетIергьанас кьуралда гIей гьабун чIолел гьечIо.
ГIолилазе магIишат бигьаго бокьун буго,
Бокьа-бокьараб гьабун, бечелъизе къасд буго.

ЧагIи чIван бахъарабги, рукъзал рикъун щварабги –
Щибго гьанжи гьазие бегьулареб жо гьечIо.
БетIергьанас жедее хIалал гьабун кьурабги
ХIарам гьабун горони теларилан чIун руго.

ЧIаголъи тIаса унеб жойиланги ал гьечIо,
Жалги холел чийилан ракIалдеги кколаро,
Расги гIайиб гьечIев чи чIван рехизе кIваниги,
РухIги азий жедерго цIакъго хирияб буго.

Халкъалда тIатинчIого тIепун хутIаралдаса,
ТIокIаб ургъелги гьазий гьабунщиналъул гьечIо.
Щибго гьоркьоб течIого гьабурабщинаб гIамал
Малайкзабаца хъвалеб, – гьабги азда лъаларо.

Амма, кида-къадниги, гьикъичIого, бачIунеб,
ЧIегIераб цо къо бугеб, къанабакье мун унеб.
Къолоца борцун месед рушваталъе кьуниги,
Малаку-л-мавт вачIиндал, хвасарлъиги дуй гьечIеб.

Гьелдаса хадуб дуе рахIат-рохелги гьечIеб,
РахIманасул горони, комекги щойзе гьечIеб.

Щвалилазе тараб доб хIарамаб боцIи-малалъ
Боркьилеб дуе жужахI суйнго гьечIеб хIалалда.

Гъадинаб гIазабалъул рукъ дуйго къачIачIого,
ВачIа, мискин, вусса мун Исламалъул нухаве.
Аллагь дур тавбоялде хIажатав гьечIониги,
«Тубу»[1] - ян РахIманасул ахIи бугин, кантIе мун!

Кошлъиялъул агьло тун, лъикIазул ракьан ккуни,
ЛъикIал пишабазде, мун гьездаса ругьунлъилев.
Гьезулгун сухIбат[2] гьабун, рокьиялда вугони,
Рокьаралгун Халикъас МахIшаралда мун толев.

Мунго гIадин рукIарал гIолилазухъ валагье,
Гьидаят[3] тIалаб гьабун, тавбоялде руссарал.
Босе дуцаги мисал гьединал васаздасан,
Гьабе дуего гIамал, гIант гьавун вукIинчIого.

ГIемер манлъарунилан дидаги мун вагъуге,
Манлъараб гIадахъ боссе Аллагьас тавфикъ кьеяв.
Тавбоялъул горони хабар гьасул гьечIилан,
ЧIалгIунге насихIатги, ХIабибас дур койр ккояв.

Кинабниги ишалъулъ гьечIого чара гьечIеб,
Агьаммаб, кIвар цIикIкIараб цо алат камулареб, –
Исламияб нухабе гали лъурав чиясе
Чара гьечIеб доб алат – бацIцIадаб тавбо кколеб.

Тавбо муъминчиясе – хуруе хьон гIадаб жо,
Хьон хьвалареб хуриса тIощел бакIарулареб.

[1] «Нужеца тавбо гьабе».*
[2] СухIбат – гьалмагълъи.*
[3] Гьидаят – битIараб нухалде тIовитIи.*

Щибаб къойил хирияв нелъер Аварагасги,
Истигъфар лъабкъоялда анцI-анцI нухалъ гьабураб.

Усватун хIасанатун[1] гьаб гIеларищ нелъее,
ШафигIас умматалъе мисаллъун нахъе тараб.
Мунагь-хатIабаздаса гIицIлъун нилъ хутIуларин,
ГIибадаталде мугъ чIван, тавбо, воре, кIочонге!

РатIлица чигин, чоца багьадур гьавулилан
Буго халкъалъулъ кици, умумулъан бачIараб.
Бищунго гIалимзаби жинца берцин гьарулеб
Жавгьарилан абуни, зугьдги варагIги ккола.

Гьаб кIиябгоги жавгьар жиндилъа батIалъани,
Берцинлъи гIалимасул загьиралда хутIула.
БатIинияб зинаталъ[2] къачIаравлъун гьечIони,
Гьев релълъона меседил лъин беччараб пахьалда.

Пахьул къайи меседил къиматалда бичулев
Чанги хаин[3] ватула базаргабазда гьоркьов.
Хиянатгин гьереси – манзил къокъаб жолъидал,
Халкъалда жаниб гьесул къиматги хекко хола.

Халкъ бижарав Аллагьас лагъ басра гьавуларо,
Басралъи тIаде цIалеб – жиндирго гIамал буго.
Жаниб рекIелъ бахчараб инсанасул ширк-нифакъ
Ахир-къадги къватIибе рехичIого чIоларо.

Халкъалъул цоги кици: «Гьан махIцани, цIан щвалин,
ЦIан махIцани, щиб щвалеб?» – абурабги букIуна.

[1] Ай, берцинаб, лъикIаб нух.
[2] Зинат – берцинлъи.*
[3] Хаин – хиянатчи.*

Исламияб тарбия жодой щойчIел гIавамал,
ГIалимзаби чарлъидал, лъида нахъха рилълъинел?

Рокьо Алжаналъуве лъугьине хутIарав чи
Хадув жужахIалъуве унин хIадис бугелъул,
Унго, гьадингIагидай гьал гIалимзабазда гъорлъ
Цо-цоязул гIакъибат[1] ккун бугоян щаклъула.

БетIергьанас гIелму кьун, кьерилалълъ тIокI гьавурав,
ГьечIищ Дов дуй гъоркье чIун, ризкъи кьун, мун хьихьизе?
Бихьулареб щай дуда, «Ва тавакказ гIалалЛагь»[2]
Къуръаналда Аллагьас чан бакIалълъ рехсон гьечIеб.

ВарагI, такъва, зугьдалъул дагьабищ бицун бугеб?
Гьелъул хиралъи-тIокIлъи тIахьаздайищ батичIеб?
ТIагьаясул ирсалъул бутIа щварав ватани,
Щайха, гьудул, гIелмудул адаб тун мун хьвадулев?

Аравищха Авараг боцIи-малалда хадув,
Росаралищха ричун, гIарац кьун, асхIабзаби?
Росабалъ жамагIатал рикь-рикьизеги гьарун,
Ккурабищха дибирлъи халафун-салафуназ?

Нилъ хадур лъугьанагIан цебе лъутулеб дунял,
Те хадуб бачIинегIан, дуда баракат лъеяв.
Мунго берцин гьавулеб кIиябго жавгьар цIуне,
Жавгьар гIадаб берцинаб ахират дуе кьеяв.

Дурго гьунаралдалъун данде гьабураб гIадин,
Воре, мунги чIухIуге, боцIи-мал гIемерав чи, –

[1] Ахир.*
[2] Ай, тавакказ Аллагьасде тIаме.

БоцIи-мал, дур кIалалълъгIан, нуцIил кIалтIа букIарал
КIудал ханзабазулги хараблъараб дуниял.

Дуде аманат гьабун, имтихIаналъе[1] къураб
Аллагьасул бечелъи беччанте хъваралъубе.
Бищунго агъниял[2] берцин гьарулеб жавгьар, –
Гьарзаго кьеги дуе, – ракI бечедаб сахават.

Чанги чиясул къисмат дур малалъулъ букIунеб
КIочене тоге, воре, тафвикъ кьун тIовитIаяв.
ТIадаб закагIаталъулъ кIарчанлъиги гьабуге,
Гьеб закат кьеялъ боцIи цIобалебин, щаклъуге.

ЩайтIаналъ дуе хIинкъи факъроялдалъун кьолеб,
Къосараб гьеб малгIуналъ гуккизе мун вукIунге.
Дуца кьунагIан дуйги БетIергьанас кьолебин,
Бикьулаги кьолаги таги мун дунялалда.

Тохтурзабаз, рукIинчIел унтаби загьирлъидал,
Гьезде данде рагъ байзе гIаламалде манлъула;
Радиоялъ бицуна, телевизоралъ кьола,
Газетал, журналазда макъалаби рахъула.

Рекъон кколел дараби данде хIалтIизаризе,
ХIалкIвараб жигар бахъун, насихIатал гьарула.
Гьел цуцаде рахунел къагIидаби рицуна,
Къаркъалаялъул сахлъи цIунеян гIакъло кьола.

ГIакъло къабул гьабурав мекъса кидаго ккечIо,
Манлъараб гьабурасе сабабги камуларо.

[1] Ай, хIалбихьизе .
[2] Агънияъ – бечедал чагIи.*

Сабаб камураб унти-гIажал горони гьечIо,
ГIолилал сабабалда хурхине хIажат буго.

ХIажат бихьун насихIат гьабичIогун рес гьечIо,
РухIанияб тарбият бищун агьаммаб[1] буго.
Мунагь-хатIабаздаса ратIалъараб къо гьечIел, –
Къойилго бицаниги, тавбо нелъей дагь буго.

ЦохIого магIнаялъул аятал Къуръаналда
Къадирасги бакI-бакIалълъ гIемерал рехсон руго.
ГIемерал унтабаца сверун росун ругелъул,
Сабабалде нуж кантIи – диеги бокьун буго.

Багьаго гьечIеб жавгьар – БетIергьанасул Калам –
Гьебги ракьалдаса ун, бесдаллъи бихьугеги!
Расулас умматалъе, холелъул, нахъе тараб
Хирияб Къуръан гьечIеб къо тIаде бачIунгеги!

Къуръаналъул тIалабал тIорайзе кIойчIониги,
КIвараб хIурмат гьабизе гьеб рокъоб камугеги!
Махраж-тажвид загIипаб къираат[2] батаниги,
Къадирас цIаларазе ажру камилаб кьеги!

ИчIабилеб жавгьарги Жабраил малаикас –
Каламуллагьи-л-къадим – Къуръан нахъе босила.
Къуръаналъул тIамчалги хъахIаб кагъат хутIила,
ХатI букIараб асарцин гьелда тIад батиларо.

Гьеб заман бачIун хадуб, чIаго хутIиялдаса,
Хун ракьалде ийинго маслахIатаб букIина.

[1] Ай, кIвар бугеб. *
[2] Къираат – цIали.*

ТалихI бугев чиясда гьеб заман бихьиларо,
Бихьугегиян гьаре рижарав Аллагьасде.

АнцIабилеб нухалда, Жабраил малаикас
Халкъазул ракIазулъа иман нахъе босила.
Иман гьечIел ракIалгун ракьалда хьвадизегIан,
Ракьул чохьонире ккей гIемерго лъикIаб буго.

РекIелъа иман бахъун басра гьарияласа,
БетIергьан, Дуца цIуне бацIцIадаб агьлу-суннат!
Исламалъул арканалълъ гIунгутIи батаниги,
ТавхIидалда чIезаре рухI бахъиялда аскIур!

Дур гIатIидаб цIобалде хьулалда ругел нежей
Нафюгин исбаталъул[1] натижат[2] хIасул гьабе!
ХIабибас умматалъе шафагIат гьабулелъул,
Щоялде божи бугел нижги махIрум гьаруге!

Амин, амин, амин, я Мужиба ддагIават!

[1] «Ла илагьа иллалЛагь» абураб калима.*
[2] Натижат – пайда, хIасил.*

# - Ф А С Л О -

## АВАРАГ ﷺ НАКЪЛОЛЪУН ХАДУВ ГІАРАБАЗУЛ КЪАБАИЛАЗДА ГЪОРЛЪАН ЦО-ЦО ТАЙПА МУРТАДЛЪИЯЛЪУЛ ВА АБУБАКАР АСХІАБАС ГЬЕЗДЕ ДАНДЕ ГЬАБУРАБ РАГЪАЛДАСАН КЪОКЪАБ БАЯН

Абубакар асхІабас, Расул вукъун хадуса,
Халкъалда цеве вахъун, цІакъаб вагІза гьабуна.
ТІоцове, Аллагьасе рецц гьабун, жив кІалъана,
Цинги жамагІаталда «Айюгьа ннас» – абуна.

«Инни къад валлайтукум ва ласту бихайрикум»[1], –
ХутІбаялъул авалги гьалдалъун байбихьана.
«Дун битІараб нухалда вугевгІан заманалда
Дий нуж мутІигІлъе», – йилан халкъалдехун абуна.

Мекъса кколев вугони, витІизеги гьавеян,
БитІараб рагІи бицун, Абубакар кІалъана.
«Сидкъу[2] – аманат, – абун, – кизбу[3] – хиянат», – абун,
Хадуб гьабизе бугеб гІадло таъкид[4] гьабуна.

Расулуллагь накълолъун къоял гьоркьор инелде
Къабаилул гІараби муртадлъизе лъугьана;[5]
Закат бахъиялдаса цояз инкар гьабуна,
Нубувваталда дагІба балелгицин лъугьана[6].

[1] Ай, «Дун ножор халифалъун тана, ножодаса лъикІавги, тІокІавги гьечІо».
[2] Сидкъу – битІараб бицин.*
[3] Кизбу – гьереси.*
[4] Ай, къвакІизабуна.*
[5] Ай, гІарабазул тухумал Исламалдаса руссине лъугьана.
[6] Ай, жал аваргзаби ругин дагІба балелгицин лъугьана.*

Бану-Асадилалги муртадаллъун лъугьана,
Хувайлидил ТIулайхIат бетIерлъунги вищана.
«ВахIю босун Жабраил жинде тIаде рещтIунев
Авараг вуго», – абун, дагIбаги жинца бана.

Бану-ГIамир, ГъатIфаназ Къуррат бетIерлъун тана,
ГIуяйнат бину ХIасин Фазаратаз вищана.
Фужаат бину ГIабду Ялиди Саламийи
Бану-Саламияца бетIерлъунги тIамуна.

Бану-Тамимилазул цо къокъаялъ абуни,
БетIерлъун – СажахI абун, чIужугIадан гьаюна.
Кандатил кьибилалъул цо тIаифат[1] муртадлъун,
Гьезги АшгIас бину Къайс бетIерлъун чIезавуна.

Бакру бину Ваилил кьибилги муртадлъана,
Гьезги жедер бетIерлъун Зайидил ХIакам тана.
Гьев Зайдги – мин бани Къайс СагIлабатил васасул
Тухумалъул вукIанин «ФутухIалда» бицана.

Цинги Ямаматалда Мусайлимату-л-каззаб
Живги аварагилан дагIбаялда вукIана.
Бану-ХIанифатилал, гьевгун рекъон, цолъана. –
Гьаб рехсараб хIалалда гIарабал муртадлъана.

ГIакълаби хIайранлъарал мугIжизатал рихьараз
Бихьулищ гьабураб жо, ТIагьа цевеса ингун!
Аллагьасул Каламалъ кьучI лъураб Исламги тун,
Муртадлъарал къавмазул къосун ккейи гIеларищ?

[1] Ай, къокъа.*

ГІарабазул сияхІал Сиддикъасухъе щвана,
ШаргІалъе мугъ кьуразе гІадлоялъе къачІана,
Къуръан-хІадисалдасан далаилал рачараб,
Рисалатун балагъат[1], хъван, жинца хІадурана.

Мугьажирал, ансарал данделъараб аскаргун,
ГІадло гьезий гьабизе Халид асхІаб витІана.
«Исламалде жал ахІун дагІват гьабун хадуса,
Данде чІани горони, рагъ гьабуге, – абуна. –

Амма данде рахъани, дагІватги нахъе чІвани,
Нахъе гІадан течІого, гъуре, – ян буюрана. –
Руччаби асир гьарун, боцІи-мал нахъе босун,
Исламалда бегьулеб гьабе», – йилан манлъана.

Гьаб амро жаниб хъвараб кагъат, тІад мугьруги чІван,
«Ма», – абун, халифаяс Халидил кодоб кьуна.
Хадуб, кагътида хъвараб амро тІобайзабеян,
ТІаде мушафагьатан[2] жинцагоги абуна.

Абубакари Сиддикъ халифаясул кагъат
Халидица кодобе ракІ разиго босана.
Бану-Асадилаца бетІерлъун жив гьавурав
ТІулайхІат тІалаб гьавун, гьанжи сапар бухьана.

Сайфуллагьи-л-маслул[3] – ан сифат жиндий гьабурав,
Бахъун хадуса хвалчен, къун, лъалиниб лъоларев,
Къосун ккарал муртадал тавбоялде ахІизе,
Амроялда нахъвилълъун, жинца тІаде босана.

---

[1] Ай, гьезде Исламалде тІадруссаян лъайзабун кагъат хъвана.*
[2] Ай, кІалалъги абуна.
[3] Аллагьасул бахъараб хвалчен.

ТIайбаталдаса къватIив Халид лъугьун хадуса,
Халифа тIалаб гьавун, тIаде Фужаат щвана, –
ТIулайхIатгун вагъизе дие комек гьабеян,
Макроялъул кIичI рехун, кIалъайзе байбихьана.

Бахьикъосил гьереси Сиддикъасда уян ккун,
Гьесие койрбакъизе кIвараб комек гьабуна,
РекIине анцIогIун чу, гIемер хвалачаби-хучдул,
ЧIоралгун чIорбутIал кьун, яргъид хьезе гьавуна.

Гьелде тIадеги анцIго багьадур цадахъ кьуна,
Гьеб къуватгун Фужаат хехго нахъе вуссана.
Халид араб нухасан ине рагIиги бицун,
Бану-Салимиязде тIаде къокъа бачана.

Диналдаса буссараб, талихI къосараб къавмалъ
АнцIавгоги багьадур, чIван, ракьалде рехана.
ЧIорбутIалгун хвалчаби, хучдул, чуял рикьана,
Халидилгун рагъуе хIадурлъиги гьабуна.

Фужаатил хиянат Абубакарихъе щун,
АсхIабзабазда жинца, ургъел бикьун, бицана.
Бану-Салимиязул Исламияб кьолбода
Гьоркьосан суфагьааз[1] чIегIераб дангъва лъуна.

Фужаатил хиянат жаниб баян гьабураб
Рисалат хъван Сиддикъас ТIурайфатихъ битIана,
Гьаб кагъат тIаде щойгун, тIокIаб нахъбахъичIого,
Фужаатида хадув вахъаян буюрана.

[1] Ай, жагьилзабаз.

Бегьани, асир гьавун, ккун вачине изно кьун,
Рес ккечIони, гьев малгIун чIван рехеян манлъана.
Халифаясул кагъат кодоб щойгун ТIурайфат,
Фужаат тIалаб гьавун, къокъаги бачун ана.

Къосун ккарав Фужаат жинда данде ккаразул
Биял гIодоре тIолеб питнаялда вукIана.
Питначиясул давлат халат билълъунарелъул,
Халифаясул амир къокъагун тIаде щвана.

Дандеккей гьечIеб калам кIиясго байбихьана,
КIиябгоги къокъаялъ цуцаде чIорал рана.
Цинги Фужаатица, жив бергьунгутIи лъайдал,
Дунги халифаясул амирин дагIба бана.

Дур гьеб уяб батани, дида цадахъ вилълъаян,
Тухурух бан, гьой гIадин, Сиддикъасухъ вачана.
Вачун вачIун, Фужаат жинда тIаде щваравго,
ТIурайфат аскIув ахIун, Сиддикъас буйрухъ кьуна;

БакъигIалдехун вачун, хех гьабун, цIаги бакун,
ЦIадав рехун вухIеян, рахIму-цIоб тун, кIалъана.
«КIал таралъуб таргьа бай» – абиги букIунелъул,
Амро ТIурайфатица гьебсагIаталъ тIобана.

ТIулайхIат тIалаб гьавун, халифаяс витIарав
Халид вачIина вукIин Къурратида рагIана.
Бану-ГIамирилазе хабар жинца бицана,
Халидилгун рагъ гьабун лъикI горилан абуна.

Исламалде данде чIун, ХIабибасда тIад вахъун
ТIулайхIат вукIиналда щаклъи жиндир букIана.

БукІаниги, ТІулайхІат, вахІю жиндихъ рещтІунев
Расулин чІун вукІиндал, уян ккунги букІана.

Бану-ГІамирилица вагІза къабул гьабичІо, –
Абубакар Сиддикъий мутІигІлъиларин чІана,
ГъатІфанал, Бану-ГІамир – кІиябго кьибил рекъон,
Къурратги тІаса тІамун, ТІулайхІатгун цолъана.

Цинги Фазаратазул бетІер ГІуяйнат щвана, –
ТІулайхІатил рисалат уян ккарав вукІана.
Киналго гьал муртадал хвалчабазда койрал лъун,
Халидида, вачІани, кьабизе хІадурлъана.

ТІулайхІатил хабар лъан, хехго нахъе руссаян
Халидица витІарав лъабго чапар вукІана:
ГІукашат бину МухІсин, Сабит бину Аркъамги,
Ибну ГІамру-л-махзуми СагІидги – гьел рукІана.

ТІулайхІатил муртадал божкъаликье данде чІван,
ЧІван, лъабавго багьадур гьезги ракьалда лъуна.
Гьезул хабар къотІана, Халид цевехун ана,
Унаго, чІван рехарал гьезда тІаде жив ккана.

Жедер шагьидлъун хварав гьев лъабавгоги вукъун,
Гьанжиги Халидица цебехун нух босана.
Халид гІагарлъун вукІин лъарал ТІулайхІатилал
ТІадеги цІакъ рагъуе къачІадизе лъугьана.

Мугьажир-ансаразул иман щулияб аскар
Иман гьечІеб къавмалде аскІобе гІагарлъана,
Рохьил гъалбацІал гІадин, ццидал цІурал ракІалгун,
КІиябго гІаскар цуцалъ цойидасан жобана.

ЦохIо хъизан киннигин, вацлъиялда рукIарал
РакIазулъ иман гьечIез тушбабилъун рикIкIана.
ШаргIалъ данде гьарурал къабаилул гIараби[1]
Ислам тарал муртадаз кIирикьизе гьаруна.

Кьалул майдан гIуцIана, цIоб тараб рагъ гьабуна,
Биял гIодоре тIуна, гIемер камиял ккана.
Бергьенлъиялда ракIчIун, ТIулайхIатида божун,
Байбихьуда муртадал тирха-гIирхун рукIана.

Халидил гIаскаралда тIад бергьенлъи босизе,
ТIулайхIатица гьезий рохел бицун букIана.
БетIергьанасул рахъалъ вахIю босун, Жабраил
Жиндихъе вачIиналъул хабарги бицунаан.

Хадуб ТIулайхIатил бо тамахлъизе рекIана,
Халидил гIаскаралъул къуват-гучги бихьана.
Бергьенлъи щоялдаса хьулги дагьаб къотIана,
ТIулайхIатида аскIув ГIуяйнатги хьвадана.

Рохалил хабар босун, ТIулайхIатида тIаде
Жабраил вачIиналъул анищалда вукIана.
Анищалги тIорайчIо, ТIулайхIатги чарлъана,
Чарал гьесул хабарал ГIуяйнатида лъана.

ГIуяйнат тIадвуссана, Фазаратазухъ ана,
ТIулайхIатил нубувват гьересилъи бицана,
Гьев авараг горевлъи дие мухIканлъанилан,
МухIканаб хабар бицун, баян гьезие кьуна.

[1] Ай, гIарабиязул тухумал.*

Гьабунщинаб мекъса ккей лъарав ГIуяйнатица,
Фазараталги рачун, лъутизе къасд гьабуна.
Къурратги, ГъатIфаналгун, Бану-ГIамирилалгун,
ГIуяйнатида хадув цадахъго вагъарана.

Цинги ТIулайхIат гьезде: «ВайхIакум, ма балукум
Мунгьазимина»[1] – абун, яхI батизе кIалъана.
Боялда гъорлъан цояс данде жаваб гьабуна,
Ниж щай тIурулелали бицинищан ахIана:

«НахIну къавмун нукъатил ва нуриду-л-бакъаа
Ва гьаулаи къавмун юхIиббуна-л-фанаа[2] –
Бакъаъ къварагIарал – ниж, фанаъ бокьарал – долал, –
Данде кколарин», – абун гIилла баян гьабуна.

Гьанжи, тIадеги яхъун, ТIулайхIатил лъадиги,
ТIурулаян гIайиб чIван, гIаскаралде кIалъана.
ГIаскаралъул цоясги гьелъул кIал-мацI къотIана,
КIалъайчIей анищилан долда ккезе гьабуна.

«Дур рос хIакъав авараг вукIаравани, Навар,
Аллагьас гьав гьадагIан басра гьавилароан», –
Гьадин жавабал гьарун, боялъ инкар гьабидал,
Гьанжи ТIулайхIатилги хIатIакье терет бана.

БатIулаб тIаса анин, хIакъабги загьирлъанин,
Гьекко гьаний ячIаян Навариде ахIана.
ХIинчI кинниги лебалго чода тIаде вахана,
Нахъа Навараги къан, кIиязго нух босана.

[1] Ай, нуж щай тIурулел абун гIайиб гьабун.
[2] Ай, «Ниж руго дунялалъе, чIагольиялъе гIоло рагъулел, дол руго, ахират тIалаб гьабун, хойзе бокьарал».

Халидил гIаскаралда койр рекIинчIел муртадал,
Кинабго жо кIочон тун, гIачи гIадин, тIурана.
ТIулайхIатида божун нахърилълъарал ахIмакъал,
Дунялги ахиратги – кIиябго хун хутIана.

Халидица буйрухъ кьун, къавмалъул гъанаимал[1],
Гъоркь щибго жо течIого, цойиде ракIарана.
Цо къокъа гIаскаралъул гьеб хьихьун гьенибги тун,
Муртадал тIалаб гьарун, гьанжиги хадув ана.

Хадувгъараб бакIалда муртадал сверун ккуна,
Койрде рачIинарилан дандечIей цIакъ гьабуна.
Биял гIодоре тIураб кьаби ккун хадусала,
Халидил гъалбацIаца асирлъуде росана.

Асирлъудаса ворчIун, Хувайлидил ТIулайхIат
ТIурун Шамалдеги ун, бетIер цIунун, вахчана,
Халифаясде данде гьаб питнаги багъарун,
Бусурбабазда гьоркьоб ракьа жинца рехана.

Халид, асирзабигун, кинабго гъаниматгун,
ГъалбацIазул гIаскаргун Мадиналде къокъана.
Мадинаялъул агьло, асирзаби рихьизе,
Рукъзабахъа къватIире къокъабиккун рахъана.

Койразда махалги ран, варaниялда къарав,
ГIуяйнат бину ХIасин киназдаго вихьана.
Вихьанщинав чиясул тушманлъун гьев лъугьана,
«Я гIадувваллагь»[2], – абун, ахIи гьезул букIана.

[1] Ай, гьезухъ бахъараб давла.*
[2] «Я, Аллагьасул тущман».*

«Исламалда хадусан, куфруги тIаса бищун,
Бусурбабигунищ мун вагъизе вукIарав?» - ан,
КIалал гIемерал гьикъун, басриябщинаб рикIкIун,
КIиго капкил бакIалде ГIуяйнат ккезавуна.

ГIадамазул рахъалъан гьабщинаб бадибчIвайгун,
Вачун, халифаясда цеве чIезе гьавуна.
Цинги, гьес гьабунщинаб ракIалдеги щвезабун,
Габур дур къотIилилан халифаяс абуна.

Амма гьанжи ГIуяйнат, гIузру бачун, кIалъана,
ГIайибги тIаде босун, цIоб гьабеян гьарана:
Расуласда дудаса дун лъикIго лъалаанин,
Балъго рекIелъ бахчараб нифакъги дир букIанин;

Жакъайилан абуни, Аллагьасдеги вуссун,
Унго-унгояб тавбо дир бугилан абуна.
Дуйги мутIигIав вугин, тIаса лъугьаян абун,
ТIагьал халифаясе ГIуяйнат хIелхIедана.

РахIму-сабро цциналда цебе ккарав вукIиндал,
Цинги Сиддикъун акбар тамахлъизе рекIана.
РакIбухIун гIузру бачун, гьабуралда пашманлъун,
Гьабун тараб тавбоялъ ГIуяйнат хвасарлъана.

Расулуллагьгун цадахъ асхIабзабазда гьоркьов,
Иманго лъечIеб рекIелъ нифакъги балъго гьабун,
Гьедин, гьеб къо щойзегIан жив куфруялда вукIин
Живго ГIуяйнатица ракIбацIцIадго бицана.

Цинги Гьубайратил вас Къуррат вачун вачIана,
ВачIаравго Сиддикъас «БетIер къотIе», – абуна.

Къурратилги бачине гIузру камун батичIо,
Бусурманав вугилан дагIба жинцаги бана;

ГIамру бну ГIас гьелъие нугI вугиланги чIана,
ГIамру ахIун, Сиддикъас хIакъикъатги цIехана.
Къурратил Исламалда тIад хабар гIемерлъана,
ХатIабил ГIумар, вахъун, Сиддикъасде кIалъана.

«Къуррат бину Гьубайрат ашрафу бани-ГIамир
Мин садати-л-гIараби вугелъулин кIалъана[1], –
Гьевги тIаса лъугьун тей дуе рекъараб бугин,
Я Расулуллагьасул халифа», – ян абуна.

Абубакарицаги: «Къад гIафавту гIангьу»,[2] – ян,
ГIумарил гIакълоялъе рекъараб жаваб кьуна.
Къурратги ГIуяйнатги, бацIцIад тавбоги гьабун,
ЦIидасан Расуласул асхIабзабалълъ рекъана.

Асирлъуде восарав кIиясулго гьалмагълъи –
Гьелги, тIаса койр босун, эркен гьарун, реччана.
Куфруялда жалги хун, жужахIалде инчIого,
Аллагь гурхIун, киналго Исламалде руссана.

Асирлъудаса ворчIун, тIурун Шамалде арав
ТIулайхIатил къисматги батIайиса батана.
Къурратги ГIуяйнатги, асирлъуде ккун хадур,
Исламалдеги руссун, эркен ругин рагIана.

Абубакар асхIабас, тавбо гьабун рачIиндал,
Гьел тIаса, койрги босун, реччан тун рукIин лъана.

[1] Ай, «Бану-ГIамирилазул, гIарабазул бищунго къадро бугеб кьибилалъул кIудияздасан вугелъул», - ин абун.

[2] Ай, «Дун тIаса лъугьана», - ян абун.

РакIбухIун, цIакъ пашманлъун, ТIулайхIат хIайранлъана,
ТIадвуссун Исламалде вуссине хивал ккана.

Халифаясухъе хъван, кагъат щойзе гъабуна,
Киналдаго ракIбухIун, хIайран вукIин бицана.
ХIелму-цIоб цциналдаса цебе ккарав халифа,
Кагъат цIалун хадуса, ракIтIеренлъун лъугьана.

ТIулайхIатие рахIат рухIалъ Шамалда течIо,
Дару-л-Исламалдехун[1] рекIел хивалаз цIана,
Халифа чIаго вукIун, дандчIвай досулгун ккечIо,
Намус гIечIеб лъаларо, лъалев БетIергьан вуго.

ТIагьаясул халифа – Сиддикъ накълолъун хадуб,
ХатIабил ГIумарида халафалъи тIадкъана[2].
Халафаталъул амро ГIумариде ккун хадуб,
Хувайлидил ТIулайхIат гьесда тIаде вачIана.

ВачIинги ТIулайхIатил, тIолго гьабун аралда
ТIобанго ракIги бухIун, тавбоялда букIана.
Таибасда[3] кьабулеб рахIматалъул цIалги щун,
ЦIцIан, макънатIисалъ гIадин, игIтикъадалъ вачана.

ВачIун ТIулайхIат жинда цеве эхетун чIедал,
ХатIабил ГIумарица гьомер букIкIинабуна.
Гьесдехун «Я ТIулайхIат, кайфа таржу ннажата
Мина ннари[4], – ян абун кIалъайзе байбихьана. –

[1] Ай, Исламалъул ракьалдехун.*
[2] Ай, ГIумар асхIаб вищана халифалъун.*
[3] Таиб – мунагьазда ракIбухIун, тавбо гьабурав.*
[4] Ай, «Я ТIулайхат, дур кин хьул лъолеб жужахIалдаса хвасарлъиялде».

Ва къаталта ГIукашат бину МухIсин ва Сабит
Ибна Аркъам Ансари»[1] – ракIалде щойзаруна.
РакIалде илгьам бачIун, манлъун тIамурав гIадин,
ТIулайхIатица жаваб гIажаибго гьабуна:

«Я амира-л-муъминин, гьев кIиявго абуни,
Аллагьас кIодо гьарун, Алжаналъуре ана.
Эзул хвелги шагьидлъун дир койралдасан ккана,
Дун, эз чIван, жужахIалъув ккечIого хвасарлъана».

Халифа жавабалда тамашалъун хутIана,
ТIулайхIат, аскIув вачун, жинца гIагар гьавуна.
Гьабурабщинаб питна тавбоялъ къинабуна,
ТалихIалъ корщел гьабун, шаъму[2] нахъе кьабуна;

ШайтIанги, Иман цIикIкIун, анкьго мегIер тун ана,
Амиру-л-муъмининги мугIтамадлъун[3] лъугьана,
Гьеб хIалалда ТIулайхIат ГIумарил хьолбохъ чIана.
ГIиракъалда фурсазул хIаракат багъарана.

Абу Вакъасил СагIдул бетIерлъиялда гIаскар
ГIиракъалъул рахъалде халифаяс битIана.
ТIулайхIатги гIаскаргун гъазаваталде ана,
Аллагьас койрги бакъун, кутакалда вагъана.

Кибехун щиб кканиги, кидаго ТIулайхIатил
Ками гьечIеб койрбакъи Исламалъе букIана.
БетIергьанасул къадар жинде тIаде щойзегIан
ШаригIаталъе хъулухъ бацIцIад гьабун хьвадана.

[1] Ай, «Дуца ГIукашатги Сабитги чIванагури».
[2] Ай, бахьикъосин.
[3] Ай, мугъчIвалев чилъун, ай божарав чилъун.

# - ФАСЛО -

## МУСАЙЛИМАТ АЛЬ-КАЗЗАБ ЧIВАЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Мусайлимат абулев цо малгIун, тIаде вахъун,
Дун авараг вугилан дагIба байзе лъугьана.
Дин-Исламалда ругел бусурбабазда гьоркьор
Гьев каззабас[1] кIудиял камиял ккезаруна;

МухIаммад аварагас холелде цевеккунго,
Живги нубувваталъулъ[2] гIахьал гьавунин чIана.
Досдего гIадин, Жибрил щибаб къойил вахIюгун,
Жиндихъги рещтIунилан дагIбаялда кIалъана:

«Нубувватгун имамат[3] жодохъ букIине ккани,
Ножодаса къурайшал сундалъун тIокIал ругел?
Ракь-мулкги ножор гIемер, гIаламги ножор цIикIкIун,
Жабраилги вахIюгун дихъе рещтIуна вукIун».

РекIелъа иман бахъун, къосиндал инсанасул
Намус-яхIалъул асар чорхолъ хутIулеб гьечIо.
Гьереси-мацIги досий, гьоцIцIоги нахги гIадин,
МацI-кIалалъе гьуинаб тIагIамлъун кколеб буго.

Бану-ХIанифатилал, гьадал гьерсалги рицун,
Гьересияв малгIунас русса-сверизаруна.
Агьлу-ямаматалда гьаб кьибилалда гьоркьоб
Бищунго къадро бугев кIиго чиги гуккана.

---

[1] Каззаб – гьерсихъан.*
[2] Ай, авараглъиялъулъ.*
[3] Ай, авараглъиги имамлъиги.*

КIиявго чи малгIунас нугIлъун чIезеги гьавун,
Нубувваталъулъ живги гIахьал гьави бицана.
Божуларел ратани, гьазде гьикъеян абун,
Гьелги рихьизе гьарун, кутакалда кIалъана.

КIимагIида ракIал ран, гьоркьоб хутIараб гIалам
Гьав кIиявго чиясул кIал бихьизе рилълъана.
Ражжал бину ГIанфават, МахIкам бину ТIуфайлу,
ТIаде рачIун, гIадамаз гаргадизе гьаруна.

«Гьав Мусайлиматица бицунеб хабаралде
Ножоца щиб абулеб? – суал гьезие кьуна. –
Нуж къавмалда жанирго бищун божараллъидал,
Бице лъалеб батани хIакъикъат?» – ан абуна.

«ХIакълъунго, Мусайлимат нубувваталъулъ гIахьал
МухIаммад аварагас гьавун вукIана», – абун,
КIиявгоги хIалихьат гьересияб нугIлъигун
Гьеб гIаламалда цере нечечIого кIалъана.

КIиясго гьабун тараб гьересияб нугIлъиялъ,
Мусайлиматил шугьрат[1] дагьабги гIатIилъана.
Къавмалъул гIемерисел гьесда хадур рилълъана,
Гьересияб нубувват гьезие улъун ккана.

Бану-Тамимилазул муртадазул раисат[2] –
СажахIги жий авараг йигилан чIун йикIана.
«Ашгьаду анна СажахI набиййаталлагь», – абун,
Азанги муаззинас тIобитIулеб букIана[3].

[1] Ай, машгьурлъи.*
[2] Раисат – бетIер.*
[3] Ай, как ахIулеб мехалъ будунас, «СажахI авараг йиго», – абун ахIулаан.*

Гьеб хIалалда йикIаго Ямаматалда вугев
Мусайлиматил хабар СажахIида рагIана.
СажахI - «набиййаталлагь» Ямаматалде ана,
Мусайлиматун каззаб жинца тIалаб гьавуна.

Гьевгун дандчIвай гьабуна, чин бащадав ватана,
Бицунеб калам-рагIи – кинабго данде ккана.
«Дуде рещтIунеб вахIю щиб бугеб?» – ан гьикъана,
Мекъса соризе гьабун, «Ла укъсиму» цIалана.

Мун хIакъав наби[1] вугин, СажахI цIакъ разилъана,
Лъадилъун дица дунго дуе кьунин абуна.
Амма магьари дие, дин релълъен шартI гьабуна.
ШартI тIобайзе гьабизе гьасги тIаде босана.

СажахIил гьаб къавмалда рагIизабун ахIеян,
АхIун, муазинасде Мусайлимат кIалъана.
МухIаммадияб шаргIалъ тIад лъураб щуго какил
КIиго тIаса реханин рохел гьезда бицана.

Рогьалилги боголги – кIиго как тIаса рехун,
Мусайлиматил «шаргIалъ» цIакъ бигьалъи гьабуна.
ШартI тIобайзе гьабидал СажахIил гьод битIана,
БитIун мун кIалъанилан кIудияб рецц гьабуна.

КIиязго авараглъи цуцада дандги кьабун,
Цо цIияб дин гIуцIизе гьанжи аз байбихьана.
Исламалда ругезул рахIатхвараб хIал ккана,
ХIал щун, Мадинаялде халифаясухъ ана.

---

[1] Набий – авараг.*

Мусайлимат-малгIунас гьесий[1] Ямаматалда
Гьабула бугеб питна, ургъел бикьун бицана.
Аллагьасде хьул бугин, гьев гьалак гьавилилан,
«Нуж гIедегIуге», – абун, Сиддикъас ракIбатана.

БатIхIаалъул муртадал гIадлуялдеги рачун,
ГIаскаргун Халид асхIаб гьенивго чIун вукIана.
Халифаясул амро, кив аян бачIаниги,
Амро тIобайзабизе хIадурго жив вукIана.

ХIабибасул шаригIат хойзабизе лъугьарав
Мусайлиматил хабар халифасе бакIлъана.
«Бисмиллагь», - ан байбихьун хъвараб рисалат босун,
Сиддикъас хехав чапар Халидихъе витIана.

ТIоцобисеб васийят такъваялдалъун[2] гьабун,
Гьелда хадуб Халидий, манлъа-хъван, гIакъло кьуна.
«Лам талкъа къавман къатIтIу яшбагьуна би-бани
ХIанифата[3] – ян гьезул гучги жинца бицана. –

Гьезулгун къиталалде байбихьи гьабичIого,
БегьанагIан сулхIалде[4] гьесизаре, – абуна. –
Гьедин сулхIги ккечIони, рагъалде ишги ккани,
Фа баширгьа бинафсик,[5] – абун, лъайги гьабуна. –

Ансарал-мугьажирал – цIакъ гьезул кIварги гьабе,
Расуласул васийят гьезул хIакъалъулъ цIуне.

---

[1] Халифаясе.
[2] Такъва – Аллагьасдаса хIинкъи.*
[3] Ай, «Гьединаб къуватаб къавмгун мун жеги дандчIвайчIев лъай».
[4] СулхI – маслахIат.*
[5] Ай, «ТIоцебе дуцаго байбихье».

ХIеренго калам гьабе, квеш гьездехун кIалъаге,
Гьездаса мухIсинасе ихIсанги дуца гьабе[1].

Мусиасда[2] тIаса лълъун, Аллагьасдалъун гореб,
Тавфикъ, койшаб тун, лъикIлъи гьабизе, гьечIин абе.
БетIергьан-Аллагьасде, гьединго Расуласде
Капурлъараб къавмгун мун вагъулев вукIинги лъай.

Акабиру-л-муслимин[3]–Расуласул асхIабал,
Эзулгун гIакъло дандбан, мушавараги гьабе.
Гьединго хвалченалда данде хвалчен чIезабе.
Дуй бергьенлъи щоялде, иншааллагь, хьул буго».

Гьединаб сураталъул, Сиддикъас хъван бачIараб,
МагIна гъваридаб кагъат Халидил кодоб щвана.
Кинабниги гьалмагълъи ахIун данде гьабуна,
Гьезий кагъатги цIалун, «Рази ругищ?» – абуна.

«Арраъю раъюка, – ян киналго разилъана, –
Лайса фина ахIадун юхалифук»,[4] – абуна.
Исламияб диналъухъ рухIал кьезе хIадурал
АсхIабзабазул гIаскар сапаралде къачIана.

Мусайлиматил вазир – ТIуфайлил васасухъе
Сабитил ХIасаница хъвараб кагъат битIана:
«Биял гIодор тIечIого, гIадада рагъичIого
ЧIани, лъикI ножой», – абун, къвакIизеги гьабуна.

[1] Ай, гьезул лъикIлъи гьабурасе данде лъикIлъи гьабе.
[2] Мусиъ – квешлъи гьабурав.*
[3] Ай, бусурбабазул чIахIиял, гьезул къадро-къимат бугел.*
[4] «Ниж дуда нахъ руго, дудехун хилифлъулев чи нежер цониги гьечIо».

Гьеб кагъат кодоб щойгун агьлул-Ямаматалъул
Вужугьал[1] данде гьарун, ТIуфайлил вас кIалъана:
«Я бани-ХIанифат», – ан хитIаб гьезде гьабуна,
Халидил рахъалдасан щвараб кагъат цIалана.

«Нужгун метер дандчIвалел мугьажирал-ансарал,
Жедерго нуфусал кьун[2], вацал хвасар гьарулел.
Гьездаго релълъон нужги, цуцазухъ рухIалги кьун,
Рагъизе ккелин», – абун амро къвакIизабуна.

Амроялдаса къвакIун, жаваб гьазги гьабуна:
«Гьезул хIал метер лъалин, реччан те», - ян кIалъана.
КIалъаялда разилъун, ТIуфайлил васас гьезда
«Гьаза ллази уриду минкум»,[3] – илан абуна.

Бану-ХIанифатазул къавмалъухъ хабар щвана,
Къуватаб богун Халид гIагарлъун вукIин лъана.
ГIакълоялде хIажалъун, гьабилеб жо лъайчIого,
Лъай-гIакъло бугев вукIун, Самаматихъе ана.

Самаматин абуни, Мусайлиматун каззаб
Гьересияв чи вукIин лъалездаса вукIана.
Гьесда сверухъ ракIарун, суалал къавмалъ кьуна,
«Кье нежей гIакъло», – абун, хабар бицун, кIалъана.

Халид гIагарлъи рехсон, Мусайлиматил гьикъун,
«Жакъа ниж ритIун кколеб гIакъло кье», – ян абуна.

---

[1] Ай, цересел, гIакъло бугел.
[2] Ай, жедерго рухIал кьун.*
[3] Ай, «Гьедин абизеха дие бокьун букIараб».

ГІакъло бугев Самамат къавмалдехун вуссана,
«ИсмагІу къавми»,[1] – абун, хІакъаб рагІи бицана. –

ХІабибуллагь-МухІаммад – Аллагьас жив витІарав
ХІакъав, Авараг вукІин щакльи гьечІеб жо буго.
Гьединго Мусайлимат – гьересияв чи вугин,
Гьесул харбаз гуккизе рукІунге», – ян манлъана.

Манлъа-хъвай гьабун хадуб, Халидгун данде чІвазе
Дун къассе ине вугин, – къавмалдеги абуна. –
Агьло-хъизан, боцІи-мал, дирго нафсалъе аман
Эсдасан дица тІалаб гьабилинги бицана.

Гьасул битІараб гІакъло къавмалъ гІадахъ босана,
Къассе, балъго, Халидгун дандчІвай гьабизе ана,
Исламалда жал рукІин досий баян гьабуна,
Би, боцІи-мал цІунизе амангун тІадруссана.

Гьенисанги гІаскаргун Халид цевехун ана,
Цо кІкІалал рагІалде щун, гьениб чІейи гьабуна.
Гьебги Ямаматалда гІагарлъухъ бакІ букІана,
КІинусго чол рекІарав сверизе витІун ана.

«Асир гьавун, щварав чи ккун ваче», - ян абуна.
Бану-ХІанифатазул цо къокъа данде чІвана,
Къоло лъабго ражулгун[2] жамагІат гьел рукІана,
Гьениса, асир гьарун, Халидихъе рачана.

«Ножоца Мусайлимат щив чийилан абулев?» –
Абураб суал гьабун, Халид гьезда кІалъана.

[1] Ай, «ГІенекке, я дир къавм».
[2] Ражул – бихьинчи.*

Гьез «Шарику МухIаммад фи нубувватин», [1] – абун,
Гьереси-Мусайлимат расуллъун чIезавуна.

Гьезда гьоркьоса вахъун, Сарият бину ГIамир:
«Я Аба Сулайманин, – Халидида кIалъана. –
Дица Мусайлиматил нубуввват цIунуларин,
ЦIунулезда тIадги дун рекъоларин», – бицана.

Цинги МажагIатие Абу Сулайманица:
«Дуца щиб абулеб?» – ан суал такрар гьабуна.
Суалалъе жаваб кьун, МажагIатги кIалъана,
Жив муртадлъун гьечIилан, гьесги инкар гьабуна.

Гьав Сариятги дунги, Расул чIаго вукIаго,
Мадинаялдеги ун, иман лъурал рукIанин,
Исламалдаса руссун жакъаги ниж гьечIилан,
Гьав кIиясго божилъи Халидие гьабуна.

Гьалги гьоркьоса рахъун, нахъе хутIаралазе
Халидил хвалчадалъун гIадло-низам гьабуна.
МажагIатгин Сарият, гIаскаралда гьорлъ чIезе
ШартIги лъун, тIаса лъугьун, маххал рахъун, реччана.

Халид цевехун ана, цо бакIалда жив чIана,
ЧIей гьабураб бакIалда ГIакърубаъ цIар букIана.
Бану-ХIанифатазул бугеб гьечIеб къуватгун
ВачIун, Мусайлиматги гьасда дандвитIун чIана.

Дандиясе бокьараб кьезе ракIалда гьечIеб
КIиябго бодул гьеб къо цуцахъ ралагьун ана.

[1] Ай, «МухIаммад аварагасул ﷺ авараглъиялъулъ гIахьалав вуго», - ян.

Нахъияб къоялъ радал, рехараб чали гІадин,
Мухъал гьарун, гІаскарал цуцаде тІаде къана.

Цинги хІанифатилаз, хвалчаби къватІир рахъун,
Халидил гІаскаралда кутакаб кІалгьикъана,
Гьезул чІухІи бихьидал, Халид асхІаб вохана,
Рохел нелъей бугилан гІаскаралде абуна.

Капурзабазде тІаде балагьлъун жив тІамурав –
ТІоцобе Халидица хвалчен къватІиб бахъана.
Амроялда нахъвилълъун, насихІат къабул гьабун,
ХІарбуялде байбихьи нафсалдалъун гьабуна.

Бахъараб гьури гІадин, я рехараб чІор гІадин,
Халид капурзабазул бода гъорлъе кІанцІана.
Рехъада гъорлъ жобараб жалибуриялъ[1] гІадин,
Бида авлахъ босараб рагъ сагІаталъ гьабуна.

Саламатго тІадвуссун, гІаскаралъухъе щвана,
ГІаммар бину Ясирги гьебго хІалалъ кІанцІана.
ХІалхьезегІан капурал, гъурун, тІатІалаги лъун,
ТІадвуссун гьев ГІаммарги гІаскаралъухъе щвана.

Гьишам бину ХІарисги лъабабилев вахъана,
Аллагьас койрги бакъун, кутакалда вагъана.
Муртадазул боялда сваказегІан кьабуна,
ГІаскаралде тІадвуссун саламат гьевги щвана.

Гьанжи ХатІабил Зайид ункъабилев вахъана,
Къо ахиралде щвараб заманги гьеб букІана.

[1] Ай, гьалбацІ.*

Закъумалъул лълъар гIадин, бану-ХIанифатазул
Боялде гъорлъе жован, гъазават байбихьана.

Бодул вужугъаздаса щугояв гIодов лъуна,
Нахъияб гIаскаралъул гIемер чиги гъурана,
Чорхол къуват хойзегIан хвалчен жинца кьабуна,
Живгоги тIадвуссинчIо, гьенивго шагьидлъана.

Гьесий имгIаласул вас ГIамир тIаде вахъана,
ВацгIал хвараралъув хойзе хвалчен бахъун вортана.
Муртадазул бодулъе, гъалбацI гIадин, кIанцIана,
КIудияб рагъги гьабун, живгоги шагьидлъана.

Гьанжи кIиябго гIаскар цуцада гъорлъ жобана,
Бицине хIалкIолареб хIайса-байса[1] лъугьана.
ЛъабнусгогIанасев чи Халидил шагьидлъана,
Гьездаса гIемер цIикIкIун, муртадалги гъурана.

Къассе сордо бачIана, боял нахъегIан цIана,
Жеде-жедер бакIалда кIиязго чIей гьабуна.
Гьеб сордо кIияцаго, цуцада божичIого,
Бадибе, хIанчIаз гIадин, кьижичIого рогьана.

Радал тIаде рахъана, боял цуцаде къана,
Цинги Мусайлиматил вазир цеве вахъана.
Бахъун хвалчен кодоб ккун, лъалхъи жинца гьабуна,
Цойидасан Халидил бода гъорлъе кIанцIана.

Рагъулаб кор боркьана, бида авлахъ босана,
Мусайлиматил вазир цIакъ вагъулев вукIана.

[1] Ай, хIапу-чапур, гъалмагъир.

Къайсил вас Сабит, вахъун, гьесда тIаде вортана
Ракъучохьолъ хеч тункун, чодаса гъоркье ккана.

Кьалул майданалда цо лъикIаб сориги бахъун,
Сабит капурзабазул боялдехун вуссана.
Мусайлиматил вазир ракьалда лъун, хIалхьечIо,
ХIалхьун хвалчен кьабизе бода гъорлъе жована;

Жал бурияб гъалбацIалъ боцIи гъурулеб гIадин,
Бану-ХIанифатазул муртадазда кьабуна.
РухIалда барахщи тун, тушбабигун вагъана,
Таманав чиги гъурун, живгоги шагьидлъана.

Гьев шагьидлъун хадуса Мусайлиматил бодулъ
Саиб бину ГIавамги, хъиргъу гIадин, речIчIана.
Рехъада гъорлъ кIанцIараб бацIалъ чахъаби гIадин,
Хвалчаца гьелги гъурун, гьевги шагьидлъун ккана.

Гьанжи Маликил Барраъ, рагъул кутак бихьидал,
Кутакалда кIовокIун, сири щун, тамахлъана,
Вигьун тIаде вахъиндал бани-ХIанифатазул
Муртадазул бода гъорлъ, берал къанщун, речIчIана.

Бараил тIабгI-хасият гьединаблъун букIана,
Гьаб хIал тIаде бачIиндал гуч гьесул цIикIкIунаан.
ЦIияв чи гIадин лъугьун, букIинчIеб къуватги щун,
ТIаде вахъиндал гьесда цеве чи чIолароан.

Цинги Мусайлиматил муртадлъараб къавмалда
Къиямасеб къо чIезе Барраица гьабуна.
Бер борхизе течIого, хеч тункун, хвалчен кьабун,
Боялда гъуриги бан, Барраъ тIадвуссун щвана.

Барраица жедее гьабураб кошги букIун,
Бану ХIанифатилаз цуцаде ахIи бана.
ЦохIо чи гIадин, цадахъ, Халидил гIаскаралде,
ГIалхулал хъормаз гIадаб, хъачIаб гьужум гьабуна.

Гьеб гьужумалъ Халидил боялда хIал гьабуна,
Бо чIараб бакIалдаса нахъе къазеги ккана.
УнкъогогIанасев чи гIаскаралъул камуна,
Киналго, Исламалъухъ рухIал кьун, шагьидлъана.

Гьелда хадуб, Халидил боялъ, такбирги бачун,
Кутакаб тIадекIанцIи тушбабазде гьабуна.
Шагьидзабазул къисас къавмалдаса босана,
Басрияб къо чIезабун, щущахъ риххизаруна.

Гьанжи ХIанифаталги, тIадруссун, данделъана,
Мусайлимат живгоги гьазда цеве лъугьана,
Цебего гIадин, гьужум Халидиде гьабуна,
Хвалчаби гъуриледухъ рагъизе байбихьана.

Бусурбабазул бодулъ бихха-хочи лъугьана,
Бану-ХIанифатилаз Халид сорун восана.
Халидил цохIо хвалчен гьезие гIун букIана,
ГIаскаралъул бакIалда живго цохIо вагъана.

Цинги бихха-хочараб жиндирго бо бихьана,
БадибчIвай хIисабалда, ахIи гьезде тIамуна.
«ТIад руссун нуж данделъе, диналъул агьло», – йилан,
Аллагьасдаса хIинкъи ракIалде щойзабуна. –

«Шарику набиййикум фи нубувватигь абун,
ДагIба балесдасайищ нуж тIурулел? – абуна. –

Аллагьасул ццин бахъин ножодего щойчIого
РачIа саброялде!» – ян кантIи гьезие кьуна.

Гьеб Халидил ахIиялъ бо данде бакIарана,
Бану-ХIанифаталги тIаде-тIадегIан къана,
Бер къазегIан сагIаталъ аскарал цуцалъ рана,
Бицине хIалкIолареб кутакаб кьаби ккана.

Койр биххун, ццин гьалаглъун бода гъорлъе жоварав,
Абу Дажанатица гьеб рагъулъ гуч гьабуна.
Бану ХIанифатазул гIемерав чи гъурана,
Мусайлиматидеги гьужум гьаби бокьана.

Борхатаб гьаркьидалъун Абу Дажанатица:
«Дида сверухъ лъугьа!» – ян, боялде ахIи бана.
Бадрогун УхIудалъул савабикъал[1] рачIана,
Абу Дажанатида сверун мухъал гьаруна.

Мусайлиматгун цадахъ гьесул гьалмагълъиялде
Гьанжи кIудияб гьужум цойидасан гьабуна.
Цинги кIиябго гIаскар цуцада гъорлъ бессана,
Бану-ХIанифатазде кьаби щойзе гьабуна.

Щущахъ гьелги райзарун, мавкъифалде[2] руссана,
Ансариязул хатIиб – Сабит цеве вахъана.
Цинги муртадазул болълъ, хъомор гIадин, речIчIана,
РухI кIалдиса инегIан хвалчен гьезда кьабуна.

Хадувго, гьесул вацгIал – Башир бину ГIабдуллагь –
Муртадазул бодулъе гьесги чабхъен гьабуна,

[1] Ай, гьунар бугел.
[2] Ай, гIаскар чIараб бакIалде.*

Черхалдаса цIоб босун, рухIалда барахщи тун,
Таманал чагIиги чIван живгоги шагьидлъана.

Гьанжи Халидил гIаскар гIакъло дандбан ургъана,
Рагъ гьабилеб куцалъул къагIида чIезабуна,
Бану хIанифатазе ахир лъечIого чIаго,
Нахъруссине гьечIилан гьелда хIукму къотIана.

ТIолго гIаскар данделъун, цо бакIалде руссана,
Бунянун марсус гIадин,[1] цуцалъ къан, мухъ гьабуна;
ЦохIого гьаркьидалъун «Аллагьу акбар!» ахIун,
Бану -ХIанифатазде тIаде гьужум гьабуна.

Жедер бугеб къуват кьун, къотIуй хилифлъичIого,
Халидил бахIарзаца яхIалъул рачел къана.
Хвалчабаз цере къотIун, Мусайлиматгун цадахъ,
Цо ахикье жанире тIурун кIанцIизаруна.

КIанцIун гъорлъе жоварав Абу Дажанатица,
Дин тарал тушбабазда живго вихьизавуна,
ЖужахIалъул рагIалде рухIал щварал муртадал
Гъурулаго-чIвалаго живгоги шагьидлъана.

Гьанжи Халид асхIабас хIадикъат сверун ккуна,
ХIанифатазул цояс къавмалдехун ахIана:
ХIадикъату-л-мавталде[2] жанире нилъ ккун ругин,
Койрде инчIого, хваян хабар гьезухъе кьуна.

Хадув ансариязул Баширил ГIубад, вахъун,
ГIаскаралде борхатаб гьаркьидалъун ахIана:

[1] Ай, щулияб къед гIадин.*
[2] Ай, хвалилаб ах (хьул къотIун).

«Я магIшара-л-ансари, суюфазул жуфурал[1]–
Жакъа гьел хIажат гьечIин, – гъурун рай», - ан ахIана.

Гъурун лъелал гIодор ран, хвалчаби тIаде рорхун,
Хвалил хIадикъаталъуб тушбабазда кьабуна.
Нусиялда къого чи гьоркьов вазе гьавуна,
Ункъо чи хутIизегIан, тIолгоязе хойл щвана.

ХойчIого чIаго нахъе хутIарав ункъавгоги,
Хвалилал ругъналги щун, пасалъарал рукIана.
ХIанифатазул гьанжи мугъчIвайзе бакI хутIичIо,
Бергьенлъи щоялдаса хьулги жедер къотIана.

Мусайлиматидехун къавмалъ кIалъай гьабуна,
«КъотIи гьабищ дур нежей букIараб?» - ин абуна.
Бицараб гьересилъун, гьазда цеве къватIив чIван,
Чара хвараб бакIалде малгIунасул иш ккана.

Ахирисеб тIаделъи ансарал-мугьажираз,
Мусайлимат кIанцIараб цо букIнилъе гьабуна.
Бидуца хIарщ буцараб кьаби гьенибги ккана,
Гьеб ахIулъ ВахIшиясда[2] Мусайлимат вихьана.

ВахIшиясда цадахъго, ансарияв – Зайдил вас,
ГIабдуллагьица кьабун, ботIрода ругъун лъуна.
Ругъун лъураб бетIергун малгIун данде вахъана,
ВахIшияс, чIорги речIчIун, чодаса гъоркье ккана.

Чанги питнаги гьабун, чорокав Мусайлимат
ВахIшиясул койрдалъун куфруялда жив хвана.

[1] Ай, «Хвалчабазул лъелал гъуре», - ян.
[2] ВахIший – УхIдалда ХIамзат ؓ чIварав чи.*

Халидил бода жаниб рохалил хъуй бахъана.
Бану ХIанифатазул хIакъикъат гьадин ккана.

Куфруялда вукIаго, УхIудалъул къояца,
ХIамзат жиндица чIварав ВахIшиги гьев вукIана.
Гьедин вукIараб хIалалъ «Къаталту хайра ннаси,
Ва къаталту шарра ннас – Исламалде вачIиндал».[1]

Мусайлиматун каззаб жиндихъе чIвайзе щойдал,
Щвараб рохел ВахIшияс боялъего бикьана.
Боялде, тIадги вахъун, «Аййугьа ннас[2], – ахIана, –
Ана ВахIши гъуламу Жабир[3] вугин» – бицана.

Цинги бусурбабазе ккараб ками абуни,
Азаралда кIинусго чи шагьидлъун ватана.
Гьезда гъорлъан анкьнусго хIафиззаби рукIана,
РухIал Исламалъухъ кьун, ахираталде ана.

Халидил гIаскаралъе ккараб къварилъиялъул
Кошаб хабар хеккого Мадинаялде щвана.
Мадиналъул агьлоялъ, киналго данде руссун,
Капураз чIван хваразда хадуб магIу бахъана.

Хъван кагъат цо пуланас Халидихъе битIана,
Хваразда ракI бухIиялъ хIохьел беччан угьараб.
Бану-ХIанифатазул хутIаралги гъуризе
Халид гьесизавулеб рисалат гьеб букIана.

[1] Ай, «Куфруялда вукIаго дица гIадамазул бищун лъикIав чIван вукIана, Исламалде вачIиндал – бищун койшав чи чIвана», – ян абуна ВахIшияс.
[2] Ай, «Ва гIадамал!»
[3] Ай, «Дун Жабирил лагъ ВахIши вуго», - ян.

Мусайлимат чIван хадуб Халидил хвалчадаса
ХутIарал хвасар гьари МажагIатий бокьана,
Макрояб сулхIги[1] гьабун, Халидилгун къотIи хъван,
Хадуб рисалатги щун, пашманлъиялде ккана.

ШаригIаталде данде рахъарал муртадалгун
Ккарал рагъазул къиса, къокъ гьабун, гьалда тана.
Къосун ккараб агьлоялъ гьабурабщинаб питна
ГьечIо рехсезе фирагъ[2] заманалъул рахъалъан.

Муртадазде бахъараб рекIараб хвалчадалъун
Халафаталъул амро Сиддикъас тIобитIана.
Лъабкъоялда щуго сон гIумруялъул тIобана,
ТIагьа разияб хIалалъ ахираталде ана.

Халафаталда бараб заманайин абуни,
КIиго сонгин лъабго моцI, анцIго къоги букIана.
Жумаду-л-ахиралъул микьго къо нахъе хутIун,
ЗухIаялъул гIужалда итниялъ накълолъана.

Анбияъ-русулал тун, нахъияб халкъалдаса
Сиддикъ хиралъиялда агьлу-суннат рекъана.
Гьесул фазаилазул[3] бицен халатаб буго,
Хасал тIахьал хъваниги, рагIалде бахъинаро.

Баркаталъе букIине ТIадегIанав Аллагьас
Гьесие хасс гьабураб ункъго жони рехсела:
«Сиддикъ» абураб исму гьесда хасслъараб буго,
Халикъас, гьев горесе, гьеб цIар лъиего кьечIо;

[1] СулхI – рекъел.*
[2] Эркенлъи, регIел.*
[3] Фазаилал – хиралъаби.*

Савралъул нохъоялда Расуласул гьалмагълъи –
РахIманасул рахъалъан Сиддикъасул карамат.
Гьижра гьабун, Авараг Мадиналде унелъул,
Эвгун цадахъ сапарги – Сиддикъасул карамат.

Как байзе гIажизлъидал, жиндир бакIалълъ имамлъун
Аварагас тIамиги – Сиддикъасул карамат.
Караматал гIемерав Сиддикъасул баракат
Камизе тоге, Аллагь, загIифаб умматалъе!

Аварагсда аскIув, вазир гIадин, вукIана,
Мушавара жиндиргун сундулъго гьабулаан.
Саниян фи-л-Ислами ва саниян фи-л-гъари
Ва саниян фи-л-гIариш явма Бадрин вукIана[1].

Расул ками захIмалъун, гьесда хадуб ракIбухIун,
Сиддикъасул хвел кканин цо-цояца абула.
Цойги риваятазда батIа-батIа бицуна.
БитIараб кинаб бугеб Аллагьасда лъикI лъала.

الله أكبر

[1] Ай, Исламалъулъ кIиабилев вукIана, ай тIоцобе иман лъуна. Гъару Савралдаги (савралъул нохъода*) кIиабилевлъун вукIана, Бадроялда чодрода жанивги кIиабилев вукIана (ай, гьал рехсарал бакIазда Аварагасда ﷺ цадахъ Абубакар сиддикъ ﵁ горони тIокIав чи вукIинчIо*).

# - ФАСЛО -

## ГIУМАР АСХIАБАСУЛ ﷺ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Абубакару Сиддикъ, вукъун, тIован хадуса
Халафаталъул амро ГIумарида тIадкъана,
Минбаралдеги вахун, халкъалдехун вуссана,
Дуна мажлиси Сиддикъ жулус жинца гьабуна.[1]

Гьанжи, тIадеги вахъун, тIоцобе Аллагьасе
Рецц гьабун, хадуб свалат Расуласде битIана,
«Сумма, аййугьа-ннас, – ан гIадамазде кIалъана, –
Дица дугIа гьабилин, "Амин" баче» – абуна.

Эбелалда ургьибго лъимер гIодулеб хIалалъ,
ХIайранго, ГIумарица Аллагьасде гьарана,
«Ила агьли тIагIатик би мувафакъати-л-хIакъ,
Дун тамах гьаве»[2], - йилан Халикъасде гьарана.

Гьелда хадуб: «Варзукъни гьилзата ва шиддата
ГIала агIдаика мин гьайри зулмин минни,[3] - ян, –
Капурзабазегицин зулму, гIадло горони,
Беччаге», - йилан абун, тIаде зияд гьабуна[4].

Гьединго, «Гъафлат-нисян гIемерав дун вугелъул,
Варзукъни ва алгьимни зикрака фи кулли хIал,[5]–

[1] Ай, минбаралда гIодов чIана, Абубакар гIодов чIолев вукIараб бакIги тун, цояб рахъалдехун.

[2] «Дуе мутIигIаб агьлоялъе дун тамах гьаве хIакъалда рекъон кколеб хIалалъ».

[3] «Дур тушбабазе къвакIиги дие ризкъилъун гьабе, дидасан зулмуги гьечIого».

[4] Ай, тIаде жобана.*

[5] «Мун кIочонаревлъун гьаве, кинабго хIалалъулъ Мун ракIалде щой ризкъилъун кье».

Кинабниги рахъалъан жиндирго гIайиб рехсон,
Истикъаматгин тавфикъ,[1] хIелун, тIалаб гьабуна.

Гьанжи ГIумаридехун гIадамаз ахIулелъул,
«Я халифата Ррасул», – абизе байбихьана.
Амма ГIумарие гьеб баччизе захIмалъана,
Гьеб горелдалъун диде ахIейилан абуна.

«АхIилеб кинха?» – абун, гIадамаца гьикъана,
«ГIумар абеха, - йилан жаваб асги гьабуна. –
Антуму-л-муъминуна ва амрукум илаййа
Ва ана амирукум»,[2] – гьабги тIаде жобана.

Гьазги, гьедин батани, гьанжеялдаса нахъе
«Амиру-л-муъминина» ахIилилан абуна.
Инкар гьабун, ГIумарги гьелда данде кIалъайчIо,
«Амиру-л-муъминина» – цIарги жинда ахIана.

ГIадло-диван дурусав шаригIаталъул хIуби –
ХIабибас жив веццараб бицана чанги хIадис.
Дин-Ислам сверун къараб, къвакIараб маххул буцур, –
Бицен гьабизин дагьаб гьесул фазаилазул[3].

«Цересел умматазулъ агьлу-л-кашфи[4] рукIана,
Амма дир умматалъул гьеб агьлоялда гъорлъа
Гьав ГIумар вуго», – абун, Аварагас бицана, –
«Нуру-л-абсар» абураб тIехьалда хIадис буго.

[1] Ай, битIараб нухалда чIезе кварбакъи.
[2] «Нуж муъминзаби руго, ножор амроги дида тIад буго, цинги дун кколаха ножор амир».
[3] Ай, хиралъабазул.*
[4] Ай, жедее Аллагьас бальгояб гIелму рагьарал агьлу.*

Расуласде Жибрилас: «Лаябкиянна-л-Ислам
ГIала мавти ГIумара»,[1] – абурабинги буго.
«Дун ножой аварaглъун витIун вукIинчIевани,
ВитIилаан ножое ГIумар», – абунги буго.

АхIмад имамасдасан, цойги риваят буго
«Лав кана набий багIди лакана ГIумар», – абун.
«ГIумарги дунгун вуго, дунги ГIумаргун вуго,
ГIумар кив вугониги – хIакъабги гьениб буго».

«ГIумару ибну ХатIаб сиражу агьли-л жаннат».[2]
«Риза Ррабби – риза ГIумара», – равагьул-ХIаким.[3]
«Абу Бакар ва ГIумар минни биманзилати
АссамгIи ва-л-басари»,[4] – бицана Тирмизияс.

Рицанщинал хIадисал, киналго фазаилал
Кагъаталде росизе нелъер рес рекъоларо.
Рехсараб къадаралъги кифаят-гIей гьабила
ГIумар асхIабасдехун игIтираз[5] гьечIелазе.

Алжанул рохел жинда бицарав вугониги,
Бищун Аллагьасдаса хIинкъаравги вукIана.
Мунафикъазда гъорлъа жив ватилин хIинкъиялъ
ХIузайфатиде[6] къойил гьикъулебги букIана.

Гьесул Аллагьасдаса хIинкъиялда бахиллъун,
Мун гьездаса гьечIилан, ХIузайфат гIодулаан.

---

[1] Аварагасде ﷺ Жабраилас абун буго: «ГIумар хоялдалъун Ислам гIодила»,– абун.
[2] «ГIумар асхIаб вуго алжаналъул агьлоялъул чирахъ».
[3] Ай, «Аллагь разилъи – ГIумар разилъи буго».
[4] «Абубакарги ГIумарги дие – берги гIинги гIадин руго».
[5] ИгIтираз – инкар, дандечIей.*
[6] ХIузайфат – мунафикъзаби лъалеб гIелму Аварагас ﷺ жинде манлъарав асхIаб

ХIузайфат, жинда гурхIун, гIодулев вугилан ккун,
ГIумарги, довго гIадин, гIодизе лъугьунаан.

ГIумар гIодун, дов гIодун, магIирукъ букIунаан,
Нифакъалда хIинкъиялъ хIал жиндир хисулаан.
Алжаналъул рохелги истидраж[1] батилилан,
Такъваялъул[2] кутакалъ, ургъалилъ вукIунаан.

Гьанжи гIинтIамун бихье, ГIумаридасан мисал
Босизе тавфикъ кьеял, гIадло-низам бокьулел.
ГIадлогин низамалъе жинда цеве чи ккечIев, –
Цойги бицен гьабизин гьесул ритIухълъиялъул.

Цо къоялъ ГIумар асхIаб, асхIабзабигун цадахъ,
Масжидалда гIодов чIун, вагIзаялда вукIана.
РакIалдаго гьечIого лъаларей жарияталъ[3],
Масжидалъуйги ячIун, салам жиндие кьуна.

Салам буссине гьабун, гьелдехун жив вуссана,
«Мурад щиб бугеб?» – абун, гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьелъ, данде жаваб гьабун: «Ма гьав дурго вас», – абун,
Кодоб букIараб лъимер ГIумарихъе бегьана.

«Гьав дида лъаларев вас дир кинан вукIунев?» - ан
Суал жиндий гьабидал, жарият къварилъана,
«Дур гьечIониги, гьав вас, я Амирал-л-муъминин,
Дур васасул вугилан», – гIодилаго абуна.

[1] Ай, хIалбихьи.*
[2] Такъва – Аллагьасдаса хIинкъи.*
[3] Жарият – гъараваш.*

«Дир кинав васасул гьев вугев?» - илан гьикъана,
Абу ШахІмат абулев васасулин бицана.
Цинги: «А бихІалалин ав бихІарам»,[1] – абуна,
НикахІ-магьариялъул лъайзе тІалаб гьабуна.

Гьанжиги жарияталъ: «Дир рахъалдасан – хІалал,
Дур васасул рахъалъан – хІарам», –илан абуна.
«ХІалалалабгин хІарамаб – гьеб кин горин букІунеб,
БитІун бице», - ян абун, ГІумар гьелда кІалъана.

«Я, Амира-л-муъминин, цо пуланаб къояца,
Бану-Нажарилазул къватІнасан дун унаго,
Насикатан абулев ягьудиясул рокъов
Гьекъон мехтарав дур вас дандчІванилан,– бицана.–

Дун гьес къедалде нахъе ехъерхъун щой горони,
Щибниги дида лъайчІо, тамахлъун гІодой ккана.
Хадусан, хІамлоялъул[2] гІаламат загьирлъидал,
ГІагарлъиялда балъго гьавуна дица гьав вас.

Гьавун хадув гьав чІвайзе хивалги ккун букІана,
Хадусан, ракІги бухІун, хІукму гьадин гьабуна.
ФахІкум би-хІукмилЛагьи байни ва байнагьу»,[3] - ян,
Гьадин, ккарабги бицун, жарият гІенеккана.

ГІумарица буюрун, мунадияс ахІана,
АхІи рагІаралщинал масжидалде рачІана.
«Дун тІадвуссун щойзегІан масжидалъур чІа», – абун,
ЖамагІатги гьениб тун, ГІумар къватІив вахъана.

---

[1] «ХІалаллъиялдайищ, ялъуни хІарамлъиялдалъунищ?» – абун гьикъана.
[2] Ай, ургьиб лъимер букІиналъул.*
[3] Ай, «Гьабе дидаги гьесдаги гьоркьоб шаргІалъул хІукму», - ян абуна

Ибну ГIаббасгун цадахъ васасул рокъов ана,
Цебе койнги лъун, жинда кваналев гьев ватана.
«Гьеб койн дур ахирисеб батизеги бегьулин,
Кванай, кванай, дир вас», - ан ГIумарица абуна.

Цинги Абу ШахIматил гьормал кьер хисун ккана,
КIалдиб букIараб кванил лукъма гIодоб бортана.
ГIумарица: «Я дир вас, дун щив кколев?» – абуна.
«Амиру-л-муъминингун эмен кколин», – бицана.

Цойги: «Дие мутIигIлъи дуда тIад бугищ?» – абун,
ТIадвуссунги инсуца васасе суал кьуна.
«Амиру-л-муъминингун эмен вукIиналдалъун,
КIиго хIакъ дида дуе тIад бугин», – жаваб кьуна.

«Би-хIакъкъи набиййика ва би-хIакъкъи абика[1]
Бице дуца дие, – ян цойги суал гьабуна. –
Насикатан абулев ягьудиясул рокъоб
Гьекъон букIанищ дуца хамро?» - йилан гьикъана.

Гьекъон ккун букIанилан мукIурлъун жаваб кьуна,
Жинца гьелдаса тавбо гьабунинги бицана.
Гьанжи къватIнай дандчIварай чIужугIадан цIехана,
«ЧIванкъотIун гьелъулгун дур ккараб бице», – абуна.

Бицине жо батичIо, Абу ШахIмат гIодана.
ГIумарица «Ла баъса, я бунаййа[2], – абуна. –
Аллагьасе битIараб бицунел чи рокьулин,
БитIун бице» , - ян абун, гIодовеччан кIалъана.

[1] Ай, «Дудаго цIунизе тIад бугеб Аварагасулги ﷺ дурго инсулги хIакъалъе гIоло».
[2] Ай, «КIваричIин, гIодичIого бице», - ян.

ГIумарий Абу ШахIмат, инкар тун, мукIурлъана,
«Ккун букIана дихъа», - ян битIараб жаваб кьуна.
Жиндица гьелдасаги тавбо гьаби бицана,
Цинги ГIумарица вас, гъежги ккун, вехъерхъана.

Вехъерхъун вачунелъул: «Дун гIадамазда цеве
Нечезе гьавуге, – ян вас инсуде гьардана. –
Дурго койралъ хвалчаца къотI-къотIе», – ян абуна,
Инсуца Аллагьасул амро тIаса бищана.

Аллагьас, «Зинаялъул хIад кьабулеб мехалда,
Муъминзабазда бихьун, кьабе», - йилан абураб,
Къуръаналъул аятги васасе цIалулаго,
Вачун, асхIабзабазда цеве чIезе гьавуна.

Цинги, АфлахI абурав жиндирго лагъасдехун
Нусго цIал гьав васасда кьабейилан абуна.
«Кьабиялъулъ щибниги бигьалъи гьабуге», - ян
Гьадин, къвакIизе гьабун, амро жинца гьабуна.

АфлахIил ракIбухIана, кьабизе койр билълъинчIо,
Бадиса магIо чвахун, гIодизе байбихьана.
ГIумар гьесда кIалъана: «Я гъулам, – ан абуна, –
Мун дий мутIигIлъе, – йилан амро такрар гьабуна. –

Дий мутIигIлъи абуни, Аллагьгун Расуласе
МутIигIлъи дур ккола», – ян кантIизеги гьавуна.
Гьанжи Абу ШахIматил горде тIаса бахъана,
ТIолабгоги жамагIат, магIирукъ лъун, гIодана.

ГIумаридасан васас рахIмо тIалаб гьабуна,
«Я абати ирхIамни – гурхIа дида», – абуна.

«Аллагь нилъ кIияздаго гурхIизе гIололъунин
ХIад кьабула бугебин», – жаваб инсуца кьуна.

«Кьабе, АфлахI», – абуна, аскIув живгоги чIана,
АфлахIица васасда кьабизе байбихьана.
ЦIалал кьабулев – АфлахI, гIодулев – Абу ШахIмат,
«Изрибгьу»,[1] – ян тIад чIарав гIадло битIарав эмен.

ГIалхул чундул хIайранаб хIисаб гьениб лъугьана,
Лъабкъоялда анцIиде кьабураб цIал бахана.
Хвалиде гIагарлъидал, ургьив вухIарав васас
Инсуде, цо къурчIизе лъин кьейилан, гьарана.

Гьеб гьариги инсуца васасул нахъе чIвана,
«Мунагьаздаса вацIцIад Аллагьас мун гьавуни,
МухIаммад Аварагас ﷺ кьелеб дуе гьекъезе
ХIавзалдаса лъин», – абун, хьул къотIизе гьабуна.

Ункъого цIал кьабуна, васасул тату хвана,
«Я абати, ас-салам гIалайка», – ян кIалъана.
«Ва гIалайка ссалам», – ан васасе жаваб кьуна,
Жиндирго рахъалдасан аманатги тIадкъана.

«Дуда ХIабиб вихьани, дирги салам бице», – ян,
Нух битIи гьабун, ГIумар васасдехун кIалъана:
«Къуръан цIалун, хIад кьабун, ГIумар гьадин танилан
Гьев Расуласде дуца абе», – йилан манлъана.

Ункъоялда анцIго цIал кьабидал Абу ШахIмат,
ХIохьал дагьлъун, калам тун, загIифлълъиялде ккана.

[1] Ай, «Кьабе АфлахI», – илан.

Нусго гIезе хутIараб хIадалъул анцIабго цIал
Хадуб кьабизе теян асхIабзаби гьардана.

Гьелдаги ГIумарица данде инкар гьабуна,
АсхIабзабазул рагIи гIадахъ жинца босичIо,
МагIсият[1] гьабизе гьас нахъе бахъичIеб гIадин,
ГIукъубат[2] нахъбахъизе гьечIилан жаваб кьуна.

Гьанжи жамагIаталъул, гIодун, гьаркьал рахъана,
Абу ШахIматил эбел гьеб рагIун тIаде щвана.
ТIул бухIараб магIо тIун, гIодилаго ячIана,
ЧIаго вас хутIиялде гIищкъуги цIакъ букIана.

«Щибаб цо-цо цIал рикIкIун, анцIго хIаж васасдаса
Дица, йилълъанхъунги ун, гьабилилан, – абуна. –
Гьелде тIаде, цIал рикIкIун, цIар лъун, гьада-гьадагIан
Диргьамал садакъадай рикьилинги», гьарана.

Гьелъулги ГIумарица, садакъа кьун, хIаж гьабун,
ХIад тIаса кколарилан, хьул къотIизе гьабуна.
ТIобан хIад камиллъана, нусабго тIил кьабуна,
Васасул ахирисеб хIохьалги босун ана.

«Аллагьас я бунаййа, мунагь-хатIабаздаса
Мун вацIцIад гьавеги», – ян ГIумарица гьарана.
Цинги, васасул бетIер жиндир кварчIинибги лъун,
Керен чучизе эмен, магIо гьабун, гIодана.

ГIаламалъул гIодиялъ Мадина тIадбосана,
Васасда ракIбухIичIев цониги чи хутIичIо.

[1] МагIсият – мунагь, Аллагьасде гIасилъи.*
[2] ГIукъубат – гIакъоба, наказание.*

Халикъасул буюурухъ ГІумарица тІобана,
ТІагьаясул шаригІат кколеб хІалалъ цІунана.

Вас хун хадуб кІикъого сордо-къо ун хадуса,
ХІузайфат асхІабасда Расул ﷺ макьилъ вихьана:
ХІабибуллагьгун цадахъ Абу ШахІмат вукІана,
Алжаналъул халгІатгин тажги жинда букІана.

Жиндир рахъалъан салам ГІумарида бицеян
Цинги ХІузайфатида Аварагас тІадкъана.
«Къуръан цІалун, хІад кьабун, гьедин вукІа абе», –ян
Гьесда разилъиялъе Расулас баян кьуна.

Расул кІалъан вахъиндал, «Дир рахъалъанги салам
Инсуде бице, – йилан Абу ШахІмат кІалъана. –
ТІагьгьарака-ллагьу кама тІагьгьартани – абун,
Абе дунги жиндие дугІаялда вугилан»[1].

ГІумарил гІадлоялде зулму-хІалин абуге, –
Аллагьасул шаргІалъулъ зулму-хІал букІунарин.
Зулму-хІал цойгиясда дуцаго гьабичІони,
Дудаги гьабуларин, – гьелде кантІуларев щай?

ШаргІалъул хІукмуялде инкар, воре, гьабуге, –
Иманалдаса вахъун куфруялде уневин.
Расуласде рещтІараб Къуръаналда нахъвилълъа, –
Нахъа тІаса ин гьечІеб ахират дуе щойла.

ШаргІ – нелъее бокьухъе цІацІалеб закон горо, –
Зоб-ракьал Рижарасул мухІканаб гІадло буго.

[1] Ай, васас макьилъ инсуде салам битІана ва «Мунагьаздаса дуца дун вацІцІад гьавурав гІадин, Аллагьас мунги вацІцІад гьавеги», - ян, дун жиндие дугІаялда вугиланги абизе тІадкъана.

ГIадло хойзе гьабурав койшав лагълъун вукIуна,
Квешлъун хадув лагъасда саййидас цIал кьабула.

ЦIал жинда кьабунилан, саййидасда гIайибчIван,
ГIакъло бугев ватани, лагъас дагIба баларо.
Дунял-гIалам бижарав, Жиндие шарик[1] гьечIев
ШаригIасул нухалда, бан, дагIба рекIунаро.

Рехсараб такъваялда, къвакIараб гIадлоялда
ГIумарица шаригIат, щула гьабун, цIунана.
АнцIго соналде тIаде анцIго моцIалда гъорлъа
Цо къо камураб заман халафаталда бана.[2]

«ФатихIу-л-булдан» абун, сифат жиндий гьабуна,
Жиндир заманаялда Ислам цIакъ гIатIилъана:
ГIемерал вилаятал, шагьарал койрде росун,
Бугъил габур гIадин, дин гучалда бицалъана.

Димишкъигун ГIаскъалан, ФаластIин, Къайсарият
Румазул корщаликьа Исламалде росана.
Байту-л-Мукъаддасалде ГIумар живгоги ана,
Эбги, рагъ-кьал ккечIого, сулхIалдалъун босана.

ХIалаб, ХIумс, БагIлабакка, АнтIакиятгун Мусил,
Къадисият гIадинал шагьаралги рахъана.
Фурсазул хан Яздажир щущахъ виххизавуна,
Азербайжан, Туркия – гьелги койрде росана.

Дажлат, Айлат, Исфагьан, ИстIахар ва Нагьаванд,
Хурасангин ТIараблус, Искандарият, Барбар, –

[1] Шарик – гIахьалчи.*
[2] Цо риваяталда гьедин буго.

Бицине хIалкIоларел росабигун шагьарал,
Исламияб диналде ГIумарица ахIана.

Аллагьасул къадар щун, шагьидлъун жив холелъул,
Лъабкъоялда щуго сон гIумруялъул букIана.
Мажусияв лагъасул койрдасан шагьидлъана,
Щибго гIайиб гьечIого, рекIел хъублъиялъ чIвана.

РакI хъубав мажусияс жиндир койр биххиялъе
Ккараб гIилла абуни, пайда гьечIеб букIана.
ГIумарил даражаби дагьалги камиллъизе
Капурав малгIунасул ханжар сабаблъун ккана.

Халифалъун вукIаго ХатIабил ГIумарица
Мадинаялда жанив мушрик веччалароан.
Куфаялда вукIарав ШугIбатил вас – Мугьират
Мажусияв жиндирго лагъги вачун вачIана.

Яги, Мугьиратица хъвараб кагъатги битIун,
Жиндир лагъ Мадиналде веччай абун, гьарана.
Гьев – койрда махщел бугев, бокьараб жо гьабулев,
Гьунар бугев вугилан хIакъикъатги бицана.

Цинги халифаясда, гьесул пиша халгьабун,
Халкъалъе пайдаялъе веччан лъикIилан ккана.
Нусго диргьам моцIие зарибатги[1] тIад къотIун,
Ибну ШугIбатица лагъ Мадиналде витIана.

Муъминзабазул амир – ГIумарихъе жив щвана,
Мугьиратида тIасан шикаятгун[2] кIалъана,

[1] Ай, харж (налог).
[2] Шикаят – зигара, гIарз.*

«Нусго диргьам моцIие дида кьезе кIоларин,
Дий бигьалъи гьабе», – ян ГIумариде абуна.

ГIумарица Мугъират жинда аскIув ахIана,
Абу Луълуатица абурабги бицана,
«Аллагьасукьа хIинкъа мун, – иланги абуна, –
Ва ин кана кафиран,[1] хIалгьабуге», – манлъана.

Манлъухъе гьабилилан Мугъират мутIигIлъана,
Лагъасда хIалгьабизе гьечIилан рагIи кьуна.
Гьанжиги, сабро гьечIев, кошав Абу Луълуат,
Бигьалъи тIалаб гьабун, ГIумарихъе вачIана.

ГIумарица: «Дур хабар дица Мугъиратие
Бицун букIанин, досий мутIигI вукIа», – абуна.
Абу Луълуатица данде жаваб гьабичIо,
Дица гьав чIвайзе вугин ракIалъ хивал гьабуна.

Хадубги ГIумарица Абу Луълуатиде
Дур махщел бугеб хIалтIи щиб бугилан гьикъана.
Щиб дуе бокьаниги, дихъа бажарулилан
Мажусияс хъачIабго калам данде гьабуна.

Нежее кверзул гьобо, гьабизе дуда лъани, –
Гьеб хIажат бугоанин ГIумарица абуна.
Ццидал цIураб гьомергун: «Дица дуе гьабила
Дунялалда рагIараб гьобо», – ян жаваб кьуна.

ГIумар асхIаб гьенисан асхIабзабазухъ ана,
Абу Луълуатилгун ккараб кIалъай бицана.

[1] Ай, «Капурав вугониги, лагъасда хIалгьабуге, бигьалъи гьабе», – абун.

Куц лъикIав чи гьечIилан гьезий баян гьабуна,
Гьев малгIунасул кIалъай ГIумарие бокьичIо.

Макьилъ цо хIелекоялъ лъабцIол гозо кIутIана, –
Ажал гIагарлъун букIин ГIумарида бичIчIана.
Радал тIаде вахъана, масжидалъуве ана,
ЖамагIатгун какги бан, минбаралде вахана.

Хадуб макьо бицана, жинцаго гьеб къотIана,
Къоял гIагарлъиялда щаклъи гьечIин абуна,
ЛъабцIолго дида гозо кIутIараб хIелекоги –
ГIажамияв чи вугин, дун чIвалевин бицана.

Цинги «Дие рес щвани, ножое халифалъун
Хайрун минни[1] дицаго тезе вугин, – абуна. –
Нагагь дий гIажал хехлъун, гьелъие рес ккечIони,
Гьав анлъавго чиясухъ гIенекке» – ян манлъана. –

ГIали-бни Аби ТIалиб ва ГIусман бину ГIаффан,
ГIубайдуллагьил ТIалхIат, ГIавамил вас – Зубайру,
ГIавфил вас – ГIабдуррахIман, Абувакъасил СагIду, –
ГIумарица гьазие гьав анлъавго рикIкIана.

Гьединго КагIбу-л-АхIбар ГIумарихъе вачIана,
Мун хвалий хIадурлъеян гьесда лъайзе гьабуна.
Лъабго къо горони дуй гIумруялъул гьечIилан,
ЧIванкъотIун, гIажаибаб хабар жинца бицана.

Цинги ГIумар асхIабас КагIбуе суал кьуна,
«Кин дуда гьеб лъалеб?» – ан бицине гьев тIамуна.

---

[1] Ай, дидасаго лъикIав.

Гьес, «Дида дур сифатал Тавраталда ратулин,
Тавраталда бицухъе, гьедин бугин», – абуна.

Гьелда хадувги КагІбу, кІиго къо гьоркьоб индал,
КІиабилеб нухалъги ГІумарихъе вачІана.
ГІумаридехун вуссун: «Я Амира-л-муъминин,
Цо сордо-къо хутІанин», – лъайзе жинца гьабуна.

Гьеб заманалда жанив мажусияв малгІунги
ГІумарие къор гъезе къачІадулев вукІана.
КъвакІараб, цІакъ рекІараб, тІогьиб загьро бахараб
Ханжарги гьабун тушман, иш къотІун чІун вукІана.

АрбагІ къоялъ халифа рогьалил какде ана,
Как ахІун, къамат гьабун, мухъал ритІизаруна.
МихІрабалъуве лъугьун, как жиндица бухьана.
Жинда хадуб какилъе жамагІатги лъугьана.

ЖамагІаталда гъорлъан, цІогьораб кету гІадин,
ВачІун, цебесеб кьерда малгІунги чІун вукІана.
Нахъасан ГІумарида лъабцІол ханжарги кьабун,
Мухъалги рикьизарун, тІуризе байбихьана.

Бо данде бахъаниги, нахъе къалареб гъалбацІ
Нахъа вахчун кьабуралъ ракьалда гІодов лъуна.
ГІаскар тІаделъаниги къуркьуларев багьадур
Балъгояв тушманасул ругъназ тамах гьавуна.

ГьебсагІат ГІумарица, «ГІавфил вас – ГІабдуррахІман
Вугищ», – илан ахІи бан, имамлъун гьев тІамуна.
Гьес имамлъиги гьабун, рогьалил как тІобана,
ТІурарав тушман ккойзе жамагІат бортанхъана.

Жив ккойзе щванщинасда щвара-щваралъуб кьабун,
АнцІила лъабгогІан чи малгІунас лъукъ-лъукъана.
Лъукъаразда гьоркьосан анлъгояв накълолъана,
Нахъияб жамагІаталъ Абу Луълуат ккуна.

Кколаго малгІунасда жив ворчІунгутІи лъана,
Жиндицаго жиндаго ханжарги кьабун, чІвана.
Хвалилал ругънал щварав ГІумар рокъов вачана,
Вас – ГІабдуллагьиде: «Дун лъица чІварав?» – гьикъана.

Гьикъаралъе жаваб кьун, васас жинда абуна:
Абу Луълуатица мун чІванилан бицана.
Цинги ГІумар асхІабас, Аллагьасе рецц гьабун,
«Гьесул койралдасан дун хварав лъикІ», – ин абуна.

Гьеб къоялъ бакъинегІан хвалил унтулъ вукІана,
Аварагасда аскІов вукъизе гІищкъу ккана.
ГІаишатида аскІов вас – ГІабдуллагь витІана,
Гьелдасан изно тІалаб гьабейилан абуна.

Уммагьату-л-муъминин – ГІаишатица изно
Инсуда аскІов ГІумар вукъизе кьун бачІана.
Къасеялде халифа хобалъуве лъугьана,
Хирияб хІужраялъув ХІабибгун данделъана.

Лъабго къо лъукъунги бан, ункъабилеб къояца,
Ялъунани, итниялъ хваравинги бицана.
Хилафалда рикІари – нелъер пиша горелъул,
Лъалев БетІергьанасде рачІа гьебги тІамизин.

Сугьайбги цеве тІамун, жаназалъул какги бан,
Муъминзабазул амир тІовитІана сапаралъ.

Исламги гIодила тун, сиражу агьли-л-жаннат[1]
Ана хIуру-л-гIинзабаз ахираталде вачун.

Аллагь разияб хIалалъ аманат тIобитIарав,
Арамилал айтамаз[2] эменлъун жив гьавурав,
Жиндир гIадло-низамалъ гIалам хIайран гьабурав–
ХIалаллъаги дуй Алжан, Ибну ХатIабил ГIумар!

Халикъас Алжаналъул чIаго рохел бицарал
Хириял асхIабзаби, гьардарал-дахIалал нуж!
ХIабибасул хьолбохъ чIун, тазкият[3] хIасуллъарал –
ХIайранлъула ножода, диналъул церехъаби.

Ножой, бачIине букIин, Расулас бицун тараб,
БачIун, доб ахир-заман нежер берда бихьана.
Бихьиялдаса цIуни Аварагас гьарараб,
Гьале, дажалил питна тIаде гIагарлъун буго.

ГIарац-месед хирияб, хиянат-рекIкI гIемераб,
ГIадло-низам бихraраб халкъ гьанже загьирлъана.
Гьормада намус гьечIел, рекIелъ иман-яхI гьечIел
ХIарамзадаз зоб-ракьал гIодизарулел руго.

Залимзаби гIемерлъун, гIалам угьдулеб буго,
ГIалам бижарав Халикъ тIаде валагьун вуго.
Гьабурасул гьабураб лъикIабгин койшаб гIамал,
Щибго нахъе течIого, хъвалеб малайказ буго.

Магьди-имам вахъине заман гIагарлъун буго,
Зулму тIаса босизе ГIиса рещтIине вуго.

[1] Алжаналъул агьлоялъул чирахъ.
[2] Россал хварал руччабаз, эбел-эмен гьечIел лъималаз.
[3] Ай, нафс, ракI бацIцIалъи.

ШаригIат дунялалъул ункъабго букIуналда,
Зоб роцIиндал бакъ гIадин, гвангъун бихьизе буго.

Бихьизе муъминзабаз анищ гьабулеб заман, –
Иншааллагь, хьул буго, гьелда дандчIвай гьабизе.
Дунго гьелде щойзегIан чIаго хутIичIониги,
ХутIаразде васийят: Салам дир имамасде.

الله أكبر

# - ФАСЛО -

## ГIУСМАН АСХIАБАСУЛ ﵁ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

ГIумар асхIаб хун хадуб лъабабилеб къояца,
Аварагас жиндида къараб чалмаги бухьун,
Черхалда ярагъги бан, ГIавфил вас – ГIабдуррахIман,
Масжидалъувги вачIун, минбаралде вахана.

Хадув, жамагIаталде хитIаб гьабун, кIалъана,
Халифа теялда тIад жиндир раъю[1] бицана.
Балъгониги, тIатунги, батIа-батIа гьикъунги,
Гьоркьоб рехун, гьеб суал дандбарабги букIана.

«Дида гьав кIиясулго цоявгIан, халифалъи
ТIадкъайзе мустахIикъав вихьуларин, – абуна. –
АбутIалибил ГIали ва ГIусман Зу-нурайни», –
КIиясулго цIар бахъун, ГIабдуррахIман кIалъана.

ГIалидехун вуссана: «ТIаде вахъа», – абуна,
Вахъун, минбаралда гъоркь ГIали эхетун чIана.
ГIалил койр жинца ккуна, байгIаталде къасд лъуна,
БайгIаталъе, рес гьечIел, шартIал цере рехана:

«Къуръангин суннаталда амро-нагьюги цIунун,
Абубакаргин ГIумар араб нухдасан ине
ТIаде босун, халафат къабул гьабунищ?» – абун,
Гьаб магIнаялда хитIаб ГIалидехун гьабуна.

[1] Раъю – гIакъло, пикру.*

«Аллагьумма ла, – абун, ГIалица жаваб кьуна. –
Лакин гIала жугьди ва тIакъати»,[1] – ян абуна.
ГIалил койр беччан тана, ГIусман аскIов ахIана,
Рехсон араб куцалда байгIаталъе койр ккуна:

«ГIалида цере лъурал шартIалги къабул гьарун,
Халафат дуца тIаде босанищ?» – ан абуна.
«Аллагьумма нагIам»[2] – ян ГIусманица абуна,
Халафаталъул амро жинца тIаде босана.

ЖамагIат тIаде буссун, байгIат эзги гьабуна.
Гьесда данде чIарав чи цохIониги лъугьинчIо.
Гьеб къоялъ байбихьараб халафаталъул амро
АнцIил кIиго соналъ ГIусманица баччана.

Цо къо гъорлъа бахъараб анцIила кIиго сональ
Исламалъе жиндасан бегьанщинаб гьабуна,
БетIергьан Аллагьасул гIавну-комекалдалъун,
Диналде халкъ ахIиги гIемерго цебетIуна.

Цинги, жиндир гIумрудул соналилан абуни,
Ункъойиде раханин цояз абулеб буго.
Цойгиязин абуни, ункъоялда анцIго сон
ГIумруялде жив шойдал, шагьидлъанин бицана.

Гьесулги фазаилал гIемерал рицун руго,
Рицанщинал назмодулъ рехсон бажаруларо.
Алжаналъул рохалил хабар бицун тIокIлъиялъ,
Хиралъаби хъван, гьезий къимат кьезе кIойларо.

[1] Ай, «Дозда гIадин хьвадизе кIойларо, кинниги дидаго кIувухъе хIалтIила».
[2] Ай, «Дол гIадин хIалтIила».

КІванагІан гьелги рехсон, рокьи загьир гьабуни,
Гьезул шафагІат-баркат камунги хутІиларо.
ТІагьаясе хирияв ункъавгоги халифа,
Аллагьас кьеги нелъей гьел рокьиялъул давла!

Рукъиййат хваралъуе хирияв Аварагас,
ГІусмание лъадилъун, Уммукулсумги кьуна.
Уммукулсум хойдалги, «Жиндир цойги яс йикІун,
ГІусмание гьейгицин кьелаан», - ин абуна.

Нахъуйги дир кІикъого яс йикІарайаниги,
Эргадал ГІусмание жинца кьелаанилан
Аварагас абула жинда рагІанин абун,
ГІали асхІабасдасан хІадисги бицун буго.

Абубакари Сиддикъ халифалъун вукІаго,
Хур-хер бакъван, цІад къотІун, къварилъи ккун букІана.
Ракъиялъул хІал бергьун, гьабизе жо лъайчІого,
Мадинаялъул агьло Абубакрихъ кІанцІана.

Аллагьасде хьул бугин, сабро гьабеян абун,
РакІбатун халифаяс рокъо-рокъор ритІана.
Бакъанил мех щолелде Шамалдаса ГІусманил
ГІир[1] Мадиналде щванин хабарги тІибитІана.

Радал тІаде рахъана, базаргаби цолъана,
Цадахъго ГІусманихъе, базар цІехон, рачІана.
«Ножор мурад щиб?» – абун, ГІусманица гьикъана,
Гьез, мурад баян гьабун, дармиде байбихьана.

[1] Ай, базаралъул къайигун рачІунел варанабазул рехьед.

Диргъамалда дандбитIун кIиго диргъам кьелилан,
ДаранчагIаз ГIусманий лъикIаб рагIи бицана.
Цинги, дие гьелдаса цIикIкIун кьола бугилан,
ГIусманица абун гьал, ункъоялде рахана.

Ункъоги дагьаб бугин, дий гIемер кьола бугин,
ГIусманица гьанжиги гьазде кIалъай гьабуна.
Гьаз, цо тIадеги жобан, щуго кьелин, – абуна,
Щугоги дагьаб бугин, ГIусманий къабуллъичIо.

ГIусманидехун руссун, базаргаби кIалъана:
«ЛъицагIаги гьелдаса гIемер кьолеб?» – абуна.
«АнцIго – цоялде тIаде дие Аллагьас кьолин,
Кьелищ гьеб ножоца?» – ян ГIусман тIаде вахъана.

ГIусманил ният бихьун, дармидаса хьул къотIун,
ДаранчагIи, гIажизлъун, кIал-мацI бухьун хутIана.
ТIадегIанав Аллагьги нугIлъиялъе чIезавун,
ГIусманица кинабго садакъадай манлъана.

Мискин-пакъирзабазе, азарго варани цIун,
РачIарал маъкулатал[1] киналгоги рикьана.
КойргIатIилъи-сахават борцунеблъун бугони,
МигIярлъун[2] ГIусмание гьаб къиса, гIун-тIокIлъила.

Къассе сардал рорчIулев, къад кIалал ккун вукIунев,
Какилъ ракагIаталда Къуръан хатму гьабулев,[3]
Кванда аскIоб къанцIагун зайталда гIей гьабулев,
ГIадамаздаса хIаяъ-намусалъулъ жив тIокIав;

[1] Ай, кванил нигIматал, ролъ, зайтун, кишмиш, гьадинал нигIматал рукIана.
[2] Ай, роценлъун.*
[3] Ай, тIобан Къуръан цIалун бахъинабулев. *

Жиндида «Зу-нурайни»[1] абураб цIар хаслъарав,
Ибрагьим-Халиласда гьормал сифат релъарав,
Гъазвату-Табукалда мажагIаталде ккедал,[2]
ГIаскаралъего гIураб тIагIам бичун босарав.

Гьанжи гIинтIаме, вацал, дагьаб кIалъай гьабизин
Лъабабилев халифа накълолъиялда тIасан,
«АсхIаби ка-ннужуми»[3] абураб ХIабибасул
ХIадисги цIунулаго, цIализин дагьаб къиса.

ГIусман жиндир гIагарлъи хирияв чи вукIиндал,
Вулатал-умараал[4] эзул тей гIемерлъана.
ГIумар асхIабас тарал умараалги хисун,
Бану-Умаййатилал гьезул бакIалда лъуна.

Басраялда – ГIабдуллагь ибну ГIамир тIамуна,
Куфаялда – ГIукъбатил Валид амирлъун тана;
МугIавият – Шамалде, ГIамру – Фалестиналде,
ГIабдуллагь бину СагIду – Мисриялде тIамуна.

Ислам гIатIилъанагIан байту-л-мал камиллъана,
Агьлоялъе бикьулеб нафакъа гIемерлъана,
Къоялдаса къоялде гIатIиййатал[5] цIикIкIана,
ГIалам разияб хьвади ГIусманилги букIана.

Расулас вачахъарав ХIакам ибну Аби-л-ГIас
ГIусманица тIадвуссун Мадиналде вачана,

[1] Ай, кIиго нуралъул бетIергьан (Аварагас ﷺ кIиго яс лъадилъун гьесие кьедал).*
[2] Ракъидал.
[3] Ай, «Дир асхIабзаби (бецIаб сардилъ нух бачине ругел) цIвабзазда релълъон руго. Гьезул кинасда нахърилълъаниги нуж ритIун ккела».
[4] Ай, бакI-бакIалъул хIакимзаби, боязул бутIрул.*
[5] Ай, сайигъатал.

Нусазарго диргьам-мал байту-л-малалъул кьуна,
Африкаялъул хумус[1] досий чIезе гьабуна.

Гьазда релълъарал цо-цо пишабиян абуни,
АсхIабзабазда гъорлъан бакIлъаралги лъугьана.
Гьаб суалалда тIасан ГIавфил ГIабдуррахIманихъ,
ГIарз гьабун, рачIиналъул хIужабиги рукIана.

БакI-бакIалда рукIарал ГIусманил хулафаал, –
Эздасанги халкъалъул шикаятал[2] раккана.
Куфаялъул гIадамал ГIусманихъе рачIана,
Валидил гIайиб рехсон, гIарза цебе бахъана.

ГIусмание рахьдал вац – дов Ибну аби СарахI –
Мисриялъул халкъалъе ГIабдуллагьги вокьичIо.
ГIусманица гьесухъе хъвараб кагъат битIана,
РитIухълъи цIуне абун, тагьдидги[3] цIакъ гьабуна.

Гьеб кагъат цIаланиги, ГIабдуллагь тамахлъичIо,
ГIусманил тагьдидалъул кIвар-агъазги гьабичIо.
ГIарзалъ аразда гъорлъан цо-цоязда кьабуна,
Кьабуразда гьоркьосан хварав чиги лъугьана.

Халкъ багъа-бакрана, рикьалаби лъугьана,
Анкьнусго мисриюнав[4] данделъун, бо гIуцIана.
ГIабдуллагьил хIал-зулму гIорхъолъа борчIанилан,
БитIахъе Мадиналде сапар бухьун рачIана.

[1] Ай, Африкаялдаса бачIунеб боцIиялъул щуйил бутIа.*
[2] Ай, гIарзал.
[3] Тагьдид – къакIараб калам, хIинкъикьей.*
[4] Ай, Мисриялъулал.*

Расуласул чIахIиял асхIабалгун дандчIвана,
Масжидалъур данделъун, жедер гIузру бицана,
ГIусманида кIалъайзе ГIали асхIаб витIана,
Мисриюназул тIалаб ГIалица цебе лъуна.

ГIусманица ГIалилгун мушавара гьабуна,
Щибдай гьабун лъикIилан кIиявго гаргадана,
Дозул тIалаб тIобаян ГIалица гIакъло кьуна,
ГIакълоялда нахъвилълъун, ГIусманги разилъана.

«Мисриялда амирлъун Ибну аби СарахIил
БакIалъ тезе ножойго чи валагье», – абуна.
Абубакрил МухIаммад къавмалъ тIаса вищана,
ТIолгоязе гьев вокьун, амирлъунги гьавуна.

Гьенибго ГIусманица байгIалъул кагъат хъвана,
Мисриялде витIизе тIован хIадур гьавуна.
МухIаммад къачIадана, къапила багъарана,
Къапила – мугьажирал-ансаразул букIана.

Сапаралде рахъана, лъабго къоялъ рилълъана,
РакIалдаго гьечIого цо гъулам данде чIвана,
Цо чи тIалаб гьавулев, яги жив тIурун унеб
ТIабигIат, гъуламасул хIалахъ балан, букIана.

МухIаммадил гьалмагълъи гьесдехун гаргадана,
«Дур шаъно-хIал щиб?» – абун, цIеха-рехей гьабуна.
Гьес, данде жаваб гьабун: «Амиру-л-муъмининас
Мисриялде витIун дун унев вугин», – абуна.

«Ила гIамили Мисра важжагьани»,[1] – ян абун,
Гьикъидал жаваб гьабун, гьебги мухIкан гьабуна.
Цинги, «ГIамилу Мисра гьале нижгун», – абидал,
Дий къварагIарав гIамил гьев горилан абуна.

Гьав жасус вукIиналъул гIаламатал рихьидал,
Ккун, МухIаммадихъ вачун, цеве чIезе гьавуна.
«Мун кинасул лагъ кколев, лъихъе витIун мун унев?» –
Абураб суал гьасий гьанжиги цIигьабуна.

Гьасул мацI ба-бадана, кIалдиб рагIи сорана,
Амиру-л-муъминингин Марван цеве рехана,
Цин гьасул лагъ вугилан, цинги – досул вугилан,
Цуцадаго релълъенчIел, жорарал жал рицана.

Жив Мисриялда вугев гIамиласухъе витIун,
Унев чапар вугилан добго жавабги кьуна.
Духъ рисалат бугищан жасусасда гьикъана,
ГьечIилан, дагIба гьабун, инкаралда кIалъана.

Рисалат кодоб гьечIев чапар вукIунарилан,
Черхалда тIад койр бахъун, кутакалда чIухь бана.
Кагъат гьесухъ батичIо, щаклъиги тIагIун ккечIо.
ТIадруссун цIидасанги къайи тафтищ гьабуна[2].

Гьеб къайи хъирщулелъул лълъел цо къвачIа батана,
Лълъеда гъорлъ гиргидулеб цо алат букIин лъана,
Цинги къвачIа бихъана, жаниб шиша батана,
Шишаялъул кIал рагьун, кагъат къватIиб бахъана.

[1] Ай, дун Мисриялда вугев гIамиласухъе (хIакимасухъе) витIун унев вугоян абуна.
[2] Къайи хъирщана.*

Кутакалда бахчараб, балъгояб гьеб рисалат
Рагьун, тIадеги раккун, киназего цIалана.
ГIусманил цIаралдасан дов Мисриялъул амир –
Ибну аби СарахIихъ хъвараб кагъат батана.

Кагътил гIибаратalъ гьал рихха-хичизаруна,
Хиянат гьелъулъ батун, цуцахъ ралагьун чIана.
Цинги Мадинаялде хехгьабун тIадруссана,
АсхIабзаби ракIарун, мажлис данде гьабуна.

Мисриялде унаго нухда ккараб бицана,
Балъгояб гьеб рисалат гьазиеги цIалана.
Гьеб цIалула рагIидал, ГIусманида ццин бахъун,
Расуласул асхIабал рахIат дагьлъун лъугьана.

Гьеб кагъаталда жаниб: «Мисриялда амирлъун
Абубакрил МухIаммад тоге», –ян хъван букIана.
Тейилан хъван бачIараб кагъатги насхо гьабун,
Гьалмагълъигун цадахъ гьев чIвайиланги букIана.

БукIинего рес гьечIеб хабаралъ ракIги бакъван,
Расуласул асхIабал рокъо-рокъор руссана.
Мисриюназ ГIусманил рукъ хехго сверун ккуна,
Гьесдехун бербалагьи кутакалда квешлъана.

Абубакрил МухIаммад Мисриялде витIулеб
КъотIи-къаялда гьоркьов ГIали асхIаб вукIана,
Мисриюназда цеве ГIусманил къотIи тIобай
ТIаде босун, гьоркье чIун, гIахьаллъиги гьабуна.

Гьанжи, ГIусманил къотIи къучI гьечIеблъун лъугьиндал,
Гьомер багIарлъараб хIал ХIайдарилги лъугьана.

ХIабибасул чIахIиял асхIабзабазул цоял
Цадахъги рачун, ГIали ГIусманил рокъов ана.

ГIусманидехун вуссун, хитIаб жинца гьабуна:
«Гьав лагъги вараниги дур вугищ?» – ан гьикъана.
Ругилан ГIусманица ГIалий жаваб гьабуна.
Гьаб кагъат дуца хъвараб бугищанги гьикъана.

«Гьаб кагъат дица хъвайчIо, хъваян амро гьабичIо,
Гьаб босун Мисриялде лагъги дица витIичIо,
Дида гьалъул хIакъалъулъ щибго жоги лъаларин», –
Бишасул цIаралдалъун ГIусман гьезий гьедана.

Гьересиялъе ГIусман гьедуларев лъалелъул,
Гьанжи гьал кагъаталъул хатIалде ралагьана.
Марванил койралъ хъвараб кагъат гьеб букIин лъана,
«Гьев нежехъе кье», – абун, асхIабзаби лъугьана.

Марван гьазухъе кьезе ГIусмание бокьичIо,
ЧIвайзе горилан хIинкъун, жиндаго аскIов ккуна.
АсхIабзаби рокъоса рахъун къватIире ана,
Марван жедехъ кьунгутIи гьезие рекIей гIечIо.

ГIадамаз ГIусманил рукъ сверун ккой цIакъ гьабуна,
Гьекъолеб лъинцин тIаде гьез беччалеб букIинчIо.
Гьеб хIал жиндида лъайдал, балъго, ГIали асхIабас
Лъабго рахълъен цIураб лъин ГIусманий щозабуна.

ГIусман чIвайзе халкъалъул хивал букIин рагIидал,
Аллагь разилъи щваяв ГIали асхIаб кIалъана:
Марван гьесдасан нелъей къварагIун вукIанилан,
ХIакъаб рагIиялдалъун, пикро загьир гьабуна.

«Фа-амма къатлу ГIусман, фала»,[1] – ян тIаде жобан,
Жиндирго кIиявго вас, – ХIасан, ХIусайн ахIана,
Росун хвалчабигун нуж, ГIусманил кIалтIеги ун,
ТIаде чи веччагеян лъайзе гъабун, ритIана.

Расуласул ясалъул кIиявго берзул канлъи,
Кодор хвалчабиги ккун, ГIусманил кIалтIа чIана.
ТIаде Зубайирица, цо-цо асхIабзабазги
Васал, ГIусман цIунизе, хвалчабигун ритIана.

Рукъалъул кIалтIа чIарал гIолохъабазда тIасан
ГIусманиде тIаде нух бахъизе рес рекъечIо.
НахъегIанисан речIчIун, чIораз нуцIа бассана,
НуцIил кIалтIа чIаразул чIорал щваралги ккана.

НуцIа борлъун жаниб ун, чIоралъ Марван лъукъана,
Лъукъарасул бидуца ГIалил ХIасан велъана.
ГIаламго цуцахъ бараб питнаялда хIинкъана,
Рокъор жанир лъугьине хIиллаялъе ургъана.

Нахъасан тIохде рахун, ялъуни къедги борлъун,
Балъго, гъачагъал гIадин, рокъор жанир кIанцIана.
КIалги ккун, Къуръан цIалун, тIагIаталда вукIарав –
Расги гIайиб гьечIого – халифа чIван рехана.

РачIарабго хIалалда къватIир тIурунги ана,
Амиру-л-муъминин чIвай хIарасаздацин[2] лъайчIо.
Лъади Наилатица гIодун, гьаркьал гьаруна,
Гьей горони, ГIусмангун гIадан рокъов вукIинчIо.

[1] Ай, «Амма ГIусман чIвазеян абуни, нелъее къваригIун гьечIо».
[2] Ай, хъаравулзабаздацин. *

КъватIибехун ахIи бан, Наилат чIичIидана,
Муъминзабазул амир чIван вукIин лъайзабуна.
КIалтIа чIарал хIаррасал: ХIасан, ХIусайн, цогидал–
Цадахъго гьаб ахIиялъ риха-хичун лъугьана.

Рокъоре жал рортана, чIварав ГIусман ватана,
ЯхIя авараг гIадин, хъун рехун жив вукIана.
КIалтIа жалги рукIаго жанив ГIусман чIван вати
ГIолохъабазе цIакъго захIматаблъун лъугьана.

Гьесда сверун руссана, бераца магIо тIуна,
ГIалигун Зубайр, ТIалхIат, гьаб хабар рагIун, щвана.
ГIакъло щущан, лъай дагьлъун, гьалги хIайранлъун ккана,
ХIасангин ХIусайниде эмен лъикIго хъачIлъана.

«Нужги кIалтIа рукIаго, муъминзабазул амир
Кайфа къутила»,[1] – абун, хIал щун, кIалъай гьабуна,
ХIасанил гьормалъ хъат бан, ХIусайнил каранлъ тункун,
ХIайдарица кIиявго васасда гIайиб чIвана.

ГIусманиде тIаде жив тIоцове лъугьарав чи –
Абубакрил МухIаммад вукIаравин абуна.
Амма къатиласда тIад[2] къавлаби гIемерлъана,
СархIанил Равманица чIваравинги бицана.

ЧIварав къоги Зуль-хIижат моцIалъул микьабилеб
Рузман къо данде ккараб таврияталъ[3] букIана.
КIикъого сордо-къоялъ сверун ккунги вукIана,
КIикъоялда анцIгоялъ ккуравинги абуна.

[1] Ай, «Кин чIварав?»
[2] Ай, ГIусман чIварав чиясда тIасан.
[3] Ай, ГIарафа къоялда цебеккунисеб, хIажизаби Минаялде рахъунеб къо.

Умараал сабаблъун халкъ данде баралдаса,
Сорун ккойзегIан, гьоркьоб гIемераб къиса ккана.
Къокъалдаса къокъ гьабун, хIасилги данде босун,
Дицаги цо гьитIинаб бутIа ножое лъуна.

Жинде гIунтIизабулеб щибаб гIунгутIиялъе
ГIусманица, хIужагун, жаваб кьолеб букIана.
Жинда цере гьез лъурал тIалабал тIорайзеги,
ТIад калам гьабичIого, разилъулев вукIана.

Бугониги гьесулгун ракълиде гьел райинчIо,
«Я гIодов чIа, я чIвала», – гьаб суал цебе лъуна.
ГIусманилан абуни, Аллагьас тIад ретIараб
Халафаталъул халгIат бахъиларилан чIана;

ЧIван хойзе бокьилилан, шагьидлъи тIаса бищун,
Сабро-тавакалалда зулму жинца хIехьана.
ХIабибас: «Зулмуялда мун чIвайзе вуго», – абун,
Бицун букIараб хабар, ракIалде гьебги щвана.

Рукъ сверун ккой цIакъ гьабун, ГIусманида хIинкъидал,
Гьесда аскIур рукIараз хвалчаби къватIир цIана.
«Къавмги дунги жалго тун, нуж рокъо-рокъоре а,
Аллагь гурхIаял», – абун, ГIусман гьезда кIалъана.

Гьединго, гъаравашаз рагъизе къасд гьабидал,
Рагъ тейи шартIалдалъун, гьелги тархъан гьаруна.
Гьединго, бахъун хвалчен кодобгун аскIув чIарав,
Расулуллагьасул сибтI[1] – ХIасанги аскIув течIо.

[1] Расулуллагьасул ﷺ ясалъул вас.

Ахирисеб сордоялъ, ХIабибуллагьгун цадахъ,
Абубакаргун ГIумар макьилъ аскIур рачIана,
«БачIунеб сордоялъ кIал дуца нижгун беччалин,
Сабро гьабе», - ян абун, гьезги рохел бицана.

Цебего Аварагас: «Я ГIусман, инна лЛагьа
ГIаса ан ялбасака къамисан, – ги абуна, –
«Гьеб дудаса бахъизе мунафикъал лъугьиндал,
Бахъуге», – ян жиндида лъайзе гьабун букIана.[1]

Зулмуялда жив чIвана, абухъеги лъугьана, –
Аллагьас тIад ретIараб гордегун шагьидлъана.
Гъазизаби рукъулеб къагIидаялда, ГIусман,
Бидул цIураб ретIелгун, вукъанинги бицана.

Цинги, ГIусман хун хадуб, хазина тIалаб гьабун,
Гьесул рокъоб батараб къайи тафтищ гьабуна.
Гьезда кодоб, кирит бан, рахараб гъалмас щвана,
Гъира-шавкъалда рагьун, жанирееги рккана.

Жиндир васиййат хъвараб цо кагътил тIамач гореб,
ТIокIаб жо гъалмасалда жаниб гьезда батичIо.
Гьеб васиййаталдаги, хадуб-цебе гьабеян,
БоцIи-малалъул щибго рехсараб жо букIинчIо.

Баркаталъе букIине, мисаллъунги босизе,
ГIусманил гьеб васиййат гьале муъминзабазе.
Гьалдасан мисал босун, васият гьабун хадуб,
Хойдал табаррyгIалъе[2] хIалкIварас кIвараб манлъе:

[1] Ай, «Аллагьас дуда халафаталъул горде ретIина, гьеб бахъизе мунафикъал лъугьиндал, дуца гьеб бахъуге», – ян абун букIана.
[2] ТабаррyгI – лъикIаб рахъалде буссинабулеб суннатаб садакъа.

**هذه وصية عثمان بن عفان يشهد أن لا اله إلا الله وحده لا شريك له وأنّ محمدا عبده ورسوله وأن الجنة حق وأن النار حق وأن الله يبعث من في القبور ليوم لا ريب فيه إن الله لا يخلف الميعاد عليها نحيا وعليها نموت وعليها نبعث إن شاء الله من الآمنين برحمة الله . «نور الأبصار»**

Марванил койралъ хъвараб хиянатаб рисалат
Питнаялде гъапаби рагьизе кIуллъун ккана.
Зулмуялъ ГIусман чIвайи – бусурбабазда гьоркьоб
Рикьаби, кьал цIикIкIине аслолъунги хутIана.

Халикъасул ирадат[1] махлукъаталда жаниб
Жиндий бокьараб хIалалъ билълъанхъулеб букIуна.
БетIергьан–Аллагьасул хIукму-къадар тIобайзе
БатIа-батIаяб сабаб багьаналъунги ккола.

Баракатгин шафагIат жодор нелъее щваял –
ШафигIасул асхIабал, Исламалъул байрахъал,
Алжаналъул рохалил хабар жедей бицарал,
Хассго анцIавго асхIаб – Аллагь разилъи щваял.

Азул бицун кIалъайзе эрга нелъее кисса,
Кинги, лъугьа-бахъараб къисаялъул рехсана.
РакI эздехун кошлъизе ресги нелъее гьечIо,
Гьезул даражаялде цогидал щоларелъул.

Цо гIаламатаб къиса, Абу Къалабатица,
Шамалда жив вукIаго, бихьанилан бицараб:
Беразда канлъи гьечIев, койрал, хIатIал къотIарав,
Абу Къалабатида къватIнав цо чи вихьана.

[1] Ай, Аллагьасе бокьараб жо.*

«Ва вайлагъу мина-ннар», – гьес ахIулеб букIана.[1]
Абу Къалабатица: «Дур къиса щиб?» – гьикъана.
Гьев чияс, жаваб гьабун, жиндир къиса бицана,
ГIусман асхIабасулгун ккараб баян гьабуна:

Гьев ватана халифа шагьидлъараб къояца
Рокъоб жаниб кIанцIараб къокъаялдаса цояв,
Цинги, халифаясде аскIув гьав гIагарлъидал,
АскIуй йикIарай лъади, хIинкъун, чIичIчIидун йиго.

Долъ ахIи-хIур гьабидал гьас гьормалъ хъат бан буго,
Гьеб бакIлъун, ГIусманица дугIаги гьабун буго:
«Дур канлъиги босаги, койрал, хIатIал къотIаги,
ТIадегIанав Аллагьас цIадавги мун рехаги!».

Халифаяс гьаб дугIа жиндие гьабулелъул,
Гьав, гIакъло биххун, хIинкъун, къватIиве тIурун вуго.
ТIобан дугIа къабуллъи гьасие хIакълъун буго,
Ункъалъулго лъабгояб гьасде тIаде щун буго.

ТIаде щойзе хутIараб – цIадаве лъугьинави, –
Гьелдаса хIинкъун, мискин ахIдолев вукIун вуго.
Аллагьас мазлумасул[2] къабул гьабураб дугIа
Дов залимас[3] кванараб загьроялда релълъона.

Дибирасул МухIаммад, къаддасаллагьу сирругь,
ГIасасан кколелъулги ккана гьадинаб къиса.
Гьев вачине вачIарав чекаялъул мунафикъ –
Рокъосаго чи гIадав гьоболги вукIун вуго;

[1] Ай, «Ва цIадулаб гIазаб!» – абун, гьелдаса хIинкъун, ахIдолев вукIана.
[2] Мазлум – жинда зулму гьабурав.*
[3] Залим – жинца зулму гьабурав.*

Гьасде тIаде щваравго: «Мун вахъине ккола», - ян,
Киданиги вихьичIев чи гIадин, кIалъан вуго.
РакIалдаго гьечIого сапар бухьине ккедал,
ЯгIсуб, къачIадулелъул, дагьав кватIун ккун вуго.

КватIизе заман гьечIин, хехлъи гьабеян абун,
Гьас ЯгIсубил кIигъажалъ, адаб тун, тункун буго.
«Гьесда тункараб дур койр капурчияс къотIаги,
Къадарав хIалихьат», - ан лъадиги кIалъан йиго.

Гьелъул дугIа къабуллъун, гьоркьоб заман инелде,
ГьечIеб бакIалъан унтун, досул гъеж къотIун буго.
Бихьараца бицараб, ишкал жинда тIад гьечIеб,
Гьаб машгьураб къисаги – кIудияб гIибрат[1] буго.

ГIадамасе жиндасан зулму-хIал ккечIев вукIин, –
ХIисаб-низам лъалареб, кIудияб давла буго.
Дунялалда зулмучи бергьаравлъун чIухIула,
МахIшаралда къиналъул ургъелги букIунаро.

[1] ГIибрат – дарс, мисал.*

# - ФАСЛО -

## ГIАЛИ АСХIАБАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

رضي الله عنه وكرم وجهه

«Варису-л-гIилми»[1] – абун сифат жиндий гьабурав,
Сайфуллагьи-л-маслуллъун[2] умматалъе ватарав,
Аллагь горесе сужда гьитIингоги гьабичIев, –
Гьанжи ГIалил хIакъалъулъ гьабизин дагьаб калам.

Аварагасул гIумру лъеберидe бахиндал,
Байтуллагьалда[3] жанив ГIали асхIаб гьавуна.
Гьесул чехьалъул эбел – Асадил яс ПатIимат –
Расуласги жиндирго эбеллъун рикIкIунаан.

АхIмадиде иман лъун, Исламги къабул гьабун,
Гьевгун цадахъ гьижраялъ Мадиналдеги ана,
Ургьив ГIали вукIаго, хъанчий сужда гьабизе
Гьес жиндий гьукъанилан караматги бицана.

Гьей хойдал Аварагас ибну ХатIабил ГIумар,
Абу Айюб Ансари, Усамат бину Зайид,
Асвадил кIиго гъулам хоб бухъизе тIамуна,
Хоб бухъулеб бакIалги БакъигIалда букIана.

Бухъун хоб тIобан хадуб, ТIагьа жанив рещтIана,
Жинцаго лахIдо бухъун, ракьги къватIиб рехана.
Хадуб гьеб лахIдоялда жанив живго вегана,
Вегухъе, Аллагьасде гьарун, дугIа гьабуна.

---

[1] Ай, Аварагасул ﷺ гIилмоялъул ирсилав.*
[2] Ай, комекалъе ватулев бахъараб хвалченгIадав.*
[3] Ай, КагIбаялда.*

«Дир эбел – Асадил яс – ПатIиматил мунагьал
Чуре, – ян Аллагьасде хIелхIел жинца гьабуна, –
БихIакъкъи набиййика МухIаммад ва-л-анбияъ
Аллазина мин къабли», [1] – гьалги данде рачана.

Гьелда хадуб, ТIагьаяс эбеллъун жинца тарай
Асадил ПатIиматил тIокIаб хIурмат гьабуна.
ТIаса бахъун жиндирго горде мусрудай бана,
АсхIабзабаца, хIикмат лъайзе бокьун, гьикъана.

Хобалъ данде къайчIого ПатIимат йикIиналъе,
ТIагьаяс лахIдоялъув жив веганин абуна.
Жинда тIаса бахъараб горде долда ретIинги –
Долъие алжаналъул горде щозе батана.

**فلما بلغوا لحدها حفره صلى الله عليه وسلم بيده وأخرج ترابه فلما فرغ اضطجع فيه وقال : ((اللهم اغفر لأمي فاطمة بنت أسد ولقنها حجتها ووسّع عليها مدخلها بحق نبيك والأنبياء الذين من قبلي فإنك أرحم الراحمين)) . فقيل : يا رسول الله رأيناك صنعت شيئا لم تكن تصنعه بأحد قبلها . فقال صلي الله عليه وسلم : ((ألبستها قميصي لتلبس من ثياب الجنة واضطجعت في قبرها ليخفف عنها ضغطة القبر لأنها كانت من أحسن خلق الله تعالى صنعا إليّ بعد أبي طالب)) . «نور الأبصار» ، صـ ٦٨**

Горде ретIарасеги, берчIван вихьарасеги,
ВихьичIого, жив вокьун, суннат цIунарасеги,
Рас жиндир кодоб босун, къимат гьабурасеги,
Рисалат къабул гьабун, свалат битIарасеги;

Свалат битIулеб мажлис кIодо гьабулесеги,
Гьенив ине гIажизлъун рокъов хутIарасеги,

[1] Ай, «Дие – Дур авараг МухIаммадие, ва дида цере рукIарал аварагзабазе гIологи ПатIиматил мунагьал чуре», - ян гьарана.

Равзаялде зиярат гьабун вачIарасеги,
Гьесухъ жиндиде салам битIун бачIарасеги;

Сиярал жиндир цIалун мавлид ахIарасеги,
Мавлидалде гIадамал данде гьарурасеги,
Гьезие койн къачIарал рукъалъул чагIазеги,
Рокьи жинде цIикIкIарал агьлу-къиблатазеги[1];

Жив васитIалъун гьавун[2], ахIулелщиназеги,
ШафагIат тIалаб гьабун, хIелун гьарулезеги,
ЧIаго дунялалдаги хойдал ухраялдаги –
Кидагоги кивгоги хIажаталъе ватулев;

РахIматлъун гIаламалъе жив витIи тасдикъ гьабун,
Къуръаналдасан аят нугIлъун нелъее чIарав,
НигIматуллагь, Зикруллагь, Сайфуллагь, СиратIуллагь,
ТIагьа, Ясин, я Камил, я Иклил, я Муддассир!

Мун вокьи гIаламалда тIад гьабурав Халикъас,
Рехсезе кIал-мацIги кьун, ниж кIодо гьарун руго.
КIудиял нигIматазул махазиназул[3] кIулал
Маян кодореги кьун, рагьизе реччан руго.

РукIани щиб, роччаде кьерхарал зобал гIадин,
Зулматаздаса[4] ракIал рацIцIине кIолел гьечIо.
КIулал кодор щваниги, киртал рагьизе гьунар,
Кинниги, гIолеб гьечIо гIажизаб умматалъул.

---

[1] Ай, бусурбабазе.*
[2] Ай, гьев гьоркьов ккун, гьесдалъун тавассул гьабун.*
[3] Ай, хазинабазул. *
[4] Ай, бецIлъиялдаса.*

Аллагь – Гъафурун-Карим, ХIабиб – Рауфун-РахIим[1],
РахIмат бикьизе тарал – рацIцIадал уманаал[2], –
Эзул баркат, квербакъи, Каримасул гIафву-цIоб,
РацIцIадал бусурбаби, насиблъаги нелъее!

ГIали асхIаб Расулас, вас гIадин, хьихьун гIуна,
ГIилла абуни гьелъий, гьадин кканин бицана:
Маккаялда халкъалъул хур-хер бакъван, ракъи ккун,
Рукъалъул магIишатал цIакъ тIеренлъун рукIана.

АбутIалибги, хъизан кIудияв чи вукIиндал,
Дагьабги цIакъ захIмалъи эсиеги букIана.
Гьесул хIалахъ балагьун, бигьалъи тIалаб гьабун,
ТIагьаяс ГIабасилгун мушавара гьабуна.

Гьазул рагIи рекъана, гIакъло цойиде ккана,
Цо-цо вас кIиясгоги вачун лъикIин ургъана.
АбутIалибихъе ун, хабар досий бицана,
«Дур цо-цо вас хьихьизе нежехъ кье», - ян абуна.

АбутIалиб разилъун, кьелин жаваб гьабуна,
ЖагIфар – ГIабасица ун, ГIали – ТIагьахъе щвана.
Гьеб къоялдаса нахъе, Расулуллагьгун цадахъ
Гьесул тарбияталда Абу Тураб вукIана.

Аварагасда ГIали, цо къоялъ масжидалда,
Ракьул чIабаралда тIад кьижун, жинда ватана.
«Абу Тураб, вахъа», - ян гьев ворчIизе гьавуна,
Гьелда хадуб ГIалиде гьаб цIарги лакъбулъана.[3]

[1] Ай, Аллагь – мунагьал чурулев вуго, ХIабиб – гурхIел-рахIмо тIокIав вуго.*
[2] Ай, Аварагасул ирсилал, хIакъал муршидзаби.*
[3] Ай, «Абу Тураб» (ракьул эмен) абураб цIарги абуна ГIалиде.

ГIалил хиралъабазул хабар бечедаб буго,
Хасаисал[1] гIемерав гIелмудул ралъад вуго,
Лъабнусго – Къуръаналда – аят жиндир хIакъалъулъ –
Ибну ГIабасидасан – рещтIанин бицун буго.

Цо нухалъ Аварагас, Абубакаргун ГIумар,
ГIусманги веццун, ГIалил цIар бахъичIого тана.
ЦIар бахъун, долго гIадин, ГIали веццичIого тей
Батулие[2] захIмалъун инсудехун кIалъана.

«Я абати[3] , лъабавго веццун, рагIиги бицун,
ГIали, цIар бахъичIого, щай тарав?» – ян абуна.
Аварагас: «Я дир яс, ГIалиги – дун вугелъул,
Дунги – ГIали вугелъул танилан», - жаваб кьуна.

«Иннама анта мунзир ва ликулли къавмин гьад»,[4] –
Абун аят рещтIиндал, Расулас: «Ана мунзир
Ва ГIалийю-л-гьади»,[5] - ян – гьадин баян гьабуна.
Гьелде тIадеги ШафигI шархI гьабунги кIалъана:

«Ва бика я ГIалийю ягьтади ал-мугьтадун,[6] –
Дудалъун тIоритIила тIоритIарал абуна.
«Я айюгьа ллазина аману», – ян рещтIарал
ТIолалго аятазулъ ГIали аваллъун ккола.[7]

[1] Ай, гьесда хассал хиралъаби.*
[2] Ай, ПатIиматие. *
[3] «Я дир эмен».*
[4] Ай, «Мун вуго Авараг – халкъалъе насихIат гьабулев, гьезие ахираталъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев чи, ва щибаб къавмалъе гьел тIоритIулев чи вукIуна».
[5] Ай, Расулас ﷺ абуна ГIалиде ؓ, гьадаб аят рещтIиндал: «Дун – насихIат гьабулев, хIинкъи кьолев чи вуго, мун – гьел тIоритIулев чи вуго», – абун.
[6] «Аллагьас тIоритIарал чагIи дудалъун тIоритIила, я ГIали».
[7] Ай, «ХитIаб жедеде гьабулезул тIоцовесев ГIали ккола», ай, тIоцобе – гьесде, хадуб – цойгиязде.

Цойги, ГІалил гьормаде балай – гІибадат буго,
ГІалидехун хІал кошлъи – дидехун кошлъи буго.
ГІали Къуръангун вуго, Къуръан ГІалигун буго,
ХІавзалде руссинегІан ратІалъизеги гьечІо.

Лъабго чиясухъ Алжан гІищкъо ккараблъун буго:
ГІали, ГІаммар, ва Салман, – гьал лъабалго гьел руго.
Гьединго Аварагас: «Имаму-л-барарати
Ва къатилу-л-фажарат»[1] – ГІалий сифат гьабуна.

ГІадамал данде ахІун, ГІалил койрги жинца ккун,
Цо нухалъ Аварагас эзда цебе абуна:
«Дун жиндие мавлалъун лъие ватананиги,
Фа ГІалийю мавлагьу»[2] – гьадин баян гьабуна.

Гьаб Расуласул калам кибего тІибитІана,
БатІа-батІа бакІазда гІадамазда рагІана.
Гьеб рагІун рахІатхварав НугІманил вас ХІарсица,
ХІабибасухъе сапар, варанигун, бухьана.

Бахьи гьечІев вукІиналъ, «Я МухІаммад», – абуна,
Адаб тараб куцалда кІалъайзе байбихьана,
Баркат гьечІеб кІал-мацІалъ эрга щойчІеб бицана,
Иманалъул дагьлъиялъ суал кьезе лъугьана:

«Аллагьасул рахъалъан дуца амроги гьабун, –
Аллагьги цо гьавуна, мунги витІухъ гьавуна.
ТІадеги дуца амро как байилан гьабуна, –

[1] Ай, «РацІцІадал муъминзабазул имам вуго ГІали, къосараб къавмалдехун рагъ гьабулевги вуго ГІали».
[2] «Гьалмагълъун, комекчилъун дун лъие вугониги, ГІалиги – дун гІадин вуго гьезие».

Гьебги къабул гьабуна, къол щуго какги бана;

Закат бахъиялдалъун амро дуца гьабуна, –
Нежеца, къабул гьабун, гьебги тIаде босана.
ТIадеги, "Рамазаналъ кIал ккой", – дуца абуна, –
Амроги тIобайзабун, гьебги къабул гьабуна;

Гьанжиги, хIаж гьабеян амро дуца гьабуна, –
Нежеца, къабул гьабун, гьебги тIаде босана.
Гьелъги дуй гIей гьабичIо, гьелдаги разилъичIо,
Гьанжи дуца, койрги ккун, ГIали ворхулев вуго;

Нежедаса тIокI гьавун, гьесул хIакъалъулъ дуца
Гьади-гьадинаб хабар халкъалъе бицун буго,
Гьеб дурго рахъалъанищ, яги амро бачIунищ
Абураб дуца?» - йилан ХIарсица суал кьуна.

Аллагьасул цIаралда Расулуллагь гьедана,
«Гьаза миналЛагь»[1] – абун, ХIарсие жаваб кьуна.
Жавабалъ кIал-мацI къотIун, кIалъазе бакI хутIичIо,
ТIадвуссине хиялгун вараниялъухъ ана.

Вараниялда аскIув рекIине унелъулги
Ибну НугIманил рекIелъ рахIатхойи букIана.
Расуласул рагIуда тIобан божизе кIойчIо,
ТIагьаясул гьаялъги гьесие гIей гьабичIо.

«Аллагь, гьав МухIаммадил калам хIакъаб батани,
Байзе гьабе зодосан гамчIил цIад, – ан абуна.–

[1] Ай, «ГIалие гьабураб гьадаб сипат Аллагьасул рахъалдасан буго», – абун гьедана.

Ав иътина бигIазабин алим»[1] – тIаде жобан,
Жиндиего ричIчIалъе квешаб дугIа гьабуна.

ГьебсагIат, зодосахун речIчIун бачIун, цо гамачI,
БетIерги борлъун, ХIарсил хIатIалъан къватIиб ана.
ХIарсил дугIа Халикъас хекко къабул гьабуна,
Къосараб хойлалдалъун ахират жиндий щвана.

Аллагьасул рахъалъан Къуръаналъул аятгун
Аминуллагь-Жабраил гьебсагIат тIаде щвана,
Сурат-МагIарижалъул аят жинца цIалана,
«Нуру-л-абсаралдасан» накъло дица босана.

Абу Зар аль-Гъафари абурав сахIабияс,
Цо къоялъ масжидалъур жал рукIанин бицана,
Цинги, гьардухъан вачIун, гьаризе байбихьана,
Гьесий садакъа кьолев гIаданниги лъугьинчIо;

Гьардухъанас зодобе кIиябго койр борхана,
Халикъасдехун вуссун, гаргадизе лъугьана:
«Гьале, Дур Расуласул масжидалда жанив – дун,
Дие садакъа кьолев щивниги чи лъугьинчIо».

Гьаб мунажат гьабулев гьардухъан вугеб гIужалъ
ГIали асхIаб, как балев, рукугIалда вукIана.
Килищалда хатамгун[2] рукугIалда вукIаго
ГIалица кванараб койр досухъехун битIана.

Койр битIиялъул мурад досда хехго бичIчIана,
ГьебсагIат килщидаса баргъич жинца бахъана.

[1] Ай, «Ялъуни цо гIазаб тIаде беччай», – абуна.
[2] Хатам – баргъич.*

Масжидалъув вукIарав Расуласда гьеб бихьун,
ГьебсагIаталъ ГIалие дугIа жинца гьабуна;

Гьарун жиндий вазирлъун кьеян Мусаца гIадин,
ГIали жиндий вазирлъун гьавейилан гьарана.
Гьари-дугIаялдаса Расул парахлъилелде
Халикъасул рахъалъан аятгун Жибрил щвана.

Аварагасе жаваб жиндилълъ гьабун рещтIараб
Гьеб хирияб аятги «Маидаталъул» буго.
Мусае Гьарун гIадин, ГIали – Аварагасе ﷺ
Вазирлъун Аллагьас кьей гьаб аяталъ бицана.

قَالَ تَعَالَى: ﴿ إِنَّمَا وَلِيُّكُمُ ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱلَّذِينَ يُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤْتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَهُمْ رَٰكِعُونَ ﴿٥٥﴾ ﴾ المائدة: ٥٥

Цойги, «Ва тагIиягьа узунун вагIиятун» –
Аят жинде рещтIиндал, Аллагьасул Расулас,
«Гьел “узунун вагIият”[1] – ГIалил гIундул гьаре», - ян
Гьарун, дугIа гьабидал, гьелъийги жаваб щвана.

ШафигIасдасан жинда рагIарабщинаб хIадис –
ГIали гьелдаса хадув – кIочонарев лъугьана.
Гьединго Аварагас, ГIали вокьигун рихин –
Имангун нифакъалъул гIаламатлъун рикIкIана.

«Аввалу ман ядхулу-л-жанната мухIиббука
Ва аввалу ман ядхулу ннара мубгъизука»[2] –

[1] «РагIараб къабул гьабулев, гьеб цIунулевлъун ГIали гьаве», - ян гьарана.
[2] «ТIоцове Алжаналде лъугьунев мун вокьулев вукIина, тIоцове жужахIалъув лъугьунев мун рихарав вукIина».

Мун вокьарав-рихарав – Алжан-жужахIалъуве
ТIоцове лъугьинилан, – гьабги тIаде жобана.

«Мун дунялалдаги – саййид, ухраялдаги – саййид,
Мун вокьиги рихинги – дун вокьи-рихин кколин»,–
Расулас ГIалидехун абула ргаIанилан,
Ибну ГIаббасидасан хIадисги бицун буго.

БетIергьанасе рокьун, Алжанул рохел бицун,
Жал, Аварагас реццун, дунялалда машгьурав
Ункъавгоги халифа: Абубакаргин ГIумар,
ГIусман, ГIали рокьулел агьлолъун нилъ гьареги!

Гьанжи, ГIалил гIакъилал, гIакъло бугел кантIулел
Каламазда гъорлъанги дагьа-макъал рищизин,
Гьесул баркат-шафагIат щоялде хьулги гьабун,
Бищунго нилъ хIажатал, таржама гьабун, хъвайзин.

Жиндие кIвар гьечIелда цо чи хадув лъугьани,
КIвар бугеб борчIунги ккун, чIового хутIулила.
Халикъасул рахъалъан къадар тIаде щун хадуб
Махлукъаталъул тадбир долъ батIул гьабулила.

Ахир ккезе бугелъул пикро гIемер гьабурав, –
Гьунар тIокIав бахIарчи гьесул лъугьунарила.
МацI, гIакъилав чиясул, рекIелъ жаниб букIуна,
РакI, ахIмакъав чиясул, мацIалдаго букIуна.

Тушманасда тIад корщел дур батараб мехалда
Досдаса бергьиналъе щукрулъун гIафву гьабе.[1]

[1] Ай, «Досда тIаса лъугьа, бергьиналъухъ Аллагьасе щукру гьабун».*

ГIодовегIанав инсан гIелмуялъ тIад ворхула,
ТIадегIанав жагьлоялъ гIодовги ккезавула.

ГIелмуялъул рахъалъан бищунго дагьав гIадан –
ГIадамазул бищунго къимат хварав вукIуна.
Хиралъиялъул рахъалъ гIелмуялъе гIун буго –
Лъаларесги лъалилан дагIба балеблъун букIин.

Какараб букIиналъулъ жагьлоялъеги гIела –
Жагьло гIунтIизабизе гIадан разилъунгутIи.
ГIадан вуго гIалимчи, я гIелмуялъул тIалиб;
ТIалибгин гIалим горев гIаданлъун рикIкIунаро.

Балагь щоялда аскIуб абе «Ла хIавла ва ла
Къуввата илла биллагь» – гьелъ дуе гIей гьабила.
Гьединго, нигIмат щойдал, «АлхIамдулиллагь» абе,–
Аллагьас тIадеги дуй гьеб цIикIкIине гьабила.

Квешазулгун гьабулеб гьудуллъи-гьалмагълъиялъ
ЛъикIаздехун хIалхъублъи рекIелъ бижизабула.
ГIисинал къварилъаби жинца кIодо гьаруни,
КIудиял тIаде реччан, ибтилаалде[1] ккела.

Дунял-ахират буго магърибгун машрикъ гIадин,
Цоялде гIагарлъани, цояб ричIад хутIулеб.
Дунялалдаса дуйго щвaралдаса вохуге,
ЩойчIого хутIаралда хадуб ракIги бухIуге.

Дуца дур гьудуласе кинабгоги рокьи кье,[2]
Кинниги, тIованго мун гьесда божун вукIунге;

[1] Ай, балагьалде, хIалбихьиялде.*
[2] Гьадабаса бахъараб жиндирго вас ХIасаниде абураб буго (р.гI.).

Эсдехун рохел гьабе, ракIги эсдехун чуче,
Амма тIолго балъголъи эсий загьир гьабуге.

Загьирабгин батIинаб – кIиябгоги гIелмудул
Хазинарукъалъул баб – ГIалил каламалдасан
Дагьабго рехсаниги, гIемер пайда босизе
Рес буго гIакъиласе, тавфикъ Аллагьас кьуни.

**ابن تيمية عبد خذله الله وأضله وأعماه وبذلك صرح الأئمة الذين بينوا فساد أحواله وكذب أقواله ومن أراد ذلك فعليه بمطالعة كلام الإمام المجتهد المتفق على إمامته وجلالته وبلوغه مرتبة الاجتهاد أبي الحسن السبكي وولده التاج والشيخ الإمام العز بن جماعة وأهل عصرهم وغيرهم من الشافعية والمالكية والحنفية ولم يقصر اعتراضه على متأخري الصوفية بل اعترض على مثل عمر بن الخطاب وعلي بن أبي طالب رضي الله عنهما كما يأتي .... وكنت ممن سمعه وهو على منبر جامع الجبل بالصالحية وقد ذكر عمر بن الخطاب رضي الله عنه فقال : إن عمر له غلطات وبليات وأي بليات وأخبرني عنه أنه ذكر علي بن أبي طالب رضي الله عنه في مجلس آخر فقال : إن عليا أخطأ في أكثر من ثلاثمائة مكان . فيا ليت شعري من أين يحصل لك الصواب إذا أخطأ علي بزعمك كرم الله وجهه وعمر بن الخطاب ... الخ . «الفتاوى الحديثة» لابن حجر الهيتمي ص ٨٣-٨٤**

Ибну Таймият абун, гьижрияб тарихалъул
Анкьнусабилеб соналъ цо гIадан загьирлъана,
Лъабнусидаса цIикIкIун бакIалда ГIали асхIаб
ХатIалъун кканилан жив мажлисалда кIалъана.

Машааллагь, халгьабе, хириял бусурбаби,
ХатIалъаби рикIкIине гьасул гIун бугеб махщел!
Хадубги, хIикмат гьечIищ, анкьнусго сон инегIан
ГIалил хатIаби лъалев гIалимчи вахъунгутIи.

ГIалилго гIадин, гьасда ГIумар асхIабасулги
ГIемер хатIаби гори ратун ругел, балагье?!
Гьал хулафаазда тIад бугьтанал лъезе кIварас
Умматалъе гьабулеб хайир кинаб букIунеб?

БетIергьанас цIунаги бацIцIадаб агьлу-суннат
Гьудату-л-умматазда[1] бугьтанал лъеялдаса!
БичIчIи Исламалъулъ кьун, адаб цIунизе манлъун,
Аллагьас тIобитIаги ТIагьаясул гьаб уммат!

ГIалил щужагIаталъул[2] къисабазда гьоркьосан
Гьаб цо гьитIинаб кесек китбат гьабун бихьизин,
Киналго гьел рехсезе фурсат[3] рекъечIониги
РакIалъ тIаса рищарал росизин тефтералде.

Гъазвату-л-УхIудалда, Асадуллагь-ГIалица,
АнцIила анлъго ругъун жинда щванин бицана.
Цинги, «Гьезда гьоркьосан анкьго ругъун абуни,
Къуватаб, дун ракьалда гIодов лъураб букIана.

ГIодов ккун дун вукIаго, сифат-сурат гьайбатав,
Берцинаб махIги бугев цо чи аскIов вачIана.
Гьес, бигьаго гъежги ккун, тIаде ворхизавуна,
Рохалилаб хабаргун гьев жиндеги кIалъана:

"Аллагь-Аварагасе мутIигIавлъун мун вугин,
Гьел кIиялго дудаса разияллъунги ругин,

[1] Гьудату-ль-уммати – уммат тIобитIулел церехъаби.*
[2] ЩужагIат – бахIарчилъи. *
[3] Фурсат – рес, санагIалъи.*

Акъбил гІалайгьим”,[1] – абун хитІаб дидеги гьабун,
ГьебсагІталъ цевеса тІагІанилан, – абуна. –

ТІагьаясда аскІов ун, ккараб дица бицана.
Дуй рохел буго абун, гьесги дида баркана.
Дов духъе вачІарав чи – Аминуллагь-Жабраил
ВукІанилан, ХІабибас гьебги баян гьабуна».

Гьеб УхІудалъул рагъги, ХІабиб-МухІаммадие
Бищунго хІалщваразул цояздаса букІана.
ХІамзатги шагьидлъана, боги бихха-хичана,
Бода гъорлъан лъикІалан чагІиги шагьидлъана.

Гьединго, мушриказул къоло кІиго чи чІвана,
Гьезда гъорлъан анкьгояв ГІалица чІвай бицана.
Цинги капурзабазул байрахъ кодобе кьурав –
Кутакалда чІухІарав – ТІалхІат [2] абун вукІана.

Бода цевеги лъугьун, кІалгьикъун гаргадана,
«Мубаразалъ вахъунев чи вугищ?» - ан ахІана.
Асадуллагь-ГІалица данде жаваб гьабуна,
«Гьале дуе дун», - абун, мубаразалъ вахъана.

Рахъарал хвалчабигун цуцаде гІагарлъана,
Цо-цо нухалъ кьабураб гъоркьан-тІасан борчІана.
ТІалхІат, ГІали асхІабас кІиабилеб кьабуралъ,
Хвалчаца бохги къотІун, ракьалда гІодов лъуна.

Лъабабилеб нухалда кьабизе ХІайдарица
Хвалчен тІаде борхидал, ТІалхІатил чилъи хвана, –

[1] Ай, «Вахъа, тушбабазде данде а».
[2] ТІалхІат бину аби ТІалхІат

«Аншудукаллагьу»,[1] – ян рахIму тIалаб гьабуна,
РухIалда жив хIинкъидал хIалихьалъи тIатана.

ТIадгIанав Аллагьасул цIаралъул хIурмат гьабун
ХIайдар, гьевги живго тун, мавкъифалде[2] вуссана.
Бусурбабаца: «ЧIаго дов щай тарав?» – абуна.
Аллагьасдалъун гьарун, тезе кканин бицана.

Корщел жиндир батидал тушман, БетIергьанасе
Щукрулъун тавбо гьабун, – гьале теялъе мисал.
Пайда щиб Иман-Ислам, намус-яхI, бахIарчилъи,
ГIали асхIабас гIадин, цIунун бажаричIони.




[1] Ай, Аллагьасул цIаралдалъун гьарана рахIму гьабеян.
[2] Ай, бо чIараб бакIалде.*

# – ФАСЛО –

## ГIАЛИ ﷺ ХАЛИФАЛЪУН ТЕЯЛДА ТIАСАН КЪОКЪАБ БАЯН

ГIусман шагьидлъун хадуб халафаталъул амро
ТIадкъайзе мустахIикъав чиясде хIажалъана.
ХIукму ГIалиде ккана, гьесул рокъоре ана,
«Агьлолъун мун вихьулин, тIаде босе», – абуна.

Дир амирлъиялдаса вазирлъи ножой лъикIин,
ЛъикIаб рагIиялдалъун ГIали гьезда кIалъана.
ГIадамал разилъичIо, рагIи гьесул нахъчIвана,
Нежеда, мун горев, чи ватуларин абуна.

Ишги гьедин батани, толевги дун гьечIони,
Гьаб хIалалъ, балъго, байгIат бегьуларин абуна.
АхIмадил масжидалъуб жамагIатги данделъун,
Доз бокьарасе гьабе байгIатилан абуна.

Масжидалъур руссана, жамагIат бакIарана,
БайгIату-л-гIамматалда[1] ГIалий къотIи гьабуна.
КъотIи гьабун, тIоцобе ГIалил койр босарав чи
ГIубайдуллагьил ТIалхIат вукIаравин бицана.

Цинги, тIоцобе ГIалий байгIаталъе бегьараб
ТIалхIатил койр гIайибаб букIарабин абуна.
ГIайибаб койралдалъун байбихьи ккараб байгIат
ГIалий битIиладаян цо пуланас абуна.

[1] Ай, кинабго халкъ тIад рекъон.*

**هذا الرجل يقال له حبيب بن ذؤيب فقال : انا لله وإنا إليه الراجعون أول يد بايعت يد شلاء لا يتم هذا الأمر .**

Басраялъул агьлоги ГІалида разилъана,
ГІавамил вас – Зубайир – гьесги байгІат гьабуна.
Гьаб куцалда байбихьун, халафаталъул амро
АбутІалибил ГІалил габуралда баччана.

БайгІаталъулъ гІахьаллъи дагьал чагІаз гьабичІо,
Гьелги гІусманийятал рукІаралин абуна.
Баширил вас – НугІмангин Масламатил МухІаммад,
БайгІаталъулъ гІахьаллъи гьабичІезулъ рукІана.

Гьанжи НугІманил Башир, шагьидлъулеб мехалда
ГІусманида букІараб, бидул цІураб гордегун,
Гордеялда цадахъго, койралдаса ратІалъун,
КъотІун гІодор рортарал Наилатил[1] килщалгун,

Шамалдехун валагьун, МугІавят тІалаб гьавун,
ТІурун гьев аравилан буго тІехьалда бицун.
БайгІат ГІалие гьабун ункъо моцІ тІобан хадуб,
ТІалхІатги Зубайирги – гьелги гьаниса ана.

Аллагь разилъун жедей ризвану-л-акбар[2] щваял,
Алжаналъул рохалил хабар жедей бицарал,
Хирияв Расуласул кІиявго кІудав асхІаб,
Мадинаги жибго тун, Маккаялде рачІана.

Цинги ГІали асхІабас ишалде байбихьана,
БатІа-батІа рахъазде рисалатал ритІана,

[1] ГІусманил ﵁ лъади.
[2] Аллагь разилъи.*

ГIусманица жал тарал гIумалазда[1] гьоркьосан
Гьезул цо-цоял живгун дандчIваялде ахIана.

Абусуфянил валад[2], ГIусманил гIагарав чи, –
Шамалъул улкаялда МугIавятги вукIана.
ГIалица дандчIваялъе гьевги тIалаб гьавуна,
Гьес, ГIалий жаваб гьабун, бакIабго кагъат хъвана.

КIиясулго гьоркьоблъи бигъа-бишун лъугьана,
Бугъаталгун[3] вагъизе ГIали хIажалъун ккана.
ХIажатаб бакIарана, боял данде гьаруна,
Мадиналда амирлъун Къусамида цIарчIвана.

Гьаб рехсараб хIалалда ГIали хIадурлъулаго,
РахIатхвараб цо хабар Маккаялдасан щвана.
Шамалдехун бухьине хIисабалде босараб
Сафарги гьаб хабаралъ хисизабизе ккана.

Маккаялда йикIарай муъминзабазул эбел –
ГIаишатиде тIаде ТIалхIатгун Зубайр щвана.
Щиб-кинилан ГIаишат гьездехун гьикъардана,
Гьез жедер рачIиналъе ккараб гIилла бицана.

«ХIакъаб рахъги лъаларел, тIекъалде инкар гьечIел
Къавмалда гьоркьоса ниж тIуранилан», – абуна,
Амиру-л-муъминина – ГIали – Шамалде ине
КъачIалев вукIиналъул хIалги баян гьабуна.

[1] Ай, рахъ-рахъалда ругел хIакимзаби.*
[2] Валад – вас.*
[3] Ай, имамасе мутигIлъуларелгун. *

Гьеб гъавгъаалде[1] гъорлъе нилъги лъугьун лъикIилан,
Муъминзабазул эбел, гьазде юссун, кIалъана.
ЛъикIаб нийят-къасдалда, маслахIаталъе гIоло
ГIаишатил хуружги[2] букIарабин бицана.

Цинги гьеб ишалда гъорлъ киндай лъугьун лъикIилан,
КIиявго ГIаишатгун гIакъло дандбан кIалъана.
Нелъецаги Шамалде сапар гьабизе бугин, –
Гьезий ГIаишатица жиндирго гIакъло кьуна.

ГIусман чIван хадусала Басра шагьаралдаса
Цо жиндирго хъулухъалъ Маккаялде вачIарав,
Ибну ГIамир абулев гIаданги гьазда дандчIван,
Гьес: «Нуж Шамалде ине хIажат гьечIин, – абуна. –

Гьенив гIадло гьабизе МугIавият гIун вугин,
Нуж Басраялде рилълъин лъикI бугин,» – гIакъло кьуна.
ГIакъло гьаз къабул гьабун, къотIи гьенибе ккана,
Гьениб сапар бухьине хIадурлъизе лъугьана.

Маккаялда вукIарав Ибну ГIумаридеги
ГIаишатица цадахъ вахъайилан абуна.
Амма ГIабдуллагьица, дун Мадиналъул агьло
ЧIаралъувго чIелилан, инкар гьелде гьабуна.

Гьанжи ГIабдуллагьил яц – ХIафсатие бицана,
Цадахъ йилълъаян абун, ГIаишат гаргадана.
ГIабдуллагьица яцги ГIаишатгун еччайчIо,
ГIалиде данде вахъин гьесие къабуллъичIо.

[1] Ай, биха-хичи, гъалмагъар.*
[2] Ай, къватIий яхъин.

ГIусманил гIумалазул[1] Яманалда вукIарав
ЯгIла, дов чIван хадуса, Маккаялде вачIана.
Гьес ГIаишат рекIине ункъцIол нусго диргьам кьун,
«ГIаскар» абун цIар бугеб жамал[2] бичун босана.

Боялъейин абуни, анлъунусазарго диргьам,
Анлъунусго вараниги ЯгIлаца хIадурана.
ГIаишатил цIаралда: «Дин тIадегIан гьабизе
Бокьарал рахъа», - йилан магъущ ахIдезавуна.

Азарго чи вугев бо Маккаялда къачIана,
КъватIи-къватIиса рачIун, лъабазарго чи гIуна.
Муъминзабазул эбел ТIалхIатгун Зубайиргун,
Гьаб гIаскарги хадуб цIан, Басраялде къокъана.

ГIаишат тIойитIизе Маккаялда рукIарал
Расуласул руччаби Зату-л-ГIиркъалде[3] ана.
Исламалъухъ гьеб къоялъ гьел гIодарал куц бихьун,
«Явму нахIиб»[4] абураб цIар гьеб къоялде лъуна.

Гьабзазул хIапи бугеб цо бакIалде жал щвана,
«Щиб бакIал гьаб кколеб?» - ан ГIаишат гьикъардана.
Гьаб бакIал ХIавъаб бугин гьелъий жаваб гьабуна,
Гьеб лъайдал ГIаишатил нахъюссине къасд ккана.

Расулуллагьас гьелда жиндирго руччабазде
Бицун букIараб хIадис кIутIун ракIалде щвана.

[1] Ай, ГIусманица ﷺ хIалтIуда таразул.*
[2] Жамал – варани.
[3] БакIалде цIар.*
[4] Ай, кутакалда гIодараб къо.

Гьебги: «Аййатукунна танбахIугьа килабуль-
ХIавъаб»[1] – абун Авараг ﷺ гьезда кIалъан вукIана.

Гьединго цо риваят: «Унзури, я ГIаишат,
Ан ла такуни анти,»[2] –тIаде жобан бицана.
Цинги гьелъул гьалмагълъи, гьаб бакI ХIавъаб горилан,
Рекъараб хабар бицун, гьелдехун гаргадана.

Гьелъие нахъюссине кигIан бокьананиги,
Бодул церехъабаца цадахъ къайчIого течIо.
Къадирасул хIукмуги гьедин тIобан букIиндал,
Басраялъул рагIалде ГIаишат кинги щвана.

Шамалдехун вахъине къасдгун вукIарав ГIалил
ГIаишатил хабаралъ рахIат хойзе гьабуна.
Гьелъ, Амиру-л-муъминин Шамалде сапарги тун,
Басраялдехун ине хIажатавлъун лъугьана.

Гьезда нахъгIунтIизелъун сапар хехго бухьана,
Рабзат абураб бакIалълъ ГIали гIаскаргун чIана.
ГIаишат Басраялде щун йигилан рагIана,
ВагIза-насихIаталъул кагъат гьезухъ битIана.

Гьенисанги ГIалил бо цебехун багъарана,
ГIаишатил богин гьел цуцаде гIагарлъана.
Рекъел-маслахIаталъе гьоркьор чагIи хьвадана,
ДагIба-рагIи сулхIалде[3] буссине гIагарлъана.

[1] Ай, «ХIавъаб абураб бакIалъул гьаби ножор киназдедай хIапдела» - ян абун букIана .
[2] Ай, «Вореха, ГIаишат, ХIавъабалъул гьаби хIапулейлъун мун йикIине горин».
[3] Ай, рекъел-маслахIаталде.*

ГIусманил къисас боссе къасд ккарал гIадамазе
Рекъел-сулхIалъул хабар данде кколеб букIинчIо.
Данде буссун цо къокъа питнаялъе ургъана,
Рогьалил гIуж халгьабун, байбихьиги гьабуна.

Бицине хIалкIолареб хIайса-байса лъугьана,
Лъица кин байбихьараб лъалареб куц букIана.
Рогьа-роцIун хадуса питна гIодоб буссана,
ГIаскаразде гьоркьове ГIали цеве вахъана.

Цинги, ГIавамил Зубайр вугищилан ахIана,
Вугилан жаваб гьабун, гьевги цеве вахъана.
«Дида данде вахъине мун щиб жоялъ тIамурав,
Я Зубайир», - ан абун, ГIали гьесда кIалъана.

«Гьалде дун тIамураб жо – атIтIалабу би-дами[1]
ГIусманил», - илан абун, жаваб гьасги гьабуна.
«Гьанжи мун гIенекке», - ян ГIалица Зубайрида
Расуласул хIадисал ракIалде щойзаруна:

ШафигIас дир хIакъалъулъ: «Сатахружу гIалайгьи
Ва анта залим лагьу»[2] – абун дуда букIинчIищ?
Гьаб калам жинде гьабун, ГIали асхIаб кIалъайдал,
КIочон букIараб хIадис ракIалде щун бачIана.

Руччабазе гьукъарал, къватIире рахъин гIадал,
Рокъор чIейи тIад букIин ракIалде щойзарулел
Расуласул хIадисал, Къуръаналъул аятал
Хъван, рисалат ГIалица ГIаишатихъги кьуна.

[1] Ай, «ГIусманил къисас боси тIалаб гьабиялъ тIамуна», - ян абуна.
[2] Ай, «Мун ГIалиде данде вахъина мунги вукIун вугеб хIалалъ зулму гьабулев-лъун».

ГIаишатги кантIана, ТIалхат, Зубайр ригьана,
Гьабураб хатIаялда ракIги жедер бухIана.
Бода гъорлъа Зубайир къватIивехун лъугьана,
ТIадвуссун Маккаялде сапар жинца бухьана.

Нухда къокъун унаго цо къавмалде рещтIана,
Жармузил вас – ГIамроца гьоболлъун жив вачана.
Гьоболлъи тIобан хадуб Зубайир тIовитIизе
Вади-СабугI абураб кIкIалахъ щойзегIан ана.

Суждаялда вукIаго, яги кьижун ккаралъув
Кьабун, ГIамроца Зубайр гьеб бакIалъ чIван рехана.
Гьесул хвалчен босана, мугьру тIаса бахъана, –
КIиябгогин цадахъ гьев ГIалида аскIув щвана;

ГIалида жинца Зубайр чIванин рохел бицана,
«Убащщиру би-ннари»,[1] – ГIалицаги абуна.
Аллагьасул Расулас, «Зубайр чIварав чиясе
ЖужахI барке», - ян абун, хIадис бицун букIана.

**فلما وصل إليه (أي عمر بن جرموز) سلم عليه وأخبره بقتله الزبير ، فقال عليّ رضي الله عنه وكرّم الله وجهه : أبشر بالنار فإني سمعت رسول الله ﷺ يقول : ((بشروا قاتل الزبير بالنار)) . «نور الأبصار» صـ ٨٢**

ХIакамил Марваница речIчIараб чIор жинда щун,
Аллагь разилъи щваяв ТIалхIатги накълолъана,
Нахъа, боял цуцалъ ун, цо питна багъарана,
Бицине хIалкIолареб кIудияб кьаби ккана.

КIиябгоги рахъалъан гIемерал чагIи чIвана,
ГIалил боялъул къадар къоазарго букIана.

[1] Ай, «Дуе жужахI буго», - абун.

КIиазаралда хадув лъабкъоялда анцIго чи
Гьезда гъорлъа камунин китабалда[1] бицана.

Цинги ГIаишат, ТIалхIат, Зубайирил рахъалъан
Лъеберазар мукъатил гIаскаралъул вукIана,
Гьезда гъорлъа анцIила анкьазарго чи гIезе
АнцIго чи камураб хвел гьезиеги лъугьана.

Вади-СабугIалдаго Зубайирги вукъана,
Зияраталъ халкъ унеб машгьураб хобги буго.
Берцинаб гьалмагълъигун, ГIалица, вагIза гьабун,
ГIаишатги тIадюссун Маккаялде йитIана.

ТIалхIатилан абуни, Басраялда вукъана, –
Къаброгин масжид гьесул гьениб бугин абуна.
Гьединго чIвараб къоялъ лъабкъоялда ункъо сон
ГIумруялъул букIанин къисаялда бицана.

Басраялда гIамиллъун[2] Ибну ГIаббас чIезавун,
ГIали жиндир гIаскаргун Куфаялде къокъана.
ГIиракъ, Мисригун Йемен, Фарис, Хурасаналда
Асадуллагь – ГIалица гIадло-низам гьабуна.

МугIавият, гIамиллъун, Шамалдаго вукIана,
Шамалъул агьалиги жиндий мутIигI букIана.
ГIалица, байгIаталъе къотIи жиндий босизе,
Жарир бину ГIабдуллагь гьесухъе витIун ана.

Гьес, Палестиналдаса ГIамру-бну-ГIас щойчIого,
ГIалие байгIат гьабун данде жаваб гьабичIо.

[1] Китаб – тIехь.*
[2] Ай, хIакимлъун, бетIерлъун.*

Дов Шамалде вачIана, МугIавятгун дандчIвана,
ГIалилгун рагъ гьабизе гьазул пикро цолъана.

Гьеб хабаргун ГIабдуллагь ГIалихъе тIадвуссана,
ГIали жиндир боялгун Шамалде вагъарана.
Шамалдехун вачIунев ГIалил хабар жинхъе щун,
МугIавятги боялгун гьасде данде вахъана.

Гьезда гьоркьоб ккараб рагъ рехсечIого лъикI буго,
Лъай щолареб бакIалде раккунгутIи – маслахIат.
ГIусман чIваялъул гIайиб ГIалиде тIаде бугъун,
Гъалмагъар бокьараца бекьараб питна буго.

Расуласул асхIабал – Аллагь разилъи щваял
Зубайирги ТIалхIатги – ГIалиде данде рахъин –
Дов хIакъав вукIин лъайдал, кантIун, тавбо гьабураб,
Гьездасан жиб бегьараб хатIаян абун буго.

Хурзабазе рак гIадал гIубадазул хатIаби
ТIадеги даражаби рорхиялъе рукIуна.
РахIманасе рокьарал лагъзадерил мунагьал
Ралъдал полоплъаниги, гIафвуялъулъ[1] тIерхьуна.

ГIинтIаме гьанжи, вацал, бицинин дагьаб хабар
Муъминзабазул амир – ГIали шагьидлъиялъул.
Баракат нелъей щваял Исламалъул автадал, –
Тавфикъ Аллагьас кьеги гьезул нухдасан ине!

[1] Ай, Аллагь гьезда тIаса лъугьуна.*

Хаварижазул[1] лъабго бахьикъосги данделъун,
Балъгого хабар бицун, Маккаялда кIалъана.
Лъабасго цо-цо амир[2] чIвазе тIадеги босун,
Биххи гьечIеб къотIигун къватIире гьал рахъана.

КъотIуда рекъон цояв Димишкъиялде ана,
МугIавят чIвазе жинца тIаде босун букIана.
ТIоцобе цо кьабуралъ МугIавият лъукъана,
ГIадамаз тушманги ккун, ругъун сахлъун, вахъана.

ЧIвайчIого гьавги хутIун, асирлъуде жив ккедал,
Аман гьарун, тушманас рохел гьесда бицана.
Гьебги, гьабго гIужалда жакъа ГIали чIванилан,
МугIавят разилъизе бицараб хабар буго.

ЦохIо къоялъ цадахъго, цо гIужалда лъабасго
Лъабавго гIамиласе гьабулеб жо гьабизе –
Гьеб щулияб къотIигун къватIир рахъун рукIиндал,
БукIана гьасул ракIчIей ГIали чIван ватиялда.

ГIали чIваялъул хабар уяб букIин лъайзегIан,
МугIавятица тушман чIвайчIого нахъе тана.
ЧIван вукIин лъан хадуса, гIакъоба-гIазабалъе
Койрал, хIатIалги къотIун, веччан танин бицана.

Цинги дов лъабасулго кIиабилес абуни,
ГIамру ибну-л-ГIас чIвазе тIаде босун букIана.

[1] ГIали асхIаб капур гьавун, гьесда данде рахъарал ва гьев чIварал къосарал гIадамал. Гьанжесел вагьабиязул гIакъида (идеология) гьезулго гIадаб буго. Гьезго гIадин, вагьабиязги бусурбаби капуралльун рикIкIуна ва гьезул биги боцIи-малги хIалал гьабула.*

[2] Ай, ГIали асхIабги, МугIавиятги, ГIамру ибн ГIасги (разияллагьу гIангьум).*

Мисриялде жив ана, ГIамро тIалаб гьавуна,
ТIаде босараб хIалалъ, какде инаго, чIвана.

Амма гьеб къоялъ ГIамро, унтун, рокъовги хутIун,
Харижат гьесул бакIалълъ как байзе ун вукIана.
Какилъе лъугьунаго, яги бухьун хадуса
Харижат, ГIамро абун, гьав малгIунас кьабуна.

Кьаби гьасул битIун ккун, Харижат парахлъана,
ХатIалъарав бидулав ГIамрохъе щойзавуна.
«Щив дуца чIварав чи?» - ян ГIамроца суал кьуна,
ГIадамаз, Харижатин абунилан, бицана.

Цинги, «Дуе чIвазени ГIамро вокьун вукIана,
Аллагьасе абуни, Харижат чIвай бокьана». –
Гьал рагIабиги абун, ГIамроца тушман чIвана.
ГIали тIаде восарав Ибну Мулжим вукIана.

Аллагьасул нагIана жиндие щварав малгIун,
ГIали чIвайзе нийятгун, Куфаялде вахъана.
Куфаялъул къватIазда сордулев жив вукIаго,
Жаниб бертин гьабулеб рукъалъул кIалтIе ккана.

КъватIнарехун рачIунел руччабазда гьоркьосан
Гьас цо гIадамалдехун кIалъа-ралъай гьабуна.
Гьей айййимлъун ятана[1], никахIалъул бицана,
Цинги, авлияазда[2] дандбалин рагIи кьуна.

РагIул хIасилги босун КъутIам гьесухъ ячIана,
Гьасдасан лъабазарго динар тIалаб гьабуна.

[1] Ай, янгъизай чIужу йикIана (гьелде цIарги КъутIам букIана.*).
[2] Ай, дуе ячIиналъул хIакъалъулъ гIагарлъиялда дандбалин абуна.*

Гьелде тІаде, цо лагъги цо лъикІай гъаравашги, –
Ибну Мулжимидасан гьабщинаб жо гьарана.

Гьарарбщинаб кьезе Ибну Мулжим рекъана,
КъутІамилин абуни, мурад цойги букІана:
Рехсанщиналъул бакІалъулъ дуца ГІали чІванани, –
Гьеб дий къварагІун бугин КъутІамица абуна.

Ибну Мулжим кІалъана, «Гьеб кин кІолеб?» – абуна.
«КІойчІони, нахъе а», - ян гьалъги лъайзе гьабуна.
Гьев ГІали чІвазе гІоло горони, дун гьаниве
ВачІунго вукІинчІилан – балъголъи гьас рагьана.

Гьанжи, хабар цІигьабун, цуцазде гаргадана,
Дуй комекалъе дица чи кьелин гьалъ абуна;
Гьалъий – имгІаласул вас, Вардан абун цІар бугев -
Ибну Мулжимгун цадахъ витІизе хІадурана.

Шабиб бину Мажарат, Ибну Мулжимгун дандчІван, –
Довги ГІали чІваялъулъ гІахьал гьави бокьана.
ГІемераб хабар бицун бетІер соризе гьабун,
Гьевги цадахъ вахъине хІалалъ рази гьавуна.

Рогьалил как балаго ГІалида гъоркьчІел гьабун,
Гьав кІиявго тушманас цадахъ хвалчен кьабуна.
Шабибица кьабураб хвалчен тІасан борчІана,
Ибну Мулжим-малгІунас кьабураб битІун ккана;

БитІун нодоялда щун, гІадал нахуда хъвана,
ГІалие гьебги гьабун, гьал тущбаби тІурана.
БитІахъе, тІурун арав Вардан, рокъов кІанцІана,
КІанцІун тІадегун цояс, хІама гІадин, чІван лъуна.

Ибну Мулжим абуни, жив тIурулеб мехалда,
ТIурараб гьойил гIадаб мисалалда вукIана.
Жинде вуссанщинасде хвалченги хьвагIулаго,
ГIадамазда гьоркьосан ворчIарулев вукIана.

Парталги тIаде рехун, Мугъиратица ккуна,
Кодовги восун, гIодов, бурутI гIадин, кьабуна,
Каранда гIодов чIана, хвалчен нахъе босана,
Басрияб хIалги гьабун, ГIалида цеве лъуна.

ГIалица, Ибну Мулжим, квана-гьекъезеги кьун,
Вегизе босенги кьун, цIунейилан абуна.–
«Нахъе къоял ратани, чIагоги дун хутIани,
Дунго валагьилилан, – къокъаб калам гьабуна. –

Къадар дие щун хадуб дида нахърегIизаве,
Дица гьесулгун дагIба ГIарасалда гьабилин».
Гьаб рехсараб хIалалда муъминзабазул амир
Рузмангин шамат къояз ругънал унтулъ вукIана.

ПатIан сордоялъ хвана, панаяб дунял тана,
Дару-л-ахираталде сапар жинца бухьана.
ХIанифатил МухIаммад лъин тIезе аскIувги чIун,
ХIасангин ХIусеница чурун мусраби рана.

Сардилъ кватIун вукъана, къабро[1] балъго гьабуна,
Нажафалда гьесул хоб бугин цояз абуна.
Цинги сижнуялдаса[2] Ибну Мулжим вачана,
Инсуда кьабуралъуб ХIасаница кьабуна.

[1] Къабру – хоб.*
[2] Сижну – туснахъ.*

Кьабун бахъинелдего гIадамал тIаде роpтун,
Сан-санккун вусс-вуссун ван, чIвалгъан гIадин гьавуна.
Накълолъараб гIужалда лъабкъоялда лъабго сон –
ГIумру Асадуллагьил букIанилан бицана.

Цойгиги къилаялда – ХIайдарил гIумруялъул
Лъабкъоялда щуго сон букIарабин абуна.
Нагьраваналда ккараб хаварижазул рагъулъ
КъутIамил эменгин вац ГIалица чIван рукIана.

ГIадилав имамасде данде къеркьолел, рагъулъ,
КъутIамил эмен-вац чIвай – ГIалил гIайибищ кколеб?
ГIали чIварав чиясе жужахI бугин абураб
Ибну Мулжимидаги хIадис рагIун букIараб.

Бугони щиб, Аллагьас нафсалде тIамун тани,
Инсан цо лахIзаталда гьалаклъи – хIакъаб буго.
Гьалаклъиялде цIалеб нафсу-л-аммараталде[1]
Аллагьас тIамун тарал лахIзатал рачIунгеги!

РакIалде щун букIаго абизе бокьун буго:
Авалалда байбихьун, ахиралде щойзегIан
Инсанасул, бакIалъул, тIехьалда рехсанщинаб,
Щибаб цIар дица битIун хъван батилин кколаро.

Батани дир гъалатI ккун, битIизабе хIалкIварас, –
ХIаракабазда тIадги хилаф гIемер букIунин.
ГIайиб дидаги гьабун, ццин бахъунги кIалъаге, –
Лъай дагьав вукIиналда дирги инкар гьечIелъул.

[1] Ай, квешаб щиналдалъун амро гьабулеб инсанасул нафс.*

# - ФАСЛО -

## ГIАЛИ АСХIАБАСУЛ КIИЯВГО ВАС – ХIАСАН ВА ХIУСАЙНИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН (РАЗИЯЛЛАГЬУ ГIАНГЬУМ АЖМАГIИН)

Расуласул агьлул-л-байт[1] – Аллагьасул рокьулел,
Гьезда гъорлъаги хасал – ГIалил рукъалъул агьло,
Аяту-л-мубагьалат жинде рещтIараб мехалъ
Живгун гIахьал гьаризе гьел рукIанин бицарал;

Цинги, гьел рокьизе ккей умматалда тIадгьабун,
ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIараб мехалъ,
АсхIабзабаз абуна: «Я Аллагьасул Расул,
Нежей рокьизе тIадаб дур гIагарлъи щиб?» – абун.

Абу Тураб – ГIалиги, ФатIимату-Загьраъги,
Гьелъул берзул кIиявго канлъи – ХIасан, ХIусайнги, –
ХIабибас, цIарал рикIкIун, гьал ункъалго рехсана,-
«Нуру-л-абсар» абураб тIехьалда бицун буго.

Цинги ЖагIфаргин ГIукъайл, ГIабасил агьлабиги
Агьлу-л-байталде гъорлъе хIакъикъаталда уна.
Амма хасаб хиралъи – халафатун батIинат
ГIалил агьлоялда чIей – хилаф гьечIеб жо буго.

قَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيُذْهِبَ عَنكُمُ ٱلرِّجْسَ أَهْلَ ٱلْبَيْتِ وَيُطَهِّرَكُمْ تَطْهِيرًا ﴿٣٣﴾﴾ الأحزاب: ٣٣

[1] Ай, рукъалъул агьло. *

Хадубги Аварагас: «Дун цевеса ун хадуб,
Дир агьлоялъе лъикIлъи бищун гIемер гьабурал –
Бищунго ножор лъикIал руго», – абун бицараб,
Берцинаб хIадис буго, ХIакимидасан щвараб.

«Бищунго агьлоялъул дуй рокьулел щал?» – абун
ШафигIасде гьикъидал, «ХIасан, ХIусайн», – абуна.
«Алжанул агьлоялъул гIолилазул саййидал –
ХIасан, ХIусайн», – абураб хIадисги машгьурлъана.

«Аварагасул агьло цохIо къояца бокьи –
Гьезде рокьи гьечIого цо лъагIелалъ гьабураб
ГIибадаталдасаги, гьеб лъикIаб буго», – абун,
Ибну МасгIуд абурав сахIабияс бицана.

Цойгиги, жиндир агьло бокьун щив чи хваниги,
Хирияв Аварагас букIунебги бицана:
«Шагьидан ва магъфуран, таибан ва муъминан,
Мустакмила-л-имани,[1] хварав кколин, – абуна. –

Холелъул ГIизраилас, хадуб Мункар-Накирас
Алжаналъул рохелги гьев чиясде бицуна.
Цинги, бахIарав гIадин, къачIа-кIатIан, эркенго
Алжаналде жаниве лъугьинеги гьавула.

Гьединго гьев чиясул къаброялде жанибе
Алжаналъул бабазул кIиго нуцIа рагьула,
РахIматалъул малайкал жинде тIаде хьвадулеб
ТIобараб зияратлъун гьесул хобги букIуна».

1 Ай, «Шагьидлъун, мунагьал чурараавлъун, тавбо къабул гьабуравлъун, муъминавлъун, иман камилавлъун».

Суннаталъул агьло дуй лъайзе бокьун батани,
Балагьун, лъикI халгьабе агьлу-л-байт бокьулищан.
Гьездехун рокьи гьечIев, рес щвани, гьел какулев,–
Гьесдани божиларо, зодов воржанхъаниги.

Жигиги Аварагас ﷺ жиндир агьлу-л-байталда
Ццин бахъун хварасеги сипат гьадин гьабуна:
«Гьев чи ГIарасаталде, "РахIматалдаса жиндир
Хьул къотIарав чи", – абун надалда хъван вачIуна».

Нахъойги, ХIабибасул агьлу-л-байт рихун хварав –
Куфруялда хваравлъун вукIунилан абуна.
Алжанцин киса гьесий, гьелъул махIцин чIваларо. –
ХIадисал гIемер руго, тIолго рехсон кIоларо.

«Расуласул къарабат[1] дир къарабаталдаса
Дие бокьулин», – абун Абубакар ﷺ гьедана.
Гьездасан ккараб мунагь хIакъикъияб горилан
Къуръаналъул аятгун Ибну-л-ГIараб кIалъана.

**قال الشيخ محي الدين بن العربي رحمه الله : الذي أقول به أن ذنوب أهل البيت إنما هي ذنوب في الصورة لا في الحقيقة لأن الله تعالى غفر لهم ذنوبهم بسابق العناية لقوله تعالى :** ﴿إِنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيُذْهِبَ عَنكُمُ ٱلرِّجْسَ أَهْلَ ٱلْبَيْتِ وَيُطَهِّرَكُمْ تَطْهِيرًا ﴿٣٣﴾﴾ الأحزاب: ٣٣ **ولا رجس أرجس من الذنوب . قال : وجميع ما يقع منهم من الأذى لنا يجب علينا في الأدب معهم أن نجعله شبيها بالمقادير الإلهية من الأمراض ونحوها ... الخ .** «**نور الأبصار**» **صـ ١٠٣**

[1] Къарабат – гIагарлъи.*

ГIабдулгIазизил ГIумар халифалъун вукIаго
ХIасанил вас ГIабдуллагь, хIажат ккун, гьесухъ ана.
Агьлу-л-байталъул къадро жинда лъалев халифа,
ХIажат тIобан хадуса, ГIабдуллагьгун кIалъана:

«Гьанжиялдаса хадуб щиб хIажат дур кканиги,
Дихъе хабар ккезабе, яги хъван кагъат битIе.
Кинаб дихъе щваниги, дун духъ вачIине вуго,
Дир кIалтIе мун щойзави дие цIакъ намус буго.

Аллагьасдасаги дун цIакъго нечолев вуго,
Дир гъапудухъе вачIун мун вихьараб мехалда».
Машааллагь, халгьабе гьасул тавазугIалъул,
ГIалил наслоялъул гьас гьабулеб адабалъул!

Цо нухалъ Сабитил вас – Зайид рекIун унаго,
Ибну ГIабас гьесул чол чIолохъжо ккун вилълъана.
Ибну ГIабасидасан нечарав Зайидица
«Я Расуласул вацгIал, гьеб беччан те», – абуна.

«Гьадин гIуламаазул адаб-хIурмат гьабеян,
Амро нежеде бугин», – Ибну ГIабас кIалъана.
Сабитил Зайидица, Ибну ГIабасил кверда,
РещтIун, убачги гьабун, гьадинаб жаваб къуна:

«Нежедеги Аллагьас амро гьабураб буго
Гьадин Аварагасул агьлоялъе гьабеян».
Иман камилллъун хадуб кибру[1] хIакъирлъун ккола,
ХIакъал муъминзабазул тIабгI[2] батIияб букIуна.

[1] Кибру – чIухI. *
[2] ТIабгI – тIабигIат, хьвада-чIвади.*

ТIагьаясул агьлу-л-байт, гьезул насло-зурийят,
Заман ахирлъизегIан, хIурмат цIунараб буго.
ХIурмат гьезул гьаби тей, гьезде данде рагъ гьаби–
Расуласда речIчIулеб хIасадалъул чIор буго.

ХIабибуллагьгун цадахъ гьесул гIатират[1] бокьи,
РахIманас вокьарасе кьолеб гьадият буго.
Гьездехун рокьи гьечIеб къавмалъулъ ватичIелъул,
Къадирасе гIемераб щукругин санаъ[2] буго.

ГIали шагьидлъун хадуб, халафаталъул амро
ХIасанида тIадкъайзе гIиракъазе бокьана.
БайгIат гьесий гьабуна, гьев халифалъун тана,
Хадув Шамалде ине гьев гьесизе гьавуна.

Расулуллагьасул сибтI[3] – ХIасан агьлу-л-гIиракъалъ
Амира-л-муъмининлъун вищи Шамалда лъана.
Шамалдасан МугIавят, боялги данде гьарун,
Гьанжи ГIиракъазулгун рагъ гьабизе вахъана.

Рагъда хIалбихьи бугел, хIинкъун нахъекъай гьечIел,
Гьал чIахIиял гIаскарал цуцаде гIагарлъана.
ГIаскаразул хал гьабун, ХIасанида бичIчIана,
Биял гIадада гIодор тIун лъикI горилан ккана.

ТIун гIодоре биялгун халафат ккоялдаса
Халкъалъе маслахIатаб ХIасание бокьана.
Бокьарасе гьебги тун, живго гIодов чIеялъулъ
ЛъикIлъи гIемераб бихьун, хIукму гьелда къотIана.

---

[1] Ай, рукъалъул агьло.*

[2] Санаъ – рецц.*

[3] СибтI – ясалъул вас.*

Гьелъул хIакъалъулъ кагъат МугIавятихъе хъвана,
ГIабдуллагь бину Навфал гьеб босунги витIана.
Гьеб кагътида жанибги живго гIодов чIеялъе
МугIавятида цебе лъабго шартI лъун букIана:

Инсул халафаталъулъ ккараб-тараб сабаблъун
Цониги чиясдасан рецIел босунгутIизе;
Байту-л-малалда гъорлъан, рес гьечIебгIанаб къадар,
МагIишаталъе жиндий харжлъун чIезе гьабизе;

Лъабабилеб абуни, – МугIавятида хадуб
Халафаталъул амро жиндихъе тIадбуссине.
Жиндида цебе лъураб лъабабго шартI тIобайзе,
ТIад калам гьабичIого, МугIавят разилъана.

Кинниги цо анцIго чи, цIакъго жинда рихарал, –
Гьел гъорлъа рахъейилан МугIавят чIун вукIана.
ЦохIониги чиясе хIинкъи дудасан букIун,
БайгIат дуй букIунарин къвакIун ХIасанги чIана.

«СагIдул вас Къайсида тIад корщел дир батун хадуб,
Досул мацIги койралги къотIичIого теларин, –
КъотIиялда гьедун дун вукIанин», – МугIавят чIун,
Гьелдаги ХIасаница чIванкъотIун ахир лъуна.

Ахирги ХIасание МугIавят мукIурлъана,
Лъабабго шартI тIобайзе тIаде босун сулхI ккана.
ХIасаница халафат МугIавятихъе кьуна,
Мадиналде тIадвуссун, гьениб чIейи гьабуна.

Гьединаб сулхI Аллагьас нахъа ХIасанидалъун
ХIабибас гьабилилан бицун тунги букIана,

Бицухъе гьебги ккана, биялги гIодор тIечIо,
МугIавиятидасан ханлъиги байбихьана.

Бусурбабазда гьоркьоб питна ккунгутIиялъе,
БетIергьанасе гIоло, халафат нахъе кьедал,
Халикъас ХIасание, гьелъул бакIалда хисун,
БатIинияб халафат хисиго гьечIеб кьуна.

Гьединго, агьлу-л-батIин тIадрекъараб жо буго,–
Щибаб заманаялъулъ акътIабал гьезул рукIин.
Агьлу-л-байт горездасан авлияазул къутIбу
ВукIунарин гьеб къавмалъ мухIканго бицун буго.

**ولكونه نزل عنها ابتغاء وجه الله عوّضه الله وأهل بيته عنها بالخلافة الباطنة ، حتى ذهب قوم إلى أن قطب الأولياء في كل زمان لا يكون إلا من أهل البيت .**
**«نور الأبصار» صـ ١٠٧**

ХIасан, халафатги тун, гIодов чIедал гIадамаз
«Я гIара-л-муъминина»,[1] – гьесда рогьодай бана.
Гьес, жиндир макъамалда рекъараб жавабги кьун,
«ЖужахIалдаса дие гIар[2] бокьулин», – абуна.

«Рес дурго гьечIониги, гьардухъан нахъчIваларев
Гьаб щиб къагIида дур?» - ан ХIасанида гьикъана.
Гьикъарасдехун вуссун, ХIасаница абуна,
ХIакъаб жавабги гьабун, гьесие бичIчIи кьуна:

«БетIергьан Аллагьасде дун даимго гьардола,
Гьесул рахIмат-цIобалде хьулалдаги вукIуна,

[1] Ай, муъминзабазе жиндалъун рогьо щварав.
[2] Ай, «ЖужахIалдаса дие рогьо тIаде босизего бокьила».

Дунгоги гьардухъанлъун вукIун вугеб хIалалда
Гьардухъан нахъе чIвайзе дун нечолин, – абуна. –

Аллагьас, гIадатлъун ккун, дие ризкъи беччала,
Дицаги, гIадатлъун ккун, гIадамазе бикьула.
ГIадат дица танани, дун гIадаталъги телин
ХIинкъиги букIуна», - ян кIалъана хIикматалда.

ХIикматазул ралъдалъа рахъарал жавгьаразул
Жедедаго хаслъарал хасиятал рукIуна.
Халикъас тIокI гьабураб ТIагьаясул гIатират
ГIелмугун гIамалалъулъ ратIа рахъизе лъала.

РахIманас тавфикъ кьурал ахяразул[1] пишаби
Усватун хIасанатлъун[2] гIадамазе хутIула.
«АкътIабаз нахъе тарал лъикIалщинал гIадатал –
ГIадатазул хан», – абун тIахьаздаги бицуна.

Халафатги нахъе кьун, сулхIалде халкъги бачун,
Хирияб Мадиналде ХIасан тIадвуссун ана.
АнцIго соналъ чIаголъи жинца гьениб гьабуна,
ЖагIдат абун цIар бугей лъади жиндир йикIана.

МугIавятил вас – Язид ЖагIдатиде кIалъана,
Балъгого нусазарго диргьам гьелъие кьуна.
Гьединго, ХIасан хойдал жинца мун ячинилан,
ЖагIдатие щулияб къотIи-къайги гьабуна.

Гьанжи, къосун ккарай гьалъ росасе загьро кьуна,
Загьрауллагьил ХIасан бигьаго чIван рехана.

[1] Ай, лъикIал гIадамал.*
[2] Ай, берцинаб нухлъун.

Хадусан Язидиде: «ТIаде босун букIараб
КъотIи тIобайзабе», - ян залималъ кагъат хъвана.

Язидица ЖагIдатий жавабни цIакъаб кьуна,
Жиндир мурад тIобайдал долъул рагIиги хIайчIо,
«ХIасание гьабураб диеги гьабизейищ
Мун ячиней?» – абураб магIнаялда кIалъана.

КIикъоялда анкьго сон гIумруялъул букIана,
Анлъго моцIгин щуго къо халафаталда бана,
Халикъасул амро щун, рикIкIун кьурал къоял ун,
АкътIабазул кIудияс панаяб дунял тана.

Мадинаялъул амир, СагIид бину ГIасица
Жаназалъул какги бан, БакъигIалда вукъана.
Къабруги, инсул эбел – Асадил яс ПатIимат, –
Гьелда аскIуб бугилан бицун буго тIахьазда.

# -ФАСЛО-

## МУГІАВИЯТ ﵁ ХУН ХАДУВ ХАНЛЪУН ГЬЕСУЛ ВАС ЯЗИД ККЕЯЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Ханасул тахбакIалда МугIавят гIодов чIана,
РагIияталда[1] рахIмо, гурхIел-цIобги гьабуна,
Расуласул агьлу-л-байт, – гьезулги хIурмат ккуна,
ХIусайнил агьлу-хъизан аскIур рачун хьихьана.

Гьел ракъун тун, кванайчIо, къечон тун, лъин гьекъечIо,
Гьездаса барахщараб щибниги жо букIинчIо.
Жигиги, ХIосенилгун мушавара гьечIого,
Щибго МугIавятица гьабулареб букIана.

Гьабизе кколеб адаб агьлу-л-байталъул гьабун,
Берцинаб хьвадиялда МугIавият вукIана.
Макка-ХIарамалде жив хIаж гьабизе вахъана,
Нахъвуссун вачIунаго Иваалда унтана.

Унтухъе рокъов щвана, вахъине гьечIев лъана,
Вас – Язид аскIув ахIун, васийятал гьаруна,
Гьесда тIад халафат къан, къотIи щула гьабуна,
Шамалъул агьалиги гьелда цIакъ разилъана.

Расуласул агьлу-л-байт Язидида тIадкъана,
Гьел къварид гьаругеян аманат цIакъ гьабуна.
ЦIар бахъун, «Воре, дуца ХIусайн чIвазе горилан», –
ЧIванкъотIун Язидида лъайзегицин гьабуна.

[1] РагIият – халкъ.*

Гьединго, дагьаб мехалъ гьабун хадуб халафат
ХIосенихъе кьейилан абунинги бицана.[1]
Агьлу, халафаталъул, гьел ругин, нилъ горилан,
Гьеб рахъалъги васасда лъикIго бичIчIизабуна.

ЛъикIалдалъун васийят васасдеги гьабун тун,
Гьабураб-таралдаса тавбоги жинца гьабун,
Таввабу-РрахIимасул рахIмат-цIобалде хьулгун
РахIимагьуллагь ана ахираталъул рокъов.

Эменги вукъа-вухьун, тагIзият бахъун хадуб,
Ханасул тахбакIалда Язид гIодов вукIана.
КIудияб рохел гьабун, хамродул[2] лълъарал рорхун,
Ханлъи чурун чукъбузе данделъаби гьаруна.

Гьабун инсуца тараб васийятги цIуничIо,
Расуласул агьлу-л-байт, – адаб гьезулги тана,
Гьезий бихьизабураб нафакъаги къотIана,
Къварилъи гореб, гьезий щибго жинца гьабичIо.

Жиндирго агьло гIадин, Шамалде аскIур рачун,
Инсуца хьихьарал гьел васас нахъегIан цуна.
МугIавят хваралдаса ХIосенгун агьлоялъе,
РахIат хварал горони, сардал-къоял райинчIо.

Сакинатан абулей яцалда аскIуве ун,
ХIосеница жиндирго рекIел ургъел бикьана:
«Умумузул ракьалде – Макка-Мадинаялде –
Дий тIадвуссине бокьун бугин», – гьелда бицана.

[1] Ай, «ХIосен гIумроялъул рахъалъ камиллъараб мехалъ халафат гьесухъе кье», - ян абун букIана.
[2] Хамру – чагъир. *

Гьелъги къабул гьабуна, вацасда разилъана,
Язидидасан изно босун лъикIин абуна.
Изного босичIого жал къватIире рахъани,
Божи гьечIев Язидил макроялда хIинкъана.

ХIосеница кагъат хъван, Язидихъе битIана,
ТIадвуссун Мадиналде ине бокьи бицана.
Бокьаралъув щойзегIан ине изно бугилан, –
Язидица цIакъ хъачIаб жаваб данде гьабуна.

Жиндирго гIаширатгун,[1] Шамалъул улкаги тун,
Аварагасул агьло сапаралде лъугьана.
Нухасан ракъи-къечгун къварилъи хIехьолаго,
ХIабибасул агьлу-л-байт Мадинаялде щвана.

Инсул сориялъуве саййид-ХIусен лъугьана,
МухIаммад-ХIанифийят – вацгун дандчIвай гьабуна.
Гьев, ХIосен гIаширатгун Шамалде унеб мехалъ,
ИнчIого, Мадиналда гъоркьго чIарав вукIана.

РакIалдаго гьечIого ХIосен тIаде вачIиндал,
Рохалилаб дандчIвайгун вацас къабул гьавуна.
Расуласул хобалде зияраталъ рахъана,
Урхъун, гIащикъ рукIарал ракIал файзалъул цIуна.

МугIавятил рахъалъан Мадинаялъул амир –
Марван бину ХIакамги Язидица вахъана.
Валид бину ГIутбатги гьесул бакIалда тана, –
Гьеб гIужалъ Мадиналда амирлъун гьев вукIана.

---

[1] Хъизан-агьлогун. *

«Мадинаялъул агьло байгIаталде ахIе», - ян,
Язидица гьесухъе хъвараб кагъат бачIана.
БайгIат Язидий кьезе тIалаб гьабун, амирас
Ибну Зубайргин ХIосен – гьазухъе чи витIана.

Язидий байгIат кьезе ХIосений къабуллъичIо,
КъвакIараб рагIудалъун инкар загьир гьабуна.
Гьединго, Расуласул агьлу-л-байт горелазе
Халафат хIарам бугин, хIакъаб рагIи бицана.

ХIакъалда нахъвилълъани, халафат тезе кколев
Язидгин чукъбузе гьеб инкар ккой захIмалъана.
ХIосенгин агьлоялъе зарал щой мурад бугев
Марванги, жасус гIадин, гьоркьов речIчIун вукIана.

Гьанжи Мадиналдаги рахIатхойи лъугьиндал,
ХIосен, Ибну Зубайргун, Маккаялде вахъана.
Маккаялъул агьлоги, жив вачIиндал, рохана,
Рохалилаб дандчIвайи кинацаго гьабуна.

Гьанжи, Шамалда вищун, ханлъун вахъарав Язид
Нахъиял улкабазе кинго рекIее гIечIо.
Куфа, Басрат дандекъан, ГIиракъалъул ракьалда
ГIадло-диван гьабизе Ибну Зияд тIамуна.

Язидица халкъалда зулму-хIал байбихьана,
ХIабибасул шаригIат цIуничIого хьвадана.
Нафсу-л-аммараталъ жив матIийятлъун кьолона,[1]
Жиндир рагIияталъулъ гIадлолъун зулму ккуна.

[1] Ай, квешалдалъун амро гьабулеб нафсалъ тIад рекIун бокьаралъуве вачана. *

Язидил байгIаталде дандечIей гьабун, ХIосен
Маккаялде ун вукIин Куфаялде рагIана.
Куфаялъул гIадамал – ГIали вокьулеб тайпа,
ГIакъло дандбан, ургъизе цойиде ракIарана.

Цо пикриялде рачIун, киналго данделъараз
Язидил зулмугин хIал хIехьеларин абуна.
Бану-умайятазул халафат бегьуларин,
БукIине кколелъубе бачине къотIи ккана.

Сулайману-л-ХазагIи, тIаде вахъун, кIалъана,
ТIоцобе, Аллагьасе рецц гьабун, байбихьана,
Цинги Аварагасде свалат-салам битIана,
АбутIалибил ГIалил караматал рехсана:

«Гьесулги ХIосенилги шигIатлъун[1] нилъ ругелъул,
Нелъер комек ХIосений хIажат бугин», – абуна.
Абусуфянилазул макроялдаса хIинкъун,
Маккаялде гьев ине ккейги баян гьабуна.

Гьанжи данделъаразда масъала цебе лъуна:
«Ножоца ХIосение койрбакъилищ?» – абуна. –
Койрбакъи гьабиялъе къотIи ножор бугони,
КъотIуе хилифлъиги хадуб ножор гьечIони,

Халафаталъул агьло, Аварагасул насло –
ХIосен тIалаб гьавизе рес бугилан бицана.
Цадахъго, данделъарал цохIо кIалалъ кIалъана,
ХIосений койрбакъизе киназго рагIи кьуна;

[1] ШигIат – къокъа, рахъкколел.*

РухIал гьесие гIоло кьезе ругин абуна,
Кьварараб калам гьабун, къотIи щула гьабуна.
Бокьарав тушманасде дандеги рахъинилан, –
Данделъаралщинаца жаваб гьединаб кьуна.

Гьадинаб къотIи-къайи къавмалъухъаги босун,
Сулайманица, гьанжи кагъат хъваян абуна.
Кинабго данделъараб жамагIаталъул рахъалъ
Хъвараб кагъатги босун, расул[1] нухда регIана.

Маккаялде жив щвана, ХIосенихъе рещтIана,
Рисалат кодобе кьун, жаваб тIалаб гьабуна,
Куфаялъулаз хъвараб кагъат жинца цIалана,
Кагътил мурадги босун, ХIосен гIенеккун чIана.

Макка-ХIарамалдаса къватIивехун вахъине
Къасд гьечIилан саййидас рисалат нахъе чIвана.
Расулуллагь гьавураб Умму-л-Къураялдаго
Дий хойзегIан вукIине бокьун бугин абуна.

Абуниги, ХIосений хIалхьи кагътаца течIо, –
Куфаялъул чагIазул чапарзаби хьвадана.
Дуе байгIат гьабизе ниж хIадурал ругилан,
РачIунелщинал кагътаз ахIи балеб букIана.

АзаргогIанаб кагъат Куфаялдасан щвана,
Киназдаго Язидил зулмаби хъван рукIана,
Зулмуяв ханги рехун, халифа мун гьавизе
Халкъалъул мурад бугин, гьари халатбахъана.

[1] Чапар.*

«Гьари дуца нахъчIвани, зулмуялда ниж тани,
Метер ГIарасаталда дагIбадулав – мун», – абун,
Ахирисеб рисалат, тагьдид гьабун, хIинкъи кьун,
ГIиракъалъул агьлоялъ ХIосенихъе битIана.

ХIосен хIайранлъун ккана, умматалда гурхIана,
ХIабибасул шаригIат цIуни жинда тIалъана.
ТIадегIанав Аллагьас къадар гьабураб куцалъ,
Куфаялде вахъине нийят жинца гьабуна.

Жаббарасдаса хIинкъун, умматалда ракIбухIун,
Бераз магIо тIолаго къалам-кагъат босана.
Куфаялъул чагIазул гьари къабул гьабуна,
Гьезие рохалилаб хабаргун кагъат хъвана;

Кагъат босун вачIарав расулгун цадахъ жинца,
Жавабгун Ибну ГIукъайл Куфаялде витIана.
Дун тIаде гIунтIизегIан, Куфаялъул чагIазде,
Как ножой Муслимица балебинги абуна.

Муслим, кагъатгун цадахъ, Куфаялде рещтIана,
Куфаялъул чагIаца, рохун, тIаде восана.
ХIосение байгIатги, тIаде щойдалго, кьуна,
Баширил НугIманида гьаб хабарги рагIана.

Гьеб заманалда НугIман вали-л-Куфат[1] вукIана,
Кагъатгун Муслим щойи жиндир рекIее гIечIо.
Шамалде Язидихъе хъван рисалат битIана,
ХIосен вачIина вукIин жаниб баян гьабуна.

[1] Ай, Куфаялъул вали, гьелъул бетIер.*

НугІманица кагъат хъвай – гъаб цо риваят буго,
Цойги риваяталда батІайиса бицана:
Муслим Маккаялдаса кагъатгун тІаде щойдал
Куфаялъул чагІазе НугІманица бицана:

«Нуж питна багъаризе гІедегІуге, – абуна, –
Биял гІодор тІеялде гьелъ рачунин», – кІалъана.
НугІманил хабаралда ракІ жиндир рекъечІого,
ГІабдуллагьи-л-ХІазрами, тІаде вахъун, кІалъана.

«Гьеб дур раъю[1] – загІипал чиязул буго», – абун,
НугІманил гІакълоялда ГІабдуллагь разилъичІо.
ГІабдуллагьиде вуссун, НугІман данде кІалъана,
ЛъикІаб рагІиялдалъун жаваб досие кьуна:

«Дий фи магІсиятилЛагь бергьун вукІиналдаса,
Фи тІагІатилЛагь къун вукІинего бокьила»,[2]
КІиясулго гьаб калам – кинаб битІараб-тІекъаб
БетІергьан Аллагьасда лъалелъул, къокъ гьабизин.

Гьадинаб дагІба-рагІи НугІманилгунги гьабун,
Гьав гавур хияналъи харбидасан бичІчІула.
Муслимил вачІиналъул мурадги загьир гьабун,
Язидихъ кагъат хъварав – гьав вукІанин абуна.

Гьесул цІарги цойгияз – «кафурил вас, хъанчил лагъ»
Абураб магІнаялъул букІарабин бицана.
Ай, «Гьува гІабду ссанами, бину кафир» вукІанин
«ФутухІалъул» рагІалда гІибарат хъван бихьана.

[1] Ай, пикру.*
[2] Ай, «Дие, бергьун Аллагьасе гІасилъиялъулъ вукІиналдаса, къун Аллагьасе мутІигІлъиялъулъ вукІинего бокьила», - ян абуна.

Хъварав щив ватаниги, кагъат Язидихъ щвана,
Зиядил ГIубайдуллагь хехго тIаде ахIана.
ХIосенил хIакъалдасан хабар гьесий бицана,
Боял хIадур гьареян буюрухъ жинца кьуна.

Боял данде гьаруна, ярагъ-къайи къачIана,
Къуватгун ГIубайдуллагь сапаралде вахъана.
Сардида, тохаб гIужалъ, гIалахалъул рахъалъан
Балъгого, цIогьал гIадин, Куфаялде лъугьана.

Куфаялде жанире лъугьунеб хIалалъулъги
ХIижазиязул ратIлил зийюялда[1] рукIана.
РетIел хIижазиязул тIад ретIарал шамиял
Куфаялъул чагIазда ХIосен ватилин ккана.

МархIабаян ахIана, лъикI щваралан кIалъана,
Рихьа-тарал, дандчIвараз рохел загьир гьабуна.
Гьезул ХIосенидехун бугеб рокьи бихьидал,
Дагьабги ццин гьалаклъун Ибну Зияд лъугьана.

Гьеб ццинги рекIелъ бахчун, живгоги балъго гьавун,
Къасру-л-имараталде[2] жанивехун лъугьана.
Радал тIаде рахъана, жамагIат бакIарана,
Жиндий мутIигIлъизе ккей гIадамазде бицана.

Язид веццун кIалъана, ХIосенилал какана,
Куфаялъул чагIазе хIинкъаби жинца кьуна.
Гьев малгIунасул хабар Муслимида рагIана,
ГIурватил вас Гьании – гьесда аскIув жив ана.

[1] Ай, ратIлил къагIида, ай, хIижазиязул гьабиялъул ретIел.
[2] Ай, хIаким жанив чIолев хъала (резиденция).*

Нафсалда хIинкъи букIун, бакI хисизе хIажалъун,
Жив рокъов теларищан Муслимица гьарана.
Муслим нахъе витIизе Гьании намуслъана,
Нафсалъ инкар ккуниги, тIаде къабул гьавуна.

Гьанжи, ХIосений байгIат гьабизе къварагIарал,
Къокъаби ккун, балъгого Муслимихъе хьвадана.
Муслимица цIарал хъван, хIисабалде росана,
РачIанщиназул къадар къоазариде щвана.

Зиядил кошав васас «Куфа шагьарги сверун,
Муслим вугеб бакI лъай», – ян мавлаясде манлъана,
Лъабазарго диргьамги гьесда кодобе кьуна,
Дов божизе гьабги кьун, цIех-рех гьабе абуна.

Хадув лъугьун, валагьун, гьесухъе Муслим щвана,
Шамалдаса вачIарав гьоболлъун живго хIана,
ХIосений байгIаталъе щварав вугин бицана.
Божун, Муслимицаги, вохун, къабул гьавуна.

Муслим вугеб бакIги лъан, мурадалде вахъана,
ТIадкъараб ишги тIобан, мунафикъ нахъвуссана.
Ибну Зиядихъе ун, баян гьесухъе кьуна,
Муслим, Ибну ГIурватил рокъов вугин, бицана.

Цинги ГIубайдуллагьас «ГIурватил вас – Гьании
Гьекко жиндихъ ваче», – ян цо къокъа битIун ана.
Къасру-л-имараталде вачун Гьании щвана,
Гьесда бадибчIвай гьабун, ГIубайдуллагь кIалъана.

«Дида лъаларебилан ракIалда букIунищ мун,
Рокъов Муслимги хьихьун, вукIарав?» - ян абуна.

Амирасда кинабго хIакъикъат лъан батидал,
Ибну ГIурват берцинго, гIузру бачун, кIалъана.

«БетIерчIахъаяв амир, ахIун дица рокъове
Ибну ГIукъайл вачунго вукIинчIилан, – абуна. –
Ижараялъ рукъ кьеян, тIаде вачIун, гьаридал,
Гьедин тун вукIанилан», – хIеренаб жаваб кьуна. –

Бегьуларев ватани, гьев дица къватIив гъелин,
Дун рокъов веччайилан амирасде гьарана.
Муслимги дихъе вачун вачIунарев ватани,
Рукъ дуда бихьуларин, амирас кIалгьикъана.

Гьобол духъе кьезе дун, хваниги, вачIунарин,
Хвалчен гIадин, Гьании гьасде данде вахъана.
МаслахIаталъе гьоркьов Ибну ГIамру лъугьана,
Амирасухъе Муслим кьеян хабар бицана.

Кьеларин Ибну ГIурват Ибну ГIамруй гьедана,
Дун чIаго вукIаго гьеб букIунарин абуна.
Ибну Зиядил гьесда кутакаб ццин бахъана,
Цебе батараб цо жо гьормада бан беччана.

Гьесда тIаде Гьании, гъалбацI гIадин, кIанцIана,
Ибну Зиядил чукъбуз, къан ккун, нахъе вачана.
Вачун, жанив тIамеян ахIи-хIур гьас гьабуна,
Асир гьавун, Гьании цо рокъове рехана.

Цинги Ибну ГIурватил гIагарлъи-кьибилалда
ГIубайдуллагьица гьев чIван вугилан рагIана.
РекIа-рорчун чуялгун, рахъарал хвалчабигун,
Бидул рецIел босизе цадахъ къватIир рахъана.

Къасру-л-имараталъул бабалде[1] ракIарана,
КIудиял гьаркьал гьарун, ахIи-хIур багъарана.
Ибну Зиядица «Гьаб ахIи щиб?» - ян гьикъана.
Ибну ГIурватил тухум бачIун бугин бицана.

«ЧIаго гьев вукIин лъайзе, дол гIодоре реччайзе,
Вачун, вихьизаве», - ян Ибну Зияд кIалъана.
Ибну Зиядил амро ШурайхIица тIобана,
Гьании чIаго ватун, къокъаги тIадбуссана.

Гьелдаса хадув Муслим, анцIила микьазарго
РекIаразул гIаскаргун, къасроялде[2] кIанцIана.
Къасроялда букIараб ГIубайдуллагьил боги
Данде рахъун, цуцалъ ун, кутакаб рагъ гьабуна.

БитIун рагъул корониб кIиябго бо букIаго,
Борхатаб цо бакIалде Ибну Шигьаб вахана,
Халкъалдаго рагIараб кIудияб гьаркьидалъун
Гьав малгIунас, ахIи бан, хIинкъи бергьараб кьуна.

ХIосений байгIат гьабун, Муслимил рахъккуразде,
Ножоде тIаде балагь щун бугилан ахIана,
«Шамалдаса Язидил гIаскарал рачIун ругин,
ГIадада рагъичIого, рухIал цIуне, – абуна. –

Рагъ тун тIадруссинчIони, тIокIав ГIубайдуллагьги
Ножода гурхIиларин гьедун вугин кIалъана».
Гьадинал хIинкъаби кьун, Ибну Шигьаб кIалъайдал,
Уйилан ккун, Муслимил бо бихха-хичун ана.

[1] Ай, гъапудухъе.*
[2] КIалгIа.*

БайгІаталъе гьабураб къотІуй хилифлъичІого,
МаркІачІо мех щолелде анцІго фарис [1] хутІана.
Масжидалде жаниве как байзе Муслим индал,
АнцІалго рекІаралги рихха-рикьун тІагІана.

Хиянаталъ ракІбакъван, ругънал унтун, черх свакан,
ЧаракъотІарав Муслим чода тІаде вахана,
ТІаде рещтІине гьобол гьечІеб бакІалде иш ккун,
Куфаялъул цо къватІккун, цеве унев вукІана.

Цо рукъалъул кІалтІа чІун чІужугІадан ятана,
ГІукъайлилил Муслимица салам гьелъие кьуна.
Салам буссине гьабун, гьелъ «Мурад щиб?» – гьикъана.
Гьекъезе лъин кьейилан Муслимица гьарана.

Гьей гІадамалъ лъин кьуна, Муслимица гьекъана,
«Мун щив чи кколев?» – абун, гьесда гьикъа-бакъана,
«Гьалмагълъи хилифлъарав, вуссине бакІги гьечІев, –
Гьединав гъариб[2] вугин», – Муслимица абуна.

«Мун кисса чи кколев?» – ан хадубги суал кьуна.
Муслимица гьелъие жиндир къиса бицана:
«Дун ГІали асхІабасул вац – ГІукъайлил вас вугин,
Саййид-ХІосенги дие вацгІал кколин», – абуна.

Цинги гьей гІадамалъул бадиса магІо ана,
Муслим, рокъовги вачун вац кинниги хьихьана.
Цо батІаяб бакІги кьун, балъгого жанив тана,
Жиндир ресалда рекъон, гьоболлъиги гьабуна.

[1] РекІарав.
[2] Ай, янгъизав апараг.*

Гьанжи, Муслим чIаго тун, дунял гьабиларилан
Гьагав ГIубайдуллагьги вортанхъизе лъугьана,
Гьев Муслим дихъе вачун вачIарасе абуни,
АнцIазарабго диргьам кьезе къотIи гьабуна.

ТIавгIат абун цIар бугей, доб рукъалъул бетIергьан, –
Гьелъул гьитIинав васас гьудуласда бицана, –
Гьев васас, лъай гьечIогун, бицараб рагIудалъун
Муслим вугев бакIалъул хабар къватIибе лъана.

Хвалчаби лебалазул къокъаги данде гьабун,
АшгIасил вас МухIаммад Муслим ккойзе витIана.
Квешав Ибну Зиядил амроги тIаде босун,
АнцIазар диргьамалъухъ лагъ къватIиве вахъана.

КъватIнаб чуязул двари Муслимида рагIана,
Мунафикъал рачIарал гьаналъ жинда бицана.
ГьебсагIат чу кьолана, черхалда ярагъ бана,
«Бахъа гьанже тIаде!» - ян нафсалдехун кIалъана.

ЛъикIаб гьоболлъиялъухъ ТIавгIатий баркала кьун,
«Баб рагьун, дий къватIибе нух гьабе!» - ян абуна.
Гьелъ гъапу рагьилелде, лъукъараб гъалбацI гIадин,
Ццидал цIураб керенгун къавмалда гъорлъ речIчIана.

Гъираялда вагъана, гIемерал чагIи чIвана,
АшгIасил фурсаназде[1] кьаби щойзе гьабуна.
Муслимида койр байзе фурсат[2] гьезул рекъечIо,
Гьесий, чIвачIого тезе, аман кьеян манлъана.

[1] Ай, рекIаразде.*
[2] Ай, рес, бажари.*

Ибну Зиядил амро АшгІасий къабуллъана,
Аман дуе бугилан Муслимиде кІалъана,
МакрочагІазул аман дий къварагІун гьечІилан,
Гьанжиги гъорлъе жован, Муслимица кьабуна.

Кьабулаго, чІвалаго живгоги лъукъ-лъукъана,
Къечалъул хІал бергьиналъ хІал дагьлъунги лъугьана,
Дансиял тушбабазул мухъалги рикьизарун,
НахъегІан къан, цо къадал ракьанда гІодов чІана.

Цойидасан тушбаби жинда тІаде рортана,
ТІаде вахъун, гьанжиги гьезулгун рагъ гьабуна.
Ругъназдаса би чвахун, черхалъул къуват хвана,
Чодаса гъоркье вортун, ракьалда гІодов ккана.

Ярагъ тІаса бахъана, асирлъуде восана,
Муслимица гьекъезе лъин кьейилан гьарана.
Лълъел бакІалда хвалил лълъар дуца гьекъезе бугин,
Ибну ГІамру-л-Багьили гьесдехун квеш кІалъана.

Гьанжиги Муслимица: «Я Куфаялъул агьло,
Гьекъезе лъингІаги щай кьолареб?» - ан ахІана.
ХІарсил вас – ГІамрул гъулам – Къайс аскІуве вачІана,
Гелгун цадахъ лъел цІураб къуллат[1] жиндихъ букІана.

Къуллаталъуб ччун бахъун, гел Муслимихъе кьуна,
Кьуниги, лъин гьекъезе рес гьесие рекъечІо,
Гьормадаса чвахулеб би лъеда гъорлъе жобан,
Биялде свераараб лъин Муслимица гьекъечІо.

[1] Ай, лъин тІураб жо, хъаба, гулгун гІадаб.

Гьенисан, асир гьавун, Муслим цеве къотIана,
Къасру-л-имараталде ГIубайдуллагьихъ щвана.
Амир ГIубайдуллагьий салам кьейилан абун,
АскIув вукIарав цояс Муслимиде абуна.

Дие гьев амир горин, Муслим гьедун кIалъана,
«Салам кье» абурасе хIакъаб жаваб гьабуна.
Гьесул, каламалдалъун, керен жинца борлъана,
Кидаго кIалъалареб бакIалде ккезавуна.

Зиядил кошав васгун кутакалда къец бана,
Калам гьесул къотIизе къавлаби[1] хвалченлъана.
Халафаталда тIасан гIемераб бахIс гьабуна,
«Суфяснияз, дагIбадун, гьеб бахъичIищ?» – абуна.

Абурабги ккарабги къиса халатаб буго,
Къокъаб назмуялда хъван, рагIалде бахъинаро.
ГIубайдуллагь-малгIунас Ибну ГIукъайлил бетIер
КъотIейилан, буюрун, цо шамияв тIамуна.

Муслимица цебеккун щойзабуравги вукIун,
Гьев шамиясул койралъ чIван, Муслим шагьидлъана.
«Муслимида хадувго Гьанииги витIе», - ян,
Гьанжиги Ибну Зияд, амро гьабун, кIалъана.

АшгIасил вас МухIамад амирасе хIелана,
Гьании чIвагейилан, бетIер къулун, гьарана,
Къавмалъ хIурмат гьабулев, тухум-кьибил кIудияв,
Куфаялдаго лъалев гьев тейилан абуна.

[1] РагIаби.*

«Гьев дуда аскIув вачун, дицалъидал вачIарав,
Досул чагIаз тушманлъун дун кколилан», – бицана.
Бицаралда гIинбайзе амирас къасд гьабичIо,
Гьании чIаго тезе талихIкъад разилъичIо.

Рухьун нахъе койралгун, гIиял даран гьабулеб
Базар бугеб рахъалде мазлумлъун[1] жив вачана.
Жив чIвазе вачуневлъи бицинчIониги, лъана,
Нафсалде зигара бан живго жинде чучана.

Чанахъабазул гудрикь ккараб гъалбацI кинниги,
Койрал рухьарав асир гIажизлъиялде ккана.
Ибну Зиядил гъулам – Рашид цеве вачIана,
Цо кьабураб хвалченалъ щибго асар гьабичIо.

Гьаниияс: «Гьаб зулму дие мунагьаздаса
Кафаратлъун гьабе», - ян, Аллагьасде гьарана.
Гьанжиги, иман гьечIев Рашид тIадеги кIанцIун,
КIиабизе кьабуралъ Гьании шагьидлъана.

Гьазулгун ккарабщинаб къисаги кагътида хъван,
Куфаялда жинцаго гьабунщинабги бицун,
Шамалде Язидихъе, гьаб кIиябго бетIергун,
КIиго божарав фарис амирас[2] витIун ана.

Ибну Зияд божарав кIиявгоги фарисас
Рисалатги бутIрулги Язидихъ щойзаруна.
Язидица буюрун, Димишкъи шагьаралъул
Бабалда гьеб кIиябго бетIер дализабуна.

[1] Ай, жинда зулму гьабуравлъун.
[2] Ай, Ибну Зиядица (ГIубайдуллагьас).

БутIрул росун вачIарав кIиявго расуласе
АнцI аза-азар диргьам сайигъаталъе кьуна.
Муслим шагьидлъиялъул къиса гьадинаб ккана,
Къокъалдасан къокъ гьабун, хIасил дица босана.

Цойги риваяталда, жив чIваялда цевеккун,
Муслимица гьабураб васийятги рехсана.
Ахираталде сапар жинца бухьунеб къоялъ
«Къурайшиязул цояв дихъе ваче», – абуна.

«Авси хIажатака»,[1] - ян Ибну СагIид вачIана,
Муслимица, васийят гьабун, гьесда тIадкъана.
ТIоцове, кIиябгоги шагьадатгун кIалъана,
КIиабизе, «ЧIван хадув дун ракьулъ лье», – абуна.

Лъабабизе, «Дида тIад цо диргьам налъи бугин,
Дир гьаб къолденги бичун, гьеб бецIе», - ян абуна.
Гьеб налъи жинца кьезе кколев чиги бицана,
Цойгиги, ГIумарида[2] аманатги тIадкъана.

Маккаялдаса ХIосен къватIив лъугьун вугилан
Муслимида рагIидал, рахIат дагьлъун вукIана,
Дий гьабураб гьабизе гьанив вачIунгейилан
Гьесда, кагъат хъван, лъайзе гьабейилан абуна.

«Азаралда щунусго фарис гьас нелъер чIванин,
Гьав цо борхалъудасан гъоркье рехе», – абуна.
Ибну Зиядил амро чукъбуз тIобайзабуна,
Борхалъудеги вачун, Муслим гъоркье рехана.

[1] Ай, «Гьабе дурго васият», – ан абун.
[2] Ай, СагIидил вас ГIумар (къурайшияв), СагIдул ГIумар горо.

Хадусан, къотIун бетIер, цебе рехсараб хIалалъ,
Гьаниииясулабгун Шамалде битIун ана.
Гьеб кIиябго риваят кинаса батаниги,
Муслимил бетIер щвана Шамалде Язидихъе.

# - ФАСЛО -

## ХIОСЕН ﵁ МАККАЯЛДАСА КУФАЯЛДЕ ИНАЛЪУЛ ВА ГЬЕВ ШАГЬИДЛЪИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БАЯН

Муслим, кагъатги босун, Куфаялде ун хадуб
Хирияв саййид – ХIосен яцалъухъе вилълъана.
Гьелъие Куфаялде кагъат битIи бицана,
Кинабго ккарабщинаб, ургъел бикьун, рагьана.

Гьанжи, къватIир рахъине къачIайилан абуна,
Нухабе хIажалъулеб хIадуреян манлъана.
ХIосенил нийят-къасдалъ Сакинат хIайранлъана,
МухIаррам моцI инегIан чIун лъикIилан гьарана.

Гьаб суалалда сверухъ Сакинат, вацасдехун
Берцинаб хабар бицун, гIемерай гаргадана;
ГIараф-магIарда вукъуф, гIидалъул къо, ГIашураъ, –
Гьел тIоритIизениги чIун лъикIилан бицана.

Гьаб хабар бицунеб къо зуль-къагIидат моцIалъул
АнцIила кIиабилеб букIарабин абуна.
Аллагьасул Расулас, ХIосенил би гIодобе
МухIаррамалъ тIелилан, бицун тунги букIана.

Цинги, кIудав инсуца бицун лъараб гьеб хабар
Гьанжи Сакинатица ХIосение рагьана.
«Югьракъу даму ХIусайн фи-ль-мухIаррами»[1] - йилан,
ХIабибас абун жинда рагIанилан бицана.

[1] Ай, ХIосенил би мухIаррам моцIалъ тIелин абун.

Цо хъат цIурабгIанасеб хъахIаб ракьгун Жабраил
Нелъер Аварагасде аскIув вачIун вукIана.
«Я МухIаммад», - ан абун, ракь гьесда кодоб кьуна, –
Гьаб ракьалдасан ХIосен вижанилан бицана. –

Жиндир биги гIодобе гьабго ракьалда тIелин, –
ТIадеги Жабраилас баян гьабун букIана.
Жигиги, ХIосен чIвайзе замана гIагарлъидал,
Гьаб хъахIаб ракь багIарлъун, би тIинкIилин абуна.

Аминуллагь-Жибрилас Расуласухъе кьураб
Гьеб ракь Сакинатица добахъа лъун букIана.
Босун цебе бачIана, тIаде жий ялагьана,
Гьеб хъахIаб ракь багIарлъун, би тIинкIула батана.

РакI къварилъун Сакинат, гьанжиги хIайранлъана,
ХIосениде ялагьун, бераца магIо тIуна.
Би тIинкIулеб ракь бихьун вацасул хIисаб гьабун,
«Гьаб мухIаррам инегIан сабро гьабе», – абуна.

Сапар нахъе бахъизе ХIосений къабуллъичIо,
Къадаралда разилъи тIаса бищун, кIалъана.
БетIергьан-Аллагьасул хIукму гьедин батани, –
Гьелда рази вугилан жаваб яцалъе кьуна.

Жинде тIаде бачIараб умматалъул ургъелалъ,
Аллагьасдаса хIинкъун, ХIосен къварилъахъдана,
Зулму-къварилъиялда ГIиракъалъул халкъги тун,
КъотIуй хилифлъизе дун бегьуларилан чIана.

Батулил берзул канлъи Куфаялде къокъизе
КъачIадулев вугевлъи гIадамазда рагIана,

ГIумар бину ХIарс, вачIун, ХIосениде кIалъана,
НасихIат бегьилищан изно тIалаб гьабуна.

Изно ХIосеница кьун, ХIарсил васас бицана,
Берцинаб харбидалъун раъю[1] загьир гьабуна,
Язидил умараал-гIумалалги[2] рукIаго,
ГIиракъалде мун ийин лъикI гьечIилан абуна;

Буюту-л-амвалиги[3] дозда кодор ругелъул,
Диргьамазул лагъзаллъун гIадамалги сверидал,
Дуе, Куфаялде ун, аман[4] букIине гьечIин,
Умму-л-Къураялдаго[5] чIайилан гIакъло кьуна.

ГIакъло-магIрифат бугел, лъикIаб-квешаб бичIчIулел
КIудияб жамагIатгун Ибну ГIабас вачIана,
«ГIиракъалде ине мун къачIадулев вугилан
КъватIиб бицунеб хабар уяб бугищ?» – гьикъана.

Иншааллагь, гьал къояз къватIиве лъугьине дун
КъачIадулев вугилан ХIосеница абуна.
«НугIизука биллагьи мин залика»,[6] - ян абун,
Кинацаго ХIосенил сапар къабул гьабичIо.

Гьел Куфаялъул чагIаз жедер амирги вахъун,
Жедедехун тушманлъи бугелги къватIире гъун,
ТIаде ахIун ватани, мун ине бегьилилан, –
Бегьулеб рагIи бицун, Ибну ГIабас кIалъана. –

[1] Раъю – икро. *
[2] Ай, Язидица тарал хIакинзаби, бутIрул.*
[3] Ай, хазинарукъзал (бечелъи.*).
[4] Ай, божилъи.*
[5] Ай, Маккаялдаго.*
[6] Ай, «Мун гьелдаса цIуни гьарула нижеца Аллагьасдалъун».

Амма жиндирго бакIалъ амирги вугеб хIалалъ
АхIулев мун ватани – питна бугин абуна.
Аманги дуе гьечIин, вагъизеги мун ккелин,
Куфаялъул чагIазги мун ккойларин бицана.

Цинги Мадинаялде ХIосенил хабар рагIун,
ГIиракъалде унгеян жамагIаталъго хъвана.
ГIабдуллагь бину ЖагIфар, СагIид бину ГIасица
Рисалатгун ГIавангин МухIаммад ритIун ана.

Ибну Зубайир вачIун, гьесги калам гьабуна,
Куфаялде унгеян хабар бицун, кIалъана.
«Халафалъи, гьанибго, дуй къварагIун батани,
БайгIат гьабун, нежеца тела горищ», – абуна.

Абуниги, Макка тун ХIосен къватIиве ине
Ибну Зубайирие бокьун букIанин буго.
БокьичIеб ххвелги гьабун кIалалъ бицананиги,
Бицаралъул гIаксалда мурад букIанин буго.

Маккаялъул ракьги тун, ГIиракъалде унгеян
Къавмалъул вужугьаца[1] гьаб хIалалъ гьараниги,
ХIосеница гьезие баркала кьун, койр босун,
Кинниги рес гьечIилан, нийят хисизабичIо.

Хадувги Ибну ГIабас живго аскIув вачIана,
«Я Ибна ГIамми, – абун, ХIосениде кIалъана. –
Дун дуда хIинкъун вугин, ГIиракъалде инчIого
Анивго чIа, – ян абун, гьари такрар гьабуна. –

[1] Ай, къавмалъул чIахIиял, цересел чагIаца.

Куфаялъул чагIаз дуй къор гъолеб батичIони,
Гъоркьго ругел гIумалал къватIире кин гъоларел?
Киналго умараал нафю гьарун горони,[1]
Гьенив вачIинарилан кагъат щай битIулареб?

Ялъуни Яманалде ине бегьуларевищ?
Гьениб горищ дур инсул кIудияб шигIат бугеб.»
Бегьанщинаб бицана, лъарабщинаб манлъана, –
Нийяталдаса ХIосен хисизавизе кIойчIо.

«Хисулевги гьечIони, уневлъунги вугони,
Лъимал-руччабиниги гьанир те», - ян гьарана.
Гьелдеги инкар гьабун, Ибну ГIабасидехун
«Ла атрукугьум халфи»,[2] – ХIосеница абуна.

Абураб-бицаралъухъ ХIосен кин гIенеккилев,
Кинабго букIинесеб жинда бичIчIун букIаго.
Жабраил малаикас Расуласухъ бачIараб
Ракьги далилллъун чIедал, чIолев кин ХIосен рокъов.

Къадар тIаде щун хадуб гIамал батIуллъулелъул,
БетIергьанасул хIукму ХIосеница хисилищ?
ХIукму билълъанхъизегIан зави-л-гIукъулазулги[3]
ГIакълаби сверулелъул, асбабал данде ккелищ?

Бусурман тарихалъул лъабкъоабилеб соналъ
Расулуллагьасул сибтI сапаралде вахъана.
Зу-л-хIужжат моцIалдаса талатгун данде ккараб
Тарвияталъул къоги гьеб букIанин абуна.

[1] Ай, гъоркь ругел хIакинзаби нахъе гъун горони.*
[2] Ай, «Дунги ун дица гьал гъоркь теларо».
[3] Ай, гIакълоялъул бетIергьабазул.

Умму-л-Къураялдасан къватIире лъугьунелъул,
Ункъоялда кIиго чи агьлу-л-байтгун рукIана.
Нухда къокъун унаго ГIиракъалъул рахъалъан
ВачIунев цо мусафир[1] ХIосенида дандчIвана.

ХIосеница мусафир гаргадизе гьавуна,
Гьесда «ГIиракъалдехун хабар щиб?» - ан гьикъана.
Хвалчаби гIадамазул – бану-умайяталгун,
РакIал мунгун ругилан мусафирас абуна.

Гьениса жив вахъана, ХIосен цевехун ана,
Цо лъин бугеб бакIалда рещтIин жинца гьабуна.
Гьенив ГIабдуллагь бину МутIигI жинда ватана,
Цуцазе саламги кьун, гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьанжи МутIигIил васас: «Я Ибна Расулиллагь,
Сапар кибехун дуца бухьараб?» - ин гьикъана.
Гьесие жаваб гьабун, жиндирго ккараб бицун,
Куфаялде бухьараб сапар бугин абуна.

Ибну МутIигIицаги ХIосений гIакъло кьуна,
ГIиракъалде унгеян, вагIза гьабун, кIалъана:
«Бану-умайятазул кодоб бугеб халафат
Дуца тIалаб гьабуни, гьез мун чIвалин, – абуна. –

АншудукалЛагьа, – ян Ибну МутIигI хIелана,
ХIосениде, – чIвайзе мун унгейилан гьарана. –
Ли-хIурмати-л-Ислами ва хIурмати къурайшин
Ва хIурмати-л-гIараби, нахъвусса»,[2] – ян тIад чIана.

[1] Мусафир – нухлулав.*
[2] Ай, Исламалъулги къурайшазулги, гIарабазулги хIурматалъе гIоло. *

ТIаде гIагарлъун бугеб хвелги нахъа букIаго,
Нахъвуссун ХIосен инищ, лъица щиб биццаниги?
Цинги, Карбилаалде къисматалъ вачун унев,
ВеччайчIого гьев ккойзе гьунар-къуват лъил гIолеб?

ГIабдуллагьил насихIат ХIосеница босичIо,
Бухьарабго сапаралъ цевехун вагъарана,
Тагълабият абураб цо бакIалде вуссана,
Муслим чIваялъул хабар гьениб жинда бицана.

Цинги, хирияв ХIосен, ракIбекун, цIакъ гIодана,
ГIараб шигIруги ахIун, живго жинде чучана.
Жиндий гьабураб къотIи Куфаялъул чагIаца
Бану-умайятазе бичун букIин бичIчIана.

Бералги чвахулаго, керенги бухIулаго
ХIосеница Муслимий дугIа-алхIам гьабуна.
Аллагьасул хIукмаби дуда рилълъананиги,
Нижги дуда хадурго ругелилан ахIана.

ХIосенил асхIабазул[1] цо-цояз, гIакъло гьабун,
ГIиракъалде сапар тун, нахъруссаян абуна.
Аллагьасул цIаралда бану ГIукъайл[2] гьедана:
Нахъруссине гьечIилан гьазул рагIи къотIана;

Къисас Муслимидаса босичIого теларин,
Я гьев хваралъур холин кутакалда кIалъана,
Нуж гьечIони гьаб дунял дийги хIажат гьечIилан
ХIосеница гьанжиги гали цебехун лъуна.

[1] Ай, гьалмагълъиялъул.*
[2] ГIукъайлил лъимал, Муслимил вацал.*

Цойгиги бакIалде щун, рещтIин жинца гьабуна,
Гьенибги ХIосенихъе рокьукъаб хабар щвана:
ЯкътIарил вас – ГIабдуллагь чIван вукIин жинда лъана,
Жиндие рахьдал вацлъун гьевги кколев вукIана.

Маккаялда вукIаго Муслимил хIал цIехезе
ХIосеница витIун жив аравлъунги вукIана.
Нохда уна вукIаго, Куфаялда гIагарлъухъ
ГIубайдуллагьил чукъбуз гьев чIван вугин бицана.

Цинги, Куфаялъулал жиндие хияналъи
Хирияв ХIосение мухIканго баянлъана.
Бокьун, цадахъ нохдасан жиндий койрбакъиялъе
Рахъун данделъаразул гIемер чиги вукIана.

ГIаскаралдехун вуссун, ХIосеница ахIана,
«Аййугьа-ннас,[1] – ан абун хитIаб гьезде гьабуна, –
Ножор щив ватаниги нахъвуссине бокьарав,
Бокьараб гьабе, – йилан гьезие нух рагьана. –

Ножой дир рахъалдасан гIайиб щойзе гьечIебин,
ГIайиб щоялда хIинкъун чIоге», - йилан абуна.
Эзда кколеб букIана ракълилаб улкаялде,
Аваданго, ХIосенгун жал унел ругелилан.

Рагъизе Куфаялда кколеб сурат батидал,
Киналго рахъ-рахъалде рикьа-риххун тIагIана.
Гъоркь хутIараб агьлу-л-байт – ункъоялда кIиго чи –
Элгун цадахъ цевехун ХIосенги вагъарана.

[1] «Ва гIадамал!»*

Нохда рилълъун унаго цо гIадан данде чIвана, –
ГIарабазул чIахIиял чагIазулъа вукIана:
«РекIарал хвалчабиги, бегIерал кIал-мацIалги –
ГIиракъалде унге», - ян гьесги вагIза гьабуна.

«Гьеб кинабго лъан бугин, Куфаялде инчIого
Кинниги чара гьечIин, – ХIосеница абуна. –
Сабирун мухIтасибун хIатта якъзияллагьу
Амран кана мафгIулан»,[1] – жаваб херасе кьуна.

Жигиги ХIосеница гали цебе тIамуна,
Куфаялде лъугьине кIиго мархIал[2] хутIана.
Ал-ХIурру бину Язид РайяхIи данде чIвана,
Дун дуе гъоркьчIалие витIун вугин абуна.

Азарго рекIарасул гIаскаргун жив вукIана,
ГIубайдуллагьил амро гьеб бугилан бицана.
Цинги ХIурругин ХIосен цуцаздехун кIалъана,
КIиясго жинди-жиндир мурад баян гьабуна.

«Дун, Куфаялъул чагIаз кагътaлги хьвадизарун,
Гьаридал, вачIун вугин», – ХIосеница абуна. –
Агьлу-Куфаялъ байгIат хойзе гьабун батани,
Гьанисанго нахъвуссун иниланги абуна.

Аллагьасул цIаралда гьедун, ХIурру кIалъана:
Куфаялъул чагIаз мун ахIи дида лъаларин,
Дуе зарал гьабизе бокьунги дие гьечIин,
Мун ворчIизе тогеян тIадги дида къан бугин.

[1] Ай, кинабго лъаниги, Аллагьасул хIукму-къадаралда разилъун, нахъвилълъун унев вугилан абуна.
[2] Ай, кIиго къоялъул нух.

БатIаяб рахъалдехун мун дида цевеса а,
Дицаги мун дандчIвайчIин хъван рисалат битIила, –
ТIокIаб дида гьабизе хIалкIолеб жоги гьечIин, –
ХIосенидехун ХIурру хIеренго гаргадана.

ХIурру-р-РайяхIиясул раъюги къабул гьабун,
БатIаяб рахъалдехун нух босун ХIосен ана.
ХIижазалъул рахъалде тIадвуссине къасд ккана,
Сардида сапар гьабун, рогьинегIан рилълъана.

Рогьинелде гIаскаргун ХIурру данде лъугьана:
«Гьаб хIилла кинаб жо?» - ян ХIосеница абуна.
Ибну Зиядида дуй нух рагьун букIин рагIун,
ГIайиб дида чIван, кагъат бачIанилан бицана. –

Боял тIаде щойзегIан мун соризе гьавеян
Гьесул амро бачIиндал, дий рес гьечIин, абуна.
Гьанжи, чодаса рещтIун, ХIосеница гьикъана,
Гьаб бакIалде цIар щибан лъайзе тIалаб гьабуна.

Гьаб Карбилаъ бугилан гIадамаца бицана,
ГIодоса, хъат цIурабгIан, ракь кодобе босана,
Кесениб букIарабги жинца къватIиб бахъана. –
КIиябго ракь цо букIин, махI сунтIун, жинда лъана.

Жиндир би гIодоб тIолеб, мегеж бида белъунеб,
Лъимал-хъизан, руччаби асирлъуде росулеб,
Агьлу-л-байтгин гIашират тушбабаца гъурулеб
БакIалде нилъ щванилан ХIосеница абуна.

Цинги къапилаялда къай бахъизе гьабуна,
Гьанжи, киналго руссун, ХIосений чатир чIвана.

ХIосенилалда сверун чутрул киназго чIвана,
Чутрузул отарги ккун, гьенир жал парахлъана.

Хвалие хIадурлъулев ХIосенил насихIаталъ
ХIайранлъарал яцазул курмузда цIа рекIана.
Карбилаъ-майданалде би тIезе букIиналъул
Бицен вацас гьабидал, магIирукъ лъун, гIодана.

«ГIодуге, – ян, сабро кьун, ХIосен гьезда кIалъана, –
Гьаб дунялалъул къоял дагьал жалин, – абуна. –
Дун хун нуж хутIаниги, Халикъ чIаго вугелъул,
ЧIичIидун, гьормал хашай гьабуге», - ян манлъана.

Гьаб къварилъи-захIмалъи, хIакълъунго тIаде щойдал,
ХIехьезе захIмалъарай Зайнаб тIаде яхъана,
Нахъе жийго тун хварал умумул ракIалде щун,
Щивасул цIарги ахIун, бухIараб магIо тIуна.

ТIаде ХIосеницаги тезехъина ругилан
Руччаби цуцаздехун, зигара бан, чучана.
«Чучизе чи гьечIого нахъе хутIула ругел
Нежер вакил – Мун!» - илан Аллагьасде ахIана.

Азаравго фарисгун ХIурруги гIагарлъана,
ХIосенида дандбитIун гIаскар чIезе гьабуна,
ГIубайдуллагьихъе, хъван, кагъатги битIун ана,
Карбилаалде ХIосен щун вугин лъайзабуна.

Лъарабго ГIубайдуллагь-амирас кагъат хъвана,
ХIосенихъе гьеб босун, хехав чапар витIана.
ТIованго амирасе ХIосен мутIигIлъизе ккей,
Кагъаталда жаниб хъван, таъкид гьабун букIана.

Куфаялде вачIунев ХIосенил хабар щойдал,
Шамалдасан Язидил гьедин амро букIана.
Амро тIобайзабизе хехав ГIубайдуллагьил,
ГIедегIун хъвараб кагъат ХIосенил кодоб щвана.

Кагъат цIалун гьелдасан мурад жинца босана,
Жаваб дие кьейилан расуласги абуна.
Саййидас, чапарасухъ нахъе кагъатги рехун,
Гьалъие кьезе жаваб дир гьечIилан абуна.

Гьанжи, тIадвуссун, чапар Ибну Зиядихъ ана,
Язидие ХIосенил байгIат гьечIолъи лъана.
Лъукъараб циялъулгIан ццин жиндир гьалаклъана,
Цинги куфаялъулал данде жинца ахIана.

ХIосенилгун рагъуе бетIерлъи гьабурав чи
Бокьараб шагьаралда ханлъун телин абуна.
Агьлу-л-байталъулгун рагъ гьабулезе бетIерлъи
Гьабилин абулев чи цохIониги вахъинчIо.

Цингиги Ибну Зияд – ГIубайдуллагь кIалъана,
СагIдул ГIумаридехун хитIаб жинца гьабуна,
Гьев цойгидаб рахъалде гIамиллъун витIиялъе
ГIакъд[1] хъварав вукIаниги, ракI гьесдехун гьетIана.

Дие мун ХIосениде данде витIизе бокьун
Бугилан, ГIумариде рагьун жинца абуна.
Гьесулгун ишги тIобан, гIодоре реччан хадур,
ГIакъд хъвараялъуве мун витIилин рагIи кьуна.

[1] КъотIи, хIукму.*

ГIумарие ХIосенгун вагъизе ин бокьичIо,
Бегьулеблъун батани, жив тейилан гьарана.
Гьал цуцахъ гIенеккана, ГIубайдуллагь бергьана,
ГIумарица, балагьун бихьилилан абуна.

Ихваназул[1] божарал цо-цоязда гьоркьоб лъун,
Гьезулгун мушавара ГIумарица гьабуна.
ЦохIо кIалалъ киназго «Иттакъиллагь,[2] – абуна. –
Агьлу-л-байтгун вагъизе вахъунге», - ян манлъана.

Мугъиратил вац ХIамзат – жиндирго яцалъул вас–
Гьесги СагIдул ГIумарий гIакъло берцинаб кьуна:
«Къиямасеб къояца саййид-ХIосенил бигун
БетIергьангун дандчIвазе хIинкъа», - йилан абуна.

Нахъияб къоялъ ГIумар Ибну Зиядихъ ана,
Ибну Зиядица: «Дур пикро щиб?» - ан гьикъана.
Гьесие жаваб гьабун, ГIумар данде кIалъана,
КIибикьараб рекIелъан кIалалъ гIузру бачана.

ГIузру бачун, чарал жал, ГIумарица рициндал,
ГIубайдуллагь-малгIунас калам къвакIизабуна:
«Карбилаалде ине инкар дуца гьабуни,
Дица дур бетIер къотIи – хIакъаб бугин», – абуна.

Ибну Зияд къвакIидал ГIумар тамахлъун ана,
Иншааллагь, метер дун гьенив инин абуна,
Ункъазарго рекIарав гьесие хIадурана,
Гьеб кIудияб гIаскаргун ГIумар къватIив вахъана.

[1] Ай, гьудул-гьалмагъзабазул.*
[2] Ай, «Аллагьасдаса хIинкъа».

ГIубайдуллагьас гьесда, къватIив вахъун унелъул,
«Воре, ХIосен чIваге!»[1] - ян лъайзе гьабун букIана.
Гьединго, Фураталъул лъедеги гьукъугеян
Гьес абун букIанилан «ФутухIалда» бицана.

Цинги СагIдул вас – ГIумар Карбилаалде щвана,
Азаравго фарисгун ХIуррги данде вачIана.
Данд кьабун гIаскаралъул щуазарго чи гIуна,
Абу ГIабдуллагьида[2] гIагарлъухъ жал рещтIана.

ГIурват бину Къайс ахIун, «ХIосенил хIалбихьизе
Мун ине вуго», – абун ГIумар гьесда кIалъана.
ГIурватие бокьичIо[3], «Дун живго те, – абуна. –
Досда цеве ине дир гьомер гьечIин», – бицана.

Цинги ГIабдуллагьил вас – Касир аскIув ахIана,
«ХIосенихъе мун а! – ян гьесий буюрухъ кьуна. –
Маккаялдаса кIварав гьаниве щойзегIан мун,
Щибизе вачIараван гьикъе», - йилан манлъана.

Гьеб хвалченги гIодоб лъун, кIалъайзе вачIайилан,
БерчIван гьев вихьаравго, ХIосеница абуна.
Иман гьечIев мунафикъ, адаб рехун, кIалъана,
Хвалчен дица кидаго гIодоб лъечIин абуна.

Абу Самаматица, дица дуда гьеб хвалчен
ГIодоб лъезе гьабизе бугилан, кIалгьикъана.
Гьав малгIунги вахъана, «Ла, валлагьи», [4] – абуна,
Гьал кIиялго цуцазде, циял гIадин, кIалъана.

---

[1] Ай, Язидие байгIат гьабиялде вачIани.
[2] Ай, ХIосенида.
[3] Ай, ГIурват ХIосенихъе Маккаялде кагътал хъвалевлъун вукIун.
[4] Ай, «Дуца дида хвалчен гIодоб лъезе гьабиларо», – ян гьедана.

Цинги, «Мун саййидасде аскIуве къайзе гьечIин,
Дурго мурад бице», - ян Касирида абуна.
Касир, гьебги койш букIун, ракI-хIал хун нахъе ана,
ХIосенида аскIувцин дун веччайчIин бицана.

Цинги Къуррат бину Къайс – кIиабилев витIана,
ТIаде ун, ХIосенихъе рисалат жинца къуна.
Жаваб гьабун, саййидас гьесда бичIчIизабуна,
Дун гьаниве ахIидал, вачIун вугин абуна.

БайгIат дуй гьабилилан гьарун, Куфаялдасан
РачIанщинал кагъталги жинда кодор рукIана.
Дун гьезие вачIине бокьун батичIонани,
ВачIаравго нухасан нахъе инин абуна.

Саййидасул жавабгун Къуррат тIадвуссун ана,
СагIдул ГIумарие гьеб жинца баян гьабуна.
Гьанжи ХIосенил жаваб, СагIдул ГIумарица хъван,
ГIубайдуллагьасухъе Куфаялде битIана.

ТIадбуссун ГIумарихъе ГIубайдуллагьас хъвана,
Саййид-ХIосен чIваялде дов гьесизе гьавуна. –
Гьединаб магIнаялъул рисалат жиндихъ щойдал,
СагIдул вас ГIумарица «Инна лиллагь»[1] – абуна.

Ибну СагIдул ГIумарихъ гьеб кагъат битIун хадуб,
Куфаялъул жамагIат масжидалдеги ахIун,
Амир ГIубайдуллагьас, Аллагьасе рецц гьабун,
Хадув Язидги веццун, цIакъаб хутIба гьабуна.

[1] Ай, ХIосен чIваялде жив гьесизе гьавулеб жаваб бачIин рекIее гIечIеб гIадин.

Гьес, ножой икрам[1] гьабун, ункъазарго динарги
КIинусазар диргьамги манлъун бугин абуна.
Гьелда хадуб, «Нелъерго Язидие койрбакъун»,
Киналгоги ХIосенгун рагъизе ккей бицана.

Цинги Карбилаалде – иман гьечIев мунафикъ, –
Ункъазар рекIаравгун – Шамар тIоцове ана.
ТIаде Рикабил Зайид Калабиййи вахъана,
КIиазарго рекIарав гьевгун цадахъ вукIана.

Гьесда хадувго ХIасин – ункъазар рекIаравгун,
Масабиру-л-Мазани – лъабазар рекIаравгун.
Насар бину ХIарбатги – кIиазар рекIаравгун, –
Рахас гьабун, киналго Карбилаалде щвана.

Кинабго гьаб мухIулхIат, мухIаррам моцIалдаса
Щуго-анлъго къо индал, ХIосен сверун буссана.
Гьесда цебе гьез лъураб кIиго суал букIана,
«КIиялъулго цоябаб тIаса бище», – абуна. –

Бокьани, Язидида, байгIат гьабун, нахъвилълъа,
Бокьанани, чIвалилан, чIванкъотIун цебе лъуна.
«Ножода тIадги рекъон, чIаголъи гьабизегIан
ЧIван хойго дий лъикI», - илан ХIосеница абуна.

Суал цойиде ккечIо, хабар-калам хъачIлъана,
Кинго, рагъ гьабичIого, рекъел кколареб лъана.
Расулуллагьасул сибтI[2] – ХIосен тIаде вахъана,
ТIоцобе Аллагьасе рецц гьабун, жив кIалъана.

---

[1] Ай, кIодолъи, адаб-хIурмат.*
[2] СибтI – ясалъул вас.

Жиндир гIашираталде[1] цинги хитIаб гьабуна:
«Цадахъго нилъ гьанир хун щиб гьабилеб, – абуна. –
Гьазулги дирги хIукму Аллагьасдеги тIамун,
ТIадруссун Маккаялде нуж а», - йилан манлъана.

Аллагьасул цIар бахъун, гIолохъаби гьедана:
Гьанив мунги тун, нахъе ниж унарин абуна,
Ниж дудаса киналго цере хойзе ругилан
Цадахъго къапилаялъ, къвакIун, хабар бицана.

Бану-асадилазул цо къавм аскIуб букIана,
Балъго Ибну Музагьир сардилъ гьезухъе ана.
Гьезий ХIосенил бугеб хIал-хIукму баян гьабун,
Комекалъе рахъаян вагIза гьабун, кIалъана.

ВагIза къабул гьабуна, къачIайзе гьал лъугьана,
Гьоркьосан цо мацIихъан СагIдул ГIумарихъ ана.
ГIумарие къавмалъул къасдал баян гьаруна,
Гьел ХIосенил рахъккойзе унел ругин бицана.

Цинги Азракъ бину ХIарб ГIумарица ахIана,
Ункъазар рекIаравгун къавмалъухъе витIана.
Къассе бецIаб сардида, ХIосенихъе унаго,
Ункъазаравго фарис гьазде данде лъугьана.

Гьенирго цуцаздехун тенкезе байбихьана,
Биял гIодоре тIураб рагъалде гьеб сверана.
СагIдул ГIумарил боялъ къавм биххизе гьабуна,
Гьезулги ХIосение комек щойзе беччайчIо.

[1] Ай, тухум, кьибил (гIаширит).

Куфаялдасан хъвалел ГІубайдуллагьил кагътал
ГІумар ибну СагІдухъе тІатІала ран рукІана.
«Расуласул агьлу-л-байт Фураталъул лъедаса
МахІрум гьаре! - ян гьесул ахІи тІолеб букІинчІо.–

ТІаде лъинги къотІун, гьез ГІусмание гьабураб
Гьезийги гьабе, – йилан буйрухъ кьолеб букІана. –
Рухъулел черабицин хІалкІун гьезий гьукъе», - ян
Къосарав ГІубайдуллагь ХІосение вигъана.

ХІажжажил ГІамро, ахІун, гІурул рагІал цІунизе,
ГІемераб гІаскарги кьун, ГІумарица тІадкъана.
Гьекъезе лъин гьечІого, къечалъул хІалги бергьун,
ХІосенги гьалмагълъиги къварилъиялде ккана.

Къварилъиялъ сверун ккун, сабабго тІагІун ккедал,
ТІаде вац – ГІабас ахІун, ХІосен гьесда кІалъана;
«Сардилъ, СагІдул ГІумарил гІаскар тохлъараб гІужалъ,
Фураталъул рагІалде нух бахъе», - ян тІадкъана.

Къого – лъелав, лъеберго – рекІаразул къокъагун,
Къого рахълъенги босун, ГІабас къватІив вахъана.
ГІурул рагІалде щойзе дагьаб манзил хутІидал,
Мунафикъазул гІаскар, бачІун, цебе лъугьана.

БетІергьанас койрбакъун, койрбиххун гъорлъе кІанцІун,
ХІосенил гьал гьалбацІаз рагьизе байбихьана.
Рагъулъе цоял лъугьун, цойгияз рахълъаби цІун,
АнцІ-анцІ мунафикъзаби цо-цояс гІодор лъуна.

Лъел цІурал рахълъабигун, гъорлъа чи камичІого,
Киналго сах-саламат чотрохъе тІад руссана.

ХIосенгун агьлоялъе Фураталъул лъин щвана,
Фурат цIунараб гIаскар гIодоб къулун хутIана.

Хадусан ХIосеница, дургун калам гьабизе
Дие бокьун бугилан, СагIдул ГIумар ахIана.
ГIаскарги нахъегIан тун, ГIумар цеве вачIана,
Цадахъ жиндирго Ибну ХIафсгин гъулам вукIана.

ХIосенги цеве къана, къокъа нахъегIан тана,
ГIали-л-Акбаргун цадахъ ГIабас живгун вукIана,
Цинги ибну СагIдуде саййид-ХIосен кIалъана
«ВайхIака, я ГIумар, – ан гIайиб гьесде гьабуна.–

Расулуллагьасул сибтI дун вукIинги лъалаго,
Дуца гьабулеб щиб? – ан гьомер битIун кIалъана. –
БетIергьан Аллагьасда, дунги чIван, цеве чIезе
Дуда кIолеб кин?» – илан, кантIи гьесие кьуна. –

Гьеб къавмги добегIан тун, дир хьолбохъ мун чIанани,
Дидалъун дуй такъарруб щойзе бугин абуна.
«Я Аба ГIабдиллагь, – ан ГIумар гьесда кIалъана,
ГIубайдуллагьасдасан бугеб хIинкъи бицана. –

Биххун мина-ватангун, боцIи-малги талагьун,
Гьес хIакъир гьавичIого дун толарин», – абуна.
Гьелдеги ХIосеница, ХIижазалъул ракьалда
БокьанагIан дуе гьеб букIинин рагIи кьуна.

Нафсалдаса бергьине ГIумарида хIал кIойчIо,
РакIалъе бокьаниги, кIалалъ жаваб гьабичIо.
Гьесдаса хьулги къотIун, тIадвуссун ХIосен ана,
Ибну СагIдуе жинца квешаб дугIа гьабуна.

Гьанжиги ГIумарихъе, гIайиб жинда чIван хъвараб,
ГIубайдуллагьил кагъат Куфаялдасан щвана:
«КидалъизегIан чIарав рагъ гьабичIого?» - йилан
Рагъде ГIумар ахIулеб ахIи гьелда букIана. –

ХIосенги гьалмагълъиги Язидий мутIигIлъани,
ТIокIаб калам гьечIого аман гьезий бугилан. –
«Инкаралда ватани, байгIатги гьабичIони,
Гьесулгун бугеб хабар хекко тIобайзе гьабе.

Гьеб иш дуца тIобани, тIаигIасе букIунеб
ТIадегIанаб жаизат дуе букIине буго,[1]
ТIовалевлъун гьечIони – нелъер гьоркьоблъи хвараб,
Зи-л-Жавшанил Шамарги дур бакIалълъ тезе вугев».

Ибну Зиядил ахIи хIалуцараб бачIиндал,
ХIинкъарав СагIдул ГIумар гIедегIизе тIамуна.
МалгIун-ГIубайдуллагьил сайгъат борчIун ккезегIан,
Саййид-ХIосен чIвайиго жиндий лъикIилан ккана.

Динарал-диргьамазде хьулги жиндир бергьана,
Буйрухъ тIобайзабизе гъира-шавкъги цIикIкIана.
«Чуязде раха!» - йилан гIаскаралде ахIана,
Авлахъ хIурда босараб сас гьениб багъарана.

Ибну СагIдул боялъул хIал-хIукму лъан вачIаян,
Вац – ГIабас, аскIув ахIун, ХIосеница абуна.
АнцIго фарисгун цадахъ ГIабас чоде вахана,
ГIаскаралда цеве чIун, мурад щибан гьикъана.

[1] Ай, «МутIигIав чиясе кьолеб бищун лъикIаб сайигъат кьезе буго».

Гьез, Язидие байгIат, ялъуни ХIосен чIвайи –
ХIукму хисуларилан чIухIун, жаваб гьабуна.
ХIосеница, жакъа рагъ гьабичIого жибго тун,
Метералде тIамеян тIадвуссунги гьарана.

Гьари къабул гьабизе СагIдул ГIумар хIинкъана,
ГIубайдуллагьил буйрухъ нахъбахъизе бокьичIо.
Бодул церехъабигун мушавара гьабуна,
Гьари къабул гьабеян киналго разилъана.

Нусго гIечIев чиясде тIаде гъезе къачIараб,
Къоазаргоялдаса цIикIкIараб бо букIана.
КIудияб чIухIиялда, ХIосеница гьаридал,
Гьеб къоялъ ГIумарица къитал[1] нахъе бахъана.

Нахъияб къоялъ ГIумар, чода тIадеги вахун,
ТIагьаясул сибтIасда дандвитIун эхетана.
«Аййугьа-ннас!» - ан абун, гIаскаралде ахIана,
ХIосенида речIчIизе чIор жинца хIадурана.

Рагъде байбихьи гьабун, гьале тIоцобесеб чIор
Дица речIчIиялъе нуж нугIзал ругин абуна,
НугIлъиялъе кинабго гIаскарги чIезе гьабун,
ГIубайдуллагь разилъи жинца тIаса бищана.

Ишан ХIосениде ккун ГIумарица речIчIана,
ЧIор, гьесдаги щойчIого, цо рахъалъан борчIана.
Цинги хадуб кинабго гIаскаралъ чIорал рана,
Расуласул гIашират теларилан лъугьана.

[1] Къитал – рагъ гьаби.*

Гьанжи, тушбабаца жал тезе гьечIолъи лъайдал,
Гьалмагълъиялде хитIаб ХIосеница гьабуна.
Халикъас тIад гьабураб, чара гьечIеб, хойлалде
Гьанже тIаде рахъаян киназдего ахIана.

Карбилаъ майдан цIурал фусакъазул гIаскарал
Фураталъул гIор цIунун, сиф[1] рехун, чIун рукIана.
КIалдир мацIалги ракъван, къечалъ тIулалги рухIун
ХIосенги гьалмагълъиги – хIайран гьалги рукIана.

ХIасинил Язидица, СагIдул ГIумарихъе жив
Ине изно кьейилан, ХIосениде гьарана.
ХIосеница изно кьун, ГIумарихъе жив ана,
Жедее лълъел рахъалъан бугеб захIмат бицана.

Ибну Зиядил амро тезе гьунар гIоларев
ГIумарица Язидий данде жаваб гьабичIо.
Жигиги Язидица калам халат гьабуна,
Гьесдагин гIаскаралда гIайибал чIван, кIалъана:

«Болъоналгин гьабзаца гьекъола бугеб Фурат –
Гьелдаса ниж нахъчIвазе нечоларищ? – абуна. –
Аллагьги Аварагги лъалилан дагIбаги бан,
Дуца гьабулеб щиб?» - ан ГIумариде хъачIлъана.

Ханлъи-мулк тIаса ине нафсалъе бокьун гьечIин,
МукIурлъун, ГIумарица Язидий жаваб кьуна.
Жив мекъаб нухав вукIин мухIканго лъананиги,
Лъеде ХIосен веччайзе ГIумарил гьунар гIечIо.

[1] Мухъ.*

Гьанжи ХIасинил Язид Куфаялъул чагIазда,
Кутакалда бадибчIван, гьомер бухIун кIалъана.
Маккаялде ХIосенихъ хъван ритIанщинал кагътал
КигIан хехго ножода кIочаралин абуна.

Абураб-бицаралъул щибго хIасил лъугьинчIо,
ХIосений койрбакъизе къасд бугев чи вахъинчIо.
Къавмалда ццинги бахъун, Язид нахъе вуссана,
ХIосение гьезулгун ккараб хабар бицана.

Цинги СагIдул ГIумарил бо багъа-бакарана,
Баракат гьечIеб къавмалъ хвалчаби къватIир цIана,
Хвалдаса хIинкъи гьечIел ХIосенил гIолохъаби –
РекIаралгун, лъелалгун – гьалги данде рахъана.

Нус-нус чиясде данде цо-цо рагъизе ругел,
РухIал дуй гIоло кьелин ХIосение гьа барал,
ХIуру-л-гIинал урхъарал барзахалъул бахIарал
ЯхI гьечIезул гIаскараз гьоркьор райзе гьаруна.

Кьабизе байбихьана, биял гIодоре тIуна,
Ращалъи гьечIеб рагъул кор, гьалаклъун, боркьана.
Карбилаалъул майдан бидул хIорлъун сорана,
СагIаталъул заманалъ цуцалъ рессун рукIана.

СагIдул ГIумарил бодуй кIудияб ками ккана,
КIикъоялда анцIго чи ХIосенил шагьидлъана.
Гьеб квеш букIун, захIмалъун, ХIосенил ццин бахъана,
Тушбабазе бокьараб кьеларилан гьедана.

Гьанжи, тIадеги вахъун: «Ама ман язуббу гIан
ХIарими Расулиллагь!»[1] – ХIосеница ахIана.
Цебе рехсей гьабурав ХIурру РайяхIиясда[2]
ХIосениде щвараб хIал хIалае бакIлъун ккана.

ХIабибасул гIашират гIаскаралъ гъурун лъедал,
Лъеде нухцин кьечIого гьал къваридги гьаридал,
Къавмалде кIалги гьикъун, чуялда цIалги кIутIун,
ЦIум гIадин воржун ХIурру ХIосенихъе вачIана.

Эсда цеве эхетун: «Я, Ибна бинти Расул,
Бугищ дие вачIине изно?» - йилан кIалъана,
Аллагьасе гIололъун дуда цеве чIван хойзе
Дие бокьун бугилан, мурад загьир гьабуна.

Гьесул вачIиналдаса ХIосен цIакъ разилъана,
«Ин тубта кунта мимман таба лЛагьу»,[3] – абуна.
ИгIтикъадги щулалъун, черхалде хIалги бачIун,
ХIурру, хвалченги бахъун, авлахъалда сверана;

Ибну СагIдул боялда, бацI гIадин, цеве чIана,
ГIараб шигIруги ахIун, гьанжиги кIалгьикъана.
КIалгьикъун, ракI хIалхьедал ХIурру гъорлъе кIанцIана,
ГъалбацIалъ цIцIани гIадин, гIемерав чи гъурана.

Чу чIонккон беччан тана, лъелго вагъизе ккана,
Лъурал-щварал ругънаца черхалъул къуват хвана.
Тушбабаз ХIурру чIвана, рухI барзахалде ана,
ХIосенил асхIабзабаз рачIун нахъе восана.

[1] Ай, «Расуласул агьлоялъе комекалъе вахъунев чиго гьечIищ?» - ан ахIана.
[2] Ай, гьав вуго 1000 рекIаравгун ХIосениде данде лъугьун вукIарав ХIурру.
[3] Ай, «Дуца тавбо гьабуни, мун Аллагьас тавбо къабул гьабураздаса вукIина».

Саййидас жиндир гьомер, койрги бахъун, лъухьана,
«Анта-л-хIурру фи-ддуня ва-ль-ахират»[1], – абуна.
Эбелалъ дуде лъураб цIар гIадада ккечIилан,
Абадияб хIурийят гьесий баркун, кIалъана.

КIиабилев – ХIазирил Барир цеве вахъана,
Бода цевеги вачIун, жив щивали бицана.
Цинги, гъорлъеги кIанцIун, кIалгьикъун жив вагъана,
Авсил вас – Жабирица кьабуралъ шагьидлъана.

Вагьбу бину ГIабдуллагь – лъабабилев вахъана,
Хъизангин жиндир эбел гьесда цадахъ рукIана.
«Къум я бунайя фансур ибна бинти набиййик
МухIаммад»[2], - ан гьелъ абун, амро васас тIобана:

СагIдул ГIумарил болълъе, гIемераб кIалги гьикъун,
ГIиялъе хъомор гIадин, бер къанщун, кIанцIун ана,
КIудияб рагъ гьабуна, гIемерал чагIи чIвана,
Сах-саламат тIадвуссун, эбелалъухъе ана.

«А разийти ам ла?» - ян эбелалде кIалъана.
Эбелалъ: «Ла разийту хIатта тукътала байна
Ядай мавлака ХIусайн»[3] – васасе жаваб кьуна.
Жигиги Вагьбу бодулъ кIанцIизе хIадурлъана.

ХIалилат данде чIана, «Асъалука билЛагьи
Ан ла тафжагIани фи нафсика»,[4] - ян абуна.

[1] Ай, «Мун дунялалдаги ахираталдаги тархъаравлъун вуго (лъугьана)».
[2] Ай, эбелалъ вас – Вагьбоде «Лъабабилев мун вахъа, дурго Аварагасул ясалъул васасе квербакъизе», - ян абуна.
[3] Ай, васас эбелалде: «Мун дида разилъанищ?» - абуна. Эбелалъ жаваб гьабуна: «ХIосенида цеве мун чIвазегIан вагъун горони, дун рази гьечIо», - абун.
[4] Ай, хъизан данде чIана, гьев чIвазе гьелъие бокьичIо.

Эбелалъе лъадухъ вас гIенеккизе бокьичIо,
«Байна ядай мавлака вагъе[1]», - йилан абуна.

Метер ГIарасаталда Расуласул шафагIат
Щолевлъун вас вукIине эбелалъе бокьана.
Ибну ГIабдуллагьийги дунял хIакъирлъун ккана,
ХIабиб жинда разияб ухра[2] тIаса бищана.

Алжанул хIенехIалъул махI бахъарав бахIарав, –
ТIаде вахъун, Вагьбоца гIараб шигIру ахIана,
Эбелгун лъадиялъе къолъикI гьабураб гIадин, –
ГIумарил бода гъорлъе кIиабизе жована.

Барзахалде боржине къачIан чIараб рухIалда
Расги барахщичIого, Вагьбоца койрбиххана.
Кваранаб гъеж къотIана, когIалдалъун вагъана,
КогIабги тушбабаца къотIун, жив шагьидлъана.

Гьесда хадув ГIамру-бну-Халиди-л-Азадиййи
Ибну СагIдул бодулъе, берал къанщун, кIанцIана.
Бахьи гьечIеб къавмалда цIоб тун хвалчен кьабуна,
Хвалилал ругъналги щун, живгоги шагьидлъана.

ГIамру шагьидлъун хойдал, хадувго вас вахъана,
Инсуца гIадин кьабун, живгоги шагьидлъана.
ШагIбат бину ХIанзалат, ГIамру бину ГIабдуллагь,
ГIавсажатил вас Муслим – эргадал шагьидлъана.

Гьанжи ЯхIягин Маррат, Малики-л-Багьилиййи,
МутIагIил ГIумар рахъун, – гьалги шагьидлъун ккана.

[1] Ай, «Дурго саййид цIунун вагъе».
[2] Ахират.*

Гьаб хIалалда, цо-цоккун цере рахъун, ХIосенил,
Нахъе чи хутIичIого, бахIарзал шагьидлъана.

Шагьидлъаразда гъорлъан жиндир агьлу-л-байталъул
Асмаал[1] баркаталъе тартибалда рехсезин:
Куфаялъулаз чIварав Муслимил вас – ГIабдуллагь,
ГIабдуллагьида хадув – ЖагIфар бину ГIукъайли.

ГIукъайлил ГIабдуррахIман, ГIабдуллагьил МухIаммад,
ГIаван бину ГIабдуллагь – ЖагIфарил вацгIалзаби,
Бодуе цохIо гIолел умумузул ирсилал,
Нус-нус чи цо-цояс чIван, эргадал шагьидлъана.

Гьанжи Расуласул сибтI – саййид-ХIосенил валад[2],
СагIдул ГIумарил бода, ГIабдуллагь цеве чIана,
ГIараб шигIру ахIана, гьездехун гаргадана,
«Дун лъалев гьечIищ?» – абун кIалал гьезда гьикъана.

Мокъокъазул руккалилъ хъиргъу речIчIулеб гIадин,
РечIчIун арав ГIабдуллагь гIаскар бакьулъ ватана.
Тушбабазда кьабуна, биял гIодоре тIуна,
ГIемерав чиги гъурун, живгоги шагьидлъана.

Гьанжи улбул батIаял саййид-ХIосенил вацаз
ХIайдарил лъимал рукIин бода бихьизабуна,
Боязе цохIо гIурав, абтIалал[3] сородарав
Асадуллагьил[4] васаз хойзе нийят гьабуна.

[1] Ай, цIарал.*
[2] Валад – вас.*
[3] БахIарзал.*
[4] Асадуллагь – ГIали асхIаб ﷺ

Лайла-эбелалъул вас – ГІабдуллагь, хвалчен бахъун,
Берталъе унев гІадин, гІаскаралъулъ жована,
Жиндир чорхол рухІалда барахщичІого, кьабун,
Кьабулаго шагьидлъун, рухІ барзахалде ана.

Эсул къисас босизе вац – ГІумар тІаде вахъун,
ГІабдуллагь чІварав тушман ракьалда гІодов лъуна.
ГІаскаралъ гьужум гьабун, гьоркьов вазе гьавуна,
Кьабулаго, чІвалаго гьевги шагьидлъун ккана.

Умму-л-Банин абурай эбелалъе гьавурав,
Лъабабилев – ГІалил вас ГІусман цеве вахъана,
Цинги гІаскаралда гьорлъ цІум гІадин жив речІчІана,
ЧІван ракьалда ккезегІан хвалчен жинца хьвагІана.

Цинги гьесул вац – ЖагІфар къисасалъе вахъана,
СагІдул ГІумарил бода кІалгьикъун, цеве чІана.
Бал чарамул хвалченгун хадув гьорлъе кІанцІана,
КІварал тушбабиги чІван, живгоги шагьидлъана.

Гьанжи, ГІабдуллагь абун, эсулго вац вахъана,
Рехъада гьорлъ бацІ гІадин, гІаскаралъулъ речІчІана,
ЧІухІарав ибну СагІдул боялда гьури бана,
Барзахалде, шагьидлъун, рухІ жиндиргоги ана.

Ункъабизе хутІарав гьезул вац – ГІаббас, вахъун,
СагІдул ГІумарил боял бидулъ хьвадизаруна.
Бахьи гьечІеб къавмалда цІоб тун хвалчен кьабуна,
Кьабулаго, чІвалаго живгоги шагьидлъана.

Гьанжи саййид-ХІосенил вацазе ахир лъуна,
Аллагьасул тушбабаз чІван киналго лъугІана,

Карбугин Балаалъул[1] авлахъалда къанщана,
Къечалъ тIулал рухIухъе ахираталде ана.

Хадув ХIосенил валад – ГIали-л-Акбар вахъана,
АнцIила микьго сонил гIумру гьесул букIана.
Расуласда кIалъайги, тIабигIатги, рижинги
Жиндир цIакъго релълъарав, гьайбатавги вукIана.

Гьав гьитIинав гIолилав къавмалда цеве чIедал,
Къварилъун, саййид-ХIосен РахIманасде гьардана:
Гьаз дие гьабун тараб хиянатгин рекIкIалъе,
Халикъ, Мун нугI вугилан мунажатал[2] гьаруна. –

«Ва фаррикъгьум тафрикъан ва маззикъгьум тамзикъан
ВажгIалгьум тIараикъа къидада»[3], - ян гьарана.
Гьанжи СагIдул васасде: «Аллагьас босадаго
Дида хадув мун чIвалев тIамеги!» - ян ахIана.

ХIафиду[4] Асадуллагь, Расуласул агьлу-л-байт,
Бода цеве вахъун чIун, кIалгьикъун гаргадана:
«Дун, ГIали – ХIосенил вас, ХIосенги – ХIайдарил вас,
РагIичIищ ножода?!» - ян борхун гьаракь гьабуна.

Гьанжи гIолохъанаб бис бода гъорлъе кIанцIана,
Бартуца элхъи гIадин, жемардизе гьаруна.
Жалбурияб гъалбацIалъ гIи кинниги гъурана,
ГIаскаралъулъ ахIи-хIур, бихха-бичи лъугьана.

[1] Къварилъигун балагьалъул.*
[2] Ай, Аллагьасде хIелана.*
[3] Ай, гьезие, «ГIазаб чIамизе гьабеги», - ян квешаб дугIа гьабуна.
[4] ХIафид – васасул вас (ай, ГIали асхIабасул васасул вас).*

БетІергьанас рагъуе жив вижарав ХІайдарил
ХІафид вукІин[1] ГІалица гьезда бихьизабуна.
Бидул иххал рахъине авлахъалдаги гьарун,
ГІолохъанаб лочнол тІинчІ макъамалде вуссана[2].

Маргъал гІадаб жиндир черх ругъназул цІун букІана,
Ругъназул унти кІочон, къечалъул хІал бергьана.
«Я абати,[3] - ян абун инсудехун вуссана. –
КІутІби риччизениги лъин гьечІищ?» - ан гьикъана.

Гьанжи ХІосен гІодана, магІо бераца тІуна,
ГІалида ракІбухІиялъ жиндирго къеч кІочана:
«Жиги дагьав вагъани, дуе КІудав Инсуца
Алжаналъуса шараб[4] кьезе бугин», – бицана.

Цинги ГІалица хвалчен кІиабизе бахъана,
КІудав Инсул шарабги цІакъго анищан ккана,
Ибну СагІдул бодулъе цІум гІадин къавукъана,
Къуват хойзегІан вагъун, гьенивго шагьидлъана.

ШафигІасулгун ликъаъ ГІали-л-Акбарилги ккун,[5]
Кваркьи гьечІеб хинчІ гІадин, ХІосен живго хутІана.
ХІабибасул гьоболлъухъ хирияв васги витІун,
Хадуб сапар бухьине живгоги хІадурлъана.

ХІалбихьараб хвалчен бан, чода тІаде вахана,
Чодрониб агьлоги тун, бода цеве вачІана.

[1] Ай, ГІали асхІабасул васасул вас вукІин.*
[2] Ай, тІадвуссана чудрухъе.
[3] Ай, «Я, дир эмен».
[4] Ай, Алжаналъул лъин.*
[5] Ай, Аварагасулгун ﷺ дандчІвай гьабидал, ай, ахираталде индал.

Цинги гьездехун вуссун, хитIаб жинца гьабуна,
Жиндиего гьабураб хиянат бадибчIвана:

«Хвалчабаздалъун дандчIвай гьабизе дун ахIарал
Агьлу-Куфат, ножода метер лъалин, – абуна. –
Агьвалазул къояца[1] ГIарасат майданалда
ДандритIун нилъ чIелелин, чIухIуге, - ян абуна. –

КIалалда печатги чIван, лугбал кIалъалеб къоялъ
КъваригIинаб ножое ХIабибасул шафагIат.
ШафигIасда сверухъе уммат буссараб мехалъ,
Эс нахъе чIвайдал, чIелеб чIегIераб къо ножода.

Дунялалъул магIишат, бидухъ бичун босараб,
Данде билълъун, ножое рохел даимлъилареб.
Расуласул гIашират гъурун тIатIала лъурал,
ГIадло ножой гьабизе ирсилал камиларел...»

Ибну СагIдул боялде гьадинаб магIнаялъул
ГIемераб кIалги гьикъун, хвалчен къватIибе цIана,
Черхалдаса хьул къотIун, хвалиде къасд гьабуна,
КъолъикIилан агьло тун, тушбабазулъ кIанцIана.

Таманав малгIунасул горбода хвалчен бана,
Чанги бодул бахIарчи бидул хIоринив лъуна,
Мубаразалъ[2] рахъарал чIаго нахъе реччайчIо,
ЧIаго, нахъвуссун, ХIосен агьлоялъухъе щвана.

Агьло-хъизан бакIарун, саброялде ахIана,
НасихIат-вагIза гьабун, ракIал гьезул ратана.

[1] Ай, захIмалъи-балагьазул къо, къиямасеб къо.*
[2] Ай, живгун хвалчад рахъарал.*

«Тушбаби рохизарун, чIичIидуге, – абуна. –
Аллагь – Вакил вугелъул, ургъел те», - ян манлъана.

Тушбабаз лъинги къотIун, къварилъиялде ккараб
Расуласул гIашират зигардулеб букIана.
РакI чучизе кIалъайзе чи жиндие хутIичIев,
Живго саййид-ХIосенги къечалъ яхI хун вукIана.

Ахирисеб нухалда хвалчен борчун, чу рекIун,
Чодрониб агьлоги тун, ХIосен къватIив вахъана.
Нахъвуссинев лъаларев, вуссинарев лъаларев
Расулуллагьасул сибтI бода цеве вачIана.

Бал чарамулаб хвалчен гьаваялде борхана,
Боржун унеб цIум гIадин, бода гъорлъе кIанцIана.
БетIергьанас койрбакъун, кутакаб рагъ гьабуна,
Гьеб къоялъгIан гIемерал гIадамал жинца чIвайчIо.

Фураталъул рагIалде нух бахъизе къасд ккана,
Койшав Жавшанил Шамар богун данде лъугьана.
Биял гIодоре тIуна, абтIалал чIва-чIван рана,
Аллагьасул тушбабаз Фураталде нух къана.

Нахъеги агьлоялде тIадвуссине къасд ккана,
ГIаскарал сорун лъугьун, гьоркьов вайзе гьавуна.
Гьезул цояз абуни, агьлу-л-байт жанир чIарал
Чудрузде тIаде гьужум гьабизе байбихьана.

Гьел рихьидал, захIмалъун, ХIосеница ахIана:
«ЯхI-намусгIаги цIуне, иман гьечIеб къавм! – абун. –
Гьез ножоргун гьабулеб рагъги гьечIеб хIалалъулъ
Лъимал-руччаби те!» - ян тушбабазде кIалъана.

Буйрухъ кьун, Шамарица хIаримал тезаруна,
ХIосениде тIолгоял тIаделъеян манлъана.
ТIаде къайзе хIинкъарал гIаскаразда жанисан
Цо жабанас[1] речIчIараб чIоралъ нодо лъукъана.

Лъукъун хадуб гъалбацIалъ бацIалги гъуриларищ, –
Бер къанщун ХIосеница кьабизе байбихьана.
Бащалъи гьечIеб рагъул кор гьанжиги боркьана,
Карбилаъ-майданалда бидул хIорал цIилъана.

ХIосенил черхалдаги захIматал ругънал щвана,
ЗарагIатица кьабун, когIабаб гъеж къотIана.
ТIалхIатил вас – ГIамруца нахъасахун кьабуралъ
Саййидасул мугъалда кIудияб ругъун лъуна.

Санан бину Анаси НахагIияс речIчIараб
ЧIоралъ саййид ХIосенил каранда ругъун лъуна.
Вагьбол вас СалихIица ракъул чохьолъ тункараб
Хечалъ, чорхол къуват хун, чодаса гъоркье ккана.

Ракьалда гIодов чIана, черхалда койр бахъана,
Бидул цIурал хъатаца бетIер, мегеж лъухьана.
БетIергъан, Дуда цеве гьадин чIезе вугилан
Абураб магIнаялда, мунажатал гьаруна.

Мунафикъазул гIаскар сверун буссун букIана,
АскIуве къайзе кIолев цониги чи вукIинчIо.
Ццин бахъун, СагIдул ГIумар гIаскаралде ахIдана:
«ХIаззу раъсагьу!»[2] – абун, амро-буюрухъ кьуна.

[1] Жабан - цIояв чи.
[2] Ай, «БетIер къотIе», - ян.

Иман гьечIеб къавмалъул къосарал жанавараз
Жедерго Расуласул ясалъул вас чIван лъуна,
ЖужахIалъе рижарал жасусазул гаврал
Гьесда корщелги батун, мурадалде рахъана.

Койрдасан ХIосен хварав мунафикъасда тIасан
ТIахьазда хилаф буго, Халикъасда лъикI лъала:
Харшабатил вас Насар, Шамар бину Зи-л-Жавшан,
Хавлиййу-л-АсбахIиййи гьезда гьоркьор рехсана.

Анасил Санан абун, иман гьечIев малгIунас
ХIосенил бетIер къотIи сахIихIаблъун[1] рикIкIана.
СагIдул ГIумарица гьев ГIубайдуллагьасухъе
БетIер щойзе гьабизе витIанинги бицана.

Цинги, бетIергун цадахъ Куфаялде жив щойдал,
ШигIру ахIун, ахIмакъав Санан чIухIун кIалъана:
«Къаталту хайра ннаси умман ва абан»,[2] – абун,
Ибну Зияд вохизе рохел жинца баркана.

Жиги ГIубайдуллагьил кIудияб сайгъат-салам
Сананица рекIелъан нахъе лъунги букIана.
«Бищун халкъалъул лъикIав вукIун ватани, дуца
Дов щайха чIварав?» – абун, Ибну Зияд цалхана.

Ццин бахъун, Аллагьасул цIаралдалъун гьедана,
«Дидасан дуда лъикIлъи бихьиларин, – абуна. –
Вала улхIикъаннака бигьи»,[3] – йилан кIалъана.
ГьебсагIаталъ Сананил бетIер къотIун рехана.

---

[1] Ай, кьучIаблъун.*
[2] «Эбелалъул ва инсул рахъалъан халкъалъул бищун хирияв дица чIвана», - ян.
[3] Ай, «Дица мунги досда нахърегIизавила», - ян.*

«Нуру-л-гIайни» - ялдани ХIосен чIварав тушманлъун
Шамар бину Зи-ль-Жавшан вихьизавулев вуго.
Сананилан абуни, аскIуве щун хадуса,
ХIосенил бер жинде щун, хIинкъун, тIуранин буго.

БетIер къотIун хутIараб къаркъалаялде тIаде.
ТIаса ретIел бахъизе мунафикъал руссана,
Асвад бину ХIанзалат – лагIанагьуллагь вачIун,
ХIосенил хвалченалда коршел жинца гьабуна.

Цойги малгIунас вачIун, бахъун горде ретIана, –
Барас унти чорхолъ ккун, бетIер жиндир хIулана.
ЯхIя абун цойгияс цойги либас[1] бахъана, –
Собан босадеги ккун, ретIиндал, гIодов лъуна.

ГIамамат[2] жинца къарав Жабири-л-Азадиййи, –
Жузам абураб унти жиндир чорхолъе ккана.
Канадияв Баширил Малик абурав васас
ХIосенил къолден ретIун, бетIер сверун, гьаглъана.

Саййид шагьидлъаравлъи гьава-бакъалда лъана,
Гьесда ракIбухIун зодор малайкзаби гIодана,
БагIараб гьури пуна, чIегIераб хIур бахъана,
ЧIегIераб сордо гIадин, дунял бецIлъун лъугьана.

Балагь тIаде щванилан тушбабазул гIаскарал,
Сардилъ гIанкIаби гIадин, канлъи босун хутIана.
СагIаталъ гьеб хIалалда хIургин гьури букIана,
Гьелда хадуб гьава-бакъ рукIалиде бачIана.

[1] Либас – ретIел.*
[2] ГIамамат – чалма.*

БачIун ХIосенил жавад[1] чIваразда гъорлъ сордана,
Саййидасул къаркъала жинца батIа гьабуна.
ТIад свердун хIихIидана, бидулъ нодо ччуччана,
Бадиса магIо гирун, гIоди загьир гьабуна.

Гьенисан, хIихIилаго, чудрузухъе бортана, –
ХIосен вачIинаян ккун, агьло тIаде бахъана.
ТIад гьев гьечIого жавад жибго цохIо батана, –
ХIосен ватIалъаравлъи руччабазда бичIчIана.

Руччабазухъ ХIосенил сияхIги щойзе гьабун,
Гьенисанги тIадбуссун досухъего бортана,
Боялъ сорун босана, гьоркьоб байзе гьабуна,
«Гьеб ккун, дихъе баче», - ян СагIдул ГIумар ахIдана.

Маймун ккойзе гIаскаралъ чIухIун тIаде босана,
ХIосен тIад гьечIеб чугун магIракат[2] байбихьана.
Мал кьабун, кIалалъ хIанчIун, мунафикъазул бодул
Къоло анлъго чиги чIван, чу гьездаса борчIана.

Гьел манлъичIого, ичIго чу чIванинги абуна,
«Нуру-л-гIайни» абураб тIехьалъ гьадин бицана.
Гьенисан Маймун, тIурун, Фурат рагIалде ана,
ТIокIав гьелда берчIварав гIадан-чиги лъугьинчIо.

ХIосенги тIад гьечIого чIобого чу бачIиндал,
Руччабиги лъималги, цуцалъ ран, гъаргъадана.
ЦохIо вукIарав вацги тIаса ун, жал хутIидал,
Хириял яцазеги дунялго чIегIерлъана.

[1] Жавад – барти.
[2] Ай, рагъ.*

Данде хвалчен хьвагIизе бихьинчи жанив гьечIел, –
Гьанжи мунафикъазул чудрузде эрга щвана.
Шамарица буюрун, баркат бахъараб агьло
Агьлу-л-байталде тIаде, гьаби гIадин, кIанцIана.

Гьезул батарабщинаб къайи хъамал гьабуна,
Нахъе щибго течIого, щвара-щварас босана.
Босадуе гьитIинав ГIалида гъоркь тIамураб
ТIомол кесекги бахъун, гьев чIарбиде рехана.

Руччабазул кIиликI-махх гIиндуздаса бахъана,
Авлахъалде элги гъун, цIа гъун, чудрул рухIана.
Расуласул наслаби асирзаби гьаруна,
Гьенисан, цере къотIун, Куфаялде рачана.

Карбилаъ-майданалъул асирзаби рачIиндал,
Данде лъугьун гIадамаз, гIодун, магIирукъ лъуна.
ГIали-сагьир[1] кIалъана, тамашалъи гьабуна,
«Гьаб халкъ –нелъехъ гIодулеб, нилъ чIварал – щал?» –абуна.

Инсудаго релълъараб калам жиндир фасихIай,
ХIосенил хирияй яц Зайнаб тIаде яхъана.
ТIоцобе Аллагьасе бацIцIадаб рецц гьабуна,
Цинги Аварагасде свалат-салам битIана:

«Я агьла-л-Куфат, – абун гIадамазде ахIана, –
Агьлу-л-хатал ва-л-хазал[2], щай гIодулел? – абуна. –
Ножоца нижги гъурун, нужго нежехъги гIодун,
ГIазабалъе хIакълъарал нуж рорчIилищ? – абуна. –

[1] ХIосенил вас – гьитIинав ГIали.*
[2] Ай, хиянатал.

Расуласул ясалъул васасул хIурмат тарал,
Тушбабазе ахират киса?» - ян кIалгъикъана.
Кинабниги рахъалъан абизе мустахIикъаб,
Нахъе щибго течIого, Зайнабица рикIкIана.

Зайнабил гьеб каламалъ Куфаялъул агъали, –
Киналго жалго жедехъ гIенеккизе тIамуна.
ГIайибалъе мукIурлъун, жалго жедехъа нечон,
«Садакъати-л-маръату»,[1] – абун, гIодор къулана.

Асирзаби гьенисан Ибну Зиядихъ щвана,
Зайнаб цо рахъалдехун къваридго гIодой чIана.
«ГIодой чIарай щий?» – абун, Ибну Зияд кIалъана,
Зайнабица гьесие данде жаваб гьабичIо.

Жигиги, «ГIодой чIарай щий?»– абун гьас гьикъана.
Гьесул чукъбузул цояс «Зайнаб йигин», – абуна.
Цинги Зайнабидехун Ибну Зияд вуссана,
Аллагьасе рецц гьабун, нечечIого кIалъана.

Ножое БетIергьанас гьабураб бихьанищан,
БахьикъосаравмалгIун кIалгьикъун гаргадана.
РекIелъ иман гьечIесул гьормада нич букIинищ, –
Руччабазда цеве чIун, ХIосен жинца какана.

Жал какун Аллагьасе рецц гьабизе лъугьиндал,
Ибну Зиядил керен Зайнабица борлъана.
«БетIергьан Аллагьасе рецц бугилан, – абуна, –
Аварагасдалъун ниж кIодо Жинца гьарурав».

[1] Ай, «Гьай чIужуялъ бицунеб хабар битIараб буго», - ян.

Жаваб кьезе кIолареб, кIал-мацI гьесул бухьараб
КIалгьикъи гьабун, Зайнаб гьесда данде кIалъана.
«Сакалатка уммука я ибна Маржанат»,[1] - ан,
Жаниса ракI бахъулеб хъачIаб калам гьабуна.

Кутакалда ццин бахъун, ГIубайдуллагь пенщана,
ГIамру – ХIарисил васас гIодов чIезе гьавуна.
ГIалидехун вуссана, рокьокъго валагьана,
«Гьав чIван горищ вукIарав дова?» - йилан абуна.

Дова чIварав ГIали – дир кIудияв вац вукIанин,
Ножодасан къисас дос босиларищ абуна.
Балугъалде вахарав ГIали вукIин чIезабун,
ГIубайдуллагьас: «Гьевги чIвай», - ян лъайзе гьабуна.

Зайнаб тIаде яхъана, гьав чIвалевлъун ватани,
Цееккун дун чIвайилан ГIалида хурхун чIана.
Дун кIалъайзе тейилан ункъгIалалдеги абун,
Ибну Зиядий жаваб живго ГIалица кьуна:

«Нежей чIван хойи – гIадат, караматги – шагьадат[2],
Гьелдалъунищ дуца дий хIинкъи кьолеб?» – абуна.
Ибну Зиядил гьелъий данде жаваб батичIо,
«Дида цевеса гьав вас нахъе ваче», – абуна.

Цинги масжидалъубе жамагIат бакIарана,
Минбаралдеги вахун, хутIба жинца гьабуна,
ТIоцове – Аллагьасе рецц гьабун, жив кIалъана,
КIиабилеб – халкъалъе мурад тIобай бицана.

[1] Ай, «Дур эбел гIодаяв...», масала, квешаб рагIи абуна (ай, гьесде Маржанатил вас абун кIалъана, гьесул тухум хIакъираб букIин баян гьабун*).
[2] Ай, нежее хиралъилъун ккола шагьидлъун хвей.*

ТIадегIанав Аллагьас, Язидие койрбакъун,
БитIараб, хIакъаб агьло къватIиб загьирги гьабун,
Гьересичиясул вас – гьересичи чIванилан, –
ХIосен чIваялъул рохел халкъалъего бикьана.

Бахьи жиндир къосарав ГIубайдуллагьил калам
ГIафифил ГIабдуллагьий, рагIидал, захIмалъана.
ГIалигун ХIосен какун, Ибну Зияд кIалъайдал,
Иманалъ цIураб керен цIадул корлъун боркьана.

Лъай босарав чи гIадин, кIутIун тIаде вахъана,
КIалдибе бачIанщинаб малгIунасде рикIкIана,
Гьересичиясул вас гьересичи – мун вугин,
Мун койрде восаравги – гьевго вугин кIалъана;

«Расуласул наслаби чIва-чIван гIодореги ран,
ГIайиб гьечIищ ножое кIалъазе, – ян абуна. –
Муъминзабазда цеве, гьай Аллагьасул тушман,
Гьеб бицине нечечIищ мун?» - илан кIалгьикъана.

«КIалъалев чи щив?» – абун ГIубайдуллагь кIалъана,
КIал жинде гьикъулев чи лъайзе тIалаб гьабуна.
Гьесие жаваб гьабун, «Ана-л-мутакаллиму,
Я гIадуввааллагь»,[1] – абун ГIабдуллагьги кIалъана. –

Дин-Исламалъул бицун, гьеб бокьулеллъун кIалъан,
БетIергьанас бацIцIадго цIунараб насло гъурун,
Руччабиги лъималги асирзабилъун рачун,
Аллагьас нуж гьеб хIалалъ теларилан абуна.

[1] «КIалъалев чи дун вуго, я Аллагьасул тушман», - илан.

ХIал щун ГIабдуллагьица: «Ансарал-мугьажирал,
ГьечIелищ гьезул гьанир лъималго, - ян ахIана. –
РахIматалдаса къотIун, Аллагьас вачахъарав
МалгIунасдаса къисас босизе?» – ян кIалъана.

Зайнабида бахъараб ццин гьас кIоченабуна,
«Гьанив дихъе ваче», - ян ГIубайдуллагь понцIана.
ГIубайдуллагьил чукъби гьев ккойзе гIедегIана,
ГIабдуллагь гIагарлъиялъ, хъамун, рокъов вачана.

Рокъов ГIабдуллагьги ун, ГIубайдуллагь чIолевищ?
ГIайиб жинда чIварав чи ас чIвайчIого бегьилищ?
«Гьадав агIма[1] хех гьавун дихъе щойзе гьаве!» - ян
Шабас бину РабигIи жамагIатгун витIана.

ГIабдуллагьил кьолбода кьогIаб хабар рагIана,
ГIубайдуллагьил чукъби рачIунел рукIин лъана,
РакIа-рахарун, хехго къуват данде гьабуна,
Къабаилу-л-ямани, – гьелги гъорлъе жорана.

Гьанжи ГIубайдуллагьил жамагIат тIаде щвана,
ГIабдуллагь вачинчIого чIеларилан лъугьана.
Гьазда гьоркьоб кьал ккана, кьаба-тунки лъугьана,
ЛъикIаланго гIадамал ахираталде ана.

Ибну Зиядил къокъа рокъоб кIанцIулеб букIин
АскIуй йикIарай ясалъ инсуда лъайзабуна.
Беразда канлъи гьечIев ГIафифил вас ГIабдуллагь
«Дихъе хвалчен босе», - ян ясалдехун кIалъана.

[1] Ай, бецав (ГIали асхIабгун цадахъ МугIавиятгун, ай бугъаталгун рагъулаго гьесул беразул канлъи ун букIана).

НуцIа бекун, жанире, жундул гIадин, кIанцIана,
ГIабдуллагь ккун вачине киназго къасд гьабуна.
Койр биххун, хвалчен хьвагIун, ГIабдуллагь данде чIана,
Дун бихьинчианищан анищ ясалъ гьабуна.

Гьез, кинниги, ГIабдуллагь асирлъуде восана,
Ибну Зиядихъ вачун, цеве чIезе гьавуна.
Дида цеве мун басра гьавурав Аллагьасе
Рецц бугин ГIубайдуллагь ГIабдуллагьид кIалъана.

Я Аллагьасул тушман, гьелдалъунищ дуе дун
Басралъаравин абун, жаваб жинца гьабуна. –
Гьай аман, дир беразде бачIунебанищ канлъи,
Лъалаан дудайилан ГIабдуллагь къварилъана.

«Я гIадувва нафсигьи, ма такъулу фи хIакъкъи
ГIусман бину ГIафан?» - ин ГIубайдуллагь кIалъана.[1]
«ГIусманил гьикъичIого дуца, ибну Маржанат[2],
Дурго инсул щай дида гьикъулареб?» – абуна.

Аллагьасул цIаралда Ибну Зияд гьедана,
Гьикъа-бакъи дуй гьечIин, чIваян буюрухъ кьуна.
Ножоца чIван хойи – дий давла бугин, ГIабдуллагь
ГIубайдуллагьидехун гьанжиги тIадвуссана.

«ТIадгIанав Аллагьасде шагьидияб хвел гьарун,
Гьебги щойчIого горищ дун къваридго вукIарав.» –
Дир дугIаялъе жаваб гьанжиниги гьабидал,
Вижарав Халикъасе рецц бугилан абуна.

[1] «Я дурго нафсалъул тушман, дуца щиб абулеб ГIафанил ГIусман чIваялде?» - ян абуна, ай, дов ГIали асхIабас чIвазе гьавуравлъун ракIалде щойзе гьаби мурадалда.
[2] Маржанатил вас.*

Ибну Зиядил чукъбуз ГIабдуллагь хекко чIвана,
ДугIаялъе жаваб щун, ГIафифил вас вохана.
Хвел шагьидияб ккедал, мурад жиндир тIобана,
Барзахалде хирияб рухIги жиндир боржана.

Бугъатал[1] данде рахъун, ГIали вагъулеб мехалъ,
ГIалил гIаскаралда гъорлъ ГIабдуллагьги вукIана,
КIиго батIаяб рагъулъ бугъатазул чIораца
Беразул канлъиги ун гIажизлъунги хутIана.

Ахират тIаса бищун, шагьидияб хвел бокьун,
Дунялалдаса арал абадиял ахIрарал,
Аллагьасе гIололъун рухIал жедеца кьурал, –
ХIалаллъаги ножое Алжаналъул нигIматал!

Ибну Зияд-малгIунас рисалат хIадурана,
ХIосенгун агьлоялъе гьабунщинаб бицана.
Цинги Къайсил вас – ЗахIар, ахIун, аскIуве щвана.
«Шамалде Язидихъе ине къачIай», – абуна.

Ибну Зиядил амро ЗахIарица тIобана,
ТIолалго хIаваижал[2] хIадур жинца гьаруна.
ХIосенгин агьлоялъул бутIрулги цадахъ росун,
Асирзабиги рачун, ЗахIар къватIив вахъана.

Авлахъал нахъа тана, росабалъан къотIана,
Къоязда сардал рацIцIун, асирзаби рачана.
Расуласул наслаби – ХIосенил агьло-хъизан
Язид вугев бакIалде – Димишкъиялде щвана.

[1] Бугъат – шаригIияв имамасде данде рахъарал бусурбаби.*
[2] Ай, сапаралъе хIажатабщинаб.*

Димишкъи шагьаралде къапила щолелдего,
Къайсил ЗахIар рохелгун Язидихъ ун вукIана,
Ибну Зиядил кагъат Язидил кодоб кьуна.
Кьарияб сайгъаталде хьулги гьасул букIана.

«Гьати ма вараака», [1] – Язидица абуна.
ЗахIар гIищкъо-шавкъалда гьеб бицине лъугьана.
Лъугьарабщинаб къиса жинца баян гьабуна,
Бергьенлъи дуй щванилан Язидида баркана.

Карбилаъ-майданалда ХIосенгун агьлоялъул
Ажсадал[2], бутIрул къотIун, танин абун бицана.
Руччабиги лъималги – киналго, асир гьарун, –
Гьелги Димишкъиялде щваралилан абуна.

Беразул магIо тIинкIун, Язид гIодов къулана,
ГIалил ХIосен чIвай лъайдал хIал хисун жив лъугьана,
«Гьев ХIосенги чIвайчIого, нуж мутIигIлъиялдаса
Дун разияв вукIанин», – ЗахIарида абуна;

ХIосен чIваялъул гIайиб ГIубайдуллагьасде бан,
«ЛагIаналлагьу ибна маржанат, – ан кIалъана. –
ВукIараванищ дунго, дица ХIосен, чIвайчIого,
ХIажатаб щинабги кьун, телаан», – ин абуна.

Ибну Къайс – ЗахIарийги рохел бицун жо щойчIо,
ЧIового Язидица къватIив вахъинавуна.
Къапила тIаде щвана, Язидихъе рачана,
Босун, ХIосенил бетIер байна ядайгьи[3] лъуна.

[1] Ай, «Бице», – абун.
[2] Ай, къаркъалаби.*
[3] Ай, Язидида цебе.

БетIералде валагьун, шигIроялда кIалъана,
КIалдиб, кодоб букIараб, тIил тенкезе гьабуна.
Гьелда ракI рекъечIого, мажлисалда вукIарав
Абу Бурдат Салами, семун, жинда кIалъана;

Жинда Расулуллагьас гьеб ХIосенил кIалалда
Убач гьабун бихьанин, нугIлъи гьабун, бицана.
Цинги мажлисалдаса, ракIхун, къватIиве ана,
ХIосенил бетIер къотIи жиндие захIмалъана.

Язид гьанжесалаги, Аллагьасул цIаралда,
ХIосен жиндица чIвайзе вукIинчIилан гьедана,
Гьев чIваялъе сабаблъун ккарал гIилабаздаса,
ГIузру бачун, гьоркьосан цо-цоялги рехсана.

Гьанжи асирзабазул руччаби жанир ахIун,
ХIосенил бетIералде тIолгоязул берщвана.
БетIералда берчIвайдал руччабаца хIехьечIо,
ХIалщварал гьаркьал гьарун, гьуя-гьарай бачана.

Гьезда гурхIун, Язидил руччабиги яцалги,
Цадахъго лъугьун гIодун, тIобан магIирукъ лъуна.
ТIаде яхъун, ФатIимат Язидида кIалъана,
Дуй рохел щун батилин гьанжийилан абуна.

Гьелдалъун дун вохичIин, пашманлъун горониян,
ФатIиматие жаваб Язидица гьабуна,
Гьединго «Ва ма ата гIалайкунна агIзаму
Мимма ухиза минкунна»,[1] – тIадеги жобана.

[1] «Ножодасан щвaралдаса дие ножоде тIаде бачIараб кIудияб буго», - ян абун.

Жиги, гьал асирзаби Язидил тухумалъул
Руччаби данделъараб мажлисалде рачана,
Расуласул гIашират, ХIосенил агьло-хъизан, –
Гьалгун дандчIвай гьабичIей чIужугIадан хутIичIо;

ТIолгояца цадахъго пашманлъи загьир гьабун,
Гьазде щвараб хIал бихьун, хIайранлъиялде ккана.
ХIосенил агьло-хъизан, Расуласул наслаби,
Туснахъал гьарун, рачIин гьазие захIмалъана.

РахIму-гурхIел гьабуна, адаб-хатир рехичIо,
Хъамал гьабурабщинаб тIадбуссине гьабуна.
ТIаде зиядги[1] гьабун, ретIел-тIех, курхьин-кIиликI
Киналго руччабазда кодо-кодобе кьуна.

Ккарабщиналъ жаниса керен жиндир бухIарай,
ХIосенил хирияй яц – Сакинатин абуни,
«Аллагьасде капурав Язидидаса «лъикIав»
Чи дида вихьичIилан», – балъаргъулей йикIана.

Куфа шагьаралдаго, Шамалде ритIулелъул,
ГьитIинав ГIалил койрал, махх бан, рухьун рукIана.
Рухьухъе гьел койралгун Шамалдеги жив щвана,
Жигиги маххаздаса эркен гьавун вукIинчIо.

Руччабазулгун дандчIвай руччабаз гьабун хадуб,
Гьанжи Зайну-л-ГIабидин[2] Язидица ахIана.
АхIидал жаваб гьабун, ГIали жанив лъугьана,
Жиндир кIиябго койрги бухьухъего букIана.

[1] Ай, тIаде цIикIкIинеги.
[2] Ай, ГIали-Ссагьир (ХIосенил гьитIиинав вас), гьев ккола Зайну-л-ГIабидин.

Цинги ГIали кIалъана, я Язидин абуна, –
Дун койразда маххалгун вукIаравани вихьун,
Аллагьасул Расулас, гьебсагIат гьелги ричун,
Дун веччан телаанин, гьев кантIизе гьавуна.

БитIараб буго абун, Язидги мукIурлъана,
КIиябго койрги бичун, ГIали эркен гьавуна.
ГIакъло жиндир камилав ГIали – Зайну-л-ГIабидин
Язидиде гьанжиги сброялда кIалъана:

«ВукIаравани вихьун дун Расуласда ричIад,
АскIуве вачинчIого телароан», – абуна.
Инкар тун, Язидица гьелъийги жаваб кьуна,
Жиндирго вас кинниги, аскIув гIагар гьавуна.

Гьанжи, ГIалигун цадахъ киналго хIаримазе[1]
РукIине хасал бакIал жинца рихьизаруна,
Жедей хIажаталщинал хIаваижал[2] чIезарун,
ХIурматал гьалбал гIадин, парахалъизаруна.

Язидилги ГIалилги гьоркьоб дагIба камичIо,
Кинабго рехсечIого, дица къокъ гьабун тана.
Цо къоялъ Язидица ГIали гаргазавуна,
Умумузде эрга щун, кIиясулго бахIс ккана.

КIиго гIолилав гIадин, дагIбадизе лъугьана:
Дур умумуз ниж течIин Язидица абуна. –
Имрат[3] нежехъ теларин лъугьиндал, БетIергьанас
Гьел басра гьарунилан согIаб рагIи бицана.

[1] Ай, руччабазе.*
[2] Ай, хIажатаб щинаб.*
[3] Ай, тIалъи, ханлъи.

Цинги ГІали вахъана, Язидида кІалъана:
«Я Ибна МугІавият ва Гьинд, – илан абуна, –
Имрат нежер кидаго умумул-аждадазулъ
Батарабго букІанин, – кІалгьикъун, чІезавуна. –

Бадрогин УхІудалда, дир инсул эмен – ГІали
Расуласул байрахъгун бодулъ вугеб мехалда,
Дансиял тушбабазул байрахъалги кодор ккун,
Дур умумул рукІарал лъаларищ?» - ан абуна.

АскІув вукІун, кинабго калам гьезул рагІарав
Ягьудиязул хІибру[1] Язидихъ валагьана,
«Я амира-л-муъминин, гьав вас лъил кколев?» - абун,
Лъайзе бокьун, суал кьун, хитІаб жинца гьабуна.

«Гьаза сахІибу рраъси гьува абугьу»[2], – абун,
Гьесие жаваб гьабун, Язидица бицана.
БетІералъул свахІиб щив кколевилан гьикъана,
ГІалил вас – ХІосен вугин жаваб гьелъийги кьуна.

Гьанжиги ягьудияс гьесул эбел цІехана.
«МухІаммадил ФатІимат йиго», – абун бицана.
Цинги гьасда ХІосенил насабгин тухум лъана,
«Я субхІаналлагь», – абун, гІажаиблъи гьабуна.

«Ножорго Расуласул ясалъул васищха гьав
ЧІварав чи вукІарав?» - ан пикрабазде вуссана.
Язидида, тункараб калам гьабун, кІалъана,
Гьес ХІосен чІвайи какун, хІакъаб рагІи бицана.

[1] Ай, жугьутІазул гІалимчи.*
[2] Ай, «Гьаб бетІер тІаса къотІарав чи гьав васасул эмен ккола»,- абун.

Эб Язидий бегьичIо, ягьудияв рихана,
«Гьесда кьабе», - ян абун, амро жинца гьабуна.
Кьабуниги чIваниги – гьеб ножорго иш бугин,
Амма Тавраталдани гьадин бугин абуна:

«Иннагьу ман къатала зурийята набиййин
Ла язалу магълубан абадан ма бакъия.
Фа иза мата – хойдал – юслигьиЛлагьу нара
Жагьаннама»,[1] - ян абун, Язидил ракIбахъана.

Язидица буюрун, хатIиб[2] аскIув ахIана,
«ХIосенгун ГIали какун, хутIба гьабе», – абуна.
Минбаралде вахана, хатIибас байбихьана, –
ТIоцове, Аллагьасе рецц гьабун, гаргадана;

Цинги ХIосенгун ГIали гIадамазе какана,
Язидгин умумузе лъикIаб рецц-бакъ гьабуна,
Гьадинаб хабар бицун, хатIиб гаргадулелъул,
«Дун веччай кIалъайзе», - ян ГIали-Ссагъир ахIдана.

ГIали кIалъайзе веччай Язидий данде ккелищ,
Дос бицине бугеб жо балъго асий гьечIелъул.
Бугониги, гIадамаз гIемер тIалаб гьабиялъ,
ГIалие минбаралде вахине изно щвана.

Аллагьасе рецц гьабун, хадуб салават битIун,
Бераз магIо кколареб хутIба жинца гьабуна,
Цинги халкъалде вуссун, «Айюгьа-ннас, – абуна. –
Дун лъаларев ватани, бицинищ?» - ан абуна.

---

[1] Ай, «Тавраталда буго аварагасул зурийят чIварав чи, чIаго вугевгIан заманалда къаравлъунги вукIина, хойдал жужахIалъувеги лъугьине гьавила», – абун.

[2] Ай, масжидалда вагIза гьабулев чи.*

«Буракъалдаги рекIун Масжиду-л-Акъсаялде
Маккаялдасан арав Расуласул васин дун;
Далиллъун Жабраилгун, анкьалго зобал къотIун,
Сидраталде вахарав Расуласул васин дун;

Зодор малайкзабигун жамагIатгун как барав,
Жаббарас гьоболлъухъе ахIарасул васин дун;
Саййидату-ннисаи[1] – Расуласул ФатIимат –
Загьрауллагьийги дун – васасул васин кколев».

ВагIзаялъул камиллъи, каламалъул ритIухълъи,
РагIарал хIайранлъулеб хIикматалъул гъварилъи, –
Кинабго гьеб бихьидал паналъарал гIадамал,
ГIода-чIвадун, цуцалъ ран, гъаргъадизе лъугьана.

Гьезде щвараб хIал бихьун, питна ккеялда хIинкъун,
Как ахIизе муаззин[2] Язидица тIамуна.
ТIоцобе гьес «Аллагьу акбар» абун ахIидал,
Ижабату-л-муаззин[3] ГIалицаги борхана.

«Ашгьаду ан ла илагьа илла лЛагь» абидал,
«Яшгьаду бигьа шагIри ва башари ва лахIми
Ва дами»,[4] - ян ГIалица, рагIа-ракьанде щвараб
Шагьадат бегьизабун, гьелъийги жаваб кьуна.

Гьанжиги азаналъул кIиабилеб шагьадат –
«Ашгьаду анна МухIаммадан расулулЛагь»

[1] Ай, тIолго руччабазул кIудияй, тIадегIанай.*
[2] Муаззин – будун.*
[3] Ай, как ахIиялъе жаваб.*
[4] Ай, «Аллагь цо вукIиналъе нугIлъи гьабула дир черхалъги, черхалда бугеб ра-салъги, гьаналъги, биялъги», - ян абуна

Муаззинас абидал, ГIали-Ссагъир лъалхъана,
Язидидехун вуссун, суал жинца гьабуна:

«Жив Расул вукIиналъе муаззин нугIлъун чIарав
МухIаммад лъил жадд[1] кколев - дурищ, дирищ? –гьикъана. –
Дур жаддилан мун чIани, мун гьересичи ккола,
Капуравги вукIунин, – кIанцIи къотIизабуна. –

Муаззин нугIлъун чIарав Расул – дир жадд ватани,
Досул гIатират[2] дуца щай гъурараб?» – абуна.
Абизе рагIи тIагIун, Язид хIайранлъун ккана,
МухIаммад – дур жадд кколин, ГIалие мукIурлъана.

ГIадамазул ахIи-хIур, гIода-чIвади цIикIкIана,
«Гьаза мусибатун фи-л-Ислами»,[3] – ян лъугьана.
Гьел рихьидал Язидил нафсалда хIинкъи ккана.
ХIосен жинца чIвангутIи чIезабизе бокьана;

Ибну Зияд какана, ХIосен чIвай гьесде бана,
БетIер босун рачIарал цере жинца ахIана,
«ХIосен чIваян амро дир букIанищ?» - ан гьикъана,
БукIинчIилан горони цонигияс абичIо.

Ахиралда Нумайрил ХIасинида гьикъана.
Гьес «Дуе гьеб бицине бокьун бугищ?» – абуна.
Бугилан Язидица данде жаваб гьабуна,
Дие аман[4] кьейилан шартI ХIасиница лъуна.

[1] Ай, кIудияв эмен.
[2] Ай, досул рукъалъул агьло.*
[3] Ай, «Гьаб жо – Исламалде бачIараб кIудияб балагь буго», - ян (ай, ХIосен чIвай).
[4] Ай, битIараб бицани чIвайчIого теялъе божилъи, рагIи.*

ХIасиний аман кьуна, бицине веччан тана,
«Айюгьа-л-амир, – абун, жинца байги бихьана. –
Байрахъал кодоре кьун, боцIи-мал хойзе гьабун,
Боял данде ракIарун, кагътал хьвадизе гьарун, –

Киналго гьал пишаби жинца хIалтIизарурав –
ХIосен чIварав чи кколин», – ХIасиница бицана.
Цинги «Гьев чи щив?» – абун, Язидица гьикъана.
«Гьев чи – мун ккола», – абун, рагIуда ахир лъуна.

Аман кьей мекъса ккана, ХIасин эркенго тана,
КигIан ццин бахъаниги, Язидица къулчIана.
Рокъове тIадвуссана, жиндего машгъуллъана,
Ургъалил керенги цIун, гьабизе жо тIагIана.

ГIода-чIвадун лъугьана, гьормада хъатал чIвана,
Гьеб сордо рогьинегIан кьижун рахIат гьабичIо.
ХIосенил бетIералъе салам кьун, рогьинегIан
РавхIаниял умумул зияраталъ хьвадана.

Язидил чIужуялъги, гьединал макьабаца
Кьижизе толарого, сордо хIалалъ рогьана,
ХIинкъарал макьабаца рокъор кьижизе течIо,
РахIат хварал пикрабаз Язид гьалак гьавуна.

Гьанжи Баширил НугIман жинца тIаде ахIана,
ХIосенил агьло-лъимал тажгьиз гьаре,[1] абуна.
Макка-Мадинаялде, я гьезий бокьаралъур
РитIизе бокьун бугин хабар жинца бицана.

[1] Ай, къачIай.

Цинги ГIалигун цадахъ яцаздехун кIалъана:
«Ножой кин бокьилеб? – ан гьикъа-бакъи гьабуна. –
Бокьани, дида аскIур гьанирго чIа, – абуна. –
ЧIечIони, бокьаралъур ритIилин», – рагIи кьуна.

Расуласул Мадинат наслабазе бокьана,
Язидица «Гьенире щойзе гьаре», – абуна.
Шамалдаса божарав далил хIадур гьавуна,
Далиласе хIажатал хIарасал[1] цадахъ кьуна;

«Нухасан хIурматалда, хIал гьабун рацIичIого,
РахIаталда раче», - ян аманатги гьаруна.
Гьеб хIалалда къапила къватIибе бахъунелъул,
НухбитIи гьабун, Язид ГIалидехун кIалъана.

«Дуй щиб хIажалъаниги, дихъе хъвай», – ан абуна. –
Иншааллагь, дица гьеб тIобайлин», - рагIи кьуна,
ТIадеги, ХIосен чIвайи Ибну Зиядиде бан,
Досие нагIана кьун, гIузру таждид гьабуна.[2]

Гьанжи къватIир рахъана, Димишкъи шагьар тана,
Шамалъул ракьги къотIун, къапила цебе ана,
Нухасан хIаримазул хIурмат-адаб гьабуна,
ХIаррасаз, тIаде босун, сардилъгин къад цIунана.

КъварагIарабщиналъе далилас койрбакъана,
Рукъалъул агьло гIадин, рахIаталда рачана.
Умумузул чурхдулги Карбилаалдаго тун,
Ятимзаби, тIадруссун, Мадинаялде щвана.

[1] Гьал цIунизе чагIи.
[2] Ай, цIи гьабун бицана.

Муъминзабазе дунял туснахълъун кьун бугелъул,
Туснахъалъур рукIаго рохел дозий букIинищ?
Ахират тIаса бищун хьвадизе гIакъло гIечIел
Дунялалъул боцIуца хадур цIайчIого телищ?

Халкъалъулго хирияв Расуласул гIатират, –
ТалихIкъараб агьлоялъ хIурмат гьезул гьабичIо.
ХIабиб цевеса индал умматалъул фусакъаз
Агьлу-л-байталде гIунтIун, бидулаб койр бегьана.

Батулил берзул канлъи – Карбилаалъул шагьид,
Тушбабаз асирлъуде босараб агьло-хъизан;
Балагь тIаде бачIарал саброялде руссине,
Саййид-ХIосенил къиса сабаблъун гьабе, Аллагь!

Гьев шагьидлъараб къоялъ лъугьарал гIаламатал,
Баркаталъе букIине, дагьалго рехсон тезин.
Расулуллагь цо къоялъ къалъул гIужалда макьилъ
Жинда вихьанин абун, Ибну ГIабас кIалъана:

Бидул цIураб шишаги гьесда кодоб букIана,
«Гьаб щиб Расулуллагь», - ан дица гьесда гьикъана.
Гьаб ХIосенил би бугин ХIабибасги бицана,
Цинги, гьеб къоялъ ХIосен чIван вугин, хабар щвана.

ГохI-щобазде дандельун, женаз магIо гьабуна,
Мукърияс «ХIосен чIвайдал, зоб гIоданин», – бицана.
Байту-л-Мукъаддасалда, бокьараб ганчIида гъоркь
Балагьидал, гьеб къоялъ бацIцIадаб би батана.

Бидул цIад бан, гьеб къоялъ киналниги ашъяал
Бида релъун рукIанин, – цо риваятги буго.

Батулил ХIосенихъгин ЯхIя аварагасухъ
КIикъого къояца бакъ гIодарабинги буго.

Дунялалдаго, ХIосен жедеца чIваралазул,
ГIазаб-гIакъобаялъул цIал щойчIев чи хутIичIо.
ЧIва-чIван цоял тIагIана, цоязул мал[1] чурана,
Цоял, гьормал чIегIерлъун, гьаклъун-сверун лъугьана.

Гьижрияб тарихалъул лъабкъого сонги тIамун,
ТIасияб сонил авал – рагъ хIарамаб мухIаррам.
ХIабибасул агьлогун гьеб моцIалъ рагъ гьабизе
Гьунар гIураб къавмалъул къинаребги кин талихI.

Умматалъул хьул лъолев ШафигIасул наслаби
ГIадада чIва-чIван рарал чIвайчIого нахъе телищ?
ЧIунтаяб дунялалъул боцIиялда бахиллъун,
Биял гIодор тIолезе ТIагьал шафагIат киса.

ГIашураан халкъалъулъ жиндир цIар тIибитIараб,
МухIаррам моцIалдасан анцIабилеб къоялъулъ,
КIикъоялда анцIила щуго сонил гIумругун
ГIалил ХIосен тушбабаз чIвана Карбилаалда.

Кинниги Язидие нагIана кьогейилан
Нелъедаса цересез бицун батулеб буго,
Тавбо гьабун вуссунищ, я вацIцIадго вукIунищ, –
Нелъер гIилмо-гIакълоялъ борцине захIмат буго.

ХIатта, ХIужжату-л-Ислам – имам Гъазалиясги
Язидий нагIана кьей бегьизе гьабун гьечIо.

[1] Мал – боцIи.*

Гьес ХІосен чІваян амро гьабунго букІинчІилан
Абулебгицин буго, БетІергьанасда лъала.

Лъица чІван ватаниги, чІаго ХІосен течІелъул, –
ЧІварал – умматалдаса рикІкІине захІмат буго.
Муъминзабазул гьезий лъикІаб дугІа щойларо,
ЛъикІал чагІи рокьулез нагІана гьезий кьела.

Гьанжи, тІахьазда бугеб цо машгьураб къисаги,
Къокъ гьабун рехсон тезин, гІибраталъе[1] букІине.
БетІергьан-Аллагьасул разилъи жиндий щваяв
АгІмашица бицараб босизин гІажамалде.

Байтуллагьалда сверун тІавафалда вукІаго,
КагІбаялда хурхарав цо чи жинда вихьана,
Цинги гьесул дугІаги АгІмашида рагІана, –
РахІматалдаса жиндир хьулкъотІараб букІана.

КІиабилеб нухалъги добго дугІа гьабулев
Дов чи вихьидал АгІмаш гІажаиблъун хутІана,
ТІаваф гьабун хадуса гьесда аскІуве ана,
Гьесул хІал-хІукму цІехон, гьикъа-бакъи гьабуна:

«Къудраталъул Аллагьас, гьарунщинал мунагьал,
Гьарарасул чурулел бакІалълъ горищ мун вугев?
Щай гьедагІан хьулкъотІун, ракІбакъван вукІунев?» - ан,
РакІбатун, АгІмашица гьев кІалъазе гьавуна.

Гьес, мун щиван гьикъана, АгІмаш вугин бицана,
Цинги, жиндир цІакъ кІудаб мунагь бугин абуна.

---

[1] Ай, пикро гьабизе, дарслъун.*

АгIмашица: «Дур мунагь зобалгин ракьаздаса,
Ялъуни ГIаршалдаса кIудаб бугищ?» – гьикъана.

Къиса бицун чучизе ражуласе[1] бокьана,
Чи гьечIеб рахъалде къан, тIолго баян гьабуна.
Гьев ватана, ХIосенил бетIер босун, Шамалде
Язидихъе бачIараб къапилаялъул цояв.

Цебе рехсараб хIалалъ, саййид-ХIосенил бетIер
Рокъоб тезе хIинкъараб хIалалде Язид ккедал,
Хьихьизе хIаррасалгун[2] фустIатIалде,[3] бетIергун
Лъабкъоялда анцIго чи Язидица витIана.

РитIаразда гьоркьове гьав ражулги ккун вукIун,
Ккарабщинаб вакъигIат АгIмашие бицана.
Бералдаги бихьанин, гIиналдаги рагIанин
Ражулас бицаралъул бицинин къокъаб хIасил.

Къапила, квана-гьекъон, киналгоги кьижана,
Макьидаса гьав ражул цо заманалъ ворчIана.
Зодосахун бачIунеб накIкIул парча бихьана,
Кутакаб гьорол гIадаб гьаракьгун гIодоб щвана.

ГIажаибав, гьайбатав, сипат-сурат берцинав
Цо чи гьеб накIкIалдаса гIодов рештIун вачIана,
ГIодоб халича тIамун, тIад чIухIарал тахал лъун,
Тахалда тIад вахъун чIун, цинги жинца ахIана.

[1] Ражул – чи ( ай, гьав чиясул цIар лъаларо).
[2] Ай, хъаравулзабигун.*
[3] Ай, гIалахалде (мегъ бугеб бакIалде*).

«Инзил, я Аба-л-башар, инзил, я Адам!»[1] – абун
Адам аварагасе рещтIине изно кьуна.
Зодоса гIодов вачIун, башаразул инсуца
ХIосенил бетIералда аскIуб вукъуф[2] гьабуна:

«Ас-саламу гIалайка, я Аллагьасул вали,
Ас-саламу гIалайка, бакъийяту ссалихIин[3]. –
Цинги, – гIишта сагIидан ва къутилта тIаридан
Ал-вайлу ликъатилик гъадан мина-ннари»,[4] - ян,

НагIю[5] гьабун, ракIбухIун ХIосенил бетIералъе
Башаразул инсуца[6] пашманаб салам кьуна,
Салам гьабун хадуса, халичаялде вахун,
Жиндий бихьизабураб тахалда гIодов чIана.

Адам гIодов чIелалде цойгиги накIкIул парча,
Цебесебго кинниги рещтIун гIодоб бачIана.
Мунадияс[7] ахIулеб ражуласда рагIана:
«Инзил, я набийяллагь, инзил, я НухI!»[8] – абуна.

НухI авараг рещтIана, ботIрода аскIув чIана,
Адамица кинниги пашманаб салам кьуна.
Салам кьун хадусала, «Аллагьас, мун чIваразул
Мунагь чуругеги», - ян дугIа жинца гьабуна.

---

[1] Ай, «ГIаламалъулго эмен, рещтIа» - йилан ахIана.
[2] Ай, чIейи.*
[3] Ай, лъикIаздасан нахъе хутIарав.*
[4] Ай, «Мун сагIидиявлъун, бахьи бугевлъун вукIана, мун нахъе къотIун чIвайзеги чIвана, мун чIварасе метер жужахI буго» - ян абуна.
[5] Ай, магIу гьабун, зигара бан.»
[6] Ай, инсаниятальул инсуца.*
[7] Ай, ахIулев чияс.*
[8] Ай, «РещтIа, я Аллагьасул авараг – НухI».

Цинги нахъегIан къана, тахалда гIодов чIана,
БачIун, цойги, зодосан накIкIул парча рещтIана, –
ТIоцобе как ахIана, ражуласда рагIана,
Жигиги мунадияс цойги ахIи гьабуна.

«Инзил, я Халилуллагь, инзил, я Ибрагьиму!»[1] –
Мунадияс ахIидал, Ибрагьим-халил щвана,
РахьхъахIаб мегежалъул, херлъи жиндир берцинав,
Халалъи-къокълъиялъулъ гьоркьохъевги вукIана.

Гьесги, ХIосенил ботIрой икрам-тахIийят[2] гьабун,
НухI-Адамица гIадин, пашманаб салам кьуна.
Салам гьабун хадуса, халичаялде вахун,
Жиндий бихьизабураб тахалда гIодов чIана.

Рехсараб сураталда, Калимуллагь – Мусагун,
ГIиса – РухIуллагь, рачIун, тартибалда рещтIана.
БетIералъе салам кьун, пашманлъи загьир гьабун,
Гьалги жеде-жедерго тахазда гIодор чIана.

Зобал гъугъалел гIадал гьаркьазул сасгун цадахъ,
Цойги, цIакъго кIудияб накIкIул парча рещтIана.
Ражуласда рагIана, как ахIи тIобитIана,
ТIаде мунадиясул ахIиги нахърегIана:

«Инзил, я Аба-л-Къасим, я МухIаммад, я АхIмад,
Инзил, я Музаммилу, я Муддассир, я ТIагьа![3]» –
Гьаб ахIи тIобалелде ТIагьа гIодов рещтIана,
ТIинкIун унеб моцI гIадаб гьомергун жив вукIана.

[1] Ай, «РещтIа, я Аллагьасул халил – Ибрагьим».*
[2] Ай, кIодолъи, хIурмат.*
[3] Ай, ахIулев чияс ахIулеб рагIана: «РещтIа, я МухIаммад, я АхIмад!» – абун.

Алжаналъул ретIелгун, ботIрода – таж, халгIатгун,-
Бицине хIалкIолареб берцинлъигун вачIана.
БетIергьан горевасда рикIкIен жедер лъаларел, –
Жиндир кваранаб рахъалъ малайкзаби рукIана.

КогIаб рахъалъ абуни, ГIалигун Загьрауллагь,
АкътIабазул кIудияв – вас ХIасангун рукIана.
ХIосенил бетIералде Расул аскIув вачIана,
КIутIун кодобе босун, каранде жинца къана.

РакI къварилъун гIодана, магIо бераца тIуна,
ГIали аскIуве ахIун, гьесда кодобе кьуна.
Каранде бетIерги къан, ГIалиги цIакъ гIодана,
Цинги васасул бетIер эбелалъухъе кьуна.

Эбел-ФатIиматица бетIер кодоб босана,
«Дир беразул канлъи», - ян каранде данде къана.
Кутакалда гIодиялъ гьаркьал жинца гьаруна,
Гьеб рагIаралщиназул гIодичIев чи хутIичIо.

Хадуб васасул бетIер – вац ХIасанихъе кьуна,
Гьевги, бетIер кодоб ккун, каранде къан гIодана.
Адамгин НухI, Ибрагьим, Муса, ГIиса – эргадал
АскIур рачIун, – тIолгояз ТIагьаде зигар бана.

Зигар гьабун хадуса, хириял умумулгун
Вацазде[1] хитIаб гьабун, ХIабибуллагь кIалъана:
«Нуж дие нугIзал ругин дида хадуб умматалъ
Дир хирияв васасе гьабуралъе», – абуна.

[1] Ай, умумул – Адам, НухI, Ибрагьим, вацал – Муса ва ГIиса (гI.с.).

Гьанжи ХIабибасухъе цо малаик вачIана,
ВачIиналдасан мурад жинца баян гьабуна:
«Жаббарас амро гьабун, дуе мутIигIлъейилан
ВитIун вугин», – малайкас Расуласде абуна. –

Изно дие бугони, дур умматалъул нахъе
Цо чи тезе гьечIилан, – гьадинан жив кIалъана, –
Жиндир маскан-макъамги[1] бищун гъоркьияб зодиб
Малакун муваккалун вуго, – абун бицана.

Цойги малаик вачIун, Расуласде кIалъана,
Ралъадазда тIад тарав жив вугилан абуна,
«Аллагьасул рахъалъан, дуе мутIигIлъейилан,
Дидеги амро бугин, – эсги баян гьабуна. –

Батани дие изно, дур умматалде тIаде
Дун ралъадал реччайзе хIадур вугин», – абуна.
РухI бахъулеб сагIатги ургъел жинца гьабураб
Уммат гьалак гьабизе кинго ХIабибас течIо.

«Куффу гIан уммати»,[2] - ян кIиявго нахъе чIвана,
ХIосен чIваразул амро Аллагьасде тIамуна.
Адам тIаде вахъана, баркала кьун, кIалъана,
«Жазакаллагьу хайран»[3], – ТIагьаясде абуна.

ХIосенил къисасалъе хIаррасал чIвайзениги
Изно кьейилан ХIасан ХIабибасде гьардана.
Вацасухъ бухIараб ракI ХIасанил гIодобцине,
ХIаррасал чIвайзе изно малайкзабазе кьуна.

[1] Ай, жиндир макъам, жив чIараб бакI.*
[2] Ай, «Дир уммат жибго те», – абун.
[3] Ай, «Аллагьас дуе, дуца гьабуралда рекъон, лъикIаб жаза гьабеги».

Малайкзабаз хIаррасал цо лахIзаталъ гъурана,
Цо хутIарав дов ражул хапун малайкас ккуна.
Малайкасдаса хIинкъун, рухI цIунун чIичIидана,
Расуласде ахIи бан, аманилан гьарана.

ГьебсагIат ХIабибуллагь ражуласухъ вортана,
«Анта мина ссабгIина вугевищ?»[1] - ан гьикъана.
Гьев ражул мукIурлъана, кколилан жаваб кьуна.
«Живго те», - ян ХIабибас малайкасде абуна.

Амма дугIа гьабуна, ражуласда рекъараб,
Жиндир гъуфраналде[2] хьул лъезе бакIго хутIичIеб:
«БетIергьан гурхIугеги, мунагьал чуругеги,
Мун жужахIалъул цIаялъ вухIизеги вухIаги!»

«РахIматалдаса дир хьул къотIичIого букIиниш,
Бугелъул гьабун дие гьаб дугIа Аварагас?»
Ражулас гьаб бициндал: «Илайка гIанни»[3], – абун,
АгIмашица, ццин бахъун, гьев чи нахъегIан цуна.

الله أكبر

[1] Ай, «БетIергун Шамалде рачIарал 70 - ясда гъорлъа вугищ мун?» – абун.
[2] Ай, Аллагь тIаса лъугьиналде, мунагь чуриялде.*
[3] Ай, «НахъегIан а дида аскIуса».*

# - ФАСЛО -

## ЯЗИД ВА ГІУБАЙДУЛЛАГЬ БИНУ ЗИЯД ХОЯЛДА ХУРХАРАЛ ХАРБАЗДАСАН КЪОКЪАБ БАЯН

ХІосенил бетІер къотІун, мурадалде щун хадуб
Шавкат[1] Ибну Зиядил дагъабги кутаклъана.
Куфагун Бусраялъул корщалида вукІарав, –
Кинабго ГІиракъалъул гІамиллъун[2] гьев тІамуна.

Гьесие жаизатлъун[3] азарцІол азар диргьам
Язидил рахъалдасан щварабинги бицана.
Цинги, Куфаялдаса Бусраялдеги вачІун,
Бичун босун, цо-кІиго мина бихх-биххун бана.

«ХІамраъ», «Байзаъ» цІарги лъун, Шададил Ирам гІадаб,
Щулияб, цІакъ кІудияб кІиго хъалаги бана,
Нахъа ургъел гьабизе щибго жо гьечІеб гІадин,
ГІиракъалда кьанги бан, бокьухъе жив хьвадана.

Жиндир вац ГІубайдуллагь Бусраялде вачІиндал,
Муслим ибну Зиядил гьесулгун данде ккечІо.
Гьав кІиявго вацасул гьоркьоблъи лъикІ букІинчІо,
Гьелъий ккараб гІиллаги гьаб букІанин бицана:

ГІубайдуллагьас ячун ятІалъарай цо гІадан
Цинги вац – Муслимица лъадилъун ячун йиго.
Вацас еччарай чІужу вацас ячиналдалъун, –
КІиясулго гьоркьоблъи гьеб сабалъун хун буго.

[1] Шавкат – къуват, гуч.*
[2] Ай, бетІерлъун.*
[3] Ай, сайгъатлъун.*

Хвалчен горони, гьазда гьоркьоб жо хутIун гьечIо.
Гьанжи Муслим Шамалде, Язидихъе ун вуго.
Язидица, берцинго тIаде къабулги гьавун,
Гьикъа-бакъун, Муслимил хIал-хIукму цIехон буго.

Гьас гьикъун, дос жаваб кьун, хабаралда рукIаго,
Хадусан Язидида гьасул мурад лъан буго.
Бусраялда рахIатхун, хIалхьи вацас течIого,
ХIакимлъи цойги бакIалълъ къварагIун батун буго.

КъварагIиндал ратарал Зиядил лъималазе
ЛъикIаб гореб гьабизе Язидил хивал ккелищ?
Хурасаналде Муслим гIамиллъун вихьизавун,
ГIакъд гьабун, кагъатги хъван, иш роцIине гьабуна.

Шамияб, къуват бугеб гIаскар Муслимихъ кьуна,
Муслим гьанжи, тIадвуссун, Бусраялде вахъана.
Хъизан-лъималгун цадахъ, цойги, Бусраялдаса
Бокьун цадахъ рахъунел, рачин мурад букIана.

Муслимида нахърилълъун ине къачIадулезул
Рукъзал риххизе гьанжи ГIубайдуллагь лъугьана.
ГIарз гьабун, Муслимица Язидихъе хъван ана,
Язидица: «Рукъзазда койр хъваге», - ян бачIана.

Бусраялъул садатал[1], Ибну аби Суфратгун,
Муслимида нахърилълъун сапаралде рахъана.
Хъизан-лъималги рачун, шагьарги вацасе тун,
Муслим гIасакиралгун[2] Хурасаналде ана.

[1] Ай, церехъаби, къадро-къимат бугел чагIи.*
[2] Ай, жиндир боялгун.*

ХIосен куфаялъулаз ахIун унеб мехалда,
ХIанифатил МухIаммад[1] Мадиналда вукIана.
Вацасда цадахъ ине рес гьесие рекъечIо,
Унтун босада вукIун, гъоркь хутIарав вукIана.

Хадуб, гьанжи регIидал, гIажаибаб рецц-бакъгун
Язидица хъван кагъат МухIаммадихъ битIана:
«Бану гьашимилазул гьанжи мунгIан гIакъилав,
ГIелму-фагьму камилав вихьуларин, – абуна. –

Рисалат кодоб щойгун, щибниги хIинкъичIого,
ХIалхьун, гIодове веччан дихъе вачIа, – гьарана. –
Дур каламгин, кIалъайгин, раъю-пикроялдасан
Пайда бокьун бугилан», – гьебги баян гьабуна.

Гьаб Язидил рисалат, жиндихъе щун, цIалидал,
Щибдай гьабун лъикIилан лъикI МухIаммад ургъана.
Ургъел бикьун, васалгун гIакъло дандбан кIалъана,
Лъималаца инсуде унгейилан абуна.

ХIосение гьабураб гьабизе нахъкъаларин,
Гьесда божугейилан ГIабдуллагь данде чIана.
«Досул зарал дудаса Аллагьас нахъчIваялде
Дирни хьул буго», – абун ЖагIфарица[2] абуна.

Инсуцаги тавакал Аллагьасде тIамуна,
АхIидал, жаваб гьабун, сапаралде вахъана.
Сапаралъул хIал баччун, Язидихъе жив щвана,
Язидица разиго тIаде къабул гьавуна.

[1] Ай, ХIосенил эбел батIаяв вац.*
[2] ГIабдуллагьги ЖагIфарги – кIиялго МухIаммадил васал.

ТІоцове дандчІвалаго, «Я Аба-л-Къасим», – абун,
ХІосен чІваялъул зигар Язидица гьабуна. –
Дуда гІадин дидаги гьев чІвайи унтанилан, –
Аллагьасул цІаралда МухІаммадий гьедана.

Довго лагІанагьуллагь – ГІубайдуллагь какана,
Дихъ дов гІенеккичІилан гІайиб досде рехана.
Дица, щиб гьабуниги, ХІосен чІвайзе вукІинчІин,
РакІ нелъеда лъаларо, кІалалъ гьадин бицана.

Цинги хадув МухІаммад кІалъайзе веччан тана,
Язидил хабаралъе рекъараб къимат кьуна.
Къадирасе бокьухъе тІобараб хІукму-къадар,
ТІаде ракь хъван тейиго маслахІатлъун бихьана;

Кинниги, ХІосен дие – эмен цояв вацлъидал,
Дов какун калам-хабар гьанжеялдаса хадуб
Дудасан рагІизе дий бокьиларилан абун,
РекІелъ бугеб хивалги къватІиб загьир гьабуна.

Язидица гьелъийги: «Дидасан ХІосен какун
Дуда рагІизе гьечІин» – щулияб рагІи кьуна.
ШартІ гьабураб кинниги, гьаб каламалда хадуб,
БайгІат[1] жиндий гьабеян, – гьебги цебе рехана.

Цинги МухІаммадица, маслахІат тІаса бищун,
БайгІаталде инкар ккун калам-хабар гьабичІо.
Гьелъие рагІи кьуна, гьоркьоблъи хойзе течІо,
ГьебгІан кІудияб мурад Язидилги букІинчІо.

[1] Ай, жив халифа вукІиналда разилъи ва мутІигІлъиялъе къотІи кьей.*

Берцинаб дандчIвай гьабун, гьадинаб хабар ккана,
Хадуб МухIаммадие жанив чIезе бакI кьуна.
Жиндир рахъалъан дуе, тIадвуссун унеб мехалъ,
Лъабнусазарго диргьам сайгъат бугин абуна.

«Айюгьа-л-амир, – абун, Ибну ГIали[1] кIалъана, –
Гьеб малалде[2] дун хIажат гьечIин», – инкар гьабуна.
Гьеб дуца бокьаразе бикьизе бегьилилан
Язидица абидал, цинги къабул гьабуна.

Рокъобе ракIбайзегIан, Язидида гьоболлъухъ
Гьаб, рехсараб, хIалалда МухIаммад мукъимлъана[3].
Макка-Мадинаялде хивал жиндир хIалтIидал,
ТIадвуссун ине изно Язидида гьарана.

Нусазарабго диргьам сайгъатги тIаде жобан,
«ТIадвуссине бегьилин», – Язидица абуна. –
Амма мун дида аскIув даимго чIолевани,
Дий цIакъ бокьилаанин – гьадин хабарги ккана. –

Кинниги тIадвуссине дуе бокьун бугелъул,
Бокьилаан абизе дир гIолареб, щолареб.
ГIайиб чIвайзе рес бугел ахлакъал[4] дилъ ратани,
АбичIого тезеги бокьиларин абуна.

«Амма ма кана минка ила ХIосен – фазака
Шайъун ла тустадраку, – Ибну ГIали кIалъана. –

[1] Ай, ГIалил вас.*
[2] Ай, боцIиялде.*
[3] Ай, чIана.*
[4] Ахлакъал – тIабигIатал.*

Амма-л-ана фаинни ма раайту минка муз
Къадимту гIалайка илла хайран[1]», – тIад жобана.

ТIадеги Язидиде: «Гъайра анни ангьака
ГIан шурби-л-хамри[2]», – абун, гIайиб гIунтIизабуна.
Язид цIакъ разилъана, вохун къабул гьабуна,
Гьекъолеб жо телилан щулияб рагIи кьуна.

«РагIийяталъ гIакъд гьабун[3], тIаса вищарав амир –
Аллагьасдагин гьезда гьоркьов васитIа вуго.
Гьесулъ чара гьечIого такъва[4] букIине ккола,
Такъва гьечIев вугони, рагIийят[5] пасалъула». –

Гьадинаб магIна-мурад жиндилъ бугеб насихIат
МухIаммадица гьабун, Язидий къабуллъана.
КъолъикI гьабун, цуцазе лъикIаб дугIа-алхIамгун,
МухIаммад Язидица берцинго тIовитIана.

РатIалъулеб мехалъги, «Щиб дуй хIажалъаниги,
Дихъе хъван битIе», - йилан Язидица абуна.
«АфгIалу иншааллагь ва ла акуну илла
ГIинда ма тухIиббу»[6] - ян МухIаммадги кIалъана.

Гьелда хадув МухIаммад, Мадиналдаса вахъун,
Маккаялдеги вачIун, гIибадаталда чIана.

---

[1] «ХIосенилгун дур ккараб иш кин батаниги нахъбуссин гьечIеб жо буго, амма дун гьанив вугевгIан заманаялъ дида дур лъикIаб горони бихьичIо», – абун.
[2] "Кинниги гьаб гьекъолеб жоялдаса дица мун нахъчIвалев вуго", – абуна, гьелда тIасан вагIзаги гьабуна.
[3] Ай, халкъалъ къотIи кьун.*
[4] Ай, Аллагьасдаса хIинкъи.*
[5] Ай, халкъ.*
[6] Ай, «ХIажат ккани, хъвайла ва дир дудехун рокьукълъи букIинаро», – абун.

Дунялалъул иш-яшав кинабго рехун тана,
Как-кІалалда даимлъун, гІумру нухаб тІамуна.

Гьанжи Ибну Зубайир – ГІабдуллагь вагъарана,
Балъгого халафалъи жинца тІалаб гьабуна.
ТІепун, кьижун букІараб питна борчІизабуна,
Язидил имраталда[1] тенкезе байбихьана.

Комек-койрбакъиялде хІажалъараб мехалда
Лъалевги лъаларевги чи аскІув вачІунелъул,
Ибну Зубайирида нахъбилълъараб цо къокъа,
Цинги, МухІаммадихъе гьеб мурадалъ бачІана.

МутІигІил ГІабдуллагьгун, ГІаббас бину Сагьлугун
Мугьажир-ансаразул авладал[2] гьел рукІана.
Гьез жедерго бугеб къасд къватІиб загьир гьабуна,
Язидилгун рагъ гьаби хІажат бугин абуна;

Ибну Зубайр – ГІабдуллагь халифалъун гьавизе
Гьесий байгІат нежеца гьабун бугин бицана.
«Нижгун мунги цолъизе, цадахъ ишги гьабизе –
Гьеб нежей бокьун бугин», – бицен гьабун, кІалъана.

Цинги МухІаммадица чІванкъотІун жаваб кьуна,
Жинца гьеб гьабуларин гьезул рагІи къотІана.
Язидица гьекъолин, гьабигун васандулин, –
Гьединав фасикъ нелъей щайилан гьаз абуна.

Язидида аскІув дун Шамалдаги вукІанин,
Дида цониги гьесул фасикълъиги бихьичІин,

[1] Ай, Язидил ханлъиялда.*
[2] Авладал – лъимал.*

Бихьун лъайчIеб жоялъе нугIлъиги бегъуларин, –
Бегъулеб рагIи бицун, Ибну ГIали кIалъана.

«Цинги, досул букIараб, хамро[1] гъекъолеб гIадат,
Дица нагъюги гъабун[2], гьебги танин – абуна. –
Гьесул мунагъалдалъун, нагъю гъабун хадуса,
Дун хIакъикье ккеларин, – тIаде баянги къуна. –

Дун ножоца гIадада биял гIодор тIеялда
ХIинкъун вугин», – МухIаммад гIакълоялда кIалъана.
ГIакъло къабул гъабизе къокъаялъе бокьичIо, –
Бокьун батани, байгIат дуй гъабилин абуна.

Дида нахърилълъаниги дунго нахъвилълъаниги,
Дица рагъ гъаби хIалал гъабуларилан чIана.
Гьаб суалалда сверухъ лъикIаланго бахIс ккана,
Кинги МухIаммадица гъазул раъю[3] нахъчIвана:

Агьлу-л-къиблаталъулгун[4] рагъ дица гъабуларин,
Аллагьасул цIаралда, ахиралда гьедана.
Агьлоялъухъа изно босун хадув горони,
Дун чияр рокъов жанив лъугьунарин кIалъана.

Балъгого Маккаялда гъоркьан хIалтIула бугеб
ХIаракаталъул[5] хабар Куфаялде рагIана.
МалгIун – Ибну Зиядихъ Бусраялдеги щвана,
БитIараб бугищ лъайзе Куфаялде вачIана.

---

[1] Хамро – чагъир.*
[2] Ай, «Дица гьелдаса гьукъун».*
[3] Ай, гьазул пикру.*
[4] Ай, бусурбабазулгун.*
[5] ХIаракат – багъа-бакари.*

Куфаялъул халифа – ГӀамрулгун дандчӀвай гьабун,
Гьаб хабар рагӀанищан гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьелда тӀасан кӀиявго цуцазде гаргадана,
Цинги ГӀубайдуллагьас ГӀамрудехун абуна:

Ибну Зубайридасан Язидида хӀинкъизе
Дида бачӀунарилан пикро загьир гьабуна.
Гьадал турабиятал[1] бищунго Язидие
ХӀинкъи бугел ругилан, гьабги тӀаде жобана.

«ГьабсагӀат Куфаялда гьезул рахъккун кӀалъалев
Лъалев чиго вугищ?» - ан суал ГӀамруе кьуна.
ГӀукъбатил вас – ГӀамарат кӀанцӀун тӀаде вахъана,
Дида лъалилан абун, кӀалъай жинца гьабуна.

Жиндагин ГӀубайдил вас – Мухтаридаги гьоркьоб
ГьитӀинабго, цебеккун ккараб дагӀба-къец букӀун,
Цинги ГӀамаратица, гьеб сабаблъун, бугьтан лъун,
Мухтарида тӀад, гьечӀеб гӀайиб чӀезе гьабуна;

Муслим бину ГӀукъайли дуде данде тӀамизе,
ТӀаде босун, хӀалтӀарав гьев вукӀанин абуна.
Гьединго, авалалда гӀусманиявги вукӀун,
Хадув турабиявлъун дов соранин абуна.

Цинги Ибну Зиядил ццин цӀакъго гьалаклъана,
«Гьев дихъе ваче!» – абун, хъачӀго амро гьабуна.
Чукъбуз ГӀубайдил Мухтар вачун, гьасухъе щвана,
Гьев малгӀунас кӀалгьикъун, бадирчӀваял гьаруна.

[1] Ай, ГӀали асхӀабасул рахъкколел.

ЧIванкъотIун Мухтарица: «Дие турабиятал
Расуласе гIололъун рокьулилан», – абуна. –
Амма Муслимий комек дица гьабун букIинчIин,
Гьав ГIамаратидаги гьеб лъалилан кIалъана.

Гьанжи ГIамарат, нечон, гIодовехун тIерхьана,
ТIатун доб гьересигун хваралъул бакIалълъ ккана.
Мухтарица Муслимий комек гьабун букIинчIин,
Гьереси хисизабун, хабар бицине ккана.

Цинги Мухтарил гьормалъ ццидал цIурав малгIунас,
Цебе батараб цо тIил, кодоб босун, кьабуна.
Кьабураб тIил бадиб щун, бер гьелъ бихъизабуна,
Гьелдаса нахъе гьесде «Аштар», - илан абуна.

«Ибну ГIукъбатица[1] мун вацIцIун гореванани,
Габур дица дур къотIи – хIакъаб букIанин», – абун,
ХIинкъаби кьун, кIалгьикъун, къосарав Ибну Зияд
«Бигьи ила ссижни»,[2] - ян амро гьабун, кIалъана.

Мухтар жанив вачана, туснахърокъов тIамуна,
Койразда маххалги ран, цIакъ щулаги гьавуна.
Гьеб хабар Мадиналде, Ибну ГIумарихъ[3] щвана,
ГIубайдил Мухтар туснахъ гьавун вугин рагIана.

Ибну ГIумарил хъизан – Мухтарил яц йикIана.
Вац туснахъ гьави лъайдал гьей рахIатхун лъугьана.
РахIму-цIоб гьечIев малгIун – ГIубайдуллагьил туснахъ
Нахъе чи ворчIиялда божи гьечIеб букIана.

[1] Ай, ГIамаратица.
[2] Ай, «Туснахъалъув тIаме гьев», – абун.
[3] Ай, ГIумар асхIабасул вас ГIабдуллагь (разиялЛагьу гIангьума).*

Гьелъ, Ибну ГIумарие Сафият зигардана,
Дир вацасе цо комек гьабейилан гьарана.
Гьелъго абичIониги, живго Ибну ГIумарги
ГIубайдил Мухтарие комекалда вукIана.

Кинниги, Язидихъе Шамалде кагъат хъвана,
Комек тIалаб гьабизе тIокIаб чара букIинчIо.
Божилъи жинде гьабун, гьарун кагъат бачIиндал,
Гьелъий рекъараб жаваб Язидица гьабуна.

ГьебсагIаталъ хъван кагъат Куфаялде битIана,
Кутакалда къвакIараб амро жаниб гьабуна:
«Гьаб кагъат кодоб щойгун, щибго нахъбахъичIого,
Мухтар эркен гьаве», - ян гьелда абун букIана.

Гьанжи дов Ибну Зияд чара къотIун хутIана,
Мухтар туснахъалдаса эркен гьавун веччана.
Амма лъабго сордо-къо – заман гьесие цIана,
Гьелда хадув дандчIвани, чIвалин лъайзе гьабуна.

Зиядил кошав васас Куфа хIарам гьабидал,
ХIижазалъул ракьалде Мухтарица къасд лъуна.
«Вакъасат» - ан абураб цо бакIаде жив щвана,
Жинда лъалев, жив лъалев нухлулав данде ккана.

«Дур бералъе щиб?» – абун, нухлулав гьикъардана.
Гьесие Мухтарица ккарабщинаб бицана.
Цинги Ибну Зиядий, нухлулас дугIа гьабун,
Досулги, дур гIадин, бер бахъагиян абуна.

«Ибну Зияд чIвайчIони, дун Аллагьас чIваги», - ян,
Дов чIвайзе хивал букIин Мухтарица бицана.

Цинги, ХIосен чIваразул, ЯхIя аварагасул
Къисасалъе чIваралгIан, чIвайзе ругин гьедана.

Гьадин харбида рукIун хадусан Мухтарица
Маккаялдасан хабар щиб бугилан гьикъана.
Нухлулав, Язидиде данде Ибну Зубайир
Балъго хIалтIула вугин, хабар бицун кIалъана.

Цинги ГIубайдил Мухтар кутакалда вохана,
Рохалилаб хабаралъ керен-ракI гIатIилъана,
«ТIадегIанав Аллагьас мун вохизавеги», - ян
Нухлуласеги лъикIаб гьара-рихьи гьабуна.

Гьанжи, рахIилаталда[1] цIал кIутIун, цеве ана,
КIвараб хIалалъ гьеб бацIун, Маккаялде жив щвана.
Ибну Зубайирие, тIаде ун, салам кьуна,
Салам буссине гьабун, кIалъа-ралъай гьабуна.

«Мин айна акъбалта я Аба ИсхIакъ»,[2] – абуна,
«Мина-л-Куфати»,[3] – абун, Мухтарица бицана.
Цинги, «Куфаялдасан хабар щиб?» - ан гьикъана,
Гьелъийги Мухтарица жаваб гьадинаб кьуна:

«Гьеб Куфаялъул агьло рихьизе – аткъияал,
Амма балъго – агIдаал ругин», – баян гьабуна.[4]
Гьас бицунеб рагIуда Ибну Зубайр рекъечIо, –
«Гьаза сифату агьли суи-л-гIабид»[5], – абуна.

[1] РахIилат – рекIунеб жо.*
[2] «Мун кисан вачIина вугев?» - ан гьикъана.
[3] «Куфаялдасан вачIина вуго», – абуна.
[4] Ай, «Рихьизе – Аллагьасдаса хIинкъарал, жанисан – тушбаби руго», – абун.
[5] Ай, «Гьеб буго квешав лагъасул сипат».*

Ай, цеве вугеб мехалъ мавлаясе[1] мутIигIлъун,
Цевеса дов аравго, какун, гIайибал чIвалев
ГIабдасул[2] мисал бачун, Ибну Зубайр кIалъана, –
Божи лъечIеб лъаларо, Мухтарил кIвар гьабичIо.

КIвар гьабичIого тедал, Мухтар гьасда кIалъана,
«Гьеб хабарги жибго тун, койр дихъе кье, – абуна.–
Дуе байгIат гьабизе дун вачIун вуго», – абун,
Бугеб ахIвал-хIал бицун, мурад загьир гьабуна.

Ибну Зубайирица данде жаваб гьабичIо,
Гьанжи, ццин бахъун, Мухтар хъващтIан тIаде вахъана,
ТIокIав валагьичIого, рахIилаталда[3] рекIун,
РакIги досдаса буссун, ТIаифалдехун ана.

ТIаифалда букIараб гIагарлъиялда аскIув,
Сон данде соризегIан, хIалхьиялда вукIана.
РакI-хIал хун ватIалъарав, тIокIав аскIуве къайчIев, –
Ибну Зубайирица гьасул хабар цIехана.

Гьев ТIаифалда вугин рагIанилан бицана,
Цинги, дагьал къоял ун, ХIарамалда вихьана.
ХIарамалде щваниги, щибниги, Мухтарица
Ибну Зубайириде кIвар буссине гьабичIо.

Байталда тIаваф гьабун, Мухтар тIован хадуса,
Маккаялъул агьали гьесда сверун буссана.
Ибну Зубайирида, дов нахъе кIанцIун чIедал,
ЦIидасанги гьоркьоблъи гьабун лъикIилан ккана.

[1] Ай, бетIергьанчиясе.*
[2] Ай, лагъасул.*
[3] Ай, рекIунеб жоялда.

Гьоркьовчи хIисабалда, Сагьлул ГIабас аскIув ун,
Салам кьун, цIеха-рехон Мухтаргун гаргадана:
«Дур, Ибну Зубайирий мубаягI[1] гьабиялъул,
Бугеб пикро щиб?» – абун, бакка-бахъи гьабуна.

Ибну Зубайирилгун цебеккун жиндир ккараб
Кинабниги вакъигIат[2] Мухтарица бицана.
Цинги хадуб «Иннагьу лаахIважу илайя
Минни илайгьи»,[3] – абун, хабар къокълъизабуна.

Хадубги ГIабасица, маслахIаталъе кIалъан,
КIиясулго гьоркьоблъи данде ккезе гьабуна.
Богол как бан хадуса, халкъ гьапулаб гIужалда,
Мухтарги цадахъ вачун, Ибну Зубайрихъ ана.

Ибну Зубайир гьасухъ гьанжи лъикI валагьана,
«ЛъикI щварав», - ан койр босун, зарал-хайир цIехана,
Хадусан Мухтариде: «Ва гьаза вакътуль-халват
Фа гьати-ль-ан ма гIиндак»,[4] – абун, кIалъай гьабуна.

Гьанжиги, добго хIалалъ, дуе байгIат гьабизе
Дун вачIун вукIанилан Мухтарица абуна.
Ибну Зубайирида цо-цо шартIги цебе лъун,
Цуцаде гьел ккезарун, койр бачун, гIакъд гьабуна.

ГIубайдил Мухтарица байгIат гьабун хадуса,
Гьесда хадув халкъалъул гIемерав чи вачIана.

[1] МубаягIа – халифа хIисабалда гьесие мутIигIлъиялъе къотIи кьей.*
[2] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[3] Ай, «Досул диде хIажалъи цIикIкIараб буго досде диралдаса», - ян.
[4] Ай, «Гьаб буго аскIув чи гьечIеб, тохаб заман, гьанжи бице дурго мурад», - илан абуна.

Маккагин ТIаифалъул, ХIижазалъул цогидаз
Ибну Зубайирие мубаягIа гьабуна.

Гьанжи нахърилълъаразул гIадад-къадар цIикIкIана,
ГIураб къуватги лъугьун, амро загьир гьабуна.
Ибну Зубайирица рагьун Язид какана,
Досул ругел гIайибал гIадамазе рицана.

ГIадло-низам биххараб хьвада-чIвади рехсана,
Расуласул шаригIат кколеб гьечIин абуна.
Бану-умайятазде абизе бокьанщинаб,
Щибго нахъе къайчIого, къвакIизабун бицана.

Цинги гьелъул хIакъалъулъ хабар Язидихъ щвана,
Ибну Зубайирида кутакаб ццин бахъана.
НугIман бину Баширгун Малик бину Гьубайрат, –
Гьалгун цадахъ божарав анцIго чи вакIарана.

РакIалъе захIмалъараб, ХIижазалдасан щвараб,
РахIатхвараб гьеб хабар гьазда цебе бахъана.
Зубайрил ГIабдуллагьий заралги бокьун гьечIин,
Гьесда чIаян абизе айилан манлъа-хъвана.

АнцIалго, Алжаналъул рохел жедей бицарал,
АсхIабзабазда гьорлъа Зубайирги вукIиндал,
Досулги васасулги адаб-хIурматги цIунун,
ХIаракат жибго тейи тIалаб гьабе абуна[1].

ЖамагIаталда гьорлъа ватIалъугеян абун,
Берцинго гьарейилан гIакъло гьазие кьуна.

[1] Ай, «Багъа-бакари гьаби жибго те», - ян абейилан абуна.

БайгIатги дие гьабун, дагIба-къецги жибго тун,
Жив чIани лъикI букIинин абейилан тIадкъана.

Абураб гьабичIони, насихIат босичIони,
ХIосение гьабураб гьабилин хIинкъи кьуна.
«Гьев ХIосенидаса дий цевесевищ кколев?» - ан,
Ккани, гьабизе бугеб гьедин бичIчIизабуна.

Язидил амро тIобан, анцIавго хIадурлъана,
ХIижазалъул ракьалде сапар гьабун рахъана.
Расул жанив гьавураб Маккаялде рещтIана,
ТIаде ун, ГIабдуллагьий[1] салам жедеца кьуна.

Жедер мурад цебе лъун, хабар гьесий бицана,
«БайгIат Язидий гьабун, берцинго чIа», – абуна.
Баширил НугIман вахъун: «Муъминзабазул амир –
Язид дуца какизе бегьилищ? - ан кIалъана. –

Гьев, халкъалъ байгIат гьабун, вищарав амирлъидал,
Мун жамагIаталдаса ватIалъуге», – абуна.
Ибну Зубайирица гьесул калам къотIана,
Язидий байгIат гьаби рагIалде къайзе течIо.

Ибну Зубайирица бицунеб хабар рагIун,
ГIазаатил ГIабдуллагь ццин гьалаклъун лъугьана,
Гьеб хIехьезе кIойчIого, кIалгьикъун гаргадана,
Дуца Язидий байгIат кьезе бугин гьедана.

Гьанжи ГIубайдил Мухтар гьасде данде вахъана,
«Дуца Ибну Зубайир живго те», - ян абуна.

[1] ГIабдуллагь – Ибну Зубайирил цIар, ай, Зубайирил васасул цIар.

«ТечIони...», - ян абураб бакIалде амро щвана,
Ибну Зубайирица Мухтар чIезе гьавуна.

Гьаб дагIба-рагIиялда мажлис гьазул биххана,
Язидий байгIат гьабун, гьал мурадалде щойчIо.
Шамалде тIадруссана, Язидгун гIодор чIана,
Ибну Зубайирилгун ккарабщинаб бицана.

Цинги, ургъалилъ тIерхьун, Язид гIодов къулана,
Умму-л-Къураялъ[1] байгIат нахъчIвайи захIмалъана.
Сон ГIалил ХIосенги чIван, жакъа Ибну Зубайрги
ЧIвани, дир щиб кколебан ккана гьав пикрабалъе.

Гьанжи Мадинаялъул агьлоялда рагIана,
Ибну Зубайирие байгIат гьабураб лъана.
Гьеб лъайдал, Язидица гIамиллъун тун вукIарав
ГIамрул вас – СагIид гьазги, хъамун къватIиве гъуна.

Гъосда сверухъ рукIарал бану-умайяталги,
Инсанцин гъоркь течIого, тIолго цадахъ ритIана.
Цинги Ясрибалъулаз[2] амиру-л-муъмининлъун
Ибну Зубайирие мубаягIа гьабуна.

Гьеб хабар Маккаялде гьеккого щойзабуна,
Ибну Зубайирица, гIедегIун, жаваб хъвана:
«Бану-гIамирилазул ХIанзалатил ГIабдуллагь
Мадиналда амирлъун гьаве», - ян лъайзабуна.

Гьаб кинабго вакъигIат Язидида рагIана,
Ибну Зубайирилгун рагъ гьабизе къасд ккана.

[1] Ай, Маккаялъ.
[2] Ай, Мадиналъулаз.

Къайсил вас – ЗахIак ахIун, гьеб суал цебе лъуна,
Бодуй бетIерлъун аян амро жинца гьабуна.

Амро тIаде босизе ЗахIаккий къабуллъичIо,
«Къурайшазул би гIодоб дица тIеларин», – чIана.
ГIукъбатил Муслим ахIун, хабар гьесий бицана,
Гьевги, дун херлъун вугин, гIузру бачун, кIалъана.

Бугониги, рес гьечIин, Язид гьасда тIадчIана, –
«ТIаде босана», - абун, Муслим мукIур гьавуна.
Ункъоялда анцIиде гIумру жиндир бахарав
Херасе Язидица боял хIадур гьаруна.

Гьезул къадар абуни, къоазарго фарисги
Анкьазарго ражилги[1] вукIаравин бицана.
Цингиги Язидица кIинус-нус – фурсаназе[2],
Нус-нус – ражилазеги[3] динар кодобе кьуна.

Киналго къварагIунел сурсатал хIадурана,
Муслимида манлъа-хъван, тIадкъаялги гьаруна.
Мадинаялде щойдал, бану-умайятазул
Турабиятаз[4] чIварав чи цIехе, - ян абуна, –

Нагагь, цохIониги чи гьез чIваравлъун ватани,
Лъабго къоялъ рагъ гьабун, дол гъуре, - ян тIадкъана.-
Доз чи чIван ватичIони, ракълил хабарги бицун,
Церехун рагъаре», - ян – гьедин баян гьабуна.

[1] Ай, къоазарго рекIаравги анкьазарго лъелавги. *
[2] Фурсан –рекIарал.*
[3] Ражил – лъелал.*
[4] Турабиятал – ГIали асхIабасул рахъккуразде, ХIосенил рахъккуразде абула.

Гьал боялги хадур цIан, Муслим къватIив вахъана,
Мадиналде щвелелде матIрудинал[1] дандчIвана.
«Ножор чиго чIванищ?» - ан Муслимица гьикъана,
ЧIварав чини гьечIилан, гьаз ккарабги бицана.

Цинги, тIадруссинарун, матIрудиналгун цадахъ,
Мадиналъул рагIалде Муслимгун боял щвана.
Шагьаралъур лъугьине къасдги гьазул букIинчIо,
Бану-умайятазул чIварав чи ватичIелъул.

Мабиталъе[2] гьанир чIун, гIодор реччан рукIаго,
ГIаскар бихха-хичараб цо ахIи-хIур бахъана.
Цинги, гьаб ахIи щибан Муслимица гьикъана,
Мадиналъулал тIаде кIанцIун ругин абуна.

Ибну ГIукъбат, гьеб лъайдал, ццидаца гьалаклъана,
Гьанжи бихьилин абун, къиркъидизе лъугьана.
Гьал къуватал гIаскарал Мадиналде гьетIана,
Данде долги рагъарун, хIайса-байса[3] лъугьана.

Лъабго къоялъ рагъана, гIемерав чи гъурана,
Мадинаялъул агьло бихха-хичизабуна.
Ибну Зубайириде гьанжи эрга щванилан,
Гьениса Маккаялде церехун рагъарана.

Нухав Муслим унтана, хойзехъин вукIин лъана,
Намирил ХIасин ахIун жиндирго бакIалълъ тана.
«Дица Мадинаялда гьабуралда релълъараб
Дуца Маккаялдаги гьабе», - йилан манлъана.

[1] Ай, Мадинаялъул агьлоялъ къватIире хъамурал бану-умайятал.
[2] Ай, сордо байзе.
[3] Ай, гъалмагъир.

Гьенив Муслим парахлъун, чурун мусраби рана,
Восун хабзалалъегун, хоб бухъун, вукъун тана.
Намирил ХIасиние мубаягIаги гьабун[1],
ГIаскарал гьенисаги церехун рагъарана.

Цереса гьел хьваралго бакIалъул гIадамаца
ГIукъбатил Муслим, бухъун хобгун, къватIив вахъана.
ЧамарсакIил гъотIода вухьун, дализавуна,
Гьеб рагIидал гIаскаргун ХIасин тIадвуссун щвана.

Кодор щварал гъурана, щойчIел тIурун рорчIана,
Щущахъ гьелги райзарун, гьаз Муслимги вукъана.
Къабру[2] хьихьун чагIи тун, гIаскар цебехун ана,
Ибну Зубайирида гьазул хабар рагIана.

Хехго боял ракIарун, рагъуе хIадурлъана,
ХIасин бину Намирги Маккаялде гIунтIана.
Манжаникъал[3] хIадурун, ХIасиница буюрун,
Боял ХIарамалъубе гулла байзе лъугьана.

Зодосан пири речIчIун, манжаникъал рухIана,
ХIасинил гьагаб боялъ гамачI Байталде бана.
БухIизе къасд гьабуна, цIаял жанире рана.
Жиги Ибну Зубайир саброялда вукIана.

ГамачI бан, цIаял рехун, Ибну Зубайирида
Байтуллагь бухIичIого, ХIасин чIоларев лъана.
ХIадур гьабун къачIараб Къурайшиязул гIаскар
Шамалъул агьлоялде тIаде гъун, беччан тана.

[1] Ай, бодул бетIерлъун гьевги тун.*
[2] Къабру – хоб.*
[3] Манжаникъ – гьецIоял речIулеб алат (катапульта).*

Рагъулаб кор боркьана, биял гIодоре тIуна,
Байтуллагьалда сверухъ гьаб пасалъи гьабуна.
БакIалъулаз рачIарал кутакалда гъурана,
Релъеда-къад чIечIого, къояз халатбахъана.

Бану-умайятазда ццин цIакъав Аштарица[1]
Ибну Зубайирида живго вихьизавуна.
Язидилал гъуризе букIараб гъира-шавкъалъ
Шамияб гIаскаралда, рахIму-цIоб тун, кьабуна.

Гьаб хIалалда рукIаго Шамалдаса цо ражул,
ХIасинихъеги вачIун, хьибил цун, гIодов чIана.
Цинги, «Айюгьа щайху ззалу»,[2] – абун шурана,
Шамалда лъугьун бугеб гьасий баян гьабуна;

«Мун – гьанив ХIарамалда, сверун ккун гьеб бухIулев,
Язид бину МугIавят хвана горищ», – абуна.
«ВайхIака, ма такъулу»[3], – ХIасиница абуна,
«Акъулу ма тасмагIу»[4] – абун, гьавги кIалъана.

Гьеб кинандай кканаян ХIасиница гьикъана.
Гьекъон хадув хун вугин хабар гьасги бицана.
Цинги, «Досул бакIалда байгIат лъий гьабураб?»[5] - ан
Гьикъидалги, ражулас жаваб гьадинаб кьуна:

«Гьесул вас МугIавятий байгIат гьабун букIана,
КIикъого къоялъ жинца амирлъиги гьабуна.

[1] Ай, ГIубайдил Мухтарица.
[2] Ай, «Я гьав мекъса ккарав кIудияв чи».
[3] Ай, тамашалъун, «Дуца бицунеб жо щиб?» - абуна.
[4] «Дица бицунеб буго гьадаб дуда рагIараб жо», - ян гьасги абуна.
[5] Ай, «Досул бакIалда ханлъун щив вищарав?»

Гьелда хадусеб къоялъ, минбаралдеги вахун,
Халикъасе рецц гьабун, хутIбаялда кIалъана.

Халкъалдехун вуссана, «Айюгьа-ннас, – абуна. –
Иннама ана лахIмун ва дамун»[1], - ан бицана.
Цинги хадуб «Ва ллахIму ва ддаму ла ясбиран
ГIала ннари жагьаннам[2]», – тIаде гьабги жобана.

Жакъаялдаса нахъе дун ножор амир горин,
Ножойго бокьарав чи теян лъайзе гьабуна.
Гьанжи гIадамаз, рахъун, «Я амира-л-муъминин,
Дуего бокьарасда цIарчIвай»[3], - илан ахIана.

Амиру-л-муъминингги дун горилан кIалъана,
Дица чи вихьизеги гьавиларин абуна.
Гьадин вагIзаги гьабун, минбаралдаса рещтIун,
МугIавят гьебсагIаталъ рокъове тIадвуссана.

Рокъоб лъабго къоги бан, къадаралде гьевги ккун,
Гьанжи Шамалъул агьло ихтилафалда[4] буго».
Ражулас гьабги бицун, гьабуралда пашманлъун,
Щиб гьабилеб лъайчIого ХIасин ургъаликь ккана;

Ибну Зубайирилгун рекъел тIалаб гьабуна,
ТIаде «ГIумра гьабизе изно кье», - ян гьарана.
Изно кьун, гьебги тIобан, тIадвуссине къачIана,
КъватIиве лъугьинелде ГIабдуллагьгун дандчIвана.

[1] Ай, «Дун гьаналдасанги биялдасанги данде гьавурав, вижарав вуго».
[2] Ай, «Гьаналдаги биялдаги жужахIалъул цIа хIехьезе кIоларо», - ян абун.
[3] Ай, «Дурго бакIалълъ ханлъун цоги чи вихьизе гьаве».*
[4] Ай, цо пикруялде рачIине кIоларого, дагIба-рагIиялда.*

Дов ражулас бицараб Язид хоялъул хабар
Балъго ГIабдуллагьие ХIасиница рагьана,
«Гьале дунги дир боги дуе байгIат гьабизе,
Дида цадахъ Шамалде вилълъа», - йилан абуна.

Ибну Зубайирица ццин бахъун гьаракь борхун,
«Ла валлагьи,[1] - ян абун, гьесий жаваб гьабуна. –
ХIижазиязул чIварав щивав чиясде данде
Дица анцI-анцI шамияв чIвайзе вугин», – абуна.

«Балъго дуде кIалъала дунги вугеб хIалалда,
Дур гьаб ахIи щиб? – абун, ХIасин данде кIалъана.–
Дуй халафаталда – дун, дун рагъде ахIулев – мун, –
Ибну Зубайириде – кантIе, – йилан абуна. –

Кинги даруль-халафат[2] Шамги лъугьун бугелъул, –
Гьанжиги ХIасиница, – вилълъа, – йилан гьарана. –
Гьале тIоцове – дунги, дида цадахъ – боялги,
Цинги тIолго агьлу-Шам – мунгун», – илан абуна.

Ибну Зубайирица гьасул вагIза босичIо,
Гьавгун цадахъ Шамалде ине къасдги гьабичIо,
ХIасин жиндир гIаскаргун Шамалде тIадвуссана.
Басраялдаса къокъа – гьелги рокъоре ана.

Гьеб къокъаян абуни, Ибну Зубайирие
Балъго Басраялдасан хIалай араб букIана.
Ибну Зияд-малгIунас гьал жиндихъе ахIана,
Нуж Маккаялде арал щаян инжит гьаруна.

[1] Ай, «АллагьасхIаги вильинаро».*
[2] Ай, хIукуматалъул бутIрул чIолеб бакI (столица).*

«Ибну Зубайирие койрбакъи гьабизейищ
Балъго ун рукIарал?» - ан кIалгьикъун, гаргадана.
Къокъа данде кIалъана, берцинго жаваб кьуна,
Жедер Маккаялде ин кин букIараб бицана.

«Ниж Ибну Зубайирий койрбакъиялъе горел,
КагIба шамияздаса цIунизе ун рукIана,
Язид гIумруялдаса ватIалъаравги дуда
Лъан батилагори», - ян рагIул хеч гьесда чIвана.

Язид хоялъул хабар жинда рагIараб мехалъ
ГIубайдуллагьас гьелда гIамал гьабун букIинчIо.
Гьанжи, гьеб якъинлъидал, къориниб царай гIадин,
ГIатIидаб дунял гьасий къваридаблъун лъугьана.

Нафсалда жив хIинкъана, рухI цIунун лъикIин ккана,
Мушавара гьабизе гьалмагълъи бакIарана.
Гьез гIакъло кьун манлъана, Макка-ХIарамалдаса
ТIадбуссараб доб къокъа – тIолго туснахъ гьаруна.

Цинги сардил гIужалда, гIадамаздаса балъго,
ГIамрул вас – МасгIудихъе чукъбуз щойзе гьавуна.
Гьес, хьихьизе гъоркье чIун, рокъов жанив вачана.
Жив божараб гьалмагълъи – гьелги цадахъ рукIана.

Радалалде гьев тIури гIадамазда тIатана,
ТIолабго Басраялъул агьали данделъана.
Досул кIалгIабахъе ун, жанир лъугьун, чIухь бана.
Маржанатил вас[1] тIури тIобанго загьирлъана.

[1] Ай, ГIубайдуллагь.

Гьесул лъади-лъималгун эбел асир гьаюна,
Туснахъалин абуни, эркен гьарун реччана.
Киналго цадахъ лъугьун, гьев валагьун свердана,
МасгІудил нахъарокъоб лъалкІ бачине ургъичІо.

Ибну Зиядил гьоко гьанжи нахъе гирана,
Хъизан-агьло рехун тун, жиндирго рухІ цІунана.
Рес щун хадуб халкъалъ жив чІвайзе вукІин бичІчІана,
Божи-аман бугеб бакІ – Шамалде тІурун ана.

Шамалда Язид хойи халкъалъулъ тІибитІидал,
Хурасаналда вугев Муслимидаги лъана.
МугъчІвай досдеги гьабун, гьаваялда хьвадарав,
Гьанжи, асулги бугъби бачал гІадин лъугьана.

Бугебщинаб бечелъи – щунусазарго динар –
Данде гьабун букІараб кинабниги магІишат, –
Щибго жо гъоркь течІого, бакІа-бахарун гьебгун,
Гьанжи гьасги Шамалде нух букІкІине гьабуна.

Гьеб хІалалда унаго, ГІабдуллагьи-л-Салами
Муслимий гьараялъе нухда данде лъугьана,
Гьесухъ бугеб бечелъи бахъизе къасд гьабуна,
Гьеб гъоркь тун горони мун инарилан гьедана.

«Агьлу-Хурасаналъул гьасбу гьабурабщинаб[1]
Шамалде баччизейищ дуй бокьараб?» – абуна.
Гьоркьоб гьалмагълъи лъугьун, маслахІат-сулхІ гьабуна,
Къисматалда разилъун,[2] боцІи-мал кІибикьана.

[1] Ай, бахъарабщинаб.
[2] Ай, бикьизе разилъун.

Бикьун щвараб давлагун ГIабдуллагь тIадвуссана,
Хурасаналъул агьло жинца гъоркье бачана.
Гъийин бихьичIеб боцIул бащдаб щойги гIелилан,
Щвараб жогун Муслимги цевехун вагъарана.

Цинги Шамалъул агьло ихтилафалде ккана,
Амир вищиялда тIад рикьалаби цIикIкIана
Цояз – ХIакамил Марван, цойгияз – ЗахIак ккуна,
Цойгиязе абуни, Ибну Зубайр вокьана.

Язидил Халид абун, къавмалъул цоял чIана.
Цо раъю-гIакълоялда хIукму гьаби лъугьинчIо.
Гьазда гъорлъан Марванги ЗахIакги цеветIуна,
Цогидал нахъе рехун, халкъ гьазда нахъбилълъана.

Гьанжи Марвангин ЗахIак цуцадехун къеркьана,
Къиталалъе[1] хIадурлъун, боял данде гьаруна.
Мадинату ХIимсалда гьеб заманалъул амир,
Язидица витIарав, – Ибну Башир вукIана.

Баширил НугIманихъе ЗахIакица кагъат хъван,
Комек жиндий гьабеян, гьарун, чапар витIана.
НугIманица, жиндида хIалкIвараб комек гьабун,
КIиазарго чи вугеб гIаскар нухаб регIана.

НугIманица битIараб гьаб къуватги данде къан,
Къоло кIиазариде ЗахIакил бо бахана.
АнцIила микьазарго Марванилги рукIана,
КIиясулго гIаскараз гIасияб рагъ гьабуна.

[1] Ай, рагъуе.*

Гьеб рагъул хIасилалда ХIакамил Марваница
Боги щущахъ байзабун, Къайсил вас – ЗахIак чIвана.
ЗахIакий комекалъе гIаскар жинца битIарав
Баширил НугIманихъе, шартI лъун, кагъатги хъвана.

Дур ГIимрат абурай яс дир васасеги кьуни,
Дие байгIат гьабизе агьлу-ХIимсги ахIани,
ЗахIакий комек гьабун, дудасан ккараб хатIа
ТIаса лъугьун телилан, божи гьабун, бицана.

Гьелда инкар гьабуни, дагIбадизе вахъани,
Дица мун чIванги, ГIимрат, теларин, – хIинкъи кьуна.
ХIинкъи кьун хъвараб кагъат кодобе щун цIалидал,
Баширил НугIманица тIобан инкар гьабуна.

ТIагьаяс нахъе цурав ХIакамил Марвание
МутIигIлъун, дица байгIат гьабиларин абуна.
Гьесул ГIабдулмаликий ясги кьезе гьечIилан,
ЧIванкъотIун, НугIманица хIукму тасдикъ гьабуна.

Гьанжи, Маккаялде ун, Ибну Зубайирие
БайгIат гьабун лъикIилан ракIалде ккун, къачIана.
Гьев къачIалев вугилан хабар Марванихъе щун,
Ккун жиндихъе вачеян божарал чи ритIана.

«БегьанагIан чIвайчIого, чIаго ваче, – абуна. –
Инкар гьабуни, къотIун бетIер босе», – манлъана.
Къокъа ХIимсалде щвана, НугIманил хIал цIехана,
ХIарамалъул ракьалде гьев анилан бицана.

Цинги хадур рахъана, нохда унаго ккуна,
НугIманил бетIер къотIун, тIадкъараб иш тIобана.

ТIадруссун Марванихъе, бетIергун, цогидалгун,
Цадахъ чIаго ГIимратгун, бергьенлъиялда щвана.

Марваница васасе ГIимратил ригьин гьаби,
Гьелъул хIасил, ккараб куц бицараб бакI батичIо.
Буго цойги гIибарат: ГIубайдил вас Мухтарил
ГIимрат лъади йикIанин – лъалев БетIергьан вуго.

Гьадин хIаракат бахъун, кодобе щвараб имрат,[1]
ИчIго моцIалъ горони, Марванихъги хутIичIо.
Хвалица гьевги ккуна, имратги нахъе тана,
Инсул бакIалде ханлъун ГIабдулмаликги ккана.

Гьанжи доб Басраялда, азаракъатал абун,
Фиркъату-л-хаварижи[2] питнаялъе къачIана.
Къуват бугел гIемерал боял данде гьаруна,
Агьвазал[3] койрде росун, боцIи хъамал гьабуна.

Басраялъул амирас Ибну Зубайирихъе
Хъван, Макка-ХIарамалде рисалат битIун ана.
БайгIат гьабун, амирлъун Ибну Азракъги вищун,
Гьез гьабун тола бугеб питнаялъул бицана.

Питна суйне гьабизе щибдай гьабун лъикIилан
Досулгун гIакъло дандбай – кагътил мурад букIана.
«БетIер, борхилелдего, чIинтIизе гьабе», – абун,
Ибну Зубайирица манлъун жаваб битIана.

---

[1] Ай, амирлъи, ханлъи.

[2] Хаварижазул къокъа. Хаварижал – ГIали асхIаб ва гьесда нахърилълъарал капураллъунги рикIкIун, бусурбабзул би ва боцIи хIалал гьабурал чагIи (гьанжесел вагьабиял гIадин). *

[3] Ай, цо вилаят, цо къабилат.

Басраялъул ашрафал[1] амирас ракӀарана,
Азаракъатаздасан суал цебе бахъана,
Цинги, цо мустахӀикъав къаид[2] хӀажат вугилан,
Жив-живас ргӀи бицун, мушавара гьабуна.

Мугьаллаб бину аби СуфратгӀан мустахӀикъав
Къаид вукӀинарилан, хӀукму гьесда къотӀана.
Гьесул маскангин макъам[3] Хурасаналда букӀун,
Рисалатгун чи витӀун, Басраялде ахӀана.

Азаракъатаздехун рагъ гьабизе тӀадкъана,
ТӀаде босун, Мугьаллаб гьелъие хӀадурлъана.
АнлъцӀол батӀа-батӀаго гьезулгун кьаби ккана,
Кьаби ккарабщиналъур гьел къинеги гьаруна.

Гьезул кошлъиялъулги ккарал вакъгӀатазулги
Къиса хъвайчӀого тана, халалъизехъин букӀун.
Хирияв ГӀусман-асхӀаб чӀван хадуса байбихьун,
Хаварижазул питна нахъасаго къотӀичӀо.

Халафаталъул амро ханлъиялде сверидал,
Халкъалъулъ рикьалаби батӀаго гӀемерлъана.
ГӀухьби гӀемерлъани, гӀи пасалъун унеб гӀадин,
ВарагӀ гьечӀел ханзабаз гӀалам пасат гьабуна.

Бугъаталгун вагъулев ГӀали вугеб мехалда,
Гьесда хадурги рилълъун жедеца койрбакъарал,
БайгӀаталъе ргӀи кьун, Маккаялде кагътал хъван,
Куфаялдеги ахӀун, ХӀосений хилифлъарал,

[1] Ашрафал – ргӀи билълъарал, къимат бугел гӀадамал.*
[2] Ай, боязе бетӀерлъи гьабулев чи.*
[3] Ай, мина-ватан, чӀейи.*

Хадусан ракIги бухIун, ккаралда пашманлъарал
ШигIатазул[1] хIаракат Куфаялда лъугьана.
Балъго цуцахъе хьвадун, хIаракат гIатIилъана,
ХIосен чIварал тушбаби теларилан гьедана.

Дару-л-Имараталде, гьужум гьабун, кIанцIана,
Гьениса ГIамру бину ХIарис къватIив рехана,
ХIарисил вас – гьев ГIамру ГIабдулмаликил рахъалъ
ГIамиллъун Куфаялде вихьизавун вукIана.

Вачун гьесул бакIалда МасгIудил ГIамир лъуна,
БайгIат гьабун, амирлъун Куфаялда гьев тана.
Гьебги Ибну Зубайрил цIаралда гьоркь гьабуна,
Гьеб рагIидал досийги кIудияб рохел щвана.

ШигIиязул хIаракат Маккаялде рагIидал,
Куфаялде ине къасд Мухтарица гьабуна.
Ибну Зубайирида лъалеб жого гьечIого,
Балъгого, сардилъ вахъун, сапар жинца гьабуна.

Жив Куфаялде щойдал шигIатазул вужугьал,[2] –
Гьелги данде ракIарун, вагIза гьабун кIалъана.
Гьанжи дун, ХIанифатил МухIаммад – Магьди-имам, –
Эс ножохъе витIарав вазир вугин абуна.

Расулуллагьасул сибтI – ХIосенил бидул къисас
Босейилан амрогун щун вугилан бицана.
ШигIатал разилъана, гьесда инкар гьабичIо,
Амма «ГIедегIичIого, сабро гьабе», – абуна;

[1] Ай, шигIату ГIали – ГIали асхIабасул рахъ ккурал. ШигIату бани-умайят, ялъуни шигIату Язид абуни - дозул рахъалда ругел.
[2] Ай, цересел, къадро бугел гIадамал.

Сулаймани-л-ХазагIи – гьебго хIалалъ ХIосенил
Бидул къисас босизе къачIай лъайзе гьабуна,
«Гьевги шигIатазда гъорлъ къадро бугев чилъидал,
Досул цо жо ккезегIан балагье», - ян манлъана.

Балъгого Куфаялде Мухтар ун вукIин лъайдал,
Ибну Зубайирица гъозул амир хисана.
МасгIудил вас – ГIамирги гIазлу гьавун[1], амирлъи
Ансарияв – Язидил ГIабдуллагьихъе кьуна.

Гьанжи дов Ибну Сурад – Сулаймани-л-ХазагIи
ГIаскар данде гьабизе цIакъ бахъун вортанхъана.
Куфа шагьаралдаса щвараб къуватги бачун,
Шамалъул агьалигун рагъ гьабизе вахъана.

Гьедин Куфаялдасан сапар бухьунеб мехалъ,
Сулайман, гIаскаралде хитIаб гьабун, кIалъана.
Гьезул рекIел нийятал лъайзари мурадалда,
РагIа-ракьанде щвараб вагIза жинца гьабуна;

Нуж ратани рахъунел ахират тIалаб гьабун,
Гьеб нелъер матIлублъидал[2], лъикI бугилан абуна.
Амма гьелъул гIаксалда, дунял – мурад батани,
Меседгин гIарац нелъехъ гьечIин бичIчIизабуна.

Боязул церехъаби цохIо кIалалъ кIалъана,
ХIосенил къисас боси – мурад бугин абуна.
Аллагьги тIаса лъугьун, ахират щой горони,
Щибго хIажат гьечIилан чIванкъотIун жаваб кьуна.

[1] Ай, нахъе вачун.
[2] МатIлуб – тIалаб гьабулеб, мурадлъун бугеб жо.*

Гьединаб нийяталда, тавбо-истигъфаралда
Сулайманги гIаскарги церехун рагъарана.
Цинги амиру-л-Куфат – ГIабдуллагьида лъана,
Гьесда дандго байчIого, Сулайман ун вукIана.

Сулайманил гьеб сапар ГIабдуллагьий бокьичIо,
ГIедегIун ун вугилан рекIел гIагари ккана.
Кагъат хъван, насихIатгун хадув чапар витIана,
ТIадвуссун вачIайилан берцинаб гIакъло кьуна;

Бергьараб къуваталде тIаде мун гьедин ани,
Ахир битIун ккеларин, кантIейилан манлъана.
Нилъ киналгоги цолъун, цадахъ боялги гIуцIун,
Цинги байбихьилилан бицана гьесий хабар.

Гьединаб магIнаялъул рисалат жиндихъ щойдал,
Сулайманил гIакълоялъ къабул гьабун бахъинчIо.
Боялдехун кIалъана, мушавара гьабуна.
Я шагьадат, я фатхIу[1], – хIукму гьалда къотIана.

Къоазарго чи вугел Шамалъул гIаскаралгун,
Лъабазарго ражулгун Сулайман данде чIвана.
ЧIухIараб калам гьабун, цуцаде кIалалгьикъун,
КIиябгоги рахъалъан ахIизе байбихьана.

Агьлу-Шамалъул къуват – къоазарго рагъухъан,
Амирасул рахъалъан бачIун букIараб кагъат, –
Кинабго данде босун, хIисаб-суалги гьабун,
Гьанжи Сулайманица хойзе тавакал лъуна.

[1] Ай, я бергьенлъи, я хвел.

Лъел бекун гIодоб рехун, хвалчен тIаде борхана,
Боязда цеве лъугьун, чу кьурдизе гьабуна,
БетIергьан – Аллагьасде «Илайка рабби тубту
Мин зунуби»,[1] - ян абун, шигIруялда ахIана.

Шамалъул бодулъ кIанцIун, кIудияб рагъ гьабуна,
РухI кIалдиса инегIан хвалчен жинца кьабуна.
Хадур цо-цоккун рахъун, боялъул церехъаби, –
Нахъе чи вайинчIого, чIва-чIван гьелги тIагIана.

ЧIварал, хваралги рукъун, къасе сардил гIужалда
Рагъул майданалдаса гIиракъал нахъе ана.
Радал тIаде рахъиндал, Шамалъул гIаскаралда
Щивниги гъоркь хутIарав инсан гьезул ватичIо.

Абураб гIадахъ босун, гIакъло къабул гьабичIел,
Къун, тIадруссине ккана Куфаялъул шигIатал.
ГIедегIараб лъин ралъдалълъ щоларин абулелъул, –
Гьелда релълъараб ккана сапаралъул гIакъибат.[2]

Сулайман гьаб сапаралъ ун вугилан рагIидал,
ГIубайдил Мухтарие хадув ине бокьана.
Мухтарги Сулайманги данделъизе бокьичIев
Бану-умайятазул цояс хIилла ургъана:

Амирасухъеги ун, Мухтар мунгун вагъизе
Гъоркьанго хIадурлъула вугилан, мацI гьабуна.
Гьеб мацIил хIасилалда, расги гIайибго гьечIев,
Вачун, ГIубайдил Мухтар туснахъалъув тIамуна.

[1] Ай, ХIосен чIвалелъул, досие комекалъе вахъинчIолъиялдаса тавбо гьабун, Аллагьасде ахIана.
[2] ГIакъибат – ахир.*

Амирасде тIаде ун, Куфаялъул вужугьаз,
Киналго цадахъ лъугьун, Ибну ГIубайд цIунана.
Агьлу-л-байтги бокьулев, гьезда нахъаги чIарав
Гьес дудехун тушманлъи гьабуларин абуна.

Амирас гIинтIамичIо, божи гьезда гьабичIо,
Гьаз нугIлъи гьабуниги, Мухтар къватIив веччайчIо.
КъватIив ворчIизе гьечIев Мухтарида рагIидал,
Мадиналде гьанжиги, хъван, кагъат битIун ана.

Ибну ГIумаридасан комек тIалаб гьабуна,
ГьечIеб гIунтIизе гьабун жанив тIами бицана,
ГIайибго жинда гьечIев, жиндир хъизамалъул вац
Жанив тун бегьиларин Ибну ГIумар ургъана.

Амирасде кагъат хъван, Куфаялде битIана,
Комек гьабеян гьари гьелда жаниб рехсана.
Рисалат кодоб щойдал, Куфаялъул амирас
Ибну ГIумарил адаб, инсул гIадин, цIунана.

ГIубайдил Мухтарие эркенлъи жинца кьуна,
Амма рокъов чIеялъе кафил[1] тIалаб гьавуна.
Кафиллъун шигIатазул анцIго чи гъоркье чIана,
Рокъовго туснахъасул хIисабалда веччана.

Гьанжиги Куфаялде Ибну Зубайирица
Ибну МутIигI ГIадави амирлъун витIун ана.
Эсда цеве вукIарав ансарияв – Язидил
ГIабдуллагь, нахъе вачун, гIодов чIезе гьавуна.

[1] Ай, гъоркье чIарав чи.

ГIубайдил Мухтарилги цIияв амирасулги,
ЦIаги лъинги кинниги сиясат данде ккечIо.
ХIосенил къисас боссе халкъ багъаризе гьаби, –
Гьелда тIасан букIана гьезул дандеккунгутIи.

Гьебго заманаялда, Мухтарида щаклъи ккун,
ШигIатаз цо къапила Маккаялде битIана.
ХIанифатил МухIаммад вихьун хадув горони,
Мухтарида нахърилълъин гьазда берцин бихьичIо.

Цинги, ХIарамалде щун, МухIаммадихъе рещтIун,
ШигIатаз жедер суал гьесда цебе бахъана,
«Дуца амроги гьабун, Ибну ГIубайд витIарав –
БитIараб бугищ лъайзе рачIун ругин», – абуна.

Амро гьедин батани, гьесда хадур рилълъине
Ниж хIадурал ругилан рагIи гьесие кьуна;
Нагью дуца гьабуни[1], гьелдаги ниж чIелилан, –
Гьадинаб хабар бицун, жаваб тIалаб гьабуна.

Жаваб кьезе захIматаб суал тIаде бачIиндал
БичIчIи бугеб, лафз гьечIеб жаваб жинца гьабуна:
Гьев дица витIанилан, ялъуни витIичIилан,
ЧIванкъотIун абичIого, анищ бугеб бицана.

**وأما ما ذكرتم من أمر المختار بن أبي عبيد فوالله وددت أن الله تعالى قد انتصر لنا من عدوّنا بمن شاء من عباده . «فتوح» صـ ٢٥٢ جـ ٦**

ШигIатазе гьаб гIуна, тIокIаб хабар гьабичIо,
Мухтарида нахърилълъин бегьилилан къотIана.

[1] Ай, дуца гьесда нахърилълъиналдаса нахъчIвани.*

ТIадбуссун Куфаялде къокъа щвараб мехалда,
Щиб ккарабин цIехезе Мухтарица ахIана.

«Амарана биттибагIик ва-л-хуружи магIак»,[1] –
Мухтар, – гьаз жаваб гьабун, кутакалда вохана.
Вохиялъул цIакълъиялъ такбир жинца бачана,
Жив вазирлъун витIанин аби гьересилъичIо.

Гьанжи шагьаралдаса шигIатазул вужугьал, –
Гьелги данде ракIарун, кIудияб мажлис лъуна.
Жив Магьди-имамасул вакил вукIин чIун хадуб,
Куфаялъул гIемераз байгIат жиндий гьабуна.

Жуюшазе къаидлъун[2] Аштарил Ибрагьим тун,
Мухтарицаги гьасги гьанжи иш байбихьана.
Гьалдаса хадур ккарал киналго вакъаигIал[3],
Къоно тIад лъун, гьелги тун, хIасилалде раккизин.

ХIаракату-щигIати[4] Куфаялда цIакълъана,
Данде амирги вахъун, кутакалда рагъ ккана.
Рагъазул хIасилалда шигIатаз чIел босана,
Къасру-л-имараталъув амир кIанцIизавуна.

Аман босун лъикIилан гьалмагълъиялъ абуна
Ибну МутIигI – ГIабдуллагь-амир гьелда рекъечIо.
Руччабазул ретIелгун, къассе бецIаб сардида
Къасру-л-имаратги тун, къватIибе нух бахъана.

[1] «Дуда нахъги рилълъа ва дуда цадахъги рахъа», - ян амро гьабунин бицана.
[2] Ай, гIаскаразе бетIерлъун.
[3] Ай, лъугьа-бахъинал.*
[4] Ай, шигIатазул рагъа-ракари.*

Радал тIаде рахъиндал тIолабго гьалмагълъиялъ,
ТIурун амирги индал, аманилан ахIана.
Мухтарихъе ахIи щун, аман гьезие кьуна,
Гьесул шавкат кутаклъун, Куфа шагьар бахъана.

Киналго, байгIат гьабун, Мухтарий мутIигIлъана,
Ибну МутIигI вахчараб рукъалъул гIунван[1] лъана.
ГIубайдил Мухтарица, анцIазарго диргьамгун,
Ибну Камил – ГIабдуллагь досухъе витIун ана:

«Дир рахъалдасан досде салам бице, – абуна. –
Цинги нухлул харжалъе гьаб битIанинги абе.
Гьабги босун, берцинго, щибго нахъе къайчIого,
Рокъовахъа тIадвуссун аян абе», – манлъана.

Амирлъиги кодоб щун, бегьаралъуб койр щойдал,
Бихьинаб ишни буго Мухтарица гьабураб.
Бугониги, ГIабдуллагь ибну МутIигI абуни,
ТIадвуссун Маккаялде ине жив намуслъана.

Ибну Зубайирилги гIайиб щоялда хIинкъун,
ГIайиб тIаде босизе рес бугеб хIал ургъана.
Сардил тохаб гIужалда, гIадамасда лъайчIого,
Басраялде тIурун ун, гьениб чIейи гьабуна.

Гьанжи ХIосен чIваялъулъ гIахьаллъи гьабуразул
ГIубайдил Мухтарихъе сияхI кодобе щвана.
Щивав чиясе жаза, такъсир бихьун, гьабуна,
БатIа-батIа куцалда хвалилаб гIазаб кьуна.

[1] ГIунван – адрес.*

Хавли бину Язидил кьабун, бетIер къотIана,
Къаркъалаян абуни, хадуб, цIа гъун, бухIана.
ХIосенил бетIер къотIи жинда борцинабуна,
Бадиб цун, гьеб бихьизе гьоркьоб заманго инчIо.

Гьанжи дов СагIдул ГIумар – Ибну Зиядил асир,
Сайийд-ХIосен чIвайчIого босада хьибил лъечIев,
Расуласул наслаби асирзаби гьарурав, –
Гьале щвана асдеги интикъамалъул [1] эрга.

Къокъаги цадахъ бачун, ГIубайдил Мухтарица
ГIумар жиндихъ вачине Абу ГIимрат витIана.
Амма кантIизавуна: «Я гъуламу гIалайя
Би тIайласан»[2] – абуни, гьабизе кколелдеги;

Гьаб калам дос гьабуни, «дихъе хвалчен босе» - ян
Абураб магIна кколин, баян гьасие кьуна:
«ГьебсагIат дуца, досул горбода хвалченги бан,
БетIер дихъе босе», - ян лъикI бичIчIизе гьабуна.

РакIалдаго гьечIого, бачIун гьаб къокъа щойдал,
«Щиб ножор мурад?» – абун ГIумар вихха-хичана.
ГIумарие къокъаялъ жидер мурад бицана, –
Мун вачине амирас ритIанилан абуна.

Амирас дие аман кьун бугилан гьав чIана,
Гьеб къотIи хъвараб кагъат, босун, гьазий цIалана.
«Садакъта, я Аба ХIафас,[3] гьаб аман дуй хъвалелъул
Дунги аскIув вукIанин», – Абу ГIимрат кIалъана.

[1] Ай, рецIел босиялъул.
[2] Ай, «Дир квербацIцI яги габуралда жемулеб жо ( масала) кье»".
[3] Ай, «Дуца бицунеб жо битIараб буго», - ян абуна.

Дуе кьураб кинниги, дудасанги гьеб аман
ТІалаб гьабун букІанин ракІалде щойзабуна.
ШартІ тІобайчІони, къотІи биххизе бегьулелъул,
Хабар гьаб магІнаялда бухьинабураб ккана.

Кинниги СагІдул ГІумар гІабдаллъун вукІинчІелъул,
ЧІаго Мухтарица жив тезехъин гьечІев лъана,
«Хвалчен босе» – абураб магІнаги жаниб бахчун,
Жиндихъе доб тІайласан босейилан ахІана.

Абу ГІимратидаги долъул магІна лъалелъул,
«Ма, гьале босанилан», – горбода хвалчен бана,
Черхалдаса батІалъун, бетІер гІодоб бортана,
ГІубайдил Мухтарида, босун, цебе рехана.

Цинги СагІдул ГІумарил ХІафс абурав вас вукІун,
Гьев инсул бетІералда аскІув гІагар гьавуна.
«АтагІрифу гьаза рраъс, я ХІафс?» - илан гьикъана.
«Гьаза раъсу аби»,[1] - ян васас жаваб гьабуна.

«Гьалда аскІуб дурабги букІине ккола», – абун,
Балагьун къанщилелде, къотІун, бортизабуна.
КъотІараб гьаб кІиябго – эмен-васасул бетІер –
ХІосенгин ГІалидаса[2] къисасилан абуна.

Къисас босизе рес щун, мурадалде вахиндал,
Мухтарица къого чи, къачІан, хІадур гьавуна.
Къаидлъун гьамданияв Ибну СагІидги тана,
Сапаралде рахъине хІадурлъеян манлъана.

[1] «Гьаб бетІер лъил бугеб лъалищ?» - ан гьикъана. Васас: «Лъала, дир инсул бугo», ян - абуна.
[2] ГІали-л-Акбар – ХІосенил вас, Карбилаалда тушбабаз чІорги речІчІун чІварав.

Лъеберазарго диргьам малалъулги данде къан,
«Мухтарил рахъалдасан МухIаммад-Магьдихъе», - ян,
Хъван, кагъатги кодоб кьун, гьаб кIиябго бетIергун,
БитIахъе Маккаялде къапила нухаб лъуна.

Мухтарица аман кьун, эркенго СагIдул ГIумар
Куфаялда тун вугин жиндихъ щвараб хабаралъ
Пашман гьавун вукIарав ХIанифатил МухIаммад,
ХIосен чIаголъаравгIан, къокъа щойдал вохана.

Шамар бину Зи-ль-Жавшан – ХIосен чIварав мунафикъ,
Мухтаридаса хIинкъун, шагьар тун, тIурун ана.
Гьесда хадув цо батIал[1] Мухтарица витIана,
«Ватаралъув чIвай», – абун, амро гьабун тIадкъана.

ТIурарав малгIунасул арав рахъ лъайзабуна,
ЛъалкI бачун цевехун ун, хехго хадув гIунтIана.
Хвалчабигун, хучдулгун кIиявго данде щвана,
Шамарие битIун ккун, Разин[2] ракьалда лъуна.

Разин Шамарица чIвай Мухтарий захIмалъана,
ГIабдуррахIман Гьамдани – гьасде амро гьабуна,
АнцIго лъикIав бахIарчи, цадахъ гьалмагълъун кьуна,
«МалгIун чIвайчIого нахъе рачIунге», - ян абуна.

Бода гъорлъа рищарал, рагъуе гьунар бугел, –
Гьанжи гIолохъабаца черхалда ярагъ бана.
Чармил гIукIдул толарел тулпаразда кьалал лъун,
Тушман арав рахъалде, чабхъен гьабун, рортана.

[1] Ай, цо бахIарчи.
[2] Дов бахIарчиясул цIар.

Фурат гIурул рагIалда цо бакIалда рещтIарав
Шамарги гьалмагълъиги гьазда кодоре щвана.
ГьебсагIаталъ гIолилаз хвалчаби къватIир цIана,
Къо лъугIарав Шамаргин къокъа сверун босана;

ХIосен чIварал тушбаби чIва-чIван гIодоре рана,
ЧIаго гьезул, харбие, гIадан нахъе реччайчIо.
МалгIун-Шамарил бетIер Гьамданияс къотIана,
БутIрулгун, гъаниматгун[1] Мухтарихъе жал щвана.

Гьанжи Шамалъул амир – Марванил ГIабдулмалик
ГIиракъалда Мухтарил шавкаталда хIинкъана.
Куфаялда цIилъараб гьесул хIаракат рагIун,
ГIаскарал ракIаризе хIажатавлъун лъугьана.

Гьанжи дов Ибну Зияд–малгIун аскIув ахIана,
ГIаскаразе бетIерлъи гьабейилан тIадкъана,
ТIорайзе ругелщинал суалал цере лъуна,
Цадахъ рекъон хIалтIизе хIукмуялде босана.

Куфаялда койр лъурав ГIубайдил Мухтарги чIван,
Хадув, Басраялде ун, МусгIаб[2] нахърегIизавун,
РагIийят мукIур гьабун, кIиябго шагьаралда
ШигIатал чIезе гьари – гьаб тIоцобесеб суал.

Цинги, Маккаялде ун, Ибну Зубайирги чIван,
Агьлоги койрде босун, эркенлъи щун хадуса,
Шамалдаса бахъараб бакъбаккуде щойзегIан
Улкаби духъ рукIинин, ГIабдулмалик кIалъана.

---

[1] Давлагун. *

[2] МусгIаб вукIана Маккаялда вугев амир – Ибну Зубайир ГIабдуллагьил вац, Басраялда амирлъун тарав.

ГIабдулмаликил калам лъикIаб гIиналда рагIун,
ГIубайдуллагьил рекIел анищал бечелъана.
Абу Турабил шигIат[1] – асул тушбабилъидал,
Тушбабигун вагъизе гьира-шавкъги цIикIкIана.

Шамаргин СагIдул ГIумар, Хавли – гьасул агIванал[2],
Агьлу-л-байталде данде койр борхарал фусакъал,[3]-
Рекъарасе рекъараб тагIзир[4] гьазийги гьабун,
Гьанжи Мухтар регIана дов Ибну Зиядиде.

Ибну Зияд-малгIунги, рехсараб нийяталда
Мусилалдеги вачIун, къачIадулев вукIана.
Къоазарго чи вугеб гIаскарги кодобе кьун,
ГIубайдил Мухтарица Ибрагьимги витIана.

Гьеб гIаскаргун Ибрагьим вачIина вукIин рагIун,
МалгIун-Ибну Зиядги гьасде данде вахъана.
Ункъоазар чи вугеб боги жиндир букIана,
Бергьенлъи щоялдаги щаклъи асул букIинчIо.

Цуцазул гьан кваназе хIадурал бацIал гIадин,
Щидаца гьалаклъарал гIаскарал данде щвана.
Шамиязул рахъалъан, ГIавф бину ЗабгIан абун,
Мубариз[5], цеве вахъун, кIалгьикъун гаргадана.

Гьасул чIухIи бихьидал АхIвас бину Шадади-л-
Гьамдани данде вахъун, досул рагIи къотIана.

[1] Ай, ГIали асхIабасул рахъкколел
[2] Ай, комекчагIи.*
[3] Пасикъзаби.*
[4] Ай, тамихI.*
[5] Мубариз – хвалчад вахъунев чи.*

ДагIбадун, кIиясулго халатаб кIалъай ккана,
Ахиралде цуцаде хвалчабигун рортана.

АхIвасил лебалаб койр шамиясда цебе ккун,
Цо кьабураб хвалчаца хвалилаб ругъун лъуна.
Рагъулаб майданалда чоца сориги босун,
«Гьал мин мубариз»,[1] – абун, АхIвасица ахIана.

Ибну ГIурват Димишкъи гьасде данде вахъана,
ШигIруялдалъун кIалъан, кIалгьикъизе лъугьана.
Гьасул кIалгьикъиялда кьан бараб шигIру ахIун,
Ибну Шададицаги данде жаваб гьабуна.

Гьанжи цуцазде рортун, цо-цо кьаби гьабуна,
Кьабуралъ АхIвасица Ибну ГIурватги чIвана.
Ибну Намир Саквани, Шамалъул бода гъорлъан,
Ракь бухъун бубудулеб бугъа гIадин, вачIана.

Бугъа чIвайзе анищгун, ццидалаб гъалбацI гIадин,
ГIиракъалъул бодулъан цо фатаги[2] вахъана.
Цинги, загьродал цIураб кIиго аздагьо гIадин,
КIиявго цуцаздехун гьесардизе лъугьана.

Ибну Асир СагIлаби Шарикица кьабуралъ[3]
Шамияв Ибну Намир чIван ракьалде рехана.
БачIинаго Шамалъул гIаскаразе битI ккечIо,
Мубаразалъ рахъарал чIаго нахъе райинчIо.

[1] Ай, шамиязул ГIавфги чIван, хадуб: «Данде вахъунев чи вугищ?» - ан ахIана шамиязде.

[2] Ай, гIолилав.

[3] Асирил вас Шарик – гьадав гIолиласде цIар.

ЧIухIарав Ибну Зияд гIодов къулун хутIана,
ГIиракъалъул бахIарзаз гьабураб квеш букIана.
Гьанжи дов Ибну Аштар – Ибрагьим, цеве вахъун,
Ибну Зиядги какун, кутакалда кIалъана.

Карбилаъ-майданалда ХIосенгин агьлоялъе
Гьес гьабунщинаб бицун, ракIалде щойзабуна.
Щивав рагъухъанасул ракIалда чаранги лъун,
Рагьизе гьира балеб вагIза жинца гьабуна.

Цинги шамалъулазде тIаде гьужум гьабуна,
Живгоги цеве лъугьун, кьабизе байбихьана.
Бакъанилги къалъулги как, тIаде босун, бана,
Имаъ-такбиралдалъун гьебги тIобайзабуна[1].

ТIобараб къоялъ рагъун, бакъ щинкIулеб гIужалда
Шамияб гIаскаралъулъ гьазимат хIасуллъана,[2]
Мусилалъул[3] рахъалде нахъе къан, мугъ рехана,
Нахъасан Аштарилаз хвалчабаца рацIцIана.

БецIлъун дуниял ана, гIодореччай лъугьана,
ГьебсагIат Ибрагьимил рекIарасде бер щвана, –
РатIлил рахъалъ къачIарав, къолден меседил кьерав,
Гъоркь рекIараб жиндир чу жайраналда релъъарав.

Жеги, цIакъго берцинаб сафихIатги[4] кодобгун,
Фарис[5] жинда вихьидал, Ибрагьимил хьул лъуна,

[1] Ай, ишара гьабун бана.
[2] Ай, бо биххана.
[3] Мусил – шагьараалде цIар.*
[4] Ай гьитIинаб сундукъ (шкатулка, масала)*.
[5] Фарис – чода рекIарав.*

РухI хъамун, тIурун унеб, ритIучI ккойзе бортулеб
БацI кинниги, Ибрагьим гьасда хадув вортана.

Хадув гIунтIараб бакIалълъ хьвагIун араб хвалченалъ,
Чодаса вортун, фарис сукI-сукIун гIодов ккана.
СафихIат жиндихъ щвана, жавад[1], тIурун борчIана,
Боги Ибну Аштарги мабиталде[2] руссана.

Радал тIаде рахъиндал Ибрагьимица гьезий
Гьадав фарисасулгун ккараб къиса бицана,
СафихIат жиндихъе щун, жавад борчIун анилан,
Элда хадув ракIбухIун хутIанилан абуна.

ТIурун духъа борчIараб жавад дица ккун бугин,
Дуца ургъел тейилан цо гьалмагъас абуна.
Цинги свахIибу-л-жавад щивдаян лъайзе бокьун,[3]
Балагьизе гьал индал, Ибну Зияд ватана.

Тушманасул бетIер гьаз гьебсагIаталъ къотIана,
Босун, Ибрагьимида, «Гьале», - ян, цебе лъуна.
Цинги Ибну Аштарий рохел кIицIол цIикIкIана,
Халикъасе рецц гьабун, сужда жинца гьабуна.

Цинги боялда гъорлъа лъабнусиялда хадув
Лъабкъоялда анцIго чи жиндир камун ватана.
Дансиязул абуни, анцIазаридасаги
Лъукъаралгин хваразул къадар тIаде бахана.

Хадуб Ибрагьимица: «Мухтарихъе ритIизе
Хасал чагIазул бутIрул данде гьаре», – абуна.

[1] Жавад – чу.
[2] Ай, жалго чIолеб бакIалде (сордо байзе).
[3] Ай, доб тIурун араб чуялъул бетIергьан щивдаян лъайзе бокьун.

Ибну Зияд, ШархIабил, ХIасин, ЗабигIат гIадал,
Руасаазул[1] бутIрул тIолалго ракIарана.

Гьанжи Ибрагьимица, рагъул хIасилги рехсон,
Рохалилаб кагъат, хъван, Куфаялде битIана.
Кагъаталда цадахъго бутIрулги ритIун ана,
Ибну Зиядил бетIер цебехъанлъун гьабуна.

Гьаб куцалда ун, къокъа Куфаялда рещтIана,
ШигIату агьли-л-байталъ[2] рохун такбир бачана.
Бану-умайятазул рахъккуразде абуни,
Ибну Зияд чIванилан, чIегIераб къо рещтIана.

Щибаб ботIрол гIиналда цIар хъвараб кагъатги бан,
Куфаялдасаги гьел Маккаялде ритIана,
Магьди-имам – МухIаммад ибну ГIалил цIаралда[3]
ГIубайдил Мухтарица лъикIаб кагъатги хъвана.

Лъеберазарго динар агьлу-л-байталда гьоркьоб
Бикьа-биххеян абун, – гьебги цадахъ регIана.
Цинги, Ибну ГIубайдил къапила тIаде щойдал,
ШигIату ГIали асхIаб, ахIун, данде гьаруна.

МухIаммадица гьазий Мухтарил кагъат цIалун, –
Кутакалда рохиялъ къавмалъ сужда гьабуна.
Кагъатгун цадахъ щвараб лъеберазарго динар
Лъалел-кIолелщиназе гьебги бикьа-биххана.

[1] БутIрузул, церехъабазул.*
[2] Ай, ГIали асхIабасул рахъ ккураз.*
[3] Ай, ГIали асхIабасул вас МухIаммадиде ГIубайдил Мухтарица «Магьди» абураб цIар ахIун букIана.

Гьанжи бутIрул ракъдада, халкъалда рихьуледухъ,
РукъичIого теялда къавмалъ хIукму гьабуна.
Гьелда Ибну Зубайир – ГIабдуллагь разилъичIо,
Ракь бухъун, хобги гьабун, гьенир тIолго рукъана.

Гьадинаб бихха-хичи халкъалда гьоркьоб ккана,
Койр байзе щвара-щварас улкаби билагьана.
Мисри-Шамалъул ханлъун ГIабдулмалик лъугьана,
Куфаялъул вилаят Мухтарица босана.

Басраялда абуни, МусгIаб – хIаким вукIана,
ХIижазалъул улка-ракь Ибну Зубайрихъ[1] ккана,
Азаракъатаздехун Ибну Аби Суфратги,
МусгIабил рахъалдасан рагъ гьабулев вукIана.

Рагъазул хIасилалда бергьенлъи жиндий щварав,
Жазиратги билагьун, Ибну Аштарги чIана.
Щун бугеб ресалдаса пайда босун лъикIилан,
МусгIабги хIадурлъана Куфа шагьар бахъизе;

Азаракъатазулгун хIарбуялда вукIарав
Ибну аби Суфратихъ хъвараб кагъат битIана,
Куфаялда койр лъурав дов гьересияв Мухтар
Тезе бегьуларилан, комек тIалаб гьабуна.

Гьаб хабар Куфаялде ГIубайдил Мухтарихъ щун,
Аштарил Ибрагьимихъ кагъат гьасги битIана.
Кагътал такрарлъаниги, Мухтарий комекалъе
Куфаялде тIадвуссун Ибну Аштар вайинчIо.

[1] ХIижазалда – Ибну Зубайир ГIабдуллагь, Басраялда – Ибну Зубайир МусгIаб, – кIиялго вацал руго гьал, ГIавамил Зубайирил васал (р.гI.).

Азарго рекIаравгун дов Ибну аби Суфрат,
МусгIабил кагъат щойгун, Басраялде вачIана.
РекIаралгун, лъелалгун лъабазарго чи вугеб
Ибну ГIубайдицаги[1] гIаскар данде гьабуна.

ГIаскаралъе бетIерлъун Ибну ШамитIги гьавун,
Ибну Зубайр МусгIабгун дандчIвайзе витIун ана.
Анкьазарго рагъухъан МусгIабилги вукIана,
Басра шагьаралдасан гьавги къватIив вахъана.

Гьанжи кIиябго къуват цуцаде данде чIвана,
Данде кколареб мурад кIиязулго букIана.
МусгIабил гIаскаралъул – ГIубад цеве вахъана,
Цинги Мухтарилазде, ахIун, гьаракь гьабуна:

«Ила КитабилЛагьи ва суннати МухIаммад,
Нежеца нуж ахIулин, – гьезда лъайзе гьабуна.[2] –
«Гьединго нуж ахIулин амиру-л-муъминина
Ибну Зубайирие байгIаталде», – абуна.

Мухтарил гIаскаралъул – ГIабдуллагь бину Камил
ГIубадил тIалабалъе жаваб кьезе вахъана:
«Ва нахIну айзан надгIукум ила КитабилЛагь
Ва суннати набиййигь МухIаммадин»,[3] – абуна.

«Гьединго нуж ахIула ГIубайдил Мухтарие
БайгIат гьабизе, – абун гьасги тIалаб гьабуна. –
ТIадеги нуж ахIула, гьаб амроялда тIасан
Агьлул-байт гIахьал гьабун, мушавара гьабизе.

[1] Ай, Мухтарица.
[2] Ай, Къуръан-хIадисалдалъун хIукму гьабиялде ва Ибну Зубайирие байгIат гьабиялде ахIулин абуна. (ай, Къуръаналъул ва хIадисалъул хIукмуялде).
[3] Ай, дозго гIадин гьазги абулеб буго нежеца нуж ахIула Къуръангин суннаталде абун.

Гьездаса имраталъе [1] дун хIакъавин абулев –
Дунял-ахираталда гьев нежер чи кколаро».
Гьадинаб калам гьабун, кутакалда дандечIун,
Куфаялъулас жаваб басриюназе кьуна.

МусгIабида гьаб рагIун, ццин бахъун, гьес буйрухъ кьун,
Басраялъул гIаскаралъ тIаде гьужум гьабуна.
Гьаз куфаялъулазде кьаби щойзе гьабуна,
Ибну ШамитIги чIвана, боги бихха-хичана.

Басраялъул гIаскаргун фурсат гьазул рекъечIо,[2]
РекIаралги лъелалги – гIемерав чи гъурана.
ГъуричIого хутIарал тIурун нахъе рорчIана,
ТIадруссун Куфаялде къабихIаб куцалъ щвана.

Пашманлъиялъ сверун ккун, Мухтар хIайран гьавуна,
МусгIабил корщел жинда батиги якъинлъана.
Аштарил Ибрагьимги гьасдаса ватIалъана.
Басраялъул гIаскарги Куфаялде лъугьана.

Куфаялъул шигIатал гьазде данде рахъана,
Гьанжи кIиялго цуцалъ рагъизе байбихьана.
Бугониги, Мухтарил къуват дагьаб букIиндал,
Къасруялде[3] жаниве ахир кIанцIизавуна.

Басраялъул гIаскараз хъала сверун босана,
Хъалаялде жанире сурсаталги къотIана.
ГIусман асхIабасул рукъ сорун ккуралда релълъон,
Лъинцин тIадеги къотIун, къо бихьизе гьабуна.

[1] Ай, агьлу-л-байталдаса амирлъиялда (бетIерлъиялда) вукIине.
[2] Ай, рес рекъечIо.*
[3] Ай, хъалаялда жаниве.

Гьаб мухIасараталъги[1] Мухтар къуркьизавичIо,
КъвакIараб гореб жаваб басриюназе кьечIо.
Жиндирго гIумруялда ахир лъезе къачIана, –
Къокъаги цадахъ бачун, бода гъорлъе кIанцIана.

Биял гIодоре тIураб кутакаб рагъ гьабуна,
Гьалмагълъиги чIван тIагIун, Мухтар живго хутIана.
МусгIабица буйрухъ кьун, Басраялъул гIаскараз,
Киналго сверун лъугьун, гьоркьов вайзе гьавуна.

Гьасде жоран, гьав жован, цуцазде хьвагIулаго,
Цо къедалъул ракьанде Мухтар кIанцIизавуна. –
КIиго вацас цадахъго, цохIо койралъ кинниги,
Кьабурал хвалчабаца чодаса гъоркье ккана.

ГIедегIун тIаде кIанцIун, кIиявго вацас цадахъ
КъотIун, Мухтарил бетIер МусгIабихъе босана.
Хъалаялъуб хутIараб тIолго гьесул гьалмагълъи, –
МусгIабица аман кьун, эркен гьелги гьаруна.

Гьанжи Умму Сабитги ГIимрат бинту НугIманги[2] –
КIияйго МусгIабица жинда аскIур ахIана:
«Ножоца Мухтариде щиб абулеб?» – гьикъана,
Щибдай гьез бицунаян лъайзе тIалаб гьабуна.

Ножоца абухъего, дицаги абулилан
Умму Сабит абулелъ жаваб тамахаб кьуна.
Жавабалдаса МусгIаб разиявлъун хутIана,
«Изгьаби ахIсанти»,[3] – ян, эркен гьаюн, йиччана.

---

[1] Ай, сверун ккоялъ.*

[2] КIияйго – ГIубайдил Мухтарил лъади.

[3] «БитIун буго, мун а», - ян абуна.

Гьанжи НугІманил ГІимрат кІалъайзе йиччан тана,
Мухтарие гьелъ кьолеб къимат щибдан бихьана,
Щибниги чучаб рагІи ГІимратица бицинчІо,
БукІине кколеб къимат Мухтарий кьун, кІалъана.

«Аллагьги, Аварагги, агьлу-л-байтги бокьулев,
Муъминав лагъ вукІанин»,–кІалгьикъун, жаваб кьуна.–
Ножоца гьев чІваниги, чІаго халат хутІизе
Нужги ратиларилан, ракІ МусгІабил борлъана.

РакІалда рекъолареб ГІимратил гьаб каламалъ
Каранда ругъун лъурав МусгІабил ццин бахъана.
Цинги, гьей чІваян абун, амро жинца гьабуна,
Жинда мунагьго гьечІей гьейги ракьалда лъуна.

Гьанжи Ибну Зубайир – МусгІабица кагъат, хъван,
Аштарил Ибрагьимихъ Мусилалде битІана.
Мухтар чІваялъул хабар жаниб баян гьабуна,
Жиндир вац ГІабдуллагьий байгІаталъе ахІана.

«БайгІат дуй къабуллъани, аминан мутІмаиннан,[1]
ТІокІав нахъ вахъичІого, нежехъ вачІа», – абуна. –
Дур хвалчаца бахъараб улка ракьалъул амир
Мун вукІине вугилан, къотІи-къайги гьабуна.

Гьебго заманаялда Мухтар чІаялъул хабар
Димишкъи шагьаралде ГІабдулмаликихъ щвана.
Аштарил Ибрагьимихъ гьасги кагъат битІана,
МусгІабица гІадинал къотІабиги гьаруна.

[1] Ай, «Дуе аман буго, хІинкъичІого парахат вачІа», - ян абуна.

ТIолабго ГIиракъалъул ханлъи духъ букIинилан,
БайгIаталде гьев ахIун, жаваб тIалаб гьабуна,
Имраталда дагIба бан, жинда данде хIалтIулев
Дов Ибну Зубайирил гIайибалги рехсана.

Рагъуе гьунар бугев, лебалав Ибну Аштар,
КIиясго цуцахъе цIан, гьоркьов вайзе гьавуна.
Гьанжи Ибрагьимица хавасал[1] ракIарана,
МаслахIат киндайилан гьелгун гIакъло дандбана.

ГIабдулмаликил рахъалъ шураялъе[2] бокьана
Шамалде, Ибрагьимил ракIалъ къабул гьабичIо.
Гьезул жинца чи чIвайчIеб къабилатго гьечIилан,
ГIиракъги тIаса бищун, МусгIабихъе вачIана.

МусгIабица, цIакъ вохун, тIаде къабул гьавуна,
ТIадегIанаб жаизат сайигъатлъунги кьуна.
Нилъгун Ибну Аштарги цолъанилан кагъат хъван,
Маккаялде вацасухъ хехав чапар витIана.

ТIолабго ХIижаз, ГIиракъ, Жазират, Армения͏т,
Еменгун Азербайжан Ибну Зубайрихъ щвана.
Шамалда, Мисриялда, Магърибалъул ракьалда
Марванил ГIабдулмалик – гьасул шавкат[3] билълъана.

Гьанжи гьоркьоб ккараб дагIба-рагIи сабалъун,
ГIубайдуллагь – Ибну-л-ХIур МусгIабидаса тIуна.
ГIиракъалда жанивго бахIарчилъи бергьарав
Гьес гьарурал рагъазул къиса халатаб буго.

---

[1] Ай, хассал, божарал гIадамал.*
[2] Ай, мушавара жедергун гьабуразе.
[3] Шавкат – къуват, гуч.*

Ахиралда Ибну-л-ХIур жиндир гIаскаргун цадахъ
ГIабдулмалик ханасухъ Димишкъиялде ана.
Дос тIаде къабул гьавун, аскIув гIагар гьавуна,
Нусазарго диргьамги гьесий кьезе манлъана.

«Малалде хIажалъун дун вачIарав гьечIо», – абун,
Ибну-л-ХIур ханасдехун хабар бицун кIалъана.
Хадуб жиндирго мурад гьесий баян гьабуна,
Боялде хIажат вукIун вачIанилан бицана.

Цинги ГIабдулмаликий тIадеги рохел щвана, –
Шамияб гIаскаралъул ункъазарго чи кьуна.
ГIиракъалъул боялде данде шамиял къараб
Къуватги цадахъ бачун, Ибну-л-ХIур вагъарана.

Унаго, свак чучизе, цо бакIалде рещтIана,
Шамиялгин гIиракъал хабаралде руссана,
Бицунаго-толаго цебего лъугьун араб
Амру сафайни[1] рехсон, дагIбаялде сверана.

ДагIба-раги биццалъун, цуцаде гьесардана,
Гьоркьоб жого гьечIого кьаба-тунки лъугьана.
Тушманлъиги цIилъана, гIаскарал цуцалъ рана,
ГIиракъазги шамазги рагъизе байбихьана.

Биял гIодоре тIуна, кIудияб питна ккана,
КIиябгоги рахъалъул дагьал чагIи хутIана.
Гьел хутIарал шамиял тIадруссун нахъе ана,
Ибну-л-ХIурги, хIайранлъун, пашманлъиялде ккана.

[1] Ай, ГIали асхIабасдаги МугIавиятидаги гьоркьоб ккун букIараб дагIбаялдасан.

Гьаниб ккарабщиналъул хабар МусгIабихъ щвана,
Щварабго ресалдасан пайда боссе лъугьана.
ГьебсагIаталъ щунусго фарис хIадур гьавуна,
Гьезда тIад ГIабасил вас – ГIубайд къаидлъун[1] тана.

Ибну-л-ХIур тIалаб гьави тIадкъан, буюрухъ кьуна,
РекIаразул гьаб богун къаид нухав регIана.
ГIаскаралъул хутIарал дагьа-макъал чагIигун
Фураталъул рагIалда Ибну-л-ХIурги вукIана.

ХIур бахъун тIаде щолеб рекIараб гIаскар бихьун,
МусгIабил гIаскар букIин Ибну-л-ХIурида лъана
«Иркабу хуюлакум я бани-л-ахIрар», — абун,[2]
БахIарчияв Ибну-л-ХIур къокъаялде кIалъана.

«Жакъа нуж кирамаллъун[3] хва, – ян амро гьабуна, –
Асирлъуде унге», - ян, гьезий хабар бицана.
Хвалчаби-хучдул къачIан, чуязда жал рекIана,
КIикъоялда анцIгоцин гIадад[4] гьезул букIинчIо.

Доб Басраялъул гIаскар – щунусго гIун рекIарав,
КIикъоялда анцIгоцин чи гьечIев гьазул къокъа.
Гьанжи гьал кIиялгоги цуцаде гIагарлъана
ГIараб шигIруги ахIун Ибну-л-ХIур цеве чIана.

Цинги гьалмагъзабигун, гъалбацIазул тIел гIадин,
Басраялъул бодулъе, берал къанщун, кIанцIана.

[1] Къаид – боязул бетIер
[2] Ай, «Гьанжи нуж чуязде раха», – абун.
[3] Ай, къадро-къиматалда.*
[4] ГIадад – рикIкIен.*

Бащдаздаса цІикІкІарал цо сагІаталда жанир
Жиндир гьалмагъзабазул ахираталде ана.

Ахиралда Ибну-л-ХІур живго цохІо хутІана,
ТІаделъун, басриюназ гьоркьов вайзе гьавуна.
Гьезул цояс тункараб хечалъ чорхол къуват хун,
Чодаса гъоркье вортун, Фурат рагІалде ккана.

Фурат гІоралъул лъелъги дансиялгун къеркьана,
Гьесда аскІуве къайзе къуват чиясул гІечІо.
КъватІиса чІорал речІчІун, рагъ гьабизе лъугьана,
«Гьанжи кин буго?» – абун, кІалал гьесда гьикъана.

«Нуж бихьинал ратани, цо-цоккун мубаразалъ[1]
РачІа дихъе», - ян абун, жаваб гьасги гьабуна.
ЖарахІатал[2] гІемерлъун, къуват загІиплъун ккедал,
Заварикъазул[3] цояб Ибну-л-ХІурица ккуна.

Цинги гьеб завракъалъул свахІибасде[4] кІалъана,
«Дун гІурул доб рахъалде ваче», - йилан абуна.
Вачаралъухъ ужра-мухь кьезе къотІи гьабуна,
Гьелда разилъиги ккун, церехун рагъарана.

Цинги МусгІабил боялъ, Фурат рагІалде рачІун,
МалахІасе[5] хІинкъи кьун, ахІизе байбихьана:
«Амиру-л-муъминина – Ибну Зубайиride
Данде вахъарав гьев чи нежехъ ваче», – абуна. –

[1] Ай, хвалчад рахъине.*
[2] Ругънал.*
[3] Завракъ – гъаяхъ, лодка (мн.ч. заварикъ)*.
[4] Ай, бетІергьанчиясде.*
[5] Ай, гамихъанасе. *

АнцIазарабго диргьам, гьев тIадвуссинавуни,
Дур чвантиниб нежеца лъелин рагIиги кьуна.
ГIор бакьулъ щвараб гъаяхъ тIадбуссинабулелъул,
БитIун цебе бачеян Ибну-л-ХIур къацандана.

Цинги, тIатIала речIчIун, хIулдаризе лъугьана,
Ибну-л-ХIуриде данде дов нартавгIан вукIана.
КIиялго ччекIолелъул, гъаяхъ цо хIалалъ чIечIо,
Цадахъ гъоркьеги рортун, Фурат гIурулъ гъанкъана.

Гъавасал[1] тIалаб гьарун, тIиналде реччан тана,
ТIадеги вахъун, Ибну-л-ХIурил бетIер къотIана.
Ибну Зубайирихъе Басраялде битIана,
Гьесги ила ахигьи[2] Маккаялде регIана.

ХIижазгин ГIиракъалда, ГIабдулмалик ханасе
ГIабдуллагьгин МусгIабил шавкат билъин бокьичIо.
Басраялда рукIарал, жиндир рахъал кколезде,
Хъван, питна гьабейилан балъго кагъат битIана.

Басраялда абуни, кIиго рикьи букIана,
Марваниял шигIатаз тенкезе байбихьана.
Куфаялда вукIарав МусгIабида рагIана.
ЗахIар бину Къайс ахIун, амро гьесда гьабуна.

Азарго рекIаравгун Басраялде витIана,
ТIаде цойги азарго хадув витIунги ана.
Ибну Зубайирилаз Марванилал мерхьана,
Байбихьи гьабуралги туснахъалъур тIамуна.

[1] Лъелъ рукъулел гIадамал (водолазал).
[2] Жиндир вац ГIабдуллагьихъе.

ТIадагьаб жаза гьабун гьел танилан рагIидал,
ГIедегIун живго МусгIаб Басраялде вачIана.
Басраялъул халифа хехго аскIув ахIана,
Масжунинал[1] жиндихъе рачеян буюрана.

Рачун рачIун, цо-цоккун цере чIезе гьаруна,
ГьомербухIун, бадибчIван, кIалал гьезда гьикъана.
Рукъзал гьезул рухIана, боцIигин мал бахъана,
Нахъе щибго жо гьечIел фукъараал[2] гьаруна.

Гьадинаб гIадло-низам Басраялдаги гьабун,
Гьанжи МусгIаб, тIадвуссун, Куфаялдего ана,
Унаго – «Гьаб къавмалъул бетIер чияс борхани,
КъотIун дихъе битIе», - ян амроги гьабун тана.

Гьаб хIалалъ Басраялда жиндир къавм къварид гьаби
ГIабдулмаликида лъан, квешбукIун, захIмалъана.
Лъабкъоялда лъабазар рекIаразул гIаскаргун
ГIиракъалъул рахъалде ГIабдулмалик къокъана.

Мадинатун Мусил тун, цевехун вагъарана,
Цинги гьесул хивал-къасд МусгIабида рагIана.
Рагъуе хIадурлъана, гIаскар данде гьабуна,
Куфа шагьаралдасан досде данде вахъана.

Фарсахалъул манзилалъ, шагьар тун, цеве ана,
Гьенив цо авлахъалда сордо бахъизе чIана.
Боялъул гIемерисел МусгIабий хилифлъана,
Гьелдалъун жинде тIаде кIудаб ургъел бачIана.

[1] Туснахъал.
[2] Ай, щибго жо гьечIел мискинзабилъун лъугьине гьаруна.*

Ибну аби Фарватгун гIакъло дандбан кIалъана,
Дос нахъвуссун лъикIилан МусгIабида абуна,
Амиру-л-муъминина – дурго вац ГIабдуллагьихъ
Дуй ХIижазалде инго лъикI букIинин манлъана.

МусгIаб тIурун анилан гIарабал гаргадизе
Дица гьариларилан, гьелда инкар гьабуна.
Гьанжи МусгIабгун цадахъ цевехун иналдаса
Ибну Фарватицаги тIобанго инкар ккуна.

Укуларал гъоркьги тун, рагIи ккурал цадахъгун,
Хъвараб бихьилебилан МусгIаб чоде вахана.
МусгIабгин ГIабдулмалик – кIиявго данде чIвана,
КIиясгоги гIаскарал, мухъал гьарун, гIуцIцIана.

СагIаталъул заманалъ цуцаде чIорал рана,
Цинги, боял цуцалъ ран, рагъизе байбихьана.
МусгIабида цевесан Ибрагьим ибну Аштар
Шамалъул бода гъорлъе, берал къанщун, кIанцIана.

Бугеб къуваталъ кьабун, гIемерал чагIи чIвана,
ГIаламалъулъ цIар араб кутакаб рагъ гьабуна.
Гьанжи ГIабдулмаликил гIаскаралъ сверун ккуна,
Койр щвараз хучдул тункун, чодаса гъоркье ккана.

Нахъеги тIаде кIанцIун, хвалчабаца кьабуна,
ЛъебергогIанаб ругъун жиндир черхалда щвана.
Хойдал бетIер къотIана, бахIарчи гьедин хвана,
ГьебсагIат, босун, бетIер ГIабдулмаликихъ щвана.

Ибну Аштар ватIалъун, МусгIабил койр бекана,
Бащдаб бо гъурарабгIан ками жиндие ккана.

Гьанжи гьалмагълъиялъул цоясдехун кIалъана,
«Аба ГIусман, такъаддам хайлака»,[1] - ян абуна.

Бергьунареб бакIалда къун чIейиго лъикIилан,
ЧIвалев лъан, Абу ГIусман бода цеве лъугьинчIо.
Байрахъ дуца борхеян цойгиясде абуна,
БетIер досги цIунана, данде инкар гьабуна.

«Ибрагьим бину Аштар вугеванищ жакъа!» - ян,
Ургъел жиндего бикьун, Ибну Зубайр чучана.
«Амиру-л-муъминина дуда тIаса лъугьанин,
Койрде вачIа!» - ян абун, Ибну Марван[2] кIалъана.

Амирул-муъминина ХIижазалда вугилан,
Жиндирго шаънуялда[3], къвакIун, МусгIабги чIана.
МусгIабиде шамияз чIор байзе байбихьана,
ЧIораца черх басана, чода тIад хIалалъ чIана.

ХIал щун, МусгIабил валад[4] – ГIиса цеве вахъана,
Инсуда цеве хойзе жинца тIаде босана.
Дуеги аман бугин, нежехъе вачIа абун,
Ибну Марван МухIаммад ГIисадеги ахIдана.

«Дун ножокьа хIинкъанин къурайшазул руччаби
КъватIахъ гаргадиларин», – ГIисаца жаваб кьуна,
Жинца тIаде босараб къотIи тIобайзабизе
ТIобараб нийяталда бода гъорлъе жована.

[1] Ай, Абу ГIусманиде абуна чугун цеве вахъаян.*
[2] Ай, Марванил вас.*
[3] Ай, жиндирго къагIидаялда.*
[4] Ай, МусгIабил вас.*

Жиндир черхалъул корщел кодоса ун ккезегIан,
ГIисаца шамиязул гIаскаралда кьабуна,
Кьабуралгин тункарал ругъназул хIалги бергьун,
БахIарчияв гIолилав живгоги гIодов ккана.

ГIедегIун тIаде рортун, бетIер гьесул къотIана,
Босун, ГIабдулмаликихъ гьебги щойзе гьабуна.
Гьанжи Ибну Зубайир – МусгIаб живго хутIана,
Жиндир къаркъалаялъул къуват-жанги тIагIана.

ТIаде вортун, шамияс жинда цо хеч тункана,
Чодаса гъоркье вортун, ракьалда гьевги ккана.
ГьебсагIаталъ цойгияс, вачIун, бетIер къотIана,
Васасулалда хадуб ГIабдулмаликихъ щвана.

ГIабдулмаликил рекIел мурад гьанжи тIобана,
ТIолалго анищалги гIумруялде рахъана,
Нахъияб иш гьабизе Куфаялде вачIана,
Киназего аман кьун, божи гьезий гьабуна.

Гьанжи куфаялъулал байгIаталде ахIана,
ДандечIей гьабичIого, киналго мукIурлъана.
Мисри-Шамалде тIаде ГIиракъалъул улкаги
ГIабдулмалик ханасул корщаликье буссана.

Куфаялда рукIарал гIарабазул вужугьал, –
Гьелги данде ракIарун, кIудияб мажлис лъуна:
«МусгIабил вац – ГIабдуллагь Ибну Зубайирилгун
Иш гьабун бажарулев чи вугищ?» - ан гьикъана.

Гьикъаралъе жаваб щун ГIабдулмалик вохичIо,
ГIарабазул вужугьал, сихIкъотIун, руцIцIун чIана.

Юсуфил ХIажажие, жинда бихьун букIараб,
Макъу загьир гьабизе бокьараб хIисаб ккана.

Макьилъ, Ибну Зубайрил жинца тIаса тIом бахъун,
Гьесда бихьараб макъу ГIабдулмаликихъ щвана.
ГIабдулмаликица гьев жинда аскIув ахIана,
«Ма ллази раайта?[1]» - ян ХIажажида гьикъана.

ХIажажица гьесие жиндир макъу бицана,
Жинда тIад щиб къаниги гьабизе разилъана.
Гьеб дуца, тIаде босун, тIобайзе гьабиялде
Дир хьул бугилан абун, ГIабдулмалик вохана.

ГIиракъ-Мисри-Шамалъул, анлъазарго чи вугеб,
ГIаскарги хIадур гьабун, ХIажаж – бетIер гьавуна.
Жанив ХIабиб гьавураб ХIарамалъул ракьалде
Кьалулаб сапар бухьун, боял нухар регIана:

«БитIахъе ХIарамалде жаниве лъугьинчIого,
НахъегIан чIейи гьабун, балагье, - ян абуна. –
Ибну Зубайирие нухал къан, сверунги ккун,
Дир амро бачIиналъухъ халгьабе», - ян тIадкъана.

ТIаифалде жив щойдал, ХIажаж гьенив рещтIана,
Гьениб чIейиги гьабун, хIал-хIукму халгьабуна.
Гьанжи ХIанифатил вас – МухIаммад аскIув ахIун,
Эсулгун мушавара гьабизе къасд гьабуна.

МухIаммад, ХIажажица ахIаниги, вайинчIо,
Ибну Зубайирилгун ишалде гьоркьов къайчIо.

[1] Ай, «Щиб дуда макьилъ бихьараб?» - ан.*

Гьанжи, ТIаифалде жив щун вукIин лъайзе гьабун,
Шамалде ХIажажица рисалат битIун ана.

Ибну Зубайирица, гIемерав чи вакIарун,
КIудияб дандечIейи гьабун бугилан хъвана.
Гьединлъидал диеги дагьабги гIаскар кьеян
ГIабдулмалик ханасде ХIажажица гьарана.

Жиги анлъазарго чи, ХIажажий комекалъе,
Мисригин Шамалдасан ханас нухаб регIана.
ГIабдулмаликил рахъалъ гьаб комек тIаде щойдал,
Маккаялъул рахъалде ХIажажги вагъарана.

АбтIахIалде рещтIана, гьениб чIейи гьабуна,
Гьеб лъан, Ибну Зубайрги гьасде данде вахъана.
Данде щвараб хIалалъго хIарбуялъе[1] къачIана,
Къо инегIан рагъ гьабун, къасе хIалхьи гьабуна.

Гьеб сордо рогьиндалги рагъизе байбихьана,
Рагъ гьоркьоб къотIичIого, къоял гIемерал ана.
ГIабдулмаликидаги гьеб рагъул хабар лъана,
ГьебсагIаталъ хъван кагъат ХIажажихъе битIана.

«БайгIат къабул гьабуни, Ибну Зубайириде,
Аман дуе бугилан абе, – абун манлъана, –
Мунго тIадвуссунелъул мукраман ва аминан[2]
Анивги ваче», – йилан, гьабги тIаде жобана.

Гьаб кагъат, кодобе щун, ХIажажица цIалана,
ЦIалун мурад босидал, ГIабдуллагьихъ битIана.

[1] Ай, рагъуе.*
[2] Ай, кIодо гьавун, божиги кьун.

ГIабдуллагь ибну Зубайр кагътиде валагьана,
Гьелда бугеб бицине эбелалъухъе ана.

Абу Бакар Сиддикъил яс – Асмаъ гьей йикIана,
Гьелъ васасе насихIат мустахIикъаб гьабуна:
«БачIинахъего байгIат гьабун букIарабани, –
Гьеб цо иш букIанилан, – ургъун, жинца абуна. –

Амма гьанжи тавакал Аллагьасде тIаме», - ян,
Иман щулияй Асмаъ магIнаялда кIалъана.
ГIабдуллагь эбелалъул гIакълоялда рекъана.
ГIакъло мекъса кьеялда хIинкъи гьесул букIана;

«Ли ислахIи-л-умммати ва тасбити-л-улфати[1] –
Ибну Марваний байгIат гьаби букIарабани,
Гьалде щойзегIанго дун данде чIезе вукIинчIин
Дица мухIтасибан[2] рагъ гьабилин», – лъайзабуна.

Ибну Зубайирида ХIажажил ццин бахъана,
Цинги гьев сверун ккойи кутаклъизе гьабуна.
Кинабниги рахъалъан гIаскарал тIаде цуна,
ТIованго Ибну Зубайр жанив соризавуна.

Манжаникъал[3] хIадурун, хIарбуялъе[4] къачIана,
ХIарамалде жанибе, цIад гIадин, гамачI бана,
Байтуллагь – КагIбаялъул къадал жагъал гьаруна,
Жанире цIаял рехун, сатаратал[5] рухIана.

[1] Ай, «ГIабдулмаликие къотIи гьабиялъулъ умматалъе маслахIат-цолъи букIарабани».*
[2] Аллагьасе гIоло.
[3] Ай, гамачIречIулеб алат (доб заманалъул гIарада).*
[4] ХIарбу – рагъ.*
[5] Ай, КагIбаялда тIад ригъарал жал. *

ХIажажил вахIшияб рагъ бихьидал ракIунтарав,
Ибну Зубайирица тIаде гьужум гьабуна.
Гьеб гьужумалъ ХIажажий гIун тIокIаб ками ккана,
ТIадруссун рецIалие гьужум гьазги гьабуна.

Гьаб рагъул хIасилалда хIажажилаз хIал гьабун,
Ибну Зубайирилал ХIарамалъур кIанцIана.
ХIажажица буюрун, абвабал[1] раха-къакъан,
КъватIирехун рорчIизе нухал гьазие къана.

Гьанжи Ибну Зубайир сверухъе валагьана,
Гьалмагълъиялде вуссун, хитIаб жинца гьабуна:
«Ман минкум якрагьу-л-мавт фа-л-ялхIикъ би-къавмигьи
Ва гьува фи хIиллин мин байгIати!»[2] - ян ахIана.

Ибну Зубайирие гьалмагълъи хилифлъичIо,
«Мун хваралъув хойзе ниж хIадур ругин», – кIалъана.
ЛъабнусгогIан гIечIев чи – гIадад[3] гьезул букIана,
Гьанжи хIажажилалгун рагъизе байбихьана.

Рагъулаго къо ана, къасе сордо бачIана,
Масжиду-л-ХIарам сверун хIарасал[4] чIезаруна.
ХIарамалда жаниса Ибну Зубайр къватIиве
ТIурун ине горилан, цIакъ цIодорлъи гьабуна.

Байтуллагьалда[5] сверун, хутIараб гьалмагълъигун,
Гьеб сордо тIавафалда Ибну Зубайрил ана.

[1] Ай, каваби.*
[2] Ай, «Хвезе рихарав чи ватани ножор, гьев жиндирго къавмалъухъе тIадвуссун ине бегьила, дие гьабураб къотIиялдасаги гьев эркенав вуго».*
[3] ГIадад – рикIкIен.*
[4] Ай, хъаравулзаби. *
[5] Ай, КагIбаялда.*

Рогьиндал жамагІатгун, как ахІун, фарз тІобана,
ХІарам тун къватІибехун нух бахъизе къасд ккана.

Мокъокъазул гурулъе речІчІулеб хъергъу гІадин,
ГІабдуллагь гъорлъ речІчІидал, хІарасал рикь-рикьана.
ХІажажил бода гъорлъан, Масжиду-л-ХІарамги тун,
ХІадураб лачен гІадин, къватІивехун ворчІана.

Рокъобе нух бахъана, хъизаналъухъе ана,
Гьезие къо-лъикІ гьабун, эбелалъухъ вортана.
Эбелалъул надалда убач гьабун, гІодана,
Гьелъий, сабро гьабеян, насихІатги гьабуна.

«Сабро – дур умумузул гІаламат бугин, дир вас,
Дуйги сабро кьеги», - ян эбелалъги абуна.
Эбелалъул саброялъ вас тІадеги вохана,
Халикъасе рецц гьабун, разилъун жив хьимана.

Рохалилаб берталъе кьурдизе унев гІадин,
Ургъел тун, Ибну Зубайр хвалие къачІадана.
Къо-лъикІ гьабун, эбелги рехсараб хІалалда тун,
Масжиду-л-ХІарамалде ГІабдуллагь тІадвуссана.

Суюфал-римахІалгун[1] хІажажилал тІаделъун,
ТІетІезе гьелги гьарун, ХІарамалъув лъугьана.
Гьанжи Шамалъул гІаскар, щун бачІунеб лъар гІадин,
Щибаб гьапуялдасан ХІарамалъур кІанцІана.

Масжиду-л-ХІарамалъуб биял гІодоре тІуна,
Лъабкъоялда анцІго чи ГІабдуллагьил хутІана.

[1] Ай, хвалчабигун, хучдулгун.*

Гьеб хутIараб къокъагун къуркьичIого вагъана,
КIикъого гьезулги чIван, рагIалде ракIарана.

ГIабдуллагьида тIаде кинабго рахъалдасан
Рахъарал хвалчабигун, хIажажилал кIанцIана.
КIиго шамияс, кьабун, гIодов ккезе гьавуна,
ГIодов ккедал, хойзегIан, цойгиязги кьабуна.

Цинги тIолго гIаскаралъ, ахIун, такбир бачана,
Эбелалда сас рагIун, вас чIварав якъинлъана:
«Къутила валлагь ибни ГIабдуллагь [1], - ан абуна. –
Инна лиллагьи...», – абун, жиндего зигар бана.

Ибну Зубайирги чIван, хутIарал гьалмагъзаби –
Гьелги хIажажилаца ХIарамалъур гъурана.
ХIарамалда жаниса, рехъерхъун, къватIир рана,
Ругьалие цониги нахъе чи гьезул течIо.

ЧIван хадув Ибну Зубайр, ХIажажица буюрун,
ХIатIал хъорщода рухьун, дализеги гьавуна.
Гьанжи ГIабдулмаликихъ Шамалде кагъат хъвана,
Ккарабщинаб вакъигIат гьесий баян гьабуна.

БетIер Шамалде битIун, Маккаялда хутIараб
Ибну Зубайрил жасад[2] кваридаго букIана.
Керен бухIарай эбел, лъабабилеб къояца,
Къварилъарай чучизе васасухъе ячIана.

Васасул, бетIер гьечIеб, жасад жинда бихьидал,
Бераз магIу ккойчIого, эбел гьесухъ гIодана:

[1] Ай, «Дир вас ГIабдуллагь чIвана», - ян абун.*
[2] Ай, къаркъала.*

«Дунги, БетIергьан-Аллагь, гьасдаса рази йигин,
Мун разиявлъунги гьав гьаве», - йилан гьарана.

Гьадинаб дугIа-алхIам васасеги гьабун тун,
Сабру берцинай эбел ХIажажихъе ячIана.
ХIажажидехун юссун, «Ама ана ли гьаза
Ракиби ан янзила?»[1] – абун, калам гьабуна.

Асмаил калам къотIун, ХIажаж хъачIго кIалъана,
ХIадис гьесие цIалун, Асмаъги данде чIана:
«Аварагас гьабураб сифат дур буго», – абун,
Гьесдаса хьулги къотIун, къваридго нахъюссана.

Къваридго нахъюссарай Асмаида ракIбухIун,
ХIажажица ГIабдуллагь кваридаса вахъана.
Восун, эбелалъухъе рокъов щойзе гьавуна,
Гьенив чурун, мусрал ран, как бан, хабалъ вукъана.

КагIба-рукъалъе ккараб жагъаллъи баян гьабун,
Мажаникъаз рехарал гамчIаз къед биххи бицун,
«КъачIан, ислахI гьабизе изно дур бокьун бугин», –
Ибну Марванихъ кагъат ХIажажица битIана.

ХIажажил кагъат щойгун, кодоб гIураб боцIигун,
ГIабдулмаликица вас Маккаялде витIана.
«БетIерлъи гьесги гьабун, КагIбатуллагь къачIазе
Къурайшиял тIаме», - ян данде жавабги хъвана.

Жагъаллъизе гьабураб – Зам-зам бугеб рахъалгин,
Рукну-л-ямани биххун цIидасан къед гьабуна.

[1] Ай, «Гьав рекIарасе чодаса рещтIине мех щун гьечIищ?»*

Къурайшазул чІахІияз гамачІ гьелъий баччана,
Гьел горез, КагІбаялда гамачІ лъезе беччайчІо.

Байтуллагьги къачІана, ХІажажги тІадвуссана,
Исламияб халафат ГІабдулмаликихъ ккана;
Мисри-Шам-ГІиракъалда, ХІижазалъул ракьалда
Жиндир низам гІуцІизе гІавамилалги[1] тана.

ГІаффанил ГІусман чІвараб къоялдасан байбихьун,
Бусурбабазда гьоркьоб гьабщинаб питна ккана.
Гьеб сабаблъун рикьарал агьлу шагьадатайни,
Жасусал гьоркьор хІалтІун, цолъизего реччайчІо.

Цинги, кІиго чиясда гьоркоб дагІба бижани,
Гьев кІиясулго цояв – мекъав вукІине ккола.
Мекъавги витІаравги ватІа гьавизе ккани,
БитІараб хІукмуялде гьел рачІинеги ккола.

Гьезул щивав цоясе бергьенлъи бокьаниги,
РитІухълъи цояб рахъалъ букІинчІого рес гьечІо.
Бугониги щиб, инсан нафсалъги щайтІаналъги,
БитІараб къабул гьабун, къун чІезе толарелъул.

Турабиятал абун, ГІалилазде цІарги лъун,
Питнаялъ рахъаразе нахъа рохел щойларо.
Расул, агьлу-л-байталъул адаб тун хьвадаразда
Ахираталъул рокъов разилъилин кколаро.

Кинниги, агьлу-л-къиблат – гІусатал ругониги[2],
РухІбахъулъ ритІун ккани, хвасарлъилин бугелъул, –

[1] Ай, хІакинзаби.*
[2] Ай, бусурбабазухъа мунагьал кколел ругониги.*

Такъсир бихьун, замана жужахIалъуб бан хадуб,
Алжаналде гьел рачин тIахьазда бицунелъул;

БетIергьан тIаса лъугьун, ТIагьал шафагIатги щун,
ТIолабго агьлу-тавхIид[1] Алжаналде буссаги!
Нафсалде кIал гьикъизе, иблис къезе гьабизе,
Вагьбияб[2] хIавлу-къуват нелъейги насиблъаги!

Саййид-ХIосен чIваялда хурхараб къисаялъул,
Къокъ гьабун бицунаго, дагьаб халалъун ккана.
Халатго гьабичIого телилан вукIаниги,
Тезеги данде ккечIо, мурад хIасуллъичIого.

Гьанжи гIинтIамун бихье, гIажаибаб цо къиса,
ГIакъло бугел кантIизе, кагътиде босун тезин.
Кодоб хвалчен-ярагъгун рагъизе рахъаниги,
Нийяталъул халгьабе гьав эменгин васасул.

Амиру-л-муъминина – ГIали асхIабгун цадахъ,
Асал абун цIар бугев, лебалав вас вукIана.
Гьесул эмен абуни, ХIажал абун цIар бугев,
Бугъатазул бода гьорлъ МугIавятгун вукIана.

КIиясулго гIаскарал цуцаде данде щойдал,
«Ман юбаризу», – абун, ХIажал цеве вахъана.
ХIажалий жаваб гьабун, жавадалда[3] цIал кIутIун,
Жиндирго вас Асалги гьасде данде вачIана.

Гьанжи, хучдулги рахъун, цуцазде гьесардана,
Васас тункаралъ эмен чодаса гьоркье ккана.

[1] Ай, Аллагь цо гьавулелщинал.*
[2] Ай, Аллагьас кьураб.*
[3] Жавад – барти.*

Чодаса вортун хадув, бетIералдаса тIагъур
БатIалъарав ХIажалихъ Асал лъикI валагьана.

Васасда эмен лъана, гьесдаса намуслъана,
ГьебсагIат, гьури гIадин, инсухъе жив вортана:
«Эмен, мунищ вукIарав?» – абураб магIнаялда
ГIузру бачун, нечадго кIалъайзе байбихьана.

«КIвар гьабуге, дир вас, дий ккараб къварилъи гьечIин,
Гьекко дунгун Шамалде вилълъа, – йилан манлъана. –
Вал-амвалул-касират магIа МугIавят», [1] – абун,
ГIакъло кьолеб хIисабалъ, васасдехун кIалъана.

Васас: «Мунго, хех гьавун, жаннатул-хулдгун цадахъ[2],
Ахират живгун бугев ГIалихъ вачIа», – абуна.
Инсуца: «Я бунайя, гьаза ма ла якуну
Мин абика абадан»,[3] – данде жаваб гьабуна.

Гьанжи васги кIалъана: «Я абати, гьаза ма
Ла якуну мин ибник»,[4] – инсудехун абуна.
Инсулги васасулги рагIи данде байинчIо,
РачIа-рачIаралъуре кIиялго тIадруссана.

Васасе – Алжан бокьун, инсуе – дунял бокьун,
Унго, бихьулищ гьазул батIа-батIаяб къисмат?!
Къимат ножоцаго кье гьаз тIаса бищаралъе, –
БитIараб нохда ккела гIакъло гьаниб бергьарав.

[1] Ай, «МугIавятгун цадахъ гIемераб боцIиги буго».*
[2] Абадияб Алжан.*
[3] Ай, «ГIалихъе вачIин дур инсуца киданиги гьабуларо», - ян абуна васасде.*
[4] Ай, «МугIавиятихъе вачIин дур васасги киданиги гьабуларо", - ян васасги абуна.*

ГІарацалде мугъчІварал гьелде тІамун таниги,
Тавакал Дуде бугел ниж рехун тоге, Аллагь!
Ханзабаца бечелъи Бечедлъун ккунаниги,
Бечед – Мун вукІин лъалел нежеда гурхІа, Карим!

Рохун дунял гІуцІулел Мун кІочон хьваданиги,
Дулъ хивал хаІлтІуларел хивалал нежей кьоге!
ХІабибасул шаригІат гьезий бегьичІониги,
Гьидаяталъул нохда Дуца ниж чІезе гьаре!

Дин-Исламалде данде балъго хІалтІула ругел
Бахьикъосараб агьло бергьине Дуца тоге!
БитІараб нух бокьарал, бихьизе канлъи гьечІел,
Курмулги гІатІид гьарун, ГІалим, Дуца тІоритІе!

Дур амро-нагьюги тун, жагьлоялда хьвадулел,
Жагьилал гІолилазе гІелму насиблъун гьабе!
ГІадло-низам биххарал умараал[1] кантІизе,
Аллагь, Дурго кІодолъи гьездаги бихьизабе!

Гьаб пасадаб замана, зулмучагІазул бергьин,
Багьанаго гьечІого, чІван ралел гІолохъаби;
Бидул цІурал койразе, кирехун регьаниги,
Каваби рагьун тараб тамашаяб хІукумат.

ХІукуматазул бутІруз рагІият рехун тараб,
ТалавурчагІи цІикІкІун, халкъ язихълъараб улка.
Халкъалъул рушватаца гІадлочагІи хьихьараб,
ГІадло бокьанщиназул мугъал рекараб ватІан.

[1] Умараал – хІакинзаби, тІадчагІи.*

Муъминзабазул хьвади сурун бихьараб агьло,
Аллагьас жужахIалъе рижаралдай нуж ругел?
РекIелъ нифакъги бахчун, бусурбабиян чIарал,
Биллагь, нуж къватIир чIвараб цо къо бачIине буго.

Цо тасбихIалде данде дунял цIураб боцIи-мал
ЦIалареблъун батиги, таллагьи, хIакъаб буго.
ТалихI бугев ватани, инсан гьалде кантIила,
КантIун, тавбоги гьабун, тасбихIалде вуссина.

Тавбо гIибадаталъе – хуруе хьон гIадаб жо, –
Хьон хьвалареб хуралъул хайир-пайда щоларо.
Хойзе вукIинги лъалев Бишасул лагъ ватани,
Тавбоялде вачIине нахъе къан бегьуларо.

Къудраталъул Аллагьас чIобого кьураб нигIмат
Метер босиларищан, воре, нахъе тIамуге!
Нахъа гьабизейилан дунял толареб гIадин,
Тавбоялде вачIине кIванагIан хехлъи гьабе!

الله أكبر

# - ФАСЛО -

## ДАГЪИСТАНАЛДЕ ИСЛАМ БАЧІИНАЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

АлхIамдулиллагь, Аллагь, щибаб рецц Дуе буго,
Дагъистан – Алжаналъул ракьалдасан гьабурав.
Свалатгун салам лъеги хирияв ХIабибасда,
ХIадис гьелъул хIакъалъулъ жиндица бицун тарав!

Цинги, Аллагь разилъун, рохаги асхIабзаби,
Исламияб дин босун, Дагъистаналде щварал!
Даражабиги цIикIкIун Алжанал хIалаллъаги,
ХIадисалда нахърилълъун жигьадалъ[1] рахъаразе!

Гьанжи гIинтIаме, вацал, бицинин дагьаб хабар, –
Дагъистан-икълималъул къадрогин къимат лъайзе.
Къудраталъул Аллагьас «Алжаналъул ракь» абун
Жинде цIар тараб улка – гьелеха нелъер ВатIан!

ВатIан бокьи абуни, Иманалдаса буго, –
Расуласул хIадисалъ гьедин бицунеб буго.
Цинги, асхIабзабазе Маккаялда кинниги,
Квалквал диналъе ккани, гьижраги беццун буго.

Гьанжи, Дагъистан гIадаб, дин бацIцIадго цIунараб,
Дунялалъул букIназда бакI гIемер батиларо.
Бихьаралъе къимат кьун, хIакъаб рагIи бицунев
Бусурманчияс гьалде инкарги гьабиларо.

[1] Ай, гъазаваталде.*

Гьаниб гIадаб баркатги кибниги батуларо,
Кинаб рахъ босаниги, рес буго нилъ рохизе.
Бугони щиб, жагьлоялъ жиб гIелмуйин балеб къец, –
Цо-цо гIакъло дагъазда уян кколаребани!

«Алжаналъул ракь» абун цIар бугеб гьаб Дагъистан
«ЦIияб» дин манлъулезе мерхьине хIалаллъилищ?!
ХIалкIун агьлу-такъваялъ суннат ихIяъ гьабураб,[1]
ХIабибасул назратги[2] гьаниса къотIун кколищ?

АкътIабаз тIад койрги лъун, тIарикъат щулалъараб
Шамилил давлаталъе питна къварагIун гьечIо.
Питна кьижун букIуна, борчIизаби лъикI гьечIо,
Гьеб, борчIизабурасде буссунин хIадис буго.

ХIасадалдалъун гореб гIилла гьечIеб гIадават[3]
ГIилаж гьечIеб[4] унтуда релълъене гьабун буго.
Гьелъие дару-дарман батиялде хьул гьечIо, –
БетIергьанас цIунаги агьлу-л-хIасадалдаса![5]

БидгIаби гIемерлъидал гIалам питнаялъулъ ккей–
ГIакъилал имамзабаз тIахьазда бицун буго.
Бицарабги хIакълъана, бералдаги бихьана,
БидгIачагIаз, цIикIкIиндал, цIа халкъалдаги лъуна.

Халикъасул фазло-цIоб гьезда хIехьезе кIойчIо,
ХIилагин макро гореб, гьезул рекIелъ батичIо.

[1] Ай, Аллагьасдаса хIинкъулеб агьлоялъ суннат чIаго гьабураб, цIунараб.*
[2] Ай, ХIабибасул ﷺ бербалагьи.*
[3] ГIадават – тушманлъи.
[4] Ай, дару гьечIеб.
[5] Ай, жахIда-хIасадалъул агьлоялдаса.*

Бицунелда релълъараб гIамал хьвадизабичIо,
Доллараз асир гьарун, рагъичIого рорчIичIо.

Ракълилал гIадамазул гIумру гьездалъун хвана,
ГIемерав чи ракьалда гIайиб гьечIого лъуна.
ГIодоре биял тIуна, кколареб рагъ гьабуна,
РачIинегIан течIого, балагьал тIаде цIана.

БацIалгин циял рагъун, цурдуца би чIчIикIулеб, –
БичIчIизего кIолареб рагъалъулги тамаша.
Тушманго ватулареб, гIайибияв чи гьечIеб,
Гьаб гIадин лъугIулареб гIалагъважа бихьичIо.

БетIергьанасул хIукму хадуб лъикIаб батаги,
ЛъикIабщинаб гьабизе умараал тIамеги!
Исламалда тенколел кантIизарун ригьаги,
Кибехун батаниги, хIакъаб нухде рачаги!

Чачаназул ракьалда ракълилаб байрахъ чIваги,
Биял гIодоре тIезе тIокIаб хъван батугеги!
Питнаялъе ургъулел Аллагьас чIезареги,
Илагьиял анвараз[1] бецIал ракIал гвангъаги!

Бицуна гIалимзабаз, гIадамал, нилъ кантIизе,
Нелъее къварагIиндал гIакъло чидахъ батулин;
Чияда гIадин, нелъер гIайиб бихьуларелъул,
ГIайиб бицун кIалъалев нелъей матIулъун кколин.

ТIадеги гIалимзабаз, гIакълоялъул хIакъалъулъ, –
Нелъехъ бати бицуна, чидае къварагIиндал.

[1] Ай, Аллагь лъаялъул нураз.*

Чидай кьезеги гьечIев, кьурабги босуларев
Балид[1] данде чIван хадуб, гIакъиласги щибилеб?

БачIинаго оцол лълъар ккойилан аби буго,
Амма, борчIун ун хадуб, рачIчI ккун, доб буссунаро.
Бусурманав чиясе сабро – Алжаналъул кIул,
Агьлу-с-сабри[2] кидаго мекъса кканин рагIичIо.

Къосарав ФиргIавница бану-исраилазда
Гьабуралда релълъараб зулму лъида тIад бугеб?
Ялъуни Шаддадица «алжан» гIуцIизе гIоло,
ГIаламалъухъа гIадин, бахъулеб боцIи бугищ?

БоцIи бахъун течIого, туснахъалъурги тIамун,
Турун умумул хвараб хIукумат тIаса индал,
Гьеб хIехьезе кIойчIого, кIанцIезе нилъ лъугьиндал,
Дидани батуларо гIайиб рехизе бакIал.

ГIалам койш хьвадун хадуб, квешал ханзаби тIаде
БетIергьанас тIамулин, ТIагьаяс бицун буго.
Цо баккараб унтуе дару мекъса гьабуни,
Гьелъул кколеб хIасилги балъго нелъее гьечIо.

БачIина цо замана, Аллагьасе бокьани,
Гьаб пасадаб чуруклъи къватIиб чIвайзе гьабулеб.
Къимат гьелъие кьолеб ритIухълъи камиларо, –
РагIал камураб майдан букIунарин бугелъул.

Бицунаго хутIараб къисаялде тIадруссун,
ТIамчил гьомер бегизе гьанжиги байбихьизин.

[1] Балид – тохав, гIакъло гьечIев чи.
[2] Ай, сабро гьабурав чи.

БетIергьанас кьун нелъей чIобого щвараб нигIмат,
Щукру гьабун, рехсезин, баркаталъе букIине.

Баркат гIемерав ТIагьа, Жибрил малайкги витIун,
Жаббарас МигIражалде ахIун унеб сордоялъ,
Гьесда цо цIакъ берцинаб, гIажаибаб ракь бихьун,
Жибрил малаикасде, суал кьун, гьикъанила.

«Гьаб бакI буго Дагъистан - Алжаналъул ракь», – абун,
Аварагасе жаваб Жибрилас гьабунила. –
Гьаниб гъазават гьабун шагьидлъарав чиясе
Нусавго шагьидасул кири щвей биданила.

Цинги, Расулуллагьас асхIабзабазде бицун,
Дербент – мубарак[1] букIин гьазий баянлъанила.
Гьениб гъазават гьабун букIунеб ажро лъайдал,
АсхIабзабазул ракIал гъира-шавкъалъ цIунила.

Рагъуе гьунар бугел гIарабазул абтIалаз,[2]
Ислам гIатIид гьабизе бацIцIадаб нийят лъуна,
Лъимал-хъизан жалго тун, Аллагьасе гIололъун,
Сапаралде рахъине хIаваижал къачIана.

Дербентилан абуни – цIакъго цебесеб шагьар,
Гьелъул гIадаб бечедаб тарихго батиларо.
Зу-л-Къарнай ханас сверун сангар жинда гьабураб,
Гьесул заманалдаса щуазар сонги араб.

Щуазарго сон бараб некIсияб Дербенталъул,
Дица тефтералда хъван, къисаби лъугIиларо.

[1] Ай, баракат бугеб бакI.*
[2] Ай, бахIарзаз. *

Къисаби – харбаллъидал, тарихалъул гIалимаз
Тунгини батиларо хIалкIвараб бицинчIого.

Цинги, гьеб шагьаралъул хIакъикъат бицунаго,
Цо-цо бакIал ралъдалъе гьелъул тIерхьин бичIчIула.
Гьеб заманалда Дербент фарисиязул малик[1]
Кисрал корщалида гъоркь букIарабинги буго.

Расулуллагь гьавураб гIаму-л-филалъ[2] гьев ханас,
Сангар цебесан гьабун, щула гьабунги буго.
Гьалда тани горони, тарих дида лъаларо,
Лъалез бицаралдасан босана къокъаб баян.

КIикъойиде гьижрияб тарих щвараб мехалда,
Дербенталде къасд гьабун, асхIабзаби къачIана.
Ункъазарго лебалав бахIарчи данде гьавун,
Гьезий нухманлъиялъе Салмангин РабигI тана.

РекIелъ иман щулиял Расуласул асхIабал,
Аллагьасе гIололъун, сапаралде рахъана.
Исламалъухъ рухIал кьун, рагъизе гьираялда,
ГъалбацIазул гIаскаралъ къотIи щула гьабуна.

Гьаб рехсараб хIалалда хIакъал мужагьидзабаз,
ХIадисалда нахърилълъун, Алжан тIаса бищана.
Нелъер Дагъистаналда диналъул кьучI гьез лъуна,
Гьеб заманалъ халифа – МугIавият вукIана.

Дербенталъул ханасда хабар гьезул рагIана,
Гьезда данде вагьизе боял хIадур гьаруна.

[1] Ай, персазул хан.*
[2] ГIаму-л-фил – пилги бачун, КагIба бихизе Абрагьат вачIарав сон.*

Гьел боязул къадарги лъабнусазар букIана,
Ункъазаравго чигун Салман, РабигIги щвана.

ГIарабазул боялъул бахIарчилъи бихьидал,
Дов Дербенталъул ханас лъутизе къасд гьабуна.
ЛъутичIого чIеялъе гIадамаца яхIги кьун,
ГIайибалдаса хIинкъун, сабро гьабизе ккана.

Гьеб хIалалда рукIаго, как бухьарав гIарабав
Капурав цо малгIунас божкъаликьего чIвана.
Хун хадув, къотIун бетIер Хакъанихъе[1] босана,
Боял цуцалъ ран, гьанжи рагъизе байбихьана.

Рагъ байбихьараб къоялъ къвакIарал гIолохъабаз
Къоазарго капурчи чIван, ракьалде рехана.
Нахъияб къоялъ гьезул кутакалда хIинкъиялъ,
ЦохIо гIарабасухъа азарго чи лъутана.

Аллагьасде мугъчIварал камилал бусурбаби,
Как байзе цоял лъугьун, цойгияз хвалчен хьвагIун,
Хакъанил гIаскаралъул лъеберазар рагъухъан,
РахIманас койрги бакъун, гьеб къояцаги чIана.

Гьелда нахъияб къоялъ къосарал малгIунзабаз,
ГIарабазе жиндалъун цIакъаб комек букIараб,
Рохьил цо кесек бухIун, квалквал лъугьананиги,
Кутакал рагъал гьарун, биял гIодоре тIуна.

Ункъабилеб къояца капурал тIурахъдана,
ТIурун, живго Хакъанги ралъдахъехун ворчIана.

[1] Хакъан – Дербенталъул хан.

Ралъдада тIад рукъги бан, рухI цIунун, гьенив чIана,
Гьес рехараб яхI баччун, бо жеги данделъана.

Гьанжиги гIарабияз черхалда ярагъ бана,
Рагъулаб койр боркьана, капурзаби гъурана.
Гъураразул къадарги ункъоялда анцIазар
Чиясде баханилан хъвараб бакIалълъ бихьана.

РабигI, Салмангун цадахъ, гьеб къоялъ шагьидлъана, –
ШаригIаталъул кIиго хIуби цадахъ бекана.
РахIматалъул малайказ, цуцахъа рахъи гьарун,
Гьезул рацIцIадал рухIал барзахалде роржана.

РабигIгун Салман чIванин хабар жиндихъе щойдал,
Хакъан, намуслъичIого, Дербенталде вачIана.
Дербент хьихьун, божарав лъабазарго чиги тун,
Анжиялде гьанжиги жинцаго нух босана.

Гьеб заманалда гьезий кутакаб ракъи ккана,
Хурзал ракъван, цIад къотIун, къваридаб хIал букIана.
«Къварилъи тIаса ине, цIадал ран хур бачIине,
ГьечIищ комекго?» – абун кашишасухъ рортана.

Кашиш тIаде вахъана, къавмалдехун абуна,
Инжилалда букIухъе жаваб гьезие кьуна:
«Гьаб нелъер Инжилалда бицен жедер бачIарал
Бусурбаби хабалъ лъей – сабаб бугин», – бицана.

Салмангин РабигI къавмалъ рукъизе кьун рукIинчIо,
Рукъейилан кашишас гьезда лъайзе гьабуна.
Балагьал цIикIкIиналда Хакъанил хIинкъи ккана,
Хехго РабигIгин Салман рукъизе нахъе кьуна.

Лъабкъоялда ункъиде гьижрияб тарих щойдал,
Дербент капурзабазул кодоса ун букIинчIо.
Капурзабахъ гьебги тун, Валид-халифаясда
Босада вегун къасе макьо щолеб букIинчIо.

Муслим гьенив витIизе Валидица къасд лъуна,
Асад абурав асхIаб гьесухъе витIун ана.
Абейилан тIадкъараб балъгояб гьеб аманат
Асадица, хех гьабун, Муслимихъ щойзабуна.

Муслимица Валидил амро тIаде босана,
Исламалъухъ рухI кьезе хIадур вугин абуна.
Дербент капурзабахъа бахъизе къотIиялда,
КIикъоазар чи вугеб гIаскар данде гьабуна.

Гьеб кIудияб гIаскаргун Муслим къватIив вахъана,
Хъизан-лъимал, боцIи-мал Аллагьасухъ кьун тана.
Дербенталде жал щвана, балъго лъай-хъвай гьабуна,
Лъабазарго чи гьенив капуразул ватана.

Кутакаб сангар гьабун, сверун къан шагьар буго,
Щулиял кавабиги киртаца рахан руго,
Койрбайзе кIоялдаса хьул къотIараб хIал буго, –
ТIадруссун ийин гореб, ресго батулеб гьечIо.

Гьадинаб ахIвал-хIалалъ сверун росун рукIаго,
Муслимида аскIуве цо капурчи вачIана.
Цинги гьев, хабар бицун, Муслимида кIалъана,
Балъгояб нух жанибе жинда лъалин абуна;

Жиндие боцIи кьуни, разиги гьавунани,
Гьеб ножода бихьизе гьабилин рагIи кьуна.

Гьелда Муслим рекъана, къотIи-къайи гьабуна,
Гьев разияв боцIи-мал кьезе тIаде босана.

Борхатаб гьаркьидалъун гьанжи Муслим кIалъана,
«Гьай гIолохъаби, – абун, гIенеккизе тIамуна. –
Нахъе хутIани – давла, хвани – Алжаналъул рукъ,
Бокьарав чи ватани, вахъа!» - йилан ахIана.

ГIолохъабазда гъорлъан, ГIабдулгIазиз абурав,
Цо лъикIав бахIарчияс данде жаваб гьабуна.
Жиндирго васгун инин Муслимиде абуна,
Хумус бахъун хутIараб гъаниматги гьарана.

Гьеб дуе букIинилан Муслимги разилъана,
Васасги инсуцаги черхалда ярагъ бана.
Бода гъорлъа вищарав ункъазарго чи вачун,
Ана гъазаваталде ГIабдулгIазиз-багьадур.

Дов, нух лъалев капурчи, цеве-цевеги тIамун,
Цо тохаб картIинисан жанирехун рорчIана,
Жанирехун ратарал хIарасалги чIван рехун,
Хехго кавуги рагьун, гIаскар жаниб беччана.

ГIаскаралъ Дербенталда бигьаго тIад койр лъуна,
Данде рахъаразеги кколеб гIадло гьабуна.
ГIабдулгIазиз ханлъун тун, гIадло-низам гIуцIана,
Нух манлъарав далилги цIакъго рази гьавуна.

Гьанжи, Дербент шагьарги шаргIалъул нухде бачун,
ШаргI хьвадизе гьабизе гъоркь ГIабдулгIазизги тун,
ГъалбацI – Муслим-шайихги Шамалъул улкаялде,
Кинабго гьалмагълъигун, берцинго тIадвуссана.

Муслимил хвалчадаса хIинкъун босараб Ислам,
ХIинкъи тIаса ун хадуб, дербенталъулаз ккойчIо.
Куфруялде руссана, ширкалдехун гьетIана,
Гьанжиги Шамалдаса Муслим гьанив вачIана.

Гьениб хъала къачIана, гIадло-низам гьабуна,
ГIабдулгIазизги вахъун, хIакимги цIияв тана.
ЦIияв тарав хIакимги, ГIабдий абун цIар бугев,
Эрменистаналдаса чи вукIанин бицана.

Нусабилеб соналде гьижрияб тарих щвана,
ГIабдулмаликил Язид халифалъун вукIана.
Хадубги Дербенталда добго куфру цIикIкIана,
ЦIидасанги гьенибе гIаскар битIизе ккана.

Макка шагьаралдасан ГIубайду ибну ЖарахI,
Аллагьасе гIололъун сапаралде вахъана.
Исламалъухъ рухI кьезе бацIцIадаб нийяталда
Дербенталъул рахъалде мужагьид вагъарана.

Гъазаваталъ рахъине гъира бугелщиназул
Шамгин ГIиракъалдаса гIаскар данде гьабуна,
Гьеб заманалъ абуни, Хакъанил вас Башанки,
Эменги хун, ханлъуда Дербенталда вукIана.

Сулайманил бо гIадаб, доб кIудияб гIаскаргун,
ГIубайду Шамалдасан Дербенталде къокъана.
Бадруялде рещтIарав Расулуллагь кинниги,
Ширваниялде рещтIун, гьениб чIейи гьабуна.

Гьеб хабар жиндихъе щун, Башанки хIалагъана,
Бо данде гьабиялде капурзаби ахIана,

«ХIусайну» - ян абураб хъаладухъе вачIана,
Хъаладухъ щулалъи ккун, вагъизе хIадурлъана.

«ХIусайну хъаладухъе Башанки щвана», – абун,
Аршанисин абулев цо лезгияс бицана.
Цинги данде вахъине ГIубайдуги къачIана,
ГIаскарал цIакъ гьаризе лъикIилан хивал ккана.

Хайдакъгин Табасаран – кIиябгоги рахъалъе,
КIибикьун, гIаскаралъул цо-цо къокъа битIана.
Цинги нахъияб богун Ибну ЖарахI – ГIубайду
Даравагъан абураб бакIалде живго ана.

Гьанжи капурзабазул бодул ахIвал-хIал лъайзе,
Аршанис балъго витIун, гьебги мухIкан гьабуна.
Капурзабиги гьалги хадур цуцаде щвана,
Щвараб кIиго гIор гIадин, тенкезе байбихьана.

БахIарчияв ГIубайду гIаскаралде кIалъана,
ГIолохъабазул рекIелъ къвакIараб чаран лъуна,
Къуръаналдасан аят жинца гьезий цIалана:
«Жагьиду филЛагьи!»[1] - ян ахIун, гьаракь гьабуна.

Аллагьасул диналъухъ рухIал кьезе хIадурал,
КъвакIарал гъалбацIазул чурхдузда сири бана.
Исламалъе гIололъун хойзе къватIир рахъарал,
Хириял табигIиназ кьабизе байбихьана.

Табасараналдехун битIун букIараб къокъа,
КIикъоазарго чигун, гьебсагIат тIаде щвана.

[1] Ай, «Аллагьасе гIоло рагъе».*

Гьединго анцIазар чи Хайдакъалъул вачIана,
Халикъасул койрбакъи кутакалда цIикIкIана.

Капурзабазул бода къаби щойзе гьабуна,
Щущахъ гьелги райзарун, Дербент койрде босана.
Башанки-хан живгоги Анжи-хъалаялдехун,
ХутIа-таралги рачун, рухI хъамун, тIурун ана.

ТIураниги, къун чIезе Башанкие бокьичIо,
Боял данде гьаризе гьанжиги вортанхъана.
Гелбахъ-Гъизляр тирана, Татаралдехун ана,
Ираналде вачIана, – щибниги хIасил ккечIо.

Бусурбаби гьанжиги церехун рагъарана,
Таргъу-хъала бахъизе нийят бацIцIад гьабуна.
БацIцIадаб нийяталъул натижат хIасуллъана,
Таргъу-хъалаги бахъун, байрахъал гьенир чIвана.

Гьанжи гьас къасд гьабуна Анжи-хъала бахъизе,
Амма гьелде хIал кIойчIо, хIилла гьабун горони.
«Ал-хIарбу – хадагIатун», – хIадисалда бугелъул,
Гьелъул комекалдалъун хъала бахъизе кIвана.

Гьеб бахъизе бетIерлъи, ГIабдуллагьан цIар бугев,
Цо лъикIав багьадурас тIаде босун букIана.
«Аллагьасе гIололъун хойзе жиндий бокьарав
Дида цадахъ вахъа!» - ян боялде гьес ахIана.

ЯхI бугел бахIарзазул лъеберазар чи гIуна,
ГIабдуллагь гьелгун цадахъ хъалаялде кIанцIана,
АнцIила кIиго гьоко цIулалги цIун бачана, –
ЦIакъ цIикIкIараб къуватлъун капуразда бихьана.

Бусурбабазул боялъ хъала бахъулеб лъайдал,
Балъгого гьелъул ханас къватIибе нух босана.
Балхаялъул рахъалда, Айван абун цIар бугеб,
ЦIодораб бакIалълъ букIун, цо хъалаялда чIана.

Цинги шаргIияб гIадло Анжиялдаги гьабун,
Ибну ЖарахI – ГIубайду тIадвуссун нахъе ана.
Исламалъул байрахъал Дагъистаналдаги чIван,
ЧIаго жив Маккаялде Аллагьас вачун щвана.

Нусиялда анцIила щуйиде тарих щойдал,
Шамалдаса гьанжиги къватIир рахъине ккана.
Къоло ункъазарго чи вугеб гIаскарги бачун,
ГIабдулмаликил валад Абу-л-Муслим къачIана.

Гьеб къуватги цадахъгун, Дербенталде вачIана,
Дербенталъул ахIвал-хIал цойиде ккезабуна.
Цебе гIадин, гIодоре гIемерал биял тIечIо.
ВатIаналде тIадвуссун Абу-л-Муслимги ана.

Гьижраялъулаб тарих кIинусиде бахиндал,
Хирияал табигIиназ гьанжиги ярагъ бана.
Гьаб нухалъ Абу-л-Муслим – ГIабдуррахIманил валад
ГIаскар данде гьабизе гъираялда хIалтIана.

ХIамзат, ГIаббасил лъимал, ай, гьезул наслабазул[1]
Щуго чиги цадахъ къан, къуват данде гьабуна.
КъвакIарал умумузул ирс босарал васалги
Абу-л-Муслимил хьолбохъ кванараб койрлъун чIана.

[1] Ай, Аварагасул имгIалзаби – ХIамзатилги ГIаббасилги наслабазул.*

Лъабгояв щугоясул – Ибрагьим, ГIали, АхIмад, –
ХIамзатил наслоялъул шайихзаби рукIана
Нахъияв кIиявгоги – ГIаббасил наслабазул –
Насируддин-шайихгин шайх – МухIаммад вукIана.

Макка-Мадиналдаса, Шамалъул ракьалдаса
Щвараб комекги бачун, гъалбацIал рагъарана.
РачIун, Истанбулалде рещтIун чIейи гьабуна,
Гьениб гIураб заман бан, гъоркьбакI щула гьабуна.

Щуазарго чи вугеб гIаскаргун Абул-Муслим
Истанбулалдасаги цевехун вагъарана.
Рагъал ккана, кьабуна, капурзаби гъурана,
Бусурман гьарулаго Гьиндустаналде щвана.

Гьенивги Абу-л-Муслим кIиго лъагIелалъ чIана,
ГIаскаралъе хIажатаб ярагъ хIадур гьабуна.
Гьезул гIадат букIана, бусурман гьабунщинаб,
Щибаб росулъ жедерго цо чи бетIерлъун толеб.

Цинги, киналго рекъон, тIолго ханзабазда тIад
ХIамзатил наслоялъул къурайшияв хан тана.
Хадув Дагъистаналде, пилал-варанабигун, –
Бугеб къуватги бачун, Абу-л-Муслим вахъана.

Абу-л-Муслимил хабар Дагъистаналда лъана,
Данде рахъине гIурал гIаскарал ракIарана.
ГIурусалгун цолъана, гучаб къуват лъугьана,
Гьеб рагIун, гIарабазги балъго цIех-рех гьабуна.

ЦIакъго цIикIкIараб къуват Дагъистаналъул батун,
Данде рахъун, бергьине кIунгутIи гьазда лъана.

Гьанжи гьал гIарабиял макроялъе ургъана,
Гъорлъе загьроги жобан, гIемераб койн гьабуна.

Капурал тIаде реччан, жалго нахъе тIурана,
ТIолго гьабураб койн-тIех – кинабгоги гъоркь тана.
Гъираялда капурал кванде тIаде руссана,
Койн ургьибе кканщинал – киналго гьалаклъана.

Гьеб койн кванан хваразул къадарилан абуни,
Анлъазаралда хадуб нусгоялде бахана.
ХутIараб гIаскаралъулъ бихха-хочи лъугьана,
БетIер цIунун, рухI хъамун рахъ-рахъалъ тIурун ана.

Бусурбабаца гьанжи хвалчаби къватIир цIана,
Чурхдузда барахщи тун, гъазават байбихьана.
Халалъухъе Дагъистан, гIодосан кодоб босун,
Кинабго халкъ гьезие мутIигIаблъун лъугьана.

МагIарухъе рахине хадусан эрга щвана,
Хунздерил тIалъиялде бусурбаби рещтIана.
Баяр ибну Суракъат хунздерил хан вукIана,
Хундерил тIалъиги тун, Тушиве тIурун ана.

Шугьадаазул саййид – ХIамзатил наслоялъул
АхIмадил лъималалъан МагIсум-бег ханлъун тана.
Хадуб, Дагъистаналъул бищун кIудав имамлъун
Абу-л-Муслим шайихги живго тасдикъ гьавуна.

Дагъистаналъул хIукму, киналниги умурал,
Исламалъул корщелги гьесда кодоб букIана.
Гьес ватIанлъун ккурабги Хунзахъ-шагьар букIана,
Хойдалги гьенив вукъун, зиярат машгьурлъана.

Расуласул инсул вац – ГIаббасил наслоялъул
Къусамил вас Шагьвали Гъомекив ханлъун тана,
Шамхал-ханилан абун тIокцIар гьесда букIана
ТIолго ханзабазухъа харж гьес бакIарулаан.

БакIарараб харжалъул, хумус бахъун, хутIараб
ХIамзатгиму ГIаббасил наслабазе кьолаан.
Ислам Дагъистаналде гьаб хIалалда бачIана,
ХIабибасул шаригIат къанунлъун[1] билълъанхъана.

Абу-л-Муслим шайхасул ретIунеб халгIаталда
Хирияб Къалбу-л-Къуръан – «Ясин»[2] тIад хъван букIана,
ТIад балеб чарамулаб хвалченилан абуни,
«Инна фатахIна лака...» жинда хъвараб букIана.

Абул-Муслим шайихас Дербент шагьар къачIана,
Щибалъе цIаралги кьун, анкьго къватIги гьабуна,
Къайсар, Мавсил, ХIимс, Димишкъ, Фаластин, Артунабун,
Анлъго махIаллаталде[3] рехсарал цIарал тана.

Щибаб цо-цо къватIалда авал масжидал рана,
Анкьабилеб къватIалда масжиду-л-жамигI[4] бана,
Гьелда жанир лъугьине анлъго бабги[5] гьабуна,
Анлъабго бабалдеги батIа-батIа цIар лъуна.

ТIоцобесеб бабалде «Бабу-л-мугьажир» лъуна,
КIиабилеб бабаблде – «Бабу-л-жигьад» букIана,

[1] Къанун – закон.*
[2] Ай, «Къуръаналъул ракI» жинде абулеб сурату-Ясин.*
[3] Ай, къватIазде (кварталазде).*
[4] Ай, рузман балеб кIудияб масжид.*
[5] Баб – каву.*

Лъабабилеб бабалде – «Бабу-ссагъир» абуна,
Ункъабилеб бабалде – «Бабу-л-мактум»ин тана.

Щуабилеб бабалде – «Бабу-л-къулгIат» букIана,
Анлъабилеб бабалде – «Бабу-л-кучал» абуна, –
Кинаб букIананиги, маслахIат-сулхI гъабизе
Гьеб гъапудухъан унеб гIадат гьезул букIана.

Зул-Къарнайни ханасго Дербент сверун гъабураб, –
Абул-Муслим шайихас, сангарги цIигъабуна.
Гьеб сангаралда жаниб, ярагъ лъезе букIине,
Божи бугеб, щулияб, лъикIаб цо рукъги бана.

ЦIигъабулелъул сангар ралъдалъеги биччана,
Ралъадалда жанибги кIудияб рукъ гъабуна.
Гьеб рукъ гъабиялъулги хасаб мурад букIана, –
БакIарарабщинаб пихъ жаниб буссине гъаби.

Гъаб рехсараб хIалалда нелъер Дагъистаналде
Дин босун рачIаразул даражаби цIикIкIаги!
Дунялалъул ургъел тун, Аллагьасул шаргI цIунун,
Шагьидлъун хваралазул хобал нуралъул цIеги!

Хасго щайх Абул-Муслим, гьесул тIолго гьалмагълъи,
Гъурбаталда[1] хутIарал киналго муъминзаби,
Кубра-вилаяталъул макъамалги хIасуллъун,
ХIабибуллагьгун цадахъ ракIгъеялда ратаги!

Расулас бицун тараб хIадисалда нахърилълъун,
ХIал баччаралщиназе щваги ризванун акбар!

[1] Ай, ватIан тун къватIир, чияр ракьалда.*

Куфруялъулъ букIараб Алжаналъул ракьалда
Ислам бекьаралазе хур гьарзаяб бачIаги!

Гьаб, тIаса ийин гьечIеб, нигIмат нелъей щоялъе
Щукру – БетIергьанасе, гьал сабаблъун тIамурав.
Гьезие щукру гьаби – нелъеда налъи ккола,
Налъи тIобайзабизе тавфикъ Аллагьас кьеги!

Эзул баркат-шафагIат нелъее камугеги,
Куфру-нифакъалдаса цIунараллъун хутIаги!
Хадуб бачIунеб гIелги Аллагьас тIоритIаги,
Исламалъулъ бичIчIи кьун, бахьи бугел лъугьаги!

Биял гIодоре тIолеб замана тIаса аги,
ТIадбуссун гьеб бачIине къотIиги батугеги!
Баркат гьечIел, дин гьечIел дунялалъул абнааз[1]
Ургъулел питнабиги кIалагъоркье руссаги!

«РахIман- РахIим» абураб Дурго сифаталдалъун
Дунялгин ухраялда, Аллагь, нежеда гурхIа!
Нежер гIайиб, гIунгутIи, ГIафуввун-Каримлъидал,
ГIафву гьабун, тIассалълъун, бечча-бехъай гьабун те!

Абу-л-Муслим шайихас бусурман гьабун хадуб,
Дагъистаналде тIаде чанги къварилъи ккана.
Рагъал-кьалал рукIана, хиса-баси лъугьана,
Нелъер халкъалъ абуни, къо кидаго хIехьана.

Анкьнусиялда хадуб анцIила ункъоялде
Гьижраялъулаб тарих бахараб заманалда,

[1] Ай, дунял тIаса бищарал гьелъул васаз.*

Дагъистан – арзу-л-жаннат[1] – нелъер гIазизаб улка,
ГIурус падишагьасул корщалида гъоркь ккана.

Куфру бицалъанагIан Ислам-дин тIеренлъана,
Иман загIиплъанагIан пасалъи гIемерлъана.
ГIадамал койш хьвадана, шаригIат нахъе ккана,
Щунусго сон замана гьаб хIалалъ гьоркьоб ана.

[1] Ай, Алжаналъул ракь.*

# - ФАСЛО -

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ИМАМЗАБАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Гьижраялъулаб тарих азаргоялде бахун,
Хадуб кIинусиялда кIикъойилъа борчIидал,
БетIергьанасул хIукму, ХIакимасул ирадат
Дагъистан икълималда хIалтIизе байбихьана.

ХIабибуллагь-МухIаммад, Аллагьас амро гьабун,
Ункъавго халифагун нелъер гьаниве щвана.
ШаригIаталъул асло кьучIдасан цIигьабизе
Гьунар бугезда гъорлъан лъабго гъалбацI вищана.

ГъазимухIамад имам, кIиабилев – ХIамзат-бег,
ХIарбуялъе[1] вижарав Шамил – имаму-л-агIзам[2] –
Аварагас жинцаго къотIи гьабун рищарал, –
Гьале дов лъабго хIайдар[3], хIакъал мужагьидзаби.

Жедер имамлъиялъул асло-бачIин мухIканал,
ХIабибас тIадкъан хадур къватIире жал рахъарал,
Къудраталъул Аллагьас агьлолъунги гьарурал –
Лъабавго имамасда цогидал релълъенаро.

Цо къоялъ Ярагъияв ГъазимухIаммадихъе,
Муридзабигун цадахъ, Генуб росулъе ана.
Имамасул нуцIида Ярагъияс кIутIана,
ГъазимухIаммад-имам къватIивехун ваккана.

[1] Рагъуе. *
[2] Ай, кIудияв имам.*
[3] ХIайдар – гъалбацI.*

КъватIив эхетун жинда Ярагъияв ватана,
Ватаралъув довги тун, имамас нуцIа къана.
Накъшубандияв муршид – МухIаммаду-л-Ярагъи
ГъазимухIаммадица тIаде къабул гьавичIо.

Гьелда тамаша гьабун, муршидасдехун руссун,
Муридзабаз: «Я устар, гьаб хIикмат щиб?» – абуна.
ХIикмат гьезие бицун, Ярагъияв кIалъана,
Балъголъи загьир гьабун, гьезул ракIал хIалхьана.

«Гьав ГъазимухIаммадий имамлъун къотIи кьезе,
Ункъавго халифагун, ХIабибуллагьги вачIун,
ХIужраялъуб данделъи гьезул букIана», – абун,
БукIанщинаб вакъигIат Ярагъияс бицана.

ГъазимухIаммадида Аллагьасул Расулас
Имамлъи тIадкъаялъулъ бугеб къвакIи бихьулищ?
Щивав чиясда хасаб хиралъи букIунелъул,
Халгьабе имамасул даражаялъул тIокIлъи!

Диналъул ургъелги тун, гIадатазде руссарал
Тавбоялде ахIизе имамас байбихьана,
БоцIи-малалъ мехтарал, жагьлоялъ сверун ккурал
КвалквалчагIазде данде хвалчен бахъизе ккана.

Ханзаби данде чIана, дибирзаби чарлъана,
ДиванчагIазе хIукму жедергояб бокьана.
Рукъалъул цIогьаз гIадин, жасуслъи хIалтIизабун,
Жанисел тушбабиги бищунго захIмалъана.

ЗахIмалъаби къулчIана, къварилъаби хIехьана,
ХIабибасул шаргIалъе цIидасан кьучI тIамуна.

Нифакъгин иманалъул агьло батІа гьабуна,
Гьеб хІалалда унаго Гудурмесалде щвана.

Хадув Имаму-л-агІзам машрикъалдехун ана,
Дербент шагьаралдасан тІадвуссунги вачІана.
Гьанжи нелъей гъазават росу рагІалда бугин, –
ГъазимухІаммад-имам, вагІза гьабун, кІалъана.

Огь, хадуб хъояб дунял, даимаб, абадияб
Ахиратги жибго тун, аб тІаса бищулеб куц!
АнцІила щуго мурид, шайх Шамилги данде къан,
Диналъе гІоло хойзе имамгун цадахъ чІана.

Цогидаб боги биххун, хутІарал гьал гъалбацІал
Гьанжи Генуб къварилъухъ цо рокъоре руссана.
Къассе шайх-Шамилида, УхІудалде къачІайдал
ХІабибасда гІадинаб, макьо гьениб бихьана.

Макьилъ бихьараб куцалъ, радал капурзабаца
Рокъобе цІаги рехун, бихха-хочи лъугьана.
Гьанжи Имаму-л-агІзам хвалие къачІадана,
Хвалченги къватІиб бахъун, «Аллагь!» - илан ахІана;

Ахират ракІалде щун, Расуласухъ гІащикълъун,
Рехъалъе хъомор гІадин, къватІивехун кІанцІана,
КІалтІе гурун букІараб, цІунцІра-къедгІан гІемераб
Пачаясул гІаскаралъ гІодов гъвайзе веччайчІо.

Чорхолъа бацІцІадаб рухІ къватІибехун лъугьана,
Къаркъалаялда корщел тушбабазги гьабуна.
ШаригІаталъул хІуби хІазраталде бегана,
ХІакъав Бишасул шагьид, дунял тун, накълолъана.

Диде эрга щванилан Шамил тIаде вахъана,
Чухъил кварчIаби къотIун, хвалчадул лъел бекана,
Балада би бетулеб хвалченги тIаде борхун,
Бахъараб гьури гIадин, къватIивехун кIанцIана.

КIалтIа ватарав солдат, гьой гIадин, чIван рехана,
Хадув цойгиги ватун, гьевги ракьалда лъуна.
Лъабабизе ватарас Шамилида хеч чIвана,
Хвалчен досда кьабизе санагIат жиндир ккечIо.

КогIаб койралъ, жиндирго чехьалда чIван бугеб хеч,
ТIаде жинцагоги цIан тушман гIагар гьавуна,
Гьанжи кванараб койралъ хьвагIун араб хвалчаца
Черхалдаса батIалъун, бетIер гибигун ана.

Балагье имамасе Аллагьас кьураб гьунар, –
Анцила кIиго натIалъ кIанцIулев чи вукIунищ?!
КIанцIун гьев араб манзил борцине тIаде руссун,
Гьесда хадур рортизе капурзаби регIичIо.

Расулас ракь тIаде щван, кьижун ккезе гьарурал
КъурайшиялгIадин, гьал Аллагьас тох гьаруна.
Бану-исраилазда гьоркьоса ГIиса гIадин ﷵ,
ГIаламалъул Халикъас Шамил хвасар гьавуна.

Гьезда гьоркьоса ворчIун, цевехун жив унаго,
«Аллагь! Аллагь!» ахIулеб гьаракь жинда рагIана.
Нахъехун валагьидал, Ибрагьим[1] гьев ватана,
Тушбабазул гулликьа кIиявгоги ворчIана.

[1] Имамасул муазин (будун).

КIикъоялда щугогIун ругъун черхалда букIун,
Хвалчен билагьизецин гьунар Шамилил гIечIо.
Гьеб будунас босана, церехун рагъарана,
Цинги, кватIула букIун, как байзе жал руссана.

КIиго ракагIат байдал, Шамил тамахлъун ккана,
Вигьиндал, будунасде калам жинца гьабуна:
«Гьанив хойзе дунги тун, мунго ине бегьилин», –
Имам гьесдехун вуссун, саброялда кIалъана.

Нухав рехун гьавги тун гьалмагъ цевехун инищ?
Мунгун хойзе гьанивго дунги чIелин абуна.
МаркIачIуда кIиявго гьенисаги вахъана,
Гендерил магIарда тIад къулгIаялъур лъугьана.

Гьеб цIакъ квачараб сордо къулгIаялъуб рогьана,
Радал гьениса рахъун, Унсоколоре ана.
Ругъназда мархIамги чIван, имам къачIа-кIатIана,
ТIобараб къого къоялъ тIаде ворхизе кIойчIо.

ГъазимухIаммад чIвайдал, ХIамзат имамлъун тана,
ХIамзатил комекчилъун шайх-Шамилги вукIана.
Хунзахъе ХIамзат индал, богун цадахъ Шамилги
Досде тIаде щоялъе къотIи гьабун букIана.

КъотIуда рекъон Шамил, боги бачун, вахъана,
Хьергеб къотIун унаго нухдасан квалквал ккана.
Гьолокье щойдал жинда ХIамзат чIванин рагIана,
ХIукму БетIергьанасул Жиндий бокьухъ тIобана.

ХIамзат шагьидлъун хадув, шаригIаталъул къолден –
Шамил Дагъистаналъе имамлъун чIезавуна;

Иман гьечIеб къавмалъе гIадло-низам гьабула,
ГIумару-л-Фарукъ гIадин, къоло щуго сон бана.

ШафагIат нелъей щваяв лъабавго имамасул
Сираталъул[1] бицине рес гьанжи щвананиги,
Гьезул баракаталъул асаралин абуни,
Нелъер Дагъистаналда кидаго тIаса инчIо.

Хасго Шамилил сират гIаламалда рагIана,
ГIаламу-л-мулкалдаго[2] гьесул цIар тIибитIана.
ТIадегIанаб къимат кьун, киназго жив рехсана,
Жаннату-л-БакъигIалда, накълолъидал, хоб щвана.

Къоло щугогIан соналъ имамас нахъа тарал,
Нелъер гьал къалмаца хъван, къисаби лъугIиларо,
Лъил, кигIан хIал кIваниги, ракI-ракIалъ гьевги вокьун,
Гьесул хъварал къисаби – пихъазул ахлъун чIела.

Пихъазул ах гьабизе гьанжи дун регIиларо,
Гьанир, дирго хIалкIварал, гъутIбиниги чIун тела.
Гъазаватазул тIехь хъван дихъа бажариларо,
Баркаталъе букIине бакка-бахъи гьабила.

Гьижраялъулаб тарих азаргогин кIинусго
КIикъоялда анцIила щугоялде бахиндал,[3] –
Дунялалда машгьураб, УхIуд-ХIунайн кIочараб
ХIарбу[4] АхIулгохIалда рехсараб соналъ ккана.

---

[1] Сират – хьвада-чIвади, гIумро.*
[2] Ай, ракьалда тIад.*
[3] 1255 сон.
[4] Ай, рагъ.*

Хунзахъе жал рачIиндал, гьезда тIад койрги лъедал,
Пачаясул гIаскаралъ щулалъи гьениб ккуна.
Щулияб, цIакъ кIудияб къалгIат[1] гьениб гьабуна,
Гьединго бакI-бакIалда гьаризе байбихьана.

ГьоцIалъги, ЦIатIанихъги, МокIсохъги, ГIахьалчIибги,
Балахьуниб, Хьаргаби, Генурги гьел гьаруна.
Гьал рехсарал бакIазда куфарал къарарлъана[2],
КъалгIатал щулиял ран, щулалъаби гьаруна.

Гьелъ мунафикъзабазул гарбал цIакъ цIаруцIана,
Рохел-чIухI загьир гьабун хьвадизе рес рекъана.
Халкъ бикьизе гьабизе кIвараб жигар бахъана,
Жедер рахъалде гьезул гIемерав чи гьетIана.

Гьелдалъун муъминзаби балагьалъукье ккана,
Кинабниги рахъалъан къварилъаби цIикIкIана.
Къоялдаса къоялде живго имамасеги
Муридзабазул амро захIмалъизе лъугьана.

Гьанжи Шамил кIалъана, мушавара гьабуна,
Щибдай гьабун лъикI абун, ургъун гIакъло дандбана.
ГIемерисел муридаз, Дагъистанги жибго тун,
Гьижра гьабун, Чачаналъ гочун лъикIин абуна.

Имам гьелда рекъечIо, гьеб гIакъло нахъе чIвана,
Нелъерго гьанир лъикIин лъикIаб рагIи бицана.
Цинги, «Тушманасдаса цIунизе санагIатаб
БукъгIатун хIасинатун[3] балагьун лъикI», – абуна.

[1] Ай, хъала (крепость).
[2] Ай, капурзаби щулалъана.*
[3] Ай, жалго цIунизе санагIатаб бакI.

ЛъикIаб гIакъло бугилан гIалим – Колоса Сурхай,
Калам тун, имамасул рагIуда тIадрекъана.
ТIолгоял разилъана, хIукму гьелда къотIана,
ТIаса бищун АхIулгохI гьелъий мустахIикълъана.

Гьениб ватан ккоялъе хIадурлъаби гьаруна,
ГьечIого чара гьечIеб низам гIуцIун, къачIана.
Рукъзал гьарун, масжид бан, сверун щулалъи гьабун,
Лъимал-хъизаби рачун, ватан ккун гьенир чIана.

Гьезда тIаде кIанцIизе къасд гьабун, пачаясул
Гучаб гIаскар хIадурлъун, нухаб къватIиб бахъана.
Хихи магIарде щойдал, заманго гореб гIужалъ
ГIемераб гIазуги бан, бергьараб квач тIад чIвана.

РакIалдаго гьечIого дандчIвараб къварилъиялъ
Къо бухIараб бакIалде гIаскаралъул иш ккана.
АхIулгохIде бухьараб сапар гьезий битIичIо,
РачIарабго нухасан пашманго тIадруссана.

Пачаясул гIаскарал гьанжиги хIадурлъана,
АхIулгохIде битIизе къуват хIадур гьабуна.
Къоло ункъо гIарада, гIорхъи лъалареб солдат
ГIашилтIа росуялъул цо рагIалде рещтIана.

Щунусиде вахинчIев мужагьидгун имамги,
АхIулгохIдеги вуссун, парахалъун вукIана.
Нусго чи гьезда гъорлъан Щулалъул гохIалда тIад,
Шамилица, гьеб цIунун, чIезавунги вукIана.

БачIунеб комекалъул гIемерисеб къадарги
ЧIикIасан букIанилан «Магъазиялъ» бицана,

Цинги, капурзабазул, мунафикъалгун цадахъ,
Цо тайпа ГIашилтIасан ЧIиркъатIехун гочана.

ЧIиркъатIе тушбабазул къуват щолелде цебе
Щулалъул гохI цо моцIалъ имамасухъ букIана.
Имамасул гъалбацIал Щулалъуда рукIаго,
Щибго АхIулгохIалъе зарал гьабизе кIойчIо.

Гьелъий гIоло тушбабаз, ЧIиркъатIехунги рикьун,
Щулалъул гохI бахъизе ресал тIалаб гьаруна.
Гьанжи кIиябго рахъалъ кьвагьизе байбихьана,
Гьоркьобе ккараб гохIда чIегIераб кIкIуй бетана.

Тушбабазул бергьараб къуваталде данде чIун,
КъвакIарал гIолохъабаз, яхI бахъун, рагъ гьабуна.
Гьеб къокъаялда гъорлъан анцIила кIиго батIал,
Исламалъухъ рухIал кьун, гьеб гохIда шагьидлъана.[1]

Щулалъул гохI цIунизе хутIаразул хIалкIойчIо,
ХIал бергьиндал, гьебги тун, АхIулгохIде рачIана.
Имамасулаз тедал тушбабаца гохI ккуна,
АхIулгохIалде тIаде ярагъ битIизабуна.

Ниййят жедер бацIцIадал, рагъуе гьунар бугел,
Гьал лебалал васазги хвалчаби къватIир цIана.
Чурхдузда Алжаналъул махI бахъарал гъузатал[2],
Гъуждул гурун къачIана данде жаваб гьабизе.

Гьанжи АхIулгохIалда рагъулаб кор боркьана,
Койрбиххун гIолохъабаз кьабизе байбихьана.

[1] Ай, Щулалъул гохI хьихьарал бахIарзазул 17 чи шагьидлъана.
[2] Ай, гъазизаби.*

Кьвагъулел гIарадабаз гохI гьаргьазе лъугьана,
Гьаваялъул нур свараб кIкIуйгун хIур багъарана.

Барзахалде роржине рухIал жедер къачIарал,
КъвакIарал гъалбацIаца биял гIодоре тIуна.
Дунял тун, ухраялде жал ине хIадурлъараз
Анищал тIоран хойзе тIобараб къасд гьабуна.

Къад бараб гIарадаялъ риххизарурал сунгрул,
Сардида кьижичIого, гьаз ислахI гьарулаан.[1]
Гьеб хIалалда – къад рагъун, къасе сардида хIалтIун,
ХIалхьи бугеб минутцин муридазе букIинчIо.

Зобал гъугъалеб гIадаб гIарадабазул кьвагьи,
Кьабулел хвалчабазул берзул нур ссунеб паркъи,
Ракъигин къечалъул хIал, чвахулел ругъназул би,
Бидуца буцараб хIарщ хIатIакь бугеб магIракат[2].

МучгIан гIемераб солдат, гIорхъи гьечIеб гулла-хер,
ГохI бахъизе кIоларев пачаясул генерал.
Нус-нус чиясде данде цо-цо горони гьечIел, –
Гьелги гъорлъа камурал, имамасул гьалмагълъи.

Малъ байзе бакI тIагIарал чара бухIарал къоял,
КъватIисахун бачIунеб гьечIеб щибниги комек,
Гьаб рехсараб хIалалда лъабгго моцIрол гьомералъ,
ЦIад гIадин тIаде балеб гуллида гъоркь рукIана.

Кьурабазда багъулеб гIарадабазул гьаракь
Гьоркьоса къотIичIого гIинда жаниб багъана.

[1] Ай, къачIалаан, цIи гьарулаан.*
[2] Ай, рагъул майдан.

БахIарзазул бищунго лебалал шагьидлъана,
Нахъе чIаго хутIарал – къуват гьазулги хвана.

Унтарал гIемерлъана, лъукъа-тарал цIикIкIана,
Лълъел рахъалъан къварилъи бищунго захIмалъана.
Бицинеги хъвайзеги жакъа бигьалъаниги,
Гьезул пикро гьабидал, паналъула хивалал.

Хваликьа хIинкъуларел Шамилил муридазул,
РикIкIадуй дагьлъаниги, дандечIей цIакъ букIана.
Дин-Исламалъ куцарал, курмул иманалъ цIурал
Имамасул гъалбацIаз сардар хIайран гьавуна.

Шамилидасан гьанжи рекъел тIалаб гьабуна,
Гьоркьоре чагIи тIамун, сулхIалде[1] байбихьана.
СихIирав генералас, ракълий божилъиялъе,
Жамалуддин гъоркьлъалий кьейиланги абуна.

Имам, гъоркьлъалие вас кьеялде инкар гьабун,
Гьелъул нелъее пайда кколарилан кIалъана.
Кинниги муридзабаз Жамалудин гъоркьлъалий
Кьун лъикIин, имамасде тIад-тIадруссун гьарана.

Гьезул зигара-бакъалъ имам тамах гьавуна,
Хайир гьечIеб лъаниги, вас кьезе разилъана.
Васасе Исламияб тарбият кьезе гIоло,
Цо чи гьевгун витIизе Шамилие бокьана.

Щивдай витIун лъикIилан мушавара гьабуна,
Муридзаби киналго жаваб кьечIого чIана.

[1] СулхI – рекъел-маслахIат.*

ЧIикIаса Юнусица, дун инилан абуна,
Имамасул гъудулас[1] гьаб иш тIаде босана.

Унсоколоса лъади – ПатIиматил жангин рухI –
Жамалуддинил гIумро микьго сонил букIана.
Микьго сон бараб лъимер гъоркьлъалий кьун унелъул,
Эбелалъул каранда рухIи – лъил барщалъилеб?

БетIергьан-Аллагьасул амроялда нахъвилълъун,
Хъойзе васгун жив унев Ибрагьим-Халил гIадин,
Имамасул берзул нур – Жамалуддинги вачун,
Черхалда ярагъги бан, Юнус къватIив вахъана.

Абу Вакъасил чапар Рустумихъе кинниги,
Капурав чаландарил чатиралъухъе щвана.
Бищун жалги жодойги хирияв гьобол гIадин,
Икрам-тахIийяталда[2] тIаде къабул гьавуна.

ГьитIинав Жамалуддин куффаразухъ кьолелъул,
Керен рагьун, имамас Аллагьасде гьарана:
«Гьав дир вас загьиралда рагьнуялъе[3] лъуниги,
РахIман, хIакъикъаталда, Духъе кьунин, – абуна. –

ФиргIавнида кодов кьун, Муса хьихьарав ХIафиз,
Анта хайру-л-хIафизин»,[4] – тавакалго абуна.
Имамас абухъего, вас рагьноялъе кьейи –
Кьужнаяздасан гьоцIо тIалаб гьабилъун ккана.

[1] Юнусиде «Рафикъу-л-имам» - илан абулаан (ай, имамасул гъудул*).
[2] Ай, кIодолъи-хIурмат гьабун.*
[3] Ай, гъоркьлъалий.*
[4] Ай, «Мун бищунго жедеца хьихьулезул лъикIав вуго».

Куффаразул сардарас, вас жедехъ кьун хадубги,
Живго Шамил Пуллогун дандчIвай тIалаб гьабуна.
Гьеб дандчIвай гьабизеги имамасе бокьичIо,
«Гьелъулги пайда гьечIин, гIузру баче», – абуна.

Бугониги гьалмагълъи, ун лъикIилан, тIадчIана,
Ахирги Шамилиде жубну гIунтIизабуна.[1]
Жинде хIинкъунин аби имамасе бакIлъана,
Лъукъидал гъалбацIгIадин, ццин гьалаклъун лъугьана.

Цинги капурзабазда рихьулеб маръаялда,[2]
Рачун, тIолго руччаби мухъ гьабун чIезаруна.
ГIолохъабазул ретIел киназдаго ретIана,
ТIагърал лъун, ярагъ борчун, чалма цо-цояз къана.

Чаландар, гьел рихьидал, тамашалъун хутIана,
Хадуб, «Гьадал щал?» - абун, Юнусида гьикъана.
Гьикъидал, чаландарил жаниса ракI бахъараб,
ХъачIаб, къвакIараб калам Юнусица гьабуна:

«Солдатаца ножор гьал чадрал цIун ругел гIадин,
Нежерги гIолохъабаз гохI цIун бугин», - абуна.
Чалма къачIел халгьабун, «Муридзабазда гьоркьор
Нежералги рихьулин», – чаландар тIадвуссана.

Юнусица гьанжиги гьасие жаваб кьуна,
Ножор чагIи дол горин, тункизабун кIалъана.
Аллагьасе мутIигIав, чалмаго къайчIониги,
Нежеда аскIов гьев чи – мурид кколин абуна.

[1] Ай, хIинкъунин абуна.
[2] Ай, рихьулеб бакIалълъ.

Азарго солдатниги-офицерас цIунарав
Пуллоде тIаде Шамил дагьал чагIигун щвана.
ТIаде щвараб сагIаталъ аскIув ун, гIодов чIана,
Асда гъоркь гIабил кварчIен Пуллоца тIибитIана.

ТIибитIаниги, имам гьелда тIад гIодов чIечIо,
МагIна гьечIеб дандчIваялъ рахIат дагьлъун вукIана.
Гьанжи Пулло вахъана, гIемер хабар бицана,
Халатаб гьесул чIанда Шамилида чIалгIана.

Нагагь жиндий хиянат гьабизе къасд гьабуни,
ТIоцове Пулло чIвайзе имам цIакъ хIадурлъана.
Гьелъий санагIаталъе, доб гIабил кварчIеналда
ГIодовги чIун, генерал ватIалъизе веччайчIо.

ЧIаго, гьелде иш ккани, нахъвуссун инарилан,
Унго-унгояб нийят Шамилица гьабуна.
Шамилил нийят-къасд лъан, ГIандиса Гъазиявги
Гьес гьабураб гьабизе аскIове гIагарлъана.

Гьанжи нелъеда гьоркьоб маслахIат-сулхI ккун хадуб,
Ккарабщинаб бицине нежер сардаласухъе,
Темирхан-Шураялде мун вилълъине кколилан,
Имамасдехун вуссун, генералас абуна.

Генералгун дандчIвайи гьабизе жив вачиндал,
Жиндир гьалмагълъиялде гьанжи имам кIалъана:
«Гьанив дун вачинчIого ножое бегьичIелъул,
Гьанжи босе», - ян абун, бадибчIвайи гьабуна.

Батирхан – имамасул инсул вац, тIаде вахъун,
Гьасде ккезе течIого, Пуллое жаваб кьуна:

Нижгун гьанир жал гьечIел гIукъалаал, гIалимал, –
ГIемерал дандбайзе чи нежер ругин кIалъана.

Эзулгун дандбайчIого, мушавара гьечIого,
Гьеб нежеда гьабизе хIалкIоларин абуна.
Ибрагьим-будун вахъун, къалъунго гьечIониги,
ГьебсагIаталъ как ахIун цо гIаламат гьабуна.

ГIакъло жиндир камилав имам гьелде кантIана,
Как ахIиялда хадуб хабар гьечIин абуна.
ХантIан тIаде рахъана, тIокIав гIадан кIалъайчIо,
ТIадвуссун, гьалмагълъигун Шамил гохIде вачIана.

Генералас хадубги гьоркьор чагIи тIамуна,
ЦIидасан Шамилилгун дандчIвай тIалаб гьабуна.
Гьаб нухалда имамас гьесда цебе шартI лъуна,
ШартIалда разилъани, дандчIвай къабул гьабуна:

«Нусго яргъид гIуцIарав чигун дунги вачIинин,
Данде азарго чигун мунги вачIа», – абуна.
Имамасул шартIалда генерал разилъичIо,
Гьелдалъун кIиабилеб ижтимагIги[1] лъугьинчIо.

Генералас гьазие гьанжиги хIалхьи течIо,
Батирхан витIейилан гьоркьор чагIи тIамуна.
Гьевги витIиларилан, имамас нахъе чIвана,
Иман гьечIеб къавмалъул макроялда божичIо.

Жигиги Шамилиде «ГохIда ругел руччаби,
Рекъелалъе шартI гьабун нахъе ритIе», – абуна.

[1] Ай, дандельи. *

Имамас, гьелда рекъон, чIекъдерилгин гендерил
Дагьа-макъал хъизаби нахъе ритIунги ана.

Амма, генераласул мурад батIаяб букIун,
Гьел нахъе ритIаниги, батIаяб хIасил ккечIо.
ХIиллаялъе ургъараб операция букIун,
Имамасулгун рекъел гьабун рагIалде щойчIо.

Гьаб хIалалда рукIаго цо къоялъ генералас
Юнус жиндего тIаде чадиралъув ахIана.
ХIалкIварабгIан гьав веццун, гIемер хабар бицана,
Цинги, хIалбихьиялъе, гаргадизе гьавуна.

Нежехъе вачIун хадуб хойзегIан Шамилие
ГIемераб лъикIлъи бугин Юнусиде абуна.
«Духъ Шамил гIенеккулин, вачIа абе досде», - ян,
Гьасде вуссун, генерал цIакъ сихIирго кIалъана.

Дос гьеб гьабуларилан Юнусица абуна,
Гьабуниги, дица гьеб теларин тIад жобана.
«Гьабизеги бегьулин, а мун досухъе», - йилан,
Ургьив лъугьун, гирафи Юнусида тIадчIана.

ТIадчIун тIалаб гьабидал, Юнус Шамилихъ ана,
Шамилий малгIунасул мурад баян гьабуна.
«Гьедин гьез абулеблъи вас кьезегIанго дида
Лъалаан, – илан абун, имам данде кIалъана. –

Дидасан гьанжи гьезий хвалчен гореб жо гьечIин,
Жедеего бокьараб гьабизе те», – абуна.
Батирханиде гIунтIун, гьалмагълъиялъ абуни,
Имамасде, гьедагIан къвакIугейилан чIана.

КъвакIичIого, гьезие рагIи тамах гьабиялъ
Гьабизе жо гьечIилан имамасги абуна.
Юнусиде, чIанкъотIун гьади-гьадин абеян,
Гьазул рахъалъан жаваб хIадурлъунги бахъинчIо.

Нахъвуссунелъул Юнус: «Дица генераласде
Гьабги гьабги абизе бегьилищ?» - ан кIалъана.
Бегьилин гьаз абуна, киналго разилъана,
Рогьалил гIужалъ Юнус чаландарихъе щвана.

Рогьалил как бан хадуб дагьаб макьил гьабуна,
Гьелда хадув чаландар Юнусгун гаргадана,
Генераласда аскIув имамас бицаралъул
Баян босун айилан, ахIун вугин бицана.

АхIун хабар бачIиндал, Жамалуддинги вачун,
Черхалда ярагъги бан, Юнус къватIив вахъана.
Ярагъ тIад борчинчIого, гIамаматги[1] байчIого
ЧIолареб гIадат гьасул кидагоги букIана.

Гирафил чадиралъув, расги ургъел гьечIого,
Инсул рокъове гIадин, Юнус жанив лъугьана.
Жаниве лъугьаравго генералас гьикъана,
«Ма ллази къала Шамил?» [2] – суал Юнусий кьуна.

Шамилица дудехун гьадин абулеб бугин,
Генераласул суал Юнусица борхана.
Гьалмагълъиялъ жиндего тIамун тараб хIалалда,
ХIеренлъи жиндилъ гьечIеб жаваб кьун, ракI чучана.

[1] ГIамамат – чалма. *
[2] Ай, «Шамилица щиб абураб?» - ян.

«Рагьноялъе вас лъуни, ножоргун сулхIги гьабун,
Гьаниса нахъе инин дуца бицун букIинчIищ?
Цинги дуца, вас щойдал, щайха гьабураб къотIи
ТIобайзе гьабичIого гьанив чIарав? – абуна. –

Гьелде тIадеги, дуца цо къадар руччабазул
ГохIдаса нахъе ритIи тIалаб горищ гьабураб?
Гьел нахъе ритIун хадур, хутIарал киналгоги
ГохIдаса нахъе ине реччалин рагIи кьечIищ?

Кьураб рагIи кколарел хиянатал ножода
Ниж тIокIал божуларин», – бегьанщинаб абуна.
Гьанжи генераласул ццин цIакъго гьалаклъана,
Балъго букIараб макро къватIибе загьирлъана.

Шамилги гьесул васги нежей хIажалъуларин,
Гьев ккойилан нежеде амро бугин кIалъана.
Имамасул гьудулас ханжаралда койр лъуна,
Кутакаб ццин бахъиналъ черхалъул тIом букIкIана.

ТIован, генерал чIвайзе къасд жиндица гьабуна,
ГьитIинав Жамалуддин – гьесда ракIги бухIана.
РахIмоги ццинги жобан, пикрабалъе жив ккана,
Кинниги, БетIергьанас ракIалъе сабро кьуна.

Саброги цциналдаги гьоркьов Юнус вукIаго,
Гьасдаса божи тIагIун, генерал хIалагьана.
АхIун таржаманасде: «Чадиралда жаниса
Юнус къватIив ваче!» - ян, амро гьабун, кIалъана.

РакIалде бачIанщинаб досде рикIкIун горони,
Юнус чадиралдаса къватIивехун лъугьинчIо.

КъватIиве лъугьун хадув, Жамалуддинги вачун,
Чаландарил чодрохъе тIадвуссун жив вачIана.

ТIаде Юнус вачIиндал, гьесие хIурмат гьабун,
РухIулел хъалиянал гьаз гIодоре рехана.
Нежей гIоло ножоца гьабулеб жо тогеян,
Нежецаги теларин, гьездехунги кIалъана.

Унго, халгьабун бихье, вацIцIадав бусурманчи
Бусурбаби горезги кIодо гьавун толев куц.
Гьев чаландар Юнусий, аскIув вугевгIан мехалъ,
РакIбатун жив кIалъалев вагIиз[1] гIадин, вукIана.

Цо къоялъги чаландар гьасдехун гаргадана,
Генераласул амро дуе бугин бицана,
«ГохIдаса дурго лъади, гьейгун цадахъ ЧIикIаса
МуртазагIалил хъизан гьанир раче, – абуна. –

Гьелгун цадахъ цогидал, гохIда ругел руччаби
Рачине хIалбихье, – ян хIиллаялъе кIалъана. –
Ножоеги гьезийги, гьедин рачIун хадуса,
Нежедасан гIемераб лъикIлъи щолин», – абуна.

Щиб бицунги, гIадамал гохIдаса нахъе ахIун,
Имам цохIого хутIи – гьезул мурад букIана.
Гьаб кинабго бичIчIарав Юнусие абуни,
Имамасухъ гьеб сияхI щойзабизе бокьана.

Шамилихъе ине щой цIакъго битIун кканиги,
БокьичIеб ххвелги гьабун, гьас багьана батана,

[1] Ай, вагIза-насихIат гьабулев чи.*

«Гьениве витIани дун тIадвуссун веччаларин,
ВитIичIого те», – йилан, ххвалий рагIи бицана.

«Расул[1] гъоркь кколеб гIадат букIунарин», – чаландар
Дагьавги гъираялда гаргадизе жована.
«Жамалуддин цохIого тезе дида кIоларин,
МуртазагIали ваче», – Юнусица абуна.

Асирлъуда вукIарав МуртазагIали вачун,
Чаландарида аскIув кIиявго данделъана.
Диналъул кIиявго вац, цо росдал мугьажирал[2],
Цуцазда къвалалги ран, къо-лъикI гьабун, гIодана.

Гьанжи, кIиго абцергун[3] Юнус нохда регIана,
НахъегIанго гьалги тун, живго Шамилихъ ана.
Унсоколоса ТIагьир гьесда аскIув ватана,
Юнусица гьазие ккарабщинаб бицана.

Цинги чаландарица, хандакъалде тIадвуссун,
«Юнус хехго вачIа», - ян хабар битIун бачIана.
Хабар бачIиндал Юнус, тIадвуссун, гьенив ана,
Батирхангун кIалъалев чаландарги ватана.

Батирханидехун гьас, маслахIат-сулхI гьабизе,
Гьанжиги Шамил жиндихъ витIейилан абуна.
МаркIачIул мех щвелдего гьебсагIат как ахIана,
Хабар метералде тун, Батирхан тIадвуссана.

[1] Ай, чапар.*
[2] Ай, диналъе гIоло, жедерго ватIан тун, Имамасде аскIуре гочарал.*
[3] Офицергун.*

Юнус гьевгун веччайзе чаландарий бокьичIо,
Чодрохъе нахъ гьанжи нилъ руссун лъикIин абуна.
Руччаби нахъе рачин тIаде босараб гIадин,
Дунги гохIде ун лъикIин Юнусги сихIирлъана.

Чаландар нахъвуссана, Юнус гохIде вачIана,
ЧIечIого чаландарил чапар гьанив хьвадана,
Юнус тIадвуссун вачIин тIалаб жинца гьабуна,
Жаваб бачIунгутIиялъ рахIат дагьлъун лъугьана.

«РагъичIого нилъ рорчIи – щакаб бугелъул, имам,
Дун анивго те», - йилан Юнусица гьарана,
Гьудул хваралъув хойзе гьудуласе бокьана,
Бегьилин, имамасги изно гьесие кьуна.

Юнус тIадвуссунгутIи чаландарида лъана,
Чара бухIун, яхI тIагIун, гIодоб хIетIе кьабуна.
ГIакъоба бихьичIого ккойзе щвараб мугIрул бис
БорчIун индал, чаландар пашманлъиялде ккана.

Лъабго къоялъ маслахIат-сулхI гьабизеян абун,
Балъгоял мунафикъал гьоркьор хьвадизаруна.
Гьезда АхIулгохIалъул бугеб ахIвал-хIал лъана,
Имамасул къуватгин шавкат дагьлъи бихьана.

Дин бичарал гавураз гьеб кинабго бицана,
Цинги капурзабазул къуватал рагъарана.
РиххичIого хутIарал Шамилил щулалъаби
Щущахъ райзе гьаруна чIехьарал гIарадабаз.

Къад риххизе гьарурал сунгрул къассе къачIайзе
Къуват гьечIеб бакIалде муридазул иш ккана.

Дунялалъул къварилъи гъазда тІаде бегана,
ТІолгоязул хвалиде пикро-анищ буссана.

Шагъидлъарал вацазда чІагоял хІайранлъана,
Анкьго сордо-къояца гъеб хІалалда рукІана.
ХІатта, цо къоялъ имам, тушбабазда вихьулеб
БакІалде тІаде вахун, ургъунго гІодов чІана.

Накалда тІад гьитІинав ГъазимухІамадги лъун,
ГІужий гъурав чи гІадин, живго загьир гьавуна.
Живго цохІо, гьеб хІалалъ, имам тезе кІойчІого,
Инхоса НурмухІамад – гьевги аскІув вачІана.

Гьанжи Шамил-имамас, Аллагьасдехун вуссун,
«Дир нодо бакьулъ гулла речІчІе, - йилан гьарана. –
Гьав, дий рухІгІан хирияв, васасул надалдаги
Дида хадуб речІчІе!» - ян Халикъасде ахІана.

АхІулгохІдаго хойзе бищунго гъира бугев,
Гьал гъалбацІазда гьоркьов, живго имам вукІана.
Бугони щиб, Аллагьас хІукму гьединаб букІун,
Мадиналде щойзегІан чІаго нахъе цІунана.

Рагъулаб майданалда гьале ахирисеб къо,
Имамас квербиххизе гьанжи нийят гьабуна.
Жиндир божарав гьудул – Юнусида кІалъана,
«Дуца щиб гьабилеб?» - ан гьесие суал кьуна.

Гьесги, «Дуца гьабураб гьабизе буго», – абун,
Имамасда тІад рекъон, къвакІараб жаваб кьуна.
Жанир ракІал чармилал, чурхдузул къуват хварал,
Хойзе гьанжи гъалбацІал, гъуждул гурун, къачІана.

Жинца дунял тун хадуб, тушманасе рекIине
Тулпар нахъе хутIизе имамасе бокьичIо.
Алжанул буракъ гIадаб, балайзе барахщараб,
Шамилица, гьеб жавад[1] чIваян, СалихI витIана.

ВитIидал, имамасул амро тезе кIойчIого,
Тулпар бугеб бакIалде гьеб чIвайзе СалихI ана.
ХIихIилаго, Мусаннал Шамус[2] гIадин, недегьго
Шамилил жавад гьасда данде бортун бачIана.

Бадиб магIо хулана, жавададалда гурхIана,
Данде бортун бачIараб гьелде тIаде койр инчIо.
Эбел-инсухъ гIащикъаб лъимер гIадин дандчIвайдал,
ЧIвайчIого жавадги тун, СалихI нахъе вачIана.

Нахъеги Шамилица, цо тIехьалда койр кьабун,
«Кинав тушманасдай мун кодоб ккойла», - абуна,
«Инсану-л-гIуюн» абун, СагIиди-л-ГьаракIуни –
Гьесул койралъ жиб хъвараб нусхаги гьеб букIана.[3]

Гьединго, Шамилица АхIулгохIда ругезда
Асирлъуде унгеян лъайзе гьабун букIана,
«КIвараб хIалалъ хвалчабаз къватIибе нух бахъизе,
Къоял нахъе хутIараз, яхI бахъе», - ян манлъана.

Нагагь чара къотIани, къварилъиялде ккани,
ГохIдаса къватIирехун рорчIизе гIажизлъани,

[1] Ай, чу-бекерухъан, ёргъачу.
[2] Шамус буго, Мусанна абурав гIаскаралъул бетIерас жив холелъул СагIду ибну Аби Вакъасие кьураб чода цIар. Гьеб букIана Къадисияталда фурсазулгун ккараб рагъулъ.
[3] Ай, гьеб тIехьалъул нусха ГьаракIуниса СагIидил квералъ хъвараб букIана.*

ГIурулъе кIанцIун хваян ахирисеб нухалъго
Имамас киназдаго лъайзе гъабун букIана.

НахъвуссунгутIиялъе нийят-къасдалда имам
МагIракаталде[1] ине къачIадулев вукIана.
УнкъгIалгин яц, гьединго цо-цо муридзабиги,
ДандечIун, имамасе ине квалквал гьабуна.

Гьанжи руччаби-лъимал, лъукъа-тарал, гIажизал
ГохIил ахалъудехун имамас тIоритIана,
Вас ГъазимахIамадгун гьесул эбел ПатIимат,
ТIолабго жиндир агьло – гьелги хадур регIана.

Гьелда хадуб имамас, анцIго гIечIев муридгун,
МагIракаталде вахун, тушбабазе халккуна.
Хойзе тIаде босарал мугIрул бисазул къокъа,
Макманалдеги[2] лъугьун, интизаралда[3] чIана.

Унсоколоса ТIагьир гьазда тIаде вачIана,
«Гьанивищ мун вукIарав имам? – илан кIалъана, –
Мун жедей къварагIарал гIадамал гIемер ругин
ГIодоблъиялда», - йилан хабар жинца бицана.

Бицаниги, имамас ТIагьирихъ гIинтIамичIо,
ЧIаго гьаниса нахъе ине гьечIилан чIана.
Гьанжи, ццин бахъун, ТIагьир имамасде семана,
МаслахIат гьелъулъ бугин, рилълъун лъикIин тIад чIана.

[1] МагIракат – рагъул майдан.*
[2] Ай, балъгояб, хIадур гьабураб бакI (окоп, масала).
[3] Ай, балагьун, хъаравуллъи ккун. *

ТIагьирил адаб гьабун, имам къавулълъ вуссана,
ИмагIал Батирханилгун дандчIвай гьенибги ккана.
«Дуца щиб жо гьабизе бугеб?» - ан имамасе
ИмгIаласги, суал кьун, жаваб тIалаб гьабуна.

«ТIаса гъоркье тушбабаз гамачI бан, гъуризейищ
Гъоркье рилълъинел?» - абун имам данде кIалъана,
Дун гьанив чIезе вугин чIванкъотIун жаваб кьуна,
Жинцаги гьеб гьабилин имгIалги разилъана.

Гьанжи, тIадеги рахъун, нахъбакIазул щуббаназ[1]
Шамилилгун цIидасан калам-хабар гьабуна,
Руччаби-лъимал ругеб гIодоблъиялде, имам,
Мун вилълъине кколилан тIаде босун, кIалъана.

ТIолазулго мурадги – имам цIуни букIана,
АхIулгохIда гьев хойзе гьезий бокьун букIинчIо.
Гьал багьанадай тIамун, ТIадегIанав Аллагьас
Имамасул нийят-къасд, тахIвил гьабун[2], сверана.

Руччаби-лъимал ругеб гIодоблъуде рещтIана,
Лъабго къоялъ гьенирги гуллил цIадакь рукIана.
Ракъигин къеч хIаллъана, хIалуцин камиллъана,
Цуцазда аскIур щойзе кIолареб хIал лъугьана.

Шамилида цо къоялъ, гъапун ккараб гIужалда,
Жавагьарат – жиндир лъади макьилъ цее тIамуна, –
БетIералда ругъун щун, щапун жий гIодой ккана,
Жий сверун лълъун, гIодулев вас – СагIидги вихьана.

[1] Ай, гIолохъабаз.
[2] Ай, хисизе гьабун.*

Бихьараб макьоялъул хIасилги гьедин ккана:
Гьей, ботIрода ругъун щун, ракьалда гIодой лъуна.
Ругънал унти-бухIиялъ яхI хварай эбелалда
АскIув, «Баба!» ахIулев, вас СагIидги ватана.

Унсоколоса ТIагьир тIаде ккун, лъин гьарана,
Гьес Жавгьаратил кIалдиб цо пихъил горо лъуна.
Лъехъ гIащикъаб хIалалда хIасратаб рухI босана,
ХIавзгин Кавсар гьекъезе ахираталде ана.

Гьей хварай эбелалда, кIиго сон барав СагIид
ГIодун-вуцIцIун, тIад хурхун, хахулевги вукIана.
Цин – «Дада» - йилан ахIун, цинги – «Баба!» - ян ахIун,
Бицине мацI лъалареб лъимер гьедин хутIана.

Гьанжи, имгIал Батирхан шагьидлъанилан абун,
Имамасде тагIзият гьалмагълъиялъ гьабуна.
«Гьесде, дуда хадувго дунги вачIине вугин
Абе», - йилан имамас жаваб гьазие кьуна.

Гьеб хIалалда рукIаго, АхIулгохI тун къватIибе
Нух бахъизе хIадурлъи кинацаго гьабуна.
Цинги, анкьго сон барав вас – ГъазимухIамадги
Мугъалда чIван, кьурулъан имам гъоркье веччана.

Имамасул гьалмагълъи – гьелги цадахъ рещтIана,
Нахъиял рачIинегIан гьениб лъалхъи гьабуна.
ГIандиса Гъазиявгин Балахьуниса Муса,
Нух бацIцIин мурадалда, дагьал цере ритIана.

Цо рахъалъан, Шамилил яц – Зайнабиде тIаде,
ТIобараб гьужум гьабун, тушбаби гIагарлъана.

Гъезда кодор асирлъун унгейилан абураб
Имамасул амроги гьалде ракIалде щвана.

Гьай, дагьай бакIай йикIун, тIуризе бажаричIо,
Бажарараб гьабизе гьанжи ургъизе ккана,
Асирлъи, ялъуни хойл – кIиялъулго цоябаб,
Бокьараб тIаса бищи – тIокIаб рес гьалъий гьечIо.

Гьал пикраби-хивалаз Зайнаб сверун йосана,
Асирлъуде инегIан хойзе жиндий бокьана.
Кьурул рагIалде кIанцIун, гIоралъул хал гьабуна,
БотIрода шалги жемун, щвартIан гъоркье кIанцIана.

Шагьидлъун Зайнаб хвана, хабар нелъее тана.
Хадуб хъваяб дуниял даим чияс кколаро,
Чурхдул паналъун уна, рухIал нахъе хутIула,
РухI бахъи битIун ккарав – талихI бугев вукIуна.

Кьурулъа гъоркье реччан, нахъиял тIаде щвана,
Шамилги гьалмагълъиги церехун рагъарана.
ГъоркьчIелалда жал ругел тушбаби гьенир ратун,
Гьал кIияздаго гьоркьоб тункIазул кьвагьи ккана.

Тушбабазул рахъалъан кьвагьи байбихьулаго
Лебалав Шамилица щуго кьвагьи гьабуна.
Жиги, кIудияб гIаскар дозул батани абун,
Имамас гьеб бакIалда лъикI хIадурлъи гьабуна.

Цо тайпа имамасул мугъзада нахъа чIана,
Дилимазул Султанбег цеве горони чIечIо.
Цинги капурзабазде тIаде гьужум гьабуна,
Гьеб бакIалълъ дилимазул гъалбацIги шагьидлъана.[1]

[1] Ай, Султанбег гьенив шагьидлъана (р.гI.).

Тушбабаца гъабураб гъоркьчIел бихха-хичана,
БутIрул цIунун, гьениса солдатал тIурун ана.
Имамас гьезда хадув вортизе къасд гьабуна,
Гьенивниги шагьидлъун хойзе анищ букIана.

Ахъбердил МухIамадги хIалае вуссинавун,
СалихIица ккун, имам гIодов веччайзавуна.
Чанги батIа-батIаял къисамтазда хурхарал
Къоялги нахъе рукIун, имам кин шагьидлъилев?!

Шамил, жакъа мун гьанив хойзе гьечIилан абун,
Ахъбердилав МухIаммад имамсе гьедана.
«Гьеб дуда кин лъараб?» - ан, хадуб жинда гьикъидал,
Бихьун букIараб макьу, тагIбир гьабун[1], бицана.

Тушбабазул гъоркьчIелал церехунги ратана,
Тунка-хIусиял ккана, кинниги гьал бергьана.
БетIергьан Аллагьасул гIавну-комекалдалъун,
Квешги лъикIги гьенисан гIурухъе жал рорчIана.

Жиндир хъизан батIалъун, нахъа хутIун батидал,
Нахъвуссун ине Шамил гьебсагIат хIадурлъана.
Юнус цеве лъугьана, дун инилан абуна,
Имамги веччайчIого, живго хадув вахъана.

Хъизан хвасарлъиялъул имамасе рохелгун
Юнус, мех бахъичIого, нахъвуссунги вачIана.
ЧIаго эбелги васги, гIемераб къоги бихьун,
ГIурул рагIалдеги щун, Шамилгун данделъана.

[1] Ай, макьу къотIун.*

Шамилил гьитIинав вас – анкьго сон бараб лъимер –
Муридзабазул цояс, мугъзада чIван, хъамуна,
Нахъасан цо солдатас тункун бачIараб хечалъ
Бохалда ругъунги лъун, лъикIго захIмат лъукъана.

Лъукъун, бида чвахулеб бохгун ГъазимухIаммад
ХIамиласда[1] барахщун, зигардулев вукIана,
Нагагь, дуе захIмалъун дун гIодов тезе ккани,
ГIурулъе рехейилан, такрар гьабун, абуна.

Тушбабазухъе ккойзе чIогейилан абураб
Инсул васийяталъул васас ургъел гьабуна,
Асирлъуде ккезегIан, гIурухъ жанив гъанкъун хой
ГъазимухIаммадица тIаса бищун букIана.

Шамил АхIулгохIдаса къватIиве лъугьунелъул,
ЛъебергогIанав инсан гьевгун цадахъ вукIана.
Гьезда гъорлъа анлъго чи нухдасанги шагьидлъун,
Нахъияб гьалмагълъигун гIурул рагIалде щвана.

Нохда хойзе ножоца дун течIогойин абун,
Имам, гьалмагълъиялде кIалъалаго, гIодана.
Рогьалил какалги ран, цебехун гали лъуна,
Гендерил мунафикъаз тункIал гьазде кьвагьана.

ГIор бахун доб рахъалда кьурабалъ жал рахчарал,
Чарал мунафикъзабаз Шамилида речIчIана.
Щивасул цIарги ахIун, «Бихьила горищ», – абун,
Бахъун, имамас хвалчен кIалгьикъун кIобокIана.

[1] Ай, жив ваччарав чиясда.

РекIелъе хIинкъи рехун, мунафикъал тIурана,
Муридзабигун имам цевехун вагъарана.
Ракъи-къечалъ хIалгъабун, сапар цIакъ захIмалъана,
Къалъул гIужалъ цо бакIалълъ, тамахлъун, гIодор ккана.

АхIулгохIдаса Шамил нахъе ун вукIин лъайдал,
Мунафикъазул гIаскар гьесда хадуб бахъана.
АхIматхани-л-Жунгутай, Хунзахъа ХIажимурад,[1] –
Мунафикъазул бетIер гьав кIиявго вукIана.

Гьазул заралалдаса, Савралда АхIмад гIадин,
Имамги гьалмагълъиги БетIергьанас цIунана.
АгIма ллагьу-л-ГIазизу-л-ХIакиму абсарагьум
Ва саррафа гIангьуму къулуба-л-мунафикъин[2].

Лъукъ-лъукъарал чурхдузул свакарал мужагьидал[3],
Сапаралъул хIал баччун, церехун рагъарана.
Цо бахъун, кIиго бахъун, мугIрул каранда рана,
Кутакалда къечеялъ чара хунги рукIана.

Чахьал мугъалда рекIун, кIалдир мацIалги сварун,
Рогьалил как балелде цо борхалъуде щвана.
Шамилгин гьалмагълъиялъ, цуцахъе кьун, ваччулев
ГъазимухIаммадилги цIакъго яхI хун букIана.

«ЯхI гьабе, - ян ракIбатун, – доб мегIер бихьулищ? - ан,
Килищ битIун, имамас васасдехун абуна. –

[1] ХIажимурад, гьижра гьабун, имамасухъе гьалдаса хадув вачIана.
[2] Ай, Аллагьас гьел мунафикъзабазул берал бецц гьаруна, ракIалги соризаруна, ай нахъруссун ана.
[3] Ай, гъазизаби.*

Доре тIаде щваралго щойзе бугеб нелъее
Лъинги чедги», - ян абун, эмен гъасде кIалъана.

Гъеб магIарде рахана, радал мех гъеб букIана,
РекIарав цо чодулав божкъаликье ваккана.
Бер гъазда речIчIарабго нахъвуссун нух босана,
Хадув Шамилги ахIдон, нахъвуссине гъавуна.

«Нужищ рукIарал?» – абун, рекIарав цIакъ вохана,
Хулжал цIураб гьангин чед чода нахъ къан букIана.
Ургъунго гьебги босун, гъазда данде вачIарав
ЧIикIаса ГIисахIажи – гьев рекIарав ватана.

Гьесул гьангин чед кванан чурхдузде рухI бачIана,
Баркала досие кьун, лъикIаб дугIа гьабуна.
Гьанжи, нухав гIодов ккун, нахъа хутIун вукIарав
Ахъбердил МухIамадги вугилан гьаз абуна.

Имамас, чуги бачун, ГIисахIажияв витIун,
Гьелдаги рекIинавун, тIаде гъовги вачIана.
Гъовго гIадин хутIарав цойги лъукъарав мурид, –
Цойги нухалъ тIадвуссун, гьев вачинеги ана.

Гьанжиги ГIисахIажи гIиял къавудеги ун,
Ханжу бачIун, гьазухъе нухабе цадахъ кьуна.
Гьабизе рес рекъараб гIавну-комекги гьабун,
ГIисахIажияс имам берцинго нухав лъуна.

МагIардаса гIодоре бигьагьарун рещтIана,
Гьенибги гIи буссунеб цо пурщумукъ батана.
ГIиял вехьин абуни, АхIулгохIда имамгун
Эмен вагъулаго чIван, хутIарав вас вукIана.

КIудияб рохалида имам къабул гьавуна,
Гьоболлъи рагIизабун, чахъаби хъун, хьаг лъуна.
Хъоян инсул гьабураб васийят букIанилан,
Васас гьалбадерилгун гьедин дандчIвай гьабуна.

Гьенисаги сардида церехун рагъарана,
Цо данде рачIунезул иш рагIун, гIенеккана.
Имамасул хабар лъан, дандчIвай гьабизе гIоло
РачIунел ГIакьхъадерил гIадамал гьел ратана.

Гьез, отаралде рачун, имамги гьалмагълъиги,
Гьалбаллъун тIаде росун, кIудаб хъулухъ гьабуна.
Гьав чед босун вачIана, дов хIан босун вачIана,
Дов цояс абуни – гьан, – бугес бугеб бачIана.

Бицен буго батараб, чIикIасезегун цадахъ
ГIакьхъадерий имамас дугIа гьабурабилан.
ДугIа къабуллъаразул къалмикье ккун ратаги
Къо ккедал имамасе хIалае ратанщинал!

Шамилги гьалмагълъиги гьениса рагъарана,
Рогьалил какил гIужалъ Алмахъалде жал щвана.
Алмахъазул муаззин как ахIулев ватана,
Какичуризе имам озеналъув рещтIана.

Алмахъдерил росдае зарал щоялда хIинкъун, –
Шамил озеналъуве гьедин рещтIун вукIана.
Гьебги лъан, росдал къади хавасал-гIавамалгун,
ГIедегIун, цойидасан гьесда аскIур рортана.

Цинги имамасдехун: «ТIадруссун нуж росулъе
РилълъинчIого рес гьечIин», – кинацаго абуна.

ЦохIо кIалалъ кIалъана, тIадчIун тIалаб гьабуна,
Гьоболлъи гьабичIого, нуж инарилан чIана.

Нуж сабаблъун чIаго ниж цIадаре реханиги,
Реччаларин агьали имамасе гьедана.
Гьезул къвакIи бихьидал, имамги разилъана,
Алмахъаца росулъе, гьалбал гьарун, рачана.

ГьабичIеб хъулухъ течIо, кьечIеб куйне жо течIо,
Кутакалда алмахъаз имам кIодо гьавуна.
Гьал, къалъул гIуж щойзегIан, кьижизеги гьаруна,
Гьелда хадуб, кодобе задги кьун,[1] тIоритIана.

Зандакъире щолелде Шамил, Юнусгун цадахъ,
Цогидалги нахъа тун, цере рорчIун рукIана.
Цинги, харибакIалда вецарила вукIарав
Цо кIудияв чи[2] гьазда гьапуллъун ккун ватана.

Тохлъукье тIаде щварал гьазул кIалъа-ралъаялъ
ВорчIун, гьав кIудияв чи кIутIун тIаде вахъана.
«Духъ гьасий кьезе тIагIам гьечIищ?» – абун, имамас,
Юнусидехун вуссун, гьикъа-бакъи гьабуна.

Бахъун, чахъдал белъараб мегьед херасухъ кьуна,
Дос Шамилил ахIвал-хIал цIехезе байбихьана,
Херасул хIалбихьизе имам данде кIалъана,
«Дов чIвана гори», – абун ишараги гьабуна.

Имам чIваялъул хабар херасе захIмалъана,
Вас хойдал эмен гIадин, гIода-чIвадун лъугьана.

[1] Ай, нухабе койнги кьун.
[2] Ай, вецарила вукIарав Зандакъиса чачанав.

ГIакъло арав кинниги ракьалде вортун ана,
Имам Юнусгун цадахъ церехун рагъарана.

Цинги, хадуб букIараб гьалмагълъи тIаде щвана,
Шамилил хабар херас гьаздасанги цIехана.
Гьаз, Шамил чIаго вугин, чIван гьечIилан бицана,
Цере аразул цояв – дов вукIанин абуна.

Имам цеве ун вукIин херасе баянлъана,
Бахъараб гьури гIадин, гьесда хадув вортана.
Хахулеб лъимер гIадин, гIодов чIарав Шамилил
КварчIиниб бетIерги лъун, тIадеги цIакъ гIодана.

ДандчIван вихьанщиназги бицуна рагIаразги
Бусурманал-капурал – киналго миллатазги,
Тушбабигин вацазги, цоялцин горелазги, –
РитIухъабщинаб халкъалъ кIодо гьавурав амин;

Алжаналъул ракьалда рекъон вижарав инсан,
Расуласул ирс щварал муршидзабазул маъзун,
Аллагьас жигьадалъе хасс гьавурав ягIсуби[1],
ГIадатазда мал барав шаригIаталъул имам;

Исламалда къвал барав диналъул маххул буцур,
Дунялалъул къиралаз къимат кьурав багьадур,
БахIарчилъи-щужагIат гIаламалда машгьурав,
Дур бицун ниж кIалъайзе бакIго хутIун бугебищ?!

Херав вецудаги тун, Таттахире жал щвана, –
ГIишаъгин магърибалда[2] гьоркьоб заман букIана.

[1] Ай, цевехъан (вождь). *
[2] Ай, маркIачIулгун богол каказда. *

Гьениб лъабго къо бана, зияфат[1] цIакъ гьабуна,
Гьоболлъи рагIизабун, цояс рокъор ахIана.

Оц хъун, рохел гьабуна, жамагIат бакIарана,
КIудаб даражаялда имамгун данде чIвана;
ЧIаго гохIдаса имам нахъе ворчIун вихьани,
Хъойзе назру гьабураб гьеб хIайванги букIана.

Гьенисан арав имам Баяниве рещтIана,
Вас – МухIамадшафигIги гьенив жиндий гьавуна.
Ражаб моцIрол къого къо араб мех гьеб букIана,
Гьенибго васасдаса гIакъикъги жинца хъуна.

ЖамагIат тIаде бахъун, гьоболлъиги гьабуна,
Гьезий баркалаги кьун, Ведениве жив ана.
Ведениве жив щойдал, ШагIбан моцIги цIилъана,
Щибдай гьабун лъикIилан гьениб гIакъло дандбана.

Веданиб хъизанги тун, гьалмагълъиги цадахъгун,
Цинги вахъун, имамас бала-гьалай гьабуна.
Гъарашкити[2] абураб росу тIаса бищана,
Шамилие гьеб бакIалълъ ватан ккойзе бокьана.

Ведениб тун рукIарал лъимал-хъизан рачине
ЛъикIав жиндирго гьобол – ШагIбанги витIун ана.
ШагIбаналъул авалаб анцIго сордо ун хадуб,
Имамасул хъизанги жинда аскIубе щвана.

[1] Гьоболлъи. *
[2] Гъарашкити яги ГIарасти.

СанагIатаб, божараб, ургъел гьечIеб бакIалда
Имам руфакъааца[1] парахат гьавун тана.
Гьанжи гьезул цо-цоял рокъоре тIадруссана,
РуссинчIого микьгояв имамгун цадахъ чIана.

ЧIикIаса рафикъ[2] – Юнус, хадиму-л-имам[3] – СалихI,
Худанатил МухIамад, Гьимматгиму Билади,
Балахьуниса Муса, МуртазагIалигиму
НургIали Гьарадерихъ, – гьел микьгоял рукIана.

Гьелдаса хадур ккарал вакъигIатазул[4] харбал,
Халалъула рукIиндал, къокъ гьарун тезе ккана.
Ккарабщинаб бицине санагIатги гьечIелъул,
Гьанжи АхIулгохIалде цIидасан тIадруссинин.

Даргъиса Жаватханги аш-шужагIу[5] – ШугIайбги,
Шамилида аскIур чIун, Исламалъе хIалтIана.
Аллагь разилъи щваяв кIиявго багьадурас
Боял данде гьаризе хIаракатги бахъана.

ХIасил, Ичкериялда ункъо округ гьабуна,
Ункъалдаго лебалал наибзабиги тана.
Кихи округалда тIад Ахъбердил МухIамад тун,
Шали-Гермечик округ Жаватханихъе кьуна.

Щеки округ абуни, ШугIайбида тIадкъана,
ГIавухъ округ – мугьажир – ХIажи Ташавихъ кьуна.

[1] ГьалмагъзабацаI.*
[2] Ай, Имамасул гьудул.*
[3] Ай, Имамасул хъулухъчи.*
[4] Ай, рагъазул, лъугьабахъиназул.*
[5] Ай, бахIарчи.*

Шамилил гIадлоялъул ритIухълъиялъ бакI ккуна,
РикIкIен лъаларебгIан халкъ гьесда хадуб бачIана.

Хиянат гьечIев имам гIаламалъе вокьана,
Вокьуларел чагIиги, кирго гIадин, камичIо.
Чачаналда гьадинаб гIадло-низамги гьабун,
Дагъистаналде имам цIидасан тIадвуссана.

Росабалъе жив щвана, шаргI гьезие бицана,
ЦIобокь росдал цо тайпа данде чIарал ратана.
ЧIикIаса ГIамирханги, ГIандиса Маматханги,
Цо рахъалъан имамги, росулъ жанир лъугьана.

Гьениб гIадлоги гьабун, чIикIасезул магIарде,
Муридзабигун цадахъ Шамил-имам вахана.
Миккиласул къулгIадухъ[1] букIун батизе ккола,
КIудияб мажлис гIуцIун, чIикIасел данделъана.

ДагIбаялда бихханаб хабар гьениб букIана,
Ахиралда киназго имам къабул гьавуна.
Гьанжи гьал чIикIаселгун, цойги муридзабигун,
Цинги, битIахъе имам Ишкаталиве ана.

Ишкаталибги гIураб гIадло-низам гьабуна,
Гьенисанги битIахъе Эрпеливе лъугьана.
Уллубил мина-ватан, цIаги гъун, бухIун лъуна,
БухIиялъе гIун тIокIал гIиллабиги рукIана.

Гелбахъ-Янгъиюрталде гьанжи сапар гьабуна,
Свери гьенибги бахъун, магIарухъе вачIана.

[1] Ай, бакIалда цIар.

ЧІикІасезулгун цадахъ Хъараниса муридал
Инсул росу – Генуре Шамилица ритІана.

Цогидаб гьалмагълъигун живго ГІашилтІе ана,
ГІашилтІасанги имам АхІулгохІде вахана.
АхІулгохІда хутІарай мутІигІай жиндир лъади –
Жавгьаратил къисматалъ хІайранлъизе гьавуна.

Гьей гІодой ккараб бакІал цояс бихьизабуна,
Цинги дагьай гъоркьегІан иххица ун йикІана,
Имамасул хІалилат[1], хІакъикъияй шагьидат[2],
Щалайги тІаде рехун, яхчизаюн йикІана.

РатІлилниги, черхалъул щибго жо хисичІого,
ЧІаго йигей кинниги, гьей хІурулгІин ятана.
ХІатта, кІиябго кІойтІцин гьелъул бакъван букІинчІо,
БукІине кколеб хІалалъ ратІбатайни[3] рукІана.

РухІ чорхолъ гьечІониги, чІагояй Жавгьаратий
Алжаналъул ах гІадаб хоб, бухъун, хІадурана.
ХІасан-ХІусайнил эбел ХІайдар-ГІалица гІадин,
АхІулгохІда имамас юкъана Умму СагІид[4].

ГІурус падишагьасул гІаскаралъе абуни,
АхІулгохІалда хурхун кІудияб ками ккана.
Киналго данде рачун, лъебералда лъаб-азар,
Цо чи тІадеги, гьезул чІваравилан бицана.

[1] Ай, лъади.*
[2] Ай, гъазаваталда шагьидлъарай.*
[3] Ай, риччухъе, чІагоял чагІазул гІадин
[4] СагІидил эбел.

ЦохIо къоялда жаниб Шамилил муридзабаз
Щуазарго чи чIвараб вакъигIатги букIана.
Ва хIукия,[1] цо нухалъ, цIер гIадин, боги гъурун,
Генерал, кIиго чигун, нахъе ворчIаравила.

АхIулгохIда хутIараб имамасул гьалмагълъи
Лъабнусидаса тIаде рахаралин бицана.
Цинги гьел шугьадаал, щивав цIарккун рехсезе
Фурсат[2] рекъечIониги, рехсезин дагьа-макъал.

ЧIекъдерил гIолохъаби, агIянал-гIуламаал[3], –
МуртазагIалигун гьал тIоцоре шагьидлъана.
Ал-гIалиму-л-мугьажир[4] – Сурхайи-л-Кулавиййи
Ва Хунзахъа ГIалибег хутIана АхIулгохIда.

Имамасул инсул вац – ал-гIалиму Батирхан,
Мухлис-МуртазагIали – МачIадаса мубарак,
Рихьуниса бахIарчи – МухIамадсултIангиму
Сугъралъа къокъав ГIумар къанщана АхIулгохIда.

Цо къоялъ жиндир койралъ нусго капурчи чIварав,
Рихьуниса бахIарчи – дов Балайил МухIамад,
ХIосен бину ГIарикгин Хан-Ахъайил МухIамад –
Эргъендерил бахIарзал хутIана АхIулгохIда.

ЧIиркъатIаса гIалимчи, лебалав мутажаллид,
Хизигин аш-шужагIу,[5] ГIусмани-л-Балахьуни,

[1] Ай, бицана, бицен бачIана.
[2] Фурсат – рес.*
[3] Ай, къадро-къимат бугел чагIи, гIалимзаби.*
[4] Ай, ватIан тун, гочун Имамасухъе вачIарав гIалимчи.*
[5] БахIарчи. *

ГIалимав гIолохъанчи – МухIаммад ибну-л-Ухти,
ГъазимухIамад-имам[1] – гьелги хутIарал гохIда.

Гьарадерихъа Уца, Харахьиса ГIалихан,
ГIоротIаса СагIдугун ГIаликул вас – дов ХIусайн,
ГIоркIачIиса МухIамад – Муртазаласул ибну[2].
Имамасул росулъа Ибрагьиму-л-ХIусайни;

Рафикъу-л-имами ва раису низамигьи,
Аш-шужагIу – Муртаза абу щаби-л-фатIини,[3]
Гьидерил ХIотодаса МухIамад-Амин гIадал,
АхIулгохIда хутIарал тIолалго шугьадаал. –

ШаргIалъе къараб рачел чучичIого рагъарал,
Регизе хоб щваралги, щойчIого хутIаралги,
Шамил-имамгун цадахъ диналъе койрбакъарал
Камилал шугьадаал, барка ножое Алжан!

Ислам гIарцухъ бичичIел, бечелъиялъ гуккичIел,
БетIергьанасде мугъ чIван тавакалго хьвадарал,
Гуллие керенги кьун, кьалул майдан цIунарал,
ЦIар рагIарал бахIарзал, барка ножое Алжан!

Имамги гьалмагълъиги гохIдаса нахъе индал,
Нахъе ине рес щойчIел асирлъиялде ккана.
Нисаалгун рижалал[4], лъималги данде кьабун,
Анлънусго-анкьнусго чи тушбабазухъ хутIана.

[1] Ай, ГъазимухIамад имамасул яцалъул вас – МухIамад.
[2] Ибну – вас. *
[3] Ай, Имамасул гьудул ва низам гIуцIиялъул бетIер, цIодорав васасул эмен Муртаза.
[4] Ай, бихьиналгун руччаби. *

АхIулгохIдаса имам, Жавгьарат юкъун хадув,
Руфакъаалгун[1] цадахъ инсул росулъе щвана.
Шамил гьенив вукIаго тIаде тушбаби рачIун,
РакIалдаго гьечIого, гьенибги кьаби ккана.

Баркат-шафагIат жиндир нелъее насиблъаяв
Унсокололса ТIагьир гьеб ахIулъ шагьидлъана.
Алжанал хIалаллъаяй ТIагьирил чохьол эбел,
Абуна, гьев вихьидал, бер биччун гIодичIилан;

«Дуца тIалаб гьабураб Аллагьас дуй кьеялда
Дунги цIакъ рази йигин», – щукру гьабурабила.
Гьадинаб сабруялъул, щулияб иманалъул
Эбелалги васалги росабалъ гIемерлъаги!

Исламалъул гIорхъаби ясбер гIадин цIунизе,
РацIцIадал гIалимазабаз цIеги нелъер Дагъистан!
Дин гьабизе бокьулел, кьалде халкъ ахIуларел
Агьлу-тасаввуфалъул тарбият камугеги!

Тохтурзаби гIажизал унтаби тIаса аги,
Умумузул нух къосун, мекъса гIадан ккогеги!
Манлъараб босуларел наслаби лъугьунгеги,
ГьацIулъе цIан балезул гIакъло-тадбир хисаги!

Тавбату-н-насухIалъе[2] ХIакимас тавфикъ кьеги,
ХIабибасул шаригIат халкъалъ тIаса бищаги!
Суннат чIаго гьабизе Аллагьас нилъ тIамеги,
Ахирзаманаялъул питнабалъе ккогеги!

[1] Ай, гьалмагълъигун.*
[2] Ай, бацIадаб, хIакъикъияб тавбоялъе.*

Питнаялъе ургъулел Халикъас тох гъареги,
Тушманлъи бекьулезе сабабал рекъогеги!
Рукъалъул гIункIкIал ккойзе кутузе ресал щваги,
Койрал бидул цIуразе рацIцIине чи тIагIаги!

Чанги бихьа-бахъараб балкан буго аб дунял,
Балкан кунел гьабзазда тIалибунал[1] релълъараб,
Ралъадги аб, лъалесе, тIиного жиндир гьечIеб,
Жанив ккун хадув инсан къватIивго ворчIулареб.

ЧIаголъиги гIумруги, гIадмазул рижинги –
Бижун-бакъван букIунеб хералда релълъон буго.
Хвелги – гIаммаб нух ккола, къокъичIого рес гьечIеб,
Рес бугесги гьечIесги цого хIалалъ къотIулеб.

Цинги, къватIул ракьаялъ гьаби гуккулел гIадин,
Дунялалъги хIаррасал[2] гуккун гъоркье рачуна.
Гъаввасазда[3] релълъохъе, лъинцин лъаларев гIабдал
Ралъдалъе лъугьун хадуб, лъугьунеб балъго гьечIо.

Бартичуялда релълъон хIама бекеруларо,
Бензин чурукаб тIуни, машина хIалагъуна.
Шофер горес руль ккуни, авария гьабула,
Эбелаб нух тарасе талихI гIемер кьоларо.

Туснахъ-Сибир – чиясе рахIаталъул рукъ горо,
Къварилъиги ургъелги гьесда тIаса унаро.
«Ад-дуня – сижну-л-муъмин»[4] – хIадисалда бугелъул,
Дагьа-макъаб къварилъи къулчIун рукIине ккела.

---

[1] Ай, гьеб дунял тIалаб гьабулел чагIи.
[2] Ай, дунялалде хъантIарал чагIи.
[3] Ай, ральдал тIинда хIалтIулел чагIи (водолазал).
[4] Ай, «Дунял – муъминчиясе туснахъ буго».

Къварилъиялда хадуб гIатIилъи камуларин,
ГIодор реччан хъвадани нилъ мекъса рехиларо.
Ризкъи кьезе гъоркье чIун Раззакъги вугеб хIалалъ,
Марзукъиназде[1] гъардон, хъвайчIеб нелъей щойларо.

Шамил имамас гохI тун, къоло щуго сон индал,
ГIуриса шайхун гъарим[2] гъенив щойзе ун вуго.
Щибго хиси гъечIого, чIаго йигей кинниги,
ЧIужугIадан херасда гIодой чIун ятун йиго.

Парталцин туричIого, тамашаяб хIалалда
РухI гъечIеб гъеб къаркъала берцинго букIун буго.
Цойгиги гIажаиблъи – ботIрода къараб кIазил
КIиябго гIинщ койраца гъелъ ккунги батун буго.

Ккурал гъел кIазил гIинщдул рухьунги рукIун руго,
Ричун, гъав кIудияв чи жанив валагъун вуго.
Гъелъул цояб рахъалда – хъатгIанцин гъечIеб ханжу,
Цогидаб рахъалдаги цIам гъесда батун буго.

Гъадинаб ракъи-къечги, къварилъи-балагъалги,
Балагье, бусурбаби, нелъеда бихьун бугищ?!
Шукру ккела гъабизе гъалщинал нигIматазе, –
Щун гъечIищ нелъей заман тавбоялде руссине?!

Шугъадаал рукъараб хирияб АхIулгохIда
Ахгин хурзал гъаризе цо къокъа лъугьун буго.
КъогогIанасев чиги гъезул вукIанин буго,
Гъел хIалтIизе тIамунги цойгияс рукIун руго.

[1] Нилъго гIадал чагIазде (Аллагь горесде).
[2] Херав чи. *

Цинги Жиндие гIоло рухI кьурал шагьидзаби, –
Гьезул адаб-хатир тей Халикъас хIехьон гьечIо, –
Хобал гьезул рекьизе квалквадаралщиназул
Койрал ракъванин абун бицуна «Магъазиялъ»[1].

Цойги, хирияб гохIда, кьурул цо нохъоялъув,
Кьурда мугъги цун чIарав хварав чи ватун вуго.
Хун вугилан абизе, рухI гьечIолъи горони,
Гьесие ккараб щибго хисиги букIун гьечIо;

ЧIаго вугев чи гIадин, ратIлил кепцин хойчIого,
РачIун ралагьаразда вихьулев вукIун вуго.
ГохIда рагъ ккаралдаса анцIила микьго гIун сон
ИнегIанги гьев шагьид гьедин вукIанин буго.

Гьадинал гIаламатал жинда тIад загьирлъараб
Алжанул ракьалдаса букъгIат[2] буго АхIулгохI!
Аллагьас лагъзадерил имтихIан[3] гьабулелъул
ТалихI кьурал руссараб свери буго АхIулгохI!

Сверухълъи нуралъ цIураб, файзалъул махI бахъараб,
БахIарзазул цIар щвараб мегIер буго АхIулгохI!
Шагьидзабазул рухIал, хIурулгIинзабаз рачун,
Барзахалде роржараб матIар[4] буго АхIулгохI!

Муридзабазул зикро зобалазде бахараб,
Хиралъиялъ бакI ккураб мазкар[5] буго АхIулгохI!

[1] Къарахъа МухIамадтIагьирица имамасул гъазаватазул хъвараб тIехь.*
[2] Ракьул цо кесек.*
[3] ХIалбихьи.*
[4] Роржунеб бакI (аэродром).
[5] Аллагь рехсолеб бакI.

Замана херлъанагIан, халкъалъе жиб гвангъараб,
Жавгьаргин якъуталъул чирахъ буго АхIулгохI!

Чанги капурчиясул черхалдаса батIалъун,
БетIер гибигун араб галам буго АхIулгохI!
Нус-нус чиясде данде цо-цо мурид вагъараб,
Рагъазул бицен бугеб магIрак[1] буго АхIулгохI!

Имамасул гъалбацIаз биял гIодоре тIураб,
Бадругин УхIудалъул гьалмагъ буго АхIулгохI!
БахIарзаз хвалчабазул лъелалги гъурун рехун,
Харбие нахъе тараб къалгIат[2] буго АхIулгохI!

Къо ккедал руччабаца чалмаби къан, тIагърал лъун,
Черхалда ярагъ бараб бакIги буго АхIулгохI!
Асирлъуде инчIого имамасул тIулил яц
ТIаса гъоркье кIанцIараб кьуру буго АхIулгохI!

Кьварарал гIолохъабаз гIумру кьун, къартI цIунараб,
Къадисияталъулги лъалкIда буго АхIулгохI!
Лъабнусго шагьидасул хобал жинда тIад ругеб,
Жаннату-л-БакъигIалда релълъон буго АхIулгохI!

БайгIату-р-ризваналъул[3] агьлоялда кинниги,
Аллагь разилъаразул макъам[4] буго АхIулгохI!
Эбел-инсул рахъалъан кIикъоялда анцI-анцI чи,
Изно кьун, росулезул[5] росу буго АхIулгохI!

[1] МагIракат – рагъул майдан.
[2] Ай, щулалъи, щулалъул хъала.
[3] Ай, ХIудайбияталда Аварагасе хойзегIан рагъизе къотIи кьурал асхIабзаби.*
[4] Ай, дол чIараб бакI, дол ругеб бакI.
[5] Ай, Аллагьас изнуги кьун, шафагIаталъ росулезул.

Баракат тIалаб гьабун, муъминзаби хьвадулел
Зияратазда гьоркьоб ханлъун буго АхIулгохI!
Историялда жаниб хириял бакIазульги
Хасслъи жиндир тIокIлъараб тIалъи буго АхIулгохI!

ТIаде рачIаралщинал гьалбал къабул гьаризе
Къуват жедей кьуразул ватан буго АхIулгохI!
Аллагьасда цере чIун, жал гьоркьор ккун, гьарани,
Жаваб щолеб къавмалъул хIарим буго АхIулгохI!

Изно гьечIого чияр хIарим мерхьине ккани,
ХIалаллъи тIалаб гьаби тIалъулебин, кIочонге!
ТIадал жал жалгоги тун, сунатал гьарулев чи –
Гьев, Къуръанги тун, Инжил цIалулесда релълъонев.

ЦIунизе кколел шартIал зуваразулъ[1] гьечIони,
Зияраталъул гьезий мунфагIат букIунареб.
МунфагIат жиндилъ гьечIеб сапар гьабиялдаса
Гьезий рокъорго чIейи нусго нухалъ бергьунеб.

Хасго, автобусал цIун, зияраталъ хьвадулел
Руччабазул сапарал шаргIалда бегьуларел.
ШаригIаталъ гьукъараб гьабичIого тедалин,
Таввабу-РрахIимасул рахIмат тIаде чвахулеб.

МахIрамиявгун цадахъ дуниял сверизеги,
Исламиял руччаби, ножое изно буго.
Амма, туристал гIадин, ажнабиялгун[2] цадахъ
Рахъ-рахъалде хьвадизе рухса[3] ножое гьечIеб.

---

[1] ЗияраталдерачIаразулъ.*
[2] Чияр бихьинал.*
[3] Эхтияр.*

Хасаго АхIулгохIалде зиярат гьабулезда,
ГьаричIого гIоларел адабал лъайзе ккела.
Какичурун, черх чурун, бацIцIадаб тавбоялда,
Аллагьасе гIололъун, нийят букIине ккела.

Гьединаб нийяталда къватIир рахъун хадуса,
Рокъор тIадруссинегIан сухIбат[1] цIунизе ккела.
Кколаребщинаб бицун, цуцаздехун дагIбадун,
Цо-цоял гъорлъан барщун рукIине бегьиларо.

Бищунго, гохIде тIаде рахараб заманалда
Занал гьечIел хобазул хивал гьабизе ккела.
Хобазда жанир ругел барзахалъул бахIарал,
РухIал росун аниги, хун ругелинги ккоге!

Хун хадур гъазизаби, цогидаб халкъго гIадин,
Хабалъ турулелилан ракIалдеги беччаге! –
Ракьалъ гьезул гьаналъе асар гьабуларилан
Агьлу-ттафасиразул тIахьазда бицун буго.

Цинги, ГохIил рагIалда дагьаб лъалхъиги гьабун,
Гьезие саламги кьун «ФатихIаги» рехила.
Хадуб, изнуги гьарун, гьанжи, цIакъ адабалда
Бегьила зуваразе церехун рагъаризе.

РакIбилълъараб, хIалкIвараб Къуръан, лъалез, цIалила,
Лъаларез, «Къулгьу» цIалун, гьелда гIейги гьабила.
Гьелъул саваб-кириги, сайигъат-гьадийятлъун
Мурсалиназул саййид – Аварагасе ﷺ кьела.

[1] Ай, гьалмагълъи берцин гьаби.*

Агьло-асхIабзабиги гъорлъе гIахьал гьарила,
Гьединго салафунал, халафунал рехсела.
Хасго, АхIулгохIалъул шугьадаазе кьела, –
Гьаб тартибалда кьуни, берцинабги букIина.

Цинги, – хварал умумул, хадуб – тIолабго уммат, –
Эзийги кири кьезе кигIанги лъикI бегьила.
Агьлу-с-суннатаз кири гьедин кьеян абула,
Гьез абураб бицине дунги хIадур вукIуна.

Дий бегьараб бегьулез кири гьедин кьуниги,
Бегьуларез бокьухъе кье абе, дагIба гьечIо.
Кьуниги, гьеб хваразе щоларин инкар кколез, –
Эзги гьабе бокьараб, гьукъулев чи гьечIелъул.

Гьанжи, БетIергьанасе хIелун, дугIа гьабила,
Дунялгин ухраялъул лъикIабщинаб гьарила.
Гьал шугьадааздалъун тавассулги букIина,[1]
Тавассул бегьуларин абулел жалго тела.

Танбигь бугин, халгьабе, гIакъло-лъай бугелщинал,
Бицинин мисал бачун, кье ножоцаго къимат;
Туснахъалъуве кколев вас къватIиве вахъизе
Инсуца бахъулеб яхI киназдаго бихьула.

Комек тIалаб гьабизе прокурорасухъе,
Сардилъгин къад чIечIого, тухум-кьибил хьвадула.
Туснахъалъув жив тIами тIадчIарав вугониги,
ТIаса сонал рехизе рушватал кигIан кьола?

[1] Ай, гьел гьоркьор ккун Аллагьасде гьарила. *

Накаби чIван, бетIер чIван, хIарамал ришватал кьун,
Щай бегьулеб гьаризе гьав порокурорасде?
Гьедин гьарулел чагIи – капурзаби кколилан
Кинха гьаз абулареб, уяб бугеб батани?

Яги унтараб мехалъ, тохтурасухъ инчIого,
Аллагьасдеги гьарун, рокъорго щай чIоларел?
Шагьи-капказда хадур банказде хьвадичIого,
БетIергьанас кьезегIан сабру кин гьабулареб?!

Кинавниги чиясда жинди-жиндир ракI лъала,
РекIелъ жанир хIалтIулел хивалалги рихьула.
Халикъ валагьулевги гьеб ракIалде вугелъул,
Гьеб цIунизе цIакъбахъи – цIакъго кIвар бугеб гьечIищ?

Цойги заманалда тIад каламго гьабиларин,
Какилъ вугеб гIужниги мисалалъе босизин;
БетIергьанасда цеве эхетарав мусалли[1]
Рощнол цIураб донкI гIадин ракIгун рекъон вукIинищ?

ШаргIалъ хIарам гьарурал хIарамал пишабазул
Пикраби рекIелъ камун, как балев чи хутIулищ?
Киналго гьал пикраби рекIелъа рачахъиги –
Рес гьечIеблъун ккеларищ какил кIвар гьабулесе?

Гьал киналго пикрабаз пурччун цIураб керенгун
Как байзе бегьуларин цо чияс абуларо.
Амма щайихзабазул рацIцIадал равхIаниял
РакIалде щойзари гьаз – ширк бугилан абула.

[1] Муссалли – как балев чи.

Ашъяхал, шугьадаал – киналго агьлу-ллагьал[1],
Аллагьасул гIинаят[2] жедей бугел кумалал[3],
Комек тIалаб гьабизе гьаздаса бегьуларин
Бусурманав чиясда абизего кин кIолеб!

АхIулгохIдеги рахун, историяги бицун,
Атеистал гIадин, нахъ руссунги бегьиларо.
Гьеб рахIматалъул мегIер – файзалъул махI бахъараб, –
ХIатIаца мерхьинчIони, цIакъго берцин букIина.

Берцинабги, лъикIабги, лъикIаз нахъе тарабги,
Тавфикъ кьеги нелъее, гъорлъа бищун, цIунизе!
Шугьадаазул баркат камилал зуваразе
Камун теларебилан хьул буго Аллагьасде.

Имамасул гIумруги, гIадло-низам, сиратги
ГIасрабазго халкъалда мисаллъун цебе чIана.
Мисри-Шамалде гIунтIун гIатIидаб гьесул пикро
Пайдаялъе ханзабаз хIалтIизеги гьабуна.

ХIатта, дие бицана немцазулгун букIараб
КIудияб ВатIанияб рагъул цо гIахьалчияс:
Цо нухалда гьазул полк, окружениялде ккун,
Немцазул гIаскараца данде къайзабун буго.

КъватIивехун чIаго чи ворчIиялде хьул гьечIеб,
Гьеб захIматаб хIалалде полкалъул иш ккун буго.
Щибдай гьабила абун, ургъарав магIарулас
Окружениялдаса тIуризе къасд лъун буго.

[1] Ай, щайихзаби, шагьидзаби, Аллагь лъарал гIадамал.*
[2] Комек, кIвар. *
[3] Ай, камилал чагIи.*

ТIуричIого жанив чIун, немцаца чIван хойзегIан,
Хъвараб букIинебилан гьас тавакал лъун буго.
Кинниги, хадуб балеб тункIил гуллида гьорлъан
Тушбабазда гьоркьосан гьав къватIив ворчIун вуго.

ЧIаго, полкалъул, нахъе анлъго чи хутIун вуго,
ХутIарал тушбабаца киналго гъурун руго.
Командир-полкас хадув гьав тIалаб гьавун вуго,
Гьанжи чIвазе ватилин гьавги цIакъ хIинкъун вуго.

ХIинкъаниги чара щиб, иштабалде[1] ун вуго,
«Щиб ккараб, бице,» – абун командир кIалъан вуго.
Кинабго ккарабщинаб хIущухъ битIун гьас бицун,
Гьанжи командир-полкас гьадин абулеб буго:

Бергьунарев бакIалъа лъутун бажараравги, –
Ножор Шамилица гьев – бахIарчи абун буго,
Гьединлъидал, жакъа мун бахIарчи ккола, – абун,
Орден кьезе цIарги хъван, нахъе веччан тун вуго.

Пачаясдеги гьарун, гьес изноги кьун Шамил
Макка-Мадинаялде, гьижра гьабун, къокъана.
КъватIиве лъугьунаго, гьесий нухлул харжалъе
Лъаб-азарго гъурущгун, тIовитIизеги щвана.

ТIадеги, имамасул койрги бачун, пачаяс,
Убач гьелдаги гьабун, нухбитIиги гьабуна.
Гьанжи Шамилицаги пачаясул койралда,
Досго гьабураб гIадин, данде убач гьабуна.

[1] Ай, штабалде. *

Гьаниса вахъун Шамил Исламбулалде щвана,
Низамияб гIаскаргун хункар данде вачIана, –
Дагъистаналъул имам тIаде къабул гьавуна,
Гьесие мустахIикъаб хIурмат-адаб цIунана.

ХIалхьезегIан гIарац кьун,[1] мина гьесий босана,
Гьелда жанив имамгин агьло къарар гьаруна.[2]
Къо рикIкIун, щу-щу томен харж гьабизеги кьуна,
Хазаиназде вачун, гIажаибал рихьана.

ГIалимзабигун дандчIван, суалалги рукIана,
Имамас жавабал кьун, киналго чIезаруна.
Китаб-Суннаталдасан маъхазал рихьизарун,[3]
Мункирасул[4] кIалалда щулияб печать чIвана.

Шамилие цо нухалъ суал кьунин бицана, –
«Бищун дур рекIелъ къараб щиб буго?» - ян гьикъана.
Гьезие жаваб гьабун, имам данде кIалъана,
РакIалда къан хутIараб анищ загьир гьабуна:

«Бодуе цо-цо гIолел, мугIрул Дагъистаналда
Тарал бахIарзал руго ракIалда къан», - абуна.
Имамгин гьалмагълъиялъ гьаб парахалъиялда
Анлъго моцIрол замана Исламбулалда бана.

Исламбулалъул хункар – ГIабдулгIазиз гьеб гIужалъ
Мисриялъул гIазизгун[5] вагъизе хIадурлъана.

[1] 3500 гъ., яги томен.
[2] РещтIинаруна. *
[3] Ай, Къуръан-ХIадисалдасан росараб бакI бихьизабун.
[4] Ай, дагIбадуласул.*
[5] Ай, мисриялъул хан ИсмагIел-паша.

Рагъуе хIадурлъулев гьев вукIин лъарав имам,
ЛъикIаб насихIат гьабун, хабар бицун, кIалъана.

Мисриялъул хан-гIазиз, харж кьезе инкар гьабун,
Хункарас, чIун вугилан Шамилие бицана.
«Цо дун досухъ щойзегIан чIезе бегьиларищ?» - ан
Гьанжиги хункарасде Шамилица гьарана.

Гьелда хункар разилъун, рагъ гьаби нахъбахъана,
Вахъун, имамас сапар Мисриялде бухьана.
Ралъад къотIун унаго, ФиргIавн гIанкъараб бакIалълъ,
Гамица гIамал баккун, гIадамал цIакъ хIинкъана.

ХIузур-жамгIийяталда Аллагьасде машгъуллъун
ВукIарав Шамилида щибго гьелъул сас лъайчIо.
Гьанжи, имамасдасан сабаб ккелародаян
Хьул лъурал гамихъабаз бакка-бахъи гьабуна.

Хъван цо гьитIинаб кагъат гьезда кодобе кьуна,
Гьаб гамида хъвайзеги тогейилан манлъана.
Манлъухъе гамихъабаз кагъат ралъдалъ рехана,
Рехараб сагIаталда гьебги гIодоб беччана.

«ГIадамасе мутIигIаб ралъад мун батанани,
Лъайзе гьабулеб буго дица дуда, чIа, - абун, –
Дуйго бокьараб гьабун букIунеблъун батани,
Бокьухъеги букIа», - ян кагътида хъван букIана.

Шамилил рисалаталъ ралъад мутIигI гьабуна,
ГIадилав имамасул карамат загьирлъана.
Зоб-ракь жиндие гIоло бижарав Расуласул
Суннат ккурав мужагьид Жаббарас лъайзавуна.

Мисриялде жив щвана, ИсмагІелгун дандчІвана,
Дагъистаналъул имам гьесги кІодо гьавуна.
КІудияб рохалида ИсмагІел-пашаяс жив
Жиндирго тахбакІалда гІодов чІезе гьавуна.

Гьикъа-бакъи гьабуна, цуцадехун кІалъана,
Цинги ИсмагІилиде Шамилица абуна:
Нужги цуцалъ дагІбадун, дин-Ислам загІип гьаби
Бегьиларилан абун, гьесие гІакъло кьуна.

Кьураб гІакъло боссеги гІадан къварагІунелъул,
ЛъикІаб насихІаталда ИсмагІелги рекъана.
Нафсгин щайтІан къинабун, гІакълоялда нахъвилълъун,
Дуца манлъараб дица гьабилилан абуна.

«Гьедин бугони, дуца дурго гьав кІудияв вас
Сайгъатлъун хункарасе кье», - ян имам кІалъана.
ИсмагІел-пашаясги кьезе тІаде босана,
ТІованго жив разилъун, хІукму гьелда къотІана.

ТІадеги, хункарасе сайгъатлъун вас кьолелъул,
Гьевгун цадахъ гІемераб гьадиятги битІана.
Гьадиятги цадахъгун сайгъатлъун жив кьурав вас
Исламбулалъул хункар – ГІабдулгІазизихъ щвана.

Щвараб бакъул нур гІадин, ГІабдулгІазиз роцІана,
РекІелъ букІарабщинаб тушманлъи нахъе ана.
ИсмагІелица жиндий сайгъатлъун витІарав вас,
Ясги кьун, дурцги гьавун, кІудияб рохел ккана.

КІиго улка-ракьалъул кьалда вукІарав бетІер,
Рокьуде кьалги сверун, вацал гІадин лъугьана.

ГъоцIоги нахги гIадин, цуцаздехун жорана,
Цо хъизан-кулпат гIадин, рекъа-решон хутIана.

Халкъалъго имамасе кIудияб къимат кьуна,
Ракълие жиндир бугеб махщел-гьунар бихьана.
Гьесул сиясаталда[1] гIаламго разилъана,
ГIуламаал тIадрекъон, киналго мукIурлъана.

Макка-Мадиналдаги Шамилил гIадаб хIурмат
ГIарабияз гьабурав хан цониги лъугьинчIо.
Халикъасе вокьидал хадусала горони,
Халкъалъе чи вокьизе чараги букIунаро.

Чанги карамат бихьун, гIадамал мутIигIлъарав,
ГIадло-диван битIарав имам вукIана Шамил.
ШаригIат цIигьабизе Аварагас тIамурав,
Агьлу-Дагъистаналъул буцур вукIана Шамил.

Шамаилал[2] берцинав, ракIалда мацI рекъарав,
Къуръан-ХIадис бичIчIарав гIалим вукIана Шамил.
ГIилму-л-батIин тIокIкIарав, ТIагьаясул ирс щварав,
Иршадалъе[3] къачIарав шайих вукIана Шамил.

Муршидзабаз койр ккурав, куфру хIатIикь мерхьарав
Мунафикъал рихарав хункар вукIана Шамил.
Хвалчаби рекIаразул цебесеб кьерда чIарав,
Кьал ккаралъув хIадурав хIайдар[4] вукIана Шамил.

[1] Ай, нухбачиналда.*
[2] Ай, хьвада-чIвади, гIамал-хасият.*
[3] Ай, халкъ битIараб нухалда тIобитIизе.*
[4] Ай, гъалбацI.*

ХIурубазулъ[1] бергьараб гьунар жиндие кьурав,
Данде мубариз[2] щойчIев шужагI[3] вукIана Шамил.
Нус-нус капурчиясде цо-цо данде рагъулел
Рагъулал гъалбацIазул къаид[4] вукIана Шамил.

Къоло щуго сонаца лъалиниб хвалчен лъечIев,
Халкъалда цIар рагIарав батIал[5] вукIана Шамил.
ВатIаналъе эркенлъи тIалаб гьабиялда тIад
ТIолабго гIумру кьурав амир вукIана Шамил.

Аллагьасул рахъалъан амро тIаде бачIиндал,
Гьеб тIобайзе гьабулев лагълъун вукIана Шамил.
Нафсалъулгун рагъ гьабун бергьенлъи босун хадуб,
Халкъалде эрга щварав мухлис[6] вукIана Шамил.

Ихласалъул магIнацин бичIчIичIел гъачагъаца
Багъарараб гъалмагъир гъазават букIунаро.
Гъазават нафсалдехун гьабичIел жагьилзабаз
Гьабулеб питнаялде жигьадин абуларо.

Аллагьасе гIибадат гьабизе ресал щойдал,
Щукруялъул бакIалда, рагъ гьаби кин букIунеб?!
Как байзецин гьукъараб замана хIехьарал аз
Эркенго дин беччайдал бихьулищ гьабулеб жо?!

Биялги гIодоре тIун, гIаламги хIинкъизабун,
ХIалалъ боссе гьабунищ Ислам тIадегIанлъулеб?!

[1] Рагъазулъ. *
[2] Мубариз – данде хвалчад вахъунев чи.*
[3] ЩужагI – бахIарчи.*
[4] Цевехъан, бетIер. *
[5] Багьадур. *
[6] Ай, ният-къасд, гьабулеб гIибадат-гIамал бацIадав.*

Аллагьас Къуръаналда гьединищ абун бугеб,
Яги Аварагасул хIадисалъищ бицунеб?!

БетIергьанасул амро-илгьамищ бачIун бугеб,
Бидулал койраздалъун Кавказ мутIигI гьабеян?
Кашфуйищ загьирлъараб, иблисалъул атбагIал[1],
Умматалда гьоркьоб гьаб питначилъи гьабизе?

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ لَآ إِكۡرَاهَ فِي ٱلدِّينِۖ قَد تَّبَيَّنَ ٱلرُّشۡدُ مِنَ ٱلۡغَيِّۚ فَمَن يَكۡفُرۡ بِٱلطَّٰغُوتِ وَيُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ فَقَدِ ٱسۡتَمۡسَكَ بِٱلۡعُرۡوَةِ ٱلۡوُثۡقَىٰ لَا ٱنفِصَامَ لَهَاۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٥٦﴾ ﴾ البقرة: ٢٥٦

**والمعنى لا يكره أحد أحدا على الدخول في الإسلام فإن الحق والباطل ظاهران لكل أحد فلا ينفع الإكراه .** قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَوۡ شَآءَ رَبُّكَ لَأٓمَنَ مَن فِي ٱلۡأَرۡضِ كُلُّهُمۡ جَمِيعًاۚ أَفَأَنتَ تُكۡرِهُ ٱلنَّاسَ حَتَّىٰ يَكُونُواْ مُؤۡمِنِينَ ﴿٩٩﴾ ﴾ يونس: ٩٩ . **«صاوي» ، جـ ١ ، صـ ١٢١**

РекIарав чодуласда лъелав хадув гъоларо,
Гъазаваталъул амро имамасда къокълъана.
Гьесдаса хадур ккарал хIаракаталги нелъей,
ХIасил ккечIел рукIиндал, мисалалъе гIелаан.

Ахирзаманалъидал, щибго ккезе бегьила, –
ШаргIалда нахъвилълъарав – талихI кьурав вукIина.
Рикьалаби цIикIкIиналъ Ислам чуруклъуларо,
Аллагьасул нухлъидал, Дос Жинцаго цIунула.

ЖужахIалъур инчIого чIеларилан лъугьарал,
РацIцIе ножорго джипал, жанир щойдал лъалебин.

[1] АтбагIал – нахърилълъарал.*

ЛъикIаб бицун кIалъалел гIалимзаби рихарал,
Корал ножорго бугъби реччан те авлахъалде.

Аллагьас тIобитIичIеб марадатазул[1] къокъа
КъолъикIилан абун те, Исламалъул жамагIат.
АхIмадил шаригIатгун балъго къеркьолеб тайпа
Къол нухалъ ричIад гьаре, гьел нелъей хIажат гьечIин.

ГьабуралдА ракIбухIун, тавбоялде вачIарав,
Таллагь, нахъа вохила, Аллагьги разилъила.
АхIмадил умматалъул чилъунги жив лъугьина,
Гьелда бащадаб давла[2] дунялалдаги гьечIо.

Дунял-ахираталъул ханлъи кодосев Малик,
Мун разияб гIамал кье, гIелмуялъулъ бичIчIи кье!
ГIаламалда гурхIулев, рахIму кIудияв Аллагь,
Иманалда чIезарун, гурхIел нежеда гьабе!




[1] Ай, щайтIабазул. *
[2] Ай, талихI.*

# - ФАСЛО -

## САЙЙИДМУХIАММАД ХОЯЛДЕ (РАХIИМАГЬУЛЛАГЬ)

Хирияб рузман къоялъ, къаде какил гIужалда
Алжаналъул лъабго хIинчI боржана барзахалде.
БетIергъанасул хIукму боржалалде щварабго,
Шагьидзабазул рухIал зобалазде рахана.

РахIманас рокьаразе кьолел даражабазул
Давлаги цадахъ босун, ана СаййидмухIаммад.
ЯгIсубиюназ[1] толеб бахIарчияб цIаралъул
ЛъалкIалги нелъее тун, тана гIолилас дунял.

ГIарифунал[2] урхъараб шугьадаазул макъам[3] –
Щварабин гьебги дуе, барка, магIнавияв вас!
ГIелмуялъул гъотIода балеб гIамалалъул пихъ
ГIуламааздаса тIокI кIвараб дуда бищизе.

Дагъистаналъул муфти шагьидлъараб къояца
Шагьаралда жанибго магIирукъ лъун букIана.
Муъминзабазул ракIал гьеб къоялъ гIодорчIвана,
ГIемерал бихьиназул бераца магIу ккойчIо.

Мунафикъазул къоралъ багьадур ккурав лъайдал,
Дагъистан тун къватIибги къваридаб хIал лъугьана.
РухIалда барахщичIев динияв хIаракатчи
ЛахIдуялъуве индал, дунялалъ зигар бана.

[1] Ай, церехъаби (вождал).
[2] Ай, Аллагь лъалел гIадамал.*
[3] Ай, шагьидасул хвел.*

Залимзабазул хъубал, хиянатал койраца
Халкъалъул ракI бахъарав инсан ракьалда лъуна,
Исламияб диналъул балъгоял тушбабаца
Балъго гъураб гудрикье ккана лъабавго шагьид.

Дунялалъул шагьидал гьел рукIин нелъей чIолел, –
ЧIагоялгин хвараца харбал гIемер рицана.
Хавасазул цоясе макьилъ аскIувги вачIун,
МухIаммадгIарифица цIакъго баян гьабуна.

КIикъого чияс нугIлъи лъикIав вукIанин гьаби –
Гьебги маййит[1] лъикIавлъун хъвайзе гIолин абула.
Аза-азар гIадамаз нугIлъи жедей гьабурал
Гьазул хвел борчIиялда щаклъизе бакIго гьечIо.

ШаригIаталъул нухда, бацIцIадаб нийяталда, –
ТалихI кьечIев чиясе гьединаб хвел щвеларо.
Хасго рузман къояца, масжидалде унаго,
Мавту-л-фужъаталъ[2] ккойи лъие щолеб даража?!

Дунялалъулъ паналъун, Аллагь кIочараб къавмалъ
Ишаналъе росарал васал гIемерал ккана.
ГIарцухъ намус бичарал, иман гьечIел щайтIабаз
Щибниги гIайиб гьечIел гIолохъаби кIойрана.

Рагъги гьал гIалхул хIамуз хIалихьатаб баккана, –
Божуе рекIкIги гьабун, гьудул-гьалмагъ вичулеб.
Чванта цIураб малги кьун, мухьдахъ батракалги ккун,
Бомбаби кьвагьизари – гьазул мода лъугьана.

[1] Маййит – хварав чи.
[2] Ай, божкъаликьего хойи.

Гьаб дунялалда кколеб кинабго лъугьа-бахъин –
БетIергьан-Аллагьасул Азалалда тIобараб,
ТIолго гIалам цебе чIун, нахъчIвайзе лъугьаниги,
ЛъугьинчIого рес гьечIеб хIукмугин къадар буго.

Къадаралда разилъи, лъикIабниги кошалда, –
Кинавго муслимасе рукну-л-иманлъун ккола[1].
Иманалъул анлъабго рукну камиллъичIони,
Камилав бусурманчи гьесулги вукIунаро.

Балагь щварав чиясде – щваравин абуларо,
Щун хадуб гьелда сабро гьабичIесда горони.
Балагьалги бищунго анбияъ-авлияал –
Гьезда тIаде чIахIиял рачIунин абун буго.

Ислам-дин кьерилазда кIочараб заманалда,
ХасмухIамадил рокъов как толев чи вукIинчIо.
КГБялъ, хадур чIун, кин жигар бахъаниги,
Нахъарокъоб цIалулеб гIелмуги гьес гъоркь течIо.

ГIисинго лъималазда шаргI бичIчIизе гьабуна,
Щулияб кьучIги тIамун, тIад рукъ байзе тIамуна.
ЛъикIабщиналда куцун, тарбият гьезий кьуна,
Гьобол тIаса камураб сордо-къоги букIинчIо.

Рекъарасе рекъараб адаб-хIурматги гьабун,
Гьел нухда тIоритIулей Асиятги йикIана.
Амма бицун пайда щиб, цо тайпа гьалбадерил –
Гьезда хадур тIамурал агенталлъун рукIана.

[1] Ай, щивав бусурманав чиясул иманалъул рукну ккола.*

Атеистазул харжаз асирлъун жал росарал,
Жагьилзабазда гьоркьор гІалимзабиян хІалел,
ХІукуматалъ бокьухъе койр хьвагІун реччантарал
РукІана «гьудулзаби», уйилан тезе кколел.

Заман гьединаб букІун, дин балъго гьабулаан,
Органаз динияв чи хІалтІуда толароан.
ХІалтІиги динги цадахъ, рекъон цадахъ бачунев,
КъанцІилъ хІапара гІадин, чара хун вукІунаан.

Чанги гьединаб захІмат хІехьон, дандеги бачун,
БетІергьанас тІадлъураб налъиги тІобайзабун,
Берккеялда хІинкъараб рукъалъул агьлоялъул
Аллагьас, хІехьолищан, хІалбихьиги гьабуна.

Гьабги ножой лъикІилан, кІиявгоги васасе
КІудиял даражаби ухраялъулги[1] кьуна.
ХасмухІаммад, Асият сабро гьабизе тІамун, –
Сабируназул[2] макъам эзийги хІасуллъана.

ХІайдар хунилан эбел гІодизе бегьиларо,
Барзахалъул рахъалде къадар хъварав ватидал.
ТалихІ кьечІев василан инсуцаги абуге,
Ахир битІун ккеялде щвараб талихІ гьечІебин.

Щукру гІемераб гьабе, шагьидазул умумул, –
Аллагьасул рахъалъан ажру цІикІкІараб щойзе,
Щукру тани, нигІматал тІаса унин бугелъул,
НигІматал тІаса араб къо ножой бачІунгеги!

[1] Ай, ахираталъул.*
[2] Ай, балагьалде сабро гьабуразул.*

Къоял тIагIун хадуса хойчIого рес гьечIелъул,
РухIбахъиялда аскIуб шагьадат насиблъаги!
Нус-нус соназ гIумру кьун, чIаголъи гьабуниги,
ГьечIо гьелдасан рохел ахир мекъса ккарасе.

СаййидмухIаммад, АхIмад, ХIайдар – гьитIинав гIуззаб[1],–
ГIалам нугIзаллъун чIарал барзахалъул бахIарзал,
Барка ножой гьеб давла, тIаса ин гьечIеб рохел,
РахIманасул рахъалъан чIобого щвараб нигIмат!

ЧIвадарухъабазяли чанги чи нухав лъуна,
Ножой гIадаб хвел щварав щивниги чи лъугьинчIо.
Шагьи-капек сабалъун гIемераз дунял тана,
Дин сабалъун дунял тун, нуж горел, накълолъичIо.

Ножор цоясул бакIалълъ дунго ккарав анищан
Ккола гIемер ракIалде, хIисаб гьабураб мехалъ.
Гьаб пасатаб дунялги жиндир агьлоялъе тун,
Ахираталде инго маслахIатлъун бихьула.

МаслахIатлъун бугебги, гьечIебги Жинда лъалев
ГIалламу-л-Гъуюбасул хIукму лъикIаб батаги!
Балагьазе сабруги, нигIматазе щукруги
Щивав муъминчиясе, я Рабби, Дуца кьеги!

[1] Ай, хъизан гьечIев, гьабичIев.

# - ФАСЛО -

## МАГЬДИ-ИМАМ ВАХЪИНАЛДА ХУРХАРАБ КЪОКЪАБ ХАБАР

Гьанжи дагьабго баян, ахирзаманаялда
Загьирлъилин рицарал, гIаламатазда тIасан;
ГIемерисел гьел лъугьун нелъеда рихьун руго,
Рихьизе нахъе ругел – цIакъго чIахIиял руго.

Къиямасеб къоги чIун, дунял пасалъизегIан
Лъугьине бугебщинаб Расулас ﷺ бицун буго.
Цинги, зулмугин хIалалъ ракьул гьомер цIун хадуб,
ЦIидасан гIадлоялъе имам вахъине вуго.

МухIаммад яги АхIмад – исмуги[1] гьесул буго,
Инсул цIарги – ГIабдуллагь, – тIахьаз гьедин бицуна.
Цинги, гьесул хIакъалъулъ ХIабибас рицун тарал
ХIадисалин абуни, кигIанги гIемер руго.

Нилъ жиндихъ ралагьарав Магьди-имам гьев ккола,
Гьев вахъине гьечIилан абулезда божуге, –
Дуниял паналъизе цохIо къо хутIаниги,
ТIагьаяс вахъинилан аби – хIакъаб бугелъул.

Имамзабаз рицарал, сахIихIаллъунги чIарал,[2]
ХIадисал къварагIарав кутубазде[3] валагье:
Киналго хIадисазулъ ХIабибас, мухIкан гьабун,
«Магьди мин гIитрати»,[4] - ян баянги кьолеб буго.

[1] Исму – цIар.*
[2] Ай, кьучIал рукIинги чIарал.*
[3] Ай, тIахьазде. *
[4] Ай, «Магьди дир рукъалъул агьлоялъул вукIине вуго».

Кьер-мухъ – гІарабиясул, берцинаб сифаталъул,
Жисму[1] – Исраиласул вукІинин бицун буго.
Цинги, «Магьдийю минна яхтиму ддину бигьи
Кама фатахІа минна»[2], – гьединги абун буго.

Гьелде тІадеги рохел, тІарикъаталъул агьло,
Имаму Раббанияс нелъее бицун буго:
Накъшубандияб тІарикъ, силсила къотІичІого,
Дунял ахирлъизегІан хутІилин абун буго.

«ХІатта анна-л-имама-л-Магьди якуну гІала
Гьазигьи ннисбати»,[3] - ян мухІканги гьабун буго.
Гьаб, нелъехъе щун бугеб, асло хисичІеб тІарикъ
ХисичІого, бацІцІадго гьесухъги щойзе буго.

Гьев – накъшубандиязул ахирисев халифа,
Гьесдаса хадув тІокІав муршид вукІине гьечІо.
Гьев жакъа чІаго вуго, халкъалда балъго вуго,
Дунял зулмуялъ цІедал, къватІив вахъине вуго.

Нахъа рачІине ругел дол ашратІу-ссагІати,[4] –
ТІоцІове Магьди-имам халкъалда загьирлъила.
Хадув Дажал вахъина, цинги ГІиса рещтІина,
«Дабату-л-арзи» абун, цо хІайванги бахъина.

Магърибалъул рахъалъан хадуб бакъги баккила,
Къуръанги нахъе босун, хъахІаб кагІат хутІила.

[1] Жисму – черх.
[2] «Нежедалъун байбихьараб гІадин, дин жиндалъун ахирлъизе, лъугІизе бугев Магьди нежедаса вуго, ай, дир рукъалъул агьлоялдаса вуго».
[3] Ай, «Магьди-имам гьаб тІарикъаталда вукІине вуго».
[4] Ай, Къиямасеб къо чІеялъул гІаламатал.

Дажал чІван хадусала яъжуж-маъжуж бахъина,
Рахъиндал, гьез гьабулеб цебе бицунги ана.

БайгІат гьабун, имамлъун Магьди халкъалъ вищила,
Байна ррукни ва-л-макъам[1] къотІи гьесий гьабила.
ГІашураалъул къоги гьеб букІинин абула,
Гьебги – мухІаррамалъул анцІабилеб къо ккола.

Ахирисеб гІаламат Магьди загьирлъиялъе –
МоцІ ккойла фи ллайлати-л-аввали мин рамазан,[2]
АнцІила щуабилелъ, – гьединго, бакъги ккойла,
Гьединаб бакъ-моцІ ккойи кидаго ккараб гьечІо.

Цинги Хурасаналда малгІун-Дажал вахъина,
Ягьудиял, атракал гьесда нахъги рилълъина.
Лъабкъоялда анцІазар – мин Исбагьан вахІдагьа[3] –
Гьесда нахърилълъунезул гІададги рикІкІун буго.

Буго цойги риваят, Магьди загьирлъулеб сон
Санабазул витрабалъ букІине буго абун.
Имамлъун вищун хадуб, бищун гІемер ичІго сон
ГІумруялъул тІобайдал, накълолъилинги буго.

Жив загьирлъиялдалъун дунялалда тІад ругел
ТІолго бусурбабазе кІудияб рохел щола.
Зодор малаикзаби, роржунел жал, хІутІ-хъумур, –
Рохел загьир гьабичІеб хІайванцин хутІуларо.

[1] Ибрагьимил макъамалдаги ХІажару-л-асвад бугеб рукнуялдаги гьоркьоб (КагІбаялъул *).
[2] Рамазан моцІалъул тІоцобесеб сордоялъ моцІ ва 15 абилелъ бакъ ккойла.
[3] Ай, цохІо Исбагьаналда.

Масжиду-л-ХIарамалъуб байгIат жиндий гьабулеб,
Бадрийюназул къадар[1] – къокъаялъул букIуна.
БайгIат гьабун тIобайдал тIоцобесеб каламги,
КагIбаялда мугъги цун халифаяс гьабула.

Гьезий «БакъийятулЛагь хайрун лакум ин кунтум
Муъминина», – абураб аят жинца цIалула,
«Ана бакъийятулЛагь ва халифатугьу», - ян,
Хадуб тIадеги жобан, калам итмам гьабула.[2]

«Ас-саламу гIалайка я БакъийяталЛагьи
Фи-л-арзи», - ян горони, салам гьесий кьоларо.
Гьанжи БакъийятулЛагь Куфаялде вачIуна,
Кинабго рахъалдехун боял жинца рикьула.

Жиндир ботIрода тIасан, гьаваялда хьвадулев,
«Гьаза ХалифатулЛагь,[3] Магьди вугин, – бицунев, –
ФаттабигIугьу!»[4] – абун, гIадамазде ахIулев –
ХIадисалда малаик вукIуниланги буго.

Боржал тIаде щойзегIан, Аллагьасул къудраталъ,
Ралъдал чIинкIиллъиялда туснахъ гьавурав Дажал,
Жинда нахърилълъаразул рехсарал дол боялгун,
Бухьаралъуб борчIидал гьой гIадин, вагъарула.

Дунял бижаралдаса ракьалда тIад лъугьинчIеб,
Лъугьун бихьугегиян гIаламалъго гьарулеб,

[1] Ай, гьесие тIоцобе мутIигIлъиялъе къотIи кьола 313 чияс.
[2] Ай, калам тIобайзе гьабула.
[3] Ай, «Гьав вуго Аллагьасул ракьалда вугев халифа».
[4] Ай, «Гьесда нахърилълъа», - ян ахIулев.

Гьанжи халкъалда гьоркьоб гьеб питна багъаризе
ПитначагIазул дада – Дажалие рес щола.

Тушманас ракьалда тIад хIетI лъечIеб бакI толаро,
ХIатта, Макка-Мадина – гьенибги къасд гьабула.
Гьеб кIиябгоги ХIарам малайкзабаз цIунула,[1]
МалгIунасда хъубаб хIетI жаниб лъезе толаро.

Лъинги цIаги жобараб хIарикъаталда релълъон,[2]
Бакъбаккул улкабазда кутакаб хIал лъугьуна.
Кинабго дунялалда гъалмагъир багъарула,
Гъазаваталъул байрахъ гьаваялде борхула.

Язидил наслабазул цо малгIун данде вахъун,
Димишкъи шагьаралда Магьди-имамас чIвала.
Исламалъул нухалде хвалчадалъун халкъ ахIун,
ХIабибасул шаригIат ракьалда тIибитIула.

ДагIбадизе рахъарал басралъиялде ккола,
Исламалъе мугъ кьурал, гъурун, ракьалда лъола.
Лъабкъоялда анцIазар муслиминалгун цадахъ
Мадинатун румийят такбир бачун босула.

Бахьикъосарав малгIун – Дажалилан абуни,
Нелъер Аварагасул заманалъ гьавун вуго.
Гьев, ХIижаз ракьалдаса, Расулас дугIа гьабун,
Ралъдал чIинкIиллъиялде Аллагьас рехун вуго.

Гьев малгIун – инсан мин авлади Адама,
Уммугьу мин авлади иблиси-л-лагIин ккола.

[1] Байту-л-Мукъаддасги Турасайнаъги – гьаб кIиябгоги цIунула.
[2] Ай, цIа ккараб бакI гIадин.

ГӀала дини-л-ягьуди къватӀивги жив вахъуна,[1]
Жив ножор Аллагьилан халкъгунги дагӀбадула.

«Хварав дур эмен дица чӀаго гьавун вихьани,
Мун диде вуссинищ?» - ан васасде гьес абула.
Инсул сипат-суратгун щайтӀан цебе бачӀуна,
Цинги, гьеб уйилан ккун, иман лъун, вас къосуна.

Къосарав малгӀунасул цо берги букӀунаро.
Надалда «кафир» абун хъвараб хатӀги букӀуна,
РекӀунеб матӀиятги[2] – хӀамайилан бицуна,
ХӀамил гӀундуз нусго чи ваччулинги абула.

Алжан-жужахӀ – жиндихъин, жиндир динги – хӀакъабин,
Жив горев чиги гьечӀин, – гьедин чӀола имансиз.
Гьанжи зобалаздасан къудраталъул Аллагьас
Ибну Марям, РухӀуллагь – ГӀиса гӀодов вачӀуна.

Димишкъи шагьаралъул Масжид-Амавиялъул
Манараталде тӀаде рещтӀинеги гьавула,
Мин жигьати-л-Магьдийййи имамги цеве тӀамун,
Свалату-л-гӀасруялда жамагӀатги букӀуна[3].

ГӀиса, гӀалайгьи ссалам, имамлъун гьез тӀамула,
Гьесда хадуб бакъанил как жедеца тӀобала.
Байту-л-Мукъаддасалде РухӀуллагь вагьарула,
Рогьалил какил гӀужалъ Магьдигун данделъула.

[1] Дажал ккола Адамил наслоялъул инсан, эбелин абуни – иблисалъул наслабазул ккола, живги вукӀуна ягьудиязул диналда.

[2] Ай, гьев рекӀун хьвадулеб хӀайван.*

[3] Магьдица тарав имамас жамагӀатгун бакъанил как бала букӀуна.

Магьдигун гьалмагълъиялъ ГІиса аварагасде
«Имамлъи гьабе», - йилан хІурматалда абула.
Абуниги, РухІуллагь цевехун лъугьунаро,
Цеве Магьдиги тІамун, гьесда хадуб как бала.

Гьеб тІоцобесеб цо как Магьдида хадуб байги –
Динул-Исламалде жив вачІин лъайзе букІуна;
Гьелъий гІоло горони, ГІиса – аварагълъидал ﵇, –
Авлияазул макъам гьезулалде щоларо.

Гьелде тІадеги, ГІиса тІолго анбияазда
ТІаса жал рищаразул щугоязулъа ккола.[1]
Киназулго хатамлъун[2] ахиралда витІарав
Хирав ХІабибасул шаргІ гьес хьвадизе гьабула.

Гьанжи ГІиса – РухІуллагь, Магьди-имамгун цадахъ, –
Дажал араб рахъалде гьесда хадур рахъуна.
Рамалаталда гІагарлъухъ, Лудд абураб бакІалда,
РухІ цІунун, тІурун унев Дажал гьезухъе щола.

Гьеб бакІалълъ Дажалихъе гІажалалъул лълъар кьола,
ГІисаца хечги тункун, гІодов ккезе гьавула.
ГІодов ккаралъув малгІун гьебсагІат хъун рехула,
Гьесул питнаялдаса гІаламги хвасарлъула.

Гьесда нахърилълъанщинал ягьудияздa тІадги,
ТІурун чи ворчІулареб, къиямасеб къо чІола;
Мокъокъил тІанчІи гІадин, рахъ-рахъалда рахчула,
Нахъа жал рахчанщинал гъутІбуз нугІлъи гьабула.

[1] Ай, НухІ, Ибрагьим, Муса, ГІиса, нелъер Авараг (гІалайгьим свалату ва ссалам), – гьал щуялго бищун чІахІиял аварагзаби ккола.
[2] Ай, киналго аварагзабазул ахирисевлъун, гьезда чІвараб печатлъун.*

Гьале, дида нахъаги ягьудияв вугилан,
Нидаъ гьабун[1], кIалъайчIеб гъойтI цохIо хутIуларо.
Харбие чи течIого, гьеб тайпа гъурун бала,
Гьез чIван хварав муслимги гъазиявлъун вукIуна.

Вазирзабиги Магьдил – гIараб мацIалъ кIалъалел,
МагIрифаталъул агьло[2] – гIажамиял рукIуна.
Гьезулгун гIакъло дандбан мушавар гьабичIого,
Гьес, живго лъикIав лъугьун, щибго жо гьабуларо.

Дажалил питнаялъе ахир лъун хадусала,
Ислам тун батIияб дин ракьалда хутIуларо.
Ягьудаз, насранияз ГIисада иман лъола,
Иман лъечIезе гIадло хвалчадалъун гьабула.

Хвалчадалъун горони, жаваб гьезий кьоларо,
Жизъят[3] босун тейиги гьезие букIунаро.
Зоб роцIиндал бакъ гIадин, гвангъун шаригIат уна,
Ширкалдаса бацIцIалъун, дуниял берцинлъула.

Берцинаб гIумруялде гIаламалъ байбихьула,
ГIадло-низам дуруслъун, дагIба-рагIи лъугIула.
ГIи-боцIиги бацIалги цуцалъ рекъон хьвадула,
Борхьал гIисинлъималгун лагIбуялда рукIуна[4].

МагIишат берцинлъула, халкъ цадахъ бечелъула,
Хурзал-пихъазул бачIин хIадалдаса[5] борчIула.

[1] Ай, ахIун.*
[2] Ай, Аллагь лъаялъул агьло.*
[3] Магъало (налог).*
[4] Ай, расандулел рукIуна.
[5] Ай, гIорхъодаса.*

ХIатта, цо цIолбол хьопалъ цо чанго чи гIорцIула,
ГIимарат цебетIеялъ, харабат лъугIун ккола.[1]

Хварал чIагоанищан чIагоял рекIекълъула,
Алжаналъур кинниги, рахIаталда рукIуна.
Руватазул цояца: цо къо бараб лъайчIого,
КIикъого сон гьеб хIалалъ ине бугин бицуна.

Гьеб заманалда жанив дунялалъул рокъоса,
Аллагьасул къадар щун, Магьди накълолъун ккола.
Цинги, жанаизалъул какги жинцаго тIобан,
Байту-л-Мукъаддасалда ГIисаца жив вукъула.

Яъжуж-маъжуж бахъуна, дунял чурук гьабула,
Гьезул хIакъалъулъ хабар рехсон цебеги ана.
Цинги ГIисаде тIаде тIобан гъужум гьабула,
ТIурасайнаъ магIарде жив кIанцIизе гьавула.

Гьенив гIаскаргун цадахъ сверун ккун, къобихьула,
Ракъи-къечалъ хIал гьабун, хIайранлъиялде ккола.
ХIалкIолев Аллагьасда РухIуллагь цеве чIола,
Гьаб хIал тIаса босеян, хIелун, дугIа гьабула.

ГьебсагIат яъжуж-маъжуж цадахъго гьалаклъула,
Цо чи гIадин киналго тIатIала ккун, хун уна.
ТIурсайнаъ магIардаса ГIисагин бо рещтIуна,
Балканалъул махI бахъун яъжуж-маъжуж букIуна.

БетIергьанас буюрун, боял ккун хIанчIи рачIун,
МахIцараб яъжуж-маъжуж, баччун, ралъдалъе бала.

[1] Ай, минаби рай цебетIеялъ чIунтараб бакI хутIуларо.

РахIматалъул цIадги бан, цIидасан ракь чурула,
Гъоркь букIараб хIалалда дуниялги лъугьуна.

Гьанжи ГIиса – РухIуллагь Маккаялде вачIуна,
ТIавафалда вукIаго Даббату-л-арз бахъуна.
Элъул сипат-суратги, черхалъул кIодолъиги,
КIалалъ бицун, койралъ хъван, рагIалде бахъинаро.

БетIер – оцалъул гIадаб, ункъго бохалда чIараб,
РачIчI – куялъул гIадинаб, гIундул – пилалъул ругеб,
Габур – нагIаматалъул, хасират – гьирраталъул,[1]
Лавну-кьер – цIиркъил гIадаб, магъдикьа – гъалбацI гIадаб.

Гъоркь хIатIал – варанидул, черхалда рас гIемераб,
Берал – болъонил гIадаб, кIиго кваркьиги бугеб,
Жиндиего бокьухъе БетIергьанас бижараб
Гьеб хIайван бахъинилан Къуръаналъги бицуна.

Бакъбаккуде-тIерхьуде, ункъабгоги рахъалде,
Бахъиндал, гьеб хIайваналъ хIухьал пулилан буго.
ХIухьал пуй БетIергьанас сабабалъеги тIамун,
ТIолабго гIаламалъул надалда хатI хъвалила.

ГIилму-л-азалалдаго Аллагьас жиндий хъвараб
Жабгьаталда щивасул исму расхулъулила.[2]
РикIкIадасан, аскIусан, – киссан балагьаниги,
Бихьулеб хIалалда гьеб къватIиб загьирлъулила.

[1] Ай, хьалбал катил гIадал, габур нагIамат (страус*) абураб хIинIалъул гIадаб (халатаб).
[2] Нодялда загьирлъулила щивасул цIар.*

СвалихI аварагасул вараниги къавмалъ хъун,
Нахъе хутIараб доб тIинчI тIурун борчIун букIана.
ГамачIалде жанибе гьеб лъугьунги букIана,
Гьаб Дабат доб бугилан бицен асахI гьабула[1].

ХIадисалда бачIухъе, гьеб хIайван бахъунебги
Масжиду-л-ХIарамалда жанисанин абула.
Сафаялъул рахъалъан бахъуниланги буго,
БетIергьанасда гIадин, мухIканго гьеб лъаларо.

Гьанжи ГIиса – РухIуллагь Мадинаялде уна,
АхIмадил Равзаялда зияратги гьабула.
Гьений лъади ячуна, кIиго васги гьавула,
Гьелдаса хадув унтун, къадар жиндие щола.

Расуласул хирияб Равзаялда вукъула,
Фарукъ ГIумарил хьолбохъ хобги жиндий бухъула.
Бахиллъизе нахъе жо ракьалда хутIуларо
Хириял асфияал тIолго ракьалде уна.

Аллагьас амро гьабун магърибалъул рахъалъан
Бакъги баккун гIадамал тавбоялде руссуна.
Тавбоялъул гъапаби гьеб мехалъ къан рукIуна, –
Гьабуниги, Халикъас гьеб кодоб босуларо.

Капурав – куфруялда, муслимав – Исламалда, –
Хиса-сори гьечIого ругеб хIалалъ хутIула.
Хадуб, БетIергьанасул Каламги нахъе босун,
ХъахIаб кагътиде руссун, Къуръабиги ратула.

[1] Ай, кьучIаблъун рикIкIуна.

Киналго къурраалги, рекIелъа хIифзги бахъун[1],
ХIарф жедеда лъаларел жагьилзаби лъугьуна.
Гьанжи жагьилаб гьаб халкъ шигIрабазде руссуна,
ШигIраби ахIиялде къираатги[2] сверула.

Амма гьал гIаламатал, РухIуллагьги накълолъун,
ХIабашатаз КагIба-рукъ биххун хадуса ккола.
Хадуб хинаб, тамахаб, берцинаб гьури пула,
Гьебги муъминзабазе багьаналъун букIуна.

РекIелъ къатIрагIанасеб иман бугевщинав чи,
Щивго нахъе течIого, цойидасан хун уна.
«Аллагь» абураб исму[3] жинда абизе лъалев
Инсан дунялалда тIад цониги хутIуларо.

Цинги нахъе хутIарал халкъалъул бищун койшал –
Багьаимазда[4] гьезул хьвада-чIвади релълъона,
Гьездалъун дунялалда ТIадегIанав Аллагьас
ГIаламалъул чIаголъи тIобайзеги гьабула.

ТIоцобесеб нухалда Исрафилас Сур пуйдал,
Дунялалда лъугьинчIеб залзалат[5] хIасуллъула.
ЛъагIалица багъари нахъаса къотIуларо,
Къоялдаса къоялде цIикIкIунебги букIуна.

Бакъул нур тIагIун ккола, цIваби гIодор далула,
МугIрул-щобал, щущан ун, авлахъ гIадин лъугьуна.
ГIи-боцIиги рехон тун, гIухьби рокъор лъутула,

[1] Къуръан рекIехъе лъалел рукIарал чагIазул рекIелъа гьеб нахъе бахъула.*
[2] Къираат – Къуръан цIали. *
[3] Исму – цIар.*
[4] ХIайваназда.*
[5] Ракь багъари.*

Росабалъа тIурун, халкъ шагьрабазде кIанцIула.

Риххун, мурзигIатазда разигIал кIочон тола,[1]
ХIинкъиялъ, ургьир ругел лъимал улбуз рехула.
Мехтун ругин кколеб хIал гIаламалъул лъугьуна,
Нафхату-л-улаялъул[2] хIасил гьадинаб ккола.

Исрафил малаикас кIиабилеб Сур пула, –
Паналъизе бижараб махлукъат гьалаклъула.
Зобал-ракьазда жаниб Жабраилгин Микаил,
Исрафилгун ГIизраил, – гьал ункъалго хутIула.

«Ман бакъия мин халкъи, я Малака-л-мавт?»[3] – абун,
Аллагьас, Жив лъалевлъун вугониги, гьикъула.
Гьикъаралъе жаваб кьун, ГIизраил малаикас,
Ункъалго ниж ругилан Халикъасде бицуна.

Цинги хадуб, «Хуз нафса Исрафил ва Микаил»,[4] –
Аллагьас амро гьабун, Малаку-л-мавт тIамула.
Ка-тIтIавдайни-л-гIазимайн,[5] кIиявго гIодов ккола,
ГIизраилгин Жабраил чIаго нахъе хутIула.

Хадубги БетIергьанас ГIизраил малайкасда
«Мут, я Малаку-л-мавт»[6] - ан, амро гьабун, абула.
Амро тIобайзе гьабун, Малаку-л-мавтги хола,
Халикъун-Жаббар гьанжи Жибриласде кIалъала:

[1] Ай, каранда хахулел лъимал улбузда кIочон тола.
[2] ТIоцобисеб Сур пуялъул.
[3] Ай, Аллагьас гьикъула: «Дир халкъалъул нахъе хутIарал чагIи ругищ?» – абун.
[4] «Исрафил ва Микаил – гьезул рухIал росе», – абула.
[5] Ай, кIиго кIудияб мегIер гIадин, ялъуни кIиго чIало гIадин.
[6] «Гьанжи мунги хва» - ян абула.

«Я Жибрил, ман бакъия?»,[1] – гьесдахунги гьикъула,
Гьикъидал Жибриласги данде жаваб гьабула:
«Зу-л-Жалали ва-л-Икрам важгьука-л-бакъи ддаим
Ва Жибрилу-л-маййиту-л-фани»[2], - йилан бицуна.

БетIергьанас: «Я Жибрил, ла будда мин мавтика,»[3] –
Дуде эрга щванилан, – хойл рагIизе гьабула.
Гьанжи хирияв Жибрил суждаялде ккун уна,
Аллагьас жиндий кьураб гIумру гьениб лъугIула.

ГIулвиябгин суфлияб махлукъат[4] паналъула,
Халикъас, бакъаалъе[5] рижарал гъорлъа рахъун,
Ал-Жаббару-л-Халикъу-л-ВахIиду-л-АхIад горев,
Дунялалда рухI бугеб щибго жо хутIуларо.

Шарик[6] Жиндие гьечIев Фардун, ХIайюн, Къайюмун,
ХIакамун, ГIадлун, Къуддус – цохIого Жив хутIула.
«Лиман -ал-мулку-л-явма», – Жинца абула,
Жаваб данде кьолев чи ракьалда ватуларо.[7]

Ракьул гьомералда тIад дагIбадила рукIарал,
Дунялалъул ханзаби хабар къотIун хутIула.

[1] «Щив хутIарав чIаго», - ян гьикъула.
[2] «Хвел гьечIев даимав Мунги (ай, Аллагьги), хойзе, паналъизе вижарав дун – Жабраилги хутIана», – абула.
[3] «Гьанжи мунги хойзе ккола», – абула.
[4] Зобал-ракьазул кинабниги махлукъат.
[5] Ай, нахъе хутIизе.
[6] Ай, гIахьалчи.*
[7] Аллагьас абула «Жакъа ханлъи лъие бугеб?» – ан. Жаваб кьолев чи ватуларо. Цинги, Жинцаго Жиндиего жаваб гьабун, абула: «Лиллагьи-л-ВахIиди-л-Къагьгьар» (ай, жакъа ханлъи буго Жив цогояв, Жиндие бокьухъе халкъалда тIад кверщел гьабулев Аллагьасе*).

Халкъалда зулму гьабун, хьвадарал залимзаби,
Зулматалъул[1] рокъор ккун, туснахъаллъун лъугьуна.

Туснахълъун дунял кьурал муъминзаби абуни,
Абадияб, даимаб рохел щун, разилъула.
Халикъасул рахIмат-цIоб гьезда тIаса унаро,
Дунялалда букIараб къварилъи кIочон тола.

КIудиял мунагьазда гIумру тIамураб тайпа
Тавбо гьечIого хвани, хвасарлъи щакаб буго.
Хвалил мехтелалъ кведал гьабураб тавбоялъги
ГьавичIин ФиргIавн хвасар, русса нуж Аллагьасде!

Ахир-заманаялда лъугьинчIого рес гьечIел,
Расулас рицун тарал ашратIазул[2] хIакъалъулъ,
ХIалкIванагIан къокъ гьарун, тIахьаздаса росарал
СияхIазул баянал, гIей гьабун, гьанир тана.

Тафсиргин хIадисалъул кутубазда[3] ратулел
Риваятал киналго китбат дица гьаричIо,[4]
Киназдаго гьоркьосан цо-цоязул хал гьабун,
Хилафалги жалго тун, росана тефтералде.

Масала, цо гIалимас батIайиса бицани,
БитIун гьечIилан довгун дагIбадизе кколаро;
Дос бицунеб риваят цойгиясул букIуна, –
КIиябго ритIухъ гьаби жагьиласе лъикI буго.

[1] Ай, бецIлъиялъул.
[2] АшратIал – гIаламатал.*
[3] Ай, тIахьазда.*
[4] Ай, дица хъвайчIо.

Жеги ножое танбигь[1], тохлъун ккола ватана:
Риваят бицунев чи агьлу-ссуннат вукIин[2] – шартI;
ШигIитазин абуни, ал-Магьдийю-л-мунтазар[3] –
МухIаммад бину-л-ХIасан ГIаскари чIезавула.

Жегиги гьез абула, гьев рехсарав МухIаммад,
Сирдабалъув лъугьарав[4] гьенивго тIагIанилан,
ГIумруги гьев васасул щуго сон букIанилан, –
ШигIитазул интизар[5] гьев Магьдиясде буго.

Гьединго, бизагIмигьим,[6] – гьев МухIаммад абуни, –
АнцIила кIиабилев имамлъунги рикIкIуна,
Аллагьас гIаламалъе рахIматлъун жив витIарав
ТIагьаясецин къимат, гьесий гIадаб кьоларо.

Гьал гIорхъолъа рорчIарал, шаргIалда рекъоларел,
ГIакълоялъги нахъчIвалел, батIулал харбал ккола.
Бицен жиндир нелъеца гьабун цевехун арав,
Дов, хIакъав, Магьдил хабар «Явакъиталда» буго.

Дунял тун, Расулуллагь ахираталде индал,
Нубувваталда дагIба балелги[7] загьирлъидал,
Зама-заман гьоркьоб ккун, магьдийяталда[8] дагIба
Бан, питна гьабулелги гьединго камун гьечIо.

---

[1] Танбигь – антIизари. *
[2] Ай, къиса бицунев чи – агьлу суннаталъул вукIин.*
[3] Ай, загьирлъиялъухъ балагьун чIун ругев Магьдилъун.*
[4] Ай, ракьулъе жаниве арав.
[5] Интизар – балагьун чIей.
[6] Ай, гьез абулеб жо.
[7] Ай, жал аварагзаби ругин чIаралги.
[8] Ай, жив Магьди вугин абун.

Киназулго цIарал хъван, халат гьабун щибилеб,
Гьезул къадар бахана анцIила цо чиясде.
Ахиралда – КъахIтIани – ГIабдуллагьил МухIаммад, –
Масжиду-л-ХIарамалъув Магьдиян дагIба барав;

Яргъил къуваталдалъун байгIаталде халкъ ахIун,
ХIарамалъул адаб тун, биял гIодоре тIурав. –
Бусурман тарихалъул азаралда ункънусилъ
Ахирисеб гьеб питна нелъедаги рагIана[1].

Рахъкколел чагIиги щун, иш билълъанхъарабани,
Нелъер гьанивги «Магьди» цо чанго вахъинаан.
Исламияб жамагIат гуккизе кIварабани,
Икълималда Дажалил давлатги билълъинаан.

БотIролъа гIоларезул гIантал пикрабазда тIад
ГIакъло бугел рекъечIел къоязул дий хиралъи,
Дин-Исламги, улкаги, умумузул намусги
Учузго долларазухъ бичаразул дий рихин.

Рихьдае реччантарал гьересиял мугжулги,
Мурадал къватIир чIвайдал, къунцIа-кIутIун рихьула.
Къойил гIаламалъ кьолеб нагIана жаниб лъезе
ЧIепал кодор ругезда ургъелни батиларо.

БетIергьанас туснахълъун муъминзабазе кьураб,
БукIа абе гьаб дунял долларал хириязе.
Хабалъе босулареб месед-гIарцул бечелъи
Беччай гIорлъун чвахизе гIорцIи гьечIеб къавмалъе.

[1] 1979 соналда ираназ гьабураб.

Къарунил кунузазул[1] кIулал кодор щваниги,
Щвалилазе гьебги тун, уна лахIдуялъуве.
Шададил Ирам гIадал кIалгIаби рананиги,
КIалдиса рухI ун хадуб, хоб гIадинаб рукъ гьечIо.

РачIа, дагъистаниял, гьанжиниги руссинин,
Исламалъул нухалда гIумру гьабун хьвадизин.
ГIалхул жанавараллъун рижунги нилъ гьечIелъул,
Гьабун лъикI горищ тавбо тIолго мунагьаздаса?

Дару камураб унти, гIажал гореб, гьечIелъул,
ГIафуввун-Каримасде цIоб гьаризе мех щойчIищ?!
Гьарарасе кьелилан БетIергьан гъоркье чIедал,
Кьезе мустахIикъаллъун нилъ рукIине ккеларищ?!

МустахIикълъараб къавмгун къойил сухIбат[2] гьабуни,
Гьезул баракат камун, кинниги, нилъ хутIилищ?!
Хулафау-р-рашидин – аиммату-л-уммати[3] –
Аварагас гьазда нахъ рилълъаян абун гьечIищ?!

Агьлу-ссуннаталдаса къватIивехун вахъарав –
Рехъалъа батIалъараб чахъдада релълъонарищ?!
Нахъеги, хIадисалда «Куну магIа-л-жамагIат
ЯгIни агьул-ссунати», – магIна гьабун бачIинчIищ?[4]

Гьединго, Къуръаналда ТIадегIанав Аллагьас
Силату рахIмиялъул[5] даражаби рицинчIищ?!

[1] Хазинабазул. *
[2] Ай, гьалмагълъи.*
[3] Ункъавго халифа, умматалъул имамзаби.*
[4] Ай, «Нуж жамагIатгун рукIа», - ян. ЖамагIаталдасан мурадги – агьлу-ссуннат буго.
[5] ГIагарлъи хурхинабиялъул. *

Долларазул пачкабахъ питначилъи гьабизе
Изно кьолеб шаригIат шураялъдай ургъана?

Эбел-инсуде данде васал тIамун гьабулеб,
Гьадинаб рагъалдейищ гъазаватан абулеб?
Умумузул хIакъалъулъ Къуръаналда бачIараб –
Аллагьасул Каламалъ кин нелъеда манлъулеб?

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوٓاْ إِلَّآ إِيَّاهُ وَبِٱلْوَٰلِدَيْنِ إِحْسَٰنًا ۚ إِمَّا
يَبْلُغَنَّ عِندَكَ ٱلْكِبَرَ أَحَدُهُمَآ أَوْ كِلَاهُمَا فَلَا تَقُل لَّهُمَآ أُفٍّ وَلَا تَنْهَرْهُمَا
وَقُل لَّهُمَا قَوْلًا كَرِيمًا ﴿٢٣﴾ وَٱخْفِضْ لَهُمَا جَنَاحَ ٱلذُّلِّ مِنَ ٱلرَّحْمَةِ وَقُل
رَّبِّ ٱرْحَمْهُمَا كَمَا رَبَّيَانِى صَغِيرًا ﴿٢٤﴾ ﴾ الإسراء: ٢٣ - ٢٤

Релъеда-къад чIечIого Аллагь рехсолелъулищ,
Агьлу-тIарикъаталде мушрикинал абулеб?
Щуялго фаризаял какал тIоритIун хадур
ТIаде раватибал[1] рай – батила бидгIачилъи.

ГIаламалъул инсуца[2] нелъер ХIабибасдалъун
Тавассул гьабиялъул хIужжа кинан гIолареб?
Баввабалгунги[3] къаллъун, Маликасул[4] «рагьдухъе»
Нух бахъизе лъугьарав – гьевищха гIакъил кколев?

ГIелму тIалаб гьабизе цохIо цIодорлъи гIола,
ГIамал гьабизе ккани бетIерги къварагIуна.

---

[1] Ай, фаризаял каказда цере-хадур ралел ратибатал (суннатал какал).*
[2] Ай, Адам аварагас ﷺ. *
[3] Ай, гъапучагIи, гъафудухъ тарал (мурад буго аварагзаби ва вализаби*).
[4] Ай, ханасул (ай, Аллагьасул). *

ГIакъло ботIролъ гьечIони хIатIазда къобихьула,
Мекъаб нухде щайтIаналъ бигьаго вачун уна.

Ножор мекъал пикрабаз Кавказ кьалде ахIана,
КьучI гьечIел харбал рицун, халкъ багъизе тIамуна.
Бугониги, аб гIалам гIакъилаб жо букIуна,
ГIакъло гьечIел ножода хадур ал рилълъанхъичIо.

Хварал умумузулги хIалае бакIлъиларищ,
ЯхI рехун, наслабаца Ислам бичараб лъани?!
Инсаф бугелщинаца[1] нагIанаги келарищ,
Кьижун букIараб питна, кIутIун, борчIизабидал?!

ЧIвадарухъанлъиялъул пишаги хIалтIизабун,
ХIалица Исламалде халкъ ахIизе бегьулищ?!
БацIцIалъиялъ бакI ккураб Аллагьасул диналда
ЧIегIераб тIанкI лъурал, талихI ножое кьелищ?

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَلَوْ شَآءَ رَبُّكَ لَآمَنَ مَن فِي ٱلْأَرْضِ كُلُّهُمْ جَمِيعًاۚ أَفَأَنتَ تُكْرِهُ ٱلنَّاسَ حَتَّىٰ يَكُونُواْ مُؤْمِنِينَ ﴿٩٩﴾ وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ أَن تُؤْمِنَ إِلَّا بِإِذْنِ ٱللَّهِۚ وَيَجْعَلُ ٱلرِّجْسَ عَلَى ٱلَّذِينَ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٠٠﴾﴾ يونس: ٩٩ - ١٠٠

**المعنى : ليس عليك إلا البلاغ لا خلق الإيمان في قلوبهم وإكراههم عليه فإن الأمر لله لا خالق سواه . «صاوي» . ما ثبت لنفس من الانفس أن تؤمن في حال من الاحوال إلا في حال إرادة الله الايمان لها .**

[1] Ай, рацIцIадал, ритIухъал, лъикIал гIадамаз.

Боркьараб жужахIалъуб Кавказалъул халкъ цIайзе,
Койшал политиканал кутакалда хIалтIана.
Кинабго макро-хIилла жедеде буссараб къавм
Алжан Дагъистаналда теларилан лъугьана.

Тохлъукье, Чачаналъан, бичун босараб банда,
Бидул цIурал койралгун, нелъеде тIаде гъуна.
ЦIумадасан, Болъихъан байрахъал гьез рорхана,
Бетарахь гIадаб улка хIапургъине гьабуна.

ХIехьон, къулчIун букIараб вагьабиязул питна
Гьанжи данде бачине Дагъистан нечеларищ?
Нич тун тIаде кIанцIарал вахIшиял гъачагъазда
Данде койр борхичIого, халкъалъул сабро гIелищ?!

Сабро тIагIун, ццин бахъун, цуцаде ахIи гьабун,
Цадахъ дагъистанияз ярагъ кодоб босана.
Рагъуе гьунар бугел гIолохъаби данделъун,
ГIорхъаби цIунулезул штабалги рагьана.

РухIал ватIаналъухъ кьун, хойзе хIадурал васаз
Басаевасул чукъби къокъидго нахъе чIвана.
Къоккедал милиция батараб куц бихьидал,
Баркалаги кириги гьезий мустахIикълъана.

Россиялъул армиялъ, ОМОНалги данде къан,
Дагъистан цIуниялъулъ кIудияб бутIа лъуна.
Гьелдалъун нелъер халкъалъ къимат гьезийги кьуна,
Гъоркь букIараб хIал хисун, цуцаздаги ричIчIана.

Россиялдаса нилъ тIей тIалаб гьабулеб агьло –
Гьезул ритIухълъиялда божизе бегьуларо.

Бицунеб рагIиялда гIамал жедер релълъенчIел
ЧIвадарухъабаздасан баракатги щоларо.

Щиб бицун питначагIи цере рахъананиги,
РоссиягIан бечIчIизе бигьаяб гIака гьечIо.
Бащдаб Дагъистаналъул Москва – рукъги букIаго,
РатIалъизе ккеялъул магIна дида лъаларо.

Дунялалъул халкъазе рекъел хIажалъун буго,
Биял гIодоре тIолел рагъал къварагIун гьечIо.
Рагъулаб бизнесалда ругьунал чиновниказ
Кавказалда гьабулеб гъалмагъир тезе ккела.

Гъалмагъиралъул бутIруз чанги макро ургъила,
Аллагьасе бокьичIеб ракьалда лъугьинаро.
РакIал хъубал гавураз лъикIаб жо гьабиларо,
Жаббарасул ирадат[1] хIукмуялда хутIила.

قَالَ تعَالَىٰ: ﴿ كُلَّمَآ أَوۡقَدُواْ نَارٗا لِّلۡحَرۡبِ أَطۡفَأَهَا ٱللَّهُۚ وَيَسۡعَوۡنَ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَسَادٗاۚ
وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ ٱلۡمُفۡسِدِينَ ﴾ المائدة: ٦٤

ХIукумат биххун хадуб, халкъалъул гIадлоги хун,
ГIемераб хиса-баси Россиялда лъугьана.
Дуниял сородулеб Союз накалда ккедал,
Капитализмаялъе меседил гIор чвахана.

Хиянатал тIадчагIаз тIобан улка бичана,
Нахъияз бикъа-хъамун, жаниса гьодорана.
Рахъ тIедал гьабал гIадин, завод-фабрикал чIана,
ЧIунтун, росдал магIишат, хIур лъугьун, паналъана.

[1] Аллагьасе бокьараб жо.*

ХIалтIизе бакI гьечIого, гIалам бегун хутIана,
ГIи-боцIиги талагьун, мегIер-гIалах хIорлъана.
ГIолохъабаз гьормада маскаби ххезе ккана,
Масжидал-мадрасабаз тIалибинал цIунана.

ЦIогьалъул мода лъугьун, гъачагъал гIемерлъана,
Рукъзал рикъун, чагIи чIван, бечелъи балагьана.
БечелъанагIан хъантIун, гIун чIарав чиги ккечIо,
ГIарцухъ намус-яхI бичи – чилъиялде сверана.

Чунтби рицат гьаризе киназего бокьана,
Бачалги, бугъби гIадин, бубудизе лъугьана.
Лъималазе умумул – ахIмакъал чагIи ккана,
Эзул манлъа-хъваялда нахърилълъине чIухIана.

ГьечIого хутIизегIан къимат жедер лъаларел,
КIудиял гIезегIан жал каранда лъун хьихьарал,
ЛъикIал эбел-инсуда квешал лъугьарал васаз
Ахираталъул ургъел кIочон тезе гьабуна.

Чиновниказ – пачалихъ, рэкетаз – халкъалъул мал,
Лъида-кин хIалкIваниги, кIувухъе талагьана.
КIудияб Союзалъул кескал гьарун риххана,
Россия Западалъул цIобалде хIажалъана.

ЦIар рагIараб СССР, бугеб-гьечIеб бечелъи,
Босун, Америкаялъул маян кодобе кьуна.
Коммунистаз гьабураб демократаз кIутIана,
Динго гьечIел рукIиналъ, гьезул гIуцIи биххана.

ГIуцIийищ гьеб букIараб, – щулалъиялъул рахъалъ,
Бащадаб дунялалде кьалбал жинца реччараб,

Жинда данде кIалъазе кIолеб пачалихъ гьечIеб,
КIалгьикъун, бокьараб жо бокьаралъуб гьабулеб.

Гьаб хIалалъ гьаб биххилин хабар бицарабани,
Мухбир, мажнун вугилан,[1] халкъалъ живго телаан,
Халикъасин абуни, боржалалде щун хадуб
Жиндир хIукму билълъунеб куц бихьизе гьабуна.

Гьаб кинабго букIана, гIаламалъ нахъа тана,
ГIакъло бихьун агьлоялъ къиматги гьелъий кьуна.
Ралъдалъе щвараб гIурул лъин нахъбуссунарелъул, –
Бокьаралгин рихараз хьулал гьелде гьаруге.

Гьанжиниги халкъалъул хьулал мекъса ккогеги,
Россиялъул пачалихъ цIигьабиялде ругел,
ЦIи вищарав пачаяс гIадло-низамги гьабун,
Гьаб хIапургъараб улка роцIараблъун лъугьине.

Гьединаб анищгин хьул дирго рекIелъги буго,
Дагъистаналъе рекъел хасго къваригIун буго.
«Ал-мулку магIа-л-куфри ядуму ва ла магIа-л-Зулми»[2] - ян абулелъул, элъулъги рохел буго.

Зулму гьечIеб гIадлогун гIалам данде бачунев
Пача, БетIергьанасе, капуравги вокьула.
Вехь лебалав вугони, рехъенги лъикIлъулелъул,
Россиялда ракI бугев ватаги президент!

Рукъалъул къварилъаби, къадазда гIадин, лъалищ,
Щибаб вилаяталъул сиясат букIунарищ?!

---

[1] Ай, бицарав чи – щайтIабаца ккурав чи вугилан.
[2] Ай, куфругун цадахъ ханлъи даимлъула, зулмугун цадахъ даимлъуларо.

Сахлъи щула гьабулеб дару лъайзе ккеларищ,
Данде кколареб тIиббалъ[1] унти тIаса унебищ?!

Оцгун бече багъани, – бергьунеб гIадат бугищ?!
ГIалхул чан рокъоб хьихьун, агьлияб лъугьунебищ?!
Гьаби, нажасал жалан, хьихьичIого гIолелищ,
ГIи-боцIи, гьел гьечIони, хъормаз чIван тIагIунарищ?!

ЧIегIерцурдуз хIиллаялъ хъормал гъоркье раларищ?!
ГъалбацIалги циялги цо рехъалъ бегьулелищ?!
Гьедин гьел хьихьулев вехь ватизего кIолевищ?!
КIиго тушман цо рокъов вацлъиялда чIолевищ?!

ЧIегIерабгин хъахIалде цо кьерин абулебищ,
Абулел чи лъугьани, гьел ритIарал рукIунищ?!
ГьацIулъе цIамги тIамун, тIагIам гьабун релълъонищ,
Гьелъулъе загьро ккани, кванарав чи холарищ?!

Их щойчIого бекьани, ракьулъ мугь туруларищ?!
Мунагьаздаса тавбо гьабизе тIалъуларищ?!
Тавбо гьабизе тIадаб гIамал лъайзе ккеларищ,
Лъалеб гьечIони, гIадан хIайванлъун хутIуларищ?!

Рии – гарцIица гIадин, гIумру тIамун тIобайлищ,
ТIаде хасел щоялда щаклъизе бакI букIунищ?!
БачIин хIакъаб хойлалъе къачIади – фарз ккеларищ,
Фарзги кIочон, хьвадизе бусурманчи бегьилищ?!

Рогьалида ккараб щуб цIадал бакIалда чIелищ?!
ЧIегIераб заз бекьарас чалбудай бакIарилищ?!

---

[1] Ай, дару гьабиялъ.*

Черхалъ гьабураб гIамал малайкзабаз хъваларищ,–
МахIшаралде рахъиндал кинабго батуларищ?!

Тефтералде босичIеб гIамалго тун батулищ,
ГIайиб рехизе бакIал гьанжи къварагIинарищ?!
Рушват кьун вичун воссе чи гьенив ватулевищ,
Гьудул-гьалмагълъиялъул комек гьениб букIунищ?!

КIиго рукъалъул цояб гьениб щой – хIакъаб гьечIищ,
Рукъзал гIуцIулеб къайи – гIамал букIин лъаларищ?!
ЛъикIалщинал агIмалаз[1] Алжанал гIуцIуларищ,
ЖужахIалъуб гIазабги, мунагь бихьун, кьоларищ?!

Бахьикъосараб къавмгун дагIбадун пайда бугищ,
Дин гьечIев ахIмакъасул ургьибе нух букIунищ?!
Иман гьечIев мунафикъ Къуръаналъ какун гьечIищ,
Гьезул питначилъиялъ биял гIодор тIоларищ?!

ГIабидзабазе гIисян – хуруй раклъун кколарищ,[2]
ГIисян ккечIел гIуббадал гIужбуялъ гуккиларищ[3]?!
ГIужбу-рияъ жобани, тIагIат пасалъиларищ,
Шарик гьечIев МагIбудас гьеб къабулги гьабилищ?!

Гьал тIолалго суалал – жодоцаго жодое
Жаваб кьолел ругелъул, цIалулез пикро гьабе!
ЦIалун тарал хIущалги кагътида хутIулелъул,
Каранда жанир лъуни, заралги букIинаро.

[1] Ай, лъикIал гIамалаз.*

[2] Ай, Аллагьасе мутIигIаб агьлоялъе мунагьал – хуруе ракгIадаб жо. Ай, ккараб мунагьалда ракIбухIун, Аллагьасдаса нечон, тавбо гьабиялде тIамун.*

[3] Ай, мунагьалде ккунгутIиялъ лагъ гIужбуялде, живго жинда лъикIавлъун вихьиялде вачуна.*

БукIарабги арабги нелъедаса борчIана,
БачIунеб къоялдаги нахърегIилел лъаларо,
Нелъер корщаликь бугеб гъанжезаманалдасан,
Жигар гьабун, кIварги кьун, кIварабгIан пайда босе!

Дунял-ахираталъе пайда жиндалъун гьечIеб
Харбида ругьунлъизе, воре, кIал-мацI беччаге!
БетIергьанас Жиндие лагълъиялъе бижинчIеб,
Жагьилаб къавмалдаса къолнухалъ дорегIан чIа!

Дунялалъул горони рухIи жедей гьечIезул
ХIал нелъеде бахине – аскIуре къайи гIола.
Ахират кIочон тарал фусакъаазул мажлис –
Къасаваталъ[1] нилъ чIвалеб загьроялда релълъона.

Загьроялде дандеги дараби рукIунелъул,
РекIел хIалал цIунизе цIакъбахъе, муридзаби!
РабитIа-вукъуфалъул къуват хойзе течIого,
Къасават нахъе чIвалеб ярагъ хIалтIизе гьабе!

Заман ахирлъун буго, халкъги пасалъун буго,
Питначилъи ракьалда тIобан загьирлъун буго.
Загьирлъилин рицарал, цере рехсонги арал
АшратIу-с-сагIатазда[2] жанир ккун нилъги руго.

Жагьлойилан абуни, цIакъго гIемерлъун буго,
ГIелмуялъул хиралъи бичIчIизе кIолеб гьечIо.
БичIчIи мурадго гьечIел тIалибзаби рихьидал,
Диналъе, квалквал гореб, комек гьезулги щойчIо.

[1] Къасават – ракIбиццалъи, согIлъи, гьелда гIибадаталъулъ гьуинлъи батунгутIи, мунагьал гьаризе бигьалъи.*
[2] Ай, къиямасеб къо гIагарлъиялъул гIаламатал.*

«Кун» абураб лафзалда хIукму Жинца тIобалев,
ТIадегIанав Аллагьас агьло камунги течIо.
Атеистазда гъорлъан, тавфикъ жедее кьураз,
Тавбоялдеги рачIун, Исламалда койрчIвана.

Койрбакъизе рес ккечIел дандениги рахъинчIо,
Дину-л-Исламги бичIчIун, Аллагьасде руссана.
Амма, цо «гIурул ханал», хIеккинго жедей гьечIел,
ЖужахIалъур горони, чIеларин лъугьун руго.

ЧIолареллъун ратани, хехгониги рачеян
Халикъасде гьаризе нижги хIажалъун руго.
Жив вижарав БетIергьан лъаларев лагъасдаса
Гъаримав чи ракьалда вукIине ресги гьечIо.

Исламалда ватидал щукру гьабизе лъайчIев –
ГьевгIан талихIкъосарав инсанги ватиларо.
Аллагьу-ТагIалаяс, Ислам тун батIияб дин
ТIалаб гьабулездехун, гьале рещтIараб аят:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَمَن يَبْتَغِ غَيْرَ ٱلْإِسْلَٰمِ دِينًا فَلَن يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِى ٱلْءَاخِرَةِ مِنَ
ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٨٥﴾ ﴾ آل عمران: ٨٥

Гьанжи дунялалда тIад тIобан бахIс унеб буго
ТIагьаясде рещтIараб гьаб Къуръаналда сверухъ.
ГьелъулпасахIалъиги гъваридал магIнабиги
Мункириназда[1] жакъа берда рихьулел руго.

БатIа-батIа диналъул, дунялалда машгьурал
ГIалимзабазги Къуръан тасдикъ гьабулеб буго,

[1] Ай, инкарчагIазда.*

Къуръан жинде рещтIарав Аварагги хIакъ гьавун,
Гьев жиндалъун вачIараб динги босулеб буго[1].

Адянал насху гьарун, ахиралда рещтIараб
Аллагьасул Каламлъун гьеб букIин лъалеб буго.
Лъаралда гIамал гьабун, гIакъло-лъай бугелщинал,
Ширкалдаса ратIалъун, гьелде рачIунел руго.

Гьале, Магьди вахъине заман гIагарлъун буго,
Зодосахун РухIуллагь – ГIиса рещтIине вуго,
ГIиса аварагасе Магьдиги хIалай лъугьун,
Дажалги гьесул къавмги басра гьабизе буго.

Гьеб замана бачIиндал бахьи кьуравщинав чи,
Щибго инкар гьечIого, гьесда хадур рилълъина.
Гьанжи дирги васийят жагьилгун гIалимасде:
ГIиса рещтIун вихьидал, гьесда нахърилълъайилан.

РухIуллагь – Ибну Марям,[2] Аллагьасул авараг, –
Гьесде данде къеркьарав диналъулъ мекъса ккела.

---

[1] **Нейл Амстронг** – Америкаялъул астронавт. Космосалда, моцIалда тIад как ахIулеб рагIун хадуб Исламалде вачIана;
**Лев Николаевич Толстой** – гIурусазул хъвадарухъан;
**Жак Ив Кусто** – Франциялъул гIалимчи, ралъадазул исследователь;
**Роже Гароди** – Франциялъул хъвадарухьан, философ, Франциялъул Коммунист партиялъул ЦКялъул член, коммунистазул «Юманите» газеталъул бетIерав редактор;
**Морис Бюкай** – Франциялъул гIалимчи, хъвадарухъан;
**Луи Массиньон, Рене Генон, Ева де Витрай** – Франциялъул гIалимзаби;
**Морис Бежар –** машгьурав хореограф;
**Леапольд Вайс (МухIаммад Асад)** – Австралиялдаса гIалимчи;
**Ричард Бертон, Мармадуюк Пикхтоль, Мартини Лингз, Кэт Стивенс** – Англиялъул гIалимзаби;
**Титус Буркхардт, Роже дю Паскелье** – Швейцариялъул гIалимчи;
**Фритхоф Шоун** – немцав;
ва гь.ц. гIемералги. Франциялда 100 азарго чи Исламалде рачIун руго.

[2] Ай, ГIиса авараг ﷺ.*

Насраниял, ягьудал, дин-Исламалъул уммат –
ГІисада нахърилълъарал, – киналго битІун ккела.

БитІараб нух бихьизе ракІазе канлъиги кьун,
Куллу гІаламалъул Хан, Дурго лагъзал тІоритІе!
Лагълъи Дуе гьабизе рижун рукІин лъалареб
Жагьилаб гІаламалъе гІулумазул баб[1] рагье!

Лъалеллъун рижаниги, Дуй гІибадат гьабизе
Гьунар гьечІел нежеда чІового тІаса лъугьа!
ТІагьаясда хурхараб хулафаазул рахас,
РахІман, Дуде хьул буго тІезе теларебилан.

Такъва[2] гьечІеб рекІелъан кІалалъ бицунеб хабар,
Меседил лъим беччараб пахь-маххалда релъона,
РухІанияб къуваталъ къасават бухІичІони,
Къалбуялъ[3] инсанасе хІалхьиги толеб гьечІо.

ТаргІалгун расандулел лъималазда релълъохъе,
Лъай-гІакълоялде щварал, нилъ хьвадизе бегьилищ?!
ШаригІат цІуничІони, тІарикъатги холелъул,
ТІарикъат холеб пиша щай хІалтІизе гьабулеб?

Бищун дие захІматаб щибжойилан абуни,
Аманат тІобитІулел тІалибал[4] ратунгутІи.
ТІадеги дир ракІалда ругъун цІигьабулеб жо –
Ургъел бикьун, чучизе чара гьечІолъи буго.

[1] Ай, гІелмуялъул гъапу.*
[2] Аллагьасдаса хІинкъи.*
[3] Къалбу – ракІ.*
[4] Ай, мутагІелзаби (муридзаби).*

ЧIолохъжо бан, кьили лъун, хIадур гьабун кьуниги,
Кьан бан, чода рекIине лъайчIони, щиб гьабилеб?
Щулияб гъансиниб лъун, цIунизе кколеб жавгьар,
Гьориниб рехун тани, рекетаз бикъиларищ?

Ралъдал тIиналда ругел тIабигIиял магIданал
ТIад бараб полопалда данде ккойзе рекъелищ?
Рохьил пихъ бакIарула гIалахалда вукIарас,
Ахал жиндихъе щойдал, щукру гьабулареб кин?

Гьаваялде вахине халкъалъ жив гьавуниги,
Халикъасул лагъ вукIин кIочене бегьуларо.
КIал-мацIалъ, сокайзегIан, гIаламалъ веццаниги,
ГIамал жиндирго чорхол чиясда лъайзе ккола.

Кинниги, ахиралда авладазе[1] насихIат,
Боссе лъарав чиясе гIемераб пайда щолеб,
ГIалимавгин жагьилав, бечедавгин мискинав, –
Кинавниги мукаллаф[2] гьорлъе гIахьал гьавулеб.

Бицине цIакъ бигьаяб, гIамал гьабизе бакIаб,
ГIамал гьабизе кIвани, сундулъго тIокIлъи щолеб;
ТIахьал цIаличIониги, гIалимавлъун вукIунев,
ГIелму цIаларасдаги мисаллъун цеве чIолев.

Масала, дуй бокьани гьоркьоблъи ккараб бакIалълъ
Мунго гIадав чиясе цо щибниги гьабизе,
Яги дуе бокьани гьесде цо жо абизе,
Гьесул бакIалда дуца цин, цевеккун, мунго лъе!

[1] Ай, лъималазе.*
[2] Мукаллаф – балугъав, гIакъилав чи.*

Цинги кIиябго рахъал цIадирабазде босе,
Дурго бакIалълъ довги лъун, лъикI ургъун, пикро гьабе:
Абизе, я гьабизе дуе бокьун букIараб
Дос абуни, гьабуни, – дуего кин букIина?

Дуйго къабуллъулареб къавлу-фигIлу[1] батани,
Къалбун-салим[2] дур букIун, дуца гьеб тезе ккола.
Тезе дуй бокьичIони, мун витIун вукIунаро,
БитIараб нухги дуе къварагIун букIунаро.

ДагIбачиги мун ккола, гIайибги дуда чIвала,
ГIадамазда жанибги сансикълъи дуй букIуна.
Дин-ИсламгIан бацIцIадаб гIуцIи ракьалда гьечIо,
Гьелъул адаб тарасе талихI нахъа кьоларо.

НахъаталихI бокьарав, жиндийго бокьулареб
Чидае гьабизегIан, къаравлъун чIезе ккела.
Къел тIаде боссе кIварав, Аллагьас кIодо гьавун,
Дунял-ахираталъул сагIадаталде[3] щола.

СагIадат насиблъулеб гIамал-хасиятги кьун,
ГIисинаб гIел тIобитIе, я Гьадия-л-музиллин[4]!
Мадрасабазде рачIун, гIелму тIалаб гьабулел
ТIалибиназе тавфикъ вагьбулъун гьабе[5], Аллагь!

Исламалде дандечIун, диналъе квалквал бугел
КантIизаризе кIолев, – цо Мун горони, гьечIо.

[1] Ай, рагIи-пиша.*
[2] Ай, бацIадаб ракI.*
[3] СагIадат – талихI *
[4] Я къосарал гIадамал батIараб нухалде тIоритIулев Аллагь!
[5] Ай, чIобого кье.*

КантIи гьечIеб къавмалъе, Мунтакъим[1] – Мунголъидал,
Къагьруялъул[2] цIал кьабе бидул койрал цIуразда!

Бихьулареб боялъул балъгояб къуватги кьун,
Бадриюназе гIадаб, койрбакъи нежей гьабе!
Намрузил гIаскаралде кIкIара тIаде тIамурав,
ТIолго гIаламалъул Хан, тавакал Дуде буго.

Дур шаргIалда рекъечIеб къавлу-фигIлуялдаса[3]
Къойилго тавбо бугин, тIаса лъугьа, БетIергьан!
Истигъфаралдасаги истигъфар гьабиялде[4]
Даимго хIажатав дир Дур цIобалде хьул буго.

ЦIобал гIатIидав Аллагь, Мун цIакъ гурхIулев вуго,
РахIму-цIоб цциналдаса Дур цебеги ккун буго.
Цересел умматазе рукIинчIел бигьалъаби –
Гьелги нежей ругелъул, Духъа нечонги руго.

Диналъул вац-яцазул дугIаги бокьун буго,
Дирго араб гIумрудухъ ракIги бухIулеб буго,
Мугъ хIулараб хIамаги дунги – жакъа цо руго,
Цинги гьиралъул бакIлъи цIамуда релълъон буго.

РегIел гьечIев дунгоги, махщел гьечIел койралги, –
Кинниги, цIацIахъахъан мажмугI рагIалде щвана.
Аллагьасул комекалъ, анбияъ-русулазул
Къисабазда хурхараб, уржузат[5] тIобитIана.

[1] Мунтакъим – Жинде гIасилъараздаса рецIел Босулев.*
[2] Ай, гьел къине гьарулеб, басра гьарулеб.*
[3] Къавлу – рагIи-калам; фигIлу – пиша-гIамал.*
[4] Ай, гьабураб тавбоги гьелдаса тавбо гьабиялде хIажатав, ай камилаб гореб тавбу букIун.*
[5] Ай, гьитIинабго тIехь.*

Заманаялъ тIамидал, агьлолъун гьечIоники,
ЛъикIабин дидаго ккун, бицарабщинаб хабар,
Халкъалъе пайда бугеб, бадиб Дуца чIвалареб,
БацIцIадаб каламалде сверизе гьабе, Аллагь!

Свалат-саламгун цадахъ хирияв АхIмадиде,
Агьлу-асхIабзабазде дир рахъалъан щойзабе!
Дур шаригIат цIунарал, гьезул нухда анщинал
Аиммату-л-уммати[1], – гьелги гъорлъ гIахьал гьаре!

Амин, Аллагь, я Аллагь! Амин, Аллагь, я Аллагь!
Амин, Аллагь, я Аллагь! Къабул гьабе, БетIергьан!

**قد تمّت الكتابة بعون الله تعالى**

**في اليوم الثاني من شهر رجب سنة ١٤٢١ هـ**

Аллагьасул комекалдалъун тIехь хъван тIобана
5 октябрь 2000 с.

**اللهم اصلح أمة محمد اللهم ارحم أمة محمد**

**اللهم فرّج عن أمة محمد ﷺ**

**اللهم اغفر لي ما لا يعلمون ولا تؤاخذني بما يقولون**

**واجعلني خيرا مما يظنون**

[1] Ай, умматалъул имамзаби.*

# ТIЕХЬАЛДА БУГО

Юнус аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб баян..............................3

АсхIабул-кагьфи, ай «нохъоялъул бетIергьаби» абулел гIадамазул хIакъалъулъ къокъаб Баян...........................................27

Жаржис аварагасул عليه السلام къисаялдасан къокъаб баян......................52

КагIба бихизе Абрагьат иналъул хIакъалъулъ къокъаб баян..........72

ТIадегIанав Аллагьас цересел анбияъ-русулазул къисаби нелъер аварагасе ﷺ рицуналъулъ ругел хIикматал.........................86

Мавлиду Ннабиййи (сваллаллагьу гIалайгьи ва саллам)...............97

Авараг ﷺ гьавидал загьирлъарал мугIжизатал............................105

Авараг ﷺ хахизе ХIалиматихъе кьей...........................................109

Аварагасул ﷺ эебл хвей ва гьев хьихьизе имгIал Абу ТIалибихъе ккей.....................................................................118

Авараг ﷺ Хадижатил дарангун Шамалде ин ва гьес гьей лъадилъун ячин.........................................................................121

Аварагас ﷺ КагIбаялда ХIажаруль-асвад лъей............................127

Аварагасе ﷺ авараглъи кьеялъул баян.........................................128

Аварагас ﷺ бальго Исламалде ахIи ва капурзабаз гьабураб дандечIеялъул баян.......................................................................131

Аварагасул лъималазул баян..........................................................147

Аварагасул ﷺ расалъул баракат....................................................152

Аварагасул ﷺ мигIражалъул хIакъалъулъ къокъаб баян..............154

Аварагас ﷺ Мадинаялде гьижра гьаби..........................................188

Къибла хисиялъул хIакъалъулъ къокъаб баян...............................204

Аварагас ﷺ Макка бахъиялъул къокъаб баян...............................217

ХатIабил ГIумар رضي الله عنه Исламалде вачIиналъул баян ........................243
Авараг ﷺ хоялда хурхарал къокъал баянал..................................251
Авараг ﷺ накълолъун хадув гIарабазул къабаилазда гъорлъан цо-цо тайпа муртадлъиялъул ва Абубакар асхIабас гьезде данде гьабураб рагъалдасан къокъаб баян.........................271
Мусайлимат аль-каззаб чIваялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.....284
ГIумар асхIабасул رضي الله عنه хIакъалъулъ къокъаб баян............................302
ГIусман асхIабасул رضي الله عنه хIакъалъулъ къокъаб баян.........................320
ГIали асхIабасул хIакъалъулъ къокъаб баян................................ 337
ГIали رضي الله عنه халифалъун теялда тIасан къокъаб баян.........................352
ГIали асхIабасул кIиявго вас – ХIасан ва ХIусайнил хIакъалъулъ къокъаб баян (разияллагьу гIангьум ажмагIин).......367
МугIавият رضي الله عنه хун хадув ханлъун гьесул вас Язид ккеялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.............................................................376
ХIосен رضي الله عنه Маккаялдаса Куфаялде иналъул ва гьев шагьидлъиялъул хIакъалъулъ баян.........................................................395
Язид ва гIубайдуллагь бину зияд хоялда хурхарал харбаздасан къокъаб баян............................................................................457
Дагъистаналде Ислам бачIиналъул хIакъалъулъ къокъаб баян....529
Дагъистаналъул имамзабазул хIакъалъулъ къокъаб баян............549
СаййидмухIаммад хоялде (рахIимагьуллагь)..............................607
Магьди-имам вахъиналда хурхараб къокъаб хабар.....................612

Духовно-просветительское издание
[на аварском языке]

**Саид Афанди аль-Чиркави**

# КЪИСАСУЛЬ АНБИЯЪ

**[истории пророков]**

Том 2
2-е издание

**Отвественный редактор:**
Г-М. Ичалов

**Литературный редактор, корректор:**
Т. Зургалова

**Дизайн и верстка:**
М-А. Гаджиев

ООО «Издательский дом «Нуруль иршад»»
367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Левина, 9
web: **www.nurulirshad.ru**; e-mail: **info@nurulirshad.ru**

Продукцию Издательского дома «Нуруль иршад» можно заказать в интернет-магазине **www.nurulirshad.ru**